# TINOKUTENDAI MAMBO

DZIMBO DZEKIRIKE KATORIKE
1962 - 2011

This book has been produced for pastoral purposes and therefore should not be sold for more than **$10.00**

// Acknowledgements

The publishers of this hymn book wish to thank the following for making this hymn book a success:

- The Zimbabwe Catholic Bishops' Conference (ZCBC) for putting their trust and confidence in Life Lines to produce this Hymn book.
- The Zimbabwe Catholic Association of Sacred Music (ZICASAM) for composing the songs and helping us complile them.
- E.N. Dhliwayo Chimuti, D.T. Zavazava, J.V. Chinondo, W.C. Ringisai, N. Magada, Mai Takura, Mai Zvichauya and Mai Muganhiri for providing us with the lyrics of the songs whose composers are deceased.
- The Church in Need *(Germany)*, The Jesuit Mission *(Germany)* and The Bethlehem Missionary Society *(Zimbabwe)* for the financial assistance.
- I would like to thank in a very special way the person who dedicated all his time, effort and talent to the production of this hymn book but who does not want to be mentioned by name. Without him, this hymn book would not have succeeded. Thank you so much and God bless you with the graces that you need most in your life today and always.

Above all, we would like to express our greatest gratefullness to our Lord who was with us from the beginning; for making us strong, for the inspiration, for the guidance and for the will to keep on moving forward to the final realisation of the hymn book.

Sr Tendai Makonese OP
*(Project Coordinator)*

# Foreword

Efforts to create African tunes that are closer to the lives of people of Zimbabwe began way back in 1962, thanks to the generous guidance and encouragement of the Bethlehem Missionaries such as Fr Lenherr, Schuler and Feurer of the then Gweru Diocese as well as the blessing from the Bishops' Conference of the time. This led to a new development of the book, ***Mupiro Wedu***, later changed to ***Minamato***, which was published by Mambo Press.

Since then, over 1 200 hymns have been composed by men and women of this country. Mr Stephen Magwa Ponde was identified as the first and main person to spearhead this big shift in the Church. In some way, he is regarded as the Father of Shona Catholic hymns in Zimbabwe. He was later joined by others like A. Shamu Maurunge, W. Makumbe, A. Nyika, D.T. Zavazava, E. Dhliwayo Chimuti, L. Hakireni, S. Mashoko and A. Makamure from the Gweru Diocese and Fr E. Ribeiro and C. Chawasarira from the Harare Diocese. To this date, the group of composers in Zimbabwe now has over 300 members.

Years later, in his report, Fr Lenherr had this to say, "*Looking back on how God made our efforts to succeed, despite their shortcomings, I am grateful for the rich blessings He has given to the Church among the Shona people. The courage and dedication of the first composers enabled people to praise God by means of the musical gifts He has given to them. The fact that so many texts sung in our Church are taken from the Word of God in the Bible, has had the amazing side effect that now they know a great part of the Bible by heart."*

Almost all the hymns composed since 1961 are in this book. It is my hope that this Hymn Book will strengthen and deepen the faith and trust of the people in God, helping them to cling to God alone in good and bad times so that they can live by the Gospel values of love, justice, peace and uprightness in their daily life. It is also my hope that this Hymn Book becomes a simple but effective tool of evangelisation. I encourage you to use it to the fullest advantage and also to familiarise yourselves with the old hymns for the greater glory of God.

Rt Rev Alberto Serrano
*(Bishop: Chairman of the Commission for Christian Formation & Worship)*

Published 2012 by
Life Lines
Dominican Missionary Sisters of the Sacred Heart of Jesus
Zimbabwe

Imprimatur: + Rt. Rev. Alberto Serrano
*(Bishop: Chairman of the Commission for Christian Formation & Worship)*

Census Deputatis:Rev. Dr. Fr Robert Stephen Mabonga
*(National Pastoral Director)*

© Zimbabwe Catholic Bishops' Conference 2012

Project Coordinator: Sr Tendai Makonese OP
Layout and Cover design: Edwin Jaulani

# Marongerwo Edzimbo


| Dzimbo | No. |
|---|---|
| **A** | |
| Achauya Madzimambo | 1 |
| Achauya Marudzi Ose | 2 |
| Achava Nomwenje Anotevera | 3 |
| Achipinda Muguta Dzvene | 4 |
| Ah Yesu She Tava Vana Venyu | 5 |
| Akakomborerwa NaMambo | 6 |
| Akaropafadzwa Munhu Uyo | 7 |
| Akaropafadzwa Muranda | 8 |
| Akaropafadzwa Muranda | 9 |
| Akavagamuchira Vachinge Mupiro | 10 |
| Alleluya Mambo Tauya | 11 |
| Alleluya Munyika Dzose | 12 |
| Alleluya Ngaakudziwe | 13 |
| Alleluya Nyika Ndeya Mambo | 14 |
| Alleluya Tazvarirwa Mwana | 15 |
| Alleluya Wakamuka Alleluya | 16 |
| Alois NaAgnes Vasande | 17 |
| Amai Muvirigo Vanotiraidza | 18 |
| Amai Vasande VaMwari | 19 |
| Ambuye Ndabwera | 20 |
| Amuka Muvafi Afanoenda | 21 |
| Anganzi Mururami Ndiani | 22 |
| Angere Musande Maunzwa | 23 |
| Anna Musande Ambuya | 24 |
| Anobata Ushe | 25 |
| Anomutevera Achava Nomwenje | 26 |
| Anonwa Mvura | 27 |
| Anonwa Mvura | 28 |
| Anotevera Yesu | 29 |
| Anotevera Yesu | 30 |
| Anoti Mambo | 31 |
| Anotonga Kristo Ndiye Mambo | 32 |
| Ari Pano Yesu Chingwa | 33 |
| **B** | |
| Baba Muna Masimba Ose | 34 |
| Baba Ndinokumbira Utsvene | 35 |
| Baba Ndinokutendai | 36 |
| Baba Ndinokutendai | 37 |
| Baba Tarirai Norupfave | 38 |
| Baba Tinofara | 39 |
| Baba VaMambo Yesu | 40 |
| Baba Vangu Ndinzwireiwo Tsistsi | 41 |
| Baba Vangu Vokudenga | 42 |
| Baba Vangu Vokudenga | 43 |
| Baba Vano Rudo | 44 |
| Baba Vedu Muri Kudenga | 45 |
| Baba Vedu Muri Kudenga | 46 |
| Baba Vedu Muri Kudenga | 47 |
| Baba Vedu Mwari | 48 |
| Baba Vedu Yosefa | 49 |
| Baba Vetsitsi Ndinokutendai | 50 |
| Baba Vokudenga Ndakakutadzirai | 51 |
| Baba Vokudenga Vanoziva | 52 |
| Baba Yeukaiwo Mufudzi Wedu | 53 |
| Burukirai Muneni Mambo | 54 |
| **C** | |
| Chenesai Mwoyo Wangu | 55 |
| Chidzidziso ChaYesu Pachirairo | 56 |
| Chiedza Chingawirirana Seiko | 57 |
| Chiiko Chingatiparadzanisa | 58 |
| Chiiko Chingatiparadzanisa | 59 |
| Chingwa Chamunopa | 60 |
| Chingwa Chamunopa Mambo | 61 |
| Chinhu Chandinokurairisa | 62 |
| Chinzwai Zvinodikanwa NaTenzi | 63 |
| Chipo Chokutaura | 64 |
| Chiri Chose Chamunokumbira | 65 |
| Chiri Chose Chamunokumbira | 66 |
| Chiri Chose Chamunokumbira | 67 |
| Chitenderano Chitsva ChaYesu | 68 |
| Chitendero Chisina Mabasa | 69 |
| Chiuyai Mambo Yesu | 70 |
| Chose Chamunokumbira | 71 |
| **D** | |
| Dai Maitiro Angu Agova | 72 |
| Dai Mwari Wangotipinzawo | 73 |
| Dama Rakanaka | 74 |
| Denga Napasi Zvichapera | 75 |
| Denga Napasi Zvichapera | 76 |
| Dombo Rangu Nemhare Yangu | 77 |

## E

Endai Naye Kuna Mwari 78

## F

Farai Mambo Achauya 79
Farai Vehama 80
Farai Virigo Mutikumbirire 81
Femai Mukati Medu 82

## G

Gamuchirai Mambo 83
Gamuchirai Mambo Mupiro Uyu 84
Gamuchirai Mweya Musande 85
Gamuchirai Mweya Mutsvene 86
Garai Hupenyu Hutsva 87
Garai Nesu Yesu Kristo 88
Garirira Mwari Mweya Wangu 89

## H

Hadziperi Ndangariro 90
Haiwa Mambo Mabasa Enyu 91
Haiwa Mambo Mabasa Enyu 92
Haiwa Mambo Mabasa Enyu 93
Hake Uyo Akatsungarara 94
Hakuna Zita Ringatiponesa 95
Hama Dzangu Munoziva Kuti 96
Hama Dzangu Takadanirweiko 97
Handigoni Kukutendai 98
Handikodzeri Mambo 99
Handikodzeri Mambo 100
Handine Simba Yesu 101
Handirevi Kuti Ini Ndakatobudirira 102
Hapana Chatingagona Mwari 103
Havasiri Vose Vachapinda Muhushe 104
Hezvoka Mambo Wedu 105
Hosana Mwanakomana WaDavid 106
Hosi Mbiri YeKamero 107
Hosi Yedenga Chifarai 108
Hosi Yedenga Chifarai 109
Hoyu Mucherechedzo wokubwinya 110
Huyai Mose Imi Vana VaMwari 111
Huyayi Vanhu Vangu 112
Hwayana YaMwari 113
Hwayana YaMwari 114
Hwayana YaMwari 115
Hwayana YaMwari 116
Hwayana YaMwari 117
Hwayana YaMwari 118
Hwayana YaMwari 119
Hwayana yaMwari 120
Hwayana YaMwari 121
Hwayana YaMwari 122
Hwayana YaMwari 123

## I

Ibvai Mayeuka Mashoko Aya 124
Ichi Ndicho Chipiyaniso 125
Icho Ndicho Chipiyaniso 126
Ida Tenzi Mwari Wako 127
Ignasio Musande 128
Imba Sangano 129
Imba Sangano 130
Imbai Nomufaro Kristo 131
Imbai Rwiyo Rwokurumbidza 132
Imbirai Mambo 133
Imbirai Tenzi Imi Vanhu 134
Imi Amai Maria Makakomborerwa 135
Imi Makachena Mopenya Sezuva 136
Imi Makaravira Tsistsi DzaTenzi 137
Imi Makati Pana Vaviri 138
Imi Mambo Muripo 139
Imi Mambo Muripo 140
Imi Muchagamuchira Simba 141
Imi Muchagamuchira Simba 142
Imi Muri Munyu Wapasi 143
Imi Mwari Mune Ngoni 144
Imi Mwari Ndimi Mwari Wangu 145
Imi Mwari Ndinzwirei Nyasha 146
Imi Ndimi Moga Muna Masimba 147
Imi Rumbidzai Mambo 148
Imi Tenzi Ndichengetei 149
Imi Tenzi Ndichengetei 150
Imi Varombo Makakomborerwa 151
Imi Yesu Makati 152
Ini Maria Ndinoda 153
Ini Ndini Chiedza 154
Ini Ndini Chiedza 155

Ini Ndini Muhwaini Wechokwadi 156
Ini Ndinokurumbidzai Mambo 157
Ini Ndinokurumbidzai Mambo 158
Inzwai Kuchema Kwangu 159
Ipai Mwari Imi Mhuri Dzavanhu 160
Ipai Rutendo 161
Ipai Rutendo 162
Ipai Rutendo Kuna Mambo 163
Ipapo Mwari Aripowo 164
Isimba Rangu Mambo 165
Isu Tose Timhuli Yenu Mwali 166
Itai Zvose Zvaanokuudzai 167
Ivai Netsitsi Mwari 168
Ivai Nomwoyo Murefu 169
Ivai Norufaro Hama Dzangu 170
Ivai Vaitiri Veshoko 171
Iwe Denga 172
Iwe Denga 173
Iwe Denga Naisa Dova 174
Iye Agotikanganwirawo 175
Iye Anouya Muzita raMambo 176

## J

Jesu Akadana Vadzidzi Vokutanga 177
Jesu Akakokwa Kuzodya 178
Jesu Anonamata Ari MuGetsemani 179
Jesu Anoti Dzikamai Musatye 180
Jesu Muri Matiri 181
Jesu Paakange Ari KuBetaniya 182
Jesu Tenzi Ari Pano 183
Jobho Aiva Munhu Aitya Mwari 184
Jongwe Risati Rarira 185
Josefa Musande Makanaka 186
Josefa Musande Muchengeti 187

## K

Kakavadzanai Navanokakavadzana 188
Kana Muino Rudo 189
Kana Takafa Pamwe NaKristo 190
Kana Takafa Pamwe NaKristo 191
Kana Takafa Pamwe Naye 192
Kana Tichidya Muviri WaMambo 193
Kana Tichidya Muviri WaMambo 194
Kana Tichidya Muviri WaMambo 195
Kana Tichigamuchira Yesu 196
Kare Kwakanga Kusina Chiedza 197
Kare Kwakanga Kusina Chiedza 198
Ko Munotambudzika Nemhosva 199
Ko Rubatsiro Rwangu 200
Komboreraiwo Vabereki Vangu 201
Kotamirai Mwari 202
Kristo Akakwira Kudenga 203
Kristo Akamuka Muvafi 204
Kristo Akamuka Muvafi 205
Kristo Akanunura 206
Kristo Akanunura Vanhu Vake 207
Kristo Akati Kuna Vadzidzi 208
Kristo Anokunda Anotonga 209
Kristo Ari Iye Oga Mambo 210
Kristo Mambo 211
Kristo Mambo Mununuri 212
Kristo Mambo Wembiri 213
Kristo Mambo Wembiri 214
Kristo Mufudzi Wavanhu Vose 215
Kristo Ndiye Mambo 216
Kristo Ndiye Mukundi 217
Kristo Tenzi 218
Kristo Wakangopira 219
Kristo Wakanunura Vanhu Vake 220
Kristo Wakazvipira Kamwe Chete 221
Kudzai Yesu Imi Vana Vose 222
Kudzunika Akuve Eka Xikwembu 223
Kuitira Mwari Wechokwadi 224
Kukumbirira Sangano Guru 225
Kunaka KwaMambo 226
Kunyange Zvakadaro 227
Kunyangwe Zvino Tenzi Anoti 228
Kuombera Nokufara kwaungana 229
Kupinduka KwaPauro 230
Kupinduka KwaPauro 231
Kupinduka KwaPauro Mupositori 232
Kutenda Kuburitswa Munjodzi 233
Kutenda Kuva Nechokwadi 234
Kutendeseka KwavaPriste 235
Kuti Imi Muve Zvapupu Zvangu 236
Kuti Muve Vamwe NaTenzi 237
Kutongwa Kukuru Kwokupedzisira 238
Kutsunga Pana Mwari 239
Kutumwa Kwavadzidzi NaYesu 240

Kutya Mwari Pakuyedzwa 241
Kuvimba NaTenzi Mwari 242
Kuzoti Yesu Agara Pasi Mugomo 243
Kwaziwai Hosi Sande 244
Kwaziwai Hosi Sande 245
Kwaziwai Hosi Sande 246
Kwaziwai Mai VaMwari 247
Kwaziwai Mai vaMwari 248
Kwaziwai Mai VaMwari 249
Kwaziwai Mai Vedu 250
Kwaziwai Maria 251
Kwaziwai Maria 252
Kwaziwai Maria 253
Kwaziwai Maria Muzere Girasiya 254
Kwaziwai Mukombe Woruponeso 255
Kwaziwai Nyenyedzi Yedenga 256
Kwaziwai Yesu Mambo 257
Kwaziwai Yesu Wangu 258

## L

Litany Kuva Sande Vose 259

## M

Mabasa Enyu Mambo Anoshamisa 260
Madzimai EJerusarema 261
Madzimambo Namadzishe 262
Magariro Akanaka Emhuri 263
Mai VaMwari Kwaziwai 264
Mai VaYesu Makakomborerwa 265
Mai Vemuponesi Ponesai Mweya 266
Makafanirwa Kurumbidzwa 267
Makakomborerwa Kwazvo 268
Makakomborerwa Kwazvo Mai 269
Makakomborerwa Mai VaYesu 270
Makamuka Sezvo Makamuka 271
Makanaka Mambo Makarurama 272
Makandinyukura Mambo 273
Makandiongorora Tenzi 274
Makanga Muchinditsvagireiko 275
Makapira Isu Hama Dzenyu 276
Makasarudzwa NaMwari 277
Makatifira Pachipiyaniso Mambo 278
Makatisika Mwari 279
Makavandika Yesu 280
Makavandika Yesu Munondida 281
Mambo Akwira Kudenga 282
Mambo Chimbidzai Kuzotibatsira 283
Mambo Chingwa Chamunopa 284
Mambo Imi Makatisika 285
Mambo Imi Mwari 286
Mambo Imi Ndinovimba Nemi 287
Mambo Ini Ndinokurumbidzai 288
Mambo Isimba Rangu 289
Mambo Isimba Rangu 290
Mambo Kana Motiranga 291
Mambo Kristo 292
Mambo Kristo Tinokuomberai 293
Mambo Kristo Tinokurumbidzai 294
Mambo Makadzikinura 295
Mambo Makadzikinura 296
Mambo Makanaka 297
Mambo Masika Vanhu Vatsva 298
Mambo Munoda Kuzvipa 299
Mambo Mupeiwo 300
Mambo Mupeiwo Rugare 301
Mambo Muripo 302
Mambo Muripo 303
Mambo Musatiitire 304
Mambo Mutsvene 305
Mambo Muvape Rugare 306
Mambo Muve Netsitsi 307
Mambo Muve Netsitsi 308
Mambo Mwari Akukomborerei 309
Mambo Mwari Imi 310
Mambo Mwari Ngaarumbidzwe 311
Mambo Mwari Ngaarumbidzwe 312
Mambo Mwari Tinoimba 313
Mambo Mwari Wangu Mazvipa 314
Mambo Mwari Wangu 315
Mambo Mwari Wedu 316
Mambo Mwari Wedu 317
Mambo Mwari Wedu 318
Mambo Ndiiteiwo 319
Mambo Ndimi Makandibatsira 320
Mambo Ndimi Makati 321
Mambo Ndimi Makati 322
Mambo Ndimi Muna Manzwi 323
Mambo Ndimi Mvura Yechitubu 324
Mambo NdiMwari 325

Mambo NdiMwari 326
Mambo NdiMwari Mukudzei 327
Mambo Ndimwayeiwo Mvura 328
Mambo Ndinoisa Mweya Wangu 329
Mambo Ndinovimba Nemi 330
Mambo Ndinovimba Nemi 331
Mambo Ndinovimba Nengoni 332
Mambo Ndipeiwo Mwoyo 333
Mambo Ndiponesei 334
Mambo Nditakanurei 335
Mambo Nditakanurei Kune 336
Mambo Ndiye Mufudzi Wangu 337
Mambo Ndiye Mufudzi Wangu 338
Mambo Nhai Mambo 339
Mambo Pachake Ndiye Rugare 340
Mambo Pachake Ndiye Rugare 341
Mambo Ropa Renyu Rakakosha 342
Mambo Shoko Renyu Chiedza 343
Mambo Takugamuchirai 344
Mambo Takugamuchirai 345
Mambo Takugamuchirai 346
Mambo Tambirai 347
Mambo Tauya 348
Mambo Tinokumbira Mutipewo 349
Mambo Tinokurumbidzai 350
Mambo Tinokutendai 351
Mambo Tinovimba Nemi 352
Mambo Tinzwireiwo 353
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 354
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 355
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 356
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 357
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 358
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 359
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 360
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 361
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 362
Mambo Tiravidzei 363
Mambo Tiravidzeiwo 364
Mambo Vanoti 365
Mambo Vanoti Kumbirai 366
Mambo Vanoti Muchapiwa 367
Mambo Vava Pano 368
Mambo Wakandinyukura 369
Mambo Wakandinyukura 370
Mambo Wangu Ndinokumbira 371
Mambo Wangu Yesu Kristo 372
Mambo Wangu Yesu Makandifira 373
Mambo Wangu Zvino Ndoenda 374
Mambo Wedu Achipinda 375
Mambo Wedu Achipinda 376
Mambo Wedu Yesu 377
Mambo Wedu Yesu Gamuchiraiwo 378
Mambo Wedu Yesu Kristo 379
Mambo Wembiri Titumireiwo 380
Mambo Yesu 381
Mambo Yesu Anovimbisa 382
Mambo Yesu Ari pano 383
Mambo Yesu Kristo 384
Mambo Yesu Kristo Mununuri 385
Mambo Yesu Kristo Ndinozvipa 386
Mambo Yesu Makauya Pasi 387
Mambo Yesu Munotikokera 388
Mambo Yesu Mushanyiri Wedu 389
Mambo Yesu Musoro Wekirike 390
Mambo Yesu Ndinotendera 391
Mambo Yesu Pakukwira 392
Mambo Yesu Uyai 393
Mambo Yeukai Hama Dzedu 394
Mambo Yeukai Hama Dzedu 395
Mambo Zvotokugamuchirai 396
Mangwanani Namanheru 397
Mangwanani Namanheru 398
Mangwanani Omusi WeSvondo 399
Maria Amai Makanaka 400
Maria Amai VaMwari 401
Maria Goreti Tirevereireiwo 402
Maria Hosi Yedu Yokudenga 403
Maria Makakomborerwa 404
Maria Musande 405
Maria Musande 406
Maria Musande Amai 407
Maria Musande Amai VaMambo 408
Maria Musande Hosi Yorugare 409
Maria Musande-sande 410
Maria Muvirigo Mubatsiri Wedu 411
Maria Ndimi Amai Vangu 412
Maria Ndinoda Imi 413
Maria Ndinoda Imi 414
Maria Tenzi Wangu 415

Maria Tinoimbira 416
Maria Wakakwidzwa Kudenga 417
Maronda Mashanu 418
Marudzi Achauya 419
Marudzi ose 420
Marudzi Ose 421
Marudzi Ose 422
Marudzi Ose Akaita Rudzi Rumwe 423
Mashoko Enyu Mambo 424
Mashoko Okudzoka KwaYesu 425
Masika Vanhu Vatsva Mambo 426
Mazvita Mambo Zvamauya 427
Mbiri Kuna Mambo 428
Mbiri Kuna Mambo 429
Mbiri Kuna Mwari 430
Mbiri Kuna Mwari 431
Mbiri Mbiri Kumusoro-soro 432
Mbiri YaMwari Yapenya 433
Mbiri YaMwari Yapenya 434
Mbiri YaMwari Yapenya 435
Meso Ose Anokumiririrai 436
Mhoroi Mai Maria 437
Mhoroi Vasande 438
Mhoroi Vasande 439
Mhoroi Vasande 440
Mimba YaMaria Yakakomborerwa 441
Mimhanzi Icharidzwa Nengirozi 442
Mina Ngiyazinikela Enhliziyweni 443
Moyo WaJesu Tipeiwo Kuda Imi 444
Moyo WaJesu Une Tsitsi 445
Moyo WaYesu WaMwari 446
Moyo WaYesu waMwari 447
Moyo Womucheche Musande 448
Muchagamuchira Simba 449
Muchandinyaradza Riniko 450
Muchandipupurira 451
Muchaona Chikomborero 452
Muchaona Chikomborero 453
Muchaona Chikomborero 454
Muchaona Chikomborero 455
Mufananidzo WomuSamariya 456
Mufaro WaMaria Pakuberekwa 457
Mufudzi Wakanaka Yesu 458
Mufudzi Wangu Mambo 459
Mugamuchireiwo 460
Mugariro Unofadza Mwari 461
Mukirike Katorike 462
Mukudzwe Mambo Jesu 463
Mumaoko Enyu Mambo 464
Muna Masimba Ose Mwari 465
Munamato Wangu Tenzi 466
Munamato WaYesu Nyakuzvipira 467
Munda WaMwari Mukurukuru 468
Munhu Akaberekwa Nomukadzi 469
Mununure Mambo 470
Mununure Mambo 471
Mununure Mweya Yavakafa 472
Mununuri Tiponeseiwo 473
Mununuri Tiponeseiwo 474
Mununuri Wangu Imi Mambo 475
Mununuri Wangu Yesu Mambo 476
Mununuri Wapasi 477
Mununuri Wapasi Pose 478
Mununuri Wedu Yesu 479
Mununuri Yesu 480
Munzwa Mumuviri 481
Muponesi Mambo Mwari Wedu 482
Muponesi Wangu Yesu Kristo 483
Mupriste Mukuru Yesu 484
Mupriste Wedu Ngaakudzwe 485
Mupurigatoriyo 486
Muranda Asiri Iye Muridzi 487
Muri Kwose Kwose Mambo 488
Musande Mikaeri 489
Musande Musande 490
Musande Musande 491
Musande Musande 492
Musi Wepasika Wauya 493
Musi Wepasika Wauya 494
Musi Wepasika Wauya 495
Musoro Wakatsvuka 496
Musoro Wakatsvuka Neropa 497
Musoro WeKirike Mambo Yesu 498
Muti Wakanaka 499
Mutireverere Maria 500
Mutsvene Mweya WaMwari 501
Mutsvene Tirumbidze Zita Rake 502
Mutumwa WaMwari Akati 503
Mutumwa WaTenzi Akauya 504
Mutungamirireiwo Yesu 505

| | |
|---|---|
| Mutungamirireiwo Yesu | 506 |
| Mutungamirireiwo Yesu | 507 |
| Muvape Rugare Mambo | 508 |
| Muve Netsitsi Mambo | 509 |
| Muwani Wouya | 510 |
| Muwani Wouya | 511 |
| Muzere Netsitsi Anna Musande | 512 |
| Mvura Yechitubu | 513 |
| Mwana Wenyu Ngaagarike | 514 |
| Mwana Wenyu Uyu | 515 |
| Mwanakomana Achauya | 516 |
| Mwanakomana WaDavid | 517 |
| Mwanangu Kana Uri Anozvipira | 518 |
| Mwari Akamuda | 519 |
| Mwari Akamuda | 520 |
| Mwari Akanaka Tendai Mwari | 521 |
| Mwari Akatuma Dama | 522 |
| Mwari Akatuma Dama Rakanaka | 523 |
| Mwari Akazarura Denga | 524 |
| Mwari Akazarura Denga | 525 |
| Mwari Akukomborerei | 526 |
| Mwari Anoitira Zvakanaka | 527 |
| Mwari Anoitira Zvakanaka | 528 |
| Mwari Anoti | 529 |
| Mwari Anoti Mumba Mangu | 530 |
| Mwari Anoti Mumba Mangu | 531 |
| Mwari Aripowo | 532 |
| Mwari Baba | 533 |
| Mwari Baba | 534 |
| Mwari Baba Imi Nyakugara Narini | 535 |
| Mwari Baba Makandisika | 536 |
| Mwari Baba Makatiita Vana Venyu | 537 |
| Mwari Baba Munoziva Zvose | 538 |
| Mwari Baba Mwari Baba | 539 |
| Mwari Baba Ndibatsireiwo | 540 |
| Mwari Baba Ndigonesei Kukunda | 541 |
| Mwari Baba Ndigonesi | 542 |
| Mwari Baba Ndimi Moga | 543 |
| Mwari Baba Ndinokupfugamirai | 544 |
| Mwari Baba Ndinokupfugamirai | 545 |
| Mwari Baba Tinofara Zvikuru | 546 |
| Mwari Baba Tinokumbira | 547 |
| Mwari Baba Tinotenda | 548 |
| Mwari Baba Tinotendera | 549 |
| Mwari Baba Tinoteterera | 550 |
| Mwari Baba Tipeiwo Simba | 551 |
| Mwari Baba Vedu | 552 |
| Mwari Baba Vedu | 553 |
| Mwari Baba Vedu | 554 |
| Mwari Baba Vedu | 555 |
| Mwari Baba Vedu | 556 |
| Mwari Baba Vedu Tinokutendai | 557 |
| Mwari Baba Vedu Tinotendera | 558 |
| Mwari Baba Vedu Tinoteterera | 559 |
| Mwari Haadi Kuti Tiparadzwe | 560 |
| Mwari Haadi Kuti Tiparadzwe | 561 |
| Mwari Haadi Kuti Tiparadzwe | 562 |
| Mwari Hamuna Kundirega | 563 |
| Mwari Imi Mune Hukuru | 564 |
| Mwari Imi Muponesi Wangu | 565 |
| Mwari Inhare Yavakarurama | 566 |
| Mwari Inhare Yavakarurama | 567 |
| Mwari Kotamirai | 568 |
| Mwari Kotamirai | 569 |
| Mwari Kotamirai | 570 |
| Mwari Kotamirai Kutiyamura | 571 |
| Mwari Makatisiira Sakaramende | 572 |
| Mwari Makatisika | 573 |
| Mwari Makatisika | 574 |
| Mwari Mambo | 575 |
| Mwari Mambo Imi Moga | 576 |
| Mwari Mambo Ndiye Oga | 577 |
| Mwari Mambo Ngaarumbidzwe | 578 |
| Mwari Mambo Tambirai | 579 |
| Mwari Mambo Tambirai | 580 |
| Mwari Mambo Tambirai Mwana | 581 |
| Mwari Mazvipa Kuneni Pauzima | 582 |
| Mwari Muna Masimba Ose | 583 |
| Mwari Muna Masimba Ose | 584 |
| Mwari Munotirambirei | 585 |
| Mwari Munyaradzi Wavanhu Vose | 586 |
| Mwari Musande | 587 |
| Mwari Musina Mugumo | 588 |
| Mwari Musina Mugumo Musiki | 589 |
| Mwari Mwoyo Wangu Unosuwira | 590 |
| Mwari Ndimi Makasika Vanhu | 591 |
| Mwari Ndimi Mambo Wangu | 592 |
| Mwari Ndimi Mutsvene | 593 |
| Mwari Ndinoda Kutsanya | 594 |
| Mwari Ndinokuitirai | 595 |

Mwari Ndinokumbira Kuregererwa 596
Mwari Ndinokumbirawo 597
Mwari Ndinokupfugamirai 598
Mwari Ndiri Mutadzi 599
Mwari Ndiye Akaita Kuti 600
Mwari Ndiye Dombo Rangu 601
Mwari Ndiye Dombo Rangu 602
Mwari Ndiye Dombo Rangu 603
Mwari Ndiye Dombo Rangu 604
Mwari Ndiye Nhaka Yangu 605
Mwari Ngaarumbidzwe 606
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 607
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 608
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 609
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 610
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 611
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 612
Mwari Ngaatikomborere 613
Mwari Ngaave Nesu Misi Yose 614
Mwari Ngoni Norupfave 615
Mwari Nyakugara Ngaarumbidzwe 616
Mwari Tauya Kwamuri 617
Mwari Tauya Nezvibereko 618
Mwari Tauya Nezvibereko 619
Mwari Tava Kupera 620
Mwari Tendeukirai 621
Mwari Tendeukirai 622
Mwari Tendeukirai Kunesu 623
Mwari Tenzi Batsirai Mweya 624
Mwari Tinoimba Nokufara 625
Mwari Tinokurumbidzai 626
Mwari Tinzwireiwo Tsitsi 627
Mwari Tinzwireiwo Tsitsi 628
Mwari Uyai Kuzondibatsira 629
Mwari Uyai Munamasimba Ose 630
Mwari Uyai Mundinunure 631
Mwari Uyai Mundinunure 632
Mwari Uyai Mwari 633
Mwari Vanoti 634
Mwari Wakanaka 635
Mwari Wamasimba ose 636
Mwari Wangu Ini Ndinokukudzai 637
Mwari Wangu Mandisiireiko 638
Mwari Wangu Mandisiireiko 639
Mwari Wangu Mandisiyirei 640
Mwari Wangu Mwari Wangu 641
Mwari Wangu NaMambo Wangu 642
Mwari Wangu Ndanyudza Midzi 643
Mwari Wangu Ndinofara Kwazvo 644
Mwari Wangu Ndinokudai 645
Mwari Wangu Ndinzwireiwo Tsitsi 646
Mwari Wangu Nditaririreiwo 647
Mwari Watishanyirawo 648
Mwari Watishanyirawo 649
Mwari Watishanyirawo 650
Mwari Wedu Akukomborerei 651
Mwari Worugare Ngaave Nemi 652
Mwariwe Kurasika Inyore 653
Mweya Musande Huyai 654
Mweya Musande Imi 655
Mweya Musande Mambo 656
Mweya Musande Musande 657
Mweya Musande Mwari 658
Mweya Musande Uyai 659
Mweya WaKristo Ndisandiseiwo 660
Mweya waMwari 661
Mweya WaMwari Munovandudza 662
Mweya Wangu Unogarira Mwari 663
Mweya Wangu Unogarira Mwari 664
Mweya Wangu Unopembererera 665
Mweya WaTenzi Mwari Uneni 666
Mwoyo Munyoro Mwoyo WaYesu 667
Mwoyo MuSande WaYesu 668
Mwoyo WaYesu Ndiyeuke 669
Mwoyo WaYesu WaMwari 670
Mwoyo Yedu Inofara 671
Mwoyo Yedu Inofara 672
Mwoyo Yedu Inofara Muna Mwari 673
Mwoyo Yedu Inopfura 674

## N

Navanorwa Neni Mambo 675
Ndagamuchira Mambo 676
Ndagamuchira Mambo 677
Ndagamuchira Mambo Yesu 678
Ndakafara Ndakafara 679
Ndakanga Ndakombwa Kumativi 680
Ndakanzwa Inzwi Guru 681
Ndakanzwa Inzwi Guru 682

Ndakanzwa Inzwi Guru 683
Ndakanzwa Tenzi Achiti 684
Ndakatsvaga Vavaraidzi 685
Ndakatsvaga Vavaraidzi 686
Ndakatsvaga Vavaraidzi 687
Ndakatsvaga Vavaraidzi 688
Ndangariro Dzomwoyo 689
Ndangariro Dzomwoyo WaMambo 690
Ndapinda Mudambudziko Guru 691
Ndianiko Anganzi Mururami 692
Ndibatsirei Mwari Baba 693
Ndibatsireiwo Mambo Wangu 694
Ndichaimbira Tenzi 695
Ndichaparidza Zita RaMambo 696
Ndicharamba Ndichifara 697
Ndicharumbidza Tenzi Nguva 698
Ndichateurira Mambo 699
Ndichateurira Mambo Mupiro 700
Ndichateurira Mambo Mupiro 701
Ndichavonga Tenzi Nomwoyo 702
Ndichipfugamira Pauso Hwenyu 703
Ndichiri Kuda Yesu Wangu 704
Ndidavirei Rudzi Rwangu 705
Ndidzidziseiwo Tenzi Zvinoreva 706
Ndiiteiwo Mambo Mudziyo 707
Ndikudeiwo Mwari Ndikudeiwo 708
Ndikudeiwo Ndikudei Mwari 709
Ndimi Chitarisiro Chavanotambura 710
Ndimi Kristo Mambo 711
Ndimi Kristo Mambo 712
Ndimi Makati Mambo 713
Ndimi Mambo Nyakuzvireva 714
Ndimi Mambo Nyakuzvireva 715
Ndimi Mune Mbiri 716
Ndimi Mune Mbiri 717
Ndimi Mwari Makava Munhu 718
Ndimwayeiwo Mvura 719
Ndini Chingwa Choupenyu 720
Ndini Chingwa Choupenyu 721
Ndini Chingwa Choupenyu 722
Ndini Chinkwa Chipenyu 723
Ndini Tenzi Handisanduki 724
Ndinobvuma Kuti Ndakatadza 725
Ndinochemera Kwazvo 726
Ndinochemera Kwazvo 727
Ndinoda imi Yesu 728
Ndinoda Kugara Padyo 729
Ndinoda Kugara Padyo Penyu 730
Ndinoda Mwari 731
Ndinodisa kwazvo Kuva Mumba 732
Ndinogara Ndichitenda Mwari 733
Ndinokudai Yesu Wangu 734
Ndinokuitirai Mwari 735
Ndinokuitirai Mwari 736
Ndinokumbira Mwari Wangu 737
Ndinokupfugamirai Mwari Baba 738
Ndinokurumbidzai Mambo 739
Ndinokusiyirai Rugare Rwangu 740
Ndinokutendai Tenzi Mwari 741
Ndinorumbidza Mambo 742
Ndinorumbidza Mambo 743
Ndinorumbidza Mambo 744
Ndinotendera Mwari 745
Ndinotendera Mwari 746
Ndinotendera Mwari Baba 747
Ndinotendera Mwari Mumwe 748
Ndinouya Kwamuri Mwari 749
Ndinouya Nezvichemo Zvangu 750
Ndinovimba Mambo 751
Ndinovimba Nemi Mambo 752
Ndinovimba Nemi Mwari Wangu 753
Ndinovimba Nengoni Dzenyu 754
Ndinzwireiwo Tsitsi Mwari 755
Ndinzwireiwo Tsitsi Ndiponeseiwo 756
Ndipeiwo Mambo Mwoyo 757
Ndipeiwo Shungu Nechido 758
Ndipeiwo Simba Renyu Mambo 759
Ndipembedzei Imi Mwari 760
Ndiri Pano Zvamandidaidza 761
Ndiri Wenyu Narini 762
Ndiro Zuva Rakaitwa NaMwari 763
Ndiro Zuva Rakaitwa NaMwari 764
Ndirori Shoko Renyu Tenzi Wangu 765
Ndirwirei Mambo 766
Ndirwireiwo Mambo 767
Nditakanurei Mambo 768
Nditakanureiwo Mambo 769
Ndivhenekereiwo Neungwaru 770
Ndiwe Mukuru 771
Ndiye Mambo Pachake 772

| | |
|---|---|
| Ndiye Mufudzi Wangu Mambo | 773 |
| Ndiye Mupriste Wedu Mukuru | 774 |
| Ndizvo Zvinotaura Mambo | 775 |
| Ndizvo Zvinotaura Mambo | 776 |
| Ndizvo Zvinotaura Mambo | 777 |
| Ndoenda Kupiko Ini | 778 |
| Ndogamuchira Chingwa | 779 |
| Ndogamuchira Chingwa | 780 |
| Ndogamuchira Chingwa | 781 |
| Ndogamuchira Mambo | 782 |
| Ndomboenda Zvino Kumusha | 783 |
| Nechipiyaniso ChaMambo | 784 |
| Nechipiyaniso ChaMambo | 785 |
| Nemi Mambo Tinovimba | 786 |
| Nezvipo Zvedu Zviripo | 787 |
| Ngaagarike Mwana Wenyu | 788 |
| Ngaagarike Mwana Wenyu | 789 |
| Ngaakudziwe Iye | 790 |
| Ngaakudzwe Iye | 791 |
| Ngaakudzwe Iye Anouya Muzita | 792 |
| Ngaarumbidzwe Kudenga-denga | 793 |
| Ngaarumbidzwe Mambo | 794 |
| Ngaarumbidzwee Samutumwa | 795 |
| Ngatidane Ngatidane | 796 |
| Ngatidane Norudo Rukuru | 797 |
| Ngatiende Navafudzi | 798 |
| Ngatiimbire Mambo | 799 |
| Ngatikudze Maria | 800 |
| Ngatikudzei Sakaramende | 801 |
| Ngatikudzei Sakaramende Rinoera | 802 |
| Ngatiombere Tose | 803 |
| Ngatirumbidzei Mambo Mwari | 804 |
| Ngatirumbidzei Mwari | 805 |
| Ngatirumbidzei Mwari | 806 |
| Ngatitende Kristo | 807 |
| Ngatitende Kristo | 808 |
| Ngatitende Kristo | 809 |
| Ngatitendei Mambo | 810 |
| Ngatitendei Mwari | 811 |
| Ngativimbei Nechipiyaniso | 812 |
| Ngativimbei Nechipiyaniso | 813 |
| Ngatizviwisire Patsoka DzaMwari | 814 |
| Ngatizviwisire Patsoka DzaMwari | 815 |
| Nhai Imi Huyai Mutore Zvokudya | 816 |
| Nhasi Denga Razarurwa | 817 |
| Nhasi Kana Monzwa Inzwi rake | 818 |
| Nhasi Kana Monzwa Inzwi Rake | 819 |
| Nhume DzaMwari | 820 |
| Nhume DzaMwari | 821 |
| Nhume DzaMwari | 822 |
| Nhume DzaMwari Rumbidzai | 823 |
| Nikodhimasi Webato RavaFarisei | 824 |
| Nokuti Ndimi Mambo | 825 |
| Nokuti Wanzwirwa Nyasha | 826 |
| Nomwoyo Wose Ndinorumbidza | 827 |
| Nyika Ndeya Mambo | 828 |
| Nyika Ndeya Mambo | 829 |
| Nyika Ngaipembere | 830 |
| Nyika Ngaizaruke | 831 |
| Nyika Ngaizaruke Ibudise | 832 |
| Nzvimbo Ino Inoera | 833 |
| Nzvimbo Ino Inoera | 834 |
| Nzwiraiwo Vana Venyu Tsitsi | 835 |


## O


| | |
|---|---|
| O Yesu Makuya Pasi | 836 |
| Omberai Tenzi | 837 |
| Ona Yesu Makanakisa | 838 |
| Onai Taungana Pano | 839 |


## P


| | |
|---|---|
| Pachipfuva ChaJosefe | 840 |
| Pakati Penyu Kana Muno Rudo | 841 |
| Pakutanga Izwi | 842 |
| Pakutanga Izwi Akanga Atovapo | 843 |
| Pana Mweya WaMambo | 844 |
| Pana Mweya WaMambo | 845 |
| Pane Chido Norudo | 846 |
| Pane Chido Norudo | 847 |
| Pane Chido Norudo | 848 |
| Panguva Yokutambudzika | 849 |
| Pano Mweya WaMambo | 850 |
| Panogara Mununuri Kristo | 851 |
| Panogara Yesu Kristo | 852 |
| Patinopira Chingwa Newaini | 853 |
| Pauro Pakuoneka VaEfeso | 854 |
| Pauro Pakutendeuka Kwake | 855 |
| Petrosi Musande Anotinyevera | 856 |
| Pindukirai Kuna Mwari | 857 |

Pirai Miviri Yenyu Kuna Mwari 858
Pita Musande Anoti 859
Pokupedzisira Pauro Anoti 860
Pupura Chokwadi 861

# R

Ramba Uine Chitendero 862
Ramba Uine Chitendero 863
Ramba Uine Chitendero 864
Ramba Uine Chitendero 865
Ravirai Henyu Munzwe Kunaka 866
Ravirai Munzwe Kunaka 867
Regerera Mumwe wako 868
Rerekerai Nzeve Yenyu 869
Ropa Nemvura 870
Ropa Nemvura Zvakabuda 871
Ropa Renyu Rakakosha 872
Rubatsiro Rwangu Ruchabvepiko 873
Rudo Runopfava Uye Rune Mutsa 874
Rudo RwaMwari 875
Rudo RwaMwari Rwakadururirwa 876
Rudo RwaMwari Rwakadururirwa 877
Rudo Rwatenzi Rukuru 878
Rugare Ndinokupai 879
Rugare Rwapinda Mumba Muno 880
Rugare Rwedu Ndiye Kristo 881
Rumbidza Tenzi Iwe Mweya 882
Rumbidzai Mambo 883
Rumbidzai Mambo Imi Nhume 884
Rumbidzai Tenzi Mwari 885
Ruoko Rwomununuri 886
Ruponeso Runobva Muchipiyaniso 887

# S

Samutumwa WaMambo 888
Sezvo Makamuka Pamwe 889
Shamwari Dzedu Dzinoripira 890
Shamwari Dzedu Mupurigatoriyo 891
Shoko Renyu Mambo 892
Shoko Renyu Mambo 893
Shoko Renyu Mambo Chiedza 894
Shoko Renyu Mambo Chiedza 895
Simon Mwana waJona 896
Sokuona Kwenyu Ndiani 897
Swederai Kuna Mwari 898

# T

Takaitwa Vanhu Vatsva 899
Takasikwa naye 900
Tambirai Mwana Wenyu 901
Tarirai Kuna Mwari 902
Tarirai Kuna Mwari 903
Tarirai Muti Uyu 904
Tarirai Netsitsi Baba 905
Tarisai Mwenje WaKristo 906
Taurai Mambo 907
Taurai Mambo 908
Taurai Mambo 909
Taurai Mambo Muranda Wenyu 910
Tauya Mambo 911
Tauya Nezvipo Zvomupiro 912
Tauya Nezvipo Zvomupiro 913
Tavakupera Mambo 914
Tazvarirwa Mwana 915
Tazvarirwa Mwana 916
Tazvarirwa Mwana 917
Tenda Mambo Mweya Wangu 918
Tenda Mambo Mweya Wangu 919
Tendai Mwari Wokudenga 920
Tendai Tenzi Munamate Zita Rake 921
Tenzi Akadaidza Jeremiya Achiti 922
Tenzi Akanaka Akarurama 923
Tenzi Akati Kwavari 924
Tenzi Anoti Uyai Mutore 925
Tenzi Imi Ndinodaidza 926
Tenzi Imi Rumbidzwai 927
Tenzi Inzwai Muunamato Wangu 928
Tenzi Jesu Kristo Makati 929
Tenzi Jesu Ndinotenda Nechipo 930
Tenzi Makanunura upenyu 931
Tenzi Mambo 932
Tenzi Mwari Muponesi Wangu 933
Tenzi Mwari Wako Anokurayira 934
Tenzi Ndinoda 935
Tenzi Ndinokurumbidzai 936
Tenzi Ndiye Anosimudzira Simba 937
Tenzi Ndiye Mugove 938
Tenzi Ngaakupei Rufaro 939
Tenzi Regai Kunditsiura 940
Tenzi Samasimba Ose 941
Tenzi Tinokutunhidzai 942

Tenzi Vanoti Tarirai Muranda 943
Tenzi Wangu Huyai Kwandiri 944
Tichaona Mbiri YaMwari 945
Tichaona Mbiri YaMwari 946
Tichaona Mbiri YaMwari 947
Tichazova NaMambo 948
Tichisangana PaAtari 949
Tikafa Pamwe NaKristo 950
Tinobvuma Kuti Takakutadzirai 951
Tinodzidziswa NaPauro Achiti 952
Tinoimbira Mambo 953
Tinokukudzai Mwari 954
Tinokumbira Mambo 955
Tinokupfugamirai Kristo Mambo 956
Tinokupfugamirai Yesu 957
Tinokurumbidzai Mambo 958
Tinokurumbidzai Mambo 959
Tinokurumbidzai Mambo 960
Tinokurumbidzai Mwari Baba 961
Tinokutendai Mambo 962
Tinokutendai Mambo 963
Tinokutendai Mwari Mambo 964
Tinoona Mwana Pachipfuva 965
Tinopfugamira Yesu 966
Tinotendera Mwari 967
Tinotendera Mwari 968
Tinotendera Mwari 969
Tinouchira Nomufaro 970
Tinouya Kwamuri Baba 971
Tinzwireiwo Tsitsi Mambo 972
Tinzwireiwo Tsitsi Mwari 973
Tiponesei Mambo 974
Tiponesei Mambo 975
Tiravidzeiwo Runako Rwenyu 976
Tiri Mitezo Mizhinji 977
Tiri Vanhu VaMwari 978
Tiri Vanhu VaMwari 979
Tiri Vanhu VaMwari 980
Tirumbidze Zita Rake Guru 981
Tirumbidze Zita Rake Guru 982
Tivavarire Denga 983
Tivavarire Denga 984
Tokukwazisai Mununuri 985
Tose Takapapatidzwa 986
Trinitati Sande Kwazvo 987
Tsika Dzoukristo 988
Tsvagai Mambo 989
Tsvagai Zvokumusoro-soro 990


## U


Uchirai Mose 991
Uchirai Mose Mambo Akwira 992
Ukudzwe Moyo WaYesu 993
Ukudzwe Pasi Pose Mwoyo 994
Umambo Hwedenga 995
Umambo Hwedenga 996
Umambo Hwekudenga 997
Unoburuka Kudenga 998
Upenyu Hwavatenderi Vokutanga 999
Upenyu Hwedu Ndimi Mambo 1000
Upfumi Hwechokwadi 1001
Usatya Hako Uri Munhu Wangu 1002
Ushamwari Hwezvirokwazvo 1003
Usiku Hwechirairo Chokugumisira 1004
Usiku Hwoda Kuenda 1005
Usiku Usande 1006
Utatu Usande Kwazvo 1007
Uya Mweya Musande 1008
Uya Uya Mweya Musande 1009
Uya Yesu Chido Changu 1010
Uyai Emanuwere 1011
Uyai Imi Mose 1012
Uyai Kurumudzai Vari Pano Yesu 1013
Uyai Kuzopfugamira 1014
Uyai Kuzopfugamira Mambo 1015
Uyai Kuzopfugamira Mambo 1016
Uyai Kwandiri Imi Mose 1017
Uyai Mambo Yesu 1018
Uyai Mununuri 1019
Uyai Mweya Musande 1020
Uyai Mweya Musande 1021
Uyai Mweya Musande 1022
Uyai Mweya Musande 1023
Uyai Mweya Musande 1024
Uyai Mweya Musiki 1025
Uyai Mweya Uyai 1026
Uyai Tiimbire Hosi Yedenga 1027
Uyai Tipfugamire 1028
Uyai Tipfugamire 1029

Uyai Tipfugamire 1030
Uyai Tipfugamire Kristo 1031
Uyai Tipfugamire Mambo 1032
Uyai Uyai Wadiwa 1033
Uyai Vatenderi 1034
Uyai Yesu Kunesu 1035
Uyo Hake Akatsunga 1036
Uyo Wamakatakura Wamuka 1037
Uyu Muviri Wangu 1038
Uyu Muviri Wangu 1039
Uyu Ndiwo Mugariro Wavatenderi 1040
Uyu Ndiye Mufudzi 1041
Uyu Ndiye Mwanakomana Wangu 1042
Uyu Ndiye Mwanakomana Wangu 1043
Uzorore Murugare 1044

## V

Vadikanwi Ngatidane 1045
Vafiri Rumbidzai Mambo 1046
Vafiri Vechitendero 1047
Vagandami Varwi Kwavo 1048
Vaitiri Veshoko RaMwari 1049
Vakachingura Mambo Vachiti 1050
Vakachingura Mambo Vanhu 1051
Vakagoverana Zvipfeko 1052
Vakagoverana Zvipfeko 1053
Vakagoverana Zvipfeko 1054
Vakagoverana Zvipfeko 1055
Vakagoverana zvipfeko 1056
Vakakomborerwa 1057
Vakakomborerwa 1058
Vakakomborerwa Havo 1059
Vakakomborerwa Vakachena 1060
Vakakomborerwa Vakachena 1061
Vakakomborerwa Vakachena 1062
Vakakomborerwa Vakakokwa 1063
Vakakomborerwa Vakakokwa 1064
Vakakomborerwa Vane Nzara 1065
Vakakomborerwa Vane Nzara 1066
Vakakomborerwa Varombo 1067
Vakanyanyokomborerwa 1068
Vakanyanyokomborerwa 1069
Vakanyanyokomborerwa Avo 1070
Vakarurama Vanogara 1071
Vakarurama Vanogara 1072
Vakarurama Vanogara 1073
Vakati Vamuroverera 1074
Vakazoziva Yesu Pakumedura 1075
Vakudziwe Baba NoMwanakomana 1076
Vakudziwe Mwari Baba 1077
Vana Uyai Muone Mwana 1078
Vana VaMwari Tarirai Kuna Mwari 1079
Vana VeAfrica Makafira Yesu 1080
Vangere NavaSande 1081
Vangere Vadiwa 1082
Vangere VaMwari Omberai 1083
Vanhu Mose Chigadzirirai 1084
Vanhu VaMwari Vongai Tenzi 1085
Vanhu Vazhinji Vakachingura 1086
Vanhu Vazhinji Vakachingura 1087
Vanhu Vorudzi 1088
Vanhu Vorudzi Rwangu 1089
Vanhu Vorudzi Rwangu 1090
Vanhu Vorudzi Rwangu 1091
Vanokushwa Muvhu Rakanaka 1092
Vanopupurira Mambo 1093
Vanopupurira Mambo 1094
Vanyai Vokutanga 1095
Vapostori Vasande 1096
Vapriste Ngavafare 1097
VaPriste Vadiwa 1098
VaPristi Ngavafare 1099
Vari Pano Yesu 1100
Vava Pano Mambo 1101
Vechizvarwa Makadaidzwa 1102
Vimba NaMwari 1103
Virigo Mutsvene Kwaziwai 1104
Vose Vachaziva 1105
Vose Vanobvuma Kutungamiririrwa 1106

## W

Wakangopira Chibayiro Chimwe 1107
Wakateerera Kusvika Kurufu 1108
Wakazvidupikisa 1109
Wamuka Muponesi Wamuka 1110

## Y

Yakakomborerwa Mimba 1111
Yakakomborerwa Mimba YaMaria 1112

Yakakomborerwa Mimba YaMaria 1113
Yavakarurama 1114
Yedzai Kuchengeta Humwe 1115
Yesu Akadana Vadzidzi 1116
Yesu Akapa Mufananidzo 1117
Yesu Akapa Mufananidzo 1118
Yesu Akaparadzana Navo 1119
Yesu Akataurira Vadzidzi Vake 1120
Yesu Akataurira Vadzidzi Vake 1121
Yesu Akati Aberekwa 1122
Yesu Akati Chiuyai 1123
Yesu Akati Endai Mundoparidzira 1124
Yesu Akati Kana Munhu 1125
Yesu Akati Kuna vadzidzi Vake 1126
Yesu Akati Kuvadzidzi Vake 1127
Yesu Akati Kuvadzidzi Vake 1128
Yesu Akati Panguva Iyoyo 1129
Yesu Akatuma Vadzidzi Vake 1130
Yesu Akava Munhu 1131
Yesu Anokomborera Vana Vaduku 1132
Yesu Anosvinudza Meso ABatimeo 1133
Yesu Anoti Teererai Munzwe 1134
Yesu Anoti Zvirerekei 1135
Yesu Anovimbisa Kuuya 1136
Yesu Anovimbisa Kuuya 1137
Yesu Chiedza Chavasande 1138
Yesu Handine Simba 1139
Yesu Kristo Mambo 1140
Yesu Kristo Mambo Makati 1141
Yesu Kristo Mambo Wedu 1142
Yesu Kristo Mununuri Wangu 1143
Yesu Kristo Tinokukudzai 1144
Yesu Makanakisa 1145
Yesu Makanakisa 1146
Yesu Makanakisa Imi 1147
Yesu Makanakisa Makanakisisa 1148
Yesu Makati Kuvadzidzi Venyu 1149
Yesu Makauya Pasi 1150
Yesu Mambo 1151
Yesu Mambo 1152
Yesu Mambo Kristo 1153
Yesu Mambo Wadiwa 1154
Yesu Mambo Yesu wangu 1155
Yesu Moyo Wangu Wakasviba 1156
Yesu Muchinge Mazova 1157
Yesu Mufudzi Wakanaka 1158
Yesu Mununuri Mauya Nhasi 1159
Yesu Mununuri Wangu 1160
Yesu Muponesi Wangu 1161
Yesu MuPriste Mukuru 1162
Yesu Muri Chidyo Chavangere 1163
Yesu Muri Kuuya Kwandiri 1164
Yesu Mutungamirireiwo 1165
Yesu Mwanakomana WaMwari 1166
Yesu Mwanakomana WaMwari 1167
Yesu Mwari Mambo Mukuru 1168
Yesu Mwari Mambo Mukuru 1169
Yesu Mwari Nhasi Tinochema 1170
Yesu Mwari Nhasi Tinochema 1171
Yesu Mwari Wangu Mununuri 1172
Yesu Ndimi Chitarisiro 1173
Yesu Ndinokudai Yesu 1174
Yesu Ndinokupai Imi 1175
Yesu Ndiye Nzira Inoenda 1176
Yesu Ndiye Nzira Yedu 1177
Yesu Uyai Chido Changu 1178
Yesu Vari Pano 1179
Yesu Wadiwa 1180
Yesu Wangu 1181
Yesu Wangu 1182
Yesu Wangu Chido Chenyu 1183
Yesu Wangu Chido Chenyu 1184
Yesu Wangu Kwaziwai 1185
Yesu Wangu Kwaziwai 1186
Yesu Wangu Matopinda Mumoyo 1187
Yesu Wangu Ndidzidziseiwo 1188
Yesu Wangu Wadiwa 1189
Yesu Wangu Wadiwa 1190
Yesu Wangu Wadiwa 1191
Yesu Wangu Yesu Wangu 1192
Yesu Yesu Yesu 1193
Yeuka Munhu Uri Huruva 1194
Yeuka Munhu Uri Huruva 1195
Yeukai Mambo Hama Dzedu 1196
Yeukai MuVirigo Makapfava 1197
Yosefa Musande 1198
Yosefe Musande 1199

## Z

Zuva Randakachema Tenzi 1200
Zuva Ratakabhabhatidzwa 1201
Zuva Ratakabhabhatidzwa 1202
Zuva Ratakapapatiswa 1203
Zuva Richibuda 1204
Zuva Rinouya Tenzi 1205
Zuva Ripenye Kuvakafa 1206
Zuva Ripenye Kuvakafa 1207
Zuva Risingagumi 1208
Zuva Rogaroga Mambo Ndaneta 1209
Zuva Rokutonga KwaTenzi 1210
Zuva Romugumo 1211
Zvanzi NaMambo Jesu 1212
Zvanzi naTenzi Mufudzi Akanaka 1213
Zvapupu Zvechitendero 1214
Zvinhu Zvose Pasi Pano 1215
Zvino Kuti Ini Ndirege 1216
Zvino Moyo Wangu 1217
Zvino Mubairo Woukundi 1218
Zvino Ngatitende Mwari 1219
Zvipo ZvaMambo Zvizhinji 1220
Zviro Kwazvo Ndinoda Mwari 1221
Zviro Kwazvo Zviro Kwazvo 1222


# Dzimbo Sande


## A

Ah Yesu She Takava Vana Venyu D1
Amai Vangu Vasande D2
Amai Virigo Vanotirayidza D3
Ari Pano Yesu D4

## G

Gara Nesu Mambo Wedu D5

## H

Hosi Yedu Yokudenga D6
Hosi YeRosariro D7

## I

Iwe Wakachena Wopenya D8

## K

Kare Kwakanga Kusina Chiedza D9
Ko Vakuru Vedu Havazivi D10
Kundowanzokudza Mbiri D11
Kuombera Nokufara D12
Kwaziwa Nyenyedzi D13

## M

Mai Vedu Kaziwai D14
Mangwanani nemanheru D15
Mariya Mai Vedu D16
Mariya Musande Amai Vakanaka D17
Mariya Ndinoda D18
Mariya Tinoimbira D19
Maronda Mashanu D20
Mhoroyi Vasande D21
Muchechewe Rinda Hope D22
Mukirike Katorike D23
Mununuri Yesu D24
Mupurugatorio Shamwari Dzedu D25
Murume WaMariya D26
Musi Wepasika D27
Musoro wakatsvuka D28
Mwari Mambo Tinoimba D29
Mwari Ngamugadze D30
Mwari Ngoni Norupfave D31
Mwari Nomunhu Uripo D32
Mweya Musande Mwari D33
Mweya WaKristo D34
Mwoyo Chida Mambo Wako D35
Mwoyo WaYesu Tarisa D36
Mwoyo WaYesu Unetsitsi D37
Mwoyo WaYesu Wedu D38

## N

Ndichipfugamira Pauso D39
Ndichiri Kuda Yesu D40
Ndinochemera Kwazvo D41
Ndinoda Iwe Yesu D42
Ndinoda Kugara Padyo D43
Ndinokuitira Mwari D44
Ndiri Mwana WaMariya D45
Ndoenda Kupiko D46
Ngatiende Navafudzi D47

Ngatikudze Mariya D48
Nhasi Denga Razarurwa D49


## O


O Mariya Wakanaka D50
O Yesu Wakauya Pasi D51
Omberai Kudenga D52
Onai Ndiwo Muviri D53


## P


Pachipfuva ChaYosefe D54
Panogara Yesu Kristo D55


## R


Ropa Sande Rakakosha D56


## S


Sakaramende Sande D57


## T


Tarira O Mariya D58
Tinopfugamira Eukaristia D59
Tiri Venyu Hosi Mai D60
Tisu VaMambo Vatatu D61
Tose Tinokuombera ` D62
Trinitas Musande D63
Tsano Tsikai D64


## U


Unoburuka Kudenga D65
Uri Chavangere Chidyo D66
Usiku usande D67
Uya Emmanuel D68
Uya Mweya Musande D69
Uya Mweya Musiki D70
Uya Yesu Chido Changu D71
Uyai Imi Mose D72
Uyai Mose Tiimbire D73
Uyai Vatenderi D74


## V


Vagandami Varwi Kwavo D75


## W


Wamuka Muponesi D76


## Y


Yesu Handine Simba D77
Yesu Mupriste Mukuru D78
Yesu Mwari Nhasi Tinochema D79
Yesu Mwari Nhasi tinokumbira D80
Yesu Ndinokupa Iwe D81
Yesu Wakavandika D82
Yesu Wangu D83
Yosefe Musande D84


## Z


Zuva Ratakapapatidzwa D85
Zuva Richibuda D86

# 1

**Achauya Madzimambo –** *M.C. Mazorodze*

*M:* Achauya madzimambo

*V: S/A* Achauya, madzimambo, achauya madzimambo, achauya, nezvipo Alleluya

*B* Achauya, madzimambo, achauya namadzishe, achauya, Alleluya

*Madetembo:*

1. Madzimambo ose enyika dzose achapfugamira Mambo wedu
2. Ndudzi dzose dzapasi dzichamushandira nomufaro
3. Mumuvigire ndarama ndiye Mambo wedu
4. Mumuvigire zvinonhuwira ndiye Mwari wedu

# 2

**Achauya Marudzi Ose** – *Mupambwa*

*M* Achauya marudzi

*V: S* Achauya kuzozvirigira achauya pamberi penyu marudzi marudzi ose achauya ozozvirigira

*B* Ozozvirigira pasi marudzi ose ose pamberi penyu ozozvirigira

*Madetembo:*

1. Ndiani angakwira mugomo raMambo, ndiani angamira panzvimbo yake tsvene
2. Uyo ana maoko akachena nomwoyo wakanaka.
3. Mwari ngaasimuke vavengi vake vaparadzwe.
4. Vachadzingwa sokudzingwa kwoutsi vachiita sokunanauka kwenamo pamoto
5. Vakarurama ngavafare kwazvo, nokuti Mambo achauya.
6. Imbirai Mambo nziyo dzokurumbidza, achazviratidza pamusoro pamakore.

# 3

**Achava Nomwenje Anotevera Kristo** – *C. Chifana*

*M:* Achava nomwenje anotevera Kristo

*V: S/A* Anotevera Kristo – anomutevera
Achava nomwenje – woupenyu Alleluya

*B* Anotevera Kristo – anomutevera
Achava nomwenje – woupenyu Alleluya

*Madetembo:*

1. Kunyange wakarurama oda kuwa haawiswi nokuti Mwari anomutsigira noruoko rwake.
2. Wakarurama ana matambudziko mazhinji asi Mwari anomubatsira.
3. Wakadana Mwari akanzwa akamurwira panjodzi dzake dzose.

## 4

**Achipinda Muguta Dzvene Mambo –** *S. Leboho*

*M:* Achipinda muguta dzvene Mambo wedu

*V: S* Vana vakamuimbira Hosana, kumusorosoro, Mambo wedu achipinda muguta dzvene

*B* Vakamuimbira vachiti, Hosana, kumusorosoro, Mambo wedu achipinda muguta dzvene

*Madetembo:*

1. Vakaparidza kumuka kwakazoita Kristo
2. Vaina masanzu emirara
3. Vakanzwa kuti Yesu wouya kuYerusarema

*Chorus:*

*All* Vana vakamuimbira, Mambo wedu achipinda muguta dzvene

## 5

**Ah Yesu She Tava Vana Venyu** – *Sr Martin Chikosha (LCBL)*

*M: S/A* Ah! Yesu She tava vana venyu

*V: S/A* Tarirai hwai yakarasika kare, iteverei isunungurei muzviteyo zvayo
Inunurei muikwevere kumwoyo wenyu musande
Igare ichikuteverai imi mufudzi wakanaka

*B* Ah! Yesu She --- hwai yakarasika kare imi mufudzi --- muzviteyo zvayo
Inunurei muikwevere kumwoyo wenyu musande
Ah! Yesu She igare ichikuteverai --- imi mufudzi wakanaka

*Madetembo:*

1. Yesu wadiwa tinoda kuzvinyoresa patsva, tava vana venyu.
2. Kumwoyo wenyu musande, tava vana venyu.
3. Tinoda kuve venyu narini, tava vana venyu.
4. Mutinyore pakare --- muraire vatenderi venyu, tava vana venyu.
5. Vapikire pakare patsva rudo rwavo kwamuri, tava vana venyu.
6. Vafunde zvechido chitsva kwamuri, tava vana venyu.

## 6

**Akakomborerwa NaMambo** – *I. Maputsa Nezungai*

*M:* Akakomborerwa naMambo

*V: S* Akakomborerwa naMambo akaregererwa matadzo ake akaregererwa mhosva dzake dzose dzose naMambo.

*B* --- Komborerwa naMambo akaregererwa matadzo ake mhosva dzake dzose dzose naMambo.

*Madetembo:*

1. Akakomborerwa munhu asinganzi akaipa naMambo
2. Iye asinokunyengera paMweya wake

3. Nenguva yandakaramba ndinyerere mapfupa angu akarukutika
4. Mwoyo wangu wakachema nguva dzose.
5. Nokuti ruwoko rwenyu Mambo rwakanga ruchidzvinya.
6. Pamusoro pangu siku nesikati.
7. Asi zvino ndareurura matadzo angu handina kuvanza mhosva dzangu.
8. Ndimi ruvando rwangu Mambo munondichengeta kuti ndirege kuwira munhamo.

*Chorus:*

*All* Saka vose --- vakarurama ngavarambire kwamuri Mambo panguva yokutambudzika kwavo.

## 7

**Akaropafadzwa Munhu Uyo** – *Sr Thomas Nyamakwere (HLMC)*

*M:* Akaropafadzwa munhu uyo

*V: All* Akaropafadzwa akaropafadzwa muranda anomirira kusvika adzoka

*Madetembo:*

1. Ane ropa rakanaka munhu anotya Mwari anotarira zvikuru mirairo yake.
2. Pfuma nezvakawanda zviri mumba make kururama kwake kunogara narini.
3. Vana vake vachava nesimba rudzi rwavakarurama ruchakomborerwa-a.

*Chorus:*

*All* Muranda anomirira kusvika adzoka.

## 8

**Akaropafadzwa Muranda waMambo** – *D.T. Zavazava*

*M:* Akaropafadzwa

*V: S* Muranda waMambo --- iye kusvika adzoka

*B* Muranda waMambo anomumirira --- kusvika adzoka

*Madetembo:*

1. Ane ropa rakanaka --- munhu anotya Mwari
2. Anotarira --- zvikuru mirayiro yake
3. Vana vake ---- vachava nesimba
4. Rudzi rwavakarurama --- ruchakomborerwa
5. Fuma nezvakawanda --- zviri mumba make
6. Kururama kwake --- kunogara narini
7. Akarurama anobudirwa --- nomwenje parima
8. Ano mufaro munhu --- uyo anoita mutsa
9. Akarurama --- haakanganikwi
10. Acharamba achirangarirwa --- nokusingaperi
11. Haangatyi mashoko --- ezvinhu zvakaipa
12. Mwoyo wake wakasimba --- uchavimba naMwari
13. Mwoyo wake --- wakasimbiswa
14. Kusvikira aona kukundwa --- kwavavengi vake

15. Zita rake richakwiridzirwa --- nokukudzwa
16. Akaipa uchazviona --- afa neshungu achaparara

*Chorus*

*All* Akaropafadzwa --- muranda wa-Mambo.

## 9

**Akaropafadzwa Muranda WaMambo** – *R. Tonganai*

*M:* Akaropafadzwa muranda waMambo

*V: S* Anomumirira Mambo anomumirira Mambo akaropafadzwa muranda anomumirira kusvika adzoka

*B* Anomumirira Mambo muranda anomumirira Mambo akaropafadzwa anomumirira kusvika adzoka

*Madetembo:*

1. Ane ropa rakanaka munhu anotya Mwari, anotarira zvikuru mirairo yake.
2. Vana vake vachava nesimba, rudzi rwakavarurama ruchakomborerwa.
3. Pfuma nezvakawanda zviri mumba make, kururama kwake kunogara narini.
4. Akarurama anobudirwa nomwenje parima, iye ane ngoni netsitsi nokururama.
5. Ano mufaro munhu uyo anoita mutsa, acharuramiswa mhaka pakutongwa.
6. Akarurama haakanganikwi, acharamba achirangarirwa nokusingaperi.
7. Haangatyi mashoko ezvinhu zvakaipa, moyo wake wakasimba uchavimba. waMwari.
8. Moyo wake wakasimbiswa, kusvikira aona kukundwa kwavavengi vake.
9. Zita rake richakwiridzirwa nokukudzwa, akaipa uchazviona afa neshungu achaparara.

## 10

**Akavagamuchira Vachinge Mupiro** – *T.I. Muvingi*

*M: S/A* Akavagamuchira vachinge mipiro inopiswa …

*V: S/A* Mweya yevakarurama iri mumaoko aMwarii-i…
Hapana dambudzo rinovawana …
Kufa kwawo kwaionekwa senhamo, kutisiya sokuparadzwa nyamba ivo vakatogarika

*B* Mweya yavakarurama iri mumaoko aMwari …
Hapana dambudzo rinovawana …
Kwavo kwaionekwa senhamo …
Kutisiya sokuparadzwa nyamba ivo vakatogarika

*Madetembo:*

1. Nezuva rokushanyirwa kwavo vachapenya.
2. Vachiita zvinoita mapfarivari anovarika-rika.
3. Murwi wamashanga uri kutsva.
4. Vasarudzwi vake vachagara nhaka yomwoyochena netsitsi.
5. Mwari ari Mambo wavo nokusingaperi

*Chorus:*

*S/A* Kunetsekana kashoma kwavakangoita --- vava kugamuchira makomborero, Mwari akavawana vakakodzerana naye

*B* Kunetsekana kashoma kwavakangoita asi zvino --- kugamuchira makomborero makuru Mwari akavawana vakakodzerana naye.

## 11

**Alleluya Mambo Tauya** – *T.M. Dunduru*

*M:* Alleluya Mambo tauya.

*V: All* Kuzopfugamiraa kuzopfugamira Mambo nezvipo zvomupiro.

*Madetembo:*

1. Uyai munzwe imi mose
2. Ndichakududzirai zvaakaitira mweya wangu.
3. Wakashandura gungwa rikava nyika yakaoma.
4. Vakayambuka rwizi netsoka.
5. Anobata umambo nekusingaperi nesimba rake.
6. Meso ake anocherechedza ndudzi.
7. Rumbidzai Mwari imi vanhu.
8. Izwi rokurumbidza ngarinzwikwe.
9. Iye anopa mweya yedu rupenyu.
10. Asingatenderi tsoka dzedu kuti dzitedzemuke.
11. Ndakachema kwaari nomuromo wangu.
12. Akarumbidzwa zvikuru norurimi rwangu.
13. Izwi rake akava munhu ndokugara nesu.

*Chorus:*

*S* Tauya Mambo alleluya nezvipo zvomupiro.

*B* Tauya Mambo nezvipo zvomupiro.

## 12

**Alleluya Munyika Dzose** – *Fr E. Ribeiro*

*S/A/T* Alleluya x4 munyika dzose

*B* Alleluya x3 munyika dzose – dzose x2

*Madetembo:*

1. Endai munyika dzose dzapasi
2. Mundodzidzisa vanhu vose

*S/A/T* Alleluya x4 munyika dzose

*B* Alleluya x3 munyika dzose – dzose

## 13

**Alleluya Ngaakudziwe** – *M.C. Mazorodze*

M    Alleluya ngaakudziwe
*V: S*    Mubati wapasi pose Alleluya ngaakudziwe mubati wapasi pose
*B*    --- Ngaakudziwe ngaakudziwe --- wapasi pose
*Madetembo:*
1. Uyai munzwe imi mose
2. Ndichakududzirai zvaakitira mweya wangu
3. Wakashandura gungwa rikava nyika yakaoma
4. Vakayambuka rwizi netsoka
5. Anobata umambo nokusingaperi nesimba rake
6. Meso ake anocherechedza ndudzi
7. Rumbidzai Mwari imi vanhu
8. Inzwi rokumurumbidza ngarinzwike

*Chorus:*
*S*    Alleluya ngaakudziwe mubati wapasi pose
*B*    Alleluya ngaakudziwe --- wapasi pose

## 14

**Alleluya Nyika NdeyaMambo** – *M. Mpagamuri*

*M*    Alleluya nyika ndeya Mambo
*V: All*    Navanhu vose-he Alleluya -ha nyika ndeyaMambo navanhu vose
*Madetembo:*
1. Ndiyani angakwira mugomo raMambo ndiyani angamira panzvimbo yake tsvene
2. Uyo ana maoko akachena nomwoyo wakanaka
3. Mwari ngaasimuke vavengi vake vaparadzwe
4. Vachadzingwa sokudzingwa kwoutsi vachiita sokunanauka kwenamo pamoto

*Chorus:*
*All*    Nyika ndeyaMambo nyika ndeyaMambo navanhu vose

## 15

**Alleluya Tazvarirwa Mwana** – *S. Shiri*

*M:*    Alleluya tazvarirwa mwana
    Tazvarirwa mwana
*V: S/A*    Ndiye Mambo, ndiye Mambo Mambo wamarudzi ose
*B*    Ndiye Mambo wamarudzi Mambo wamarudzi ose
*Madetembo:*
1. Imbirai Mambo rwiyo rutsva nokuti wakaita zvinhu zvose.
2. Akazivisa kuponesa kwake akaratidza pachena kururama kwake pamberi. pamarudzi ose.
3. Pururudzirai Mambo pasi pose imbai nziyo dzokurumbidza.

4. Akarangarira ngoni dzake nokutendeka kwake kunesu.
5. Danidzirai muimbe nomufaro makomo ngaaimbe pamberi paMwari.
6. Migumo yapasi pose yakaona ruponeso rwaMwari wedu.
*Chorus:*
*All* Ndiye Mambo, Mambo wamarudzi ose

## 16

**Alleluya Wakamuka Alleluya Nembiri** – *Fr E.Ribeiro*
*M:B* Alleluya wakamuka Alleluya nembiri yose
*V:S/A* Ndinoziva muri kutsvaga Yesu wakarovererwa pachipiyaniso haapo pano wakamuka
*M:B* Alleluya wakamuka Alleluya nembiri yose
*V:S/A* Wawonekwa naMaria alleluya wakamuka wawonekwa naPeter Alleluya wakamuka wawonekwa navadzidzi Alleluya wakamuka

## 17

**Alois NaAgnes Vasande** – *J V. Chinondo*
*M:S/A* Alois naAgnes vasande
*V:S/A* Agnes Musande wakafira utsvene newe Alois Musande wakafa uri mutsvene ndinokusarudzai nhasi muve vachengeti vangu navarevereri kuna Mwari
*B/T* --- Musande wakafira utsvene Alois Musande wakafa uri mutsvene ndinokusarudzai nhasi muve vachengeti vangu navarevereri vangu kuna Mwari
*Madetembo*:
1. Hapana munhu angachengeta hutsvene hwake asinganamate.
2. Itai kuti ndive munhu anotya Mwari anotya Mwari.
3. Ndikumbirireiwo kuna Mwari kuti ndiwane gomborero rake.
4. Maria Muvirigo Musande ndireverereiwo ndireverereiwo kuna Mwari.
*Chorus:*
*S/A* Imi makachengeta utsvene hwenyu makazvipira kuna Mwari ndibatsireiwo kuti ndide Mwari ndigonamata zvakanaka sezvai-i-i-ta Yesu Kristo
*B/T* --- makachengeta utsvene --- i-i-mi makazvipira kuna Mwari --- kuti ndide Mwari-i --- sezvai-i-i-ta Yesu Kristo.

## 18

**Amai Muvirigo Vanotiraidza** – *S. Hwata*
*M* Amai muvirigo vanotiraidza amai muvirigo vanotiraidza
*V: All* Tiperekedzei patinoteiwa nadhiabhore tiri vana venyu tiudzei togoitei

*Madetembo:*
1. Amai vomwana Yesu Kristo mwoyo wenyu wakamuchengeta
2. Totevera tsika dzaYesu mwana wenyu kuti tive venyu vechokwadi
3. Kuti tidaro mazuva ese amai tiudzei

*Chorus:*
*S/A* Tichitarisa mwana wenyu Yesu achigara pamabvi enyu tinochemera kufanana naye isu vana venyu tiudzei togoitei
*B* --- Mwana wenyu Yesu achigara pamabvi enyu tinochemera kufanana naye isu vana venyu tiudzei togoitei.

## 19

**Amai Vasande VaMwari** – *W.C. Ringisai*

*M* A-mai vasande vaMwari
*V:S/A* Maria Musande hosi yorugare hosi yavanyakufira chitendero munyaradzi wavatamburi tinokumbira mutireverérewo
*B* Maria Musande hosi yavanyakufira chitendero munyaradzi wavatamburi --- mutireverérewo

*Madetembo:*
1. Amai vegirasiya raMwari
2. Amai vatsvene kwazvo
3. Amai makagara muvirigo
4. Amai musina kusvibiswa

*Chorus:*
*S/A* Imi makanyanyochena amai vomununuri virigo munokotamirwa chiringiro choururami
*B* --- Makanyanyochena amai vomununuri --- munokotamirwa chiringiro choururami

## 20

**Ambuye Ndabwera** – *Fr R.T. Mabiri*

*M* Nazo zinyai zokha
Zochitikha paMisa (x2)

*Cantor:*
*All* Ambuye ndabwera
Ambuye ndabwera
Kudzapeleka
Mpatso zanga, kwainu Ambuye x2
1. Choyambira ndiichi, Kupembedza Mulungu x2
2. Chachiwiri ndiichi, Kupepesa Mulungu x2
3. Chachitatu ndiichi, Kupemphera Mulungu x2
4. Chachinayi ndiichi, Kutokhoza Mulungu x2

# 21

**Amuka Muvafi Afanoenda Gareriya** – *S. Kalombo*

*M: S/A* Amuka muvafi, afanoenda afanoenda afanoenda Gareriya

*B* Amuka muvafi afanoenda afanoenda Gareriya

*V: S/A* Rakati Sabata rapfuura kwoedza nezuva rechiposhi revhiki Maria Magadharena nomumwe Maria vakauya kuzotarira kuguva --- Pasi paka-dengendeka kwazvo nokuti Angere waMambo akanga oburuka kudenga, Angere waMambo akanga oburuka.

T Sabata rapfuura zuva rechiposhi revhiki Maria Magadharena nomumwe Maria vakauya kuzotarira kuguva pasi paka-dengendeka kwazvo nokuti Angere waMambo akanga oburuka kudenga, Angere waMambo oburuka.

B Sabata-a rapfuura zuva rechiposhi revhiki Maria Magadharena nomumwe Maria vakauya kuzotarira kuguva pakarepo-o Angere waMambo akaswedera ndokubvisa zidombo riya-a achirikungurutsa origarira

*Madetembo:*

1. Ainge mheni kutarisika kwake, mukutarisika kwake-e, ainge mheni kutarisika kwake.
2. Zvipfeko zvake zvainge zvakachena samazaya echando, mazaya echando.
3. Kumuona kwavo kwakabva kwabvundisa vanyakugarira guva ndokubva vawira pasi sokunge vafa, sokunge vafa-a.

*Chorus:*

*M:* Asi inzwi raAngere kunamadzimai vaya-a, rakati-i

*V: S/A* Musatya zvenyu ndinoziva muri kutsvaga Yesu akanga aroverwa pachipiyaniso haasiri pano haasiri pano amuka Kristo mupenyu. Amuka zviro kwazvo amuka amuka sezvaakareva --- Amukaa zvirokwazvo --- amuka amuka Kristo mupenyu

*B* Huyai muone paakanga aradzikwa mhanyai munoudza vadzidzi vake –e kuti Kristo amuka muvafi aenda kuGareriya ndiko-o kwamuchandomuona huyai muone Kristo amuka. Huyai muone-e zvaainge areva huyai muone Kristo amuka huyai muone Kristo mupenyu.

*T* Huyai muone-e Huyai muone-e Huyai muone-e paakange aradzikwa huyai muone Kristo amuka, amuka Kristo mupenyu. (Huyai ) muone-e Kristo amuka huyai muone zvaainge areva (Huyai) muone-e Kristo amuka huyai muone Kristo mupenyu

*Madetembo:*

1. Mundovaudza aenda kuGareriya ndiko kwamuchandomuona iri ndiro-o dama rangu kunemi.
2. Vakakurumidza kubva paguva zvongobatanidza kutya nokufara kukuru nokuti Kristo amuka muvafi.
3. Vakamhanyira kundozivisa vadzidzi vake kuti Kristo amuka mupenyu.

*M: S/A* Vakasvika paari ndokumumbundira vachimupfugamira nokumurumidza endai munoudza-a vehama dzangu izvi.

*B* Ndokumbundira tsoka dzake iye ndokuvati-i regai kutya endai munoudza-a vehama dzangu kuti vaende Gareriya ndiko kwamuchanondiona.
*T* Vakamupfugamira-a ndokumbundikira tsoka dzake-e iye Yesu ndokuti kwavari-i endai munoudza hama dzangu izvi.

*Madetembo:*

1. Hezviya Yesu akasangana navo ovakwazisa ivo vakamupfugamira
*B:* ivo vakamupfugamira
2. Vakasvika munyasi make ndokumbundikira tsoka dzake-e iye Yesu
*B:* tsoka dzake-e iye Yesu.

## 22

**Anganzi Mururami Ndiani** – *I Maputsa Nezungai*

*M:* Anganzi mururami ndianiko?
*V: S* Mururami munhu asingafambi asingafambi panorangana vakaipa asingamiri panzira yavatadzi
*B* Munhu asingafa-ambi asingafambi asingafambi vakaipa-a panzira yavatadzi

*Madetembo:*

1. Munhu anofarira murairo yaMwari.
2. Munhu anofungisisa murairo yake masikati nousiku.
3. Akafanana nomuti wakasimwa pahova dzemvura.
4. Mashizha awo haasvavi chinhu chipi nechipi chaanoita chinobudirira.
5. Vakaipa havana kudaro asi vakafanana nehundi inopepereswa.
6. Naizvo vakaipa havangamiri pakutongeswa.
7. Navatadzi havangamiri paungano yavakarurama.

## 23

**Angere Musande Maunzwa** – *S. Tarwirei*

*M:* Angere Musande-e maunzwa
*V: All* Angere Musande imi maunzwa naMwari kuzondichengeta mudzinge diyabhori anondinyengedza mundidzivirire kumano ake ndichiri pano pasi

*Madetembo:*

1. Ndinokumbira mugare paneni mundiperekedze mundibatsirewo.
2. Mundiudze zvedenga ndiwo musha waMwari wandinochemera kusvika.
3. Mweya yakaipa inondifurira kuita mano mano okutadzira Mwari.

*Chorus:*

*S/A* --- Murege kundisiya ndisati ndasvika pana Mwari – Angere Musande muregere kundisiya-a
*B* Angere Musande kundisiya ndisati ndasvika pana Mwari --- Angere Musande kundisiya-ha

## 24

**Anna Musande Ambuya Vomuponesi** – *Rev. Sibanda Muzeza*

*M:* Anna Musande ambuya vomuponesi

*V: S/A* Anna Musande imi Anna Musande ambuya vomuponesi mutireverererewo – mutireverererewo ambuya vomuponesi

*B* Ambuya vomuponesi Anna vomuponesi mutireverere Anna Musande ambuya vomuponesi

*Madetembo:*

1. Mai vaMaria virigo mudzimai waYowakimu mufaro wavangere.
2. Kudzo yavasande vose chionioni chokuteerera chionioni chetsungiriro.
3. Mubatsiri wavarwere munyaradzi wavatamburi munodavidza vose vanodana kwamuri.
4. Mai venzanga yedu mai vorunamato tinamatireiwo isu madzimai.

## 25

**Anobata Ushe** – *Sr Perpetua Muza (Holy Cross)*

*M*: Anobata ushe Mambo Yesu

*V: S/A* Nyika yakafara areruya, Mambo Yesu anobata ushe nyika yakafara, nyika yakafara

*B* --- Nyika yakafara --- anobata ushe --- Mambo nyika yakafara

*Madetembo:*

1. Ndudzi dzose dzichatya zita rake. Anobata ushe …
2. Iye akafuka umambo. Anobata ushe …
3. Denga rinoparidza kururama kwake. Anobata ushe …
4. Marudzi ose achaona mbiri yake. Anobata ushe …

## 26

**Anomutevera Achava Nomwenje** – *P.P. Hoto*

*M:* Anomutevera

*V: S/A* Achava nomwenje woupenyu anotevera Kristo Mambo

*B* Achava nomwenje – anotevera Kristo Mambo

*Madetembo:*

1. Kunyange akarurama oda kuwa haawiswi nokuti Mwari anomutsigira noruoko rwake.
2. Wakarurama ana matambudziko mazhinji asi Mwari anomubatsira.
3. Wakadana Mwari akamunzwa akamurwira panjodzi dzake dzose.

## 27

**Anonwa Mvura** – *J. H. Chikomo*

*M:* Anonwa mvura – anonwa mvura

*V: S* Anonwa mvura yorupenyu, hachazova nenyota narini-anonwa mvura --- haachazova nenyota

*B/A* Mvura yorupenyu haachazova nenyota narini, anonwa mvura haachazova nenyota

*Madetembo:*

1.Mwari achaburuka semvura
2.Pauswa hwakagurirwa
3.Madzimambo achauya nezvipo.
4.Madzimambo achavigira Mwari mupiro
5.Kuchava nezviyo zvizhinji pasi pano
6.Zvibereko zvazvo zvichavhunga sedondo

*Chorus:*

*All* Anonwa mvuraa haachazova nenyota

## 28

**Anonwa Mvura** – *R. Tonganai*

*M:* Anonwa mvura yorupenyu anonwa mvura

*V: S/A* Anonwa mvura yorupenyuu haachazovi nenyota nariini anonwa mvura yorupenyu haachazovi nenyota

*B* Anonwa mvura yorupenyu anonwa mvuraha haachazovi nenyota anonwa mvura yorupenyu haachazovi nenyota

*Madetembo:*

1.Mwari achaburuka semvura pauswa hwakagurirwa. Anonwa mvura
2.Madzimambo achauya nezvipo madzimambo achavigira Mwari mupiro. Anonwa mvura
3.Kuchava nezviyo zvizhinji pasi pano zvibereko zvazvo zvichavhunga sedombo. Anonwa mvura
4.Vanhu vanogara paguta vachawanda souswa pasi. Anonwa mvura
5.Mambo achauya semvura inonaya ichidiridza nyika. Anonwa mvura

## 29

**Anotevera Yesu** – *M. Makamure*

*M* Anotevera

*V: All* Anotevera Yesu Kristo achava nomwenje

*M* Achava nomwenje

*V: All* Worupenyu Alleluya

*Madetembo:*

1.Kunyange wakarurama woda kuwa haawiswi nokuti Mwari anomutsigira noruoko rwake.

2. Wakarurama ana matambudziko mazhinji asi Mwari anomubatsira.
3. Wakadana Mwari akamunzwa akamurwira panjodzi dzake dzose.

## 30

**Anotevera Yesu** – *C. Togo*

*M:* Anotevera
*V: S/A* Yesu Kristo, anotevera achava nomwenje woupenyu
*B* Yesu Kristo, anotevera Kristo woupenyu

*Madetembo:*

1. Kunyamge wakarurama woda kuwa haawiswi nokuti Mwari anomutsigira noruoko rwake.
2. Wakarurama ana matambudziko mazhinji asi Mwari anomubatsira.
3. Wakadana Mwari akanzwa akamurwira panjodzi dzake dzose.

## 31

**Anoti Mambo** – *T. Ruvadiki Kamundiya*

*M: S/A* Anoti Mambo
*V: S/A* Ndinoda rudo kwete muteuro --- Kana vava mukutambudzika vachanditsvaga --- Uyai tidzokere kuna Mambo --- Ndiye wakatimwaura --- asi achatiporesa, achatidzorera hupenyu kuti tigorarama tava vake chose.
*B:* Ndinoda rudo kwete muteuro, Mambo a-no-ti --- mukutambudzika vachanditsvaga, Huyai --- tidzokere kuna Mambo, Nokuti ndiye wakatimwaura, Nyakutirova --- achatiporesa, achatidzorera hupenyu kuti tigorarama tava vake chose.

*Madetembo:*

1. Rudo rwenyu runenge gore ramangwanani
2. Runenge dova rinokurumidza kuomeswa nezuva
3. Ndosaka ndakavarova namaoko amaporofita
4. Ndakava-u-ra-ya namazwi omuromo wangu
5. Nokuti ndinoda rudo kwete miteuro
6. Ndinoda ruzivo rwezvaMwari kwete mipiro inopiswa

## 32

**Anotonga Kristo Ndiye Mambo** – *T. Nyoni*

*M:* Anotonga Kristo ndiye Mambo
*V: All* Kristo anokunda anotonga Kristo ndiye Mambo

*Madetembo:*

1. Anoisa rugare munyika yake
2. Anogutisa nechidyo chakanaka
3. Anotema mirairo yake panyika

4. Shoko rake rinoenda kose

*Chorus:*

*B* Rumbidza Mambo Jerusarema --- rumbidza --- iwe Zioni

*S/A* --- Iwe Jurusarema rumbidza Mwari wako iwe Zioni

## 33

**Ari Pano Yesu Chingwa Chavangere** – *L.Kaseke*

*M:S/A* Ari pano Yesu

*V:S/A* Chingwa chavangere ari pano Yesu anouya nhasi timurumbidzei uyai Yesu wadiwa kuchenesa moyo wangu ini mutadzi

*B* Chingwa chavangere ari pano Yesu anouya nhasi timurumbidzei ndimi Yesu munogona kuchenesa moyo wangu ini mutadzi

*Madetembo:*

1. Munoda kupinda mumoyo mangu uyai kurumidzai ndinokusuwai
2. Asi Yesu wangu ndiri mutadzi munopinda seiko mumwoyo mangu
3. Munogona ndimi Yesu wadiwa kuchenesa moyo wangu ini mutadzi

*Chorus:*

*S/A* Uyai Yesu madiwa kuchenesa moyo wangu ini mutadzi

*B* Ndimi Yesu munogona kuchenesa moyo wangu ini mutadzi

## 34

**Baba Muna Masimba Ose** – *R. Kahondo*

*M:* Baba muna masimba ose

*V:S/A* Mutsai mwoyo wangu ndikutendei pane zvamandiitira mandipa simba rokukunda nokunyadzisa muidzi

*B* Mutsai mwoyo wangu ndikutendei zvamandiitira mandipa simba rokukunda nokunyadzisa muidzi

*Madetembo:*

1. Simba iro ndiro randinovimba naro nguva dzose
2. Ndisina simba renyu handigoni kumira muururami
3. Nditumirei mweya wenyu musande kuti anditungamirire
4. Ndinoda kukufadzai pose pandinenge ndiri
5. Handidi kukutadzirai Amen

*Chorus:*

*All* Musazondisiya ndiri ndoga nokuti nzira dzasatani dzakawanda

## 35

**Baba Ndinokumbira Utsvene** – *V. Kudumba*

*M:* Baba ndinokumbira utsvene murupenyu rwangu

*V: S/A* Ndipeiwo simba --- kuti ndigone kuchengetedza utsvene nokuti utsvene hunofadza Mwari, ndihwo ndaza nokusingaperi

B Mwari Mambo --- ndipeiwo simba kuti ndigone kuchengeta u-tsve-ne, muuduku hwangu nomurupenyu rwangu rwose --- ndaza inobwinya kwazvo nokusingaperi

*Madetembo*:

1. Mwenje woutsvene ngaurambe uchingopfuta mandiri, nomunyika yose
2. Kana pasina mafuta egirasiya renyu, mwenje ungadzimwa nemhepo yezviedzo
3. Satani anoziva chose kudzima mwenje woutsvene mu-mu-nhu
4. Zvigova zvikukutu kuti amukezve, murupenyu rwechitendero

*Chorus:*

*S/A/T* Ndibatsirei kuti ndirege kurasa utsvene --- Ndinokumbira rubatsiro rwenyu, muzita raJesu --- Mambo wedu.

*B* Ndibatsirei ndirege kurasa utsvene ndinokumbira rubatsiro --- Muzita raYesu Kristo Mambo wedu.

## 36

**Baba Ndinokutendai** – *M. Mukucha*

*M: S/A* Baba ndinokutendai

*V: S/A* Mandiburitsa munjo-odzi Baba ndinoziva ndakakutadzirai kazhinji ndinokodzera kurangwa asi imi hamutsividzi.

*B/T* Mandiburitsa munjo-odzi Baba ndinoziva ndakakutadzirai kazhinji ndinokodzera kurangwa --- hamutsividzi.

*Madetembo:*

1. Kutenda kuburitswa munjo-odzi ngakundifundise kuregerera.
2. Kundiburitsa kwenyu munjodzi iyi ngakundifundise kuregerera nokukanganwira vamwe vangu.
3. Mwari mune tsistsi ndipeiwo mwoyo munyoro.

*Chorus:*

*S/A* Baba ndinotenda Baba ndinotenda Baba ndinotenda mandiburitsa munjodzi.

*B/T* --- Baba ndinotenda Baba ndinotenda ndinotenda mandiburitsa munjodzi.

## 37

**Baba Ndinokutendai** – *J.K. Dzingai*

*M:* Baba ndinokutendai

*V: S/A* Muna masimba osee mutsai-i-i mwoyo wangu ndikutendei pane zvose zvamakandiitira, ndinodaa kukutendai. Mandipa simba rokukunda nokunyadzisa muidzii, ndinoda kukutendai

*T/B:* Mwari munamasimba ose, mu-tsa-i mwoyo wangu, ndi-no-da ndinodaa kukutendai. Mandipa simba rokukunda nokunyadzisa muidzi, ndinoda kukutendai

*Madetembo:*

1. Simba iro ndiro randinovimba naro nguva dzose

2.Handigoni kumira muururami
3.Ndinokumbira musambondisiya ndiri ndoga
4.Nditumirei mweya wenyu musimbisi
5.Ndinoda kukufadzai pose pandinenge ndiri
6.Handidi kukutadzirai

*Chorus:*
*S/A* Ndisina simba renyu ndinowa
*B/T* Ndisina simba renyu Tenzi ndinowa

## 38

**Baba Tarirai Norupfave** – *T.S. Taoneyi*
*M:* Baba tarirai norupfave
Tarirai norupfave
*V: S/A* Isu tose tiri pano, sangano rose ravatenderi, Papa muBhishopi navapriste vose
*B* Isu tose --- tarirai rose ravatenderi tarirai --- muBhishopi navapriste
*Part 1:*
*Chorus as above:*
*Madetembo :*
1.Tiri vamwe tiri venyu
2.Jesu akatitenga neropa rake
*Part 2:*
*Madetembo:*
1.Tinokumbirira vasati vave neukama nemi
2.Tinokumbirira vahedheni navatsauki
*Chorus:*
*S/A* Pinzai vose mumba menyu pinzai vose mumba menyuu rudzi rukuru rwenyu
*B* Pinzai vose mumba menyu pinzai vose mumba menyuu tive rudzi rukuru rwenyu

## 39

**Baba Tinofara** – *L. Nyatwa*
*M:* Baba tinofara
*V: S/A* Tinofara pamusana pechitendero chinotiumba chinotiumba chitendero nokutibatanidza semhuri imwe chete
*B* Tinofara pamusana pechitendero chitendero chinotiumba chitendero nokutibatanidza semhuri imwe chete
*Madetembo:*
1.Tinoziva nokutya kuti undingoveni hungatiparadzanise
2.Undingoveni nokungozvifunga zvingatiparadzanise

3. Tibatsireiwo Baba tisimbaradzeiwo muchitendero
4. Kuti tigosvika kwamunogara muchitonga nokusingaperi

*Chorus:*

*S/A* Mwarii Baba – rambai makatibatanidza norudo Mwari Baba tinokumbira girasiya renyu ritisimbaradze mumhuri imwe chete

*B* --- Rambai makatibatanidza norudo Baba tinokumbira girasiya renyu ritisimba-radze mumhuri imwe chete

## 40

**Baba VaMambo Yesu Ngavarumbidzwe** – *Fr J. Dandiro Hwata*

*M: S/A* Baba vaMambo Yesu, ngavarumbidzwe, vaimbirwe

*V: S/A* Mwari-ri ngavatunhidzwe – Baba vaMambo wedu Yesu Kristo ngavarumbidzwee – Mwari vakudzwe – vakatikomborera – isu vanyakubatana naYesu – nokutipa makomborero – makomborero, ezvomweya anobva kudenga.

*B* Baba vaMambo – Baba vaMambo wedu Yesu Kristo Tenzi vaimbirwe – Mwari vakudzwe – vakatikomborera i-su vanyakubatana naYesu nokutipa makomborero amakomborero makomborero, makomborero ezvomweya, anobva kudenga.

*Madetembo:*

1. Tenzi akatisarudza pasi pasati pavapo nokuda kwetsitsi dzake dzakanyanya.
2. Iye akada kuti isu tive vana vake, vasina chakaipa chose.
3. Iri izano rake kuti tizogamuchirwa muumambo hwake.
4. Izvi ndizvo zvaakati zvichazosakiswa naKristo.
5. Mwari ngaasvinudze maziso emweya yedu tione kutendeka kwake kunesu.
6. Mwari ngaakudzwe arumbidzwe – Baba vaMambo wedu – rini – narini.
7. Mwari akatinatsa tose kuti mbiri yorudo rwake izadze pasi pose.

*Chorus:*

*S/A* Mwari akatisarudza kuti tive vagari venhaka yedenga – akatikomborera – akada kuti tive vana vake nokuda kwaKristo – zita rake rirumbidzwe – akatida ngatimutunhidze – timupe mbiri.

*B* Mwari akatisarudza ku-ti tive vagari venhaka yedenga akatikomborera akada kuti, tive vana vake nokuda kwaKristo – rikudzwe – Tenzi wenyasha ngatimutunhidze timupe mbiri.

## 41

**Baba Vangu Ndinzwireiwo Tsistsi** – *S.G. Wenzeri*

*M:* Baba vangu ndinzwireiwo tsitsi

*V: S/A* Baba vangu, Baba vangu ndinouya kwamuri – ndiri mutadzi – murombo rugare harusi mumwoyo womutadzi – ndinoda kureurura zvose – zvandakatadza – rugare harusi mumwoyo womutadzi Baba vangu

ndinzwireiwo tsitsi.

*B* Baba vangu – ndinouya kwamuri – mutadzi – murombo – ndiri mutadzi harusi mumwoyo womutadzi – ndinoda kureurura zvose – zvandakatadza harusi mumwoyo womutadzi Baba vangu ndinzwireiwo tsitsi.

*Madetembo:*

1. Tumai Mweya Musande, kuti andivhenekere nokundizivisa zvandakatadza.
2. Tumai Mweya Musande, kuti ndipfidze matadzo angu nomwoyo wose.
3. Tumai Mweya Musande, kuti nditsunge mwoyo kusakutadzirai pakare.

*Chorus:*

*S/A* Ndibatsirei kurwarira matadzo, nokuareurura nechokwadi, garai pandiri, kuti nditange kufambaha kufamba patsva munzira yakarurama.

*B* Ndibatsirei – kurwarira – reurura nechokwadi garai pandiri – nditange kufamba patsva kufamba patsva yakarurama.

## 42

**Baba Vangu Vokudenga** – *A G. Mutetwa*

*M* Baba vangu vokudenga tsitsi dzenyu hadzina mugumo

*V: All* Nadzo makandichenesa nokundidzosera mufaro …x2

*Madetembo:*

1. Mufaro womwana waMwari mufaro womwana waMwari
2. Ndichaedza kukufadzai nomugariro mutsvene netsika dzakanaka
3. Nyasha dzenyu ngadzive neni nokuteterera kwaAmai Maria

*Chorus:*

*S/A* Mazviita-a mazviita Mambo ndinotenda zvikuru…x2

*B* --- Zvikuru Mambo-o mazviita-a ndinotenda zvikuru…x2

*T* Mufaro wenyu makandidzosera ndinotenda zvikuru…x2

## 43

**Baba Vangu Vokudenga -** *F. Chimukupete*

*M:* Baba vangu vokudenga

*V: All* Tsitsi dzenyu Baba – hadzina mugumo mandichenesa-zve nokudzosera mufaro womwana waMwari mazvita ndatenda

*Madetembo:*

1. Ndichaedza kukufadzai Baba vangu
2. Nyasha dzenyu nga-dzive neni
3. Nokureverera kwamai vangu Maria

*Chorus:*

*S/A* Netsika – dzakanaka - ndichaedza –ndichaedza –ndichaedza kukufadzai

*B/T* Nomugariro mutsvene --- ndichaedza –ndichaedza ndichaedza kukufadzai

## 44

**Baba Vano Rudo** – *J.V. Chinondo*

*M:S/A* Baba vano rudo-o-o

*V:S/A* Muvavariro yenyu yekutizivisa nezveupenyu husingaperi makatuma mwanakomana wenyu Yesu Kristo kuti asvitse vanhu vose kuumambo hwenyu --- tinokukumbirisai kuti musimbaradze vanhu venyu mubasa ravo rokuparidza dama dama rakanaka kumarudzi ose avanhu munyika yedu ino yeAfrica

*B/T* --- Muvavariro – muvavariro yenyu makatuma mwanakomana kuti asvitse vanhu kuumambo hwenyu --- tinokumbirisa kuti musimbaradze vanhu venyu mubasa ravo nokuparidza da-a-ma rakanaka kumarudzi ose avanhu munyika yedu ino yeAfrica

*Madetembo:*

1. Pane kusaaziva mupe ruzivo
2. Pane kutyaa mupe kushinga
3. Pane udzvinyiriri mupe ruenzaniso
4. Pane kurwisana mupe rugare
5. Tinokukumirai izvi nomuna Yesu Kristo Mambo wedu Amen

*Chorus:*

*S/A* Dai mweya mutsvene angotitungamirirawo mukugadzirira nzira dzokuparidza shoko raMwari kuti vanhu vose vomuno muAfrica vave vateveri venyu uye tivadzidzise kuti vazive vagokwanisa kutevedzea zvose zvamakati-tsidzira

*B/T* --- Dai Mweya mutsvene angotitungamirirawo nzira dzokuparidza shoko raMwari --- vanhu vomuno muAfrica vave vateveri venyu tivadzidzise kuti vazive vagokwanisa kutevedzera zvose zvamakatitsidzira

## 45

**Baba Vedu Muri Kudenga** – *C.T. Mujuru*

*M:* Baba vedu muri kudenga

*V: All* Baba vedu muri kudenga, zita renyu ngarinamatwe, umambo hwenyu ngahusvike, kuda kwenyu ngakuitwe

*Madetembo:*

1. Tipeiwo nhasi kudya kwedu kwezuva
2. Mutiregerereiwo zvatakakutadzirai
3. Sokuregerera kwatinoita
4. Vakatitadzira

*Chorus:*

*All* Musatirega tichiwira mune zvinotiedza asi mutinunure kune zvakaipa

## 46

**Baba Vedu Muri Kudenga** – *A. Shamu Maurunge*

*M* Baba vedu muri kudenga
*V: All* Zita renyu ngarinamatwe, umambo hwenyu ngahusvike, kuda kwenyu ngakuitwe
*M* Pasi sokudenga
*V: All* Zita renyu ngarinamatwe, umambo hwenyu ngahusvike kuda kwenyu ngakuitwe
*M* Tipeiwo nhasi
*V: All* Kudya kwedu kwezuva mutiregerewo zvatakakutadzirai
*M* Sokuregerera
*V: All* Kwatinoita …
*M* Sokuregerera
*V: All* Vakatitadzira….
*M* Musatirege tichiwira
*V: All* Mune zvinotiedza, asi mutinunure kune zvakaipa

## 47

**Baba Vedu Muri Kudenga** – *S. Nyamajenjere*

*M:* Baba vedu muri kudenga
*V: All* Zita renyu ngarinamatwe, Baba vedu muri kudenga, Baba vedu muri kudenga, zita renyu, ngarinamatwe

*Madetembo:*

1. Umambo hwenyu ngahusvike, ngahusvike Baba …
2. Kuda kwenyu ngakuitwe pasi sokudenga …
3. Tipeiwo nhasi kudya kwedu kwezuva …
4. Mutiregerereiwo zvatakakutadzirai …
5. Sokuregerera kwatinoita vakatitadzira …
6. Musatirega tichiwira mune zvinotiedza…
7. Asi mutinunure kune zvakaipa Amen …

*Chorus:*

*All* Zita renyu Baba --- Baba ngarinamatwe …

## 48

**Baba Vedu Mwari** – *M. Marimazhira*

*M* Baba vedu Mwarii
*V: All* Tinoteterera Mambo, tinoteterera Mwari-i, zaruriraiwo denga mwana wenyu uyu

*Madetembo:*

1. Kutadza ndokwavanhu Mwari, tiri vana venyu tinzwei
2. Mukati mutiramwe Mwari, nhamo dzingadurikidzane
3. Tingazive kwaaniko-o mukatirasa nhai Mambo

4. Makatisika ndimi Mwari, motongoramba muinesu
5. Nyadzisai vavengi vedu munzwe chichemo chedu Mambo
6. Mwana wenyu achizorora agare achitonhererwa

*Chorus:*

*S/A* Nga-achifara --- mumuzinda wenyu wedenga

*B* Ngaachifara, mwana wenyu mumuzinda wedenga

# 49

**Baba Vedu Yosefa** – *A.Mugabe*

*M* Baba vedu Yosefa

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Yosefa tinotarisisira kunemi tichikumbira kurevererwa nemi-i pana zvose zvatinoshaya

*B* Baba tinotarisisira kunemi-i kurevererwa nemi panazvose zvatinoshaya

*Madetembo:*

1. Imi muchengeti wakasimba kwazvo Yosefa Musande.
2. Imi makachenjera kwazvo mukuchengeta mhuri sande tibatsireiwo mukuchengeta mhuri dzedu.
3. Tirevereiwo tigofa norufu rwakanaka tigowana mufaro kudenga.

# 50

**Baba Vetsitsi Ndinokutendai** – *R. Zinyohwera*

*M* Baba vetsitsi ndinokutendai nomoyo wangu wose

*V:S/A* Ndimi makanaka kwazvo mabvisa mhosva dzangu mandipa rugare rwandakarasa rudo rwenyu haruna mugumo

*B* --- Makanaka kwazvo mabvisa mhosva dzangu dzose mandipa rugare --- nokutadza kwangu rudo rwenyu haruna mugumo

*Madetembo:*

1. Nesakaramende iro rorupinduko masimbisisa mweya wangu nomoyo wangu kuti ndigokurira zviedzo zvose.
2. Ndinonyanyokutarisisira rubatsiro rwenyu mundivandudze nesimba ramweya wenyu musande anogara mandiri.
3. Maria amai vaMwari vadiwa namai vanguwo imi ndirevererereiwo.
4. Angere muchengeti wangu garai paneni mundichengete mundidzivirire-e zvakaipa zvose.

*Chorus:*

*S/A* Ndipei kuteerera kuraira kwenguva dzose ndirege kuvhunduka kutonga k wenyu nguva yokufa kwangu

*B* --- Kuteerera kuraira kwenyu ndibatsirei --- kuvhunduka kutonga kwenyu nguva yokufa kwangu

## 51

**Baba Vokudenga Ndakakutadzirai** – *F.S. Munangwa*

*M:* Baba vokudenga ndakakutadzirai

*V: S/A* Ndakakutadzirai nokukutsamwisai ndinokodzera kurangwa nemi ndinopfidza matadzo angu ose

*B* Ndakakutadzirai nokukutsamwisai ndinokodzera kurangwa nemi ndinopfidza matadzo ose

*Madetembo:*

1. Yesu Kristo ndinzwireiwo tsitsi pakutadza kwangu
2. Makandida mukandisarudza kuti ndive wenyu
3. Handichadi kutadza ndinoda kugara nekufira kwamuri

*Chorus:*

*S/A* Ndipeiwo simba, simba ramweya musande chibvai mandibata chose kuti ndirege kutizazve

*B* Ndipeiwo simba ramweya musande chibvai mandibata chose kuti ndirege kutizazve

## 52

**Baba Vokudenga Vanoziva** – *E. Musungo*

*M:* Baba vokudenga vanoziva-ha

*V: S/A* Musazvidya moyo muchiti tichadyei tichamwei kana tichapfekei Baba vokudenga vanoziva kuti zvose munozvidawo

*B* Musazvidya moyo muchiti tichamwei tichapfekei Baba vokudenga vanoziva zvose munozvidawo-o

*Madetembo:*

1. Tarirai shiri dzedenga hadzidyari uye hadzikohwi.
2. Ko ndiani angarebese hupenyu hwake nokuzvidya moyo.
3. Ongororai makuriro amaruva esango haabati basa haaruki.
4. Asi kunyange Soromoni pahukuru hwake haana kumboshongedzwa seruva resango.
5. Hakuna munhu angashandira vaTenzi vaviri hamungashandiri Mwari kana mari.
6. Kutangira zvose tsvakai humambo hwaMwari.

*Chorus:*

*S/A* Hupenyu hukuru pane chokupfeka hupenyu hukuru pane zvokudya nokunwa

*B* Musati togodyei – togonwei hupenyu hukuru pane zvokudya nokunwa

## 53

**Baba Yeukaiwo Mufudzi Wedu** – *N. Muchenu*

*M:* Baba yeukaiwo mufudzi wedu

*V: S/A* Mwari-i, makasarudza Sekuru *(zita)*, kuti vafudze hwai dzenyu Makavapa zvipo zvakawanda, vakava chiedza munyika nomusango rose

Tinokutendai Baba nechipo chomufudzi akadai, ngavazorore murugare netsiti dzenyu

*B* Mwarii Baba, makasarudza Sekuru *(zita)*, kuti vafudze hwai dzenyu
Makavapa zvipo-o, vakava chiedza munyika nomusango rose
Tinokutendai - nechipo chomufudzi, ngavazorore - netsiti dzenyu

*Madetembo:*

1. Vakadzidzisa kuzvirirititira, kuchengeta nherera, navose vari muushayi
2. Kirike sande zvazvirì sakaramende, mairi mune hova nomwe dzinoponesa nokuwadzanisa vanhu naMwari. Vakatidzidzisa izvi Sekuru

*Chorus:*

*S/A* Vapeiwo mubairo, webasa ravakabata, mabiko edenga ataigarodya navo
Avape mifaro yedenga, yamakavatsidzira, isu sangano, ichaenda mberi
Takamirira kudzoka kwaYesu, tiine chivimbo nechitarisiro chokuti,
Tichasangano ikoko

*B* Musikavanhu, vapeiwo zororo, mabiko ataidya navo
Avape mifaro yedenga, yamavatsidzira, isu sangano, tichaenda mberi
Takamirira kudzoka kwaYesu, tiine chivimbo nechitarisiro chokuti
Tichasangano ikoko

## 54

**Burukirai Muneni Mambo** – *T. Nyikayaramba*

*M:* Burukirai muneni Mambo

*V: S/A* Mweya musande Mwari imi munopa girasiya makamboburukira muna vapositori burukirai muneni

*B* --- Mweya musande Mwari --- girasiya --- muna vapositori burukirai muneni

*Madetembo:*

1. Uyai mweya musande, vhenekai mweya wangu
2. Ndizive zvakanaka, nditize zvakaipa
3. Uyai kundibatsira, ndipei girasiya renyu
4. Mweya wakasimbisa moyo yavapositori
5. Wakamutsa munavo, moyo isingavhunduki
6. Simbisai moyo wangu ndipeiwo mwoyo mukuru

## 55

**Chenesai Mwoyo Wangu** – *Sr Mary Mandeya (HLMC)*

*M:* Chenesai mwoyo waa-ngu Jesu Kristo

*V: S/A* Chenesai mwoyo wa-ngu Jesu, ndapfidza matadzo ndachemera kuponeswa kusimbiswa nemi mo-ga

*B* --- Mwoyo wa-ngu Jesu --- matadzo, kuponeswa kusimbiswa nemi mo-ga

*Madetembo:*

1. Makanga mu-riko nanhasi murikoho, mucharamba muriko

2. Uyai kunesu uyaiwo-o kunesu

*Chorus:*

*S/A* Ndinosuwa kwazvo --- ndinosuwaha kusimbiswa nemi moga rini narini

*B* --- Ndinosuwa ndinosuwaha --- kusimbiswa nemi moga rini narini

## 56

**Chidzidziso ChaYesu Pachirairo** – *J.K. Dzingai*

*M:* Chidzidziso chaYesu pachirairo chokugumisira
Yesu wakataura kuvadzidzi vake

*V: All* Moyo yenyu ngairege kudzongodzwa tenderai kuna Mwari
munditenderewo, kumba kwababa vangu, kune nzvimbo dzokugara

*Madetembo:*

1. Musashupika
2. Dai kusina ndingadai ndakakuudzai
3. Ndiri kuendako kundokugadzirirai pokugara
4. Kana ndaenda ndichadzoka ndokutorai
5. Ndichauya ndokutorai
6. Ndinoda kuti imi muve ikoko kwandichange ndava

*Chorus:*

*All* Kumba kwaBaba vangu kune nzvimbo zhinji dzokukugara

## 57

**Chiedza Chingawirirana Seiko Nerima** – *R.A. Augusto*

*M: S/A* Chiedza chingawirirana seiko-o nerima

*V: S/A* Ko kururama - seiko uyezve munhu imba yaMwari-i sokutaura iye iye
achiti (x2)

*B/T* --- Kungabatanidzana-a nezvisakarurama anotenda mupenyu kwaakaita
iye Mwari achiti, Mwari achiti (x2)

*S/A/T* Musabata chinhu chakan'ora kuitira kuti ini ndigokugamuchirai (x2)

*B* Musabata musabata musabata kuti ini gamuchirai (x2)

*Madetembo:*

1. Ndichagara mavari ndichagara ndichifamba ndichifamba mukati mavo.
2. Ndichava Mwari wavo-o naivawo vachava vanhu vangu.
3. Saka zvino imi chibvai mabuda mukati mavo muzvitsaure ndizvo zvinotaura
Tenzi.
4. Musabata chinhu chakan'ora kuitira kuti ndigokugamuchirai.
5. Ndichava Baba venyu nemiwo muchava vanakomana vangu navanasikana
vangu.

*Chorus:*

*T* Zvino vadikanwa zvipikirwa zvakadai uyai tizvichenure-e zvinon'oresa-a
titsvake nokudawo kokugara nokuda-a tichitya Mwari

*A* Vadikanwa zvipikirwa zvakadai uyai tizvichenure-e zvinon'oresa-a

titsvake nokudawo kokugara nokuda-a tichitya Mwari

*S/B* Zvatine zvipikirwa zvakadai chiuyaiwo pana zvose muviri nomweya kuva vanhu vatsvene nokudawo kokugara nokuda-a tichitya Mwari.

# 58

**Chiiko Chingatiparadzanisa Norudo RwaMwari** – *W.S. Chirove*

*M: S/A* Chiiko chingatiparadzanisa norudo rwaMwari

*V: All* Kungava kutambudzika here kuvengwa – nhamoho – kana kuti rufu

*M: S/A* Tingaparadzaniswa neiko norudo rwaMwari?

*V: All* Ingava nzara here, kushaiwa zvekufuka, kurwara nokurwarirwa-a kana kuti rufu

*Madetembo:*

1. Kunyange rufu kana kutambudzika hazvingatiparadzanisi norudo rwaMwari
2. Kunyange nhamo kana kuvengwa hazvingatiparadzanisi norudo rwaMwari
3. Kunyange nzara kana kurwarirwa hazvingatiparadzanisi norudo rwaMwari
4. Kunyange kurwara kana kushaiwa zvekufuka hazvingatiparadzanisi norudo rwaMwari
5. Kunyange zvazvino kana zvinouya hazvingatiparadzanisi norudo rwaMwari

*Chorus:*

*S/A* Kwete kwete kwe-te pazvinhu – izvi zvo-se tiri vakundi – kupfuurisa nokuna iye wakatida – nokuna iye Yesu Kristo

*B* --- Kwete kwete kwee-te pazvinhu izvi zvo-se tiri vakundi kupfuurisa nokuna iye wakatida, nokuna iye Yesu Kristo

# 59

**Chiiko Chingatiparadzanisa Norudo RwaMwari** – *V.S. Muzeza*

*M: S/A* Chiiko chingatiparadzanisa norudo-o rwaMwari

*V: S/A* Matambudziko nyatwa kuvengwa nzara kana urombo-o pfumvu kana rufu here kwete hakuna chinhu chingatiparadzanise norudo rwaMwari

*B* Matambudziko nyatwa-ha kuvengwa kana urombo-o pfumvu kana rufu kwete hakuna chinhu chingatiparadzanise norudo rwaMwari

*Madetembo:*

1. Ko rufu kana rupenyu kana vatumwa vaMwari kana masimba anotonga zvokudenga zvingatiparadzanise naMwari here-e?
2. Zvingava zvinhu zvichauya zviri kumatenga kana zviri pasi pasi zvingatiparadzanise naMwari here-e?
3. Chingava chinhu chakasikwa saRusifa ichi satani chingatiparadzanise naMwari here-e?

*Chorus:*

*All* Kwete hakuna chinhu chingatiparadzanise norudo rwaMwari

## 60

**Chingwa Chamunopa** – *L. Hakireni*

*M* Chingwa chamunopa
*V: All* Chamunopa Mambo
*M:* Mambo chinopa
*V: All* Upenyu kuvanhu vose
*Madetembo:*
1. Vakaropafadzwa avo vane nzira yakarurama, vanofamba mumurau waMambo
2. Vakaropafadzwa vanochengeta mitemo yake, vanomutsvaga nomwoyo wose
3. Vakarurama havaiti chinhu chisina kururama, vanofamba munzira dzake
4. Akatirayira zvirevo zvake, kuti tizvichengete zvakanaka
5. Haiwa dai nzira dzangu dzaigadzirirwa, kuchengeta mitemo yake

## 61

**Chingwa Chamunopa Mambo** – *W. Munodawafa*

*M:* Chingwa chamunopa Mamboo
*V: All* Chinopa upenyu kuvanhu vose chingwa chamunopaa chinopa upenyu kuvanhu vose
*Madetembo:*
1. Vakaropafadzwa avo vane nzira yakarurama, vanofamba mumurau waMambo
2. Vakaropafadzwa vanochengeta mitemo yake, vanomutsvaga nomwoyo wose
3. Vakarurama havaiti chinhu chisina kururama, vanofamba munzira dzake
4. Akatirayira zvirevo zvake, kuti tizvichengete zvakanaka
5. Haiwa dai nzira dzangu dzaigadzirirwa, kuchengeta mitemo yake

*Chorus:*
*All* Chinopa upenyu kuvanhu vosee chingwa chamunopa Mambo

## 62

**Chinhu Chandinokurairisa Kwazvo Ndechichi** – *N. F. Kampira*

*M: S/A* Chinhu chandinokurairisa kwazvo ndechichi:
*V: S/A* Vanhu vose, vakumbirirwe vanyengetererwe, varevererwe-e, vaongerwe, kuti tigogara norugare nguva dzosee, norunyararo, pakunamata Mwarii, nomugariroo unofadza Tenzi.
*B:* --- Vanhu vose, vakumbirirwe vanyengetererwe, varevererwe-e, vaongerwe, kuti tigogara norugare nguva dzosee, norunyararo pakunamata Mwari, nomugariroo unofadza ivo Tenzi.
*Madetembo:*
1. Kunongova Mwari mumwe chete nomurevereri mumwe chete.
2. Murevereri mumwe chete ndiye Yesu Kristo.
3. Huchapupu ihwohwu, hwakasaka ndigadzwe, kuva muparidzi nomunyai waMwa-ri.

*Chorus:*
*B:* Mwari anoda, anoda vanhu vaponeswe, anoda --- vanhu vaponeswe --- pakuziva kuti --- ndiye ru-dzikinuro rwavose --- huchapupu pa-nguva inoda Mwari kuti vanhu vaponeswe.
*S/A* --- Mwari anoda kuti vanhu vaponeswe --- kuti vanhu vaponeswe, vagosvitswa pakuziva --- Yesu Kristo ndiye ru-dzikinurwo rwavose, zvigova huchapupu pa-nguva, inoda Mwari, kuti vanhu vaponeswe

## 63

**Chinzwai Zvinodikanwa NaTenzi** – *J. Makoni*
*M: S/A* Chinzwai zvinodikanwa naTenzi
*V: S* Kuita zvakarurama --- kuratidza rudo nguva dzose --- uye kugara tiine hukamaa --- hwakanaka naMwari wedu
*B* -- Zvakarurama -- kuratidza rudo nguva dzose -- kugara -- tine hukama --- naMwari wedu
*Madetembo:*
1. Teererai munzwe imi vanhu, imi vanhu vose
2. Kutya Mwari ndihwo uchenjeri, uchenjeri chaihwo

## 64

**Chipo Chokutaura** – *K. Chiungano*
*M: S/A* Chipo chokutaura
*V: S/A* Mutipeiwo chipo, imi makatumira pasi sho-ko reenyuu anova ndiye Yesu Kristo-o kutaura kwedu-hu --- kutaura kwedu ngakuve kuzere nechido
B --- Mutipeiwo chipoo, imi makataumira pasi, anova ndiye Yesu Kristoho --- kutaura kweduhu --- ngakuve kuzere nechido
*Madetembo:*
1. Itai kuti titevedzere Yesu Kristo mukutaura kwedu
2. Ngakuve kuzere nechidoo nokuti Kristo rudo
3. Uyo asingakanganisi mukutaura ane unhu uzere
*Chorus:*
*All* Mutipewo chi-i-poo, chipo chokutaura-ha zvinokufadzai zvoga

## 65

**Chiri Chose Chamunokumbira** – *H.M. Gambiza*
*M* Chiri chose chamunokumbira
Chose chamunokumbira
*V: S/A* Mukanamata --- muchitendera muchachigamuchira kuna Mambo
*B* --- Namata --- tendera muchachigaamuchira kuna Mambo
*Madetembo:*
1. Ndiani angakwira mugomo raMambo, ndiani angamira panzvimbo yake tsvene

2. Uyo ana maoko akachena nemwoyo wakanaka
3. Mwari ngaasimuke vavengi vake vaparadzwe

## 66

**Chiri Chose Chamunokumbira** – *B. Makonese*

*M: S/A* Chiri chose chamunokumbira

*V: S/A* Chiri chose chamunokumbira mukanamata muchitendera muchachigamuchira, chiri chose chamunokumbira

*B* Chiri chose chamunokumbira mukanamata muchitendera muchachigamuchira, chose chose chamunokumbira

*Madetembo:*

1. Ndianihi angakwira mugomo raMambo ndiani angamira panzvimbo yake tsvene
2. Uyoo ana maoko akachena nemwoyo wakanaka
3. Mwari ngaasimuke vavengi vake vaparadzwe

## 67

**Chiri Chose Chamunokumbira** – *A. Mafukidze*

*M* Chiri chose

*V: S/A* Chiri chose chamunokumbira kuna Mambo mukanamata muchitenda muchachigamuchira

*B* Chiri chose chamunokumbira kuna Mambo mukanamata --- muchachigamuchira

*Madetembo:*

1. Ndiani angakwira mugomo raMambo ndiyani angamira panzvimbo yake tsvene
2. Uyo ane maoko akachena nomoyo wakanaka
3. Mwari ngaasimuke vavengi vake vaparadzwe
4. Vachadzingwa sokudzingwa kwoutsi vachiita sokunanauka kwenamo pamoto
5. Vakarurama ngavafare kwazvo nokuti Mambo achauya
6. Imbirai Mambo nziyo dzokurumbidza achazviratidza pamusoro pamakore

## 68

**Chitenderano Chitsva ChaYesu Chiri Nani** – *R. Zinyohwera*

*M:* Chitenderano chitsva chaYesu chiri nani

*Kudavira & Chorus*

*S/A* Yesu pachitenderano chake akagadzwa ukuru akazvipira sechibairo ngaatendwe nemipiro yedu

*B* --- Pachitenderano chake Yesu akagadzwa ukuru --- sechipo naizvozvo --- nemipiro yedu

*Madetembo:*

1. Akadzika mitemo mitsva mukati-kati mepfungwa dzavanhu
2. Naizvozvo imi muchamuti Mwari wedu iye achakutiiwo vanhu vangu

3. Mwanakomana uyu haana kuita utera nokusingaperi

## 69

**Chitendero Chisina Mabasa Chakafa** – *T.L. Mabiza*

*M:* Chitendero chisina mabasa chakafa

*V: S/A* Zvinobatsireiko nhai hama --- zvinobatsirei kana munhu achiti ane chitendero --- iye asina mabasa --- chitendero chisina mabasa chakafa.

*B* Zvinobatsireiko nhai hama dzangu, zvinobatsirei kana munhu achiti ane chitendero asi iye asina mabasa chitendero chisina mabasa chakafa.

*T* Zvinobatsireiko zvinobatsireiko, zvinobatsirei kana munhu achiti ane chitendero zvinobatsireiko kana asina mabasa zvinobatsirei chisina mabasa chitendero chakafa.

*Madetembo:*

1. Ngatitii hama haina chokupfeka mumwe wenyu oti kwaari enda hako norugare udziirwe-e asingamupi chokupfeka.
2. Hama isina chokudya chamazuva ose mumwe wenyu oti kwari enda hako nerugare uye ugute asingamupi zvinodikanwa nemuviri zvinobatsireiko.

*Chorus:*

*S/A* Chakafa chisina mabasa chitendero chakafa

*B* --- Chitendero chisina mabasa chisina mabasa chakafa.

*T* --- Chitendero chisina mabasa chitendero chakafa.

*Madetembo:*

1. Chitendero pachacho chisina mabasa chingamuponese munhu here?
2. Mumwe angati iwe une chitendero ini ndine mabasa.
3. Ndiratidze chitendero chako iwe usina mabasa, ini namabasa angu ndikuratidze ndikuratidze chitendero changu.
4. Nhaiwe munhu iwe, unoda kuziva here kuti chitendero chisina mabasa hachina muchero?
5. Nokuti ndizvo zvakaita muviri, muviri usina mweya wakafa, saizvozvowo chitendero chisina mabasa chakafa.

## 70

**Chiuyai Mambo Yesu** – *Z.N. Terere*

*M: S/A* Chiuyai Mambo Yesu

*V: All* Iye Johane akanzwa izwi richiti ndinokurumidza kuuya kuzopa mubairo munhu wose maererano namabasa ake

*Madetembo:*

1. Ndini Arifa naOmega ndini mviromviro nomugumovakakomborerwa avo vanochenesa mijivha yavo vachizopinda muguta napamazambara
2. Ndini Yesu ndakatumira ngirozi yangu kuti izokuparidzirai uchapupu uhwu hwezvamasangano
3. Ndini wechizvarwa chaDhavhiti ndini hweva inotaima

4. Mweya nomwenga vanoti chiuyai anenge achinzwa izwi ngaatiwo chiuyai
*Chorus:*
*All* Chiuyai Yesu nemubairo chiuyai Yesu Mambo

## 71

**Chose Chamunokumbira** – *A. Mugabe*
*M* Chose chamunokumbira
*V: S/A* Chiri chose chamunokumbira mukanamata muchachigamuchira chamunokumbira muchitendera muchachigamuchira
*B* --- Chamunokumbira kuna Mwari --- muchachigamuchira --- mukanamata muchachigamuchira
*Madetembo:*
1. Ndiani angakwira mugomo raMambo ndiyani angamira panzvimbo yake tsvene
2. Uyo ane maoko akachena nomoyo wakanaka
3. Mwari ngaasimuke vavengi vake vaparadzwe
4. Imbirai Mambo nziyo dzokurumbidza achazviratidza pamusoro pamakore
*Chorus:*
*S/A* Vakarurama ngavafare ngavafare Mambo anovanzwa
*B* Vakarurama ngavafare kwazvo nokuti Mambo anovanzwa

## 72

**Dai Maitiro Angu Agova Akarurama** – *M. Matondo*
*M: S/A* Dai maitiro angu agova akarurama
*V: S/A* Vakakomborerwa zvavo vane upenyu husina chinoshoreka vanofamba zviri pamute-mo waTenzi
*B:* Vakakomborerwa vakakomborerwa vanofamba zviri pamute-mo waTenzi
*Madetembo:*
1. Ndichakurumbidzai nomoyo uri pachokwadi pandinodzidza zvirongwa zvenyu zvakarurama. Dai ---
2. Makati mitemo yenyu ichengetwe itai kuti ndirege kutsauka. Dai ---
3. Ndichachengeta mitemo yenyu musandirase zvachose. Dai ---

## 73

**Dai Mwari Wangotipinzawo** – *P.P. Hoto*
*M* Dai Mwari wangotipinzawo
*V: S* Dai Mwari wedu wangotipinzawo mugwara rorugare, wangotipinzawo mugwara rorugare
*B* --- Mwari wedu wangotipinzawo mugwara rorugare, wangotipinzawo mugwara rorugare
*Madetembo:*
1. Pururudzirai Mambo nyika dzose muitire Mambo nomufaro

2. Uyai pamberi pake muchiimba
3. Muchiimba nokufara
4. Zivai kuti Mambo ndiye Mwari
5. Ndiye Mwari akatiita
6. Tiri rudzi rwake
7. Makwai edanga rake
8. Pindai pamusuwo wake muchitenda
9. Rumbidzai zita rake

## 74

**Dama Rakanaka** – *M.J.P.N. Mushuku*

*M:* Dama rakanaka
*V: S/A* Vanokushwa muvhu rakanaka, ndivo vanorinzwa, vorigamuchira, ndokubereka
*B* Dama rakanaka, vanokushwaa, vanorinzwa, vorigamuchira ndokubereka
*Madetembo:*
1. Mwari ngaatipe gomborero
2. Nokutikomborera
3. Ngaapenyese chiso chake
4. Chiso chake pamusoro pedu
5. Pasi pano panoziva
6. Panoziva nzira dzenyu

*Chorus:*
*All* Vorigamuchira ndokubereka

## 75

**Denga Napasi Zvichapera** – *E.Y. Zvarevashe*

*M:* Denga napasi zvichapera
*V: S/A* Denga nepasi, denga nepasi zvichapera asi mashoko enyu haaperi
*B* Denga nepasi, denga nepasi zvichapera mashoko enyu haaperi
*Madetembo:*
1. Mambo Yesu achauya, kuzosika denga dzva nenyika yakanaka.
2. Simukai nesimba renyu Yesu, muuye kuzotinunura.

## 76

**Denga Napasi Zvichapera** – *C. Takura*

*M:* Denga napasi zvichapera asi mashoko haaperi
*V: S/A* Mashoko enyu Mambo haaperi asi denga napasi zvichapera, denga napasi zvichapera asi mashoko enyu haaperi
*B* Mashoko enyu Mambo haaperi denga napasi zvichapera, denga napasi zvichapera asi mashoko haaperi

*Madetembo:*
1. Mambo Yesu achauya kuzosika denga idzva nenyika yakanaka
2. Simukai nesimba renyu Yesu muuye kuzotinunura

## 77

**Dombo Rangu Nemhare Yangu –** *B.P. Mukoko*

*M: S/A* Dombo rangu nemhare yangu ndiyo Mwari-i

*V: S/A* Mwari idombo rangu maari ndimo mandichahwanda ndiye nhoo yangu norunyanga rwangu rworuponeso

*B* Mwari idombo rangu maari --- ndi-chahwandaaa ndiye nhoo --- norunyanga rwangu rworuponeso

*Madetembo:*
1. Ndinodanidzira kuna Tenzi, Tenzi munofanira kurumbidzwa makandiponesa mukandinunura
2. Ndakadaidzira kuna Tenzi pakutambudzika akanzwa izwi rangu kuchema kwangu kwakasvika munzeve dzake
3. Ndinodanidzira kuna Tenzi, Tenzi muri mwenje wangu nomutsigiri waangu
4. Tenzi ndiye nhoo yavose vanovimba naye
5. Tenzi mupenyu dombo rangu ngarikudzwe Mwari ngaarumbidzwe iye dombo roruponeso rwangu

*Chorus:*

*S/A* Naizvozvo ndichakurumbidzai Tenzi pakati pendudzi dzose ndichakudza zita renyu

*B* Naizvozvo ndichakurumbidzai pakati penduu-dzi ndichakudza zita renyu

## 78

**Endai Naye Kuna Mwari** – *A. Chamunorwa*

*M:* Endai naye kuna Mwarii

*V: S/A* Endai naye x4 kuna Mwari

*B* Endai naye x3 kuna Mwari

*T* Endai-hi endaii endai nayee

*Madetembo:*
1. Maria musande, hoyoi mwana wenyu (zita) mwana wenyu.
2. Imi musande wake, nemi angere wake muchengeti, munhu wenyu uyu.
3. Imi vangere navasande vose, hama yenyu iyi. Endai naye kuna Mwari.
4. Imi vechizvarwa chokwababa vake makafa, muri kudenga mwana wenyu uyu.
5. Imi madzibaba ake namadzitateguru ake ose muri kudenga, mwana wenyu uyu.
6. Imi vechizvarwa chokwaamai vake makafa muri kudenga, mwana wenyu uyu.
7. Imi madzisekuru namadzimbuya ake muri kudenga, navose vokurudzi. rwokwaamai vake makafa muri kudenga, mwana wenyu uyu.
8. Imi hama dzake dzose muri kudenga makafa mwana wenyu uyu.

## 79

**Farai Mambo Achauya** – *R. Svosve*

*M:* Farai Mambo achauya
*V: S/A* Mambo achauya farai achauya Mambo Alleluya-ha farai Mambo achauya
*B:* Alleluya Mambo achauya Alleluya farai Mambo achauya
*Madetembo:*
1. Tarirai Mambo achazouya navasarudzi vake vose
2. Nezuva irero chiedza chikuru chichazopenya
*Chorus:*
*All* Farai Mambo achauya achauya Mambo Alleluya

## 80

**Farai Vehama** – *Pius J. Mubako*

*M:* Farai vehama
*V: S* Farai - Mambo wava pedyo farai nokuti wava pedyo farai
*B* --- Farai, farai vehama ava pedyo farai farai wava pedyo vehama farai
*Madetembo:*
1. Ndinosimudzira mwoyo wangu kwamuri, Mwari wangu ndinovimba nemi, farai
2. Vose vanokumirirai imi Mambo, havanganyadziswi, farai
3. Ndiratidzei nzira dzenyu Mambo, ndifundisei nzira dzenyu, farai
4. Meso angu anoramba akatarira kwamuri Mambo, nokuti anobvisa tsoka dzangu pamumbure, farai

## 81

**Farai Virigo Mutikumbirire** – *J. Tichapondwa*

*M:* Farai virigo mutikumbirire
*V: S/A* Kutambudzika kwapera Alleluya hosi yedenga farai mutikumbirire --- farai Mambo Kristo wamuka
*B* Alleluya kutambudzika kwapera --- hosi yedenga farai --- Alleluya --- Mambo Kristo wamuka
*Madetembo:*
1. Wamakatakura wamuka muguva, virigo mutikumbirire
2. Waripira mhosva dzedu Alleluya, virigo mutikumbirire
3. Wamuka muguva nembiri, virigo mutikumbirire
4. Hosi yedu yokudenga virigo mutikumbirire

## 82

**Femai Mukati Medu** – *A. G Mutetwa*

*M: S/A* Femai mukati medu Mweya Mutsvene
*V: All* Tigofunga chete zvakarurama, tigofunga chete zvakarurama

*Madetembo:*
1. Tisimbiseiwo tigozvichengeta zvakarurama
2. Tidzivirireiwo tirege kurasa zvakarurama
3. Tikwevereyi tigoda chete zvakarurama
4. Timutseiwo tigoita chete zvakarurama

*Chorus:*
*All* Mweya Mutsvene tisimbiseiwo Mweya Mutsvene

# 83

**Gamuchirai Mambo** – *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Gamuchirai Mambo
*V: All* Mwoyo wangu mwoyo wangu wose mugamuchirewo pfungwa dzangu – njere nokuda kwangu kwose nazvose zvandinazvo

*Madetembo:*
1. Izvi zvose zvinokwanirana neni zvinokwanirana neni
2. Asi ndipeiwo rudo negirasiya renyu

*Chorus:*
*All* Ndimi makandipa zvose izvi ndinokudzorerai zvose, itaiwo madiro enyu, itai madiro enyu Mambo itaiwo madiro enyu

# 84

**Gamuchirai Mambo Mupiro Uyu** – *Fr E. Ribeiro*

*M* Gamuchirai
*V: All* Gamuchirai Mambo mupiro uyu
*M* Tinopira
*V:All* Tinopira – mwoyo yedu
*M* Namabasa
*V: All* Namabasa edu
*M* Gamuchirai
*V: All* Gamuchirai Mambo mupiro uyu

*Madetembo:*
1. Mambo makandipa rupenyu, nechiedza chezvokwadi
2. Ndingakupeyi kunezvizvi, asi chete kukutendai
3. Ndinokupai muviri wangu nazvose zvandinazvo
4. Ndinozviteurira zvose, unodeyi kwandiri
5. Chinhu chamunoda kunemi, ndechokuda imi moga
6. Nezvo muteuriro wangu mweya uzere rudo

# 85

**Gamuchirai Mweya Musande** – *B.B. Mutize*

*M: S/A* Gamuchirai mweya musande

*V: S/A* Sokutumwa kwandakaitwa ndinokutumaiwo
Gamuchirai mweya musande ndinokutumaiwo
*B* Sokutumwa ndinokutumai Yesu akafemera mweya kuvadzidzi ovati ndinokutumaiwo
*Madetembo:*
1. Yesu akamira pakati pavo ovati ngaruve nemi rugare
2. Akavaratidza zvanza zvake neparutivi pake ovati ngaruve nemi rugare
3. Apedza izvozvo akafemera mweya wake ovati ngaruve nemi rugare
*Chorus:*
*S/A* Kana mukaregerera vanhu, vanobva varegererwa matadzo avo, mukaramba kuvaregerera havaregererwi
*B* Kana mukaregerera vanhu zvavakatadzira Mwari, matadzo avo mukaramba, mukaramba havaregererwi

## 86

**Gamuchirai Mweya Mutsvene** – *J.L. Kaseke Chaleka*
*M:* Gamuchirai Mweya Mutsvene ndinokutumaiwo sokutumwa kwandakaitwa naBaba-a
*V: S/A* Kuzoti ataura izvi akavaratidza zvanza zvake, naparutivi pake, ndokutizve kuvadzidzi vake, rugare ngaruve nemi, rugare-e ngaruve nemi-i.
B/T Ataura izvi, akavaratidza zvanza naparutivi pake, ndokutizve kuvadzidzi vake, rugare ngaruve nemi, rugare-e ngaruve nemi-i.
*Madetembo:*
1. Akati ataura izvi akafemera kwavari ovati, gamuchirai Mweya Mutsvene.
2. Kana mukaregerera, vanhu, zvavakatadzira Mwari, vanobva varegererwa matadzo avo.
3. Mukaramba kuvaregerera matadzo avo, havaregererwi matadzo avo.
*Chorus:*
*S/A* Sokutumwa kwandakaitwa naBaba ndinokutumaiwo rugare-e ngaruve nemii.
*B/T* Kwandakaitwa naBaba ndinokutumaiwo rugare-e ngaruve nemi-i.

## 87

**Garai Hupenyu Hutsva** – *J. Manyepa*
*M:* Garai hupenyu hutsva muna Kristo
*V: All* Regai kugara savahedheni vanofunga zvenhando vane pfungwa dzakasvibiswa basa ravo nderekuita zvakaipa
*Madetembo:*
1. Imi hamuna kudzidza nezvaKristo nenzira yakadaro kwete kwete
2. Sevatenderi vake makadzidziswa chokwadi – chokwadi chiri muna Jesu
3. Moyo yenyu nepfungwa dzenyu ngazviitwe zvitsva
4. Chiregai kureva nhema mutaure chokwadi chiri muna Jesu

5. Kana mukatsamwa tsamwai musingatadzi murege kupedza zuva rose makatsamwa

*Chorus:*

*All* Saka imi kumurai munhu wekare pfekai munhu mutsva akasikwa akafanana akafanana naMwari

# 88

**Garai Nesu Yesu Kristo** – *M. Nyamarebvu*

*M: S/A* Garai nesu Yesu Kristo tinokukudzai

*V: S/A* Ngatimuimbire, ngatimukudze, Yesu nembiri woswedera
Ngatifare zvedu nokutenda kwedu, garai nesu Yesu Kristo

*B* Ngati – muimbire, Yesu, woswedera, ngatifare zvedu nokutenda kukuru
Garai nesu Yesu Kristo

*Madetembo:*

1. Onai tiri vana venyu, garai nesu Mambo wedu
2. Tinokumbira kunemi, tipei tsitsi dzenyu zhinji, garai nesu Mambo wedu
3. Mutitonge nezwi renyu, garai nesu Mambo wedu
4. Kuti tichengete tose, rudzidzo rwenyu rwose, garai nesu Mambo wedu
5. Tiende mazuva ose, garai nesu Mambo wedu
6. Nzira inotiendesa, mukufara kudenga, garai nesu Mambo wedu
7. Mutidzivirire isu, garai nesu Mambo wedu
8. Tinotambudzika pasi, mutichengete munhamo, garai nesu Mambo wedu

*Chorus:*

*All* Ngatifare zvedu, nokutenda kwedu, zvaari pano Yesu Kristo

# 89

**Garirira Mwari Mweya Wangu** – *I. Maputsa Nezungai*

*M:* Garirira Mwari Mweya wangu

*V: S* Ndiko kunobva kuponeswa kwangu, ndiye oga dombo rangu nomuponesi wangu, ndiye shongwe yangu yakakwirira handimbovhunduki.

*B* Kwaari ndiko kunobva kuponeswa kwangu, Mwari --- dombo rangu nomuponesi wangu, ndiye shongwe yangu --- yakakwirira handimbovhunduki.

*Madetembo:*

1. Mambo ndimi Mwari wangu ndinokutsvagai siku nesikati
2. Mweya wangu unenyota kwamuri nyama yangu inokusuwai
3. Ndakatarira kwamuri Mambo senyika isine mvura
4. Kuti ndione simba renyu Mambo netsitsi dzenyu
5. Muromo wangu uchakurumbidzai, ndichakutendai ndichiri mupenyu

## 90

**Hadziperi Ndangariro** – *C. Takura*

*M* Hadziperi ndangariro

*V: S/A* Ndangariro dzomwoyo waMambo, hadzitongoperi, ndangariro dzomwoyo waMambo, ndangariro dzomwoyo waMambo, hadzitongoperi

*B* Ndangariro dzomwoyo waMambo, hadzitongoperii, ndangariro, ndangariro dzomwoyo waMambo, hadzitongoperi

*Madetembo:*

1. Farisai munaMwari imi vakarurama, rumbidzai Mambo nembira
2. Muimbirei rwiyo rwutsva ridzai zvakanaka nokuridza kukuru
3. Anoita zvose nokutendeka nyika izere nounyoro hwake
4. Rwakomborerwa rudzi rwakaita Yave Mwari warwo rudzi rwaakatsaura kuva nhaka yake.
5. Mambo anotarira ari kudenga anoona vanakomana vose vevanhu.
6. Anorwira mweya yavo parufu nokuvararamisa panguva yenzara.
7. Nokuti mwoyo yedu inofara kwazvo maari zvatinovimba nezita rake dzvene.

## 91

**Haiwa Mambo Mabasa Enyu** – *J. Makaure*

*M:* Haiwa Mambo mabasa enyu

*V: S/A* Mabasa enyu Mambo anoshamisa kwazvo haiwa Mambo mabasa enyu anoshamisa

*B* Mabasa enyu Mambo anoshamisa kwazvo mabasa enyu haiwa Mamboo mabasa enyu anoshamisa

*Madetembo:*

1. Mabasa enyu mazhinji, makaita ose nenjere.
2. Zvipenyu zvose zvinokumirirai, kuti muzvipe zvokudya nenguva yakafanira.
3. Munotambanudza ruoko rwenyu vanhu vosee vachagutswa.
4. Mbiri yaMwari ngaigare nokusingaperi Mambo ngaafarire mabasa ake.
5. Iye anotarisira pasi ipo ndokubvunda.
6. Iye anonyongedesa makomo, iwo ndokubudisa utsi.
7. Ndichaimbira Mwari panguva yose yorupenyu rwangu, ndichaimbirai Mwari wangu ndichiripo.
8. Vatadzi ngavapere pasi, navakaipa ngavarege kuzovapo.

## 92

**Haiwa Mambo Mabasa Enyu** – *A. Chamunorwa*

*M:* Haiwa Mambo mabasa enyu

*V: S* Haiwa – haiwa Mambo, mabasa enyu anoshamisa – haiwa haiwa Mambo mabasa enyu anoshamisa kwazvo

*A* Haiwa Mambo, mabasa enyu anoshamisa Mambo mabasa enyu

anoshamisa kwazvo

*B* Mabasa enyu anoshamisa Mambo Mambo anoshamisa Mambo – haaiwa mabasa enyu anoshamisa kwazvo

*Madetembo:*

1.Mabasa enyu mazhinji, makaita ose nenjere.
2.Zvipenyu zvose zvinokumirirai, kuti muzvipe zvokudya nenguva yakafanira.
3.Munotambanudza ruoko rwenyu vanhu vose vachagutswa.
4.Mbiri yaMwari ngaigare nokusingaperi Mambo ngaafarire mabasa ake.
5.Iye anotarisa pasi ipo ndokubvunda.
6.Iye anonyongodesa makomo, iwo ndokubudisa utsi.
7.Ndichaimbira Mwari panguva yose yorupenyu rwangu, ndichaimbirai Mwari wangu ndichiripo.
8.Vatadzi ngavapere pasi, navakaipa ngavarege kuzovapo.

# 93

**Haiwa Mambo Mabasa** – *S.M. Ponde*

*M:* Haiwa Mambo
*V: All* Mabasa enyu anoshamisa
*M:* Haiwa Mambo
*V: All* Mambo anoshamisa kwazvo

*Madetembo:*

1.Mabasa enyu mazhinji makaaita ose nenjere
2.Zvipenyu zvose zvinokumirirai kuti muzvipe zvokudya nenguva yakafanira
3.Munotambanudza ruoko rwenyu vanhu vose vachagutswa
4.Mbiri yaMwari ngaigare nokusingaperi Mambo ngaafarire mabasa ake
5.Iye anotarisa pasi ipo ndokubvunda
6.Iye anonyongodesa makomo iwo ndokubudisa utsi
7.Ndichaimbira Mwari panguva yose yorupenyu rwangu ndichaimbira Mwari wangu ndichiripo
8.Vatadzi ngavapere pasi navakaipa ngavarege kuzovapo

# 94

**Hake Uyo Akatsungarara** – *A.R. Augusto*

*M: S/A* Hake uyo akatsungarara
*V: S/A* Inga wani --- nezvokutsungarara makazvionera wakazomuitirei Nokuti Mambo anonzwira tsitsi anonzwira tsitsi nourombo
*B* Makanzwa nezvo --- kwaYobo kuti Mambo pakugumisira nokuti Mambo anonzwira tsitsi anonzwira nourombo

*Part 1:*
*Madetembo:*
1. Nemiwo mirirai makatirira nokuti kuuya kwaMambo kwava pedyo-o-o, simbaradzai moyo yenyu.
2. Hama dzangu regai kunyunyutirana mungadai mukazotongeswa-aa, simbaradzai moyo yenyu.
3. Chionai mutongi atosvika ava pamusuwo-o-o, simbaradzai moyo yenyu.
4. Teverai muenzaniso wokutirira matambudziko-o-o, simbaradzai moyo yenyu.

*Chorus:*
*S/A* Imi hama dzangu kudakara Mambo auye-e
Murimi anotirira achimirira-a akangotarisira kuuya kwemvura yomunakamwe neyezhizha
*B* Tirirai tarisai zvinoita anotirira achimirira zvinoberekwa neivhu zvakakosha, tarisira imi hama dzangu zvakakosha neyezhizha

*Part 2*
*Madetembo:*
1. Kupinda zvose vehama musatongopika musatongopika nedenga
2. Kana napasi kana neimwewo musatongopika mhiko hayo

*Chorus:*
*S/A* Kana muchiti hongu kana muchiti kwete mungadaro mukazvipinza mumhosva
*B* Ingotii hongu ingotii kwete mungadaro-o mumhosva

# 95

**Hakuna Zita Ringatiponesa** – *N. Muchenu*

*M:* Hakuna zita ringatiponesa kunze kwezita dzvene raYesu
*V: S/A* Tinorumbidza, nokukudza Ye-su Kristo, akava munhu, kuti atinunure, atiratidze tose, rudo rwamwari Baba. Akadeura ropa rake rakakosha, ova hwayana yedu yepasika, kutibatanidza tose, muukama naBaba, isu tichavawo hama nehama. Ndiye Yesu watinopira, mumupiro weAritari, kudzamara-a, kudzamara-a, kuguma kwapasi
*B* Tinorumbi-dza, tinokudza Yesu --- akava munhu, kuti atinunure, atiratidze, rudo rwaMwari Baba. Akadeura ro-pa rake ova, hwa-ya-na yepasika, kutiba-tanidza, muukama naBaba, isu tichiva ru-dzi rumwe Ndiye Yesu, anesu, muUkaristia, kudzamara nari-ni, narini wose

*Madetembo:*
1. Mambo Yesu, itai kuti isu mhuri yenyu tichiri parwendo, tidanane, tiregererane, tinzwirane tsitsi, tisimbisane, uye titakurirane mitoro
2. Yesu Mambo chengetai nokusimbisa vafudzi vamunotitumira pano, uye musarega tichirasa kana kutambisa makomborero amakapa kirike renyu dzvene
3. Rangariraiwo Mwari hama neshamwari dzedu dzakafa, dzichibva mumhuri yedu ino, vafare nemi. Tinotarisirawo kusvitswawo ikoko naYesu nyakutifira

*Chorus:*

*S/A* Rudo-yi runopinda rwaYesu, akapira upenyu hwake kuti, vadikanwi vake, vave noupenyu, huzere? Ngatimukudze timunamate, timuimbi-re tichimutenda

*B* Rudo-yi runopinda rwaYesu, a-kapira upenyu hwake kuti, vadikanwi --- vave noupenyu, ngatimukudze timunamate, timuimbi-re tichimutenda

## 96

**Hama Dzangu Munoziva Kuti** – *A. Gumbo*

*M:* Hama dzangu munoziva kuti-i

*V: S/A* Kana musasa watinogara pasi pano ukapazwa-a tine imba-a iri kudenga

*B* Kana musasa watinogara pasi pano --- tine imba – iri kudenga

*Madetembo:*

1.Imba yatakagadzirirwa naMwari

2.Imba isina kuvakwa namaoko avanhu

3.Kufamba kwedu pasi pano ndokokungotungamiririrwa nechitendero kwete kokumuona

4.Zviri nani kuti tibve mumuviri tonogara pana Mambo

*Chorus:*

*S/A* Saka takatsunga sezvo tiri mumuviri tiri kure naMambo tichinge vadzingwi

*B* --- Takatsunga-a tiri mumuviri tiri kure naMambo tichinge vadzingwi

## 97

**Hama Dzangu Takadanirweiko** – *R. Zinyohwera*

*M* Hama dzangu takadanirweiko naMwari

*V:S/A* Hama dzangu takadanirwa kuzogara kudenga, takadanirwa rugare nhasi mukanzwa dofungaiwo nezvaYesu

*B* Dzechitendero kuzogara kudenga takadanirwa rugare izwi nezvaYesu

*Madetembo:*

1.Hamusakaziva makwara angu nezvo ndakatsidza nokushatirwa kwangu

2.Kristo anovimbika iye anotidzidzisa iye ndiye musoro wedu

3.Ko neiko makanzwa izwi mukaitirana nharo neiko makatsamwisa Mwari

4.Nhai vanhu moyo yenyu ichaomarara kusvikira narini

*Chorus:*

*S/A* Nhasi kana manzwa doonaiwo kuratidza kwake doonai kutendeseka kwake

*B* Nhasi --- manzwa Mwari doonai kuratidza --- doonai kutendeseka kwake

## 98

**Handigoni Kukutendai Zvakakwana** – *C. Teguru*

*M:* Handigoni kukutendai zvakakwana
Kukutendai zvakakwana

*V: S/A* Mwari Baba handigoni kukutendai-i
Vasarudzwi nemi nhume dzaMwari-i
Maria musande mhai nditendereiwo

*B/T* Mwari Baba handigoni kutenda-a
Vasarudzwi nemi nhume dzaMwari-i
Nditendereiwo kuna Mwari

*Madetembo:*

1. Nditendereiwo mhai, kuna Mwari Baba
2. Nditendereiwo mhai, kuna Mwanakomana
3. Nditendereiwo mhai, kuna Mweya Musande
4. Nditendereiwo mhai, nditendereiwo

*Chorus:*

*S/A* Vasarudzwi nemi nhume dzaMwari-i
Maria musande mhai nditendereiwo

*B* Vasarudzwi nemi nhume dzaMwari-i
Nditendereiwo kuna Mwari

## 99

**Handikodzeri Mambo** – *J. Makaure*

*M:* Handikodzeri Mamboo kuti mupinde muneni

*V: S/A* Mamboo handikodzeri kuti mupinde muneni ingotaurai inzwi chete
mweya wangu uponeswe

*B* Mamboo handikodzeri kuti mupinde muneni ingotaurai inzwi chete
mweya wangu mweya wangu uponeswe

*Madetembo:*

1. Mweya wangu rumbidza Mwari, mukati mangu mose rumbidza zita rake sande
2. Mweya wangu rumbidza Mwari, usakanganwa wakaitirwa naye zvakanaka
3. Iye anoregerera zvikanganiso zvose, anokuporesa paurwere hwako hwese
4. Iye anodzikinura rupenyu rwako, anokomborera makore ose orupenyu rwako
5. Mwari akaita basa rakarurama, akaitira vanotambudzwa zvakarurama
6. Mwari ndiye rudo netsitsi, anononoka kutsamwa azere norudo
7. Haatiitiri sezvakafanira zvikanganiso zvedu, haatirovi sezvakafanira zvivi zvedu

*Chorus:*

*S/A* Mambo ingotaurai inzwi chete mweya wangu uponeswe

*B* --- Ingotaurai inzwi chete mweya wangu mweya wangu uponeswe

## 100

**Handikodzeri Mambo** – *C. Takura*

*M* Handikodzeri Mambo kuti mupinde muneni x2
*V: S/A* Handikodzeri Mambo, Mambo handikodzeri kuti mupindewo munenii
*B* Mambo handikodzeri handikodzeri Mambo kuti mupinde muneni
*Chorus:*
*M* Taurai izwi chete Mambo x2
*S/A* Ingotaurai izwi chete, ingotaurai izwi mweya wangu uponeswee
*B* Mambo tauraii izwii, Mambo taurai mweya wangu uponeswee
*Madetembo:*
1. Mweya wangu rumbidza Mwari, mukati mangu mose rumbidza zita rake sande
2. Mweya wangu rumbidza Mwari, usakanganwe wakaitirwa naye zvakanaka
3. Iye anoreverera zvikanganiso zvose, anokuporesa paurwere hwako hwose
4. Iye anokununura hupenyu, rupenyu rwako anokuporesa paurwere hwako hwose
5. Mwari akaita basa rakarurama, akaitira vanotambudzwa zvakarurama
6. Mwari ndiye rudo netsitsi, anononoka kutsamwa azere norudo

## 101

**Handine Simba Yesu** – *J. Mapfumo*

*M:* Handine simba Yesu
*V: S/A* Yesu handina simba-a kunyatsonamatira-a pana Baba vedenga mununuri musande
*B* Handina simba Yesu-u kunyatsonamatira-a Baba vedenga mununuri musande
*Madetembo:*
1. Manga muchiri mwana –makachenesa Baba
2. Nokunamata kwenyu – mununuri musande
3. Mubatsire isu tinatsirwe mumwoyo
4. Titize zvakasvipa – mununuri musande
*Chorus*:
*All* Mutidzidzise tose kunamata nomwoyo pamwe nomuromo – mununuri musande

## 102

**Handirevi Kuti Ini Ndakatobudirira** – *M. Matondo*

*M:* Handirevi kuti ini ndakato-budirira
*V: B* Ini ndatogarwa --- ndatogarwa naKristo, ndatogarwa naKristo, ndichamhanyira ndichamhanyira, ndichikanganwa zva-nda-kaita shure, kuti ndigopihwa mubairo unodanidzirwa naMwari kuhu-penyu hwokudenga.
*S/A* Ini ndatogarwa naKristo, ini ndatogarwa naKristo, ini ndichamhanyira kuchinangwa, ndichikanganwa zva-nda-kaita shure, kuti ndigopihwa

mubairo unodanidzirwa naMwari kuhu-penyu hwokudenga.

*Madetembo:*

1. Handisati ndave munhu akarurama, ndinoramba ndichiedza.
2. Isu tose tave vanhu, vanhu vakuru mune zvinhu zvomweya.
3. Kana vamwe venyu vachinge, vane dzimwe pfungwa, Mwari vachaisa zvinhu izvozvo pachena.

*Chorus:*

*S/A* Zvino ngatirambe takananga mberi, takabatisisa iwoyu murairo chete, wakatisvitsa, patave zvino.

*B* --- Ngatirambe, ngatirambe takananga, takabatisisa takabata murairo wourumami, wakatisvitsa patave zvino.

## 103

**Hapana Chatingagona Mwari** – *V.M. Nyapokoto*

*M* Hapana chatingagona Mwari

*V: S/A* Tisina simba renyu Mwari hapana chatingagona tinokumbirisa mumutse mweya yedu tibereke mabasa akanaka

*B* --- Simba renyu Mwari --- chatingagona tinokumbirisa kuti --- mweya yedu tibereke mabasa akanaka

*Madetembo:*

1. Mutsai mukati medu vatenderi vakasimba
2. Pedzisai basa renyu mumweya yedu

*Chorus:*

*S/A* Kuti tikure muchido nokuparidzira chitendero cha-takapiwa no-mwanakomana wenyu

*B* --- Tikure tikuure chitendero cha-takapiwa no-mwanakomana wenyu

## 104

**Havasiri Vose Vachapinda Muhushe** – *D. Jakachira*

*M: S/A* Havasiri vose vachapinda muhushe

*V: S/A* Havasiri vose vanondidaidza vachiti: Nhai Tenzi, ko --- nhai Tenzi-hi nhai Tenzi vachapinda mu-hu-she --- Asi avo chete, vanoita kuda kwaBaba vangu, vari kudenga --- vari kudenga, vachapinda mu-hu-she.

*B:* Havasiri vose vanondidaidza vachiti: Nhai Tenzi-mi, nhai Tenzi. Ko nhai Tenzi vachapinda mu-hushe hwokudenga. Asi avo chete, vanoita kuda kwaBaba vangu --- vari kudenga, Baba vari kudenga, vachapinda muhushe.

*Madetembo:*

1. Pazuva iroro vanhu vazhinji vachati, takaparidza muzita renyu; asi Tenzi achavati:
2. Vamwe vachati, Tenzi takadzingawo mashavi nezita renyu; asi Tenzi achavati:
3. Vamwe vachati nhai Tenzi nhai Tenzi, takaita ma-basa makuru anoshamisa; asi

Tenzi achavati:

*Chorus:*

*B* Ibvai pano imi vaiti vezvakaipa, ibvai pano-ho, handina, ha-ndina, handina kumboku-zi-va-hi

*S/A* --- Ibvai pano --- vaiti vezvakaipa, ibvai pano-ho, handina kumbokuzivai, handina kumbokuzivai

## 105

**Hezvoka Mambo Wedu** – *J.S. Maphosa*

*M:* Hezvoka Mambo wedu

*V: S/A* Hezvoka Mambo wedu Yesu makatuma vapostori kuti vave vafudzi sarudzai vamwe mukati medu

*B* --- Mambo wedu Yesu mufudzi wakanaka makatuma vafudzi vavanhu vamwe mukati medu

*Madetembo*:

1. Munoisvo kwazvo nokuzvipira paatari zuva nezuva kuti vanhu vaponeswe
2. Tinochema kunemi Mambowe-e Mambowe-e ipaiwo vana vedu shungu sedzenyu
3. Nemwoyo sewenyu wokuzvipira kuti vanhu vaponeswe
4. Danai vazhinji vagozvipira kushandira Kirike renyu savanna venyu

*Chorus:*

*S/A* Tinokumbira --- vanakomana navasikana vane mwoyo mukuru noushingi

*B* --- Mudanewo --- navasikana --- mukuru noushingi

## 106

**Hosana Mwanakomana WaDavid** – *D.T. Zavazava*

*M:* Hosana mwanakomana waDavid
Mwana waDavid

*V: All* Samutumwa waMambo ngaarumbidzwe Nyamatengatenga

*Madetembo:*

1. Uchirai imi vanhu vose
2. Pururudzirai Mwari nenzwi romufaro
3. Nokuti Mwari wokumusorosoro anotyisa
4. Ndiye Mambo mukuru wenyika yose
5. Ndiye anokundisa ndudzi dzavanhu
6. Anodziisa pasi petsoka dzake
7. Ndiye anotigovera nhaka yedu
8. Inova fuma yavanhu vaanoda
9. Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza
10. Dzishaurei nmwoyo inofara
11. Nokuti Mwari ndiye Mambo wapasi pose
12. Muimbirei mupemberei muchifara

13. Mwari anotonga vasiri veboka rake
14. Mwari agere pachigaro chake choumambo
15. Vatongi vose vari pasi paMwari
16. Anova ndiye mutongi wavo vose

*Chorus:*

*All* Hosana ngaarumbidzwe Nyamatengatenga

## 107

**Hosi Mbiri YeKamero** – *Zari*

*M:* Hosi mbiri yeKamero

*V: S/A* Virigo usine mhaka makaisvokomborerwa chishongedzo nembiri yeKamero

*B* --- Virigo usine mhaka --- makakomborerwa --- yeKamero

*Madetembo:*

1. Imi munotarisa nomwoyo womutsa wakanyanya
2. Avo vanoshonga sikapura yakakomborerwa
3. Mutifukidze nehanzu yenyu
4. Yorubatsiro rwenyu rwakanyanya
5. Ndipamhidzirei chitendero chitariso nechido

*Chorus:*

*S/A* Chishongedzo nembiri yeKamero

*B* --- YeKamero

## 108

**Hosi Yedenga Chifarai** – *M. Augustine*

*M* Hosi yedenga chifarai
Alleluya chifarai

*V: All* Hosi yedenga chifarai uyo wamakakodzera kubereka wamuka sokureva kwaakamboita wamuka Alleluya

*Madetembo:*

1. Mutireverere kuna Mwari
2. Farai Maria muvirigo
3. Mambo wedu Yesu Kristo wamuka

*Chorus:*

*S/A* Wamuka Mambo wedu Yesu Kristo wamuka Alleluya

*B* Wamuka chokwadi Alleluya wamuka Alleluya

## 109

**Hosi Yedenga Chifarai** – C. *Shuro-Chihava*

*M: S/A* Hosi yedenga, chifarai-i

*V: S/A* Nokuti uyo, wamakakodzera kubereka --- wamuka sokureva kwaakaita,

wamuka sokureva kwaakaita
*B* Nokuti uyo-o --- wamakakodze-ra – kubereka wamuka sokureva kwaakaita – Alleluya wamuka sokureva kwaakaita

*Madetembo:*
1. Mutireverere kuna Mwari, kuna Mwari Alleluya
2. Mwari imi, makada kufadza pasi pose
3. Nokumuka komwana wenyu Yesu Kristo Mambo wedu
4. Tinokumbira nokuna amai vake Maria muvirigo, kuti mutipewo mifaro isingaperi kudenga
5. Mambo wedu Yesu Kristo tisvitsireiwo izvi kuna Mwari Baba Amen

*Chorus:*
*S/A* Farai nokufara muvirigo, farai Maria Alleluya nokuti Mambo amuka, amuka chokwadi
*B* --- Nokufara muvirigo, farai Maria Alleluya Mambo amuka amuka chokwadi

# 110

**Hoyu Mucherechedzo wokubwinya** – *S.M. Ponde*

*M* Hoyu mucherechedzo wokubwinya kwaKristo
*V: B* Tino --- tovhenekerwa naMambo wedu x2
*S* Tinovhenekerwa naKristo Mambo wedu x2

# 111

**Huyai Mose Imi Vana VaMwari** – *G. Gondo*

*M: S/A* Huyai mose, imi vana Mwari
*V: S/A* Imi mose, vana vaMwari, huyai kukwazisa muchecheYesu, wazvarwa nhasi, pausiku huno, naMaria mudanga reBetlehema-a
*B* Imi mose, vana vaMwari, huyai kukwazisa mucheche, wazvarwa nhasi, pausiku huno, naMaria mudanga reBetlehema

*Madetembo:*
1. Tauya tofara, tofarakwazvo, tinoda kuimba kufadza mwana-a
2. Agere mudanga, muchidyiro, huyai imi mose kumukwazisa-a

# 112

**Huyayi Vanhu Vangu** – *Sr Mary Mandeya (HLMC)*

*M: S/A* Huyayi vanhu vangu-hu
*V: B* Huyayi --- dzimba dzenyuhu hu --- misuwo yenyuhu --- tadzo enyu kusvikira --- kwaTenzi kwapera
*S/A* --- Mupinde mudzimba dzenyuhu, mupfige misuwo yenyu, mupfidze matadzo enyu --- kutsamwa kwaTenzi kwapera

*Madetembo:*

1.Zivai kuti Mwa-ri akakuisai pasi pano achadzokaa okutorazve
2.Moyo yenyu ngaigare yakangochena kufanana naMwari
3.Nezuva iroro zvinhu zvose zvichabuda pachena

*Chorus:*

*S/A* Mupfidze mupfidzehe, mupfidze zvivi zvenyuhu, musatadza pakare
*B* --- Mupfidze he he --- zvivi zvenyu, musatadza pakare

## 113

**Hwayana YaMwari** – *A. Shamu Maurung*e

*M:* Hwayana yaMwari
*V: All* Munobvisa matadzo apasi, mutiitire tsitsi
*M:* Hwayana yaMwari
*V: All* Mutiitirewo tsitsi imi mutiitire tsitsi
*M:* Hwayana yaMwari
*V: All* Munobvisa matadzo apasi, chitipai rugare
*M:* Hwayana yaMwari
*V: All* Chitipai rugare imi chitipai rugare

## 114

**Hwayana YaMwari** – *Fr E. Ribeiro*

*S/A* Hwayana yaMwari – munobvisa – matadzo apasi – Mutinzwireiwo tsitsi
*T/B* --- Hwayana yaMwari – munobvisa - matadzo apasi – Mutinzwireiwo tsitsi

*S/A* Tinzwireiwo tsitsi Mambo Tinzwireiwo tsitsi Mambo Tinzwireiwo tsitsi MamboTinzwireiwo tsitsi Mambo
*T/B* Hwayana yaMwari munobvisa matadzo Hwayana yaMwari munobvisa matadzo

*S* Hwayana yaMwari munobvisa matadzo apasi Hwayana yaMwari Tinzwireiwo Tsitsi
*A* Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari Tinzwireiwo Tsitsi
*T* Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari Tinzwireiwo Tsitsi
*B* Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari

*S* Hwayana yaMwari
*S/A* Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari munobvisa matadzo apasi - Hwayana yaMwari Hwayana yaMwari munobvisa matadzo apasi
*T/B* Hwayana yaMwari Hwayana - yaMwari Hwayana yaMwariii - Hwayana

yaMwarii – Hwa – ya - na

*S* Tipeiwo rugare Mambo
*S* Tipeiwo rugare Mambo Tipeiwo rugare Mambo Tipeiwo rugare Mambo Tipeiwo rugare
*A* Tipeiwo rugare Mambo Tipeiwo rugare Mambo Tipeiwo rugare – Rugare Mambo
*T* Tipeiwo rugare Mambo Tipeiwo rugare Mambo Tipeiwo rugare – Rugare Mambo

# 115

**Hwayana YaMwari** – *C. Chawasarira*

*M:* Hwayana yaMwari, Hwayana yaMwari, Hwayana yaMwari, tsitsi Mambo
*V: S/A* Mutinzwirewo tsitsi, mutinzwirewo tsitsi, mutinzwirewo tsitsi, mutinzwirewo tsitsi
*B* Tsitsi Mambo, Tsitsi Mambo, Tsitsi Mambo, Tsitsi Mambo,
*M:* Hwayana yaMwari, Hwayana yaMwari, Hwayana yaMwari, rugare Mambo
*V: S/A* Mutipewo rugare, mutipewo rugare, mutipewo rugare, mutipewo rugare
*B* Rugare Mambo, Rugare Mambo, Rugare Mambo, Rugare Mambo

# 116

**Hwayana YaMwari** – *J V. Chinondo*

*M: S/A* Hwayana ya Mwari *x2*
*V:All* Hwayana yaMwari imi munobvisa matadzo apasi tinzwireiwo tsitsi x2
*M:S/A* Tipeiwo rugare Mambo
*V:All* Tipeiwo rugare rugare rwenyu Mambo tipeiwo rugaare – rugare rwenyu Mambo

# 117

**Hwayana YaMwari** – *F.E. Shara*

*S/A/T* Hwayana yaMwari hwayana yaMwari
*B* Hwayana yaMwari hwayana hwayana yaMwari

*S/A* Munobvisa matadzo apasi, tinzwireiwo tsitsi Mambo, tinzwireiwo tsitsi Mambo
*T* Mambo tinzwireiwo-o – tsitsi Mambo
*B* Munobvisa matadzo apasi munobvisa …..

*S/A* Rugare rugare Mambo tipeiwo rugare
*T* Mambo
*B* Rugare rugare Mambo rugare Mambo ru --- gare Mambo

## 118

**Hwayana yaMwari** – *P. Dendere*

*M:* Hwayana-a yaMwari
*V: S/A* Hwayana-a hwayana-a munobvisa matadzo apasi tinzwireiwo tsitsi Mambo x2
*B* Hwayana-a hwayana-a munobvisa matadzo pasi tsitsi Mambo x2
*M:* Munobvisa matadzo apasi
*V: S/A* Tipeiwo tipeiwo-o tipeiwo rugare Mambo
*B* Rugare-e Rugare-e Rugare-e Mambo

## 119

**Hwayana YaMwari** – *D.T. Zavazava*

*M* Hwayana yaMwari
*V: S* Munobvisa matadzo apasi isu tinzwireiwo tsitsi
*B* Munobvisa matadzo apasi --- tinzwireiwo tsitsi

*M:* Munobvisa --- matadzo apasi ---
*V: S* Tinzwireiwo isu tinzwireiwo tsitsi
*B* Tinzwireiwo --- tinzwireiwo tsitsi

*M:* Hwayana yaMwari
*V: S* Munobvisa matadzo apasi isu tipeiwo rugare tipeiwo – isu tipeiwo rugare
*B* Munobvisa matadzo apasi --- tipeiwo rugare tipeiwo – tipeiwo rugare

## 120

**Hwayana YaMwari** – *S.M. Ponde*

*M:* Hwayana yaMwari x2
*V: B* Hwayana YaMwari, munobvisa matadzo, matadzo apasi, tinzwi – reiwo tsitsi x2
*S* --- Munobvisa matadzo, matadzo apasi --- tinzwireiwo tsitsi x2
*T* --- Munobvisa matadzo-o apasi tinzwireiwo tsitsi

*B* Hwayana YaMwari, munobvisa matadzo, matadzo apasi, tipeiwo rugare
*S* --- Munobvisa matadzo, matadzo apasi, tipeiwo rugare
*T* -- Munobvisa matadzo-o apasi tipeiwo rugare

## 121

**Hwayana YaMwari** – *S.M. Ponde*

*M:* Hwayana yaMwari munobvisa matadzo apasi
*V: All* Mutiitire tsitsi
*M:* Hwayana yaMwari munobvisa matadzo apasi

*V: All* Mutiitire tsitsi
*M:* Hwayana yaMwari munobvisa matadzo apasi
*V: All* Mutipewo rugare

## 122

**Hwayana YaMwari** – *C.T. Chinoda*
*M:* Hwayana yaMwari x2
*V: All* Munobvisa matadzo matadzo apasi tinzwireiwo tsitsi x2
*M:* Hwayana yaMwari
*V: All* Munobvisa matadzo matadzo apasi tipeiwo rugare

## 123

**Hwayana YaMwari** – *A. Nyika*
*M:* Hwayana yaMwari x2
*V: All* Munobvisa matadzo apasi, tinzwireiwo tsitsi x2
*M:* Hwayana yaMwari
*V: All* Munobvisa matadzo apasi, tipeiwo rugare

## 124

**Ibvai Mayeuka Mashoko Aya** – *Sr. Mavis Chireshe (SJI)*
*M:* Ibvai mayeuka mashoko aya vadikanwi
*V: S/A* Pane vamwe vanhu vakapinda pakati penyu zvomuchivande, vakatemerwa kare kare kurangwa kwavo-o ikoko. Havasi vatendi vaMwari-i vanoshandura nyasha dzaMwari vachizvipembedza pakuita kwavo kwakaipa vachiramba Yesu --- Mambo naTenzi wedu oga.
*B* --- Vanhu vakapinda pakati penyu vanhu ivava vakatemerwa kare kurangwa kwavo. Havasi vaMwari vanoshandura nyasha dzaMwari vachizvipembedza pakuita kwavo vachiramba Yesu Kristo Mambo Tenzi wedu oga.
*Part 1:*
*Madetembo:*
1. Vanhu ivava vanogara vachinyunyutira vamwe vachivashora
2. Vanotaura mashoko akakomba kwazvo okuzvikudza
3. Vanhu ivava ndidzo honzeri ndivo vanoparadzanisa vanhu
4. Vanobata vanhu kumeso kuti vagowana zvavanoda zvinovabatsira ivo
5. Vanhu ivava vanhu venyika ino vasina mweya waMwari-hi
*Chorus:*
*S/A* Havasi vatendi vaMwari-i vanoshandura nyasha dzaMwari vachizvipembedza pakuita kwavo kwakaipa vachiramba Yesu --- Mambo naTenzi wedu oga.
*B* Havasi vaMwari vanoshandura nyasha dzaMwari vachizvipembedza

pakuita kwavo vachiramba Yesu Kristo Mambo Tenzi wedu oga.
pachavo

*Part 2:*

*Madetembo:*

1. Asi imi vadikanwi ibvai mazvivaka mukutenda kwenyu
2. Mugare muchinamata naMweya anoera

*Chorus:*

*S/A* Rambirai muri murudo rwaMwari-hi muchimirira nyasha dzaTenzi wedu dzinokupai upenyu hwokurarama kurarama kusingaperi kuna vasingagutsikani nokutenda kwavo vanzwirei tsitsi muvatsigire.

*B* Rambirai muri murudo rwaMwari muchimirira nyasha dzaTenzi dzinokupai upenyu hwokurarama --- kusingaperi kuna vasingagutsikani nokutenda vanzwirei tsitsi muvatsigire.

# 125

**Ichi Ndicho Chipiyaniso** – *Patricia Mubako*

*M:* Ichi ndicho chipiyaniso

*V: S* Chatakatakurirwa naKristo, ngatichikudze chipiyaniso tichikudze tichitenda Mambo

*B* Chatakatakurirwa naKristo --- tichikudze chipiyaniso tichikudze tichitenda Mambo

*Madetembo:*

1. Ichi ndicho chipiyaniso chakamuputsira pasi
2. Ichi ndicho chipiyaniso chakarovererwa Kristo
3. Ichi ndicho chipiyaniso chakaerera ropa rake
4. Ichi ndicho chipiyaniso chakatipa rupenyu

*Chorus:*

*S* Ngatichikudze chipiyaniso, tichikudze tichitenda Mambo

*B* --- Tichikudze chipiyaniso, tichikudze tichitenda Mambo

# 126

**Icho Ndicho Chipiyaniso** – *C. Chawasarira*

*M:* Icho ndicho chipiyaniso

*V: All* Ngatichikudzei tichitenda Mambo chipiyaniso, tichitenda Mambo, ngatichikudzei tichitenda Mambo

*Madetembo*

*Part 1:*
1.Chakamuputsira pasi
2.Chakarovererwa Kristo
3.Chakaerera ropa rake
4.Chakatipa rupenyu
5.Chakakunda satani
6.Apa ndipo pakanamatira
7.Kristo vavengi vake
– Icho ndicho chipiyaniso

*Part 2:*
8.Apa ndipo pakapikirwa
9.Denga kumbavha yakanaka
10.Apa ndipo paakatitamburira
11.Kristo kwenguva nhatu
12.Apa ndipo paakatifira
– Icho ndicho chipiyaniso

*Part 3:*
13.Kutibatanidza ukama naBaba
14.Icho ndicho chipiyaniso
15.Chinotipa ruvimbo
16.Ruvimbo noushingi
17.Icho ndicho chipiyaniso
18.Chinotidzivirira uipi hwose
19.Icho ndicho chipiyaniso
– Icho ndicho chipiyaniso

*Part 4:*
20.Chinopa makomborero
21.Kuna vanotenda
22.Icho ndicho chipiyaniso
23.Chichava mucherechedzo
24.Mucherechedzo wokukunda
25.Kristo wodzoka
26.Icho ndicho chipiyaniso
27.Chichapa mvumo yedenga
28.Kuna vanotenda

*Chorus:*
*All* Chipiyaniso, chipiyaniso, chipiyaniso

## 127

**Ida Tenzi Mwari Wako** – *S.D. Mutandadzi*
*M* Ida Tenzi Mwari
*V: All* Ida Tenzi Mwari wako nomwoyo wose, nomweya wako-o nesimba rako-o rose. Ida Tenzi Mwari-i nepfungwa dzako dzose
*Madetembo:*
1.Ndini Tenzi Mwari wako usava nomumwe Mwari kunze kwangu
2.Usashandisa zita raTenzi Mwari wako nenzira isina maturo
3.Rangarira zuva reSabata kuti rigare riri zuva rinoera
*Chorus:*
*S/A* Idawo hama yako sokuda kwaunozviita iwe pachako
*B* Idawo hama yako --- kwaunozviita iwe pachako

## 128

**Ignasio Musande** – *J.K.Dzingai*
*M* Ignasio Musande
*V:S/A* Ndimi makatsva norudo nomwoyo wenyu wose kudzorera rudo

rwatakaitirwa naMwari itai kuti nomwoyo wanguwo ini ubatidzwe norudo rwakadai

*B* Ndimi makatsva norudo nomwoyo wenyu wose rudo rwatakaitirwa naMwari itai kuti nomwoyo wangu ubatidzwewo norudo rwakadai

*Madetembo*:

1.Kuti nditevere kuda kwaMwari Baba
2.Munzira dzose dzapasi pano
3.Sezvavanodiwa naYesu Kristo
4.Zvokuti iye ndiye akadururira ropa rake sande
5.Kuti vamwe vangu vaponeswe
6.Neniwo mwana waBaba Amen

*Chorus*:

*All* Nditsvage mbiri yavo yoga ndizvikanganwe ndizvidukupise ndichiona kururama kwavamwe kupinda kwangu ini

# 129

**Imba Sangano** – *V. Zvichauya*

*M:* Imba sangano rumbidza Mambo

*V: S* Rumbidzaa rumbidza Mambo rumbidza mufudzi wakoo nenziyo sangano rumbidza mufudzi wako nenziyo

*B* Rumbidza Mambo – Mambo wako rumbidza mufudzi wakoo nenziyo sangano rumbidza mufudzi wako nenziyo

*Madetembo:*

1.Onaka pamberi pedu tinoona, chingwa chinopa vanhu upenyu
2.Ndicho chakapiwa kuvadzidzi, naMambo omene padara paya
3.Yesu mufudzi wakanaka tinzweiwo, mugotipa chingwa choupenyu
4.Mutizadze noupenyu hwenyu, mukasadaro tingapera kufa

# 130

**Imba Sangano** – *L. Hakireni*

*M* Imba sangano

*V: All* Rumbidza Mambo wako…

*M:* Rumbidza ne-nziyo

*V: All* Rumbidza mufudzi wako --- nenziyo….

*Madetembo:*

1.Onaka pamberi pedu tinoona --- chingwa chinopa vanhu upenyu
2.Ndicho chakapiwa kuvadzidzi --- naMambo omene padara paya
3.Yesu mufudzi wakanaka tinzweiwo --- mudotipa chingwa choupenyu
4.Mutizadze noupenyu hwenyu --- mukasadaro tingapera kufa

*Chorus:*

*All* Rumbidza Mambo --- Mufudzi wako

## 131

**Imbai Nomufaro Kristo Wakanunura -** *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M: S* Imbai nomufaro-o
*V: All* Kristo wakanunura vanhu vake
*M: S* Imbai
*V: All* Imbai nomufaro
*M: S* Nomufaro
*V: All* Kristo akanunura vanhu vake
*M: S* Imbai
*V: All* Imbai nomufaroho Areruya

*Madetembo:*

1.Pururudzirai Mwari imi nyika dzose
2.Murumbidze zita rake
3.Rumbidzai mbiri yake
4.Nokuti akatipa rupenyu
5.Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza
6.Nokuti Mwari ndiye Mambo wedu
7.Iye akamuka muvafi ndiye akatifira pachipiyaniso

*Chorus:*

*V: All* Kristo akanunura vanhu vake
*M: S* Imbai
*V: All* Imbai nomufaroho

## 132

**Imbai Rwiyo Rwokurumbidza** – *Fr F.M. Nhakuza*

*M: S/A* Imbai rwiyo rwokurumbidza Tenzi Mwari
Paridzai ukuru hwezita rake
*V: S/A* Pamusana, pamabasa ake ose, mutendei, mutendei pamusana pamabasa ake ose muchiimba nziyo muchiridzawo madimbwa.
*T* Mutendei --- pamusana pamabasa ake ose, mutendei, pamusana pamabasa ake ose, muchimurumbidza --- paridzai --- muchiridzawo madimbwa.
*B* Paridzai ukuru --- hwezita rake, muchimu rumbidza nenziyo, dzinobva pamiromo yenyu, paridzai ukuru hwezita rake muchiridzawo madimbwa.

*Madetembo:*

1.*S* Teererai munzwe imi vanakomana vangu vanamati vaMwari muzaruke seruva rakasimwa munyasi merwizi, paridzai …
*A* Teererai munzwe imi navanasikana vangu vanamati vaMwari muzaruke seruva rakasimwa munyasi merwizi, paridzai …
2. Nhuwirirai serusenzi, tumbukai seruvaramahapa, muimbe kwose kwose nokunhuwirira kwenyu, paridzai…

*Chorus:*

*S/A* Mabasa aMwari akanaka --- nezvo chiimbai muchirumbidza zita raMwari

muchiimba nziyo muchiridzawo madimbwa

*B* Mabasa aMwari akanaka, anopa zvinodikanwaha nenguva yazvo, nemoyo yenyu yose, namanzwi enyu-u muchiridzawo madimbwa

*T* Mabasa aMwari akanaka chiimbai, chiimbai muchirumbidza Mwari paridzai, muchiridzawo madimbwa

*Madetembo:*

3.Hakuzi kunaka kwakaita mabasa ose aMwari

4.Chiri chose chaanoti  ngachiitwe chinobva chaitwa nenguva iyoyo

5.Nenzwi rake roga,mvura yakaganhuka kuererayoungana akangotaura chete ndokubva paita madziva emvura

6.Zvaanoda zvinoitwa nenzwi rake chete, uye hakunaa angadzivise simba rake rokuponesa

7.Mabasa ose avanhu ari pamberi pake, hakuna angagone kuvanda maziso ake.

8.Anokomborera nyika yose,sokukomborera kunoita rwizi nyika yakaoma,achiinyorovesa samapopopo emvura

9.Pamusana paizvozvo, kubvira pakutanga ndakanyatsogutsikana, ndakanyatso-zvifungisisa, ndokubva ndazvinyora ndichiti

# 133

**Imbirai Mambo** – *Sr Cecilia Mushayapokuvaka (PBVM)*

*M:* Imbirai Mambo

*V: S/A* Imi mabasa aMambo imbirai Mambo – Murumbidzei nokumukudza narini – Imi mabasa ake ose

*B* Imi mabasa ake ose imbirai Mambo – Imbirai mambo imi mabasa ake ose

*Madetembo:*

1.Nhume dzaMwari imi matenga.

2.Imi madziva ari mumakore, mose mapfumo aMambo.

3.Zuva nomwedzi, nyenyedzi dzedenga.

4.Matsvotsvotsvo emvura nedova, imi mhepo dzose.

5.Imi moto nokudziya, kutonhora nokutonhorera.

6.Imi chiedza nerima, mupande namakore.

# 134

**Imbirai Tenzi Imi Vanhu** – *S.T. Taoneyi*

*M:* Imbirai Tenzi imi vanhu

*V: S/A* Imbai imi vanhu, farai pururudzayi nomoyo wenyu wose

*B* Imi imbayi pururudzirayi wenyu wose

*Madetembo:*

1.Tenzi azogumisa kurangwa kwenyu azobvisa mhandu dzenyu dzose

2.Tenzi Mambo anemi simba rake richaita kuti mukunde

3.Tenzi Mwari anemi hapachina chokutya zvino

*Chorus:*
*S/A* Imbayi pururudzayi nokufara
*B* Imi imbayi pururudzayi noku-fara

## 135

**Imi Amai Maria Makakomborerwa** – *H.A.C. Matias*
*M:* Imi amai Maria-aa makakomborerwa
*V: S/A* Makapihwa naMwari kuvatadzi navatsvene, makakomborerwa mai Maria, rufaroii nechitarisiro chamunopa, avo vanovimba netsitsi dzaKristo
*B* Makapihwa naMwari kuvanhu vose, makakomborerwa – Maria, rufaroi nechitarisiro chamunopa --- Maria makakomborerwa
*Madetembo:*
1.Ndinokudai somwana mudiki, ndinodokwairira rudo rwenyu Maria
2 Kunyangwe zvangu ndisingakodzeri amaii, ndiwanireiwo rudo rwokuda Mwari narwo
*(Change of Drums)*
*Chorus:*
*S/A* Makanakisa-a, makapfava Maria, hapana watingaenzanisa norunako rwenyu, muzere netsitsi, norupfave-he amai-hi --- rambai muchindireverera
*B* --- Makanakisa makapfavisa Maari-a, hakuna akaita semi --- tsitsi norupfave amaiii rambaaaaaai muchindireverera
*Madetembo:*
1.Nokuti Mwari akandida kubva pakutangaha, rambai muchindireverera
2.Imi amai vasina rusaruro, rambai muchindirevereraHazvina kumbonzwika kana nakare kose-he kuti mutadzi anochema ari
3.patsoka dzenyu, akashaya rubatsiro
4.Makapona Yesu mwanakomana waMwari woga, ndiye akatiponesa Mariaaaaa

## 136

**Imi Makachena Mopenya Sezuva** – *O.P.D Tagwasha*
*M:* Imi makachena mopenya se-zuva
*V: S/A* Imi mai vangu vakanaka ndoenda ku-piko, ini namatadzo, kwamuri ndouya mai vadiwa.
*B* --- Mai vangu vakanaka ndoenda ku-piko, ini namatadzo --- ndouya mai vadiwa
*Madetembo:*
1.I-mi makachna ndouya mai kwamuri.
2.Mwoyo wangu unosuwa kuva nemi.
3.Munozvinzwa zvose imi amai Maria.
4.Ndi-no-ku-mbi-ra kubatsirwa nemi.

*Chorus:*

*S/A* Ndoenda ku-piko, ini namatadzo, kwamuri ndouya mai vadiwa.

*B* Ndoenda ku-piko, ini namatadzo --- ndouya mai vadiwa.

# 137

**Imi Makaravira Tsistsi DzaTenzi** – *Rev.T.W. Papani*

*M:* Imi makaravira tsitsi dzaTenzi

*V: All* Zvino chiuyai chiuyai kuna Tenzi ibwe rakanaka rakaraswa navavaki vachiti harina basa. Rakazosarudzwa naMwari seibwe rinokosha kwazvo.

*Madetembo:*

1. Ini ndakasarudza ibwe rakanaka randichaita mbiru yeZioni.
2. Saka ani nani anotenda kwaari haazombonyadziswi.
3. Iye akakudanai kubva murima guru kuti muuye kuchiyedza.
4. Makange musiri vanhu vaMwari asi mava vanhu vake.
5. Kare makanga musingazivi tsitsi dzake asi zvino makagamuchira tsitsi dzake.

*Chorus:*

*S/A* Uyai samabwe akanaka, mabwe akanaka mushandiswe pakuvaka imba yaMwari-i mamuchazoshanda savashumiri vanoera vanopira zvibairo kuna Mwari

*B* Uyai samabwe, mabwe akanaka, mabwe akanaka mushandiswe pakuvaka imba yaMwari-i mamuchazoshanda savashumiri vanoera vanopira zvibairo kuna Mwari.

# 138

**Imi Makati Pana Vaviri Kana Vatatu** – *M. Chiwanza*

*M* Imi makati pana vaviri kana va-tatu muzita rangu ini ndichavapoo

*V: S/A* Pana vavaviri kana vatatu muzita rangu ini ndichavapo --- Baba ivai-i nesu pose patinoungana–a, tichida kurumbidza zita renyu-u Baba vadiwa

*B* --- Mwari mutipewo ruvheneko rwenyu --- patinoungana --- imi Mwari --- Baba vadiwa mitipewo ruvheneko rwenyu --- patinoungana ivai nesu --- Baba vadiwa

Chorus:

*S/A* --- Kwete --- kwezviso chete asi pakugarisana navamwe --- ti-vewo namagari-i-ro echiKristo

*B* Tiiteiwo vakanaka --- kwete kunaka kwezviso chete --- pakugarisana navamwe uye patsika --- namagari-i-ro echiKristo

*Madetembo:*

1. Mwari tinokumbira kuti, mutikombore-rewo isu vana venyu
2. Tinokumbira kuti mutipewo masimba, okukunda miedzo yapasi pano
3. Tibvisireiwo shanje, nohusimbee mukati medu Mwari Baba

## 139

**Imi Mambo Muripo** – *T.M. Dunduru*

*M:* Imi Mambo muripo

*V: S/A* Makangogara muripo Mambo tinokutendai Mambo muripo

*B* Makangogara muripo uye Mambo tinokutendai muripo

*Madetembo:*

1. Musarangarire kutiranga pamusana pezvakaipa zvamadzibaba edu, ngoni dzenyu ngadzikurumidze kuchingamidzana nesu
2. Tibatsirei Mwari muponesi wedu, nokuda kwomukurumbira wezita renyu
3. Uyai kuzotirirwa, penyesai chiso chenyu isu tiponeswe
4. Ipapo hatingazobva kwamuri, tiraramisei isu tigodana zita renyu
5. Tichakutendai nokusingaperi, ticharatidzwa kurumbidzwa kumarudzi ose

*Chorus:*

*All* Uye Mambo tinokutendai muripo

## 140

**Imi Mambo Muripo** – *J E Chipato*

*M* Imi Mambo muripo-o

*V: S/A* Imi Mambo muripoo uyee makangogara muripo makangogara muripo imi Mambo tinokutendai

*B* --- Muripo Mambo muripo uye makangogara muripo makangogara muripo imi Mambo tinokutendai

*Madetembo:*

1. Musarangarire kutiranga pamusoro pezvakaipa zvamadzibaba edu
2. Ngoni dzenyu ngadzikurumidze kuchingamidzana nesu
3. Tibatsirei Mwari muponesi wedu nokuda kwomukurumbira wezita renyu
4. Uyai kuzotirwira isu tiponeswe
5. Ipapo hatingazobva kwamuri tiraramisei isu tigodana zita renyu

*Chorus:*

*S* Tichakutendai nokusingaperi ticharatidzwa kurumbidzwa kwenyu kumarudzi ose

*B* Tichakutendai ticharatidzwa kurumbidzwa kwenyu kumarudzi ose

## 141

**Imi Muchagamuchira Simba** – *Dumbura*

*M:* Imi muchagamuchira simba

*V: B* Simba raMweya Mutsvene pupurira nokumiganhu yapasi

*S/A* --- RaMweya Mutsvene nokuzondipupurira nokumiganhu yapasi

*Madetembo:*

1. Uyai mururamisi Mwari wesimba rose
2. Komborerai mupiro wedu

3. Tinogadzirira zvipo kuti zita renyu rikudzwe
4. Simbisai Mwari izvo zvamakatiitira
5. Madzimambo achakuvigirai zvipo
6. Musatidzinge pamberi pechiso chenyu makatizora mafuta matsvene

*Chorus:*

*S/A* Nokuzondipupurira nokumiganhu yapasi

*B* --- Pupurira nokumiganhu yapasi

## 142

**Imi Muchagamuchira Simba** – *C. Togo*

*M:* Imi muchagamuchira simba

*V: S* Simba raMweya Mutsvene nokuzondipupurira imi muchagamuchira simba, nokumiganhu yapasi

*B* Simba nokumiganhu yapasi yapasi muchagamuchira simba noMweya Mutsvene nokumiganhu yapasi-i

*Madetembo:*

1. Uyai mururamisi Mwari wesimba rose, komborerai mupiro wedu
2. Tinogadzirira zvipo kuti zita renyu rikudzwe

## 143

**Imi Muri Munyu Wapasi** – *J.K. Dzingai*

*Part 1:*

*M:* Imi muri munyu wapasi

*V: S/A* Muri munyu wapasi, muri munyu wenyika, muri munyu wapasi, muri munyu wapasi, muri munyu wenyika-a

*B* Muri munyu, muri munyu wapasi, muri munyu, muri munyu, muri munyu, muri munyu wenyika-a

*Madetembo:*

1. Munyu wakaipa ucharaswa
2. Ucharaswa uko kwauchandotsikwatsikwa navanhu

*Part 2:*

*M:* Chiyedza chenyika

*V:S/A/B* Ivai chiyedza chenyika-a, chiyeedza chokuvhenekera-a, ivai chiyedza chenyika

*T* Ivai chiyedza chenyika, chiyedza chapasi, ivai chiyedza chenyika

*Madetembo:*

1. Hakuna angatungidza mwenje agoukwidibira netswanda
2. Chiedza chiripo kutandanisa rima

## 144

**Imi Mwari Mune Ngoni** – *O. Mutyanda*

*M* Imi Mwari mune ngoni

*V: S/A* Mukutambudzika ndinochema kuna Tenzi, nezuva rokutambudzika kwangu, ndinochema ndinochema ndichifunga Mwari, ndichitsvaga Tenzi

*B* Mukutambudzika ndinochema kuna Tenzi, nezuva rokutambudzika kwangu, ndinochema --- ndinochema, ndichitsvaga Tenzi

*Madetembo:*

1. Munosunungura vanhu venyu Tenzi noruoko rune simba
2. Tinorangarira zvishamiso zvenyu, namabasa enyu Tenzi
3. Makaratidza ndudzi dzavanhu vose, simba renyu Tenzi

*Chorus:*

*S/A* Mwari mweya wangu unoramba kunyaradzwa, ingorerekai nzeve dzenyu kwandiri, ndinotambudzika ndichitsvaga Tenzi

*B* Mwari mweya wangu, mweya wangu --- kunyaradzwaa, kwandiri ndinotambudzika ndichitsvaga Tenzi

## 145

**Imi Mwari Ndimi Mwari Wangu** – *P. Masamba*

*Part 1:*

*M: S/A* a) Imi Mwari ndimi Mwari wangu ndinokutsvakai
b) Ndimi Mwari wangu ndinokutsvakai

*V: S/A* Mweya wangu une nyota nemi-i, muviri wangu une chisuwo nemi, saka regai ndikuonei, regai ndikuonei muzvimbo inoera

*B* Mweya wangu une nyota nemi-i --- une chisuwo nemi-i-i, saka regai ndikuoneihi, ndikuonei-hi inoera

*Chorus:*

*S/A* Saka regai ndikuonei, regai ndikuonei muzvimbo inoera

*B* Saka regai ndikuonei-hi --- ndikuonei muzvimbo inoera

*Madetembo*:

1. Ndichinanganidza simba renyu nembiri yenyu
2. Nokuti ngoni dzenyu dzakanaka kudarika upenyu
3. Muromo wangu uchakurumbidzai

*Part 2*:

*M: S/A* Naizvozvo ndichakurumbidzai

*V: S/A* Ndichakurumbidzai, ndichakurumbidzai, ndichakurumbidzai --- muupenyu hwangu hwose

*B* --- Mambo ndichakurumbidzai --- ndichakurumbidzai --- muupenyu, hwangu hwose

*Madetembo:*

1. Ndichasimudza maoko angu ndichidaidza zita renyu

2.Mweya wangu unoguta nezvinhu zvakanaka
3.Muromo wangu uchakuimbirai nziyo dzokurumbidza

## 146

**Imi Mwari Ndinzwirei Nyasha** – *G. Gondo*

*M: S/A* Imi Mwari-i, ndinzwirei nyasha-a

*V: S/A* Ndinzwirei nyasha imi Mwari-i, ndinzwirei nyasha, nokuti ndinotizira kwamuri, ndichavanda mumumvuri wamapapiro enyu, hongu ndichavanda mumumvuri, kusvikira njodzi, dzapfuura-a-a.

B Mwari ndinzwirei nyasha, ndinzwirei nyasha, ndinzwirei nyasha-a, ndinotizira kwamuri, ndichavanda mumumvuri wamapapiro enyu, hongu ndichavanda mumumvuri, kusvikira njodzi, dzapfuura-a-a.

*Madetembo:*

1. Ndinovata pakati peshumba, dzinofarira kudya nyama yavanhu.
2. Shumba dzine meno anenge mapfumo nemiseve, nendimi dzinenge bakatwa rinopinza-a.
3. Vakandidzikira mumbure, vachida kundibata, ndakasuwa zvikuruu ndakasuwa-a.
4. Vakandicherera hunza, asi ivo pachavo ndivo vakawira mukati mayo-o.
5. Moyo wangu wakasimba. Moyo wangu wakasimba, ndichaimba ndichikurumbidzai imi Mwari-i.

*Chorus:*

*S/A* Ndinodaidzira kuna Mwari wokumusorosoro, Mwari vanondiitira zvose-e, vachatuma rubatsiro kuti vandiponese, ivo vacharwisa, vachikunda, mhandu dzangu-u.

*B* --- Mwari vokumusorosoro, Mwari vokumusorosoro Mwari vokumusorosoro vachatuma rubatsiro, vari kudenga, ivo-o, vacharwisa vachikunda-a, mhandu dzangu-u.

## 147

**Imi Ndimi Moga Muna Masimba** – *Sr Dolores Nyathi (HLMC)*

*M:* Imi ndimi moga muna masimba ose

*V: S/A* Mutsvene makaisvorurama, makanaka kwazvo Mwari-i Mambo

*B* Mutsvene makaisvorurama, makanaka --- Mwari-i Mambo

*Madetembo:*

1. Munogona kuita zvose imi ndimi mururami Mambo wezviro kwazvo
2. Mune upenyu husina mavambo husingatsukunyuki kana kusuduruka
3. Husingaperi kana kukuhumuka hunongoramba hwakadaro murumbidzwe narini

*Chorus:*

*S/A* Tinokutunhidzai, tinokurumbidzai, tinokuomberai misi yose

*B* --- Tunhidzai --- rumbidzai --- omberai misi yose

## 148

**Imi Rumbidzai Mambo** – *Sr Perpetua Muza (Holy Cross)*

*M:* Imi rumbidzai Mambo
*V: S/A* Imi vafiri vechitendero, rumbidzai Mambo imi nokusingaperi
*B* --- Vechitendero, rumbidzai Mambo --- nokusingaperi

*Madetembo:*

1. Musatye vanhu avo --- vanokutambudzai nokukuurayai
2. Kana munhu achishumira Yesu --- ngaamutevere iye Mambo
3. Nepaanenge ari iye --- muranda wake achavapawoKana munhu achida kutevera Mambo --- ngaasimudze chipiyaniso chake amutevere
4. Imi Mwari makagadzirira varombo --- zvipo zvenyu zvakanaka
5. Mwari makaraira simba renyu --- simbisai Mwari izvo zvamakatiitira
6. Imbirai Mwari, imi ushe hwepasi --- imbirai Mambo nziyo dzokurumbidza
7. Ipai Mari simba rake --- simba rake riri pamusoro pamakore
8. Imi Mwari munotyisa --- panzvimbo dzenyu dzinoera
9. Mwari anopa vanhu vake --- vanhu vake simba noumambo

## 149

**Imi Tenzi Ndichengetei** – *J. Mutandiko*

*M: S/A* Imi Tenzi ndichengetei
Te-nzi ndichengetei
*V: S/A* Ndichengetei Te-nzi --- imi Tenzi ndinunure-i kumharadzi dzinoda kundiparadza
*B* Ndichengetei Te-nzi ndichengetei – ndinunure Te-nzi kumharadzi dzinoda kundiparadza

*Madetembo:*

1. Vanodada vakanditeya nemisungo yamapote, ndinoti kuna Tenzi
2. Vakateya munzira dzangu misungo yokundibata, ndinoti kuna Tenzi
3. Mwa-ri musape vavengi va---ngu zvavanotsvaga, ndinoti kuna Tenzi

*Chorus:*

*S/A* Ndimi Mwari wangu – tererai imi Tenzi tererai Tenzi – tererai imi Te-nzi munyengetero wangu
*B* --- Ndimi Mwari – tererai Tenzi – tererai Tenzi – imi Tenzi munyengetero wangu

## 150

**Imi Tenzi Ndichengetei** – *S D. Mutandadzi*

*M* Imi Tenzi ndichengetei

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Ndichengetei Tenzi ndirege kuwira mumaoko avakaipa, Tenzi ndichengetei ndirege kuwira kumharadzi dzinofunga nezvokundiparadza.
*B* Imi Tenzi ndichengetei, ndinunurei imi Tenzi ndirege kuwira ---

dzinofunga nezvokundiparadza

*Madetembo:*

1. Ndinunurei Tenzi kuvanhu vakaipa
2. Vanoita rurimi rwavo rupinze serwenyoka
3. Mumiromo yavo mune uturu hwakafanana nehwechiva
4. Ndinoti kuna Tenzi ndimi Mwari wangu tererai imi Tenzi munyengetero wangu

# 151

**Imi Varombo Makakomborerwa** – *G.S. Wenzeri*

*M:* Imi varombo makakomborerwa
Varombo makakomborerwa

*V: S/A* Makakomborererwa imi varombo --- nokuti umambo hwedenga ndohwenyu-u, makakomborerwa imi mune nzara nenyota muchazogutswa

*B* Imi varombo --- imi --- ma – komborerwa --- makakomborerwa imi mune nzara yoururami muchazogutswa

*Madetembo:*

1. Farai kana vanhu vachikuvengai
2. Vachikupomerai zvakaipa pamusana pangu
3. Nyangwe zvose izvi dziri nhema
4. Mubairo wenyu mukuru kudenga

*Chorus:*

*S/A* Imi munotambudzwa pamusana pokuita zvinoda Mwari, munonzwira vamwe tsitsi makakomborerwa Mwari vachakunzwiraiwo tsitsi

*B* Imi munotambudzwa pamusana pokuita zvinoda Mwari --- vamwe tsitsi makakomborerwa --- nzwiraiwo tsitsi

# 152

**Imi Yesu Makati** – *H.N. Machacha*

*M: S/A* Imi Yesu makati

*V: All* Regai vaduku vauye kwandiri musavarambidza nokuti umambo hwedenga ndohwavakadai

*Madetembo:*

1. Zvino vakanga vauya navacheche kwaari asi vadzidzi vakavatuka
2. Kuti agoisa maoko ake pamusoro pake
3. Yesu akazviona akati regai vadiki vauye --- kwandiri

*Chorus:*

*S/A* Zvirokwazvo ndinoti kwamuri asingagamuchiri --- ushe hwaMwari somuduku haangatopindi ma-huri

*B* Regai vana, regai vana vauye kwandiri musava-rambidza nokuti humambo hwedenga ndohwavakadai

# 153

**Ini Maria Ndinoda** – *Sr Mary Mandeya (HLMC)*

*M:* Ini Maria ndinofa
Maria ndinoda

*V: S/A* Ndinoda kugara somwana wenyu virago mune-e simba amai vaKristo virago mune tsitsi tambirai kukudai kwangu handidi kusiya imi Maria

*B* --- Kugara somwana wenyu virago munee simba amai vaKristo virago mune tsitsi tambirai kukudai handidi kusiya imi Maria

*Madetembo:*

1.Mbiri yavavirigo tinokukudzai muri kubatsira vaKristo

2.Mukutambudzika nemhandu dzavo ndinokutetazve ndikumbirire

*Chorus:*

*All:* Zvikuru muri kunyaradza vanoringira kunemi Maria ndikumbirire

# 154

**Ini Ndini Chiedza** – *C. Chawasarira*

*M:* Ini

*V: B* Ndini chiedza – achinditevera ndini chiedza ndini chiedza choupenyu

*S:* --- Anenge achinditevera achazova nechiedza, ndini chiedza chapasi, nechiedza choupenyu

*A* --- Anenge achinditevera, ndini chiedza ndini chiedza choupenyu

*Madetembo:*

Part 1:
1.Mwari ngaatipe gomborero
2.Nokutikomborera
3.Ngaapenyese chiso chake
4.Chiso chake pamusoro pedu
5.Pasi pano panoziva
6.Panoziva nzira dzenyu – Ini

*Part 2:*
7.Marudzi ose avanhu
8.Anoziva ruponeso rwenyu
9.Vanhu ngavakutendei
10.Ngavakutendei Mwariwe
11.Vanhu vose ngavakutende
12.Marudzi avanhu ngaafare
13.Ngaafare nokuimba
14.Nokuti munotonga nyika
15.Munotonga zvakarurama
16.Munotonga vanhu nokururama – Ini

*Part 3:*
17.Munobata umambo pamusoro
18.Pamarudzi avanhu
19.Vanhu ngavakutendei
20.Vanhu vose ngavakutendei
21.Nyika yakapa muchero
22.Muchero wayo Mwari

23.Mwari ngaatikomborere
24.Pasi pose ngapamutye – Ini

## 155

**Ini Ndini Chiedza** – *B R.Mutindimuri*

*M* Ini ndini chiedza chapasi

*V: S* Ini ndini chiedza chapasi anenge achinditevera achazova achazova nechiedza choupenyu-u-u

*B* Ini ndini chiedza chapasi anenge anenge achinditevera achazova nechiedza choupenyu-u-u

*Madetembo:*

1.Mwari ngaatipe gomborero nokutikomborera
2.Ngaapenyese chiso chake pamusoro pedu
3.Pasi pano panoziva nzira dzenyu

*Chorus:*

*S* Anenge achinditevera achazova achazova nechiedza choupenyu

*B* --- Anenge achinditevera achazova nechiedza choupenyu

## 156

**Ini Ndini Muhwaini Wechokwadi** – *J.V. Chinondo*

*M: S/A* Ini ndini muhwaini wechokwadi
Ndini muhwaini wechokwadi

*V: S/A* Ini ndini muhwaini wechokwadi --- ndimi matavi Baba vangu vanopazurira davi rimwe nerimwe kuti rigobereka michero yakawanda

*B* --- Muhwaini wechokwadi imi --- matavi murimi --- vanopazurira davi rimwe nerimwe kuti rigobereka michero yakawanda

*Madetembo:*

1.Imi makatonatswa neshoko randakareva kwamuri
2.Garai mandiri ini ndigogarawo mamuri
3.Kana davi risingagari pamuhwaini harigoni kubereka michero
4.Naizvozvo imi hamungabereki michero kana musingagari mandiri
5.Nokuti kana musingagari neni hapana chinhu chamungagone kuita
6.Munhu asingagari mandiri anorasirwa kunze sedavi ndokuoma
7.Zvino matavi akadaro anounganidzwa okandwa mumoto ndokutsva
8.Kana muchigara mandiri namashoko angu achagarawo mamuri
9.Kumbirai henyu zvamunoda muchazviitirwa

*Chorus:*

*All* Baba vangu vanopazurira davi rimwe nerimwe rinobereka michero kuti rigonyanyo kubereka michero yakawanda

## 157

**Ini Ndinokurumbidzai Mambo** – *S.M. Ponde*

*M:* Ini ndinokurumbidzai Mambo

*V: S* Nomwoyo wangu wose Mambo

*B* Nomwoyo wangu wose nhai Mambo
*M:* Mweya wangu unopemberera
*V: All* Nomwoyo wose
*Madetembo:*
1.Nokuti wakatarisa netsiye nyoro
2.Murandanando wake
3.Chionai kubvira zvino
4.Marudzi ose achanditi munatswi
5.Nokuti samasimba wakandiitira zvinhu zvikuru
6.Zita rake rinoera
7.Anonzwira tsitsi vanomutya
8.Kubvira chizvarwa nechizvarwa
*Chorus:*
*S* Ndinokurumbidzai Mwari muponesi wangu ini ndinorumbidza
*B* Ndinokurumbidzai Mwari muponesi wangu --- ndinorumbidza

# 158

**Ini Ndinokurumbidzai Mambo** – *C. Chawasarira*
*M:* Ini ndinokurumbidzai Mambo
*V: S/A* Nomweyo wangu wosee – mweya wanguwo unopembereraha --- muponesi wangu
*B* Nomweyo wangu wosee – mweya wanguwo unopembereraha – Mwari muponesi wangu
*Madetembo:*
1. Ini ndinokurumbidzai Mambo nomwoyo wangu wose, nokuti wakatarisa
2. netsiye nyoro muranda nhando wake
3. Chionai kubvira zvino marudzi ose achanditi munatswi, nokuti Samasimba wakandiitira zvinhu zvikuru zita rake rinoera
4. Anonzwira tsitsi avo vanomutya kubvira chizvarwa nechizvarwa
5. Anoita zvina masimba noruoko rwake anoparadza vanozvikudza nendangariro dzemwoyo yavo
6. Anobvisa vanyamasimba pazvigaro zvavo achisimudzira vanhu nhando
7. Vanenzara anovagutsa nezvinhu zvakanaka vapfumi anovaendesa vasina
8. Wakabatsira Israeri muranda wake sezvaakatsitsidzira madzibaba edu
9. Akayeukawo tsitsi dzake kunaAbrahama nokuna vedzinza rake nemisi isingaperi

# 159

**Inzwai Kuchema Kwangu** – *J. Madondo*
*M:* Inzwai kuchema kwangu ndipembedzei Mwari
*V: S/A* Kupembedzwa kwangu ngakubve kwamuri onai zvinhu zvakanaka pandiri rerekerai nzeve dzenyu kumikumbiro yangu imi Tenzi Mwari wangu muteerere kuchema kwangu.

*B* Kupembedzwa kwangu ngakubve kwamuri Mwari wangu --- zvinhu zvakanaka pandiri rerekerai nzeve dzenyu kumikumbiro --- Imi Tenzi Mwari wangu teererai kuchema kwangu

*Madetembo:*

1. Ndinodaidzira kwamuri imi Mwari nokuti munondipindura Tenzi tereerai kuchema kwangu, ratidzai nyasha dzenyu
2. Rerekerai nzeve dzenyu kwandiri Tenzi, munzwe kuchema kwangu, ratidzai nyasha dzenyu
3. Nunurai hupenyu hwangu kuvanhu vakaipa, ndifambisei mumakwara enyu oururami, ratidzai nyasha dzenyu

*Chorus:*

*S* Ratidzai nyasha, nyasha dzenyu ¬mununure hupenyu hwangu Mwari simukai Tenzi simukai mundivanze mumumvuri wenyu ndizvengesei kunzira dzomuparadzi mununure hupenyu hwangu

*A* Ratidzai nyasha, ratidzai nyasha, nyasha dzenyu ¬mununure hupenyu hwangu Mwari simukai Tenzi simukai mundivanze mumumvuri wenyu ndizvengesei kunzira dzomuparadzi mununure hupenyu hwangu

*B* Ratidzai nyasha nyasha dzenyu mununure hupenyu simukai Tenzi ndinzwireiwo tsitsi mundivanze mumapapiro enyu ndizvengesei Tenzi kuvanhu vakaipa, nunurai hupenyu hwangu

# 160

**Ipai Mwari Imi Mhuri Dzavanhu** – *J. Manyepa*

*M:* Ipai Mwari imi mhuri dzavanhu

*V: S/A* Ipai Mwari rukudzo nesimba-a, ipai Mwari mupiro-o, dudzirai mbiri yaMwari imi mhuri dzavanhu

*B* --- Rukudzo nesimba-a, ipai Mwari-i mupiro-o, dudzirai-i, imi mhuri dzavanhu

*Madetembo:*

1. Paridzai mabasa anoshamisa aMwari pakati pendudzi dzose
2. Nokuti Mwari wakanaka anoponesa, ngoni dzake dziri pamarudzi namarudzi
3. Tiri vanhu vaMwari namakwai anofudzwa naye

*Chorus:*

*S/A* Uyai nezvipo, uyai nezvipo zvomupiro-o, imi vanhu mupinde muruvanze rwake

*B* Uyai nezvipo --- zvipo zvomupiro uyai-i --- mupinde muruvanze rwake

# 161

**Ipai Rutendo** – *M. Makamure*

*M:* Ipai rutendo

*V: All* Kuna Mambo wakanaka

*M:* Mambo

*V: All* Tsitsi dzake hadziperi

*Madetembo:*

1.Ndiye woga anoita manenji makuru --- Ndiye wakasika denga noungwaru
2.Ndiye wakasika nyika nemvura --- Ndiye wakakunda,masimba asatani
3.Wakasunungura vanhu vake kuzvivi --- Wakaita izvi nesimba rake oga
4.Ndiye wakatipa mvura yebhapatisimo --- Munova ndimo munoponeswa vatenderi
5.Munova ndimo mononyudzwa huipi --- Wakatibatsira vanhu vake munhamo
6.Wakatirwira kuvavengi vavo --- Ndokuvapa nyika yavakapikira

*Chorus:*

*All* Mambo moyochena --- tsitsi dzake hadzi-peri

# 162

**Ipai Rutendo** – *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*

*M:* Ipai rutendo
*V: S/A* Kuna Mambo wakanaka-a, mwoyochena wake hauperi
*B/T* --- Ipai rutendo kuna Mambo wakanaka-a hauperi

*Madetembo:*

1. Ipai rutendo kuna Mambo woga, rutendo kuna Mambo wamadzimambo
2. Ndiye woga anoita manenji makuru, ndiye wakasika denga noungwaru
3. Ndiye wakasika nyika nemvura, ndiye wakakunda masimba asatani
4. Akasunungura vanhu vake kuzvivi, wakaita izvi nesimba rake oga
5. Ndiye wakatipa mvura yebhapatisimo, munova ndimo munoponeswa vatenderi
6. Wakabatsira vanhu vake munhamo, akavarwira kuvavengi vavo

# 163

**Ipai Rutendo Kuna Mambo Wakanaka** – *P. Masamba*

*M: S* Ipai rutendo kuna Mambo wakanaka
*V: S/A* Ipai rutendo kuna Mambo oga, ipai ru-tendo kuna Mambo wamadzimamboo mwoyochena wake hauperi
*B* --- Mambo ipai rutendooo, rutendo, wamadzimambo rutendo, mwoyochena wake hauperi

*Madetembo:*

1. Ndiye wakatipa mvura yebhapatisimo, munova ndimo munoponeswa vatenderi, munova ndimo mononyudzwa uipi
2. Wakabatsira vanhu vake munhamo, akavarwira kuvavengi vavo, ndokuvapa nyika yaakavapikira
3. Wakatiyeuka muurombo hwedu hwose, anogutisa vanhu neemhuka, ipai rutendo kuna Mambo wedenga

*Chorus:*

*S/A* Wakaita izvi nesimba rake oga, wakaita izvi nesimba rake oga, wakaita izvi nesimba rake oga (x2)

*B* --- Izvi nesimba-a rake oga, izvi nesimbaa rake oga, wakaita izvi --- rake oga (x2)

## 164

**Ipapo Mwari Aripowo** – *T.M. Dunduru*

*M:* Ipapo Mwari aripowo
*V: S/A* Pane chido norudo ipapo Mwari aripowo alleluia pane chido norudo
*B* --- Pane chido norudo ipapo Mwari aripowo --- pane chido norudo

*Madetembo:*

1. Anogara achibereka, vana vako vazhinji
2. Uchaona vana vavana vako, uye norugare
3. Vachaimba vachireva nzira dzaMwari, nokuti mbiri yake ihuru
4. Uchaona chikomborero chaMwari, mazuva ose orupenyu rwako
5. Nokuti Mwari ari kumusoro, kunyange zvakadaro ane hanya navanhu vose
6. Rudo rwaKristo rwakatiunganidza pamwe chete, ngatipembere nokufara naye

*Chorus:*

*S* Mukadzi wako achava somuzambirika, pamadziro eimba yako
*B* --- Wako achava somuzambirika, chido norudo eimba yako

## 165

**Isimba Rangu Mambo** – *J.Kaseke*

*M:* Isimba rangu Mambo
*V:S/A* I-simba rangu Mambo, norwiyo rwomuromo wangu isiimba rangu Mambo
*B* --- Simba rangu Mambo norwiyoo, rwomuromo wangu isimba --- rangu Mambo

*Madetembo:*

1. Mwari ari parutivi rwangu munhu angandiiteiko
2. Zviri nani kutizira kuna Mwari pane kuvimba nemunhu
3. Vakaipa vakandikomba senyuchi vakadzimwa somoto weminzwa

*Chorus:*

*B:* Tendayi Mwari --- Handingafi handingafi asi ndichararama Mwari muponesi wangu, ndichamurumbidza Mwari wangu.
*S/A* --- Handingafi handingafi asi ndichararama Mwari muponesi wangu, ndichamurumbidzaa Mwari wangu

## 166

**Isu Tose Timhuli Yenu Mwali** - *V. Shoko*

*M:* Isu tose timhuli yenu Mwalii
*V: S/A* Iwhi lenu Mwali Shee
*B* Tate bedu … tutumila pezhulu pedu

*S/A/B* Likumuututumila pezhulu pedu

*Madetembo:*

1.Mwakatishala mwakatishala Mwali
2.Umwenomwe mwakompaa chipo chiche-e.
3.Mukati mwemhuli mwakashala bapupuli nabakwimbi
4.Tinobuza zvipo zvedu nomuyoyo yose

## 167

**Itai Zvose Zvaanokuudzai** – *J. Makaure*

*M:* Itai zvose zvaanokuudzai

*V: All* Itai zvose zvaanokuudzai, itai zvose zvaanokuudzai kuti muitee, Kristo ndiye chiyeedzaa, ndiye chiyeedzaa, chiyedzaa mumhuri dzenyu

*Madetembo:*

1. Maria mai vaYesu vakakokwawo kumuchato paKana muGariria
2. Kuzoti waini yapera, Maria amai vaYesu, vakati kwaari, vanhu ava havasisisna waini
3. Iye akati kwavari munei nazvo nguva yangu haisati yasvika
4. Yesu akaraira varanda vaya, zadzai makate nemvura, akatizve kwavari chicherai mupe kumutariri wozvokudya
5. Ichi ndicho chishamiso chaYesu chokutanga paKana muGariria

*Chorus:*

*All* Kristoo ndiye chiyeedzaa, chiyedza mumhuri dzenyu

## 168

**Ivai Netsitsi Mwari** – *C. Takura*

*M* Ivai netsitsi Mwari

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Mupurigatoriyo shamwari dzedu dzinoripira mhaka dzose hadzichagoni kuzvibatsira Mwari mukuru ivai netsitsi

*B* Mupurigatoriyo shamwari dzedu dzinoripira mhaka dzose dzomirira kurevererwa dzomirira kurevererwa

*Madetembo:*

1. Yeukai vatendi vakafa tikumbirire mweya yadiwa ndokubatana kwavasande, muvazarurire denga renyu
2. Yeukai vatendi vakafa Angere Mikaeri uivotese neropa iro rakakosha, muvazarurire denga renyu
3. Yeukai vatendi vakafa Maria hosi yepurigatoriyo sunungurai hama dzedu, muvazarurire denga renga
4. Yeukai vatendi vakafa titeurire ropa raYesu rigochenesa iyo mweya, muvazarurire denga renyu

## 169

**Ivai Nomwoyo Murefu** – *L. Mupungu*

*M* Ivai nomwoyo murefu tirirai

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Mukudanwa kwenyu tirirai ivai nomwoyo murefu tirirai

*B* Tirirai tirirai ivai nomwoyo murefuu tirirai

*Madetembo:*

1. Zvirerekei muna zvose muregererane zvikanganiso
2. Chimiririrai kugara makabatana sokupiwa kwamunoitwa naMweya

## 170

**Ivai Norufaro Hama Dzangu** – *R. Musiiwa*

*M:* Ivai norufaro-ho hama dzangu

*V: S/A* Ivai norufaro-o kana muchipinda muzviedzo, zviedzo zvizhinji, nokuti kana mukaedzwa mukutenda kwenyu munozogona kutsungirira

*B* Hama dzangu ivai norufaroho, hama dzangu iva norufaroho, nokuti kana mukaedzwa, mukaedzwa munozogona kutsungirira

*Madetembo:*

1. Kana mumwe wenyu asina uchenjeri ngaakumbire kuna Mwari agopihwa
2. Ngaakumbire kuna Mwari nokuti anopa vanhu vose zvakawanda asinganyunyuti
3. Munhu iyeye ngaarege kufunga kuti anozopiwa chinhu naTenzi
4. Munhu iyeye ane mwoyo miviri anoshanduka mukuita kwake.

*Chorus:*

*S/A* Asi ngaakumbire mukutenda, ngaarege kukumbira achizeeza nokuti munhu anozeza anofanana namafungu omugungwa anosaidzirwa nemhepo

*B* Ngaakumbire mukutenda, ngaarege kukumbira achizeza --- munhu anozeza anofanana namafungu --- anosaidzirwa nemhepo.

## 171

**Ivai Vaitiri Veshoko** – *Rev V. Chanyau*

*M:* Ivai vaitiri veshoko

*V: All* Musingangova vanzwi bedzi, ivai vaitiri veshoko musingangova vanzwi bedzi

*Madetembo:*

1. Ndakasimudzira meso angu
2. Sameso omurandakadzi anotarira
3. Anotarira ruoko rwatenzikadzi wake-e
4. Saizvozvo meso edu anotarira kuna Mambo Mwari wedu
5. Tinzwireiwo tsitsi Mwari tinzwireiwo tsitsi
6. Nokuti taguta chose nokukundwa

*Chorus:*
*S/A* Ndakasimudzira ndakasimudzira meso angu kwamuri munogara kudenga
*B* Ndakasimudzira meso angu --- simudzira meso angu kwamuri munogara kudenga

## 172

**Iwe Denga** – *A. Nyika*
*M:* Iwe denga
*V: All* Naisa dova
*M:* Iwe denga
*V: All* Makore donhedzai mururami
*Madetembo:*
1. Ndinosimudzira mwoyo wangu kwamuri, Mwari wangu ndinovimba nemi
2. Vose vanokumirirai imi Mambo, havanganyadziswi
3. Ndiratidzei nzira dzenyu Mambo, ndifundisei nzira dzenyu
4. Meso angu anoramba achitarisa kuna Mambo, nokuti anobvisa tsoka dzangu pamambure
5. Ndiperekedzei muzvokwadi zvenyu, nokuti ndimi muponesi wangu
6. Ringirai kwandiri, ndinzwireiwo tsitsi nokuti ndiri ndoga

## 173

**Iwe Denga** – *J. Makaure*
*M:* Iwee denga
*V: All* Denga naisa dova makore donhedzai mururami iwee denga naisa dova
*Madetembo:*
1. Ndinosimudzira mwoyo wangu kwamuri, Mwari wangu ndinovimba nemi
2. Vose vanokumirirai imi Mambo havanganyadziswi
3. Ndiratidzei nzira dzenyu Mambo ndifundisei nzira dzenyu
4. Meso angu anoramba achitarisa kuna Mambo, nokuti anobvisa tsoka dzangu pamambure
5. Ndiperekedzei muzvokwadi zvenyu nokuti ndimi muponesi wangu
6. Ringirai kwandiri, ndinzwireiwo tsitsi nokuti ndiri ndoga

*Chorus:*
*All* Makore donhedzai mururamii iwee denga naisa dova

## 174

**Iwe Denga Naisa Dova** – *S. Nyamajenjere*
*M:* Iwe denga naisa dova
*V: All* Naisa dova makore donhedzai mururami, iwe denga naisa dova
*Madetembo:*
1. Ndinosimudzira moyo wangu kwamuri, Mwari wangu ndinovimba nemi

2. Vose vanokumirirai imi Mambo, imi Mambo havanganyadziswi
*Chorus:*
*All* Naisa dova makore donhedzai mururami

## 175

**Iye Agotikanganwirawo** – *W.C. Ringisai*
*M: S/A* I-ye agotikanganwirawo
*V: S/A* Ngatizviwisire patsoka dzaMwari --- i-ye agotikanganwirawo --- Mwari tinzwireiwo tsitsi --- imi mugotikanganwirawo
*B* --- Tizviwisire – patsoka dzaMwari --- kanganwirawo nokuda kwounyoro hwenyu --- Mwari imi – kanganwirawo
*Madetembo:*
1. Dzimai zvikanganiso zvedu nokuda kwengoni dzenyu
2. Isai mwoyo wakachena mukati medu – muvandudze mweya wakarurama mukati medu
*Chorus:*
*S/A* Mambo hamudi kuti mutadzi afe – munoda kuti atendeuke atendeuke ararame
*B* Mambo hamudi kuti mutadzi afe hamudi --- atendeuke ararame atendeuke mutadzi atendeuke ararame

## 176

**Iye Anouya Muzita Ramambo** – *C. Takura*
*M* Iye anouya muzita raMambo
*V: S/A* Ngaakudzwe Mwari watishanyirawo, anouya muzita raMambo Mwari, ngaakudzwe Mwari Alleluya
*B* Ngaakudzwe iye Mwari, Mwari watishanyirawo anouya muzita raMambo
*Madetembo:*
1. Uyai marudzi ose pfugamirai Mambo Yesu Kristo
2. Wakakomborerwa uyo anorangarira mashoko aMwari nguva dzose

## 177

**Jesu Akadana Vadzidzi Vokutanga** – *G. Gondo*
*M:* Jesu akadana vadzidzi vokutanga achiti, ‘Nditeverei!’
*V: B* Jesu akadana vadzidzi vokutanga achiti nditeverei, ndichaakuitai varedzi, varedzi vevanhu
*S/A* --- Jesu akadana vadzidzi vokutanga achiti nditeverei, ndichakuitai varedzi, varedzi vevanhu
*Madetembo 1:*
1. Simon Peter naAndireya, nditeverei

2.Jemusi najohwani vana vaZebhedhiya, nditeverei
3.--- mwana wa ---- nditeverewo
*Madetembo 2:*
1.Vakasiya baba vavo vakatevera Jesu
2.Vakasiya mabure avo vakatevera Jesu
3.Vakasiya pfuma yose vakatevera Jesu
4.Vachinzwa shoko, vakasiya zvose
*Chorus:*
*S/A* Vakasiya zvose, vakatevera Kristo, vakasiya zvose vakatevera Jesu
*B* --- Vakatevera Kristo, vakasiya zvosee, vakasiya vakatevera Jesu

# 178

**Jesu Akakokwa Kuzodya KwaSimon** – *Rev J. Makoni*
*M* Jesu akakokwa kuzodya kwaSimon Mufarisei, mudzimai mutadzi akageza tsoka dzake nemisodzi --- dai aiva svikiro raMwari
*V: B* Saimoni akadaro --- kuti mukadzi anomubata mutadzi
*S/A* --- Angadai aiziva kuti mukadzi uyuhu mutadzi
*Chorus 1:*
*M* Jesu akabva apindura achiti
*V: S/A* Saimoni Saimoni ndine shoko newe
*B* --- Saimoni Saimoni Saimoni ndine shoko newe
*Madetembo:*
1.Taurai zvenyu mudzidzisi taurai zvenyu
2.Ndapinda mumba makoo hauna kundipa mvura yokugeza tsoka dzangu
3.Asika mudzimai uyu anyorovesa, anyorovesa tsoka dzangu nemisodzi
4.Onaka mudzimai uyu apukuta, apukuta tsoka dzangu nevhudzi rake
*Chorus 2:*
*B :* Kutenda kwako kwakururamisaa chienda hako norugare
*S/A* --- Kutenda kwako kwakururamisaa chienda hako norugare
*Madetembo:*
1.Zvitadzo zvako zvaregererwa
2.Ane rudo rukuru

# 179

**Jesu Anonamata Ari MuGetsemani** – *C. Takura*
*M:* Jesu anonamata ari muGetsemani
*V: S/A* Zvino akati kuvadzidzi vake --- garai pano, garai pano ndichambononamata
*B* --- Akati kuvadzidzi vake ga-rai pano, garai-i-i, ndichambononamata
*Madetembo 1:*
1.Akatora Pita, Jemusi naJohane akatanga kusuwa kwazvo nokutambudzika

2.Akati kwavari mweya wangu une shungu kwazvo kusvikira pakufa,
rambai mugere pano makasvinura

*Madetembo 2:*

1.Akaenda pamberi, ndokuwira pasi, akanamata achiti-i

2.Kana zvichibvira nguva iyoyi ngaimudarike-e akati Abha Baba munogona kuita zvose

*Chorus 2:*

*V: S/A* Baba munogona kuita zvose-e bvisai-i mukombe, bvisai mukombe, bvisai-i mukombe uyu pandiri-i, asi ngakurege kuva kuda, kwangu baba – ngakuve kuda kwenyu

*B* Baba munogona kuita zvose kana zvichibvira – bvisai mukombe bvisai mukombe uyu Baba, kuve kuda kwangu asi ngakuve kuda kwenyu

*Chorus 3:*

*M: S* Svinurai munamate-e

*M: S/A* Svinurai munamate-e murege kupinda mukuedzwa
Svinurai svinurai – murege kuedzwa – namatai murege mukuedzwa

*B* Svinurai munamatee-e svinurai munamate murege kupinda mukuedzwa
Svinurai munamatee svinurai murege kupinda mukuedzwa

*Madetembo 3:*

1.Zvino akadzoka akawana vakotsira akati kuna Pita
Nhai Simoni ko makotsira here?

2.Ko matadza kusvinura kwenguva imwe chete zvayo here?

*Chorus 3:*

*S/A* Kuda mwoyo unoda hawo---asi nyama yakaneta (x2)

*B* Mwoyo unoda hawo nyama yakanetaha-a-a
Mwoyo unoda hawo-o asi nyama yakaneta.

*Madetembo:*

1.Akadzokazve kechitatu akati kwavari, muchakangorara muchiramba henyu muvete, makazorora here?

2.Izvozvi zvakwana nguva yasvika mwana womunhu anokumikidzirwa mumaoko avatadzi

3.Simukai tiende tarirai hoyo anondipandukira uya wasvika

## 180

**Jesu Anoti Dzikamai Musatye** – *T. Dehwe*

*M:* Jesu anoti dzikamai musatye
Anoti dzikamai musatye

*V: S/A* --- Vakamuona achifamba pamusoro pemvura-a vakavhunduka ndokutanga kuridza mhere, Jesu ndokuti kwavari – dzikamai ndini musavhunduke

*B* Vadzidzi vakamuona achifamba pamusoro pemvura vakavhunduka vakavhunduka, Jesu ndokuti kwavari dzikamai musavhunduke

*Madetembo:*
1.Tenzi kana murimi ndidaidzei ndiuyewo kwamuri ndichifamba pamusoro pemvura
2.Uya hako uya hako Peter uya hako
3.Tenzi ndiponesei ndiponesei ndavakunyura
4.Inga kutenda kwako hakuna kukwana wani seiko wazotanga kutsutsumwa
5.Zvirokwazvo zvirokwazvo imi muri mwanakomana waMwari
*Chorus:*
*S/A* Dzikamai, dzikamai ndini musavhunduke
*B* Dzikamai ndini musavhunduke

# 181

**Jesu Muri Matiri** – *C.R. Dunduru*
*M: S/A* Jesu muri matiri
*V: All* Jesu muri matiri isu tiri mamuri, regai tirambe takabatanidzwa nemi nariini wose. Tinoda kukufadzai nehupenyu hwedu
*Madetembo:*
1.Isu tose tava vamwe mamuri saka tinoda kudana nokubatsirana.
2.Uyo asingagari mamuri anokandwa kure, achaora.
3.Anochengeta mitemo yenyu ndouyo anokudai.
4.Mutitungamirire tose kuna Baba vokudenga.
*Chorus:*
*All* Regai tirambe takabatanidzwa nemi nariini wose. Tinoda kukufadzai nehupenyu hwedu

# 182

**Jesu Paakange Ari KuBetaniya** – *E. Taruvinga*
*Part 1:*
*M: S/A* Jesu paakange ari kuBetaniya mumba maSimoni wemaperembudzi
*V: All* Kwakauya mumwe mukadzi nechinu chamafuta okuzora, mafuta anokosha kwazvo akadururira mafuta acho mumusoro maJesu paakanga agere kudya.
*Part 2:*
*S/A* Ko mononetsereiko mudzimai uyu, ko munonetsereiko mudzimai uyu, inga aita chinhu chakanakisa kwandiri.
*B* --- Mononetsereiko mudzimai uyu ko munonetsereiko mudzimai uyu inga aita chinhu chakanakisa kwandiri.
*Chorus:*
*S/A* Inga varombo munavo nguva dzose asi hamuneni hamuneni nguva dzose
*B* --- Varombo munavo nguva dzose wani asi ini hamuneni hamuneni nguva dzose

*Madetembo:*

1. Vadzidzi pavakazviona vakagumbuka nazvo vachiti sei kurasa mari kudai, asi Jesu ndokuvati
2. Mafuta aya angadai atengeswa nemari yakawanda kwazvo ikapiwa kuvarombo, asi Jesu ndokuvati

*Part 3:*

*S/A* Zvechokwadi chaizvo ndinoti kwamuri mafuta pamuviri wangu agadzirira kuvigwa kwangu, ndinoti kwamuri shoko rakanaka iri zvaaita zvichataurwa sechinhu chokumuyeuka nacho

*B* --- Ndinokuudzai kuti kudira kwaaita mafuta pamuviri wangu agadzirira kuvigwa kwangu kwose kuchaparidzwa shoko rakanaka iri zvichataurwa sechinhu chokumuyeuka nacho

# 183

**Jesu Tenzi Ari Pano** – *C. Kunaka*

*M: S/A* 1. Jesu Tenzi ari pano ngatiombere
2. Ari pano ngatiombere

*V: S/A* Tenzi Jesu ari pano, nomuviri wake uyu --- ndiye chidyo chakafanorehwa anotisimbisa anotishamisa, ari pano Jesu ngatimuombere-e.

*B* Nomuviri wake uyu, Jesu Tenzi ari pano anotisimbisa Jesu, anotishamisa, ari pano ngatimuombere-e.

*Madetembo*:

1. Chichena chatinoona ndiye Jesu zvechokwadi, Ari pano ngatiombere.
2. Mwari Baba nyakutuma anotisimbisa-a, Ari pano ngatiombere.
3. Mwana wake nyakutumwa anotisimbisa-a, Ari pano ngatiombere.
4. NaMweya ari matiri anotisimbisa, Ari pano ngatiombere.

# 184

**Jobho Aiva Munhu Aitya Mwari** - *C. Teguru*

*M: S/A* Jobho aiva munhu aitya Mwari
Aiva munhu aitya Mwari

*V: S/A* Akanga ari mutsvene – tsvene akanga akarurama achinzvenga zvakaipa --- akawirwa nenhamo nematambudziko --- pakuparadzwa kwepfuma yake --- kwaiva kukuru kwazvo akatsungirira

*T/B* Mutsvene – tsvene Jobho akarurama achinzvenga zvakaipa --- akawirwa nenhamo --- nematambudziko --- pakuparadzwa kwepfuma yake kwaiva kukuru kwazvo --- akatsungirira

*Detembo:*

*S/A* Satani akaedza Jobho akarwadzisa Jobho namaronda, maronda akaipa

*Chorus:*

*All* Akatora chaenga chaaizvikwenya nacho akazvikwenga-kwenga nacho akazvikwenya nacho

*Madetembo:*
1.Kwakauya nhume kuna Jobho ichiti; mombe, ngamera, madhongi vaSebhiya vakazvipamba vakauraya varanda namapakatwa
2.Kwakauya nhume kuna Jobho ichiti; vanakomana navanasikana venyu vakanga vari pakudya nokunwa waini dutu guru ndokuvhuvhuta rikavaparadza
3.Shamwari dzake dzakauya kwaari dzichindomubata maoko nokumunyaradza
4.Mwari akazopembedza Jobho nokumudzorera hutano, upfumi nevana

# 185

**Jongwe Risati Rarira** – *Fr E. Ribeiro*

*S* Peter akabuda panze, Peter akachema kwazvo, Peter zvinosiririsa
*A* Simon Simon satan akuzungura, asi ini ndinokunamatira, namatira vamwe
*B* Jongwe risati rarira kaviri, jongwe risati rarira uchandiramba katatu

# 186

**Josefa Musande Makanaka** – *J.K. Dzingai*

*Part 1:*
*M:* Josefa Musande makanaka
*V: S/A* Ndinoda kuti muve shamwari yangu yapamwoyo, ndinokukudzai, somuranda waMwari Baba, nomuchengeti waYesu Kristo, nomurume waMaria Musande
*B/T* Ndinoda kuti muve shamwari yangu yapamwo-yo, ndinokukudzai somuranda waMwari, Baba - nomuchengeti waYesu nomurume --- waMaria Musande
*M:* Ndinokukudzai Josefa
*V:S/A/T* Tinokukudzai somurevereri, wedzimhuri nomurevereri wesangano nomuchengeti wavashandi
*B* Josefa tinokukudzai – Josefa tinokukudzai, Josefa
*Part 2:*
*M:* Mweya wangu
*V: S/A* Ndinoisa mweya wangu nenyama yangu mumaoko enyu, ndidzivirireiwo kurutadzo rwose ndibatsireiwo kuda Mwari nomwoyo wangu wose, nokudawo kwangu norudo rwaMwari sezvamaiita
*B/T* Mweya wangu nenyama yangu – ndidzivirirei, ndibatsireiwo kuda Mwari … nomwoyo wangu, norudo rwaMwari – sezvamaiita
*Madetembo:*
1.Ndipeiwo rudo rwakadzika kuna Yesu naMaria
2.Zvikuru sei ndichigamuchira komuniyone sande uye ndichiita rusariro
3.Josefa Musande makanaka ndibatsire kuchengeta mweya wangu
4.Kuti rimwe zuva ndigogona kuzokuonai muri pamwe chete naMwari namai Maria kudenga
5.Nomuminyengetero yenyu mhuri yedu inogona kuzofara nemhuri sande kudenga kwemisi isingaperi

6.Josefa musande mutireverere – Amen

## 187

**Josefa Musande Muchengeti Wemhuri** – *F.E. Shara*

*M:* Josefa Musande muchengeti wemhuri

*V: S/A* Ndinoda kuti – shamwari yangu yapamoyo ndinokukudzai – waMwari Baba

*B:* Ndinoda kuti muve shamwari yangu --- yapamoyo --- somuranda waMwari Baba

*Madetembo:*

1.Ndidzivirireiwo kurutadzo ndibatsireiwo kuda Mwari - kuda wokwangu nomoyo wangu wose

2.Ndipeiwo rudo rwakadzika kuna yesu naMaria zvikuru sei, ndichiita rusariro-uye ndichigamuchira kominioni sande

3.Nomuminyengetero yenyu mhuri yedu igozofara nemhuri kudenga kwemisi isingaperi Amen

*Chorus:*

*S/A* Ndibatsireiwo kuchengeta mweya wangu kuti rimwe zuva ndigogona kuzokuonai - kudenga pamwe naMwari Baba namai Maria Muvirigo

*B:* Ndibatsirei ndibatsirei-wo rimwe zuva ndigogona, ndigogona, kuzokuonai kudenga, pamwe naMwari Baba, Mwari Baba, Maria Muvirigo

## 188

**Kakavadzanai Navanokakavadzana Neni Tenzi** – *S. Shawa*

*M: S/A* Kakavadzanai-i navanokakavadzana neni Tenzi

*V: S/A* Torai nhoo huru neduku musimuke mundibatsire Tenzi, simudzirai vadzvinyiri vaangu pfumo nedemoo muchiti kumweya wangu ndini ruponeso rwako

*B* --- Nhoo huru neduku musimuke mundibatsire Tenzi, simudzirai vadzvinyiri vaangu pfumo nedemoo muchiti kumweya wangu ndini ruponeso rwako

*Madetembo:*

1.Ngavashaiswe zano nokunyadziswa, vanotsvaga upenyu hwangu

2.Ngavaitwe sehundi inopeperetswa nemhepo mutumwa waTenzi achivadzingira kure, vanotsvaga upenyu hwangu

3.Nzira yavo ngaive nerima ive inotsvedza mutumwa waTenzi achivadzingira kure, vanotsvaga upenyu hwangu

*Chorus:*

*S/A* Tenzi kusvikira rini-ko makangotarira ndinunurei pakuparadza kwavoo nunurai upenyu hwangu

*B* Tenzi kusvikira rinhi-ko makangotarira ndinunurei pakuparadza kwavo nunurai upenyu hwangu

## 189

**Kana Muino Rudo** – *P. Taurai*

*M:* Kana muino rudo
*V: S/A* Pakati penyu-u muino rudo, vose vachaziva-a kana muino rudo muri vaadzidzi vangu
*B* --- Pe-enyu muino rudo-o, vose vachaziva-a, muri vadzidzi vangu

*Madetembo:*

1. Yesu akati kuvadzidzi vake, ndinokupai mutemo mutsva unoti …
2. Ndakakupai muenzaniso kuti mugosiitawo sezvandakakuitirai
3. Kunge muchiziva izvi makakomborerwa kana zviito zvenyu zvichiwirirana nazvo

*Chorus:*

*S/A* Idanai dananai, mumwe nomumwe – sokudana-a, kwandakakuitirai
*B* --- Dananai mumwe nomumwe --- kwandakakuitirai

## 190

**Kana Takafa Pamwe NaKristo** – *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M:S* Kana-taka-fa
*V: All* Kana-taka-fa pamwe naKristo naye tichazorarama
*M:* Pamwe naKristo
*V: All* Pamwe naKristo tichazorarama

*Madetembo:*

1. Handingaakusiyii muri nherera --- ndinoenda ndichadzokera kwamuri
2. Kana makamutswa pamwe naKristo --- chitsvagai zviri kumusoro
3. Mwari anobata ushe hwendudzi dzose --- Mwari agere pachigaro chake choushe
4. Imi muri rudzi rwakasharwa --- kuti muparidze kunaka kwaMwari
5. Mwari akakuwanirai --- makabva parima
6. Makawana mwenje waMwari --- norupenyu rwake

*Chorus:*

*All* Takafa pamwe --- naKristo ticha-zorara-ma

## 191

**Kana Takafa Pamwe NaKristo** – *L.J Fifteen*

*M:* Kana takafa pamwe naKristo-h
*V: S* Tichazorarama naye, kana, takafa pamwe naKristo-oh Tichazorarama pamwe naye
*B* Tichazorarama naye, kana takafaha naKristo-oh tichazorarama-ha pamwe naye

*Madetembo:*

1. Handingakusiyiyi muri nherera, ndinoenda ndichadzokera kwamuri
2. Kana mukamutswa pamwe naKristo chitsvagai zviri kumusoro
3. Mwari anobata ushe hwendudzi dzose, Mwari agere pachigaro chake choushe

4. Imi muri rudzi rudzi rwakasharwa kuti muparidze kunaka kwaMwari
*Chorus:*
*S* Kana takafa pamwe naKristo-oh tichazorarama pamwe naye
*B* Kana takafaha naKristo-oh, tichazorarama pamwe nayee

## 192

**Kana Takafa Pamwe Naye** – *Mupambwa*
*M:* Kana takafa pamwe naye-e
*S/A* Tichazorarama takafa pamwe naKristo, tichazora-rama, takafa pamwe naye, tichazora-rama
*B* Tichazorarama --- naKristo tichazora-rama, pamwe naye-e tichazora-rama
*Madetembo:*
1. Handingakusiyii muri nherera, ndinoenda ndichadzokera kwamuri, Takafa pamwe naye
2. Kana mukamutswa pamwe naKristo, chitsvagai zviri kumusoro, Takafa pamwe naye
3. Mwari anobata hushe ndudzi dzose, Mwari anogara pachigaro chake-e choushe, Takafa pamwe naye

## 193

**Kana Tichidya Muviri WaMambo** – *C. Chawasarira*
*M:* Kana tichidya muviri waMambo
*Kudavira & Chorus:*
*All* Kana tichidya muviri waMambo tichararama nokusingaperi, kana tichidya muviri waMamboho tichararama nokusingaperi
*Madetembo:*
1. Rumbidza Mambo iwe mweya wangu ndicharumbidza Mambo ndichiri mupenyu. Muviri waMambo
2. Regai kuvimba namadzishe namachinda asingagoni kukubatsirai. Muviri waMambo
3. Anofara munhu uyo kana Mwari ari mubatsiri wake. Muviri waMambo
4. Iye akaita denga napasii negungwa nazvose zviri mukati mazvo Muviri waMambo
5. Iye anoramba akatendeka nokusingaperi anoruramisa vanomanikidzwa. Muviri waMambo
6. Mwari anosunungura vasungwa Mwari anosvunudza meso amapofu. Muviri waMambo
7. Mwari anosimudza vakakotamiswa pasi Mwarii anoda vakarurama. Muviri waMambo
8. Mwari anochengeta vatorwa Mwari anotsigira nherera nechirikadzi. Muviri waMambo

9. Mwari anobata umambo nokusingaperi ndiye Mwari wamarudzi ose. Muviri waMambo

## 194

**Kana Tichidya Muviri WaMambo** – *R. Tonganai*

*M:* Kana tichidya muviri waMambo
*V: S/A* --- Ticharārama, ticharārama waMambo ticharārama nokusinga-peri
*B* Kana tichidya muviri waMambo, tichidya muviri waMambo ticharārama nokusinga-peri

*Madetembo:*

1. Rumbidza Mambo iwe mweya wangu ndicharumbidza Mambo ndichiri mupenyu
2. Regai kuvimba namadzishe namachinda asingagoni kukubatsirai
3. Anofara munhu uyo kana Mwari ari mubatsiri wake
4. Iye akaita denga napasii negungwa nazvose zviri mukati mazvo
5. Iye anoramba akatendeka nokusingaperi anoruramisa vanomanikidzwa
6. Mwari anosunungura vasungwa Mwari anosvunudza meso amapofu
7. Mwari anosimudza vakakotamiswa pasii Mwarii anoda vakarurama
8. Mwari anochengeta vatorwa Mwari anotsigira nherera nechirikadzi
9. Mwari anobata umambo nokusingaperi ndiye Mwari wamarudzi ose

## 195

**Kana Tichidya Muviri WaMambo** – *S.M. Ponde*

*M* Kana tichidya muviri
*V: S* WaMambo ticharārama
*B* --- Mambo ticharārama
*M:* Tichidya muviri
*V: S* --- Nokusingaperi
*B* WaMambo nokusingaperi

*Madetembo:*

1. Rumbidza Mambo iwe mweya wangu ndicharumbidza Mambo ndichiri mupenyu
2. Regai kuvimba namadzishe namachinda asingagoni kukubatsirai
3. Anofara munhu kana Mwari ari mubatsiri wake
4. Iye akaita denga napasi negungwa nezvose zviri mukati mazvo
5. Iye anoramba akatendeka nokusingaperi anoruramisa vanomanikidzwa
6. Mwari anosunungura vasungwa Mwari anosvinudza meso amapofu
7. Mwari anosimudza vakakotamiswa pasi Mwari anoda vakarurama
8. Mwari anochengeta vatorwa Mwari anotsigira nherera nechirikadzi
9. Mwari anobata umambo nokusingaperi ndiye Mwari wamarudzi

## 196

**Kana Tichigamuchira Yesu** – *H.M. Gambiza*

*M:* Kana tichigamuchira Yesu

*V: S/A* Kana tichigamuchira Yesu Kristo-o – tinoparidza rufu rwake kusvika adzoka

*B* Kana tichigamuchira tinoparidza rufu rwake kusvika adzoka

*Madetembo:*

1. Zvanzi naMambo uyu muviri wangu unopirwa
2. Uyu mukombe wechitenderano chitsva muropa rangu
3. Ndinodanidzira kwamuri Mwari izwai kuteterera kwangu
4. Ndinogaririra Mambo – ndinotarira shoko rake
5. Mweya wangu unogaririra Mambo kupfuura vanhu vanogarira rungwanani
6. Yesu Kristo akaterera kusvika kurufu rwechipiyaniso
7. Akaponesa isu namaronda ake

*Chorus:*

*All* Tinoparidza rufu rwake kusvika adzoka

## 197

**Kare Kwakanga Kusina Chiedza Munyika** – *M. Mukucha*

*M:* Kare kwakanga kusina chiedza

*V: S/A* Kare kwakanga kusina chiedza munyika Mwari ndokuzotaura kuti chiedza chivepo, Mwari ndokutaura kuti chiedza chivepo

*B/T* --- Kwakanga kusina chiedza munyika Mwari ndokuzotaura kuti chiedza chivepo Mwari ndokutaura kuti chiedza chivepo

*Madetembo:*

1. Kuzoti nguva yasvika
2. Ngatigamuchirei mwenje
3. Mwenje wotidzivirira rutadzo
4. Uvhenekere vamwe nyika yedu ichimbidze kutambira zuva

*Chorus:*

*S/A* Kwakauya Yesu kuchenesa pasi pose, mwenje wechokwadi, mwenje wechokwadi wechokwadi

*B* Kwakauya Yesu pasi pose, mwenje wechokwadi kwakauya Yesu pasi pose mwenje wechokwadi wechokwadi

## 198

**Kare Kwakanga Kusina Chiedza** – *T. Nyikayaramba*

*M:* Kare kwakanga kusina

*V: S/A* Kare kare --- kwakangaa kusina chiedza munyika --- Mwari ndokuzotaura kuti mwenje uvepoo, kare kare kusina chiedza.

*B* Kare kwakangaa kusina chiedza munyika Mwari --- ndokuzotaura kuti

mwenje uvepo-o kare kare kusina chiedza.

*Madetembo:*

1.Kuzoti nguva yasvika – kwakauya Yesu.

2.Kuchenesa pasi pose mwenje wechokwadi.

## 199

**Ko Munotambudzika Nemhosva Yeyi** – *B.B. Mutize*

*M:* Ko munotambudzika nemhosva yeyi

*V: S/A* Ko munotambudzika muchidaro nemhosva yeiko-o
Mibvunzo yakadaro inomukireiko mupfungwa dzenyu
Onai maoko angu aya, onai tsoka dzangu ndidzodzi
Munotambudzika nemhosva yeiko

*B* Munotambudzika nemhosva yeiko-o
Ko mibvunzo inomukireiko mupfungwa dzenyu
Maoko angu aya, tsoka dzangu ndidzodzi
Munotambudzika nemhosva yeiko

*Madetembo:*

1. Ipapo akabva azarura pfungwa dzavo kuti vanzwisise magwaro
2. Yesu ndokuti kwavari izvi ndizvo zvakanyorwa kuti Kristo achatambudzika agomuka mukufa nezuva rechitatu
3. Uye kuti kupinduka nokuregererwa kwezvitadzo zvigoparidzirwa kundudzi dzose dzavanhu, kuparidza ikoko kuchitanga muJerusarema
4. Imi ndimi zvapupu zvezvinhu izvozvi
5. Inzwai ini ndini ndichandokutumirai zviya zvamakatsidzirwa naBaba wenyu
6. Asi imi rambai mugere muguta muno, kusvikira mazogarwa nesimba iroro rinobva kumusoro-soro

*Chorus:*

*S/A* Aya ndiwo mashoko andaikuudzai, zvose zvinofanirwa kuitika zvakanyorwa pamusoro pangu mumurairo waMoses nomuzvinyorwa zvamaprofita, nomunziyoo

*B* Mashoko andaikuudzai ndichiti --- zvinofanira kuitika-a zvinofanira kuitika nomuzvinyorwa zvamaprofita nomunziyoo

## 200

**Ko Rubatsiro Rwangu Rwuchabvepi** – *R.S. Zinyohwera*

*M* Ko rubatsiro rwangu ruchabvepi

*V: S/A* Rubatsiro rwangu rwunobva kunaTenzi muchengeti wangu inga ari parutivi rwangu haakotsiri kana kuvata hope

*B* Rubatsiro rwangu rwunobva kunaTenzi muchengeti wangu --- ari parutivi rwangu haakotsiri kuvata hope

*Madetembo:*

1.Meso angu anotarira kuna Tenzi

2.Pakuenda kwako napakudzoka kwako Tenzi anokuchengeta nguva dzose
3.Uri munjodzi, parwendo kana munhamo Tenzi anofamba ari parutivi rwako
4.Masikati kana usiku anokudzivirira Tenzi wako

*Chorus:*

*S/A* Haangaregi uchiputsika tarira anokuchengeta Tenzi mudziviriri wako
*B* Haangaregi uchiputsika --- anokuchengeta --- mudziviriri wako

# 201

**Komboreraiwo Vabereki Vangu** – *A. Mugabe*

*M: S/A* Mwari wangu-u komboreraiwo vabereki vangu
*V: S/A* Komborerai vabereki vangu-u vakandichengeta-a, kubvira ndichiri mudumbu-u nanhasi uno, vanotambudzika pamusoro paangu
*B* Komborerai vabereki vangu vakandichengeta, kubvira ndichiri muna mai vangu, nhasi uno vanotambudzika pamusoro pangu

*Madetembo:*

1.Ndinovada, ndinovatenda-a asi handigoni kuvakomborera
2.Vakandichengeta-a zvandaiva mucheche handaigona kuzvibatsira-a
3.Vapeiwo rupenyu rwakasi-mba nokudanana kukuru
4.Muvaregererewo zvivi zva-avo nemiwo zvo-ose zvandakavatadzira
5.Ndinoda kufadza nokubatsira vabereki vangu-u, sokugona kwangu kwo-ose

*Chorus:*

*S/A* Mambo --- handigoni kuvadzorera zvose zvavakandiitira, imi moga-a ndimi munogona
*B* --- Mambo handigoni --- zvoose, zvavakandiitira-a imi ndimi munogona

# 202

**Kotamirai Mwari** – *B. Makonese*

*M: S/A* Kotamirai Mwari
*V: S/A* Mwari kotamira-i kutiyamura – muchimbidzike – kutizo-rodza – Mwari kotamirai, kotamirai kutiyamura
*B* Mwari kotamira-i kutiyamura muchimbidzike – kutizoroodza Mwari kotamirai, kotamirai – kutiyamura

*Madetembo:*

1.Ini ndini ruponeso rworudzi ndizvo zvinotaura Mambo, kotamiraii.
2.Ngavachemere kwandiri munhamo dzose ndinoda kuvanzwaa nokuva Mwari
3.wavo narini, kotamiraii.
4.Teerera mitemo yangu iwe rudzi rwangu, kotamiraii

## 203

**Kristo Akakwira Kudenga** – *J.H. Chikomo*

*M:* Kristo akakwira
*V: S* Kristo akakwira kudenga – achatikwidzawo Alleluya
*A* Kristoo kudenga, achatikwidzawo Alleluya
*B* Kristo akakwira kudenga Alleluya, achatikwidzawo Alleluya
*Madetembo:*
1.Pururudzirai Mwari imi nyika dzose
2.Muruumbidze zita rake
3.Nokuti akatipa, akatipa rupenyu
4.Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza
5.Nokuti Mwari ndiye, ndiye Mambo wedu
6.Iye akamuka, akamuka muvafi
7.Ndiye akatifira pachipiyaniso
*Chorus:*
*All* Achatikwidzawo Alleluya

## 204

**Kristo Akamuka Muvafi** – *S.M. Ponde*

*M* Kristo akamufa muvafi --- akatimutsawo Areruya
*V: All* Areruya Areruya akatimutsawo Areuya e Areruya
*Madetembo:*
1.Pururudzirai Mwari imi nyika dzose murumbidze zita rake
2.Rumbidzai mbiri yake nokuti akatipa rupenyu
3.Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza nokuti Mwari ndiye Mambo wedu
4.Iye akamuka muvafi ndiye akatifira pachipyaniso

## 205

**Kristo Akamuka Muvafi** – *S. Shiri*

*M: S/A* Kristo akamuka
*V: S/A* Alleluya Alleluya-a Alleluya Kristo akamuka muvafi
*B* Alleluya-a Alleluya Kristo akamuka muvafi
*Madetembo:*
1.Purudzirai Mwari imi nyika dzose, murumbidze zita rake
2.Rumbidzai mbiri yake, nokuti akatipa rupenyu
3.Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza, nokuti Mwari ndiye Mambo
4.Iye akamuka muvafi, iye akatifira pachipiyaniso
*Chorus:*
*All* Akatimutsawo Kristo-o Alleluya

# 206

**Kristo Akanunura Vanhu Vake** – *E. Shara Musvosvi*

*M: S/A* Kri-sto akanunura vanhu va-ke akanunura
*T* Kristo akanunura vanhu va-ke – akanunura –
*V: S/A* Imbai nomufaro – nomufaro imbai nomufaro Alleluya x2
*B/T* Nomufaro nomufaro imbai nomufaro Alleluya x2

*Madetembo:*

1.Imbirai Mwari imbirai nziyo dzokurumbidza
2.Murumbidze Mwari zita rake, rumbidzai mbiri yake
3.Pururudzirai Mwari pururudzirai imi nyika dzose
4.Ndiye akatifira pachipiyaniso – iye akamuka muvafihi

*Chorus:*

*S/A* Imbai nomufaro imbai nomufaro
*B* Imbai – imi – imbai murumbidze Mwari nomufaro
*T* Imbai nomufaro imbai nomufaro

# 207

**Kristo Akanunura** – *Sr Perpetua Muza (Holy Cross)*

*M:* Kristo akanunura
*V: S/A* Vanhu vake --- akanunura vanhu vake imbai nomufaro-o Areruya Kristo akanunura vanhu vake
*B* Vanhu vake-he, akanunura vanhu vake imbai imbai nomufaro --- vanhu vake

*Madetembo:*

1.Pururudzirai Mwari imi nyika dzose, murumbidze zita rake. Kristo akanunura …
2.Rumbidzai mbiri yake, nokuti akatipa rupenyu. Kristo akanunura …
3.Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza nokuti Mwari ndiye Mambo wedu. Kristo akanunura …
4.Iye akamuka muvafi, ndiye akatifira pachipiyaniso. Kristo akanunura …

# 208

**Kristo Akati Kuna Vadzidzi** – *S. Magaya*

*M:* Kristo akati kuna vadzidzi
Kuna vadzidzi
*V: B* Nguva iri kuuya, uye yatosvika, pamuchandisiya ndiri ndoga… mumwe nomumwe achienda kwake --- asi --- ndisiri ndoga nokuti Baba, Baba vangu va-neni-i
*S/A* --- Uye yatosvika nguva --- pamuchandisiya ndiri ndoga --- mumwe nomumwe achienda kwake --- ndinenge ndisiri ndoga nokuti Baba va-ngu va-neni-i

*(Change of drum:)*

*S/A:* Ndataura izvi zvose --- kwamuri kuti muwane rugare, rugare mandiri --- murege kurasika

*B*: --- Ndataura izvi zvose kwamuri --- kuti muwane --- rugare mandiri murege kurasika

*Madetembo:*

1.Ndataura izvi zvose 2.Kuti kana nguva yosvika
3.Mugoyeuka zvose 4.Zvandareva kwamuri
5.Kumbirai Baba 6.Vachakupai zvose
7.Tsungai mwoyo 8.Ini ndakakunda pasi

*Chorus:*

*All* Murege kurasika

# 209

**Kristo Anokunda Anotonga** – *A. Shamu Maurunge*

*M* Kristo anokunda --- anotonga, Kristo ndiye Mambo

*Kudavira & Chorus:*

*S* Kristo anokunda --- anotonga, Kristo ndiye Mambo

*B* Kristo anokunda, Kristo anotonga, Kristo ndiye Mambo

*Madetembo:*

1. Rumbidza Mwari wako, iwe Siyoni
2. Nokuti wakasimbisa zvihuri zvomisuwo yako
3. Vakakomborerwa vana vako mukati mako
4. Anoisa rugare, munyika yako
5. Anogutisa nechidyo chakanaka
6. Anotema mirayiro, panyika yake
7. Shoko rake rinoenda kwose
8. Anozivisa Yakobo, shoko rake
9. NaIsraeri mitemo yake, nezvaakatonga
10. Haana kutongoitira, rumwe rudzi saizvozvo
11. Kana nezvaakatonga, havana kuzviziva

# 210

**Kristo Ari Iye Oga Mambo** – *Sr Lioba Gana (LCBL)*

*M:* Kristo ari iye oga
Ari iye oga Mambo

*V: S/A* Tiri vaKristo noushe hwake ari iye oga Mambo, vasemi vake tovarwisira panyasi pechipiyaniso

*B* --- Noushe hwake ari iye oga Mambo, vasemi vake tovarwisira panyasi pechipiyaniso

*Madetembo:*

1. Tiri vaKristo mwana waMwari wakadzifira mhosva dzedu
2. Mutemo wake chokwadi chake zvichabatsira mweya yedu
3. Tiri vaKristo tichazoramba kuitira mumwe Mambo
4. Kristo oga Mwari nomunhu tinopikira mwoyo yedu

*Chorus:*
*S/A* Kristo wavose Mambo mbiri yaMwari neyedu.Tinopikira basa renyu kuteerera titi tafa
*B*: Wavose Mambo --- Mwari neyedu tinopikira basa rupenyu kuteerere titi tafa

## 211

**Kristo Mambo** – *V. M. Nyapokoto*
*M: S* Kristo Mambo
*V: S/A* Ndimi muridzi wazvose zvose zvatinazvo zvinobva kwamuri
*B* Ndimi muridzi wazvose nomutongi wedu – zvatinazvo – kwamuri
*Madetembo:*
1.Ndimi makatanga kutida Mambo
2.Ndimi musiki wedu Mambo
3.Mukufara nomukutambudzika tinotendeukira kwamuri
4.Makatiwanira mufaro wokutifira pachipiyaniso
*Chorus:*
*S/A* Tinokumbira kwamuri Mambo mutichengete nengoni dzenyu tikuitirei zvakanaka mazuva ose
*B* --- Kwamuri Mambo mutichengete – kuti isu tikuitirei zvakanaka mazuva ose

## 212

**Kristo Mambo Mununuri Tinokurumbidzai** – *B. Makonese*
*M:* Kristo Mambo mununuri tinokurumbidzai
*Kudavira & Chorus:*
*All* Kristo Mambo mununuri tinokurumbidzai tinokuomberai imi makaomberwa navadiki vachiti 'Hosana Hosana Hosana'
*Madetembo:*
1.Vangere vari kukurumbidzai kuuzuru, vanhu nezvisikwa zvose zviri kubvumira.
2.VaHebero vakakupemberERai nemashizha isu tinokupembererai nenziyo dzedu.
3.Vakakupembererai imi musati matambudzika, isu tinokupembererai imi makamuka.
4.Mambo imi munofarira zvakanakisisa, tambiraiwo minamato yedu yatinopira.

## 213

**Kristo Mambo Wembiri** – *A. Nyika*
*M:* Kristo --- Mambo
Mambo
*V: All* Mambo wembiri Kristo titumireiwo mweya wenyu
*Madetembo:*
1. Kristo hwayana yedu yaMwari --- Yakapirwa pamusana pedu

2. Muri vapiri vatsvene, kuti mugamuchidze mupiro kunaMwari
3. Ngatimuitire murupenyu rwedu, kuti tifadze Mwari
4. Takamuka pamwe chete naYesu, ngatitize kurutadzo, tigogara zvakanaka
5. Musakanganwa kubatsirana, nokuti makapiwa ruponeso rwenyu

*Chorus:*

*All* Titumireiwo mweya wenyu --- Kristo Mambo wembiri

# 214

**Kristo Mambo Wembiri** – *C.T. Mujuru*

*M:* Kristo Mambo wembiri

*V: All* Titumireiwo mweya wenyu, Kristo Mambo, Mambo wembiri, titumireiwo mweya wenyu

*Madetembo:*

1. Kristo hwayana yedu yaMwari yakapirwa pamusana pedu.
2. Muri vapiriri vatsvene kuti mugamuchidze mupiro kunaMwari.
3. Ngatirurame murupenyu rwedu kuti tifadze Mwari.
4. Takamuka pamwe chete naYesu ngatitize kurutadzo, tigogara zvakanaka.
5. Musakanganwa kubatsirana nokuti makapiwa ruponeso rwenyu.

# 215

**Kristo Mufudzi Wavanhu Vose** – *Sr Cecila Mushayapokuvaka (PBVM)*

*M:* Kristo mufudzi wavanhu vose

*V: S/A* Ndimi makasarudza vateveri venyu Tenzi, nokuvatuma kuti vave vafudzi, vave vafudzi vevanhu vose

*B* --- Makasarudza vateveri venyu, mukavatuma vave vafudzi, vafudzi --- vevanhu vose

*Refrain*

*B* Tinokumbirisa mudanewo majaya nemhandara vanokwana mubasa renyu, vane mwoyo mukuru-u noushingi, vateveri vabati vebasa renyu vanhu vose vagoponeswa

*S/A* --- Tinokumbira kuti mudanewo majaya nemhandara --- vanokwanirana nebasa renyu, vane mwoyo mukuru-u noushingi, vave vateveri --- vebasa renyu Tenzi, kuti vanhu vose vago poneswa

*Madetembo:*

1. Tenzi ipaiwo vana vedu shungu nomwoyo wokuzvipira
2. Vadekadzei nechido chenyu Tenzi vagozvipira kushanda mukirike renyu
3. Vanhu vanoda kuvhenekerwa nomwenje wa Kristo pasi pose
4. Vave neshungu dzomugariro unokufadzai, vabate basa savatumwa venyu
5. Munoisvosuwa kwazvo nokuzvipira paatari zuva nezuva kuti vanhu vose vaponeswe

*Chorus:*

*S/A* Vave nemwoyo mukuru noushingi, vave vateveri vebasa renyu Tenzi, kuti vanhu vose vagoponeswa

*B* Vave nemwoyo mukuru noushingi, vateveri --- vabati --- vebasa renyu, vanhu vose-e vagoponeswa

## 216

**Kristo Ndiye Mambo** – *T.M. Dunduru*

*M:* Kristo ndiye Mambo

*V: S/A* Kristo ndiye Mambo anokunda Kristo anotonga Kristo ndiye Mambo anokunda

*B* --- Ndiye Mambo anokunda --- anotonga --- ndiye Mambo anokunda

*Madetembo*:

1. Rumbidza Mambo iwe Yerusarema rumbidza Mwari wako iwe ziyoni
2. Nokuti wakasimbisa zvihuri zvemisuwo yako vakakomborerwa vana vako mukati mako
3. Anoisa rugare munyika yako anogutisa nechidyo chakanaka
4. Anotema mirairo yake panyika shoko rake rinoenda kwose
5. Anozivisa Jakobo shoko rake naIsrayeri mutemo yake nezvaakatonga
6. Haana kutongoitira rumwe rudzi saizvozvo kana nezvaakatonga havana kuzviziva

## 217

**Kristo Ndiye Mukundi** – *B. Machingauta*

*M* Kristo ndiye Mambo wedu

*V: All* Kristo ndiye musiki ndiye mukundi Kristo ndiye musiki woupenyu hutsva Kristo ndiye musiki ndiye musiki

## 218

**Kristo Tenzi** – *P.O. Katsukunya*

*M: S/A* Kristo Tenzi

*V: S/A* Tinokumbirira mweya yavatenderi vakafa, kuti izarurirwe denga, izorore murugaare, nokuda kwengoni dzenyu, igogara nemi nariini, nari-ini woose.

*B* Mweya yavatenderi vakafa, kuti izarurirwe denga, izorore murugaare, ngoni dzenyu, igogara nemi nariini, nari-ini wose-e.

*Madetembo:*

1. Tenzi mukatiranga sezvatinokodzera, ndiyaniko angapunyuke, toraiwo, mweya iyi.
2. Kristo makafira matadzo edu, toraiwo, mweya iyi.

## 219

**Kristo Wakangopira** – *C.T. Mujuru*

*M:* Kristo wakangopiraha

*V: All* Kristo wakangopira chibayiro chimwe chete chinobvisa matadzo

*Madetembo:*

1. Tenda Mambo nokuti wakanaka
2. Nokuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi
3. Ndakadanidzira kuna Mambo mukutambudzika kwangu
4. Mambo akandinzwa akandiisa pakafarikana
5. Marudzi ose akandikomba
6. Ndichaaparadza nezita raMambo
7. Ruoko rworudyi rwaMambo rwakasimudzwa
8. Ruoko rworudyi rwaMambo runokunda
9. Handingafi asi ndichararama
10. Ndichadudzira mabasa aMambo
11. Kundiranga Mambo wakandiranga
12. Asi haana kundisvitsa murufu
13. Ndichakutendai nokuti makandinzwa
14. Mukava muponesi wangu

*Chorus:*

*All* Wakangopira chibayiro chimwe chete chinobvisa matadzo

## 220

**Kristo Wakanunura Vanhu Vake** – *C. Chawasarira*

*M:* Kristo wakanunura vanhu vake

*V: All* Areruya imbai nomufaro – Kristo wakanunura vanhu vakee wakanunura

*Madetembo:*

1. Pururudzirai Mwari imi nyika dzose, murumbidze zita rake
2. Rumbidzai mbiri yake, nokuti akatipa rupenyu
3. Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza, nokuti Mwari ndiye Mambo wedu
4. Iye akamuka muvafi, ndiye akatifira pachipiyaniso

*Chorus:*

*All* Areruya Kristoo wakanunura vanhu vakee wakanunura

## 221

**Kristo Wakazvipira Kamwe Chete** – *Sr Victoria Sanyika (LCBL)*

*M: S/A* Kristo wakazvipira kamwe chete

*V: S/A* Mwari makaramba madiramhamba ose akare, muchiisa mupiro mutsva waKristo

*B* --- Makaramba madiramhamba ose akare muchiisa mupiro mutsva waKristo

*M: S/A* Kristo anoti

*V: All* Ndauya kuzoita kuda kwenyu hamuna kufadzwa nemipiro yemhuka dzinopiswa – asi makandigadzirira muviri – ndauya kuzoita kuda kwenyu.

*Madetembo:*

1. Ropa rembudzi nerenzombe harigoni kubvisa matadzo
2. Hamuna kufadzwa nemipiro yendarama
3. Munofarira kuti ndiite kuda kwenyu.

*Chorus:*

*All* Asi makandigadzirira muviri – ndauya kuzoita kuda kwenyu.

# 222

**Kudzai Yesu Imi Vana Vose** – *Rev V.T .Chanyau*

*M* Kudzai Yesu imi vana mose
Imi vana mose

*Kudavira & Chorus:*

*All* Mhanyirai Yesu imi vanana mhanyirai muchingurei imi vana vose

*Madetembo:*

1. Kudzai Yesu imi vana vose murumbidzei muchimurumbidza muchinyemwerera
2. Kambairai muende kwaari akurezvei pamakumbo ake
3. Tendai Yesu imi vana mose mupei zvipo zvoutsvene hwenyu
4. Zvipo zvenyu imi zvakakosha zvaanodisisa kupinda zvose
5. Idai Yesu imi vana mose anokudai imi vana vake
6. Pangai Yesu imi vana mose akupangei imi vana vake

# 223

**Kudzunika Akuve Eka Xikwembu -** *L.J Fifteen*

*M:* Kudzunika akuve eka Xikwembu

*V: S/A* Kudzunika akuve eka Xikwembu
Ematilweniyale hehla – hehla
Kurhula akuve emisaveni
Emisaveni eka vanhu lava, xivatsakelaka

*B* Kudzunika akuve eka Xikwembu
Ematilweniyale hehla – hehla
Kurhula emisaveni
Emisaveni eka vanhu lava, xivatsakelaka

*Madetembo*:

1. Hamunkesa henhleni kamintiro yamwina yikulu ithlamarhisaka
2. Harpokotela Xikwembu hosi mwina hosi yetilo tatana wamatimba hikwawo
3. Harpokotela hosi-i Yesu Kristo-o mwana mumwe ntsena
4. Xikwembu hosi xinyipfana xaxikwembu mwana watatana
5. Mwina mususaka svidyoho swa misava hitweleniwo Tintswalo – twanani svirhilo swahina

6. Mwina mutsameke evokweni raxinene ratatana hitweleniwo Tintswalo hikuva hinwina ntsena muhlauleki mwina ntsena hosi
7. Mwina ntsena kulukumbaha Yesu Kristo naMoya wokwentsima
8. Hinwina mungene nduma xikumwe niXikwembu tatana Amen

*Chorus:*

*All* Hamukulisaha hamuimbelela himukidzamela Hosi hamudzunisa

## 224

**Kuitira Mwari Wechokwadi** – *J.K. Dzingai*

*Part 1:*

*M:* Kuitira Mwari wechokwadi

*V: S/A* Itirai Mwari shandirai Mwari wedu shandirai Mwari wedu

*B/T* Itirai Mwari wedu, Mwari wedu, Mwari wedu

*Chorus:*

*All* Seiko iwe uchiona kabanzi kari muziso rehama yako asi danda riri muziso mako usingarioni

*Part 2:*

*All* Iwe munyengedzi tanga wabvisa danda riri muziso mako ugoti wozobvisawo kari muziso romumwe

*Part 3:*

*M:* Taurira mumwe wako

*V: S/A* Taurira mumwe wako, taurira mumwe wako, nomwoyo wakanaka

*B/T* Taurira - mumwe wako, mumwe wako, nomwoyo wakanaka

*Madetembo:*

1. Haasiri munhu wose nyakunditi Mambo Mambo, achapinda muumambo wedenga, taurira mumwe wako
2. Asi uyo anoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga ndiye achapinda muumambo wedenga, taurira mumwe wako

## 225

**Kukumbirira Sangano Guru RaMaBhishopi** – *J.J.Chikomo*

*M* Kukumbirira sangano guru ramaBhishopi
Sangano guru ramaBhishopi

*V: S/A* Baba vane rudo muvavariro yenyu makatuma mwana wenyu Yesu kuti asvitse vanhu vose kumambo hwenyu x2

*B* EmuAfrica Baba vane rudo muvavariro mwana wenyu Yesu kuti asvitse vanhu vose kuumambo hwenyu x2

*S/A* Sezvo kirike remuAfrica richigadzirira kudaidzwa kwarinoitwa kuti riparidze dama rakanaka

*B* Kirike remuAfrica richigadzirira kudaidzwa kwarinoitwa --- riparidze dama rakanaka

*Madetembo:*
1.Musangano guru ramaBhishopi tinokumbirira pane kusaziva mupe ruzivo
2.Mukugadzirira kuparidza shoko raMwari pane kutya mupe kushinga
3.Huye vazive kuti pane udzvinyiriri mupe ruenzaniso
4.Vagokwanisa kutevedzera zvose zvamakatitsidzira pane kurwisana mupe rugare
*Chorus:*
*All* Dai Mweya Mutsvene wangotitungamirirawo kuti dama rakanaka riparidzwe muno munyika yedu yeAfrica

## 226

**Kunaka KwaMambo** – *T.M. Dunduru*
*M* Kunaka kwa-Mambo
*V: All* Ravirai munzwe henyu kunaka kwaMambo --- ravirai henyu kunaka kwaMambo ravirai munzwe henyu
*Change of drums:*
*Madetembo:*
1. Vhenekera Yerusarema,
2. Nokuti chiedza chako chakasvika
3. Rima rakafukidza nyika,
4. Asi mbiri yamwari yakaonekwa pamusoro payo
5. Marudzi achauya kuchiedza chako,
6. Namadzimambo kumbiri yakabudirira
7. Mambo achava kwauri chiedza chisingaperi,
8. NaMwari wako kunaka kwako
9. Zuva rako harichazoviri,
10. Mwedzi wako haungatapudzwi
11. Nokuti Mambo achava chiedza chako chisingaperi,
12. Mazuva okuchema kwako achaguma
*Chorus:*
*Al*l Munhu anovimba naye akakomborerwa, ravirai kunaka kwaMambo

## 227

**Kunyange Zvakadaro Ndichitambura** – *B.P. Mukoko*
*M:* Kunyange zvakadaro, ndichitambura
Kunyange zvakadaro-o
*V: S* Mweya wangu uchagara ne-mi Tenzi ndiponesei mundiraramise
*A* --- Uchagara ne-mi Tenzi ndiponesei mundiraramise-e
*B* ---Uchagara nemi Tenzihi Tenzi mundiraramise
*Madetembo:*
1.Onai kutambudzika kwangu kukuru
2.Maka-fura-tira zvivi zvangu zvose
3.Makandidzora pagomba rokuparadzwa

*Chorus:*
*All* Ndiponesei mundiraramise-e

## 228

**Kunyangwe Zvino Tenzi Anoti** – *Ruvadiki Kamundiya*

*M: S/A* Kunyangwe zvino Tenzi anoti
*V: S/A* Pindukirai kwandiri nomwoyo wose
Tsanyai zvokudya muchichema nekusuwa
Mwoyo yenyu ngairatidze kusuwa kwenyu
Murege kubvarura hanzu dzenyu chete muchiti zvakwana
Dzokerai kuna Tenzi Mwari wenyu
Iye ane tsitsi-i uye azere nenyasha
*B* Pindukai nomwoyo wose
Tsanyai zvokudya muchichema nekusuwa
Mwoyo yenyu ngairatidze kusuwa kwenyu
Murege kubvarura hanzu dzenyu chete muchiti zvakwana
Dzokerai kuna Tenzi
Ane tsitsi, uye azere nenyasha
*Chorus:*
*S/A* Dzokerai kuna Tenzi Mwari wenyu
Iye ane tsitsi-i uye azere nenyasha
*B* Dzokerai kuna Tenzi
Ane tsitsi, uye azere nenyasha
*Madetembo:*
1. Anochengetedza chitsidzo chake, uye haakurimidzi kutsamwa
2. Akamirira kusunungura asingarangi
*Chorus:*
*S/A* Ridzai hwamanda pagomo re-Ziyoni
Sarudzai zuva rokutsanya muunganidze vanhu
Vagadzirire kuita ungano tsvene
*B* Ridzai hwamanda pagomo re-Ziyoni
Zuva rokutsanya muunganidze vanhu
Vagadzirire kuita ungano tsvene
*Madetembo:*
1. Ndiani anoziva zvimwe Tenzi Mwari wenyu angachinja mwoyo wake achizokupai makamborerero
2. Ipapo ndipo pamuchazopira kwaari zviyo newaini

*S/A* Vashumiri vaMwari vanoshandira Tenzi ngavacheme vachinamata vachiti
*Chorus:*
*All* Nzwirai vana venyu tsitsi, imi Tenzi
Musarege dzimwe ndudzi dzichitizvidza nokutiseka

Paya padzinenge dzichiti: Ko Mwari wavo arikupiko?
*Madetembo:*
1.Kokerai vakuru vana navacheche vanoyamwa ngavauyewo
2.Kunyange vachangobva kuroorana ngavauyewo

## 229

**Kuombera Nokufara kwaungana** – *Sr Martin Chikosha (LCBL)*
*M: S/A* Kuombera nokufara kwaungana
*V: All* Kwaungana kuombera nokufara kwaungana
Vana veMoyo waYesu vaungana
Kuitira iwo moyoo vana vaungana – vaungana….
*Madetembo:*
1. Moyo waYesu wadiwa wakatida kwazvo wakatifira ukatipa rupenyu, vaungana
2. Kana satani anouya kutifurira isu tinoti, ibva una manomano, vaungana
3. Yesu nomoyo wose tinoti tiri venyu, tinosema zvakaipa, torega kukutadziraizve, vaungana
*Chorus:*
*All* Vatenderi uyai mose, tinozvipira, kune iwo moyoo, vana vaungana – vaungana.

## 230

**Kupinduka KwaPauro** – *G. Gondo*
*M:* Kupinduka kwaPauro achienda Dhamasiko
*V: All* Akati ari parwendo Sauro, ava pedyo neDhamasiko, akasangana nechiedza chikamupenyera
*Part 1*
*Madetembo:*
1. Sauro akawira pasi, akanzwa izwi richiti
2. Iye akati ndimi aniko Tenzi, izwi riya ndokuti ndini Jesu waunotambudza
3. Asi chisimuka upinde muguta, ndimo mauchandoudzwa zvaunofanira kuita
4. Akaita mazuva matatu asingaoni, asingadyi uye asinganwi chinhu
5. Ananiyasi mudzidzi akati, hama Sauro Tenzi Jesu, akandituma kuti uonezve ugarwe naMweya Anoera
6. Akaisa maoko ake pamusoro paSauro, akabva atangisa kuona, akasimuka akabva aombekwa
*Chorus:*
*S/A* Sauro unonditambudzireiko-o, Sauro unonditambudzireiko-o, unonditambudzireiko Sauro
*B* Unonditambudzireiko Sauro-o, unonditambudzireiko Sauro-o, Sauro, unonditambudzireiko Sauro
*Part 2*

*Madetembo :*
1. Tenzi vakati, iye mudziyo wangu wandakasarudza
2. Akaparidza Jesu mudzimba dzokusangana dzavaJudha, achiti Jesu mwanakomana waMwari, uye kuti ndiye Kristo
3. Vakarangana kuti vamuuraye Sauro, asi kurangana kwavo kwakazivikanwa naye

*Chorus:*
*S/A* Zvino imi chizivai kuti, mashoko aMwari oruponeso akatumirwawo kuvanhu vasiri vatendi, ivo ndivo vachateerera mashoko, mashoko oruponeso

*B* --- Imi chizivai kuti, mashoko aMwari oruponeso akatumirwawo kuvanhu vasiri vatendi, ivo ndivo vachateerera mashoko, mashoko oruponeso

# 231

**Kupinduka KwaPauro** – *A. Munyanyi*
*M:* Kupinduka kwaPauro munyai waYesu
*V: All* Akakumbira magwaro kuti aende kuDamasko kundoparadza vadzidzi vaYesu navose vaitendera muzita rake aivasunga nokuvatambudza

*Part 1*
*Madetembo:*
1. Zvino ava pedyo neguta iri
2. Iye akabvunza achiti ko ndimi ani Tenzi ndimi aniko
3. Ndini waunotambudza Yesu weNazareta

*Chorus :*
*All* Chiedza chakamupenyera akawira pasi akanzwa inzwi richiti Sauro – Sauro – Sauro unonditambudzireiko, Sauro – Sauro – Sauro unonditambudzireiko

*Part 2*
*Madetembo:*
1. Munoda kuti ndiiteiko Tenzi
2. Akaita mazuva matatu asingaoni asingadyi asinganzwi
3. Ndichakunununura kuvanhu vose vandichakutuma kundoparidzira
4. Uchavasvinudza maziso avo uchivabvisa musimba rasatani uchivaunza kuna Mwari

*Chorus 2:*
S/A Muka Sauro uende Damasko uwombekwe undoparidza zita rangu
*B* --- Uende Damasko uwombekwe undoparidza zita rangu

# 232

**Kupinduka KwaPauro Mupositori** – *S. Mushete*

*Part 1:*

*M: S/A* Kupinduka kwaPauro mupositori

*V:S/A/T* Ari munzira yeDamasiko, chiedza chakamupenyera akawira pasi, akanzwa inzwi richiti Sauro, nhai Sauro unonditambudzireiko

B Ari munzira yeDamasiko --- chakamupenyera akawira pasi, akanzwa inzwi richiti Sauro, nhai Sauro unonditambudzireiko

*Part 2:*

*All* Akapindura achiti ndimi aniko Tenzi

*Part 3:*

*S/B* Ndimi aniko Tenzi, ndimi aniko Tenzi, ndimi aniko Tenzi

*A/T* Ndimi aniko Tenzi kupenya kudai, Tenzi ndimi aniko, ndanzwa inzwi renyu Tenzi ndimi aniko

*Part 4:*

*A/T* Kupenya kudai, Tenzi ndimi aniko, kupenya kudai, Tenzi ndimi aniko, ndanzwa inzwi renyu Tenzi ndimi aniko

*S* Tenzi ndimi aniko, Tenzi ndimi aniko, Tenzi ndimi aniko

*A* Tenzi ndimi anii, Tenzi ndimi aniko, tenzi ndimi aniko

*B* Ndimi aniko Tenzi, ndimi aniko Tenzi, ndimi aniko Tenzi

*Part 5:*

*All* Simuka uende Damasiko

*Madetembo:*

1.Ndini Yesu wauri kutambudza
2.Uchanoudzwa zvaunofanira kuita
3.Uchaita mazuva matatu usingaoni, usingadyi
4.Uchaita mazuva matatu usinganwi chinhu usingadyi
5.Uchaombeka vanhu navasingaoni vachabva vaonazve

*Part 6:*

*All* Simuka uende, simuka uende, simuka uende Damasiko

*Madetembo:*

1.Chisimuka hama yangu-u, hama yangu simuka uende
2.Usukwe zvitadzo zvako, hama yangu simuka uende
3.Uombekwe hama yangu, hama yangu simuka uende
4.Unoparidzira shoko, hama yangu simuka uende
5.Unamate zita rake, hama yangu simuka uende

# 233

**Kutenda Kuburitswa Munjodzi** – *Sr Lioba Gana (LCBL)*

*M:* Kutenda kuburitswa munjodzi

*V: All* Baba ndinotenda mandiburitsa munjodzi, ndinoziva ndakakutadzirai kazhinji, ndinokodzera kurangwa asi imi hamutsividzi

*Madetembo:*
1.Kundiburitsa kwenyu munjodzi ngakundifundise kuregerera
2.Kuregerera nokukanganirwa vamwe
3.Vamwe vangu Mwari mune tsitsi, ndipeiwo mwoyo munyoro

# 234

**Kutenda Kuva Nechokwadi** – *C. Mukucha*

*M: S/A* Kutenda kuva nechokwadi chezvinhu zvatisingaoni
*V: S/A* Kutenda kuva nechokwadi chokuti tichawana zvinhu zvatakatarisira kutenda kuva nechokwadi chezvinhu zvatisingaoni.
*B* Kutenda kuva nechokwadi-i tichawana zvinhu zvatakatarisira kutenda kuva nechokwadi chezvinhu zvatisingaoni.

*Chorus:*
*S/A* Nokutenda ngativei sa-Nowa akateerera nyevero yaMwari yezvinhu zvaizoitika zvaakanga asingaoni.
*B* Nokutenda ngativei sa-Nowa nyevero yaMwari nyevero zvaizoitika zvaakanga – asingaoni.
*Madetembo:*
1.Kutenda ndiko – kwakaita kuti vanhu vekare vaitirwe zvavaida naMwari-i.
2.Hapana munhu angagona kufadza Mwari kana asingatendi.
3.Munhu anouya kuna Mwari anofanira kutenda kuti Mwari ariko.
4.Nokutenda tinonzwisisa kuti nyika yakasikwa nezwi raMwari.

# 235

**Kutendeseka KwavaPriste Muna Kristo** - *O. Magaraba*

*M: S/A* Kutendeseka kwavaPriste muna Kristo
*V: S/A* Mwari tungamirirai vamakasarudza kuuPriste vadekadzei nechido chenyu-u kuti vagone kuparidza shoko renyu nokugamuchidza masakaramende
*T* Mwari tungamirirai vamakasarudza kuupristi, itai vagone kuchengetedza kudanwa kwavo noutsvene hwoupikiri
*B* Mwari simudzirai matiri vapikiri vatsvene kuupriste itai kuti vagone kuparidza shoko nokugamuchidza masakaramende
*Part1*
*Madetembo*
1.Tumai vapriste vakanaka mumunda menyu
2.Tipeiwo vapikiri vatsvene vanogamuchidza muviri neropa raKristo
*Chorus:*
*S/A* Vabatsirei kuti vave muchokwadihi mukuita basa iri ravakagamuchira vabatsireiwo Mwari kuita basa iri muchokwadi
*B* Vapei kutendeseka kuti vave munaKristo mukuparidza shoko

ravakagamuchira vabatsireiwo Mwari kuparidza shoko muchokwadi
*T* Vapeii kutendeseka kuti vave muchokwadi mukuita basa iri ravakagamuchira vabatsireiwo Mwari kuita basa iri muchokwadi
*Part 2:*
*Madetembo:*
1.Kristo tsungisai vapriste vose mubasa ramakavapa
2.Vapei girasiya, simba rokutsunga kuita basa ramakavapa
3.Ngavave ruvheneko runovhenekera vatenderi vose kuchiedza chenyu
*Chorus:*
*S/A/T* Kristo Mupriste muukuru-u anofanira kuwana nzvimbo mumoyo nomuupenyu hwomuPriste
*B* --- Kristo mupriste mukuru-u anofanira kuwana nzvimbo mumoyo nomuupenyu hwomuPriste

# 236

**Kuti Imi Muve Zvapupu Zvangu** – *J.V. Chinondo*
*M:S/A* Kuti imi muve zvapupu zvangu
*S/A* Imi muchagamuchira simba simba raMweya anoera, simba raMweya Mutsvenee imi muchagamuchira simba kuti muve zvapupu zvangu
*B/T* Imi muchagamuchira samba, simba raMweya Mutsvene kana achinge ouya kwamuri muchagamuchira simba kuti muve zvapupu zvangu

*S/A* Imi muri zvapupu zvangu muchazondondipupurira kundosvika kumiganhu yapasi pose muYerusarema nomuYudea nomuSamaria imi muri zvapupu zvangu
*B/T* Muri zvapupu zvangu muchazondipupupurira kumiganhu yapasi muYerusarema muSamaria imi muri zvapupu zvangu
*Madetembo:*
1.Imi hamunei nazvo zvokuti muzive musi nenguva
2.Zvakatemwa naBaba vangu zvina maererano nesimba rake
3.Ndakutaurirai nesimba raMweya Mutsvene
4.Mirirai nyakupikirwa naBaba anova iye wandakutaurirai
5.Imi muchabhapatidzwa naMweya anoera

# 237

**Kuti Muve Vamwe NaTenzi** – *K. Chiungano*
*M:* Kuti muve-e vamwe naTenzi
*V: S/A* Saka chiurayai mabasa apasi pano anoti ruvengo nokufungidzirana zvinhu izvozvi zvinounza kutsamwa kwaMwari
*B* Saka chiurayayi mabasa apasi pano – unzenza – nokufungidzirana noruchiva ndizvo zvinounza kutsamwa kwaMwari
*Madetembo:*
1.Hasha neshungu nepfini chibvisai izvi mamuri

2.Makuhwa nokureverana nhema chibvisai izvi mamuri
3.Imi zviitei vanhu vanodikanwa na Nyadenga
4.Vanhu vakaruramiswa vanodikanwa naNyadenga
*Chorus:*
*S/A* Imi ivai vanhuu vane chimiro chakakodzera vanhuu vakasarudzwa naMwari
*B:* --- Ivai vanhu vane chimiro chakakodzera vanhu vakasarudzwa naMwari

# 238

**Kutongwa Kukuru Kwokupedzisira** – *L.Kaseke*
*M:S/A* Kutongwa kukuru kwokupedzisira kutongwa
*V:All* Kana mwanakomana womunhu zvino ouya mumbiri yake navatumwa vose achagara pachigaro chake choushe chinopenya. Marudzi avanhu vose achamuunganira iye achivatsaura sezvinoita mufudzi achitsaura hwai pane mbudzi
*M:S/A* Zvino vakarurama vachapindura Mambo vachiti
*V:All* Ko nhai Mambo takakuonai rinhiko mune nzara tikakupai chokudya, mune nyota tikakupai chokunwa,muri mweni tikakupinzai mumba,musina hanzu tikakupfekedzai rinhiko nhai Mambo?
*M:S/A* Zvino Mambo achavapindura
*V: All* Ndinokuudzai zvirokwazvo kuti nokuda kokuti makazviitira mumwe weava vana vangu ndini wamakaitira izvozvo
*M:S/A* Zvino Mambo achati kunavaya varikuruboshwe
*V:S/A* Imi ibvai pano pandiri muende kumoto usingadzimwi wakagadzirirwa satani navatumwa vake vose x2

# 239

**Kutsunga Pana Mwari** – *O. Mutyanda*
*M:* Kutsunga pana Mwari ndizvo zvatichaziva nazvo kuti tiri vechokwadii
*V: S/A* Vadikanwi kana mwoyo yedu isingatipi mhaka, takaatsunga pamberi pake Mwari --- nechivimbo – muna Mwari ngatichengete mirayiro yake
*B* Vadikanwi mwoyo yedu isingatipi mhaka – takaatsunga pamberi pake Mwari – nechivimbo muna Mwari ngatichengete mirayiro yake
*Madetembo:*
1.Zvino ani nani anochengeta mirayiro yaMwari anogara muna Mwari naiye Mwari anogarawo naye
2.Ndiwo murayiro wake – wokuti titende zita romwana wake Yesu, uye kuti tidane sezvatakarairwa naMambo wedu Yesu
3.Mupfumii akaona hama yake ichisahiwa achirega kumunzwira tsitsi rudo rwaMwari rungagara sei maari.

## 240

**Kutumwa Kwavadzidzi NaYesu** – *L. Kaseke*

*M: S/A* Kutumwa kwavadzidzi naYesu Mambo

*V: S/A* Endai kunyika dzose dzapasi pose munoparidza dama rakanaka kuzvisikwa zvose, uyo anenge atendera akazobhabhatidzwa achaponeswa, endai kunyika dzose dzapasi pose

*B* --- Kunyika dzose dzapasi mundoparidza dama rakanaka kuzvisikwa zvose uyo anenge atendera akazobhabhatidzwa achaponeswa --- kunyika dzose dzapasi pose

*Detembo: S/A*

1.Hezvino zviratidzo zvichateverana navanotendera

*Chorus:*

*S/A* Vanomutendera vachadzinga mweya yakaipa nezita rangu vachataura nendimi vachabata nyoka namaoko avo vachanwa zvinouraya vasingakuvari vachaisa maoko avo pamusoro pavarwere vachibva vanaya

*B* --- Vachadzinga mweya yakaipa nezita rangu vachataura nendimi, vachabata nyoka namaoko avo vachanwa zvinouraya vasingakuvari vachaisa maoko avo pamusoro pavarwere vachibva vanaya

*Detembo: S/A*

2. Akazoti apedza kutaurirana navo Mambo Yesu akakwidzwa kudenga

*Chorus:*

*All* Kwaakanga agere kurudyi rwaMwari ivo vakaenda vakanoparidza kwose kwose Mambo aibatsirana navo mumharidzo yavo nezviratidzo zvaiteverana navo

## 241

**Kutya Mwari Pakuyedzwa** – *J.V.Chinondo*

*M: S/A* Kutya Mwari pakuyedzwa

*V: S/A* Kana uri anozvipira kuitira Mwari basa fanoziva kuti uchayedzwa asi kutya
Mwari kunoita kuti mwoyo wako utsige urege kukurumidzira zvinhu kana zvaipa kutya Mwari panguva yekuyedzwa mwanangu itya Mwari

*B/T* Kana uri anozvipira kuitira Mwari basa --- itya Mwari --- panguva yokuyedzwa --- itya Mwari urege kukurumidzira zvinhu kana zvaipa. Kutya Mwari panguva yokuyedzwa mwanagu itya Mwari

*Madetembo:*

1. Vose vanogamuchirwa naMwari vonooneswa zvavari
2. Vimba naye achakubatsira ruramisa makwara ako utarire kwaari
3. Imi munotya Mwari mirirai tsitsi dzake
4. Vanotya Mwari tendesekai naye hamuzorasikirwa nomubairo
5. Imi munotya Mwari ivai nechitarisiro chezvakanaka, nechengoni norufaro rusingaperi

6. Ndiani anovimba naMwari akazoraswa
7. Zviri nani kuti tiwire mumaoko aMwari pane mumamoko avanhu
8. Zvichemyi imi makarasa mwoyo muchaita sei kana Mwari auya
9. Mwari ndiye anotiregerera zvatakamutadzira anoponesa varikutambudzika
10. Kukura kwakaita ukuru hwaMwari ndiko kwakaitawo tsitsi dzake

*Chorus:*

*S/A* Iti kwati naMwari usarasane nayewo itikwati naMambo kuti ugosimudzirwa nezuva rokuguma kwako

*B/T* Iti kwati naMwari --- iti kwati naMambo kuti ugosimudzirwa nezuva rokuguma kwako

## 242

**Kuvimba NaTenzi Mwari** – *P.O. Katsukunya*

*M: S/A* Kuvimba naTenzi Mwari

*V: S/A* Ndinouya kwamuri Tenzi – kuzodzivirirwa nemi musandirege ndichikundwa Tenzi navavengi vangu

*B* Ndinouya kwamuri Tenzi kuzodzivirirwa nemi musandirege ndichikundwa Tenzi ndapota ndiponeseiwo.

*Madetembo:*

1. Rerekai nzeve yenyu kwandiri, mukurumidze kundinunura
2. Ndibvisei mumumbure wavakandidzikira pakavanda
3. Ndinoisa mweya wangu muruoko rwenyu ndimi diziro rangu.
4. Ndifambisei nditungamirireiwo nokuda kwezita renyu.

*Chorus:*

*S/A* Imi Tenzi Mwari makatendeseka. Ndidzivirireiwo ndinovimba nemi chete ndimi Mwari wangu.

*B* --- Tenzi Mwari makatendeseka – Tenzi Mwari ndidzivirire ndimi Mwari wangu.

## 243

**Kuzoti Yesu Agara Pasi Mugomo** – *J.Kaseke*

*M:S/A* Kuzoti Yesu agara pasi mugomo romuOrivhi vadzidzi vakauya kwaari vachiti

*V:All* Dotiudzai kuti ndechipikozve chiratidzo chokuuya kwenyu nechemhedziso yenguva

*M:S/A* Yesu ndokuti kwavari

*V: All* Chenjerai vazhinji vachauya nezita rangu, nguva iri kuuya muchanzwa hondo dzicharwisana, chenjerai muregе kuvhundutswa

*Madetembo:*

1. Kudzinzvimbo kuchava nenzara nokundengendeka kwapasi
2. Vachakupinzai mukushushwa nokukuurayai
3. Nomusi uyo vazhinji vachacherana nokuvengana

4.Muchavengwa namarudzi ose, pamusana pokuti mune zita rangu
5.Asi uyo anenge akatsungarara kusvika kumagumo ndiye achaponeswa
*Chorus:*
*S/A* Rudzi ruchamukirana norudzi, humambo huchamukirana nohumambo, chenjerai murege kuvhundutswa
*B* --- Ruchamukirana norudzi --- huchamukirana nohumambo, chenjerai murege kuvhundutswa

## 244

**Kwaziwai Hosi Sande** – *M. Augustine*
*M: S/A* Kwaziwai hosi sande kwaziwai
Kwaziwai hosi sande hosi sande
*V: S/A* Amai vetsitsi – rupenyu runako nechitarisiro chedu kwaziwai, tinochema kunemi-hi tinochema kunemi tiri vana vakatandwa vaEvha
*B* Amai vetsitsi – rupenyu runako – nechitarisiro – kwaziwai – kwaziwai-hi tinochema, tinochema kunemi – tiri vana vakatandwa vaE-vha.
*Madetembo:*
1.Tinouyawo kunemi – tichigomera-a tichichema tiri mumupata wemisodzi.
2.Tinokutetererai tichigomera-a tichichema pasi pano pane nhamo.
3.Hezvoka murevereri wedu mutiringe nameso etsitsi – Maria makapfava.
4.Tinzweiwo murevereri wedu mutiringe nameso etsitsi – Maria makapfava.
*Chorus:*
*All* Virigo Maria makapfava – makanaka – makanakisisa mutiratidze tafa akakombererwa, mwana wenyu Yesu.

## 245

**Kwaziwai Hosi Sande** – *I. Tairoodza*
*M:* Kwaziwai hosi sande
*V: All* Kwaziwai hosi sande-e amai vetsitsi rupenyu runako nechitarisiro chedu, kwaziwai hosi sande
*Madetembo:*
1.Tinochema kunemi tiri vana vakatandwa vaEva
2.Tinokutetererai, tichigomera, tichichema pasi pano pane nhamo
3.Tinzweiwo imi murevereri wedu-u mutiringe nameso enyu etsitsi
4.Mutiratidze tafa, mwana akakomborerwa wemimba yenyu Yesu
5.Maria muvirigo, makapfava, makanaka makanakisa

## 246

**Kwaziwai Hosi Sande** – *C.T. Mujuru*
*M:* Kwaziwai hosi sande
*V: S/A* Amai vetsitsi, kwawaziwai hosi sande, tiri vana vakatandwa vaEvha, amai

tinochema tichigomera tiri mumupata wemisodzi tireverereiwo

*B* Hosi sande hosi sande, amai vetsitsi, tiri vana vakatandwa vaEvha, amai tinochema, tichigomera tiri mumupata wemisodzi tirevereiwo

*Madetembo:*

1.Maria muvirigo

2.Maria makapfava

3.Mutiringe nameso enyu etsitsi

*Chorus:*

*All* Mutiratidze tafa mwana akakomborerwa wemimba yenyu Yesu

# 247

**Kwaziwai Mai vaMwari** – *A. Shamu Maurunge*

*M*: Kwaziwai

*V: All* Mai vaMwari, makatiberekera Mambo wedu

*Madetembo:*

1.Mwoyo wangu unotutuma norudo rwakanaka ndinotenda Mambo

2.Mambo Yesu akanakanaka kudarika vanhu vose

3.Mwari akamukomborera nokuti akarurama

4.Chigaro chake chiripo nokusingaperi, tsvimbo youshe hwake itsvimbo yorugare

5.Naizvozvo Mwari akamuzora namafuta okurara

6.Ndichaparidza zita rake kusvika kumarudzi ose

7.Ndudzi dzose dzavanhu dzichakukudzai nokusingaperi

# 248

**Kwaziwai Mai VaMwari** – *J.V. Chinondo*

*M: S/A* Kwaziwai mai vaMwari

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Mai vaMwari makatiberekera Mambo kwaziwai mai vaMwari makatiberekera Mambo wedu

*B* Kwaziwai mai vaMwari makatiberekera Mambo mai vaMwari makatiberekera Mambo

*Madetembo:*

1.Mwoyo wangu unotutuma norumbo rwakanaka ndinotenda Mambo, Mambo Yesu akanakanaka kudarika vanhu vose

2.Mwari akamukomborera nokuti akarurama, chigaro chake chiripo nokusingaperi tsvimbo youshe hwake itsvimbo yorugare

3.Naizvozvo Mwari akamuzora mafuta okurara, ndichaparidza zita rake kusvika kumarudzi ose

4.Ndudzi dzose dzavanhu dzichakukudzai nokusingaperi, vakudziwe Baba noMwanakomana naMweya Musande

5.Sezvakanga zviri pakutanga nazvino nakare kwose nemisi isingaperi Amen

## 249

**Kwaziwai Mai VaMwari** – *C. Chinyanda*

*M:* Mai vaMwari kwaziwai

*V: S/A* Mai vaMwari kwaziwai mai vaMwari—kwaziwai makati -
Berekera Mambo weduu makatiberekera haa Mambo wedu

*B* Mai vaMwari kwaziwai mai vaMwari—kwaziwai – makati -
Berekera Mambo weduu huu makatiberekera- haa Mambo wedu

*Madetembo:*

1.Moyo wangu unotutuma norumbo rwakanaka ndinotenda Mambo
2.Mambo Yesu akanakanaka kudarika vanhu vose
3.Mwari akamukomborera nokuti akarurama
4.Ndichaparidzira zita renyu kusvika kumarudzi ose

## 250

**Kwaziwai Mai Vedu** – *T. Mudzingwa*

*M: S/A* Kwaziwai mai vedu-u

*V: S/A* Mai vedu kwaziwaai, hosi imi kwaziwai, Maria mubatsire isu vana venyu,
mutikumbirire

*B* ---kwaziwai, hosi imi kwaziwai---mubatsire---vana venyu, mutikumbirire

*Madetembo:*

1.Ruva risine minzwa,tinoteta inzwai-i mutikumbirire
2.Tsime rookufara,tipei runyararo-mutikumbirire
3.Mai vetsitsi huru,murevereri wedu mutikumbirire

*Chorus:*

*S/A* Mariya mubatsire isu vana venyu, mutikumbirire

*B* ----Mutibatsire----vana venyu, mutikumbirire

## 251

**Kwaziwai Maria** – *Fr E. Ribeiro*

*M: S* Kwaziwa Maria

*V: All* Kwaziwa Maria muzere girasia Mambo anemi makakomborerwa
panavakadzi akakomborerwa mwana wemimba yenyu Yesu

*V: All* Maria musande amai vaMwari mutireverere Maria mutireverere isu
vatadzi zvino napanguva yokufa kwedu Amen

## 252

**Kwaziwai Maria** – *J. Makaure*

*M:* Kwaziwai Maria

*V: All* Kwaziwai Maria makakomborerwa Maria Mambo anemi
makakomborerwa pakati pavakadzi

*Madetembo:*
1. Rumbidzai imi varanda vaMwari, rumbidzai zita raMwari
2. Kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira, zita raMwari rinofanira kurumbidzwa
3. Mwari ari kumusoro kwamarudzi ose, nembiri yake kumusoro kwokudenga
4. Ndianiko akafanana naMwari Mambo wedu, anozvidukupisa kuti aone denga nepasi
5. Anosimudza murombo abve muguruva, nomushaiwi anomumutsa abve padurunhuru
6. Anomugarisa pamwe chete namachinda, iwo machinda avanhu vake
7. Anogarisa mukadzi asingabereki mumba kuti ave mai vanofara navana

*Chorus:*
*S/A* Mambo anemi kwaziwai Maria makakomborerwa Maria Mambo anemi
*B* Mambo anemi kwaziwai Maria makakomborerwa Mambo anemi

## 253

**Kwaziwai Mariya** – *A. Shamu Maurunge*
*M* Kwaziwai Mariya….
*V: All* Mambo anemi, makakomborerwa pakati pavakadzi….
*M* Mambo anemii
*V: All* Anemii, makakomborerwa pakati pavakadzi x2

*Madetembo:*
1. Rumbidzai imi varanda vaMambo, rumbidzai zita raMwari
2. Kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira, zita raMwari rinofanira kurumbidzwa
3. Mwari ari kumusoro kwamarudzi ose, nembiri yake kumusoro kwokudenga
4. Ndianiko akafanana naMwari Mambo wedu, anozvidukupisa kuti aone denga nepasi
5. Anosimudza murombo kubva muguruva, nomushaiwi anomumutsa abve padurunhuru
6. Anomugarisa pamwe chete namachinda, iwo machinda avanhu vake
7. Anogarisa mukadzi asingabereki mumba kuti ave mai vanofara navana

## 254

**Kwaziwai Maria Muzere Girasiya** – *M. Augustine*
*M: S/A* Kwaziwai Maria muzere girasiya Mambo anemi
*V: S/A* Makakomborerwa panavakadzi
Makakomborerwa – akakomborerwa mwana wemimba yenyu Yesu
B Makakomborerwa – pana vakadzi
---makakomborerwa ---akakomborerwa --- wemimba yenyu Yesu (x2)
*M: S/A* Maria musande – amai vaMwari

*V: All* Tireverereiwo – (Isu)
Tireve-rere-iwo isu vatadzi
Zvino napanguva yokufa kwedu (x2)

*(Change of Beat: for Chorus)*

*S/A* Maria Musande – Amai tirevereiwo

*Chorus:*

*S/A/B* Tireverereiwo-o Maria Amai-
Muzere girasiya – makakomborerwa
Amai vaMwari – Tireverereiwo (x2)

*Madetembo:*

1. Makakomborerwa pana pavakadzi – Maria Musande
2. Akakomborerwa mwana wemiba yenyu Yesu
   Mwana wemimba yenyu Yesu – Maria Musande
3. Tirevereiwo isu vatadzi – Maria Musande
4. Zvino napanguva yekufa kwedu –
   Nguva yokufa kwedu Amen – Maria Musande

## 255

**Kwaziwai Mukombe Woruponeso** – *W. Dube*

*M:* Kwaziwai mukombe woruponeso-o
Mukombe woruponeso-o

*V: S/A* Kwaziwai mukombe woruponeso – kwaziwai chiratidzo chikuru – chiratidzo chorudo rwaYesu-u chipo chakakosha-a chomwoyo waMambo we-du

*B* Mukombe woruponeso kwaziwai chiratidzo chikuru-u chorudo rwaYesu chipo – chakakosha chomwoyo waMambo we-du

*Madetembo:*

1. Tinokutendai Yesu nokuti matigutisa-a nezvokudya zvokudenga – mukombe woruponeso
2. Matiratidza kuti munotida nomwoyo wenyu wose – mukombe woruponeso
3. Tinonamatira vakarasika navatadzi kuti vadzokezve kumwoyo wenyu wakashama – mukombe woruponeso
4. Poresai varwere, mubatsire vari kufa kuti vose vasvike kwamuri mukombe woruponeso

## 256

**Kwaziwai Nyenyedzi Yedenga** – *J. Kaseke*

*M:* Kwaziwai nyenyedzi yedenga

*V: S/A* Virigo nakare musuwo wedenga muzvari waMwari-i, wakazvarirwesu, muve amai vedu-u, udzai mwana wenyu mikumbiro yedu

*B* Nakare musuwo wedenga, muzvari waMwari-ii, wakazvarirwesu, amai

vedu udzai mwana wenyu mikumbiro yedu

*Madetembo:*

1.Makwaaziswa 'Ave' naAngere Gabrieyere. Kwaziwai nyenyedzi …
2.Tipei kugarika, Eva wedu mutsva. Kwaziwai nyenyedzi …
3.Virigo mukuru wounyoro hwose. Kwaziwai nyenyedzi …
4.Tipei tigochena tinyorove semi. Kwaziwai nyenyedzi …

## 257

**Kwaziwai Yesu Mambo** – *C. Ndudzo*

*M: S/A* Kwaziwai Yesu Mambo
*V: S/A* Kwaziwai Yesu Mambo
Mukuru norupfave
Mupristi napakare muri chibairo
*B:* Kwaziwai Yesu Mambo
Mukuru norupfave
Mupristi –Murichibairo

*Madetembo:*

1.Chiteuro chedu chemhosva dzavanhu……
2.Muponesu wedu munogara panesu………
3.Muri sakaramende sande kwazvo……

*Chorus:*

*All* Mukudziwe kwazvo muyukaristi a.

## 258

**Kwaziwai Yesu Wangu** – *T. Samwoyo*

*M* Kwaziwai Yesu wangu
*V: S/A* Ndinobvuma nomwoyo wangu kuti murimo mandiri dogarai muneni ndimi musakisi womufaro wangu
*B* --- Nomwoyo wangu kuti murimo mandiri dogarai muneni ndimi musakisi womufaro wangu

*Madetembo:*

1.Ndogodikowo zvangu kuti ndinyatsokurukurirana nemii
2.Chido changu chidukuduku asi zvino ndikweretei chido chenyu chizere
3.Mambo ndinofarira sei chido chenyu chizere
4.Ndinoisvoda kugara pedyo nemi Mambo murupenyu rwangu rwose

*Chorus:*

*S/A* Masvika Mambo mauya kwandiri ini murombo nomutadzi wakadai
*B* --- Mauya kwandiri ini ini murombo nomutadzi wakadai

# 259

**Litany Kuva Sande Vose** – *C.Takura*

*Part 1:*

*M: S* Mwari Baba muri kudenga tinzwireiwo tsitsi Mambo
Mwari Mwanakomana mununuri wapasi tinzwireiwo tsitsi Mambo
Mwari Mweya Mutsvene mununuri wapasi tinzwireiwo Mambo
Utatu usande hwaMwari mumwe chete tinzwireiwo tsitsi Mambo

*V: All* Tinzwireiwo tsitsi, Mwari Baba muri kudenga tinzwireiwo tsitsi

*Part 2:*

*Chorus:*

*All* Tireverereiwo ----

*M: S*

Maria musande
Amai vasande vaMwari
Muvirigo wavavirigo vose

Mosesi naYosefe vasande
Yohane mubhabhatidzi musande
Nemi matateguru navaporofita vaMwari vasande

Mikaeri naGabriyeri naRafaeri vasande
Nemi mose ngirozi dzaMwari
Abrahama naEriya vasande

Petrosi naPauro vasande
Yohane naJemisi vasande
Nemi mose vapostori vaKristo vasande

Andireya naThomasi vasande
Mateo naLuka vasande
Nemi mose vadzidzi vaMambo vasande

Agnes naAlouis vasande
Anna naJoacquim vasande
Simon Peter naMaria vasande

Barnabasi naMariko vasande
Maria Magadharina musande
Stefano naPorikaripo vasande

Monica naTheresa vasande
Monica naDavid vasande
Nemi mose vanhurume navanhukadzi vasande

*Part 3:*

*Chorus:*

*M: S* Tidzivirireiwo Mambo
Tidavireiwo Mambo

*V: All* Tiregerereiwo matadzo edu Mambo

*Madetembo:*

1. Mambo tidzivirireiwo zvakaipa zvose, kumatadzo ose, kuzviteyo zveSatani
2. Mambo tidzivirireiwo kuhasha nokuruvengo nokuhutsinye hwose
3. Mambo tidzivirireiwo kumoto muzhinji, imi makava munhu kuzotiponesa
4. Mambo imi makatizvarirwa, imi makabhapatidzwa, makazvinyima zvokudya
5. Mambo imi makatitambudzikira pachipiyaniso, imi makatifira, makavigwa
6. Mambo imi makamuka muvafi, imi makakwira kudenga
7. Mambo imi makatumira Mweya Mutsvene, imi muchadzokazve muchipenya

*Part 4:*
*Chorus:*
*M: S* Tinzweiwo Mambo
*V: All* Tinokumbira kuti mutinzwe, tinzweiwo Mambo
*Madetembo:*
1. Tipfavireiwo, tibatsireiwo kupfidza matadzo edu nechokwadi
2. Tisimbaradzeiwo, tirambe tichikuitirai
3. Ipaiwo vakomboreri vedu vose upfumi husingaperi
4. Tiwaniseiwo nokutichengetera zvokudya zveminda yedu
*Part 5:*
*Madetembo*:
1. Tungamirirai nokuchengeta Kirike renyu rinoera
2. Itaiwo kuti Papa navabhishopi navapristi vose varambe vaine chitendero chizer
3. Batanidzai vaKristo, vave vamwe chete
4. Uyisaiwo vanhu vose kuruvheneko rwevhangeri
*Chorus:*
*M: S* Tinzweiwo Mambo
*V: All* Tinokumbira kuti mutinzwe, tinzweiwo Mambo
*Part 6*:
*PauGadzo HweMadhikoni NeMapristi:*
*Madetembo:*
1. Komborerai mwana wenyu (zita)uyu wamasarudza
2. Komborerai nokunatsa nokuteketera mwana wenyu uyu wamasarudza
3. Komboreraivabereki vake nehama neshamwari dzake
*Chorus:*
*M: S* Tinzweiwo Mambo
*V: All* Tinokumbira kuti mutinzwe, tinzweiwo Mambo

# 260

**Mabasa Enyu Mambo Anoshamisa** – *W.C. Ringisai*
*M:* Mabasa enyu Mambo anoshamisa
*V: S/A* Haiwa Mambo mabasa enyu, mabasa enyu Mambo anoshamisa, haiwa Mambo mabasa enyu mambo
*B* Haiwa Mambo mabasa enyu mabasa enyu Mambo anoshamisa haiwa Mambo mabasa e-nyu Mambo
*Madetembo:*
1. Mabasa enyu mazhinji
2. Makaita ose nenjere
3. Zvipenyu zvose zvinokumirirai
4. Kuti muzvipe zvokudya nenguva yakafanira
5. Munotambanudza ruoko rwenyu
6. Vanhu vose vachagutswa

*Chorus:*
*All* Anoshamisa kwazvo mabasa enyu Mambo

## 261

**Madzimai EJerusarema** – *Fr E. Ribeiro*

*M: B* Madzimai eJerusarema musandicheme ini
*V: All* Zvichemei imi pachenyu pamwe navana venyu
*S/A* Musandicheme musandicheme ini zvichemei imi pachenyu pamwe navana venyu
*B/T* --- cheme --- imi zvichemei imi pachenyu pamwe navana venyu

*S/A/T* Dzakakombererwa mhanje nemimba dzisina kutakura nemazamu asina kuyamwisa
*B* Dzakakombererwa mhanje – dzakakombererwa dzakakomborerwa
*S/A* Musandicheme musandicheme ini zvichemei imi pachenyu pamwe navana venyu
*B/T* --- cheme --- imi zvichemei imi pachenyu pamwe navana venyu

*B* Imi makomo wirai pamusoro pedu, nemi zvikomo tifukidzei
*S/A/T* …………………………………………………… tifukidzei
*S/A* Musandicheme musandicheme ini zvichemei imi pachenyu pamwe navana venyu
*B/T* --- cheme --- imi zvichemei imi pachenyu pamwe navana venyu

*B* Kana vachiita izvi kumuti munyoro, ko wakaoma uchaitirweiko?
*S/A/T* ………………………………….…………...uchaitirweiko?
*S/A* Musandicheme musandicheme ini zvichemei imi pachenyu pamwe navana venyu
*B/T* --- cheme --- imi zvichemei imi pachenyu pamwe navana venyu

## 262

**Madzimambo Namadzishe** – *A. Chamunorwa*

*M:* Madzimambo namadzishe
*V: S/A* Ndimi mune mbiri kwose kwose, ndimi, ndimi mune mbiri kwose kwose, ndimi mutsvene – ndimi munopirwaa namadzishe, mupiro uyu mutsvene ndimi mune mbiri
*B* Madzimambo namadzishe – madzimambo achauya nezvipo – ndimi mune mbiri ndimi mutsvenee mutsvenee ndimi mune mbiri

*Madetembo:*

1. Madzimambo ose enyika dzose achapfugamira mambo wedu, ndudzi dzose dzapasi, dzichamushandira nomufaro. Madzimambo namadzishe
2. Mumuvigire ndarama ndiye Mambo nomubati woumambo, mumuvigire

zvinonhuwira, ndiye Mwari wedu. Madzimambo namadzishe
3. Ndianiko akafanana naMwari wedu, iye anogara kumusoro. Madzimambo namadzishe

# 263

**Magariro Akanaka Emhuri** – *Fr F. Masanganise*

*M: S/A* Magariro akanaka, magariro emhuri

*V: B* Madzimai --- zvininipisei panavarume venyu --- zvinokodzerana nomunhu muna Tenzi --- varume --- vakadzi venyu musave norushusho kuvakadzi venyu, imi vana --- vabereki venyu-u --- nokuti ndizvo zvinofadza Tenzi.

*S/A* --- Madzimai --- zvininipisei panavarume venyu --- sezvazviri izvo zvinokodzerana nomunhu muna Tenzi.Imi varume idai vakadzi venyu --- musave norushusho kwavari -- teererai vabereki venyu muna zvose --- zvinofadza Tenzi.

*Madetembo:*

1. Vana Baba musashatirise vana venyu vangadaro vakarasa moyo
2. Imi varanda teererai muna zvose,vanhu vanenge vari vaTenzi venyu pasi pano
3. Kwete zvekubata vanhu kumeso-o savanhu vokungoda kufadza vanhu.
4. Sezvamunoziva kuti muchagamuchira nhaka somubairo wenyu
5. Nekuti Tenzi Kristo ndiye wamuri kushandira
6. Ndinodaro nekuti muiti wezvakaipa achawana mubairo wake pasina zvesaruro.

*Chorus:*

*S/A* Zviitei nomoyo mumwe chete mutye Tenzi chipi nechipi chamunoita chiitei nomoyo wose nokuti munoshandira Tenzi kwete vanhu

*B* Zviitei nomoyo mumwe chete mutye Tenzi, chipi nechipi chamunoita chiitei nomoyo wose --- munoshandira Tenzi munoshandira Tenzi

# 264

**Mai VaMwari Kwaziwai** – *C. Chinyada*

*M: S* Mai vaMwari kwaziwai

*V: All* Mai vaMwari kwaziwai mai vaMwari kwaziwai makatiberekera Mambo wedu makatiberekeraha Mambo wedu

*Madetembo:*

1. Mwoyo wangu unotutuma norumbo rwakanaka ndinotenda Mambo
2. Mambo Yesu akanaka kudarika kudarika vanhu vose
3. Mwari akamukomborera nokuti akarurama
4. Chigaro chake chiripo nokusingaperi tsvimbo yorugare youshe hwake itsvimbo yorugare
5. Naizvozvo Mwari akamuzora mafuta okurara ndichaparidza zita rake kusvika kumarudzi ose
6. Ndudzi dzose dzavanhu dzichakukudzai nokusingaperi

## 265

**Mai VaYesu Makakomborerwa** – *S. Chisale*

*M: S/A* Mai vaYesu makakomborerwa kwazvo
*V: S/A* Makakomborerwa mai vaYesu makakomborerwa Alleluya
*B* Makakomborerwa --- mai vaYesu makakomborerwa mai vaYesu

*Madetembo:*

1. Mhandara makaropafadzwa makakodzera kutakura Kristo Mambo.
2. Mwanakomana waMwari --- akava munhu mumimba menyu.

*Chorus:*

*All* Alleluya amai vaYesu makakomborerwa kwazvo

## 266

**Mai Vemuponesi Ponesai Mweya Yedu** – *Sr Martin Chikosha (LCBL)*

*M* Mai vemuponesi, ponesai mweya yedu
Ponesai mweya yedu
*V: S/A* Mai vemuponesi kubva kumbiri yenyu tarirai vana venyu tiri munhamo huru, muri kusiririswa nenhamo dzedu here --- revererai mweya yedu
*B* Mai vemuponesi kubva kumbiri yenyu --- vana venyu tiri munhamo huru, muri kusiririswa nenhamo dzedu here amai revererai mweya yedu

*Madetembo:*

1. Tirikutya kuuya kune mwana Yesu pamusana pezvitema nezvinyangadzo zvedu
2. Mukumbirireiwo isu kuti tisunungurwe pamusana peropa romwana wenyu rakadeurwa
3. Unonunura isu nokunyaradza Yesu kana muchitirevererera tinochengetwa naye
4. Yesu achakanganwa kumunyangadzira kwedu kana mukatireverera imi

## 267

**Makafanirwa Kurumbidzwa Imi Mwari** – *G. Chipapata Mositafu*

*M: S* Makafanirwa-a kurumbidzwa makafanira kurumbidzwa.
*A* Makafanirwa-a Mwari muZiyoni makafanira kurumbidzwa.
*V: S/A* Imi munonzwa munamato-o vanhu vose vanouya kwamuri nokuda kwezvitadzo zvavo kunyangwe isu-u tichikundwa nokutadza kwedu munotisungirira.
*B* Munonzwa munamato munonzwa munamato vanouya kwamurii vanouya kwamuriikwezvitadzo zvavo kunyangwe isu –u tichikundwa nokutadza kwedu munotisungirira.

*Madetembo:*

1. Akakomborerwa munhu wamuno-sarudza.
2. Tichagutswa nezvakanaka zvomumba menyu, iwo makomborero omumba menyu anoera.

3.Imi makamisa makomo panzvimbo pawo, muchiratidza masimba enyu.
4.Naizvozvo pasi pose panotya nokuda kwezvinhu zvizhinji zvamakaita.
5.Kuita kwenyu kunounza mupururu mupururu kumativi mana enyika.

*Chorus:*

*S/A* Mwari woruponeso rwedu munotipindura muchitinunura namabasa enyu mabasa anotyisa vanhu vapasi pose-e vanovimba nemi-i Mwari woruponeso.

*B* Mwari woruponeso rwedu munotipindura muchitinunura namabasa enyu mabasa enyu anotyisa vanhu vapasi pose-e vanovimba nemi-i Mwari woruponeso.

## 268

**Makakomborerwa Kwazvo** – *A. Shamu Maurunge*

*M* Makakomborerwa kwazvo
*V: All* Mai vaYesu, makakomborerwa Alleluya

*Madetembo:*

1.Mbonga yakaropafadzwa, makakodzera kutakura Kristo Mambo
2.Mwanakomana waMwari, akava munhu mumimba menyu

## 269

**Makakomborerwa Kwazvo Mai VaYesu** – *R.E. Makuvaza*

*M:* Makakomborerwa kwazvo
*V: All* Mai vaYesu Areruya makakomborerwa kwazvo

*Madetembo:*

1.Mhandara makaropafadzwa
2.Makakodzera kutakura Kristo Mambo
3.Mwanakomana waMwari
4.Akava munhu mumimba menyu

*Chorus:*

*All* Makakomborerwa kwazvo

## 270

**Makakomborerwa Mai VaYesu** – *C. Takura*

*M* Makakomborerwa
*V: All* Mai vaYesu
*M* Makakomborerwa kwazvo
*V: All* Mai vaYesu Alleluya

*Madetembo:*

1.Mhandara makaropafadzwa
2.Makakodzera kutakura Kristo Mambo
3.Mwanakomana waMwari

4.Akava munhu mumimba menyu
*Chorus:*
*All* Makakomborerwa kwazvo mai vaYesu Alleluya

## 271

**Makamuka Sezvo Makamuka** – *A. Shamu Maurunge*
*M:* Makamuka
*V: All* Sezvo makamuka
*M:* Makamuka
*V: All* Pamwe naKristo, pamwe naKristo
*M:* Tsvagai
*V: All* Tsvagai, tsvagai
*M:* Tsvagai
*V: All* Zvokumusoro, zvokumusoro
*Madetembo:*
1.Kristo hwayana yedu yaMwari yakapirwa pamusana pedu
2.Muri vapiriri vatsvene, kuti mugamuchidze mupiro kuna Mwari
3.Ngatirurame murupenyu rwedu kuti tifadze Mwari
4.Takamuka pamwe chete naYesu, ngatitize kurutadzo tigogara zvakanaka
5.Musakanganwe kubatsirana, nokuti makapiwa ruponeso rwenyu
*Chorus:*
*M:* Tsvagai
*V: All* Tsvagai, tsvagai
*M:* Tsvagai
*V: All* Zvokumusoro, zvokumusoro

## 272

**Makanaka Mambo Makarurama** – *C. Takura*
*M:* Makanaka Mambo makarurama
*V: S/A* Makanaka Mambo makarurama mucharaira vatadzi, Mambo makanaka, mucharaira vatadzi Alleluya
*B* Makanaka Mambo makarurama mucharaira vatadzi panzira, makanaka mucharaira vatadzi Alleluya
*Madetembo:*
1.Meso angu anoramba achitarira kunaMambo nokuti Mambo anobvisa tsoka dzangu pamumbure
2.Ringirai kwandiri mundinzwire ngoni nokuti ndiri ndoga ndinotambudzika

## 273

**Makandinyukura Mambo** – *C. Takura*

*M* Makandinyukura Mambo mumvura zhinji

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Makandinyukura Mambo mumvura zhinji Mambo makandinyukuraa, makandinyukura Mambo makandinyukura, mumvura zhinji Mambo makandinyukura

*B* Mambo makandinyukura Mamboo, makandinyukura Mamboo, mumvura zhinji Mamboo makandinyukura, mumvura zhinji

*Madetembo:*

1. Mambo ndinokudisai ndimi simba rangu Mwari ndimi dombo rangu. Mambo makandinyukura
2. Pakutambudzika kwangu ndakadanidzira kunaMwari ndikadanidzira kunaMwari wangu. Mambo makandinyukur
3. Akanzwa izwi rangu kuteterera kwangu kwakasvika munzeve dzake Mambo makandinyukur
4. Ipapo nyika yakazungunuka ikadedera, nheyo dzamakomo dzakadengeneka Mambo makandinyukura
5. Akakotamisa kudenga-denga akaburuka nerima guru rakanga riri pasi petsoka dzake. Mambo makandinyukura
6. Nokupenya kwakanga kuri pamberi pake makore matema akapfuura Mambo makandinyukura
7. Mwari akatinhira kudenga-denga wokumusoro-soro akataura namarimi omoto. Mambo makandinyukura

## 274

**Makandiongorora Tenzi Mukandiziva** – *B.P. Mukoko*

*M:* Makandiongorora Tenzi mukandiziva

*V: S/A* Munoziva zvo-o-se zvandinoita-a, mononzwisisa ndangariro dzangu-u, munondiona ndichiita basa-a, munoziva zviito zvangu zvo-se

*B* --- Munoziva zvose zvandinoita-a, munonzwisisa ndangariro dzangu, munondiona ndichiita basa, munoziva zviito zvangu zvo-se

*Madetembo:*

1. Ndikakwira kudenga muriko ndikabhururukira mberi kumabvazuva muriko
2. Kumahombekombe enyanza nechokumadokero muriko
3. Munonditungamirira munondibatsira-a
4. Ndangariro dzenyu Mwari dzinokosha kwazvo kwandiri

*Chorus:*

*S/A:* Munondikomberedza kumativi ose muchindidzivirira nesimba renyu-u, imi munondiziva zvakanyanya, mundondiziva zvakanyanya Mwari

*B* --- Munondikomberedza kumativi ose muchindidzivirira nesimba renyu, munondiziva zvakanyanya, mundondiziva Mwari

## 275

**Makanga Muchinditsvagireiko** – *R. Augutso*

*M:* Makanga muchinditsvagireiko

*V: S/A* Makanga musingazivi here ndoda kuita basa raBaba vangu, asi ivo --- kunzwisisa shoko raakavaudza

*B* Makanga musingazivi here kuti – basa raBaba vangu, havana --- shoko raakavaudza

*Madetembo:*

1. Kuzoti vaenda naJesu Yesrusarema, vakanamata ndokudzokazve vomusiya
2. Mai Maria zvavakaona mwana wavo vakamuudza kuti ini nababa vako tatotambura
3. Akavaudza kuti maindidii, ndinoda kushandiraka Baba vangu

*Chorus:*

*S/A* Asi ivo --- kunzwisisa shoko raakavaudza

*B* --- Havana shoko --- shoko raakavaudza

## 276

**Makapira Isu Hama Dzenyu** – *M. Kusena*

*M: S/A* Makapira isu hama dzenyu hupenyu hwenyu

*V: S/A* Yesu madiwa, muti unovava ndiwo unorapa, makabatsira Simeoni negomborero rokutakura, chipiyaniso nechido

*B* --- Yesu madiwa, muti unovava ndiwo unorapa, makabatsira Simeoni negomborero rokutakura, chipiyaniso nechido

*Madetembo:*

1. Kristo Mambo makarovererwa pachipiyaniso, tinzwireiwowo tsitsi.
2. Yesu makatakura matadzo edu ose
3. Zarurai meso edu kuti tibatsire hama dzedu dziri mumatambudziko
4. Tigova zvinungu zvine miseve yomufaro

*Chorus:*

*S/A* Chido-o ndiwo mambure okukwevera vamwe kwamuri

*B* --- Chido-o ndiwo mambure okukwevera vamwe kwamuri

## 277

**Makasarudzwa NaMwari** - *V. Nyapokoto*

*M: S/A* Makasarudzwa naMwari-i

*V: S/A* Makasarudzwa, kuti muponeswe mukuru-rama kwomweya, nomukutenda kwechokwadi, ku-ti mugowana mbi-ri, mbiri-hi yaTenzi wedu-hu

*B* --- Imi kuti muponeswe mukururama, nomukutenda, kwechokwadi, ku-ti mugowana, mbi-ri-hi yaTenzi

*Madetembo*:

1. Nenyasha Mwari wakatida vakatipa kushingirira kusingaperi netariro yakanaka.
2. Mwari ngavafadze mwoyo yedu nokushinga pakuita mabasa akanaka.

*Chorus:*
*S/A* --- Hama dzangu, ha-ma rambai makamira zvakasimba, muchichengeta, mitemo yaMwari
*B:* Naizvozvo, hama dzangu, ha-ma, muchichengeta mitemo yaMwari

# 278

**Makatifira Pachipiyaniso Mambo** – *C.F. Gondo*
*M:* Makatifira pachipiyaniso Mambo Jesu
*V: S/A* Kristo ndimi Mambo-o, Mambo ndimi – ndimi-i makatifira pachipiyaniso-o mukatiwanira mufaro u-yu mufaro mufaro mutichengeterewo-o-o
*B* --- Ndimi Mambo Kristo ndimi – ndimii makatifira mukatiwanira --- mufaro mu-fa-ro mufaro mutichengeterewo.
*Madetembo:*
1. Itai kuti rugare kuwirirana nokuregererana zvierere mutsinga dzedu.
2. Mutifundise kurera vana vedu mukutya nokuda imi muridzi wavo.
3. Tipeiwo zvinotikwanira muhupenyu huno-o, tirege kukarira mbiri mbiri isina maturo.

*Chorus:*
*B* Tinodaha Kristo tinoda tinoda kugara zvakanaka pasi tigosanganiswa pamwechete hupenyu hupenyu husingaperi kudenga.
*S/A* --- Kristo Mambo Mambo tinoda tinoda kugara zvakanaka-a pasi pano tigosanganiswa to-ose muhupenyu – hupenyu husingaperi kudenga.

# 279

**Makatisika Mwari** – *L.T Mabiza*
*M:* Makatisika Mwari
Makatifananidza nemi
*V: S/A* Mwari makatisika makatifananidza nemi-i
Ndokutinunura norufu rwomwana wenyu
*B* Mwari makatisika makatifananidza nemi-i
Ndokutinunura norufu rwomwana wenyu-u

# 280

**Makavandika Yesu** – *F. Vakayi*
*M: S/A* Makavandika Yesu
*V: S/A* Yesu munondida mozvipa nyama neropa Yesuhu ndoshamiswa
*B/T* --- Munondida mozvipa nyama neropa Yesuhu ndoshamiswa
*Madetembo:*
1. Iye mukuru musande wamasimba
2. Wazviisvodukupisa muhostiya
3. Moyo wangu Mwarii wokotama

4. Zvipo zvenyu zvotapira zvonakira kana nhamo kana rufu rwava pedyo
*Chorus:*
*All* Ndimi chete ndotendera, handi chingwa ndimi chete

## 281

**Makavandika Yesu Munondida** – *G. Gondo*

*M: S/A* Makavandika Yesu, munondida
*V: S/A* Makavandika Yesu, munondida, mozvipa nyama neropa ndoshamiswa-a, makavandika munondida.
*B* --- Makavandika Yesu munondida, mozvipa nyama neropa ndoshamiswa Yesu makavandika munondida-a-a.

*Madetembo:*

1. Mwari wangu zvipo zvenyu zvotapira, zvipo zvenyu zvonakira kana nhamo kana rufu rwava pedyo-o.
2. Iye mukuru musande wamasimba, wazviisvodukupisa muhostiya-a.
3. Rupenyu rwose rwakabva kwamuri nechido chenyu, munogara mukamba aka-aa
4. Huyai – huyaizve kwandiri mundidyise ndotarisira nokuda ndimi moga-a-a.

*Chorus:*
*S/A* Mwari wangu mwoyo wangu wokotama, handi chingwa ndimi chete ndotendera – Mwari wangu mwoyo wangu, wokotama-a-a.
*B* Mwari wangu, mwoyo wangu, wokotama, handi chingwa ndimi chete Mwari ndotendera-a mwoyo wangu wokotama.

## 282

**Mambo Akwira Kudenga** – *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*

*M:S* Mambo akwira kudenga
*V: S/AT* Uchirai mosee Mambo akwira kudenga, uchirai mose Mambo akwira kudenga
*B* Mose uchirai Mambo Mambo akwira kudenga uchirai Mambo Mambo akwira kudenga

*Madetembo:*

1. Pururudzirai Mwari imi nyika dzose
2. Murumbidze zita rake
3. Rumbidzai mbiri yake
4. Nokuti akatipa rupenyu
5. Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza
6. Nokuti Mwari ndiye Mambo wedu
7. Iye akamuka muvafi
8. Ndiye akatifira pachipiyaniso
9. Vakudziwe Baba noMwanakomana naMweya Musande
10. Sezvakanga zviri pakutanga nazvino nakare kose, nemisi isingaperi Amen

*Chorus:*
*S/A/T* Uchirai mose Mambo akwira kudenga
*B* Uchirai Mambo Mambo akwira kudenga

# 283

**Mambo Chimbidzai Kuzotibatsira** – *Fr E. Ribeiro*
*M* Mambo
*V: All* Chimbidzai kuzotibatsira
*M* Mwari
*V: All* Chimbidzai mutinunure
*Madetembo:*
1. Itai kuti vanyare nokudzimaidzwa, avo vanoda kuparadza rupenyu rwangu.
2. Itai kuti vanofarira nhamo dzangu vadzokere kwavabva, vazere neyaradzi.
3. Vadzokesei vadzimaidzwa, avo vanonditi, tsvatu waro, tsvatu waro.
4. Asi avo vose vanokutsvagai, itai kuti vapembere norufaro nokufaririsisa munemi.
5. Itai kuti avo vanoda rubatsiro rwenyu vagaroti, Mwari ngaarumbidzwe.
6. Ndibatsirei, Mwari, inika murombo wakanetsekana.
7. Ndimi muyamuri wangu, mununuri wangu chimbidzai, musanonoke.

# 284

**Mambo Chingwa Chamunopa** – *M. Mukucha*
*M: S/A* Mambo chingwa chamunopa
Chingwa chamunopa
*V: S/A* Chinopa upenyu kuvanhu vose-e
Chamunopa chingwa chinopa upenyu kuvanhu vose
*B:* Chamunopa chingwa chamunopa-a chinopa upenyu kuvanhu vose
*Madetembo:*
1. Vakakomborerwa vane nzira yakarurama,vanofamba mumurau waMambo, chingwa chamunopa
2. Vakaropafadzwa vanochengeta mitemo yake, vanomutsvaga nomwoyo wose, chingwa chamunopa
3. Akatiraira zvirevo zvake kuti uzvichengete zvakanaka, chingwa chamunopa
4. Vakarurama havaiti chinhu chisina kururama vanofamba munzira dzake, chingwa chamunopa
5. Haiwa dai nzira dzangu dzaigadzirirwa kuchengeta mitemo yake, chingwa chamunopa
6. Handingakundwi nokusingaperi kana ndichirangarira mirairo yake yose, chingwa chamunopa

# 285

**Mambo Imi Makatisika** – *R. Tonganai*

*M: S/A* Mambo imi makatisika

*V: S/A* Imi Mambo --- imi-i makatisika mukatiisa panyika kuti tigare norugare nokufara pamwe semhuri imwe inokufadzai. Bvisai zvose bvisaai zvosehe zvinoda kutitsausaha, tipeiwo kuwirirana kuwiriraana ha pakati pedu.

*B* Mambo imi makatisika mukatiisa panyika kuti tigare norugare nokufaraha semhuri imwe inokufadzai. Bvisai zvose, bvisai zvosehe zvinoda kutitsausaha, tipeiwo kuwirirana kuwiriranaha pakati pedu.

*Madetembo:*

1. Kunyange kukava nokugumbuusanaa dzimwe nguva, tipeiwo runzwisisoho
2. Kuti tigone kuregereraanaha nokuchimbidza, tipeiwo runzwisisoho
3. Kana pavavakidzani pane chidoo imi munovaa pakati pavo.Tipeiwo runzwisisoho
4. Pasina kuwiriranaa imi hamupo Mambo wedu. Tipeiwo runzwisisoho
5. Mambo weduu tipeiwo kufambidzana kwakanaka zvikuru kufambidzanaha kunotisvitsa kwamuri kudenga. Tipeiwo runzwisisoho

*Chorus:*

*All* Bvisaai zvose bvisaai zvosehe zvinoda kutitsausaha tipeiwo kwirirana kuwiriranaha pakati pedu.

# 286

**Mambo Imi Mwari** – *J.V. Chinondo*

*M:S/A* Mambo imi Mwari
Mwari imi

*V: S/A* Makasika denga napasi mukavaka munhu nezvinhu zvose zviri munyika Imi Tenzi makafemerawo mweya wenyu mazviri kuti zvose izvi zvirarame

*B/T* --- Denga napasi mukavaka munhu mukavaka munhu nezvinhu zvose zviri munyika, Tenzi mweya wenyu makafemerawo mweya wenyu mazviri zvose zvose izvi zvirarame

*Madetembo:*

1. Mweya Mambo wainge uchidzengereka pamusoro pemvura
2. Ndimi moga Mambo ndimi mune hukuru husina mugumo
3. Makaparadzanisa chiyedza nerima Mambo mukatizve nguva ngadzivepo
4. Makaparadzanisa mvura nemvura Mambo zvikavawo nyika negungwa

*Chorus:*

*All* Ndimi moga mukuru Mambo ndimi moga nyakusika denga napasi Mambo hakuna mumwe kunze kwenyu

## 287

**Mambo Imi Ndinovimba Nemi** – *A. Shamu Maurunge*

*M:* Mambo imi

*V: All* Ndinovimba nemi ndimi Mwari wangu

*Madetembo:*

1. Ndinoisa mazuva angu mumaoko enyu, ndimi dombo rangu rakasimba
2. Hongu ndimi dombo rangu nenhare yangu, naizvozvo nditungamirirei nokuda kwenyu
3. Haiwa Mambo zvakanaka, zvamunochengetera vanokutyayi zvakarurama kwazvo
4. Ndichafara nokufarisisa netsitsi dzenyu, ngoni dzenyu hadziperi narini
5. Makamisa tsoka dzangu, panzvimbo yakafarikana

## 288

**Mambo Ini Ndinokurumbidzai** – *C. Takura*

*M* Mambo ini ndinokurumbidzai

*V: S/A* Ndinokurumbidzai Mambo nomwoyo wangu wose, mweya wanguwo unopemberera, Mwari, unopemberera Mwari muponesi wangu, ndinokurumbidzai Mambo, nomwoyo wangu wose

*B* Ndinokurumbidzai Mambo, nomwoyo wangu wose, unopemberera, unopemberera, muponesi wangu, ndinokurumbidzai Mambo, nomwoyo wangu wose

*Madetembo:*

1. Ini ndinokurumbidzai Mambo nomwoyo wangu wose, nokuti wakatarisa netsiye nyoro muranda nhando wake
2. Chionai kubvira zvino marudzi ose achanditi munatswi, nokuti Samasimba wakandiitira zvinhu zvikuru zita rake rinoera
3. Anonzwira tsitsi avo vanomutya kubvira chizvarwa nechizvarwa
4. Anoita zvinamasimba noruoko rwake anoparadza vanozvikudza nendangariro dzemwoyo yavo
5. Anobvisa vanyamasimba pazvigaro zvavo achisimudzira vanhu nhando
6. Vanenzara anovagutsa nezvinhu zvakanaka vapfumi anovaendesa vasina
7. Wakabatsira Israeri muranda wake sezvaakatsitsidzira madzibaba edu
8. Akayeukawo tsitsi dzake kunaAbrahama nokuna vedzinza rake misi neisingaperi

## 289

**Mambo Isimba Rangu** – *A. Chamunorwa*

*M:* Mambo isimba rangu x2

*V: S/A* Mambo isimba ranguu Mambo, isimba norwiyo rwomuromo wangu, isimba rangu Mambo wanguu – isimba rangu Mambo norwiyo rwomuromo wangu

*B* Isimba rangu Mambo – Mambo wangu Mambo – isimba rangu Mambo

isimba rangu Mambo norwiyo rwomuromo wangu

*Madetembo:*

1. Tendai Mwari nokuti wakanaka, ngoni dzake hadziperi narinhi, Mwari ari parutivi rwangu, munhu angandiiteiko.
2. Zviri nani kutizira kuna Mwari pano kuvimba nomunhu, vakaipa vakandikomba senyuchi vakadzimwa somoto weminzwa.

# 290

**Mambo Isimba Rangu** – *H.M. Gambiza*

*M:* Mambo isimba rangu

*V: All* Mambo isimba rangu norwuyo rwomuromo wangu, Mambo isimba rangu

*Madetembo:*

1.Tendai Mwari nokuti wakanaka, ngoni dzake hadziperi narinhi
2.Mwari ari parutivi rwangu, munhu angandiiteiko
3.Zviri nani kutizira kuna Mwari pano kuvimba nomunhu
4.Vakaipa vakandikomba senyuchi vakadzimwa somoto weminzwa
5.Mwari ndiye simba rangu norwuyo rwangu, iye akava muponesi wangu

# 291

**Mambo Kana Motiranga** – *T. Taruvinga*

*M:* Mambo kana motiranga tinzwireiwo tsitsi
Kana motiranga tinzwireiwo tsitsi

*V: S/A* Kana motiranga Mambo tinzwireiwo tsitsii – Mamboo kana --- motirangaa Mambo tinzwireiwo tsitsi

*B* Mambo tinzwireiwoo – tinzwireiwo tsitsii Mamboo --- Mambo tinzwireiwo-o tsitsi

*Madetembo:*

1. Mambo ndakanzwa mashoko enyu ndikatya ndakarangarira mabasa enyu-u ndikavhunduka, kana motiranga
2. Umambo hwenyu hwakapararira kwoose nyika izere nokurumbidzwa kwenyu, kana motiranga

# 292

**Mambo Kristo** – *D.T. Zavazava*

*M:* Mambo Kristo

*V: All* Tinokurumbidzai tinokuomberai mununuri

*Madetembo:*

1.Ndimi Mambo waIsraeri nomwanakomana waDavid
2.Ndimi Mambo makauya muzita raMwari Baba
3.Vangere vari kukuimbirai kuuzuru
4.Vanhu vose nezvisikwa zvose zviri kubvumira

5.VaHebero vakakupembererai namashizha
6.Tinokupembererai isu nenziyo dzedu
7.Vakakupembererai musati matambudzika
8.Isu tinokupembererai imi makamuka
9.Mambo imi munofarira chete zvakanakisa
10.Tambirai minamato yedu yatinopira
*Chorus:*
*All* Hosana imi makaomberwa navadiki

## 293

**Mambo Kristo Tinokuomberai** – *A. Chifana*
*M:* Mambo Kristo tinokuomberai
*V: S/A* Tinokurumbidzai Kristo Mambo mununuri wedu tinokuomberai
*B* Tinokurumbidzai Kristo ndimi Mambo wedu tinokuomberai
*Madetembo:*
1.Ndimi Mambo makauya muzita raBaba
2.Vangere vari kukuimbirai vari kuuzuru
3.VaHebero vakakupembererai namashizha tinokupembererai nenziyo dzedu
*Chorus:*
*S/A* Imi makaomberwa navadiki hosanna makaomberwa navadiki
*B* --- Makaomberwa navadiki vachiti hosanna navadiki

## 294

**Mambo Kristo Tinokurumbidzai** – *D.T. Zavazava*
*M:* Mambo Kristo
*V: All* Tinokurumbidzai, tinokuomberai mununuri
*Madetembo:*
1.Ndimi Mambo waIsraeri nomwanakomana waDavidi
2.Ndimi Mambo makauya muzita raMwari Baba
3.Vangere vari kukuimbirai kuuzuru
4.Vanhu vose nezvisikwa zvose zviri kubvuma
5.VaHeburu vakakupembererai namashizha
6.Tinokupembererai isu nenziyo dzedu
7.Vakakupembererai musati matambudzika
*Chorus:*
*All* Hosana imi makaomberwa navadiki

## 295

**Mambo Makadzikinura** – *T.M. Dunduru*
M: Mambo makadzikinura
Makadzikinura

*V: S/A* Marudzi ose neropa renyu dzvene – Mambo maka-dzikinura neropa renyu
*B* Marudzi neropa renyu dzvene – maka-dzikinura neropa renyu
*Madetembo:*
1.Munomirireiko kure pakundibatsira, napamashoko okuchema kwangu
2.Ndinodana masikati asi hamupinduri, nousiku asi handiwani zororo
3.Ini ndiri honye, handizi munhu, ndiri chinhu chinozvidzwa navanhu
4.Regai kuva kure neni, nokuti njodzi iri pedyo
5.Ndakaiswa kwamuri, kubva ndichiri mudumbu ramai vangu
6.Ndimi Mwari wangu, kubva ndichiri pazamu ramai vangu

## 296

**Mambo Makadzikinura** – *J V. Chinondo*
*M:S* Mambo makadzikinura
*Kudavira & Chorus:*
*S* Makadzikinura marudzi ose mambo neropa renyu dzvene Mambo makadzikinura
*A* Makadzikinura neropa renyu dzvene marudzi oose makadzikinura
*B* Mambo neropa Mambo renyu dzvene marudzi ose makadzikinura
*Madetembo:*
1.Munomirireiko kure pakundibatsira napamashoko ekuchema kwangu
2.Ndinodana masikati asi hamupinduri nousiku asi handiwani zororo
3.Ini ndiri honye handisi munhu ndiri chinhu chinozvidzwa navanhu
4.Regai kuva kure neni nokuti njodzi iri pedyo

## 297

**Mambo Makanaka** – *W. Makumbe*
*M* Mambo makanaka makaruma
*V: All* Mucharayira vatadzi panzira --- makanaka makarurama Areruya
*Madetembo:*
1.Meso angu anoramba achitarira kuna Mambo nokuti anobvisa tsoka dzangu pamumbure
2.Ringirai kwandiri mundinzwire ngoni nokuti ndiri ndoga, ndinotambudzika

## 298

**Mambo Masika Vanhu Vatsva** – *S.M. Ponde*
*M* Mambo masika
*V: All* Vanhu vatsva – vatozvarwa
*M* Vatozvarwa-a
*V: All* Vatozvarwa nemvuraha – mvura yoruponeso rwenyu

*Madetembo:*
1.Mweya wangu une nyota yaMwari 2.YaMwari mupenyu
3.Mweya wangu unotakwairira Mwari 4.Senondo inotakwairira hova
5.Hova dzemvura 6.Une nyota yaMwari
7.YaMwari mupenyu 8.Ndichasvika riiniko
9.Ndionekwe naMwari 10.Ndinovimba naMwari
11.Ndiye ruponeso rwechiso changu 12.NaMwari wangu

# 299

**Mambo Munoda Kuzvipa Kuna Vose** – *R. Chikomo*

*M: S/A* Mambo munoda kuzvipa kuna vose vane moyo yakanaka…
Tinoswedera kuAtari renyu tichikushuwai kwazvo…
Munoziva kupanga kwemoyo yedu
*B* Munoda kuzvipa kuna vose vane moyo --- yakanaka…
KuAtari renyu tichikushuwai kwazvo…
Munoziva --- kupanga kwemoyo yedu

*Madetembo:*
1.Pakuuya kwenyu marudzi ose akanga akakumirirai
2.Tinoswedera kuAtari renyu tichikushuwai kwazvo

*Chorus:*
*S/A* Mutinyaradze sezvamakanyaradza nekuuya kwenyu
Marudzi ose --- akanga akakumirirai
*B* Mutinyaradze sezvamakanyaradza nekuuya kwenyu…
Marudzi o-se akakumirirai

# 300

**Mambo Mupeiwo** – *J. Mutandiko*

*M: S/A* Mambo mupeiwo
*V: S/A* Rugare rusina mugumo, Mambo mupeiwo rugare, chiedza chisande chimuvhenekere
B --- Rugare rusina mugumo, Mambo mupeiwo rugare --- chisande chimuvhenekere

*Madetembo:*
1.Mupeiwo rugare rwamakatsidzira vanotenda
2.Musamutonge, musamurange Mambo, muregerereiwo mhaka dzake dzose
3.Kutambudzika kwose ngakumuperere
4.Nhamo dzose dzimuperere afare kudenga
5.Kristo akamununura neropa rake sande ngaamupinze denga

*Chorus:*
*S/A* Musamutonge musamurange Mambo, muregerereiwo mhaka dzake dzose
*B* Musamutonge musamurange Mambo, muregererei --- dzake dzose

## 301

**Mambo Mupeiwo Rugare** – *P. Makwara*

*M* Mambo mupeiwo
*V:S* Rugare rusina mugumo chiedza chisande chimuvhenekere
*T* Ngaagarike mwana wenyu ngaagarike
*B* Rugare rusina mugumo mwana wenyu chimuvhenekere

*Madetembo:*

1.Mupeiwo rugare
2.Rusina mugumo
3.Rwamakatitsidzira
4.Kuna vanotenda
5.Musamutonge mambo
6.Musamurangewo
7.Chimuregererai
8.Mhaka dzake dzose
9.Kutambudzika kwose
10.Ngakumuperere
11.Nhamo dzimuperere
12.Afare kudenga
13.Kristo wakamufira
14.Wakamununura
15.Neropa rake sande
16.Ngaamupinze denga

*Chorus:*

*S/A* Chiedza chisande chimuvhenekere
*B/T* Mwana wenyu chimuvhenekere

## 302

**Mambo Muripo** – *W.C. Ringisai*

*M* Mambo muripo imi uye makangogara muripo
*V: S/A* Mambo muripo imi muripo Mambo uye makangogara muripo muripo Mambo tinokutendai
*B* Mambo muripo muripo Mambo --- gara muripo muripo Mambo tinokutendai

*Madetembo:*

1.Tibatsirei Mwari muponesi wedu nokuda kwomukurumbira wezita renyu
2.Uyai kuzotirwira, penyesai chiso chenyu isu tiponeswe
3.Ipapo hatingazobva kwamuri, tiraramisei isu tigodana zita renyu
4.Tichakutendai nokusingaperi ticharatidza kurumbidzwa kwenyu kumarudzi ose

*Chorus:*

*S/A* Musarangarira --- pamusana --- zvamadzibaba edu --- ngadzikurumidze kuchingamidzana nesu
*B* Musarangarira kutiranga --- pezvakaipa zvamadzibaba edu ngoni dzenyu, ngadzikurumidze kuchingamidzana nesu

## 303

**Mambo Muripo** – *A. Chamunorwa*

*M:* Mambo muripo Mambo-o
Muripo Mambo

*V: S* Imi Mambo muripo Mambo, uye makangogara muripo – Mamboho Mamboo imi Mambo

B Imi Mambo muripo Mambo, Mambo muripo tinokutendai, Mambo Mambo tinokutendai

*Madetembo:*

1.Musarangarira kutiranga pamusoro pezvakaipa zvamadzibaba edu.
2.Ngoni dzenyu ngadzikurumidze kuchingamidzana nesu.
3.Tibatsirei Mwari muponesi wedu nokuda kwemukurumbira wezita renyu.
4.Uyai kuzotirwira, penyesai chiso chenyu pamusoro pedu isu tiponeswe

# 304

**Mambo Musatiitire** – Pius J. Mubako

*M: S/A* Mambo musatiitira

*V: All* Sezvakafanira zvakaipa zvedu
Musatiitirewo musatiitire Mambo

*Madetembo:*

1.Mambo musarangarire matadzo edu
2.Ngoni dzenyu dzikurumidze kutizorodza
3.Tibatsireiwo Mwari ndimi muponesi wedu
4.Mutinunure nokuda kworudo rwenyu

# 305

**Mambo Mutsvene** – *S.M. Ponde*

*M:* Mambo mutsvene
*V: All* Mambo Mwari
*M:* Mambo mutsvene
*V: All* Mweya m'kuru-kuru
*M:* Mambo mutsvene
*V: All* Denga napasi
*M:* Mambo mutsvene
*V: All* Zvizere nembiri yenyu, zvizere nembiri yenyu
*M:* Hosana
*V: All* HosanaHosana
*M:* Hosana
*V: All* Hosana kudenga-denga, Hosana kudenga-denga
*M:* Mambo mutsvene
*V: All* Ngaakudzwe iye, ngaakudzwe iye
*M:* Mambo mutsvene
*V: All* Ngaakudzwe iye anouya ndiMambo, Ngaakudzwe iye anouya ndiMambo

# 306

**Mambo Muvape Rugare** – *S.M. Ponde*

*M* Mambo muvape rugare

*V: All* Rugare rusingaperi nezuva risingagumi ripenye kwavari ripenye kwavari

*Madetembo:*

1.Imi Mambo munofanira kurumbidzwa munofanira kuitirwa mhiko

2.Inzwai munamato wedu vanhu vose vanozodzokera kunemi

3.Mwari ngatinzwire tsitsi ativhenekere nechiso chake

4.Nzira yake izivikanwe pasi ruponeso rwake pakati pendudzi dzose

# 307

**Mambo Muve Netsitsi** – *Fr E. Ribeiro*

*M:* Mambo muve netsitsi

*V: All* Muve netsitsi x3

*S* Kristo muve netsitsi

*V: All* Muve netsitsi x3

*S* Mambo muve netsitsi

*V: All* Muve netsitsi x2

# 308

**Mambo Muve Netsitsi** – *S.M. Ponde*

*M* Mambo muve netsitsi x3

*V: All* Muve netsitsi muve netsitsi muve netsitsi x3

*M:* Kristo muve netsitsi x3

*V: All* Muve netsitsi muve netsitsi muve netsitsi x3

*M:* Mambo muve netsitsi x3

*V: All* Muve netsitsi muve netsitsi muve netsitsi x3

# 309

**Mambo Mwari Akukomborerei** – *V. Zvichauya*

*M:* Mambo Mwari akukomborerei

*V: S/A* Akukomborerei Maambo, Mambo Mwari wedu akukomborerei-hi, akukomborerei Mwari wedu

*B* Mambo Mwari wedu akukomborerei-hi, Mwari wedu Mambo akukomborerei Mwari wedu

*Madetembo:*

1.Tarirai vana inhaka inobva kuna Mwari chibereko chechizvarwa ndiwo mubairo waanopa.

2.Tarirai kunaka kwazvo kana hama dzichigara pamwe chete norugare.
3.Kana mugariri asingachengeti musha, mugariri anogarira pasina.
4.Kana Mwari asingachengeti musha, vabati vanobata pasina

# 310

**Mambo Mwari Imi** – *A. Chikomo*

*M: S/A* Mambo Mwarii imi Mwarii
*V: S/A* Mwari Mambo imi Mwarii muno ukuru hwazvose mabasa enyu makuru
*B* Mwarii Mwari Mambo imi Mwarii mun oukuru hwazvose mabasa enyu makuruu

*Madetembo:*

1.Mweya wangu rumbidza Mwari, mukati mangu mose rumbidza zita rake sande
2.Mweya wangu rumbidza Mwari, usakanganwa wakaitirwa naye zvakanaka

*Chorus:*

*All* Mwari ndiye rudo netsitsi anokoka kutsamwa azere norudo

# 311

**Mambo Mwari Ngaarumbidzwe** – *W.C. Ringisai*

*M:* Mambo Mwari ngaarumbidzwe
*V: S/A* Mambo Mwari ngaarumbidzwe nokuti wakashanyira wakashanyira vanhu vake-e kuzovanunura Mambo Mwari ngaarumbidzwe – wakashanyira vanhu vake-e kuzovanunura
*B* Mambo Mwari ngaarumbidzwe wakashanyira-a vanhu vake-e kuzovanunura Mambo Mwari ngaarumbidzwe nokuti wakashanyira-a vanhu vake-e kuzovanunura

*Madetembo:*

1.Mambo Mwari waIsireri ngaarumbidzwe nokuti wakashanyira vanhu vake kuzovanunura netsitsi dzomoyo munyoro waMwari
2.Ndizvo zvakaatsidzira nemiromo yavasande vake vechinyakare vaiporofita netsitsi dzomoyo munyoro waMwari
3.Kutinunura kumhandu dzedu nomumaoko avose vanotivenga netsitsi dzomoyo munyoro waMwari
4.Nokunzwirawo madzibaba edu tsitsi achiyeuka chitenderano chake chinoera netsitsi dzomoyo munyoro waMwari

*Chorus:*

*S/A* Wakatimutsira mununuri ane simba-a vanyakugara murima nomumumvuri worufu kuti azopinza tsoka dzedu munzira inoenda kurugare-e
*B* --- Wakatimutsira mununuri ane simba-a vkuzovhenekera gara murima nomumumvuri worufu – azopinza tsoka dzedu inoenda kurugare-e

# 312

**Mambo Mwari Ngaarumbidzwe** – *Br J.D. Musambasi*

*M* Mambo Mwari ngarumbidzwe

*V: S/A* Nokuti wakashanyira vanhu vake Mambo Mwari ngaarumbidzwe

*B* --- Wakashanyira vanhu vake kuzovanunura Mwari ngaarumbidzwe

*Madetembo:*

1.Wakatimutsira mununuri anesimba womumba maDavidi muranda wake

2.Ndizvo zvaakatitsidzira nemiromo yavasande vake vechinyakare vaiporofita

3.Kutinunura kumhandu dzedu nomumaoko avose vanotivenga

4.Nokunzwirawo madzibaba edu tsitsi achiyeuka chitenderano chake chinoera

*Chorus:*

*S/A*: Kuti timuitire tisingatyi muusande nouururami pamberi pake mazuva edu ose

*B* Timuitire tisingatyi muusande nouururami --- pake mazuva edu ose

# 313

**Mambo Mwari Tinoimba** – *Fr R.C. Pasvani*

*M:* Mambo Mwari-i tinoimba

*V: S/A* Mwari Mambo tinoimba imi-i wamasimba ose – tinokurumbidzai tose – tichishama basa renyu-u pasi pasingabvi – misi yose mugere-e

*B* Mwari Mambo tinoimba – imi-i wamasimba ose-e tinokurumbidzai tichishama basa renyu pasi pasingabvi misi yose mugere-he

*Madetembo:*

1.Vanoramba vachiimba vangere vose vose

2.Kerubim naSeraphim vanowanzokukotamai

3.Denga harinoneta richikudza musande

4.Pasi pose pana vanhu vanokudza imi Baba

5.Vopfugama namabvi vonamata panemi

6.Vanokudza Yesu Kristo mwana mukomana wenyu

*Chorus:*

*All* Vanokudza mweya wenyu-wu – musandisi wavo vose-e wanyaradza mwoyo yavo – mweya wenduramo yose – Baba – Mwana naMweya vari Mwari Musande

# 314

**Mambo Mwari Wangu Mazvipa** – *L.P. Maphosa*

*M* Mambo Mwari wangu

*V: S/A* Mazvipa kuneni pauzima chitarisai Mambo ini ndinozvipirawo kwamuri ndinokupai kufunga kwangu namabasa angu ose

*B* Mazvipa kuneni pauzima Mambo --- tarisai --- Mambo --- ndinozvipirawo ndinokupai kufunga kwangu namabasa angu ose

*Madetembo:*
1.Munezvi zvose zvandinoti ndinokupai hazvisiri zvangu ndezvenyu
2.Mambo muna masimba ose gamuchirai nengoni mupiro wangu ini muranda wenyu
3.Nyangwe ndiri murombo zvangu ndinoda kukupai chipo kuti ndikufadzeyi
4.Chipo changu ndechichi ndini ini ndava wenyu
5.Itai kuti ndikudei imi chete ndikushandirei imi navanhu vose

# 315

**Mambo Mwari Wangu Ndinozvipirawo** - *J Kaseke*
*M: S/A* Mambo Mwari wangu ndinozvipira kwamuri ini pauzima
*V: S/A* Ndinokupai kufunga kwangu --- namabasa angu ose --- muneizvi zvose-zvose-zvose ndezvenyu
*B:* Kufunga kwangu --- imii mambo - angu ose muneizvi zvose zvandinoti ndinokupai zvose ndezvenyu.
*Madetembo:*
1.Chitarisai Mambo ndinozvipirawo kwamuri imi pauzima
2.Nyangwe ndiri murombo zvangu ndinozvipira kwamuri imi pauzima
3.Mambo Mwari munamasimba ose gamuchirai mupiro wangu ini muranda wenyu
*Chorus:*
*S/A* Itai kuti ndikudei imi chete – imi – chete - ndikushandirei imi navanhu vose
*B* Ndikudei imi chete - imi chete - ndikushandirei imi navanhu vose

# 316

**Mambo Mwari Wedu** – *S.M. Ponde*
*M* Mambo Mwari wedu…
*V: All* Mambo akukomborerei
*M* Mambo Mwari wedu
*V: All* Alleluya
*Madetembo:*
1.Zvino itai kuti vakutunhidzei nomwoyo wose
2.Vakakomborerwa vanotya Mambo nokufamba munzira dzake
3.Kana Mambo asingavaki imba vavaki vanobata pasina
4.Kana Mwari asingachengeti musha murindi anorinda pasina

# 317

**Mambo Mwari Wedu Akukomborerei** – *Fr R.C. Pasvani*
*M* Mambo Mwari wedu akukomborerei
*V: All* Mambo Mwari wedu akukomborerei areruya Mambo akukomborerei akukomborerei Mambo areruya akomborerei mambo Mwari weduu

*Madetembo:*
1.Zvino mambo itai kuti vakutunhidzei nomwoyo wose
2.Vakakomborerwa vanotya Mambo nokufamba panzira yake
3.Kana Mambo asingavaki imba vavaki vanobata pasina
*Chorus:*
*All* Akukomborerei Mambo areruya akukomborerei Mambo Mwari wedu

# 318

**Mambo Mwari Wedu Akukomborerei** – *Magodo*
*M* Mambo Mwari wedu akukomborerei
*V:S/A* Alleluya akukomborerei Alleluya akukomborerei Mambo Mwari wedu akukomborerei
*B* --- Akukomborerei --- akukomborerei Mambo Mwari wedu akukomborerei Mambo Mwari wedu
*Madetembo:*
1.Zvino Mambo itai kuti vakutunhidzei nomwoyo wose
2.Vakakomborerwa vanotya Mambo nokufamba panzira yake
3.Kana Mambo asingavaki imba vavaki vanobata pasina
*Chorus:*
*All* Mambo akukomborerei Alleluya

# 319

**Mambo Ndiiteiwo** – *M.J.P.N. Mushuku*
*M:* Mambo ndiiteiwo
*V: All* Ndiiteiwo mudziyo worugare rwenyu
*Madetembo:*
1.Panoruvengo ndigodyara chido
2.Panokunyunyuta ndiuise chitendero
3.Panokurasa mwoyo ndiuise chitarisiro
4.Pane rima ndiuise chiedza
5.Panokuchema ndiuise mufaro
*Chorus:*
*All* Itai kuti ndirege kuda kunyaradzwa panokunyaradza vamwe

# 320

**Mambo Ndimi Makandibatsira** – *C. Takura*
M Mambo ndimi makandibatsira
*V: S/A* Mambo makandibatsira, ndinovimba nengoni dzenyu Mambo, ndimi makandibatsira, ndinovimba nengoni dzenyu
*B* Mambo makandibatsira ndinovimba nengoni dzenyu Mambo, ndimi makandibatsira Mambo, Mambo ndinovimba nemi

*Madetembo:*
1.Mwoyo wangu unoimba nokuti makandiitira zvakanaka
2.Ndinokudai Mambo ndinoimbira Mwari
3.Ndimi runyanga rwokuponesa ndimi shongwe yangu yakakwirira
4.Ndichadana kunemi Mwari munofanira kurumbidzwa
5.Naizvozvo ndichaponeswa kunavavengi vangu

## 321

**Mambo Ndimi Makati** – *Rev R. Machikicho*
*M:* Mambo ndimi makati
*V: All* Umambo hwedenga, uMambo ndohwepwere Mambo
*Madetembo:*
1.Umambo hwedenga hwakamisirwa pwere,ngavauye kwandiri
2.Tauya navo Mambo ndivava vatakabata,vagamuchirei nhasi vave venyu nguva dzose
3.Garai navo Tenzi muvachengete vose, kuipa kwapasi kusanyonganise
4.Mutichengetewo isu mumugariro wedu uyu, musavarasikise vaduku venyu ava.
5.Imba yaMwari yakavakwa paruware rusingazunguziki, ndosaka yakasimba kwazvo.

## 322

**Mambo Ndimi Makati** – *A. Nyika*
*M* Mambo ndimi Makati
Ndimi Makati
*V: All* Umambo hwedenga humambo ndohwepwere Mambo
*Madetembo:*
1.Umambo hwedenga hwakamisirwa pwere
2.Ngavauye kwandiri
3.Tauya navo Mambo ndivava vatakabata
4.Vagamuchirei nhasi vave venyu nguva dzose

## 323

**Mambo Ndimi Muna Manzwi** – *F.J. Mungwariri*
*M:* Mambo imi ndimi muna manzwi
*B* Muna manzwi mambo-ho, manzwi ohupenyu
Mambo imi munamanzwi --- ohupenyu --- husingaperi
*S/A* --- Mambo imi munamanzwi oupenyu husingaperi,
Mambo imi munamanzwi oupenyu hu-singaperi
*Madetembo:*
1.Uyai vana munditerere onai runako rwamambo, Ma-mbo imi…
2.Tarisai kuna Mambo muchapenya nembiri yake, Ma-mbo imi

# 324

**Mambo Ndimi Mvura Yechitubu** – *A.B. Muzividzi*

*M:* Mambo ndimi mvura yechitubu
*V: All* Mambo ndimi chitubu chezvikomborero zvose – hakuna mumwezve kudaro nyota yomweya wangu – Mambo inopedzwa nemi chete

*Madetembo:*

1.Ini pachangu hapana chandingagona kuita asi ndichibatsirwa nemi Mambo hapana chandingaita
2.Mwoyo wangu ungazopisa uchisuwira imi misi yose yorupenyu rwangu
3.Mambo vesai moto wechido mumwoyo mangu – Mambo ndimi mvura mvura yechitubu

*Chorus:*

*All* Mvura yechitubu inoti tonho ichipedza nyota mvura yechitubu inopedza nyota yomuviri chete

# 325

**Mambo NdiMwari** – *R. Mandigo*

*M* Mambo ndi-i-Mwari
Ndi-Mwari
*V: S/A* Mwari mukudzei hongu Alleluya
*B* --- Mambo mukudzei Alleluya

*Madetembo:*

1.Tarirai Ishe naMambo anouya nokukunda nohumambo, Ma-mbo ---
2.Nokuti zvose zviri kudenga nezviri pasi ndezvenyu, Ma-mbo ---
3.Ukuru ndohwenyu nesimba nembiri munobata umambo pamusoro pazvose, Mambo ---
4.Makakudzwa muri pamusoro pazvose paruoko rwenyu pane simba nohumambo, Mambo ---

# 326

**Mambo NdiMwari** – *L. Hakireni*

*M* Mambo ndiMwari
*V: S* Mwari mukudzei hon'o Alleluya
*B* E --- mukudzei Alleluya Alleluya

*Madetembo:*

1.Tarirai ishe naMambo anouya nokukunda noumambo
2.Nokuti zvose zviri kudenga nezviri pasi ndezvenyu
3.Ukuru ndohwenyu nesimba nembiri munobata umambo pamusoro pezvose
4.Makakudzwa muri pamusoro pezvose paruoko rwenyu pane simba noumambo

## 327

**Mambo NdiMwari Mukudzei** – *L. Maphosa*

*M:* Mambo ndiMwari mukudzei
*V: S/A* Mukudzei Mwari Mamb, mukudzei Mambo ndiMwari-i, mukudzei Mwari Mambo areruya
*B* Mambo ndiMwari mukudzei Mwari-hi mukudzei Mwari Mambo areruya

*Madetembo:*

1.Tarirai ishe naMambo anouya nokukunda noumambo
2.Nokuti zvose zviri kudenga nezviri pasi ndezvenyu
3.Ukuru ndohwenyu nesimba nembiri munobata umambo pamusoro pezvose

## 328

**Mambo Ndimwayeiwo Mvura Inoyera** – *Sr Elizabeth T. Ngun'u (SJI)*

*M:* Mambo ndimwayeiwo-o mvura inoyera
*V: S/A* Mambo ndimwayeiwo-oo ndimwayeiwo-oo mvura inoera --- Mambo kuti ndicheneswe, ndishambidzeiwo-o ndishambidzeiwo-o ndibve ndachena kuti mbee
*B* Mambo ndimwayeiwo-oo ndimwayeiwo-oo mvura inoera-a-a --- Mambo kuti ndicheneswe, Mambo ndishambidzeiwo-o ndishambidzeiwo-o Mambo ndachena kuti mbee.

*Madetembo:*

1.Mambo hamudi kuti mutadzi afe-e, munoda kuti atendeuke ararame
2.Dzimai zvikanganiso zvedu, nekuda-a kwengoni dzenyu
3.Isai mwoyo wakachena mukati medu-u, muvandudze mweya wakarurama mukati medu.
4.Dzoseraizve kwatiri mufaro woruponeso rwenyu-u titsigire nomweya kuti ude zvakanaka.
5.Musatipe sezvakafanira matadzo edu-u mutinunure nekuda kwezita renyu.
6.Tinodanidzira kunemi Mwari-i tererai kuteterera kwedu
7.Ngaitendeukire kuna mwari nemwoyo yedu yose.

*Chorus:*

*S/A* Ndishambidzeiwo ndishambidzeiwo ndibve ndachena kuti mbe-e x2
*B* - Mambo ndishambidzeiwo ndishambidzeiwo Mambo ndachena-a kuti mbe-e x2

## 329

**Mambo Ndinoisa Mweya Wangu** – *S. Hwata*

*M: S/A* Mambo ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu
*V: S/A* Mumaoko enyu ndinoisa mweya wangu Mambo
Ndiponesei Mambo-o ndnzwirei tsitsi-i
Mumaoko enyu ndinoisa mweya wangu

*B* Mambo ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu Mambo
Ndi-po-ne-seiwo ndinzwireiwo tsitsi-i
Mambo ndinoisa-a Mambo mweya wangu

*Madetembo:*

1.Maria mai vangu vadiwa-a ndichengetei mundidzivirire ndinozvipa kunemi.
2.Musanononoke Yesu kuzondibatsira.
3.Yesu ndidzivirirei kuna satani nesimba rake rose.

*Chorus:*

*S/A* Ndinoisa mweya wangu-u mumaoko enyu
Ndiponesei Mambo ndiri wenyu
*B* Mumaoko enyu Mambo, Mambo mumaoko enyu-u
Ndiponesei ndiri wenyu

# 330

**Mambo Ndinovimba Nemi** – *P.O. Katsukunya*

*M* Mambo ndinovimba nemi
Ndinovimba nemi
*V: S/A* Ndimi Mambo wangu Mwari wangu ndinovimba nemi
*B* Mambo wangu Mambo wangu Mwari ndinovimba nemi

*Madetembo:*

1.Ndinoisa mazuva angu mumaoko enyu
2.Ndimi dombo rangu rakasimba
3.Hongu ndimi dombo rangu nenhare yangu
4.Naizvozvo nditungamirirei nokuda kwenyu
5.Haiwa Mambo zvakanaka kwazvo

# 331

**Mambo Ndinovimba Nemi** – *J.K. Dzingai*

*M:* Mambo ndinovimba nemi
Ndinovimba nemi Mambo

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Ndimi Mwari wangu Mambo, Mambo ndinovimba nemi, ndimi Mwari wangu ndinovimba nemi Mambo
*B/T* Mambo ndinovima nemi Mambo ndimi Mwari wangu Mambo wangu ndinovimba nemi Mambo

*Madetembo:*

1.Ndinoisa mazuva angu mumaoko enyu ndimi dombo rangu rakasimba, ndinovimba nemi Mambo
2.Hongu ndimi dombo rangu nenhare yangu naizvozvo nditungamirirei nokuda kwenyu, ndinovimba nemi Mambo
3.Haiwa Mambo zvakanaka zvamunochengetera vanokutyayi zvakarurama kwazvo, ndinovimba nemi Mambo

## 332

**Mambo Ndinovimba Nengoni** – *S.M. Ponde*

*M* Mambo ndinovimba
Ndinovimba

*V: All* Nengoni dzenyu ndimi makandibatsira, ndimi makandibatsira

*Madetembo:*

1.Mwoyo wangu unoimba, nokuti makandiitira zvakanaka
2.Ndinokudai Mambo, ndinoimbira Mwari
3.Ndimi runyanga rwokuponesa ndimi shongwe yangu yakakwirira
4.Ndichadana kunemi Mwari, munofanira kurumbidzwa
5.Naizvozvo ndichaponeswa, kuna vavengi vangu

## 333

**Mambo Ndipeiwo Mwoyo** – *L. Hakireni*

*M:* Mambo ndipeiwo mwoyo mutsvene

*V: S* Mwoyo wakavandudzwa nomweya wenyu, mwoyo wakavandudzwa nomweya wenyu

*B* Mwoyo mutsvene wakavandudzwa nomweya wenyu, ndipeiwo mwoyo mutsvene wakavandudzwa nomweya wenyu

*Madetembo:*

1. Zvakanaka kuti Mwari wedu aimbirwe nziyo dzokurumbidzwa, zvakafanira kuti arumbidzwe
2.Mambo munovaka Yerusarema, munounganidza vakadzingwa vaIsraeri
3.Munoporesa vane mwoyo yakaputsika, munosunga mavanga avo
4.Mambo munobatsira vanozvininipisa, vakaipa munovawisira pasi
5.Imbirai Mambo muchimutenda, imbirai Mwari wedu nziyo dzokurumbidza nembira
6.Iye anofukidza denga namakore, anogadzirira pasi mvura
7.Anomeresa uswa pamakomo, anopa zvipfuwo zvokudya zvazvo
8.Mambo anofara naavo vanomutya, naavo vanotarisira ngoni dzake

## 334

**Mambo Ndiponesei** – *Dumbura*

*M*: Mambo-o ndiponesei

*Kudavira & Chorus:*

*All* Mumaoko enyu ndinoisa mweya wangu

*Madetembo:*

1.Ndinzwireiwo tsitsi-i
2.Musanonoke kuzondiba-atsira
3.Ndidzivirirei kuna satani

## 335

**Mambo Nditakanurei** – *A. Chikomo*

*M:* Mambo nditakanurei

*V: All* Nditakanureii kumunhu wakaipaa ndidzivirirei kune ane hasha

*Madetembo:*

1.Vanofunga zvakaipa mumwoyo yavo.
2.Vanogara vachimutsa mhere
3.Zviro kwazvo vakarurama vachatenda zita renyu, vachagara pamberi penyu

## 336

**Mambo Nditakanurei Kune Wakaipa** – *C. Nyambira*

M: Mambo nditakanurei kune wakaipa

*Kudavira & Chorus:*

*All* Nditakanureyi Mambo ndidzivirireiwo Mambo kumunhu ane hasha

*Madetembo:*

1.Vanofunga zvakaipa mumwoyo yavo-o, Mambo nditakanureiwo
2.Vanogara vachimutsa mhere, Mambo nditakanureiwo
3.Zviro kwazvo vakarurama vachatenda zita renyu, Mambo nditakanureiwo
4.Vachagara pamberi penyu, Mambo nditakanureiwo

## 337

**Mambo Ndiye Mufudzi Wangu** – *J.K. Dzingai*

*M:* Mambo ndiye mufudzi wangu

*V: S/A* Hapana chandingashaiwa, Mambo ndiye mufudzi wangu, ndiye mufudzi, ndiye mufudzi wangu, hapana chandingashaiwa

*B/T* Mambo ndiye mufudzi wangu, mufudzi wangu, Mambo ndiye mufudzi, ndiye mufudzi wangu, hapana chandingashaiwa

*Madetembo:*

1.Anondiradzika pasi pamafuro manyoro anondisesedza pamvura inozorodza
2.Unyoro norunako zvichanditevera, anoponesa mweya wangu
3.Anondifambisa panzira dzakarurama nokuda kwezita rake
4.Kunyangwe ndikafamba mumupata werima, handingatyi, nokuti iye aneni
5.Tsvimbo yake inondinyaradza anondigadzirira dara pamberi pavavengi vangu
6.Akazodza musoro wangu mafuta mukombe wangu unopfachuka

## 338

**Mambo Ndiye Mufudzi Wangu** – *S.M. Ponde*

*M:* Mambo ndiye mufudzi wangu x2

*V: All* --- Mufudzi hapana chandingashaiwa x2

*Madetembo:*

1.Anondiradzika pamafuro manyoro anondisesedza pamvura inozorodza

2.Unyoro norunako zvichanditevera, anoponesa mweya wangu
3.Anondifambisa panzira dzakarurama nokuda kwezita rake
4.Kunyangwe ndikafamba mumupata werima, handingatyi
5.Tsvimbo yake inondinyaradza anondigadzirira dara pamberi pavavengi vanhu
6.Akazodza musoro wangu mafuta mukombe wangu unopfachuka

## 339

**Mambo Nhai Mambo** – *M.J.P.N. Mushuku*

*M:* Mambo nhai Maambo x2
*V: All:* Mambo tinzwireiwo tsitsi x2

*M:* Kristoo Kristo, Kristoo Kristo x2
*V: All*: Kristo tinzwireiwo tsitsi x2

*M:* Mambo nhai Maambo x2
*V: All:* Mambo tinzwireiwo tsitsi x2

## 340

**Mambo Pachake Ndiye Rugare Rwedu** – *F. Hwariva*

*M:* Mambo pachake ndiye rugare rwedu
*V: S/A* --- Ndiye --- ndiye-e akaita marudzi ose kuti ave rudzi rumwe chete.
*B* Mambo pachake --- rugare rwedu --- akaita marudzi ose --- ave rudzi rumwe chete.

*Madetembo:*
1.Pururudzirai Mambo nyika dzose muitirei Mambo norufaro.
2.Uyai pamberi pake muchiimba nokufara.
3.Zivai kuti Mambo ndiye Mwari ndiye akatiita.
4.Tiri rudzi rwake makwai edanga rake.
5.Pindai pamasuwo ake muchitenda.
6.Rumbidzai zita rake muchiti mazviita.
*Chorus:*
*S/A* Chokwadi Mambo akanaka kwazvo rudo rwake ruzere netsitsi akatendeka kumarudzi namarudzi.
*B* Chokwadi Mambo akanaka kwazvo rudo-o ruzere netsitsi akatendeka kumarudzi namarudzi.

## 341

**Mambo Pachake Ndiye Rugare Rwedu** – *Chatindo*

*M:* Mambo pachake ndiye rugare rwedu Mambo
Pachake ndiye rugare rwedu Mambo

*V: S/A* Mambo ndiye wakaita kuti marudzi ose –ave rudzi rumwe chete.
*B* Mambo ndiye wakaita kuti marudzi ose –marudzi ose ave rudzi rumwe chete.
*Madetembo:*
1.Uyai pamberi pake muchiimba
2.Muchiimba nomufaro
3.Zivai kuti Mambo ndiye Mwari
4.Ndiye Mwari akatiita
5.Tiri rudzi rwake
6.Makwai edanga rake
7.Pindai pamusuwo wake muchitenda
8.Rumbidzai zita rake muchiti mazvita
*Chorus:*
*S/A* Nyika dzose pururudzirai Mambo
*B* Nyika dzose dzose pururudzirai Mambo

## 342

**Mambo Ropa Renyu Rakakosha** – *Sr Dolores Nyathi (HLMC)*
*M:* Mambo ropa renyu rakakosha
*V: S/A* Rakateuka kuti vanhu varegererwe matadzo avo, naizvozvo tinokumbirisawo kuti mutiregerere matadzo edu
*B* Rakateuka -- varegererwe avo, naizvozvo tinokumbirisa kuti mutiregerereiwo matadzo edu
*Madetembo:*
1.Isu vatadzi vamunoziva kusimuka nokugara
2.Makati kunyange matadzo asviba zvakadii uyai kwandiri ndinokuchenesai
3.Ndinorasa ndinorwarira matadzo angu ndinotarisira kuponeswa nemi
4.Nhai Baba garai nesu misi yose misi yose yorupenyu rwedu
*Chorus:*
*S/A* Tinokumbirisawo kuti mutiregerere matadzo edu
*B* ¬ Tinokumbirisaaa mutiregerere matadzo edu

## 343

**Mambo Shoko Renyu Chiedza Changu** – *M. Nyamarebvu*
*M: S* Mambo shoko renyu chiedza changu
*V: S/A* Chiedza changuu Mambo Mambo shoko renyu chiedza changu Mambo, chiedza changu shoko renyu Mambo
*B:* Chiedza changu --- Mambo shoko renyu --- chiedza changu --- Alleluya shoko renyu Mambo
*Madetembo:*
1.Uya-i uyai vana munditerere, onayi runako rwaMambo.
2.Tarisai kuna Mambo tarisai, muchapenya, nembiri yake.

*Chorus:*
*S/A* Alleluya chiedza changu shoko renyu Mambo.
B Alleluya --- Alleluya shoko renyu Mambo.

## 344

**Mambo Takugamuchirai** – *A. Shamu Maurunge*
*M:* Mambo takugamuchirai
*V: All* Mambo garai
*M:* Mambo garai
*V: All* Garaiwo mumwoyo yedu
*Madetembo:*
1.Ipai Mambo imi vanakomana vaMwari, ipai Mambo mmkudzo nesimba
2.Ipai Mambo mikudzo yakafanira, namatai kuna Mambo panguva inoyera
3.Inzwi raMwari riri pamusoro pemvura zhinji inzwi raMwari rine simba
4.Mwari wembiri anotinhira, inzwi raMwari rizere noumambo
5.Inzwi raMwari rinopamura mirazvo yomoto, inzwi raMwari rinodederesa makomo
6.Inzwi raMwari rinoberekesa nhondo, rinovhuvhuta miti yamatondo

## 345

**Mambo Takugamuchirai** – *J. Dumbura*
*M:* Mambo takugamuchirai
*V: S/A* Takugamuchirai Mambo garai mumwoyo yedu takugamuchirai
*B:* Mambo takugamuchirai garai mumwoyo yedu takugamuchirai
*Madetembo:*
1.Ipai Mambo imi vanakomana vaMwari ipai Mambo mukudzo nesimba
2.Ipai Mambo mukudzo wakafanira namatai kuna Mambo panguva inoera
3.Inzwi raMwari riri pamusoro pemvura zhinji-i inzwi raMwari rine simba-a
*Chorus:*
*S/A* Mwari wembiri anotinhira izwi raMwari rizere noumambo rinopamura mirazvo yomoto rinodederesa makomo
*B* Mwari wembiri anotinhira izwi raMwari rizere noumambo rinopamura-pamura mirazvo yomoto rinodederesa makomo

## 346

**Mambo Takugamuchirai** – *J.K. Dzingai*
*M:* Mambo takugamuchirai
*V: S/A* Takugamuchirai Mambo, garai Mambo mumwoyo yedu, takugamuchirai, garai mumwoyo yedu
*B/T* Mambo garai, Mambo garai mumwoyo yedu, garai mumwoyo yedu

*Madetembo:*
1.Ipai Mambo imi vanakomana vaMwari, ipai Mambo mukudzo nesimba
2.Ipai Mambo mikudzo yakafanira namatai kuna Mambo panguva inoyera
3.Inzwi raMwari riri pamusoro pemvura zhinji inzwi raMwari rine simba

## 347

**Mambo Tambirai** – *H.M. Gambiza*
*M* Mambo tambirai
*V: S/A* Tambirai mwana wenyu Mambo mugare naye misi yose mwana ndowenyu uyu Mambo
*B* --- Mwana wenyu Mambo mugare naye misi yose mwana --- uyu Mambo
*Madetembo:*
1.Mambo mukayeuka zvivi, angasarangwa ndianiko.
2.Munzwireiwo tsitsi Mambo mumutore mugare naye.
3.Muregerere-iwo Mambo zvitema zvake zvose zvose.
4.Mwana ndowenyu uyu Mambo musamukande kwakadaro.
5.Tandirai vavengi kure vanoda kuti vamutore.
6.Ngaasvike kwamunogara kuupenyu husingaperi.

## 348

**Mambo Tauya** – *A. Chamunorwa*
*M:* Mambo tauya
Tauya Mambo
*V: B* Tauya nezvipo – mubati wapasi pose-he, Mambo tauya nezvipo-o
*S/A* --- Kuzopfugamira Mambo-o, tauya nezvipo zvomupiro Mambo Alleluya
*T* --- Ngaakudzwe iye – ngaakudzwe Mambo Alleluya
*Madetembo:*
1.Uyai munzwe imi mose ndichakududzirai zvaakaitira mweya wangu.
2.Wakashandura gungwa rikava nyika yakaoma vakayambuka rwizi netsoka.
3.Anobata umambo nokusingaperi nesimba rake meso ake anocherekedza ndudzi.
4.Rumbidzai Mwari imi vanhu inzwi rokumurumbidza ngarinzwike.
5.Iye anopa mweya yedu rupenyu asingatenderi kuti tsoka dzedu dzitedzemuke
6.Ndakachema kwaari nomuromo wangu ndakamurumbidza zvikuru norurimi rwangu.
7.Inzwi rake akava munhu ndokugara nesu.

## 349

**Mambo Tinokumbira Mutipewo** – *S. Mubaiwa*
*M:* Mambo tinokumbira mutipewo chipo-o
*V: All* Mambo tinokumbira kuti mutipewo chipo chokutaura zvinokufadzai

zvoga imi makatuma pasi shoko renyu anova ndiye mwanakomana
wenyu Yesu Kristo-o

*Madetembo:*

1.Ngakuve kwezvirokwazvo nokuti imi muri zvirokwazvo
2.Ngakuve kuzere nechipo nokuti muri runako nechido
3.Tinoda kuzadzisa manzwi akataurwa naJemisi mupostori
4.Munhu asingakanganisi mukutaura kwake ndiye munhu ane hunhu huzere-e

*Chorus:*

*S/A* Itai kuti timutevedzere mukutaura kwake kutaura kwake kwezvirokwazvo-o
*B* Itai kuti timutevedzere mukutaura kwake – kwake kwezvirokwazvo

## 350

**Mambo Tinokurumbidzai** – *D.T. Zavazava*

*M:* Mambo tinokurumbidzai
Tinokurumbidzai
*V: S* Imi makatifira, imi makamuka, muchazouyazve
*B* ---- Makatifira --- makamuka, muchazouyazve
*M:* Imi makatifira
*V: All* Muchazouyazve
*M:* Makamuka
*V: All* Muchazouyazve

## 351

**Mambo Tinokutendai** – *A. Chifana*

*M:* Mambo tinokutendai
*V: S/A* Tinokutendai Mambo tinokupai mupiro wedu, Mambo tinokutendai
*B* Tinokutendai Mambo Mwari tinokupai mupiro, Mambo tinokutendai

*Madetembo:*

1.Mabasa enyu mazhinji kwazvo makaaita ose nenjere
2.Zvipenyu zvose zvinokumirirai kuti muzvipe zvekudya nenguva yakafanira
3.Munotambanudza ruoko rwenyu Mambo vanhu vose ndokugutswa

*Chorus:*

*S/A* Mbiri yaMwari ngaigare nokusingaperi Mambo ngaafarire mabasa ake
*B* Ngaigare nokusingaperi Mwari mabasa ake

## 352

**Mambo Tinovimba Nemi** – *J. Makaure*

*M:* Mambo tinovimba nemi
*V: All* Tinovimba nemi Mambo tipeiwo rugare Mamboo tinovimba nemi tipeiwo rugare

*Madetembo:*
1.Uti kuna Mambo Mwari
2.Nokuti ndiye anokusunungura kuzviteyo zvomuvhimi, anokuporesa pahosha dzinouraya zvikuru
3.Ndiyewo anokufukidza neminhenga yake, kuti ugotizira pasi pamapapiro ake
4.Kutendeka kwake inhovo yako, haufaniri kutya zvinobvundisa zvousiku
5.Nokuti diziro rako ndiMambo, wakamuita nhare yako
6.Hapana chakaipa chingakuwira, matambudziko haachadzokeri kumba kwauri
7.Nokuti iye akaraira vangere vake kuti vakungwarire
8.Ivo vachakubata namaoko avo kuti urege kugumburiswa rutsoka rwako nebwe
9.Mwari achiti: zvaanondinamata ndichamuporesa ndichamurwira zvaanoziva zita rangu
*Chorus:*
*All* Ndimi utiziro hwangu nenhare yangu Mwari wangu wandinovimba naye

# 353

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi** – *C. Chawasarira*

*M:* Mambo
*V: All* Mambo
*M:* Mambo
*V: All* Mambo Mamboo Mamboo – tinzwireiwo tsitsi}x2

*M:* Kristo Kristoo Kristo Kristoo Kristo – Mambo tinzwireiwo tsitsi
*V: All* Mambo Kristo Mambo tinzwireiwo tsitsi
*M*: Mambo
*V: All* Mambo
*M:* Mambo
*V: All* Mambo Mamboo Mamboo – tinzwireiwo tsitsi}x2

# 354

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi** – *Mandeu*

*M* Mambo
*V: S/A* Tinzwireiwo Mambo tinzwireiwo tsitsi
*B* Mambo tinzwireiwo Mambo tinzwireiwo tsitsi
*M* Mambo
*V: S/A* Mambo tinzwireiwo tsitsi
*B* Mambo tinzwireiwo Mambo tinzwireiwo tsitsi
*M* Kristo x3
*V: All* Tinzwireiwo tsitsi x3
*M* Mambo x2
*V: All* Mambo tinzwireiwo tsitsi x2

# 355

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi** – *A. Chamunorwa*

*M:* Mambo tinzwireiwo tsitsi
*V: S/A* Mambo tinzwireiwo tsitsii Mambo --- tinzwireiwo tsitsii
*B:* Maambo tinzwireiwo tsitsi
*M:* Tinzwireiwo tsitsi
*S:* Tinzwireiwo tsitsi Mambo, Mambo tinzwireiwo-o tsitsi
*B:* Ma-ambo tinzwireiwo tsitsi, tinzwireiwo tsitsi-i x2

*M:* Kristo tinzwireiwo tsitsi-i
*S/A:* Kristo tinzwireiwo tsitsi, tinzwireiwo tsitsi Kristo, Kristo tinzwireiwo tsitsi
*B:* Kristo tinzwireiwo tsitsi, Kriisto tinzwireiwo tsitsi-yi x2

*M:* Mambo tinzwireiwo tsitsi
*V: S/A* Mambo tinzwireiwo tsitsii Mambo --- tinzwireiwo tsitsii
*B:* Maambo tinzwireiwo tsitsi
*M:* Tinzwireiwo tsitsi
*S:* Tinzwireiwo tsitsi Mambo, Mambo tinzwireiwo-o tsitsi
*B:* Ma-ambo tinzwireiwo tsitsi, tinzwireiwo tsitsi-i x2

# 356

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi** – *S.M. Ponde*

*M:* Mambo x2
*V: All* Tinzwireiwo tsitsi, tinzwireiwo tsitsi x2
*M:* Kristo x2
*V: All* Tinzwireiwo tsitsi, tinzwireiwo tsitsi x2
*M:* Mambo woye x2
*V: All* Tinzwireiwo tsitsi, tinzwireiwo tsitsi x2

# 357

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi** – *A. Nyika*

*M* Mambo tinzwireiwo
*V:S/A/B* Tinzwireiwo tsitsi --- kana motiranga
*T* Tinzwireiwo tsitsi isu kana motiranga

*Madetembo:*

1. Mambo, ndakanzwa mashoko enyu, ndikatya ndakarangarira mabasa enyu, ndikavhunduka
2. Umambo hwenyu hwakapararira kwose, nyika izere nokurumbidzwa kwenyu

# 358

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi** – *J. Makaure*

*M:* Mambo tinzwireiwo tsitsi

*V: S/A* Mambo kana motiranga tinzwireiwo tsitsi Mambo kana motiranga tinzwireiwo tsitsi

*B* Mambo motiranga Mambo tinzwireiwo tsitsi Mambo kana motiranga tinzwireiiwo tsitsi

*Madetembo:*

1.Mambo ndakanzwa mashoko enyu ndikatya ndakarangarira mabasa enyu ndikavhunduka

2.Umambo hwenyu wakapararira kose nyika izere nokurumbidzwa kwenyu

# 359

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi** – *Sr.Matthias Kuzwayo (HLMC)*

*M:* Mambo tinzwireiwo tsitsi

*V: All* Mambo tinzwireiwo tsitsii, Mambo, Mambo tinzwireiwo tsitsi

*M:* Kristo tinzwireiwo tsitsi

*V: All* Kristo tinzwireiwo tsitsi Kristo Kristo tinzwireiwo tsitsi

*M:* Mambo tinzwireiwo tsitsi

*V: All* Mambo tinzwireiwo tsitsi Mambo Mambo tinzwireiwo tsitsi

# 360

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi** – *F. Gora*

*M:* Mambo tinzwireiwo tsitsi x2

*V: All* Mambo tinzwireiwo tsitsi Mambo Mambo tinzwireiwo x2

*M:* Kristo tinzwireiwo x2

*V: S/A* Kristo tinzwireiwo tsitsi Kristo – Kristo tinzwireiwo tsitsi

*B:* Kristo --- Kristo tinzwireiwo tsitsi

# 361

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi** – *S.P. Chikarakara*

*M* Mambo tinzwireiwo tinzwireiwo tsitsi Mambo

*V: All* Tinzwireiwo tsitsi Mambo, tinzwireiwo tsitsi Mambo tinzwireiwo tsitsi

*M:* Kristo tinzwireiwo tsitsi

*V: All* Kristo tinzwireiwo tsitsi, Kristo tinzwireiwo tsitsi Kristo tinzwireiwo tsitsi

## 362

**Mambo Tinzwireiwo Tsitsi Kana Motiranga** – *C. Takura*

*M* Mambo tinzwireiwo tsitsi kana motiranga

*V: S/A* Mambo kana motiranga, tinzwireiwo tsitsi, kana motiranga Mambo, tinzwireiwo tsitsi

*B* --- Kana motiranga Mambo, kana motiranga, tinzwireiwo tsitsi Mambo, tinzwireiwo tsitsi

*Madetembo:*

1.Mambo ndakanzwa mashoko enyu ndikatya, ndakarangarira mabasa enyu ndikavhunduka

2.Umambo hwenyu hwakapararira kwose, nyika izere nekurumbidza kwenyu

## 363

**Mambo Tiravidzeiwo** – *C.T. Chinoda*

*M* Mambo Tiravidzeiwo….

*V: All* Runako rwenyu Mambo --- mugotipa --- rupenyu --- rupenyu rwenyu Mambo

*M* Tiravidzeiwo --- mugotipa

*V: All* Runako rwenyu Mambo --- mugotipa --- rupenyu --- rupenyu rwenyu Mambo

*Madetembo:*

1.Ndichanzwa zvichataura Mambo Mwari nokuti achataura rugare kuvanhu vose

2.Zviro kwazvo ruponeso rwake ruri padyo kunaavo vanomutya mbiri yake ichagara munyika yedu

*Chorus:*

*All* Tiravidzeii Mambo --- mugotipa rupenyu

## 364

**Mambo Tiravidzei** – *J. K Dzingai*

*M: S* Mambo tiravidzei

*A* Tiravidzei

*V: S/A* Runako rwenyu Mambo mugotipa rupenyu norunako rupenyu norunako mugotipa rupenyu norunako

*B* Mambo tiravidzeiwo rupenyu mugotipa rupenyu norunako rupenyu norunako

*Madetembo:*

1.Ndichanzwa zvichataura Mwari Mambo wedu nokuti achataura rugare kuvanhu vake. Tiravidzei

2.Zviro kwazvo ruponeso rwake ruri padyo kunavo vanomutya mbiri yake ichagara munyika yedu. Tiravidzei

3.Mwari achatipa zvinhu zvake zvakanaka nyika yedu ichabereka zvibereko

zvayo. Tiravidzei
4.Kurarama kuchatitungamirira kuchagadzirira tsoka dzedu nzira. Tiravidzei
5.Ngoni nezvokwadi zvichasangana kururama norugare zvichakwazisana. Tiravidzei
6.Mambo achasunungura vasungwa vedu vari mugomba risine mvura. Tiravidzei
7.Nhasi tinoziva kuti Mambo achauya namangwana tichaona mbiri yake. Tiravidzei

## 365

**Mambo Vanoti** – *A. Chamunorwa*

*M:* Mambo vanoti
*V: S* Kumbirai muchapiwa – tsvagai muchawana – gogodzai muchazarurirwa
*B* Kumbirai muchapiwa – tsvagai muchawana – muchapiwa, muchapiwa, muchawana

*Madetembo:*

1.Mwoyo wangu nenyama yangu, zvinodana kuna Mwari mupenyu
2.Musha wangu idara renyu rinoera, Mambo wangu naMwari wangu
3.Vakakomborerwa vanogara mumba menyu, vanogara vachikurumbidzai
4.Vakaropafadzwa vanhu vanorubatsiro mamuri, kana vachizvigadzirira rwendo rwavo
5.Kana vachipfuura nomubani rakaoma, vanoriita nzvimbo ina matsime
6.Zvirokwazvo mvura yomunhuruka, inorifukidza namakomborero

*Chorus:*

*S* Gogodzai muchazarurirwa, gogodzai
*B* Tsvagai muchawana, muchawana, gogodzai

## 366

**Mambo Vanoti Kumbirai** – *W. Wasosa*

*M:* Mambo vanoti….
*V: S* Kumbirai --- tsvagai --- gogodzai muchazarurirwa
*B* Muchapiwa --- muchawana gogodzai muchazarurirwa

*Madetembo*

1.Kristo mukundi Kristo ndiMambo Kristo ndiTenzi wenyika yose
2.Ndimi rukudzo nedonzvo redu nechivimbo chedu nesimba redu
3.Ndimi mubatsiri mubatsiri wedu nedombo redu, diziro redu
4.Munokunda Mambo wedu munotirwira munotichengeta
5.Mukurusa Mwari wedu Yesu Kristo nesimba raMwari Baba naMweya Musande

*Chorus*

*All* Kumbirai muchapiwa --- tsvagai muchawana gogodzai muchazarurirwa

## 367

**Mambo Vanoti Muchapiwa** – *B.M. Musinami*

*M* Mambo vanoti muchapiwa
Vanoti muchapiwa
*V:S* Kumbirai muchapihwa tsvagai muchawana tsavagai muchawana gogodzai muchazarurirwa
*B* Kumbirai --- tsvagai --- tsvagai --- gogodzai muchazarurirwa

*Madetembo:*

1.Mweya wangu nenyama yangu zvinodana kuna Mwari mupenyu, Mambo vanoti
2.Musha wangu idara renyu rinoera Mambo wangu naMwari wangu, Mambo vanoti
3.Vakakomborerwa vanogara mumba menyu vanogara vachikurumbidzai, Mambo vanoti
4.Kana vachipfuura nemubani rakaoma vanoriita nzvimbo ina matsime, Mambo vanoti
5.Vanofamba nesimba vanosvika pamberi paMwarii, Mambo vanoti
6.Vakudziwe Baba noMwanakomana naMweya Musande sezvakanga zviri pakutanga nazvino nakare kwose nemisi isingaperi Amen, Mambo vanoti

*Chorus:*

*S* Tsvagai muchawanaa gogodzai muchazarurirwa
*B* Tsvagai --- gogodzai muchazarurirwa

## 368

**Mambo Vava Pano** – *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M:* Mambo
*V: All* Mambo vava pano
*M:* Uyai
*V: All* Tivatende nokuimba
*M:* No-ku-imba
*V: All* Nokuimba Areruya e Areruya

*Madetembo:*

1.Imbirai Mambo rwiyo rutsva, nokuti wakaita zvinhu zvose
2.Akazivisa kuponesa kwake, akaratidza pachena kururama kwake pamberi pamarudzi ose
3.Pururudzirai Mambo pasi pose, imbai nziyo dzokurubidza
4.Akarangarira ngoni dzake, nokutendeka kwake kunesu
5.Danidzirai muimbe nomufaro, makomo ngaaimbe pamberi paMwari
6.Migumo yapasi pose, yakaona ruponeso rwaMwari wedu

# 369

**Mambo Wakandinyukura** – *S.M. Ponde*

*M* Mambo wakandinyukura
Wakandinyukura

*V: All* Nyukura mumvura zhinji Areruya

*Madetembo:*

1.Mambo ndinokudisai ndimi simba rangu Mwari ndimi dombo rangu
2.Pakutambudzika kwangu ndakadanidzira kuna Mwari ndikadanidzira kuna Mwari wangu
3.Akanzwa inzwi rangu kuteterera kwangu kwakasvika munzeve dzake
4.Ipapo nyika yakazungunuka ikadedera nheyo dzemakomo dzakadengeneka
5.Akakotamisa kudengadenga akaburuka nerima guru rakanga riri pasi petsoka dzake
6.Nokupenya kwakanga kuri pamberi pake namakore matema akapfuura
7.Mwari akatinhira kudengadenga wokumusorosoro akataura namarimi omoto

# 370

**Mambo Wakandinyukura -** *R. Tonganai*

*M: S/A* Mambo wakandinyukura

*V: S/A* Wakandinyukura mumvura zhinji Mambo Mambo wakandinyukura
Alleluya Alleluya Mambo wakandinyukura

*B* Wakandinyukura mumvura zhinji Mambo Mambo wakandinyukura
Alleluya – Alleluya Mambo wakandinyukura

*Madetembo:*

1.Mambo ndinokudisai ndimi simba rangu Mwari ndimi dombo rangu
2.Pakutambudza kwangu ndakadanidzira kuna Mwari ndikadanidzira kuna Mwari wangu
3.Akanzwa izwi rangu kuteterera kwangu kwakasvika munzeve dzake
4.Ipapo nyika yakazunguzuka ikadedera nheya dzamakomo dzakadengenyeka
5.Akakotamisa kudenga denga akaburuka nerima guru rakanga riri pasi petsoka dzake
6.Nokupenya kwakanga kuri pamberi pake makore matema akapfuura
7.Mwari akatinhira kudenga denga wokumusorosoro akataura namarimi omoto

*Chorus:*

*All* Mambo wakandinyukura Alleluya-a Alleluya Mambo wakandinyukura

# 371

**Mambo Wangu Ndinokumbira** – *M.J.P.N. Mushuku*

*M:* Mambo wangu ndinokumbira

*V: S* Kuti ndivewo wenyu mutenderi, akatsiga, ane hunhu, anotendeka,
ndisatorwe mwoyo nezvinhu zvisina maturo nezvinopera

*B* Wenyu mutenderi akatsiga, ane hunhu, anotendeka, ndisatorwe mwoyo

nezvinhu zvisina maturo nezvinopera

*Madetembo:*

1.Amai Maria ini ndiri bofu
2.Ndichengetei ndive mwana wenyu
3.Akakodzera anokufadzai
4.Turirai chichemo changu kuna Yesu Kristo
5.Mwana wenyu achisvitsewo kuna Mwari

*Chorus:*

*All* Musandisiye-e, ndiri ndoga, handitanii kuzvinyengedza

# 372

**Mambo Wangu Yesu Kristo** – *J.K. Dzingai*

*M:* Mambo wangu Yesu Kristo

*V: All* Ndinokupai maoko angu kuti aite basa renyu, ndinokupai, makumbo angu kuti afambe munzira dzenyu

*Madetembo:*

1.Ndinokupai meso angu kuti ndione sokuona kwamunoita imi
2.Ndinokupai rurimi rwangu kuti rutaure manzwi enyu
3.Ndinokupai pfungwa dzangu kuti mufunge panzvimbo pangu
4.Ndinokupai mweya wangu kuti munamate muri mandiri
5.Pamusoro pazvose, ndinokupai moyo wangu kuti mude mandiri Baba venyu nevanhu vose
6.Ndinozvipa kwamuri muve Mambo wangu anogara nokusevenza nokunamata nomuneni

# 373

**Mambo Wangu Yesu Makandifira** – *L. Kaseke*

*M:* Mambo wangu Yesu makandifira

*Part 1:*

*S/A* Mambo wangu Yesu makandifira-ha makandifira pachipiyaniso, ndinoda kurega kutadza chose, ndinoda kureega kutadza chose

*B* Mambo wangu Yesu makandifira-ha makandifira pachipiyaniso --- kurega kutadza chose, ndinoda kurega kutadza chose

*Part 2:*

*S/A* Ndinokumbira kuti mundinzwireiwo tsitsi mundiregerereiwo ndakatadza-a, ndinofanira kurangwa Mambo wangu x2

*B* Ndinokumbira, mundinzwireiwo tsitsi mundiregerereiwo ndakatadza, kurangwa Mambo wangu x2

*Part 3:*

*All* Makandisarudza kuti ndive wenyu asi ndakatiza nokuita zvakaipa, ndiitireiwo tsitsi Mambo x2

*Madetembo:*
1.Baba vokudenga ndiri mwana wenyu munondiitira zvakanaka nguva dzose
2.Makanditamburira muri pachipiyaniso makandida kusvikiwo kurufu
3.Ndakakutadzirai nokukutsamwisai ndinopfidza matadzo angu ose Mambo
4.Ndinoda kugara nokufira mamuri mundidzoserezve mufaro wevana vaMwari Amen

*Chorus:*
*S/A* Ndipeiwo simba raMweya Musande ndirege kutizazve, ndigare mamuri nokufira mamuri, handichadi kutadza pakare
*B:* --- Simba raMweya Musande, ndirege kutizazve, ndigare mamuri --- mamuri, handichadi kutadza pakare

# 374

**Mambo Wangu Zvino Ndoenda** – *Rev V. Muzeza*

*M:* Mambo wangu zvino ndoenda kumusha asi kwete ndoga
*V: S/A* Ndoenda kumusha kwete kwete ndoga ndinoenda nemi kumba kwangu – ndinoenda nemi Mambo ndinoda kuti mukomborere mabasa angu omuswere wose wezuva
*B* Ndoenda kumusha kwete kwete ndoga ndinoenda nemi kumba kwangu – ndinoenda nemi Mambo ndinoda kuti mukomborere mabasa angu omuswere wese wezuva

*Chorus:*
*S/A* Ndinoenda nemi kumba kwangu ndinoenda nemi Mambo, ndinoda kuti mukomborere mabasa angu omuswere wese wezuva
*B* Ndinoenda nemi kumba kwangu ndoenda nemi Mambo, ndinoda kuti mukomborere mabasa angu, omuswere wese wezuva

*Madetembo:*
1.Kana ini ndinemi hakuna ngozi ingawana mweya wangu Mambo
2.Mambo ndimi muvaraidzi, ndimi nzira, ndimi mudonzvo, ndimi mwenje, ndimi zvose
3.Vanotarisira kunemi havana chigumbu Mambo
4.Ndinoenda nemi ndinoda kugara nemi Mambo

# 375

**Mambo Wedu Achipinda** – *A. Nyika*

*M* Mambo wedu achipinda muguta dzvene --- vachitii
*V: All* Vana vakamuimbira vachiti --- Hosana ho-sana kumusorosoro ho-sana kumusorosoro

*Madetembo:*
1.Vakaparidzira kumuka kwakazoita Kristo vaina masanzu emirara, vachitii
2.Vanhu vakati vachinzwa kuti Yesu auya muJerusarema vakaenda kundomuchingamidza, vachitii

*Chorus:*
*All* Hosana --- ho-sana kumusorosoro hosana kumusorosoro

# 376

**Mambo Wedu Achipinda** – *Zukwa*
*M* Mambo wedu achipinda
*V:S* --- Muguta dzvene vana vakamuimbira vachiti hosana kumusoro-soro
*B* Achipinda muguta dzvene vakamuimbira --- hosana
*Madetembo:*
1.Vakaparidza kumuka kwakazoita Kristo vachiti
2.Vaina masanzu emirara vachiti
3.Vanhu vakati vachinzwa kuti Yesu auya vachiti
4.Auya muYerusarema vachiti
5.Vakaenda kunomugamuchira vachiti
*Chorus:*
*S* Hosana kumusoro-soro
*B* Hosana hosana

# 377

**Mambo Wedu Yesu** – *R.E. Makuvaza*
*M* Mambo wedu Yesu
*V: All* Munogara pakati pedu Areruya Mambo wedu Yeso pakati pedu Areruya
*Madetembo:*
1.Pururudzai kuna Mwari imi nyika dzose
2.Imbirai mukurumbira wezita rake
3.Mabasa enyu anotyisa vavengi venyu vanozviisa paasi pamberi poukuru hwenyu
4.Uyai muone mabasa aMwari anotyisa pane zvaanotira vana vavanhu
5.Zuva rokunanurwa kutsva richatipenyera noruponeso
6.Dai maibvarura denga mukaburuka makomo angadedera pamberi penyu
*Chorus:*
*All* Rumbidzai Mwari imi vanhu rumbidzai imi vanhu vose inzwi rokurumbidza ngarinzwike

# 378

**Mambo Wedu Yesu Gamuchiraiwo** – *N. Muchenu*
*M: S/A* Mambo wedu Yesu gamuchiraiwo
*V: S/A* Gamuchirai kutenda kwedu-u, pamusana pezvipo zvose zvamakatiwanira-a taungana takakomba chigaro chenyu nomwoyo unotenda-a, makatiponesa munjodzi tinokudai Mambo, tinokutendai Mambo Yeso-o nokusingaperi.
B Gamuchirai kutenda-a pamusana pezvipo-o zvamakatiwanira

Mambo wedu – taungana takakomba chigaro chenyu nomwoyo unotenda-a, makatiponesa-a tinokudai Mambo-o, tinokutendai nokusingaperi.

*Madetembo:*

1.Tinoisa rudo norupenyu rwedu mumaoko enyu tichikuonai nokukuitirai nomuna vamwe vedu.

2.Tipeiwo kubatana nomweya tigokuhwidza moto wechido chaMwari kwose kwose tigonyaradzawo vari munhamo nomumumvuri worufu.

3.Tigoneseiwo kundodziisa vakatonhorwa uye kudzorera upenyu kumweya yakauraiwa norutadzo.

4.Tipeiwo chitendero chinomutsa mwoyo yedu kuita zvikurukuru pamusana paMwari nokuponeso rwavamwe vanhu tisingakononi.

*Chorus:*

*S/A* Tipeiwo chitendero Mambo chakasimba sedombo, chisingazunguziki-i chinotigonesa kutsunga nokudekara munhamo nomuzvigumburiso zvoupenyu, chitendero chinotungamirira tsoka dzedu munzira yorugare.

B Chitendero Mambo chakasimba-a, chisingazunguziki chitendero chinotigonesa kutsunga-a nokudekara-a munhamo dzose chitendero chinotungamira tsoka dzedu munzira yorugare.

## 379

**Mambo Wedu Yesu Kristo** – *T. Samwoy*o

*M* Mambo wedu Yesu Kristo

*V: S/A* Imi ndimi mufudzi akanaka makasarudza nokutuma vapositori venyu kuti vave vafudzi vavanhu

*B* --- Ndimi mufudzi akanaka makasarudza nokutuma vapositori venyuhu
--- vave vafudzi vavanhu

*Madetembo:*

1.Tinokumbira mudanewo vakomana navasikana vane mwoyo mukuru noushingi kuti vanhu vose vagoponeswa

2.Vaitei vave vateveri navabati vebasa renyu kuti vanhu vose vagoponeswa

*Chorus:*

*S/A* Tinochema kunemi Mambo woye ipai vana vedu shungu sedzenyu nomwoyo sowenyu wokuzvipira

*B* Tinochema tinochema Mambo woye --- vana vedu shungu sedzenyu nomwoyo sowenyu wokuzvipira

## 380

**Mambo Wembiri Titumireiwo** – *J. Makaure*

*M:* Mambo wembiri titumireiwo

*V: All* Kristo titumireiwo mweya wenyu Mambo mweya wenyu Mambo Kristo

titumireiwo mweya wenyu
*Madetembo:*
1.Kristo hwayana yedu yaMwari yakapirwa pamusana pedu
2.Muri vapiriri vatsvene kuti mugamuchidze mupiro kuna Mwari
3.Ngatirurame murupenyu rwedu kuti tifadze Mwari
4.Takamuka pamwe chete naYesu ngatitize kurutadzo tigogara zvakanaka
5.Musakanganwa kubatsirana nokuti makapiwa ruponeso rwenyu
*Chorus:*
*All* Mweya wenyu Mambo mweya wenyu Mambo Kristo titumireiwomweya wenyu

# 381

**Mambo Yesu** – *T. Mukumba*
*M: S* Mambo Yesu
*V: S/A* Mwoyo wangu unokumirirai kuti mugare mandiri
Ndinoda kukupfugamirai nokuisa zvinodifadza nezvino-nditambudza kwamuri Yesu.
*B* --- Unokumirirai kuti mugare mandiri – ndinoda kukupfugamirai zvinondifadza nezvinonditambudza kwamuri Yesu.
*Madetembo:*
1.Ndinoda kudana nemi Mambo nokuzvipira kwamuri Yesu.
2.Unokumirirai Yesu mwoyo wangu.
*Chorus:*
*S/B* Chiuyai Yesu mugare mandiri
*A* Chiuyai chiuyai mugare mandiri

# 382

**Mambo Yesu Anovimbisa** – *R. Tonganai*
*Part 1:*
*M:* Mambo Yesu anovimbisa kuuya kwamweya mutsvene
*V: All* Zvino ndoenda ndoenda kuna Baba vangu ndichadzoka kwamuri asi handikusiyiyi muri nhereraha kwete ini ndichakumbira kuna Baba vangu kuti vakupei mweya unoera mweya munyaradzii mweya musimbisi anozogara nemi
*Chorus:*
*All* Gamuchiraiwo mweya unoyera mweya munyaradzi mweya musimbisii kuti agokutungamirirai kusvikira rini narini
*Madetembo:*
1.Nezuva irero Yesu akamira pamberi pavadzidzi vake akati rugare ngaruve nemi
2.Akavaratidza zvanza zvake naparutivi pake akatizve kwavari rugare ngaruve nemi

3.Ini ndakapiwa masimba ose okudenga napasi naizvozvo endai mundodzidzisa marudzi ose avanhu

*Part 2:*

*M:* Mweya mutsvenehe uri mandiri

*V: All* Mweya mutsvenee uri mandiri ndosaka ndichigona kuparidzira vamwe dama roruponeso nokusimudzira mweya yavakarukutika mumoyo yavo

*Detembo:*

1.Ndosaka ndichigona kunzwira vamwe tsitsi nokubatsirawo vanoshaya

# 383

**Mambo Yesu Ari pano** – *S.M. Ponde*

*M* Yesu Mambo-o

*V: All* Yesu ari pano anotishamisisa

*Madetembo:*

1.Anotisimbisa --- nomuviiri wake uyu

2.Chidyo chakafanorerwa --- chakarecho chiri pano

3.Chichena chatinoona --- chiedza chechokwadi

4.Mwari Baba nyakutuma --- Mwana wake nyakutumwa --- naMweya ari matiri

*Chorus:*

*All* Ngatiomberei --- ngatiomberei

# 384

**Mambo Yesu Kristo** – *Z.C. Terere*

*M* Mambo Yesu Kristo ndinokupai

*V: All* Mambo Yesu Kristo ndinokupai nhasi uno moyo wangu munondidana kuti muzvipire kunemi imi mudi nomuriritiri wemweya wangu

*Madetembo:*

1.Houno Mambo moyo wangu uzere namatadzo asi pane kumwe here Mambo kwatingaende

2.Hapana kumwezve asi kunemi chete ndimi tsime renduramo nemusakisi wemufaro wedu

3.Makakurira rufu Mambo wangu ndinouya kwamuri Mambo noruvimbo ruzere

*Chorus:*

*S/A* Ndingashaya zvangu pfuma dzose dzinofadza nyama asi ndichiwana imi zvinokwana zvinopfuura zvose

*B* --- Zvangu pfuma dzose --- nyama --- ndichiwana imi zvinokwana zvinopfuura zvose

## 385

**Mambo Yesu Kristo Mununuri Wangu** – *Sr Elizabeth T. Ngun'u (SJI)*

*M:* Mambo Yesu Kristo mununuri wangu

*V: S/A* Makabaiwa mukabvisa matadzo edu ose, zvino muchiri mukati mangu donatsai mweya womutadzi uno kuti ave mutsvene kwazvo.

*T* Makabaiwa mukabvisa matadzo edu-u, muchiri mukati mangu donatsai-i mweya womutadzi-i ave mutsvene kwazvo.

*B* Makabaiwa mukabvisa matadzo edu ose, zvino muchiri mukati mangu donatsai mweya womutadzi uno kuti ave mutsvene kwazvo.

*Madetembo:*

1.Ndipeiwo kuteerera nokuchengeta mitemo yenyu-u

2.Ndingoita zvamunoda zvoga, ndingoita zvamunoda zvoga

3.Svinudzai meso angu-u kuti ndione kuti rudo rwenyu rwakawanda sei

4.Mukufara kana mukutambudzika kana mukufa ivai neni Mambo

5.Ndinoda kufira-a mumaoka enyu ,ndive wenyu kwete zvino chete asi zvisingazopera

*Chorus:*

*B* Itai kuti kuputirwa nemifaro yapasi pano inopfuura isina nechimuko chose x2

*S/A* --- Ndirege kuputirwa nemifaro yapasi pano inopfuura isina nechimiko chose x2

*T* --- Itai kuti kuputirwa nemifaro isina nechimuko chose x2

## 386

**Mambo Yesu Kristo Ndinozvipa** – *A.Mugabe*

*M* Mambo Yesu Kristo

*V: S/A* Ndinozvipa kwamuri Mambo kuti muve munogara nokusevenza nokunamata nomuneni

*B* --- Zvipa kwamuri kuti muve Mambo wangu munogara nokusevenza nokunamata nomuneni Mambo

*Madetembo:*

1.Ndinokupai maoko angu kuti aite basa renyu

2.Ndinokupai meso angu kuti ndione sokuona kwamunoita imi

3.Pamusoro pazvose ndinokupai mwoyo wangu

4.Kuti mude namandiri Baba venyu navanhu vose

*Chorus:*

*All* Ndinozvipa kwamuri Yesu Kristo

## 387

**Mambo Yesu Makauya Pasi** – *L.Kaseke*

*M:* Mambo Yesu makauya pasi pano

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Mambo Yesu makauya pasi pano kuzodzika mhuri itsva yeKirike muritarire norupfave muridzikinure Mambo Yesu pane zvakaipa

*B* Makauya pasi pano Mambo Yesu mhuri itsva yeKirike norupfave muridzikinure Mambo Yesu pane zvakaipa

*Madetembo:*

1.Murisimbise muchirichengeta

2.Mukomborere vashandiri varo pamibato yavo

# 388

**Mambo Yesu Munotikokera Kumabiko Enyu** – *Rev. M.T. Nyamarebvu*

*M: S/A* Mambo Yesu munotikokera-a kumabiko enyu muchiti-i

*V: B* Chiuyai munotikokera chiuyai, mudye muviri wangu chiuyai, tambozvipira pamwe nemi kuna Mwari Baba asi zvino tave kutiswawo nemi-i.

*S/A* --- Chiuyai – chiuyai-i mudye muviri wangu chiuyai-i, Mambo Yesu tambozvipira pamwe nemi kuna Mwari Baba asi zvino tave kutuswawo nemi.

*Madetembo:*

1.Chenesai mwoyo yedu inopfidza ive imba yenyu.

2.Gutisai mweya yedu irarame nokufanana nemi.

# 389

**Mambo Yesu Mushanyiri Wedu** – *G. Machingauta*

*M* Mambo Yesu-u

*V: S/A* Mushanyiri wedu mukuru Mambo Yesu mazadzisazve mhiko yenyu yokuti --- nyama yangu nokunwa ropa rangu anoramba ari mandiri neniwo ndiri maari

*B* Mushanyiri Mambo Yesu mazadzisazve mhiko yenyu anodya nyama yangu --- ropa rangu anoramba ari mandiri neniwo ndiri maari

*Madetembo:*

1.Unodya nyama yangu nokunwa ropa rangu uchararama nokusingaperi

2.Nokuti nyama yangu ndizvo zvokudya zvezvokwadi neropa rangu zvekunwa zvezvokwadi

3.Baba vapenyu sezvavakandituma neni ndichararama naBaba

4.Ichi ndicho chingwa chakaburuka kudenga anodya chingwa ichi achararama nokusingaperi

*Chorus:*

*All* Garai nesu mutifambise sehama nehama dzinoparidza rudo rwenyu

## 390

**Mambo Yesu Musoro Wekirike** – *A. Gumbo*

*M:* Mambo Yesu musoro wekirike
*V: S/A* Kirike rimwe chete rine musoro unoonekwa pano pasi idzvene rakatekeshera
*B* --- Rimwe chete unoonekwa pano pasi ravapostori --- tekeshera
*Madetembo:*
1.Ndimi Kristo mwanakomana waMwari mupenyu
2.Simon mwana waYowani akakomborerwa
3.Nokuti haisi nyama neropa zvakuzivisa izvi
4.Asi ndiBaba vangu vari kudenga
5.Ndichakupa kiyi dzoumambo hwedenga
6.Chipi nechipi chauchange wasunungura pasi pano chichasunungurwawo nokudenga
*Chorus:*
*S/A* Ndiwe Pita paruware uru --- kirike rangu masimba orufu haachazorikurira
*B* Ndiwe Pita paruware uru ndichavaka kirike rangu masimba orufu haachazorikurira

## 391

**Mambo Yesu Ndinotendera** – *W. Nhemachena*

*M: S/A* Mambo Yesu ndinotendera
*V: S/A* Kuti murimo --- muchirariro ichi --- chisande --- ndinotendera
*B* Kuti murimo --- muchirariro --- chisande --- ndinotendera
*Madetembo:*
1.Iye zvino munoda kundishanyira …
2.Kundishanyira muchipinda mumwoyo mangu …
3.Handikuonii nameso, handikuonii …
4.Handikubatii namaoko, handikubatii …
5.Mafukidzwa pazasi poumiro hwechingwa …
*Chorus:*
*B* Asi --- murimo chokwadi muri kuuya kwandiri
*S/A* Asi murimo chokwadi --- muri kuuya kwandiri

## 392

**Mambo Yesu Pakukwira Kwenyu Kudenga** – *F.K. Dzingai*

*Part 1:*
*M: S/A* Mambo Yesu pakukwira kwenyu kudenga
*V: S/A* Yesu Mambo pakukwira kwenyu kudenga hamu-na ku-siya sangano gu-ruu ravatenderi-asi makasiya boka dukusa.
*B:* Mambo Yesu kudenga hamuna ku-si-ya sangano-asi makasiya boka dukusa.

*Madetembo:*
1.Mambo chikundai utera nousimbe hwedu
2.Tionesei mumamisha edu vanhu vanomirira munhu angavasvitse kwamuri
3.Asi wose anosimbira zvangu pamberi pavanhu – nenivo ndichasimbira zvake pamberi paBaba vangu vari kudenga.
*Part 2:*
*S/A* Zadzai matiri shoko renyu rinoti
*V:S/A* Tinozviona zuva nezuva kuti simba rekupindusa vamwe rinobva kwamuri. Vachapinduka chete vanoona fananidzo matiri.
*B* Tinozviona kuti simba rokupindusa vamwe rinobva kwamuri – vachapinduka avo chete fananidzo yenyu matiri
*Part 3:*
*Madetembo:*
1.Nyangwe rakafanokura sei zvaro basa rokupindusa nyika yose rirege kupe-ra
2.Nanhasi munotituma isu-u kundoparidzira vatsauki nevahedheni rudo rwenyuu
3.Itai kuti ti-rege kunyima vamwe ruponeso rwataka-itirwa nemi.
*Chorus:*
*S/A* Vachapinduka chete vanoona fananidzo yenyu matiri
*B:* Vachapinduka avo chete fananidzo yenyu matiri

# 393

**Mambo Yesu Uyai** – *N. Chigwida*
*M: S/A* Mambo Yesu uyai Mambo Yesu
Uyai Mambo Yesu
*V: S/A* Uyai Mambo Yesu --- mukati medu bvisai matambudziko ose, kuchema nenjodzi dzose
*B* Mambo Yesu uyai mukati medu bvisai --- matambudziko ose, kuchema nenjodzi dzose
*Madetembo:*
1.Uyai Mambo kuzopedzisa zvamakatanga kuita mukati medu
2.Bvisai Mambo kurwadziwa kwose mukati medu
3.Mambo Yesu mununure zvisikwa zvose pakutambura kwazvo
4.Uyai Mambo mupukute misodzi pameso edu
*Chorus:*
*S/A* Umambo hwenyu ngausvike – umambo hwenyu-u ngausvike – mutipewo denga – denga nenyika tsva
*B* Umambo hwenyu Yesu --- umambo hwenyu ngausvike – mutipewo denga – denga nenyika tsva

## 394

**Mambo Yeukai Hama Dzedu** – *C. Teguru*

*M: S/A* Mambo yeukai hama dzedu
Yeukai hama dzedu

*V: S/A* Mambo yeukai hama dzedu, hama dzedu dzakafa-a.
Vapeiwo kunyaradzwa noruga re-e, yeukai hama dzedu dzose.

*B:* Mambo yeukai Mambo hama dzedu dzose dzakafa-a vapeiwo kunyaradzwa noruga re-e, yeukai hama dzedu dzose.

*Madetembo:*

1.Yeukai hama dzedu dzose yeukai vana yeukai.
2.Dzichiri kuripira matadzo hama dzedu yeukai-i hama dzedu dzose
3.Dzichiri kure naBaba hama dzedu yeukai-i hama dzedu dzose
4.Vanosuwa kuenda kumusha wokudenga yeukai-i hama dzedu dzose
5.Vapeiwo rugare rusingaperi yeukai-i hama dzedu dzose

*Chorus:*

*All* Vapeiwo kunyaradzwa norugare yeukai hama dzedu dzose.

## 395

**Mambo Yeukai Hama Dzedu Dzose** – *T.A. Taruvinga*

*M: S/A* Mambo yeukai hama dzedu dzose
Yeukai hama dzedu dzose

*V: S* Yeukai hama dzedu dzose dzakatitangira kufa --- yeukai Mambooo hama dzedu dzose dzichiri kuripira matadzo nazvino

*A* Yeukai hama dzedu dzose – yeuka-i Mambo -yeuka-i Mambo-o dzichiri kuripira matadzo nazvino

*B* --- Yeukai hama dzakatangira kufa yeuka-i Mambo hama dzedu – mambo dzichiri kuripira matadzo

*Madetembo:*

1.Vana vari kure nababa - vanosuwa kuenda kumusha
2.Tinokumbirisa vapeiwo kunyaradzwa, tinokumbirisa vapeiwo kunyaradzwa
3.Kunyaradzwaa no-rugare rusinga-peri kumusha wenyu wokudenga

## 396

**Mambo Zvotokugamuchirai** – *R. Chikomo*

*M: S* a) Mambo zvotokugamuchirai
b) Zvotokugamuchirai.

*V: S/A* Zvotokugamuchirai Mambo tozadzisa, zvotokugamuchirai Yesu mashoko amai venyu --- itai zvo-se zvaanenge akuudzai --- zvose zvaakudzai, Mambo munoti-koka kuzoku-gamuchirai --- saka tiri pano.

*B*: Zvotokugamuchirai Mambo --- zvotokugamuchirai Yesu mashoko amai venyu mashoko --- zvo-se zvaanenge akuudzai, zvose --- zvaakudzai, munotikoka Ma-mbo munotikoka --- tiri pano.

*Madetembo:*
1.Uyai Yesu Makati-berekerwa na-amai Maria
2.Tozadzi-sa mashoko a-mai venyu Maria.
3.Munotikoka nguva dzo-se saka tiri pano.
*Chorus:*
S/A Mambo munoti-koka kuzo-kugamuchirai --- saka tiri pano.
*B* Munotikoka Ma-mbo munotikoka --- tiri pano

# 397

**Mangwanani Namanheru** – *S. Shiri*
*M:* Mangwanani namanheru
*V: All* Kwaziwai moyo waYesu kwaziwai kwaziwai
*Madetembo:*
1.Pfungwa manzwi namabasa ndinozvipa kunemi
2.Ndinotambudzika pasi ndibatsirei negirasiya
3.Muurombo hwangu hwose ndinofara munemi
*Chorus:*
*All* Ndiyeuke Yesu mangwanani nemanheru ndiyeuke Yesu

# 398

**Mangwanani Namanheru** – *A. Mupfuti*
*M: S* Mangwanani --- Mangwanani namanheru-u
*A* Mangwanani --- Mangwanani-i namanheru-u
*B* Mangwanani namanheru-hu
*T* Mangwanani namanheru-u
*Chorus:*
*S/A* Mangwanani namanheru-u ndiyeukeYeso Mwoyo waYeso ndiyeuke x2
Kwaziwai mwoyo waYeso ndiyeuke Yeso Mwoyo waYeso ndiyeuke x2
*B* Mangwanani namanheru-hu kwaziwayi-hi mwoyo waYeso x2. Kwaziwai mwoyo waYeso ndiyeuke-he mwoyo waYeso x2
*T* Mangwanani namanheru-huhu kwaziwai yeso-o, Yeso ndiyeike-hehe ndiyeuke Yeso, Yeso ndiyeuke-he yeso x2
Kwaziwai moyo waYeso-ho ndiyeuke Yeso, Yeso ndiyeuke-e-he ndiyeuke Yeso, Yeso ndiyeuke-he Yeso-o x2
*Madetembo:*
1. Pfungwa manzwi namabasa ndinozvipa kunemi ndinozvipa kunemi.
*S/A/T* Mwoyo waYeso
2. Ndinotambudzika pasi ndibatsirei negirasiya,ndibatsirei negirasiya,kwaziwayi mwoyo waYeso,Yeso ndiyeuke
3. Muurombo hwangu hwose, ndinofara munemi, ndinofara munemi.
S/A/T Mwoyo waYeso

4. Murupenyu nomukufa-a ndiri wenyu muponesi kwaziwai mwoyo waYeso,Yeso ndiyeuke

*B* Kwaziwai mwoyo waYeso --- ndiyeuke Yeso, mwoyo wayeso ndiyeuke ndiyeuke Yeso-o x2
*S/A* Ndiyeuke --- ndiyeuke-e ndiyeuke-e Yeso x2
*T* Mwoyo waYeso --- mwoyo waYeso ndiyeuke-e, ndiyeuke Yeso-o x2

# 399

**Mangwanani Omusi WeSvondo** – *A. Chamunorwa*
*M:* Mangwanani-i
*V: S/A* Mangwanani omusi weSvondo vakafumira kuguva, vakafumira kuguva zuva ratobuda
*B* Mangwanani omusi weSvondo vakasvika kuguva, vakasvika kuguva zuva ratobuda
*Madetembo:*
1.Mambo Mwari waIsraeri ngaarumbidzwe nokuti wakashanyira vanhu vake kuzovanunura.
2.Wakatimutsira mununuri ane simba womumba maDavid muranda wake.
3.Ndizvo zvaakatsidzira nemiromo yavasande vake vechinyakare vaiprofita.
4.Kutinunura kumhandu dzedu nomumaoko avose vanotivenga.

# 400

**Maria Amai Makanaka** – *S. Musasa*
*M:* Maria amai makanaka tarirai
*V: B* Isu takasarudzwawo – tinoda – marwadzo aYesu Kristo tichiita kirike
*S/A* --- Saizvozvo kuzadzisa marwadzo aYesu Kristo muviri wake kirike
*Madetembo:*
1.Tarisai varwere varombo, mai vamarwadzo
2.Sokugoverana kwatinoita mumarwadzo aYesu Kristo, mai vamarwadzo
3.Norupenyu rusingaperi muzviise paAtari yomwana wenyu, mai vamarwadzo
*Chorus:*
*B* Vanozvipira namatambudziko e-edu muzviite mupiro wokuripa mhosva dzedu
*S/A* --- Ivo namatambudziko e-edu muzviite mupiro wokuripa mhosav dzedu

# 401

**Maria Amai VaMwari** – *F.H. Chinyanya*
*M: S/A* Maria amai vaMwari
*V: S/A* Nhasi ndinokusarudzai sehosi yangu
Inondichengeta nokundireverera,

Ndinosimbisa mwoyo kwazvo ndigorega
Kureva nokuita zvamusingadi

*B* Ndinokusarudzai sehosi yangu
Ndichengeta
Nokundireverera ndinosimbisa mwoyo
Kwazvo ndigorega --- ndigorega ---Zvamusingade

*Madetembo:*

1. Ndinorambidza vamwe kukunyombai
2. Regai kundisiya panguva yokufa kwangu
3. Ndibatsirei muna zvose

*Chorus:*

*S/A* Ndinokumbira mundigamuchire ndive wenyu
Ndibatsirei muna zvose
--- Zvose zvandinoita zvandinoita

*B* Mundigamuchire ndive wenyu ndibatsirei munazvose -
Zvose zvandinoita zvandinoita

# 402

**Maria Goreti Tireverereiwo** – *L. Kaseke*

*M: S/A* Maria Goreti tireverereiwo

*V: S/A* Tireverereiwo Mariya Goreti murwiri woutsvene, makatsunga kusarudza kufa pano kutadzira Mwari, tireverereiwo kuna Mwari-i, tive norutsungo urwu, kuti tisasvibisa hutsvene hwedu

*B* Tireverereiwo Mariya Goreti murwiri woutsvene, makatsunga kusarudza kufa pano kutadzira Mwari, tireverereiwo, kuna Mwari-i, tive norutsungo urwu, kuti tisasvibisa hutsvene hwedu

*Madetembo:*

1.Makati kumuedzi wenyu kundiuraya unogona, asi handidi kutadzira Mwari
2.Makagona kukunda chiedzo, nokuti makada Mwari nokunamata
3.Chitibatsiraiwo isu, kuti tide Mwari tigonamata zvakanaka
4.Itai kuti tive vanhu vanoremekedzwa pasi nokudenga nemisi isingaperi

*Chorus:*

*All* Tireverereiwo kuna Mwari-i, tive norutsungo urwu, kuti tisasvibisa hutsvene hwedu

# 403

**Maria Hosi Yedu Yokudenga** – *J. Chikovo*

*M:* a) Maria hosi yedu yokudenga
b) Hosi yedu yokudenga

*V: S* Hosi yeduu yokudenga farai Maria, kutambudzika kwapera – Alleluya-a, tikumbirirei, virigo hosi yedu yokudenga

*B* Hosi yeduu yokudenga --- Maria, kutambudzika kwapera, Alleluya-a tikumbirirei, virigo hosi yedu yokudenga

*Madetembo:*

1.Uyo wamakatakura waripira nhosva dzedu
2.Tikumbirireiwo virigo tikumbirirei
3.Mambo wamuka muguva nembiri sezvaakataura
4.Tikumbirireiwo virigo tikumbirirei

*Chorus:*

*All* Kutambudzika kwapera, Alleluya-a tikumbirirei virigo hosi yokudenga

# 404

**Maria Makakomborerwa** – *T.M. Dunduru*

*M:* Maria makakomborerwa
*V: All* Makakomborerwa pakati pavakadzi mambo anemi

*Madetembo:*

1.Rumbidzai imi varanda vaMambo rumbidzai zita raMwari
2.Kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira zita raMwari rinofanira kurumbidzwa
3.Mwari ari kumusoro kwamarudzi ose nembiri yake kumusoro kwokudenga
4.Ndianiko angafanana naMwari Mambo wedu anozvidukupisa kuti aone denga napasi

*Chorus:*

*All* Kwaziwai Maria Mambo anemi

# 405

**Maria Musande** – *X. Marimazhira*

*Part 1:*

*M: S/A* Maria Musande
*V:S/A/T* Imi munotyiwa negehena rosee, imi munodederwa nasatanii, chibatayi mwana wenyu uyu ruokoo, muende naye kudenga, arege kuwana chinomubatabata, arege kuwana chinomubata munzira
*B* Munotyiwa negehena rose munotyiwa, nasatani munotyiwa, mwana wenyu uyu, muende naye, kudenga arege kuwana, chinomubatabata arege kuwana, chinomubata munzira

*Part 2:*

*S/A/T* Muchitizira naye kudenga, muchitizira kudenga, vavengi vasambomuonaa, vasambomuona
*B* Muende naye, kudenga muende naye kudenga vavengi vasambomuona vavengi vasambomuona

*Madetembo:*

1.Yosefa musande, hoyui …(zita) …
2.Imi makatora mwana Yesu, mukatizira Ijipita nayee ,hoyui …
3.Muchitizira naye kudenga, hoyui …

4.Endai muchiperekedzwa naMariya, hoyui …
5.Yosefa endai naavo vosee, vatakumbira kuti vamuperekedzee, hoyui …
6.Mupinde naye kudenga, kuupenyu husingaperi, hoyui …

## 406

**Maria Musande** – *J. Chikomo*
*M:* Maria musande
*V: S/A* Endaiwo naye kuna Mwari mwana wenyu uyu
*B* Endaiwo naye kuna Mwari hoyoyi mwana wenyu uyu
*Madetembo:*
1.Imi musande wake hama yenyu iyi
2.Imi vangere navasande vose hama yenyu iyi
3.Imi vechizvarwa chokwababa vake makafa muri kudenga mwana wenyu uyu
4.Imi madzibaba ake, madzitateguru ake ose muri kudenga navose vokurudzi rwababa vake makafa muri kudenga mwana wenyu uyu
5.Imi vechizvarwa chekwamai vake makafa muri kudenga mwana wenyu uyu
6.Imi madzisekuru ake namadzimbuya ake navose vokurudzi rwokwamai vake makafa muri kudenga mwana wenyu uyu
*Chorus:*
*All* Hoyoyi mwana wenyu uyu

## 407

**Maria Musande Amai** – *F.S. Munangwa*
*M:* Maria Musande amai
*Kudavira & Chorus:*
*B* Amai vedu --- isu vatadzi --- napanguva yokufa kwedu --- Maria mai vaMwari
*S/A* --- Mutireverere isu vatadzi zvino napanguva yokufa kwedu, mutireverere Maria mai vaMwari
*Madetembo:*
1.Mambo anemi makakomborerwa pana vakadzi
2.Akakomborerwawo mwana wemimba yenyu Yesu

## 408

**Maria Musande Amai VaMambo** – *J.V. Chinondo*
*M:* Maria Musande amai vaMambo
*V: All* Hosi yedenga, hosi yapasi pano, hosi yeduwo, imi amai vaMambo, imi hosi yedu, titariseiwo nameso enyu etsitsi, tikumbirirei kuna mwana wenyu wadiwa, kuti tiregererwe matadzo edu
*Madetembo:*
1.Neshungu dzokukuitirai mozotiwanisawo mufaro pashure pokufa kwedu

2.Tigozowaniswawo mubairo worufaro rusingaperi
3.Tichibatsirwa naiye wamakabereka imi muvirigo
4.Mambo wedu Yesu Kristo anogarotonga pamwechete naBaba naMweya misi isingaperi

*Chorus:*

*All* Maria imi musingambofukatira nani wose, titariseiwo kuti tiri kurumbidza, kuumbwa kwenyu kusina mhaka

# 409

**Maria Musande Hosi Yorugare** – *N. Muchenu*

*M: S/A* Maria musande hosi yorugare
Tembere yaMwari mutsvene

*V: S/A* Amai vaMwari mudziviriri weAfrica napasi pose makapa pasi chiedza chaicho mwana Jesu kubva mukuterera Baba kwenyu makatipa kuregererana, kuyanana, rudo uye mufaro, tungamirirai nzira yedu yokutendeuka kuti Jesu aonese mbiri yake matiri muAfrica tirambe tiri munyu wapasi nechiedza chenyika mazuva ose orupenyu rwedu

*B* Hosi yorugare tembere yamweya mutsvene, makapa pasi Jesu Kristo. Mufaro , rudo noruenzaniso rwedu iye shoko roupenyu, ndiye chingwa choupenyu, nzira yedu, tungamirirai kuti Jesu aonese mbiri yake Africa tirambe tiri munyu wapasi mazuva oseo rupenyu rwedu.

*Madetembo:*

1.Tinopira gadziriro, hurukuro nemichero yeSinodhi yechipiriyomuAfrica mumaoko enyu amai
2.Murevereri wenyu amai ngaatiwanirwe nyasha tigone kuregerera titevedzere Kristo anoti Baba varegererei havazivi zvavari kuita, amai vorunzwisiso
3.Kana munhu asina rudo anozvifunga achivenga hama yake ndizvo zvinounza hondo nokumukirana kwamarudzi, amai vorunzwisiso
4.Hakuna rugare pasina ruenzaniso uye ruenzaniso pasinawo ruregerero, amai vorunzwisiso

*Chorus:*

*S/A* Tiratidzei Kristo yanano norugare rwedu atipe girasiya atirape mavanga tose, tishandire kuuya kwoumambo hwaMwari, mazwi nezviito zvedu zviparidze kuti Kristo kubwinya kwaBaba akamuka muvafi vanhu vamhanyire kuruvheneko nechiedza chake vagokudza zita raMwari Baba vari kudenga

*B* Hosi yorunzwisiso tiratidzei Kristo mwanakomana wenyu atipe girasiya atirape mavanga tishandire kuuya kwoushe hwaMwari, mazwi nezviito zviparidze Kristo kubwinya kwaBaba akamuka-a vanhu vamhanyire kuchiyedza chake vagokudza Baba-a, Baba vari kudenga

# 410

**Maria Musande-sande** – *S. Zari*

*M*: Maria musande-sande

*V: All* Maria musande, amai vakanaka, mutare kuneni mwana murombo

*Madetembo:*

1.Kana mondisiya ndinoendepi?

2.Imi moga amai mondichengeta

3.Kwose ndinonyengwa nasatani navanhu

4.Kwose kwondofamba ndinokusuwai

5.Ndinomwoyo mudiki ndinodedera

6.Panemi Maria ndinorega kutya

*Chorus:*

*All* Mutare kuneni, mwana murombo

# 411

**Maria Muvirigo Mubatsiri Wedu** – *F. Chinyanya*

*M:* Maria muvirigo mubatsiri wedu

*V: S/A* Mai Maria vose vanochema kunemi vanotarisira kurevererwa nemi okudaro rubatsiro rwenyu rwusingagumi rwuve mhinduro kuminamato yedu nokuti mwanakomana wenyu Jesu Kristo anogamuchira varombo vose achivaisa kuna Mwari Baba

*B* --- Muvirigo vose vanochema vanochema kurevererwa nemi rubatsiro rwenyu rwusingagumi rwuve mhinduro kuminamato yedu mwanakomana wenyu Jesu Kristo anogamuchira varombo achivaisa kuna Mwari Baba

*Madetembo:*

1.Maria munomirira nguva dzose kutibatsira

2.Tinochemera rubatsiro rubatsiro rwenyu amai

3.Uyaiwo mutizadze norubatsiro rwenyu mukutambudzika kwedu

*Chorus:*

*S/A* Amai vetsitsi mutireverere isu vatadzi isu vanyakushaiwa rugaro rwaTenzi mutireverere amai vetsitsi

*B* --- Mutireverere isu vatadzi vanyakushaiwa rugaro rwaTenzi mutireverere amai vetsitsi

# 412

**Maria Ndimi Amai Vangu** – *Sr Martin Chikosha (LCBL)*

*M:* Maria ndimi amai vangu

*V: B* Maria ndimi mai vangu, Maria ndini mwana wenyu-u --- diziro rangu, mubatsiri nomurevereri wa-ngu

*S/A* --- Ndimi mai vangu, ndini mwana wenyu-u, Maria ndimi diziro rangu mubatsiri nomurevereri wa-ngu

*Madetembo:*
1.Kana tichipfugamira pauso hwenyu, Maria amai vangu
2.Ndiri mu-njodzi nokutsamwa, Maria amai vangu
3.Ndichichema nenhamo nedambudziko, Maria amai vangu
4.Nguva nenguva ndakapfugama, Maria amai vangu
5.Ndichikumbirawo rubatsiro, Maria amai vangu
6.Ndinzwei ndinzvengesei mai pakarepo, Maria amai vangu
7.Mondinyevera zvinyoro-nyoro, Maria amai vangu
8.Nomoyo uzere norupfave, Maria amai vangu
9.Ndifambe munzira yenyu ndakadeka-ra, Maria amai vangu
*Chorus:*
*S/A* Maria ndimi diziro rangu, mubatsiri nomurevereri wa-ngu
*B* --- Diziro rangu, mubatsiri nomurevereri wa-ngu

# 413

**Maria Ndinoda Imi** – *E.H. Manjamkosi*
*M:* Maria ndinoda
*V: S/A* Maria ndinoda imi zvikuru, ndinoda kugara somwana wenyu, somwana wenyu
*B* Maria ndinoda imi zvikuru, ndinoda kugara somwana wenyu
*Madetembo:*
1.Tambirai kuda kwangu Maria, handidi kukusiyai imi nariini
2.Muri kunyaradza vanoringira kunemi Maria, ndikumbirirei
3.Mbiri yavavirigo ndinokukudzai, muri kubatsira vaKristiani
4.Mukutambudzika nemhandu dzavondinokutetererai, ndikumbirirei
*Chorus:*
*S/A* Virigo mune simba, amai vaKristo, virigo mune tsitsi ndikumbirirei
*B* Virigo mune simba amai vaKristo, mune tsitsi ndikumbirirei

# 414

**Maria Ndinoda Imi** – *T.M. Dunduru*
*M:* Maria ndinoda imi zvikuru
*V: S/A* Maria ndinoda imi zvikuru ndinoda imi zvikuru kuru ndinoda kugara somwana wenyu
*B* Maria ndinoda imi zvikuru --- ndinoda imi zvikuru-kuru ndinoda kugara somwana wenyu
*Madetembo:*
1.Virigo mune simba amai vaKristo
2.Nokuti wakasimbisa zvihuri zvemisuwo yako vakakomborerwa vana vako mukati mavo virigo mune tsitsi ndikumbirirei
3.Tambirai kukudai kwangu Maria handidi kusiya imi narinhi
4.Muri kunyaradza vanoringira Maria ndikumbirirei

5.Mbiri yavavirigo ndinokukudzai mukubatsira vaKristiyani
6.Mukutambudzika nemhandu dzavo ndinokutetereraizve mundikumbirire

# 415

**Maria Tenzi Wangu** – *Sr Mary Mandeya (HLMC)*

*M:* Maria Tenzi wa-ngu
*V: S/A* Amai vangu ndinozvipa kwamuri kwazvo, onai nokudemi kwandinoita ndinokupai nhasi uno meso angu nzeve dzangu muromo wangu nomoyo nazvose zvandinazvo
B Amai vangu ndinozvipa kwamuri --- onai, nokudemi kwandinoita, nhasi uno, nzeve dzangu, nomoyo nazvose zvandinazvo

*Madetembo:*
1.Ini ndiri wenyu mai makanaka mundichengete
2.Mundidzivirire ndidzivirireiwo ndakazvipa kunemi

*Chorus:*
*All* Ndiri wenyu mai ndakazvipa kunemi

# 416

**Maria Tinoimbira** – *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*

*Part 1:*
*M: S* Maria tinoimbira
*V: All* O Are-eruuya
*M: S* Yesu Kristo mwana wenyu
*V: All* O Are-eruuya,
Angere wauya, wabisa dombo gu-u-ru
Timuimbire, timunamate
Are-eruuya, Areruuya, Areruuya, Areruuya

*Part 2:*
*M: S* Yesu Kristo wamuka
*V: All* O Are-eruuya
*M:S* Watokurira rufu
*V: All* O Are-eruuya,
Ona vasemi vake, vanowira pasii
Timuimbire, timunamate
Are-eruuya, Areruuya, Areruuya, Areruuya

*Part 3:*
*M: S* Maria rega kuchema
*V: All* O Are-eruuya
*M: S* Itai nomwoyo muchena
*V: All* O Are-eruuya,
Yesu Kristo warega kurwadziwa
Timuimbire, timunamate

Are-eruuya, Areruuya, Areruuya, Areruuya

## 417

**Maria Wakakwidzwa Kudenga** – *P.F. Banga*

*M:* Mariaa wakakwidzwa kudenga

*V: S/A* Tiiri venyu hosi mai amai Mariya-a ma-a-kanaka munopfava amai Mariya-a
Chifarai Seerafimu, chiimbai Keerubhimu-u. Kwazisai Mariya-a
Aave-e, Aave-e, Aave-e Maariya-a.

*B* --- Serafimu-u --- Kerubhimu-u Kwazisai Maariya-a
--- Aave --- Ave-e Aave-e Maariya-a.

*Madetembo:*

1.Munoogara mune ngoonii mune ngonii, amai Maria-a
2.Munyaradze mwooyo yoose mwoyo yosee, amai Maria-a
3.Mureverere vaana veenyuu vana venyuu, amai Maria-a
4.Vagoona Kristo Yeesuu, amai Maria-a

*Chorus:*

*B* --- Tiri venyu hu-u --- amai Maria-a --- makanaka ha --- amai Maria-a

## 418

**Maronda Mashanu** – *Br Mufaro C. Sibanda*

*M:* Maronda mashanu

*V: B* Imi --- ruoko rudyi rwomununuri wedu rusande sande kwazvo – runotsvuka neronda

*S/A* --- Ringai ruoko rudyi rwomununuri wedu rusande sande kwazvo runotsvuka --- neronda

*Madetembo:*

1.Ruoko rumhoshwe rwenyu runozopfavira zvarwo
2.Runoripira isu nokurwadziwa kwarwo
3.Tsoka yenyu yorudyi Yesu yakabanzurwa hayo
4.Nehoko dzakapinza dzakakuvadza mapfupa

*Chorus:*

*S/A* Yesu tinoimba nhasi kurwadziwa kwamaronda enyu mashanu

*B* --- Tinoimba nhasi kurwadziwa kwamaronda – maronda enyu mashanu

## 419

**Marudzi Achauya** – *L. Maphosa*

*M:* Marudzi achauya

*V: S/A* Achauya ozozvirigira pamberi penyu, marudzi ose-ose achauya pamberi penyu ozozvirigira-ha, ozozvirigira pasi

*B* Marudzi ose achauya achauya-ha pamberi penyu ozozvirigira pasi ozozvirigira pasi

*Madetembo:*
1.Ndiani angakwira mugomo raMambo, ndiani angamira panzvimbo yake tsvene
2.Uyo ana maoko akachena nomwoyo wakanaka
3.Mwari ngaasimuke vavengi vake vaparadzwe

# 420

**Marudzi Ose** – *D.T. Zavazava*
*M:* Marudzi ose
*V: All* Achauya ozozvirigira --- pamberi penyu
*Madetembo:*
1.Ndiani angakwira mugomo raMambo ---- ndiani angamira pazvimbo yake tsvene
2.Uyo ana maoko akachena --- nomwoyo wakanaka
3.Mwari ngaasimuke --- vavengi vake vaparadzwe
4.Vachadzingwa sokudzingwa kwoutsi --- vachiita sokunanauka kwenamo pamoto
5.Vakarurama ngavafare kwazvo --- nokuti Mambo achauya
6.Imbirai Mambo nziyo dzokurumbidza --- achazviratidza pamusoro pamakore
*Chorus:*
*All* Ozozvirigira --- pasi pamberi penyu

# 421

**Marudzi ose** – *T.M. Dunduru*
*M:* Marudzi ose-e
*V: S/A* Marudzi ose achauya pamberi penyu ozvirigira pasi pamberi penyu
*B:* --- Achauya pamberi penyu pasi pamberi penyu
*Madetembo:*
1.Ndiani angakwira mugomo raMambo ndiani angamira panzvimbo yake tsvene
2.Uyo anamaoko akachena nomwoyo wakanaka
3.Mwari ngaasimuke vavengi vake ngavaparadzwe
4.Vachadzingwa sokudzingwa kwoutsi vachiita sokunanauka kwenamo pamoto
5.Vakarurama ngavafare kwazvo nokuti Mambo achauya
6.Imbirai Mambo nziyo dzokurumbidza achazviratidza pamusoro pamakore
7.Vakudzwe Baba noMwanakomana naMweya Mutsvene…
*Chorus:*
*S/A* Ose ose achauya ozvirigira pamberi penyu
*B* --- Ose achauya ozvirigira pamberi penyu

## 422

**Marudzi Ose** – *C. Chawasarira*

*M:* Marudzi ose-e

*V: All* Achauya ozozvirigira pasi pamberi penyu

*Madetembo:*

1.Ndiani angakwira mugomo raMambo ndiani angamira panzvimbo yake tsvene
2.Uyo anamaoko akachena nomwoyo wakanaka
3.Mwari ngaasimuke vavengi vake ngavaparadzwe
4.Vachadzingwa sokudzingwa kwoutsi vachiita sokunanauka kwenamo pamoto
5.Vakarurama ngavafare kwazvo nokuti Mambo achauya
6.Imbirai Mambo nziyo dzokurumbidza achazviratidza pamusoro pamakore

*Chorus:*

*All* Marudzi ose achauya ozozvirigira pamberi penyu x2

## 423

**Marudzi Ose Akaita Rudzi Rumwe** – *A. Chamunorwa*

*M:* Marudzi ose akaita rudzi rumwe chete

*V: S* Mwari pachake ndiye rugare rwedu akaita marudzi ose kuti ave rudzi rumwe chete

*A* Mambo Mwari wedu pachake wangotipinzawo marudzi ose kuti ave rudzi rumwe chete

*B* Dai Mwari wedu wangotipinzawo rudzi mugwara ave rudzi rumwe chete

*Madetembo:*

1.Pururudzirai Mambo nyika dzose, muitirei Mambo nomufaro, uyai pamberi pake muchiimba nokufara
2.Zivai kuti Mambo ndiye Mwari, ndiye akatiita tiri rudzi rwake, makwai edanga rake
3.Pindai pamasuwo ake muchimutenda, rumbidzai zita rake muchiti, mazviita
4.Chokwadi Mambo akanaka kwazvo, rudo rwake ruzere netsitsi, akatendeka kumarudzi namarudzi

## 424

**Mashoko Enyu Mamb**o – *H. Nyamanhindi*

M: Mashoko enyu Mambo

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Denga napasihi zvichaperaa asi mashoko enyu Mambo haaperi

*B* --- Denga napasi zvichaperaa Mambo haaperi

*Madetembo:*

1.Mambo Yesu achauya kuzosika denga dzva nenyika yakanaka
2.Simudzai simba renyu Yesu muuye kuzotinunura

# 425

**Mashoko Okudzoka KwaYesu Ngaatinyaradze** – *N. Muchenu*

*M: S/A* Mashoko okudzoka kwaYesu ngaatinyaradze

*M: S/A* Hama dzangu hatidi kuti imi muore mwoyo nezvavaya vakafa sezvatinotenda kuti Yesu akafa akamukazve naizvozvo nomuna Yesu Mwari achamutsa vanhu vose vakafa vachitenda kuna Mambo Yesu vachauya pamwe chete naye vachauya kana iye ouya.

*B* Hama dzangu hatidi kuti muore mwoyo nezvavaya vakafa zvatinotenda kuti Yesu akafa akamuakazve naizvozvo nomuna Yesu Mwari achamutsa vanhu vavete munaShe vatendi vaYesu vachauya naYesu vachauya kana iye ouya.

*All Parts:* Nyarara kuchema

*S/A* Vanhu vakafa vari muna Mwari voose vavete hope vachatanga kumuka isu tinenge tasara tichiri vapenyu tozobvutwawo naMambo tichindobatana navo kudenga kwatichazondogara narini narini.

*B* Vanhu vose vakafira muna Mwari vavete hope vachatanga kumuka isu tasara vapenyu tozobvutwawo naMambo tichindobatana navo kudenga kwatichazondogara kudenga narini wose.

*Madetembo:*

1.Vadikanwi zivai nezvavakafa muve netariro nechivimbo kuti musarasa mwoyo.

2.Iye Tenzi pachake achaburuka achidaidzira nezwi guru izwi guru romutumwa.

3.Isu vapenyu hatichazotangiri vaya vakafa kumuka

# 426

**Masika Vanhu Vatsva Mambo** – *C.T. Chinoda*

*M:* Masika vanhu vatsva Mambo

*V: All* Mambo masika vanhu vatsva vatozvarwa nemvura yoruponeso rwenyu

*Madetembo:*

1.Mweya wangu une nyota yaMwari

2.YaMwari mupenyu

3.Mweya wangu unotakwairira imi Mwari

4.Senhondo dzinotokwairira hova dzemvura

5.Une nyota yaMwari yaMwari mupenyu

6.Ndichasvika riiniko ndionekwe naMwari

7.Ndinovimba naMwari ndiye ruponeso

8.Ruponeso rwechiso changu naMwari wangu

*Chorus:*

*S* Mambo masika vanhu vatsva nemvura yoruponeso rwenyu

*B* Mambo masika vanhu vatsva vatozvarwa vanhu vatsva nemvura yoruponeso rwenyu

## 427

**Mazvita Mambo Zvamauya Kwandiri** – *T. Mukumba*

*M: S/A* Mazvita Mambo zvamauya kwandiri
*V: S/A* Zvamauya zvamauya kwandiri
Munowanzondiratidza rudo netsitsi
Asi nhasi mandipa imi pachenyu
*B* Ndakomborerwa kwazvo zvamauya
Zvamauya kwandiri munowanzondiratidza
Rudo netsitsi mandipa imi pachenyu
*Madetembo:*
1.Ndinotenda chaizvo mazvita Mambo
2.Ndinotizve mazvita mazvita Mambo

## 428

**Mbiri Kuna Mambo** – *B. Machingauta*

*M* Mbiri kunaMambo
*V: S* Alleluya mbiri kuna Mambo Alleluya mbiri kunaMambo
*B* Mbiri mbiri kunaMambo Alleluya kunaMambo
*Madetembo:*
1.Pururudzirai Mambo
2.Mambo wokumusorosoro
3.Pururudzirai Mwari
4.Nenzwi romufaro
5.Rumbidzai Mwari
6.Imi ndudzi dzose dzavanhu
7.Nokuti ngoni dzake hadziperi
*Chorus:*
*All* Mbiri kuna Mambo Alleluya mbiri kuna Mambo

## 429

**Mbiri Kuna Mambo** – *R. Mandigo*

*M* Mbiri kuna Mambo
*V: S/A* Mbiri kuna Mambo mbiri kuna Mambo mbirihi mbiri kuna Mambo mbirii mbiri kuna Mwari
*B* Kuna Mambo kuna Mambo mbirihi mbiri kuna Mambo-o mbiri kuna Mwarii

*S* Hwayana yaMwari yakatibaiirwa
*A* Alleluya Alleluya Alleluya
*B* Hwayana yakatibaiirwa
*Madetembo:*
1.Yesu Mambooo mukuru wenyika dzosee

2.Nokuti ndimi moga mutsvene
3.Nokuti ndimi moga mukurukuruu
*Chorus:*
*S/A* Tinokutunhidzai tinokutendai tinokurumbidzai
*B* --- Tunhidzai Mambo tendai Mambo --- dzai Mambo

# 430

**Mbiri Kuna Mwari** – *A. Shamu Maurunge*
*M:* Mbiri
*V: All* Mbiri kuna Mwari kudenga
*M:* Mbiri kuna Mwari
*V: All* Mbiri kuna Mwari kudenga
*M:* Ngatimurumbidzei
*V: All* Ngatimurumbidzei tose tose
*M:* Ngatimutendei
*V: All* Ngatimutendei tose tose
*M:* Denga napasi
*V: All* Zvizere zvose nembiri yenyu
*M:* Nokuti ndimi moga
*V: All* Ndimi moga mutsvene-tsvene
*M:* Nokuti ndimi moga
*V: All* Ndimi moga Mambo wedu
*M:* Nokuti ndimi moga
*V: All* Ndimi moga mukuru-kuru
*M:* Mbiri yose
*V: All* Mbiri kuna Mwari kudenga

# 431

**Mbiri Kuna Mwari** – *N. Mudzingaidzwa*
*M:* Mbiri kuna Mwari tinokutunhidzai
*V: All* Mwari tinokutunhidzai, Mwari tinokurumbidzai, Mwari tinokutendai, tinokutunhudzai
*Madetembo:*
1.Yesu Mambo m'kuru wenyika dzose x2
2.Hwayana yaMwari yakatibairwa, hwayana yakatibairwa
3.Nokuti ndimi moga mutsvene – tsvene Mambo, ndimi moga mutsvene Mambo
4.Nokuti ndimi moga, ndimi moga Mambo, Mambo ndimi moga
5.Nokuti ndimi moga mukurukuru Mambo, ndimi moga mukurukuru
*Chorus:*
*S/A* Tinokutunhidzai, tinokurumbidzai, tinokutendai, Mwari tinokutunhidzai
*B* Mbiri kuna Mwari, mbiri kuna Mwari, mbiri kuna Mwari, Mwari tinokutunhidzai

## 432

**Mbiri Mbiri Kumusoro-soro** – *Fr J. Dandiro Hwata*

*M:* Mbiri mbiri kumusoro-soro

*V: All* Nhasi denga razarurwa nhasi denga vangere vose vose vanoshama vachiona Mwari mukuru wakazviita mucheche mbiri mbiri kuna Mwari

*Madetembo:*

1.Pasi pose paimbire mununuri wazvarwa nhasi

2.Muchidyiro munozomuona mucheche anyatsorinda

3.Vanhu vose vafare vadiki navarombo

4.Mwari wenyu wakazviita mudiki nomurombo

*Chorus:*

*S/A* Ngaaimbirwe kumusoro kumusoro mbiri kuna Mwari

*B* Ngaaimbirwe kumusoro mbiri mbiri kuna Mwari

## 433

**Mbiri YaMwari Yapenya** – *H.M. Gambiza*

*M:* Mbiri yaMwari

*V: S* Yapenya Alleluya yapenya pamusoro pedu mbiri yaMwari

*B:* Yapenya-ha mbiri yaMwari yapenya pamusoro pedu

*Madetembo:*

1.Vhenekera Yerusarema nokuti chiedza chako chakasvika

2.Rima rakafukidza nyikaa asi mbiri yaMwari yakaonekwa pamusoro payo

3.Marudzi achauya kuchiedza chakoo namadzimambo kumbiri yakabudirira

4.Mambo achava kwauri chiedza chisingaperi naMwari wako kunaka kwako

5.Zuva rako harichazovirii mwedzi wako haungatapudzwi

6.Nokuti Mambo achava kwauri chiedza chisingaperii naMwari wako kunaka kwako

## 434

**Mbiri YaMwari Yapenya** – *R. Ronganai*

*M:* Mbiri yaMwari yapenya

*V: All* Mbirii yaMwari yapenya pamusoro pedu-u Alleluyaa yapenya yaapenya mbiri yaMwari yapenya pamusoro pedu

*Madetembo:*

1.Vhenekera Yerusarema nokuti chiedza chako chakasvika

2.Rima rakafukidza nyikaa asi mbiri yaMwari yakaonekwa pamusoro payo

3.Marudzi achauya kuchiedza chakoo namadzimambo kumbiri yakabudirira

4.Mambo achava kwauri chiedza chisingaperii naMwari wako kunaka kwako

5.Zuva rako harichazovirii mwedzi wako haungatapudzwi

*Chorus:*

*All* Nokuti Mambo achava chiedza chako chisingaperi mazuva okuchema kwako achaguma

## 435

**Mbiri YaMwari Yapenya** – *L.Kaseke*

*M: S* Mbiri yaMwari

*V: S/A* Yapenya pamusoro pedu mbiri yaMwari yapenya Alleluya

*B* Yapenya pamusoro pedu mbiri yaMwari mbiri yaMwari Alleluya

*Madetembo:*

1.Vhenekerai Yerusarema.
2.Nokuti chiedza chako chakasvika.
3.Rima rakafukidza nyika.
4.Asi mbiri yaMwari yakaonekwa pamusoro payo.

## 436

**Meso Ose Anokumiririrai** – *A. Mafukidze*

*M:* Meso ose anokumirirai

*V: S/A* Munovapa zvokudya Mambo zvokudya nenguva yakafanira Mambo meso ose anokumirirai

*B:* Munovapa zvokudya zvokudya nenguva yakafanira Mambo meso ose anokumirirai

*Madetembo:*

1.Ndichanzwa zvichataura Mwari Mambo wedu nokuti achataura rugare kuvanhu vake
2.Zviro kwazvo ruponeso rwake ruri pedyo kunavo vanomutya mbiri yake ichagara munyika yedu
3.Mwari achatipa zvinhu zvake zvakanaka nyika yedu ichabereka zvibereko zvayo
4.Kururama kuchatitungamirira tsoka dzedu nzira
5.Ngoni nezvokwadi zvichasangana kururama norugare zvichakwazisana
6.Mambo achasunungura vasungwa vedu vari mugomba risine mvura

## 437

**Mhoroi Mai Maria** – *Sr Mary Mandeya (HLMC)*

*M:* Mhoroi mai Maria
Mhoroi

*V: S/A* Amai muzere netsitsi muzere tsitsi ndimi botero tarisiro yedu tinodedera takavirimira Mwari

*B* Muzere ne-tsitsi muzere ndimi botero --- yedu tinodedera takavirimira *Mwari*

*Madetembo:*

1.Tochemera kwamuri mhai tireverereiwo
2.Murevereri wedu tarisai isu vatadzi nameso enyu etsitsi
3.Mugotisvitsawo kuna Yesu Mambo wokudenga

*Chorus:*
*S/A* Mutichengete tose tose murupenyu rwedu pasi pano
*B* --- Chengete tose mhai pasi pano

# 438

**Mhoroi Vasande** – *C. Togo*
*M:* Mhoroi vasande
*V: S* Imi muri kudenga mutireverereiwo kuna Yesu Kristo, imi mutireverereiwoo - imi mutireverereiwo, imi kuna Yesu Kristo
*A* Imi muri kudenga, imi, imi kuna Yesu Kristo, imi mutireverere, imi…..
*B* Imi muri kudenga, imi, imi kuna Yesu Kristo, imi mutirevererewoo imi kuna Yesu Kristo
*Madetembo:*
1.Kare maigara pano muchitambudzwa nasatani,asi makamukurira nesimba raMwari
2.Vamwe vashamwari vedu vari vana vekirike vanotambura mumoto muvanzwire ngoni
3.Kuti tifare kudenga naMaria navasande, isu ngatiwane tsitsi pamusi wokufa

# 439

**Mhoroi Vasande** – *A. Marashauta*
*M:* Mhoroi vasande-e murikudenga-a
*V: S* Mhoroi vasande imi muri kudenga mhoroi vasande mutireverere kuna Yesu Kristo
*B* Mhoroi vasande-e muri kudenga mhoroi vasande mutireverere kuna Yesu Kristo
*Madetembo:*
1.Kare maigara pano,muchitambudzwa nasatani, asi makamukurira, nesimba raMwari
2.Vamwe vashamwari vedu, vari vana veKirike
3.Vanotambura mumoto, muvanzwire-e ngoni
4.Kuti tifare kudenga, naMaria navasande
5.Isu ngatiwane tsitsi, pamusi wokufa
*Chorus:*
*S/A* Baba vaimbirwe naye Yesu Kristo nomweya musande-e vose pamwe chete-e
*B* --- Vaimbirwe naye Yesu-ho Kristo nomweya musande vose-e pamwe chete

## 440

**Mhoroi Vasande** – *F. Shamwari*

*M:* Mhoroi vasande-e

*V: S/A* Imi muri kudenga mutireverere mutireverere imi muri kudenga kuna Yesu Kristo

*B* Mutireverere-e imi muri kudenga-a mutireverere kuna Yesu Kristo

*Madetembo:*

1.Kare maigara pano muchitambudzwa nasatani
2.Asi makamukurira nesimba raMwari
3.Vamwe vashamwari vedu vari vana vekirike
4.Vanotambura mumoto muvanzwire ngoni

*Chorus:*

*S/A* Imi muri kudenga-a kuna Yesu Kristo

*B* --- Mutireverere kuna Yesu Kristo

## 441

**Mimba YaMaria Yakakomborerwa** – *H.M. Gambiza*

*M:* Mimba yaMaria yakakomborerwa

*V: S* Yakakomborerwa mimba yaMaria yakakomborerwa yakatakura Mambo wedu Yesu

*B* Yakakomborerwa mimba yaMaria yakakomborerwa --- Mambo wedu Yesu

*Madetembo:*

1.Vakaropafadzwa ivo vanonzwa shoko raMwari vachirichengeta nokurichengeta
2.Ani nani anoita kuda kwaMwari ndiye munun'na wangu namai vangu
3.Mwoyo wangu unokudza Mambo mweya wangu wakafara naMwari muponesi wangu
4.Akaratidza simba rake noruoko rwake akaparadza vaizvikudza
5.Akabvisa madzimambo pazvigaro zvavo zvoushe akaadukupisa
6.Vane nzara akavagutsa nezvakanaka akadzosera vapfumi vasina

## 442

**Mimhanzi Icharidzwa Nengirozi** – *C. Takura*

*M* Mimhanzi icharidzwa nengirozi

*V: All* Mimhanzi iri kudenga icharidzwa nengirozi zvichinzwika nani wose, mimhanzi icharidzwa nengirozi

*Madetembo:*

1.Negungwa richasvisvina vose varakambomedza
2.Nenyika ichavadzosa vose vayakambotora
3.Vachamuka mumakuva vachindomira padare
4.Vakafa vanezvitema vachava nokudedera
5.Vachamiswa pakachena pamberi peanotonga

6.Vachimupindura voga magariro avo apasi
7.Vakanaka vachamutswa nemifaro yakatsidzwa
8.Vakaipa vacharangwa nechirango chakatsidzwa
9.Mutongi ndiYesu pachake akamuka nesimba rake
*Chorus:*
*All* Makuva achazarurwa, vakafa vachazomutswa, vachiuya kuzotongwa vakafa vachazomutswa vachiya kuzotongwa

## 443

**Mina Ngiyazinikela Enhliziyweni** – *N. Ndhlovu*
*M:* Mina ngiyazinikela enhliziyweni engcwele kaJesu
Ini ndinozvipira kumwoyo musande waYesu
*V: S/A* Uqobo lwami, lempilo yami, lezizinsi zami zonke ngizakhuthalela ukuyithanda linhliziyo, Ini pachangu neupenyu hwangu, nematambudziko angu ose ndichashingairira kuda mwoyo uyu
*B* Nginikela kuyo, lemisebenzi yami, zami zonke – ngizakhuthalela ngizakhuthaleli ukuyithanda linhliziyo, Ndinopira kwauri namabasa angu ose, ndichashingairira ndichashingairira kuda mwoyo musande
*Madetembo:*
1.Lokuyidumisa kokuphela ngesikhathi esizayo
Kuurumbidza zvisingaperi panguva inotevera
2.Konke engikwenzayo ngikwenze ngenxa yokungithanda kwayo
Zvose zvandinoita ndichazviita pamusana pokuda kwawo
3.Ngilahle okungayicunula linhliziyo engcwele – Amen x2
Ndicharasa zvose zvingangogumburisa Mwoyo Musande – Amen x2

## 444

**Moyo WaJesu Tipeiwo Kuda Imi** – *P Chinodya*
*M: S/A* Moyo waJesu tipeiwo kuda imi
*K: S/A* Imba yaMwari, musuwo wedenga, imba yaMwari moyo musande waJesu, muzere unyoro norudoo, tipeiwo kuda imi
*B* Imba yaMwarihi, musuwo weedenga, imba yaMwarihi, moyo musande waJesu, muzere unyoro norudo choto chinotsva nechido, tipeiwo kuda imi
*Madetembo:*
1.Makaumbwa namweya musande mumimba maamai muvirigo, munhu mumwechete neizwi raMwari
2.Muzere unyoro norudo choto chinotsva nechidoo makaponderwa matadzo edu
3.Makazadzwa noruzvidzo makabaiwaa nepfumo makaripira mhosva dzedu
4.Makafadza Baba zvikuru munosuwiwa namakomo asingaperi munogara nouMwari hwenyu

*Chorus:*

*S/A* Munobvisa matadzo, matadzo apasi pose, munofadza vasande voosee chitarisiro chavose vanofira munemi.

*B* Munobvisa matadzo apasi, matadzo apasi, munofadza vasandee chitarisiro chavose vanofira muneemi.

## 445

**Moyo WaJesu Une Tsitsi** – *B. Ringisai*

*M:* Moyo waJesu une tsitsi

*V: S/A* Mwoyo waJesu unee tsiitsi norudo dziisai mwo-yo ye-du yakatonhora --- muiite Mambo kuti ikudeeyi --- Mwoyo waJesu tidzidziseyi kukuzivai tikude-yi sokuda kwamakatiita

*T/B* Mwoyo waJesu unee tsitsi norudo dziisai mwoyo --- yakatonhora --- muiite Mambo ikudeeyi Mwoyo waJesu tidzidzise-iwo --- kukuzi-vai itai ku-ti-tikudeeyi

*(Change of Drums)*

*Madetembo:*

1.Tifambe munzira yemurairo ye-nyu tichinzwa inzwi renyu nokuriteerera

2.Tikurire miedzo yapasi – tifariree mbiri yenyuhu yokudenga

*Chorus:*

*S/A* Mwoyo waJesu tipeiwo mwoyo mitsva – tigoita kuda kwenyu kutsvene. Tiiteyi kuti tikudeyi – tive norudo – rwakanyanya

*T/B* Mwoyo waJesu tipeiwo mwoyo mitsva tigoita --- kuda kwenyu kutsvene. Tiiteyi kuti tikudeyi tikudeyi norudo rwakanyanya

## 446

**Moyo WaYesu WaMwari** – *A. Shara*

*M: S/A* Moyo waYesu waMwari

*V: S/A* Pindurai vata-dzi, nunurai vanofa, buritsai mwe-ya iri mupuri-gatorio

*T:* Pindurai vata-dzi-i nu-nurai buritsai mweeya iri mupuri-gatorio

*B:* Pindurai vata-dzi-i nunurai vanofa-a buritsai mwe-eya iri mupuri-gatorio

*Change of Drums:*

*Madetembo: All Parts*

1.Kwaziwayi Yesu, kwaziwai, kwaziwai mununuri wangu

2.Mwari wangu, ndinoziva ndinofa, handizivi riniko, handizivi kupiko, handizivi seiko?

3.Mwari ndinoziva kana ndikafa, norutadzo runouraya ndicharasirwa kumooto kumoto muzhinji

4.Yesu makanakisa, ndidavirei misi isingaperi. Amen.

*Chorus:*

*S/A* Mo-yo waYesu waMwari, kunemi ndinotarisira girasiya, roruufu, rwakanaka, kuti ndife ndichishamwaridzana, nemi Yesu

*B/T* Mo-yo waYesu waMwari, kunemi ndinotarisira girasiya --- rorufu, rwakanaka kuti ndife ndichishamwaridzana, nemi Yesu

# 447

**Moyo WaYesu waMwari** – *L.Kaseke*

*M: S* Moyo waYesu waMwari

*V: S/A* Pindurai vatadzi nunurai vanofa moyo waYesu waMwari buritsai mweya iri mupurigatoriyo

*B* --- Pindurai vatadzi --- nunurai --- moyo waYesu waMwari buritsai mweya iri mupurigatoriyo

*Madetembo*:

1.Kwaziwai mununuri wangu, kwaziwai

2.Yesu makanakisa ndidavirei

3.Ndinoziva kana ndikafa norutadzo runouraya ndicharasirwa kumoto muzhinji

*Chorus:*

*S/A* Ndinoziva ndinofa, asi handizivi riniko, handizivi kupiko, handizivi seiko

*B* --- Ndinoziva ndinofa, asi handizivi riniko, handizivi kupiko, handizivi seiko

# 448

**Moyo Womucheche Musande** – *Sr Martin Chikosha (LCBL)*

*M: S/A* Moyo womucheche Musande

*V: S/A* Moyo womucheche Musande vanzai moyo wangu-u mumoyo wenyu kufara kukuru kwoucheche hwangu-u kusina ruhiva, ruchiva rwakaipa-a mwana wakachena ndichenese.

*B* Moyo womucheche Musande, moyo wangu mumoyo – wenyu kukuru kwoucheche hwangu-u kusina ruchiva-a-a-a rwakaipa mwana wakachena ndichenese …

*Madetembo:*

1.Uya gara neni ndikurire pasi

2.Uya gara neni ndisinewe ndichakundwa

3.Uya gara neni mwana Yesu ita tsitsi gara neni undizarurire moyo wako

4.Uya gara neni ipa mwana Yesu moyo wangu murombo-o gara neni undipe zvifundiso zvekuNazareta

5.Uya gara neni Yesu wangu undipe moyo kwawo.

*Chorus:*

*S/A* Maria naYosefe munodiwa regai-zve tiswedere-e pedyo naYesu, kana tiinemi hatizotya kumurasa iye narini.

*B* Maria naYosefe munodiwa, tiswedere-e pedyo naYesu tiinemi hatizotya-a kumurasa iye narini.

## 449

**Muchagamuchira Simba RaMweya** – *A.H.Marashauta*

*M* Muchagamuchira simba raMweya-ha

*V: S* Imi muchagamuchira simba raMweya Mutsvene nokuzondipupurira nokumiganhu yapasi

*B* --- Muchagamuchira simba raMweya Mutsvene nokuzondipupurira nokumiganhu yapasi

*Madetembo:*

1.Uyai mururamisi Mwari wesimba rose komborerai mupiro wedu, muchagamuchira

2.Tinogadzira zvipo kuti zita renyu rikudzwe, muchagamuchira

3.Simbisai Mwari izvo zvamakatiitira madzimambo achakuvigirai zvipo, muchagamuchira

4.Musatidzinge pamberi pechiso chenyu makatizora mafuta matsvene, muchagamuchira

## 450

**Muchandinyaradza Riniko** – *F.B. Tarambavamwe*

*M: S/A* Mu-chandinyara-dza, muchandinyaradza riniko?

*V: S/A* Tenzi meso angu ane-ta, nokutarisira zvamakatsi-dza, mweya wangu unopanga rupo-neso, pandinobvunza mucha-ndinyaradza riniko.

*B* --- Meso angu ane-ta aneta, nokutarisira zvamakatsi-dza, mweya wangu unopanga rupone-so, paya pandinobvunza mu-chandinyaradza riniko

*Madetembo:*

1.Mazuva omuranda wenyu angave manganiko, ndasvava, ndichinge mudzonga wenyama pamutariko

2.Vanonditambudza vanondirevera nhema, vakandicherera hunza, asi handina kusiya zvamakandirayira

3.Ndiponesei nokuda kwengonii dzenyu

*Chorus:*

*S/A* Mwari mweya wangu unopanga rupo-neso, pandinobvunza mu-chandinyaradza riniko.

*B* Mwari mweya unopanga rupo-neso, pandinobvunza mu-chandinyaradza riniko.

## 451

**Muchandipupurira** – *J.K. Dzingai*

*M:* Muchandipupurira

*V: S/A* Kana mweya musande achinge auya kwamuri muchazondipupurira muYerusarema nemuYudheya yose nomuSamariya nyangwe

nokumiganhu yapasi, nokumiganhu yapasi

*B/T* Kana mweya musande achinge auya, muchazondipupurira muYerusarema nemuYudheya nomuSamariya nokumiganhu, miganhu yapasi

Madetembo:

1.Yesu wakauya akamira pakati pavadzidzi vake mumba mavakange vari

2.Akati kwavari rugare ngaruve nemi

3.Sokutumwa kwandakaitwa naBaba ndinokutumaiwo

4.Chiendai henyu kwandakutumai

5.Musaende nemari kana homwe yozvokudya

6.Iri yose imba yamunenge mapinda

7.Tangai mataura kuti rugare ngaruve

8.Vamwe vanhu vachiona Yesu vakakonona asi vamwe vakamupfugamira

9.Yesu akapiwa simba rose rokudenga napasi

*Chorus:*

*All* Muchandipupurira muchava zvapupu nokumiganhu yapasi

# 452

**Muchaona Chikomborero ChaMwari** – *A. Shamu Maurunge*

*M:* Muchaona

*V: All* Chikomborero chaMwari

*M:* Chikomborero

*V: All* ChaMwari areruya, chaMwari areruya

*Madetembo*:

1.Muchachengetwa naMambo nokuti ndiye simba guru

2.Mazuva ose orupenyu rwenyu muchaona ruponeso rwaMwari

# 453

**Muchaona Chikomborero ChaMwari** – *C.T. Chinoda*

*M:* Muchaona chikomborero

*V: All* Chikomborero chaMwari Alleluuya Allleluya muchaona chikomborero chaMwarii Alleluyaha Alleluya

*Chorus:*

*All* Muchaona chikomborero chaMwari Alleluya

*Madetembo:*

1.… na … muri kuchata

2.Muchachengetwa naMambo

3.Nokuti ndiye simba guru

4.Mazuva ose orupenyu rwenyu

5.Muchaona ruponeso rwaMwari

# 454

**Muchaona Chikomborero ChaMwari** – *S.M. Ponde*

*M* Muchaona chikomborero chaMwari x2

*V: All* ChaMwari Areruya x2

*Madetembo:*

1.Muchachengetwa naMambo nokuti ndiye simba guru

2.Mazuva ose orupenyu rwenyu muchaona ruponeso rwaMwari

# 455

**Muchaona Chikomborero ChaMwari** – *F K. Mukanyi*

*M:S/A* Muchaona chikomborero chaMwari
Chikomborero chaMwari

*V: S/A* Muchaona chikomborero muchaona chikomborero chaMwari Alleluya

*B* Muchaona chikomborero --- chikomborero --- chikomborero Alleluya

*Madetembo:*

1.Muchachengetwa naMambo nokuti ndiye simba guru

2.Mazuva ose orupenyu rwenyu

3.Muchaona ruponeso rwaMwari

*Chorus:*

*S/A* Muchaona chikomborero chaMwari Alleluya

*B* Muchaona chikomborero chikomborero --- Alleluya

# 456

**Mufananidzo WomuSamariya Wakanaka** – *R. Tonganai*

*M:* Mufananidzo womuSamariya wakanaka

*V: S/A* MuSamariya akanga ari parwendo rwake akaona mumwe munhu akanga apondwa namakororo akamutorera nguvo dzake asi muSamariya akamunzwirawo tsitsi

*B* --- Akanga ari parwendo rwake akaonawo mumwe munhu akanga apondwa namakororo akamutorera nguvo dzake asi muSamariya akamunzwira tsitsi

*Madetembo:*

1.MuSamariya akamupombera mavanga akaadira mafuta nehwaini

2.MuSamariya akamukwidza pachipfuwo chake ndokumuisa kumba kwavayeni

3.MuSamariya akabudisa madhinare maviri akaapa mwene weimba akati muchengete

4.MuSamariya akati kana zvose zvaunenge wamuitira kupfuura izvi ndichakupazve

5.MuSamariya akati ndichakupazve kana ndadzoka

*Chorus:*

*S/A* Newevoho enda undoita saizvozvo enda undoita-ha enda undoita saizvozvo

*B* Newevoho enda undoita saizvozvo endaha endaha enda undoita saizvozvo

# 457

**Mufaro WaMaria Pakuberekwa KwaYesu** – *S. Mubayiwa*

*M: S/A* Mufaro waMaria-a pakuberekwa kwaYesu

*V: S/A* Maria akava nomufaro mukuru chose kubata mwanakomana waMwari mumaoko ake

*B* Maria akava nomufaro mukuru kubata mwana waMwari mumaoko

*Madetembo:*

1.Iwe mwanakomana waMwari uri mwana woura hwangu

2.Mwana wangu uri mununuri wapasi pose

# 458

**Mufudzi Wakanaka Yesu** – *Sr Mavis Chireshe (SJI)*

*M* Mufudzi wakanaka Yesu

*V: S/A* Makauya kuzotsvaga nokuponesa zvakanga zvakarasika-a
Makadzikawo uPristi kuti huendese mberi basa renyu nguva dzose ---
Tinokutetai nokukumbirisa kuti mutumire vasevenzi mumunda wenyu

*B* Makauya kuzotsvaga nokuponesa zvakarasika
Makadzikawo uPristi kuti huendese mberi basa renyu nguva dzose ---
Tinokutetai nokukumbirisa mutumire vasevenzi mumunda wenyu

*Madetembo:*

1.Itai kuti vose vakadaidzwa nemi kuuPristi vadavire nevavariro tsvene nokushinga

2.Muvape ungwaru, kutirira nesimba kuti vasimudzire mbiri mbiri yenyu

3.Vaparidze umambo hwenyu mumoyo yavanhu nokutungamirira mweya yavanofanira kuchengeta kuupenyu husingaperi

*Chorus:*

*S/A* Simbisai vaPristi vose mubasa ravo rinorema mukomborere zviito zvavo kuti vave munyu wapasiunodzivirira kuora kwosevave mwenje wapasi unovhenekera vatenderi vose namakwara-a vave mwenje – mwenje wapasi

B Simbisai vaPristi mubasa ravo rinorema mukomborere zvavo zviito itai kuti vave munyu -munyu unodzivirira kuora kwose vave mwenje unovhenekera vatenderi vose namanzwi-hi vave mwenje – mwenje wapasi

# 459

**Mufudzi Wangu Mambo** – *J.K. Dzingai*

*M:* Mufudzi wangu Mambo

*V: S/A* Ndiye mufudzi wangu Mambo, hapana chandingashaiwa Mambo, Mambo

ndiye mufudzi wangu Mambo, hapana chandingashaiwa Mambo, hapana --- chandingashaiwa

*T* Mufudzi wangu Mambo, hapana chandingashaiwa, mufudzi wangu, hapana chandingashaiwa, hapana chandingashaiwa

*B* Mufudzi wangu Mambo, hapana chandingashaiwa, mufudzi wangu, hapana, hapana chandingashaiwa, hapana chandingashaiwa

*Madetembo:*

1.Anondiradzika pasi pamafuro manyoro, anondisesedza pamvura, inozorodza

2.Unyoro norunako zvichanditevera, anoponesa mweya wangu

3.Akazodza musoro wangu mafuta, tsvimbo yake inondinyaradza anondigadzirira dara pamberi pavavengi vanhu

*Chorus:*

*S/A* Kunyangwe ndikafamba mumupata werima, handingatyi nokuti iye Mambo iye aneni. Iye Mambo iye Mwari Mambo Mwari aneni

*B/T* Ndikafamba mumupata, werima, handingatyi Mambo aneni Mambo Mwari, Mambo, Mwari aneni

## 460

**Mugamuchireiwo** – *J.K. Dzingai*

*Part 1:*

*M:* Mugamuchireiwo

*V: All* Susukidzai mweya wake kuna Nyadenga susukidzai, susukidzai mwana uyu kuna Mwari

*Madetembo:*

1.Imi vasande vaMwari uyai kuzomubatsira

2.Imi vangere vaMambo uyai kuzomugamuchira

3.Kristo imi mamudana mugamuchirei

4.Imi vangere, muisei pachipfuva chaAbrahama

*Part 2:*

*M:* Imi masara

*V: All* Garai makagadzirira garai makagadzirira

*Madetembo*:

1.Ndiani anoziva nguva yaachadaidzwa

2.Angava mangwanani hapana anoziva

3.Angava masikati hapana anoziva

4.Angava manheru hapana anoziva

5.Kana mambakwedza hapana anoziva

6.Kana mashambanzou hapana anoziva

# 461

**Mugariro Unofadza Mwari** – *J.V. Chinondo*

*Part 1:*

*M: S/A* Mugariro Unofadza Mwari

*V: S/A* Rambai muchidanana norudo rwehama nehama --- musakangamwe kugamuchira vaenzi – nokuti vamwe vaidaro vakazogamuchira Angere vasingazivi. Yeukai mugariro unofadza mwari

*B* --- Rambai muchidanana norudo-ho, rweha-ma ne-ha-ma musakangamwe va-e-nzi vakazogamuchira Angere-e vasingazivi --- Yeukai mugariro unofadza Mwari

*Part 2:*

*S/A* Gutsikanai nezvamuinazvo nokuti Mwari pachake ndiye akati --- handimbokusiyai muri moga --- handizombokuregai makadaro – Mwari ndiye muyamuri wangu handichatya

*B* --- Gutsikanai nezvamuinazvo gutsikanai-hi handimbokusiyai muri moga ---handizombokuregai makadaro Mwari --- ndiye muyamuri wangu handichatya.

*Part 3:*

*Madetembo:*

1.Yesu Kristo vanezuro, ndiyewo vanhasi, ndiyezve wa-rini narini wose.
2.Yeukaiwo avo vari kutambudzika, muzviite imiwo semi muri kutambudzika.
3.Yeukaiwo avo vaikupari-dzi-ra-i shoko raMwari --- mugotevedzera kutendeka kwavo.
4.Chinhu chakana-ka kuti mwyo yenyu isimbaradzwe negirasiya raMwari

*Chorus*

*S/ A:* Musakangamwe zvokuitira va-mwe. Mwoyo chena, nokugoverana navamwe zvamuinazvo-ho. Ndizvo zvinofadza Mwari-hi, Yeukai mugariro unofadza Mwari

*B* --- Musakanganwe-e musakanganwe-he --- zvokuitira vamwe moyo chena --- Ndizvo zvinofadza Mwari-hi --- Yeukai mugariro unofadza Mwari

# 462

**Mukirike Katorike** – *A.M. Simbi Mapurisa*

*M: S* Mukirike ka-torike

*V: S/A* Rimwe zuva --- vatenderi takatsvaga chitendero chinopinza murupenyu, zuva iro, takaudzwa kute-ereraha, nokuda Mwari nomwoyo wose.

*B:* Rimwe zuva va-tenderi takatsvaga --- chitendero chinopinza murupenyu, zuva iro takaudzwa --- kute-erera, nokuda Mwari nomwoyo wose.

*Madetembo:*

1.Zuva iro takapika nomwoyo wose.
2.Kundorasa dhiyabhori nomwoyo wose.
3.Kuitira Mwari woga nomwoyo wose.

4.Takapika kuzviranga nokuzvinyima nomwoyo wose
5.Tinowanzwa mhiko dzedu Yesu Mambo nomwoyo wose
*Chorus:*
*S/A:* Takapika kundorasa dhiyabhori, kuitira Mwari wogaa, nomwoyo wose-e, takapika nomwoyo wose.
*B* --- Takapika kundorasa dhiyabhori --- kuitira Mwari wogaa, nomwoyo wose, takapika nomwoyo wose

# 463

**Mukudzwe Mambo Jesu** – *A.K. Malunga*
*M: S/A* Mukudzwe Mambo Jesu Mwanakomana waMwari
*V: S/A* Nguva dzose kana tichiita mupiro wedu-u, nokugamuchira mabiko enyu matsvene, tinogoveraniswa nohupenyu hwenyu, hupenyu-u hwaMwari.
*B* Nguva dzose kana tichiita mupiro mukuruhu, nokugamuchira mabiko enyu matsvene --- tinogoveraniswa hupenyu hupenyu-u hwaMwari.
*Madetembo:*
1.Jesu imi munotida norudo rusingaperi
2.Imi Mwanakomana waMwari mupenyu mukudzwe, mukudzwe Mambo.
3.Kristo mununuri wenyika nomuponesi wedu-u, muponesi wed-u.
*Chorus:*
*S/A* Nhasizve matipa zvokudya izvi zvoupenyu-hu. Simbisai zvakanaka zviri mukati medu. Simbisai zvakanaka zviri mukati medu-u muparadze zvakaipa-a.
*B* Nhasizve matipa zvokudya izvi zvoupenyu-hu. Simbisai zvakanaka simbisai zvakanaka mukati medu-u muparadze zvakaipa-a.

# 464

**Mumaoko Enyu Mambo** – *W.S. Chirove*
*M: S/A* Mumaoko enyu Mambo ndinoisa mweya wangu
*V: S/A* Ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu, Yesu ndinzwireiwo-o tsitsi, ndiponeseiwo Yesu, regai kubvuma kuti ndiparadzane nemi-i, ndidzivirirei Yesu kuna satani
*B* --- Mweya wangu mumaoko enyu Mambo, ndinzwireiwo-o tsitsi, ndiponeseiwo Yesu, regai kubvuma kuti ndiparadzane nemi-i, ndidzivirirei Yesu kuna satani
*Madetembo:*
1.Maria mai va-ngu vadiwa, ndichengeteiwo
2.Mundidzivirire ndiri wenyu, ndinozvipa kunemi
3.Angere va-ngu muchengeti, garai neni nokundibatsira
*Chorus:*
*S/A* Musanonoke kuzondibatsira --- Yesu musanonoke, musanonoke

kuzondibatsira
*B* Musanonoke kuzondibatsira Yesu --- musanonoke, musanonoke kuzondibatsira

## 465

**Muna Masimba Ose Mwari** – *M. Mauto*

*M:* Muna masimba ose Mwari
*V: S* Mwari muna masimba ose uyaizve kuzotinunura, uyaizve kuzotinunura, uyaizve kuzotinunura
*A* Mwari muna masimba ose Mwari muna masimba osee uyaizvee uyaizve-e Mwari muna masimba ose
*B* Mwari muna masimba osee Mwari muna masimba osee uyai kuzotinunura Mwari muna masimba ose

*Madetembo:*
1.Batai moyo wangu Mambo, ndigotya zita renyu
2.Rudzi rwenyu ruchakuteurirai zvipo zvomupiro nomufaro.
3.Imi mugere pamusoro pamakore muzviratidze kurudzi rwenyu
4.Ndinokumirira kubva mangwanani kusvika manheru nokuti ndimi mununuri wangu
5.Penyesai chiso chenyu tigoponeswwa

*Chorus:*
*S/A* Uyai nesimba nembiri uyai vanhu vose vachazokuonai
*B* Nesimba nembiri nesimba nembiri uyai vanhu vose vachazokuonai

## 466

**Munamato Wangu Tenzi** – *F. Mundembe*

*M: S/A* Munamato waangu-u --- Tenzi, ndipindureiwo
*V: S/A* Musandivanzira chiso chenyu, pazuva rokutambudzika kwangu, Teenzi kurumidzai kundipindura --- pazuva randinodaidza rerekerai nzeve dzenyu kwandiri
*T* Musandivanzira chiso chenyu, pazuva rokutambudzika kwangu, ini Teenzi kurumidzai kundipindura --- pazuva randinodaidza rerekerai nzeve dzenyu kwandiri
*B* Musandivanzire chiso chenyu --- pakutambudzika kwangu, ini Teenzi, kurumidzai kundipindura --- inzwai Teenzii rerekerai nzeve dzenyu kwandiri

*Madetembo:*
1.Ndinoshaya hope, ndafanana neshiri, inongova-a inongova yoga, pamusoro pemba
2.Asi imi Tenzi munogara muripo, zita renyu richirangararirwa, nezvizvarwa zvose
3.Moyo wangu wasvaviswa, wauna souswa, pamusana pokuungudza kwangu

kukuru, ndinzwireiwo ngoni

*Chorus:*

*B* Kurumidzai kundipindura, inzwai Teenzi, rerekerai nzeve dzenyu kwandiri

*S/A/* --- Pazuva randinodaidza, rerekerai nzeve dzenyu kwandiri

*T* --- Pazuva randinodaidza imi Teenzi, rerekerai nzeve dzenyu kwandiri

## 467

**Munamato WaYesu Nyakuzvipira** – *J.K. Dzingai*

*M:* Munamato waYesu nyakuzvipira

*V: S/A* Zvino ndava kuuya kwamuri, ndichitaura izvi ndichiri pasi pano kuti kufara kwangu kwose kuzere, kuve kwenyuwo, ini ndakavapa dama renyu naivowo vakabva vavengwa navadisi vezvapasi

*B/T* Ndava kuuya kwamuri ndichitaura ndichiri pasi, kufara kwangu kuzere, kuve kwenyuwo imi, ini ndakavapa dama renyu naivowo, vakabva vavengwa navadisi vezvapasi

*Madetembo:*

1.Havasiri ivo voga vandiri kunamatira

2.Ndinonamatira naivowo vachaitiswa nedama renyu kuti vanditevere

3.Pasi pachaziva kuti ndimi nyakunditurna

4.Imi makavada sokuda kwamakandiita

5.Vamakanditurira ndakavachengeta

6.Hakuna kana nomumwe wavo wakatsakatika

7.Kusiya uyo wakakambirwa kuti atsakatike

8.Kuti zviri mumagwaro zviitike

*Chorus:*

*All* Ndakavapa mbiri yamakandipa kuti vave vamwe chete sesu tiri vamwe chete ini mavari nemiwo mandiri

## 468

**Munda WaMwari Mukurukuru** – *C. Gumbo*

M: Munda waMwari mukuru-kuru kwazvo-o

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Zvinoda kukohwiwa zvakawanda kumbirai kuna Tenzi atumire vanhu vanokohwa mumunda make

*B* --- Kukohwiwa zvakawanda nokudaro kuna Tenzi atumire vanhu vanokohwa mumunda make

*Madetembo:*

1.Iri imba yose yamunenge mapinda tangai maati rugare ngaruve nemi

2.Chiendai henyu onai ndinokutumai sehwai mukati memhumhi

3.Namatai kuna Tenzi muridzi wembeu kuti muwedzerwe navamwe vakohwi

# 469

**Munhu Akaberekwa Nomukadzi** – *M M .Chipato*

*M* Munhu akaberekwa nomukadzi anamazuva mashoma azere namatambudziko

*V: All* Anokura seruva anokura seruva ndokusvava anokura anotizawo somumvuri achibva aparara

*Part 1:*

*Madetembo:*

1.Mazuva ake zvaakatarwa mazuva ake zvaakaverengwa

2.Nokuwanda kwemwedzi yake zvamunokuziva zvamakamutemera miganho yaasingakwanisi kudarika

*Chorus:*

*All* Anokura seruva anokura seruva ndokusvava anokura anotizawo semumvuri achibva aparara

*S/A* Munhu anofa

*Part 2:*

*Madetembo:*

1.Mweya wake unobuda

2.Anoshaiwa simba

*Chorus:*

*All* Sokupwa kunoita mvura mudziva nokupwa kunoita rwizi sokukoromoka kunoita gomo richimwarakatika munhu anovata pasi asingazomukizve

# 470

**Mununure Mambo** – *S.M. Ponde*

*M* Mununure Mambo --- mununure Mambo

*V: All* Mweya yavakafa mununure Mambo mweya yavakafa vose

*Madetembo:*

1.Regai ichimbidzike kuona mwenje womufaro usingagumi

2.Muigamuchire kumusha kwayo kwoushe hwokudenga

# 471

**Mununure Mambo** – *M. Kanene*

*M:S/A/T* Mununure Mambo mweya yavakafa

*V:S/A/T* Mununure Mambo, mweya yavakafa vose Mambo Mununure mweya yavakafa vose

*B:* Mweya yavakafa vose --- Mambo mununure mweya yavakafa vose, yavakafa vose

*Madetembo:*

1.*S/A/T:* Regai ichimbidzike, kuona mwenje womufaro.

*B:* Regai ichimbidzike, kuona mwenje Womufaro usingagumi.

2.*S/A/T:* Muigamuchire kumusha kwayo koushe wokudenga.
*B:* Muigamuchire kumusha koushe wokudenga.
*Chorus:*
*S/A/T* Mambo mununure mweya yavakafa vose
*B* --- Mweya yavakafaa vose, yavakafa vose

# 472

**Mununure Mweya Yavakafa** – *W. Munodawafa*
*M* Mununure mweya yavakafa Mambo
*V: S* Mununure mweya yavakafa, mununure Mambo yavakafa vose mununure mweya yavakafa
*B* --- Mweya yavakafa mununure Mambo mweya vose mununure mweya yavakafa
*Madetembo:*
1.Regai ichimbidzike kuona mwenje
2.Kuona mwenje worufaro
3.Womufaroo usingagumii
*Chorus:*
*All* Mambo mununure mweya yavakafa

# 473

**Mununuri Tiponeseiwo** – *E. Chigoromondo*
*M* Mununuri tiponesei
*V:S* Mununuri wapasi pose tiponeseiwo imi makatinunura neropa renyu
*B* Imi makatinunura neropa renyu mununuri wapasi pose neropa renyu
*Madetembo:*
1.Pamusana pomuti wokutanga takaitwa varanda
2.Takazonunurwa nomuti wechipiyaniso chisande
3.Muchero womuti wokutanga wakatinyengedza
4.Asi mwanakomana waMwari wakazotinunura

# 474

**Mununuri Tiponeseiwo** – *S. Shiri*
*M:* Mununuri tiponeseiwo
*V: S/A* Imi mununuri wapasi pose pose makatinunura neropa renyu-u tiponeseiwo
*B* Imi mununuri wapasi pose makatinunura neropa renyu-u tiponeseiwo
*Madetembo:*
1.Pamusana pomuti wokutanga takaitwa varanda
2.Takazonunurwa nomuti wechipiyaniso chisande
3.Muchero womuti wokutanga wakatinyengedza

4.Asi mwanakomana waMwari, mwana wakazotinunura

## 475

**Mununuri Wangu Imi Mambo** – *Z.C. Terere*

*M:* Mununuri wangu imi Mambo

*V: All* Muna masimba ose ndibatsireiwo Mambo sokuvimba kwangu kwandaita, musabvume Mambo, kuti ndikutadzirei norutadzo runouraya

*Madetembo:*

1.Ndipeiwo rubatsiro rwenyu kuti ndigone kupingudza moyo wangu
2.Ndibatsireiwo kana ndichifurirwa kuti ndityore mitemo yenyu
3.Pamatambudziko ndinokumbirawo varaidzo yenyu
4.Yesu makanakisa dokomboreraiwo vose vandinofanira kunamatira
5.Itai kuti mweya yavatenderi vakafa izorore murugare netsitsi dzenyu

*Chorus:*

*S/A* Uyai kwandiri kazhinji musakaramende iri rechido zvikuru kana ndava kutandadza

*B* Uyai – uyai – musakaramende iri rechido zvikuru kana ndava kutandadza

## 476

**Mununuri Wangu Yesu Mambo** – *G.S. Wenzeri*

*M:* Mununuri Wangu Yesu Mambo

*V: S/A* Kristo imi makabaiwa --- mukabvisa matadzo edu zvino donatsai mweya womuta-dzi uve mutsvene-e

*B* --- Imi makabaiwa Kristo --- mu-ka-bvi-sa matadzo --- mweya womutadzi uno donatsai --- mutsvene-e

*Part 1:*

*Madetembo:*

1.Ndipeiwo kuteerera Mambo, nokuchengeta mitemo yenyu, ndigoita zvamunoda zvoga
2.Svi-nu-dzai meso angu ndione kuti rudo rwenyu rwakawanda sei

*Chorus:*

*S/A* Ita-i kuti ndirege kuputirwa nomufaro wapasi pano, ino-pfu-ura i-sina nechimuko chose, ivai neni Mambo Yesu

*B* --- Ita-i kuti, itai, kuputirwa nomufaro wapasi pano, ino-pfu-ura nechimuko chose --- neni Mambo, Mambo Yesu

*Part 2:*

*Madetembo:*

1.Mukufara mukutambudzika kana mukufa , ivai neni, Mambo Yeso Kristo x2

*Chorus:*

*S/A* Ndinoda kufira mumaoko enyu Kristo, ndive venyu Mununuri wangu kwete zvino asi zvisingazo-pera

*B* --- Ndinoda kufiraha --- mumaoko enyu --- Mununuri wangu Yeso Kristo

--- asi zvisingazo-pera

## 477

**Mununuri Wapasi** – *A. Mawora*

*M:* Mununuri wapasi

*V: S/A* Neropa renyu ndinoti ndiponeseiwo pasi ndiponeseiwo

*B* --- Neropa ponesaiwo pasi pose neseiwo

*Madetembo:*

1.Muchero womuti wokutanga wakatinyengedza

2.Asi mwanakomana waMwari wakazotinunura

*Chorus:*

*S/A* Pamusana pomuti wokutanga takaitwa varanda tikazonunurwa nomuti wechipiyaniso chisande

*B* --- Pamusana pomuti wokutanga takaitwa varanda – varanda takazonunuurwa – wechipiyaniso chisande

## 478

**Mununuri Wapasi Pose** – *A. Shamu Maurunge*

*M:* Mununuri wapasi pose --- tiponeseiwo --- imi makatinunura neropa renyu, tiponeseiwo

*Kudavira & Chorus:*

*All* Mununuri wapasi pose --- tiponeseiwo --- imi makatinunura neropa renyu, tiponeseiwo

*Madetembo:*

1.Pamusana pokutanga takaitwa varanda

2.Tikazonunurwa nomuti uyu wechipiyaniso chisande

3.Muchero womuti wokutanga wakatinyengedza

4.Asi mwanakomana waMwari wakazotinunura

## 479

**Mununuri Wedu Yesu** – *Sr Perpetua Muza (Holy Cross)*

*M*: Mununuri wedu --- Yesu --- Yesu --- enyu

*V: S/A* Tinoimba nhasi --- kurwadziwa kwamaronda, maronda enyu mashanu --- Yesu tinoimba

*B* Tinoimba nhasi-hi, kurwadziwa kwamaronda, maronda enyu mashanu tinoimba

*Madetembo:*

1.Imi ringai ruoko rudyi rwomununuri wedu. Yesu …

2.Rusande-sande kwazvo, runotsvuka neronda renyu. Yesu …

3.Ruoko rumhoshwe rwenyu runozopfavira zvarwo. Yesu …

4.Runoripira isu, nokurwadziwa kwarwo. Yesu …
5.Tsoka yenyu yorudyi Yesu, yakabanzurwa hayo. Yesu …
6.Nehoko dzakapinza, dzakakuvadza mapfupa. Yesu …
7.Tsoka yenyu yorumhoshwe yakarovererwa hayo. Yesu …
8.Yakapiyaniswa netsoka yenyu yorudyi. Yesu …
9.Yesu wafa wabaiwa nesoja nepfumo rake. Yesu …
10.Parutivi mumwoyo anotitsvira isu. Yesu …

# 480

**Mununuri Yesu** – *S.T. Chari*

*M:* Mununuri Yesu

*V: S/A* Mauya nhasi mununuri Yesu, mugere neni zvino ndigere munemi mununuri Yesu, ndochishamiso kwacho ndonenji rechido pamutadzi ini mununuri Yesu o mwene wedenga

*B* Mauya nhasihi mugere neni zvino ndigere munemihi ndochishamiso kwacho ndonenji rechido pamutadzi inihi o mwene wedenga

*Madetembo:*

1.Muviri waKristo murwiri wangu
2.Rugare ndiruwane naMwari navanhu
3.Kurwara dambudzo zvonaka nemi
4.Nesimba renyu Jesu ndatsungararawo

# 481

**Munzwa Mumuviri** – *F.Shamwari*

*M* Munzwa mumuviri

*V: S/A* Ndakapihwa munzwa munyama yangu, nhume yasatani indirove, kuti ndirege kuzvikudza, ndakapihwa munzwa munyama yangu

*B* --- Munzwa munyama yangu, indirove kunyanya kuzvikudza, munzwa munyama yangu

*Madetembo:*

1.Kwenguva nhatu ndakanamata kunaTenzi ndichikumbira kuti chirwere \
ichi chibvviswe
2.Asi iye akandipindura achiti nyasha dzangu kwauri dzakakwana
3.Nokuti simba rangu iguru kwazvo pamunhu anoutera
4.Saka ndinofara zvikuru ndichifarira hutera hwangu
5.Nokuti ndadzikinurwa nesimba raKristo

# 482

**Muponesi Mambo Mwari Wedu** – *A.I. Lunga-Nyathi*

*M: S/A* Muponesi Mambo Mwari wedu

*V: S/A* Nezuva rokuponiwa kwenyu makavanza huMwari hwenyu muchioneso

chomunhu mukava sesu – mutizadze nomufaro wavafudzi navachenjeri zvavakakuonai nokuziva kuti ndimi ruponeso – ruponeso rwavanhu.

*B* Nezuva rokuponiwa kwenyu makavanza huMwari hwenyu muchioneso chomunhu mukava sesuu – mutizadze nomufaro uyo wavafudzi zvavakakuonai nokuziva kuti ndimi ruponeso ruponeso.

*Madetembo:*

1.Nhasi munovanza huMwari hwenyu nohwumunhu hwenyu muchioneso chechingwa nehwaini.

2.Makava mwana wavanhu kuti tive vana vaMwari.

3.Mwari wedu nehama yedu tinokutendai chose nokuti makatipfumisa.

*Chorus:*

*All* Mutizadze nomufaro wavafudzi navachenjeri zvavakakuonai nokuziva kuti ndimi ruponeso – ruponeso rwavanhu.

# 483

**Muponesi Wangu Yesu Kristo** – *Z.C. Terere*

*M:* Muponesi wangu Yesu Kristo

*V: All* Mabvisa matadzo angu – mwoyo wangu wafara – rudo rwenyu kwandiri rukuru handidi kukutadzirai pakare

*Madetembo:*

1.Baba vokudenga zvino munofadzwa neni nokutii ndacheneswa

2.Hamuchaoni chinhu chakaipa mandiri makatumira pasi mwanakomana wenyu Yesu

3.Nhasizve ndinoda kutenda rudo rwenyu mundichengete mundiperekedze

4.Amai Maria batai ruoko rwangu ndifambe zvakanaka pamwe chete nemi

# 484

**Mupriste Mukuru Yesu** – *Sr Cecilia Mushayapokuvaka (PBVM)*

*M* Mupriste mukuru Yesu

*V: S/A* Yesu mupriste mukuru, munozvipira paAritari – munozvipira paAritari – kuti isu tirege kuzorasikirwa

*B* Mupriste mukuru --- munozvipira --- munozvipira paAritari – Kuti isu tirege kuzorasikirwa

*Madetembo:*

1.Yesu mununuri wedu makatitamburira kuti tinunurwe kurushambwa

2.Yesu muponesi wedu, makatifira norupfave, kundotenga mweya yedu, neropa rakakosha

3.Yesu mununuri wedu, makakunda rufu norutadzo, kuti tiwane rupenyu rusina mugumo

*Chorus:*

*All* Mwoyo waYesu tarirai, vapriste venyu nengoni, ngavacheneswe vasantiswe mumwoyo wenyu musande, nokuti basa ravose ndiro serenyu narini

## 485

**Mupriste Wedu Ngaakudzwe** – *R. Tonganai*

*M:* Mupriste weduu ngaakudzwe

*V: S/A* Anouya muzita raMambo anouya muzita raMaambo ngaakudzwe ngaakudzwehe mupriste mukuru

*B* Mupriste wedu mukuru --- mupriste ngaakudzwe ngaakudzwe ngaakudzwe mupriste mukuru

*Madetembo:*

1.Mwari Babaa muna masimba ose imi moga munoita zvishamiso zvikuru

2.Ipai muranda wenyu uyu … neboka rake rose mweya woruponeso rwenyu

3.Naisai pamusoro pake gomborero renyu kuti akufadzei nezvechokwadi

4.Atitungamirire tose kumifaro isingaperi

## 486

**Mupurigatoriyo** – *B R. Mutindimuri*

*M:* Mupurigatoriyo

*V: All* Mupurigatoriyo shamwari dzedu dzinoripira mhaka-mhaka dzose-e

*Madetembo:*

1.Hadzichagoni-nii kuzvibatsira dzomirira kurevererwa-a

2.Tikumbirire mweya yadiwa nokubatana kwavasande

3.Maria hosi yepurigatoriyo sunungurai hama dzedu

4.Tireurire ropa raJesu rigochenesa iyo mweya

5.Angere Mikaeri uyivotese neropa iro rakakosha

*Chorus:*

*S* Mwari mukuru ivai netsitsi-i yeukai vatendi va-ka-fa muvazarurire muvazarurire denga-a denga renyu-u

*B* Mwari mukuru ivai netsitsi-i yeukai vatendi va-ka-fa muvazarurire-e – zarurire denga denga renyu-u

## 487

**Muranda Asiri Iye Muridzi** – *B. Chimoyo*

*M: S/A* Muranda asiri iye muridzi we hwai anotiza makwai……
Ishe Jesu ndivo mufudzi akanaka anofira hwai dzake…

*V: All* Kana mhumi youya---aaa.

*B* Ishe Jesu anoti

*V:S* Ini ndiri mufudzii, mufudzi wakanaka, ndiri mufudzi wakanaka-a-a mufudzi ane rudo.

*A* Ini ndiri mufudzii, mufudzi wakanaka, ndiri mufudzi wakanaka ndini mufudzi ane rudoo.

*B* Ndiri mufudzi wakanaka, ndiri mufudzi ane rudo, ndini wakanaka, mufudzi ane rudo

*T* Ndiri mufudzi, mufudzi wakanaka mufudzi, mufudzi, ane rudoo

*Chorus 1:*

*T:* Kana ndingashevedza makwai angu anonditevera ini, anonditevera

*S/ A* --- Makwai angu inini anonzwa izwi rangu, makwai angu-u, anonzwa izwi rangu

*B* --- Makwai angu inii anonzwa izwi rangu, anonzwa izwi rangu, makwai angu inii

*Chorus 2:*

*S* Hakuchina munhu achamabvuta, mumaoko angu mumaoko angu naBaba

*A* Hakuchina munhu achamabvuta, mumaoko angu naBaba

*T* --- Hakuchina munhu achamabvuta, mumaoko angu, naBaba

*B* --- Hakuchina munhu achamabvuta, mumaooko angu, naBaba

*Madetembo:*

1.Baba vakandipa makwai aya ndivo vakuru-u vakurukuru kupinda vose

2.Ndakauya kuti ndidzipe hupenyu hupenyu husingaperii, hupenyu hwakanakaa, husingaperii

3.Ndine dzimwe hwai dzisiri mudanga rino, ndinoda kuti dzigonzwawo i-izwi ranguu hwai dzanguu

# 488

**Muri Kwose Kwose Mambo** – *V.M. Nyapokoto*

*M:* Muri kwose kwose Mambo

*V: S/A* Ndinofara kwazvo-o pamusana pokuti --- muri kwose kwose

*B* --- Ndinofara kwazvo-o --- pokuti imi Mambo-o muri kwose kwose

*Madetembo:*

1.Ndinogona kukuwanai kwose kwandinenge ndiri, munenge muneni muchindichengeta

2.Munogara pedyo neni kuti mundibatsire, imi Mwari wangu, Mambo wangu

3.Munhu anokudai nomwoyo wose, anokuwanai kwose kwaanoenda

4.Hapana munhu anogona kuzviparadzanisa nemi, nokuti munhu pachake akabatwa noruoko rwenyu

*Chorus:*

*S/A* Zvino chindipai mwoyo unokutyai, unoda kukuitirai mbiri yenyu yokudenga

*B* --- Zvino chindipai --- unokutyai --- unoda kukuitirai yokudenga

# 489

**Musande Mikaeri** – *J. Mapfumo*

*M:* Musande Mikaeri
*V: S/A* Mutirwire muhondo, mutidzivirire uipi nezviteyo zvadhiyabhore.
Tinokumbirisa tichikotama kuti Mwari amurambidze kutifurira.
*B* Mutirwire muhondo, mutidzivirire uipi nezviteyo zvadhiyabhore.
Tinokumbirisa tinokumbirisa tichikotama --- Mwari amurambidze kutifurira.

*Madetembo:*

1.Nemiwo ishe wepfumo redenga, muchibatsira nesimba raMwari.
2.Rigirai kumoto muzhinji satani nemimwe mweya yakaipa
3.Mweya yakaipa inofamba-famba pasi, ichirasisa mweya yavanhu.

*Chorus :*

*S/A* Tinokumbirisa tichikotama kuti Mwari amurambidze kutifurira.
*B* Tinokumbirisa tichikotama --- Mwari amurambidze kutifurira.

# 490

**Musande Musande** – *C.T. Chinoda*

*M:* Musande musande
Musande
*V: All* Mambo Mwari wamasimba ose
*M:* Denga napasi
*V: All* Zvizere nembiri yenyu
*M:* Ngaarumbidzwe
*V: All* Ngaarumbidzwe Mambo ari-i kumusoro kumusorosoro
*M:* Ngaakudziwe
*V: All* Samutumwa wamambo ngaakudzwe
*M:* Ngaarumbidzwe
*V: All* Ngaarumbidzwe Mambo ari-i kumusoro kumusorosoro

# 491

**Musande Musande** – *Fr E.Ribeiro*

*M: S/A* Musande Musande Musande Musande
*T/B* Musande musande Mambo Mwari musande
*All* Denga napasi zvizere nembiri yenyu
*S/A* Ngaarumbidzwe ari kumusoro x2 ngaarumbidzwe
*T/B* Ngaarumbidzwe ari kumusoro x2
*S/A/T* Ngaakudziwe iye Mambo ngakudziwe ngakudziwe ngakudziwe Mambo
*B* Mambo anouya x6
*S/A* Ngaarumbidzwe ari kumusoro ngaarumbidzwe kudenga ngaarumbidzwe ngaarumbidzwe kudenga
*A/T* Ngaarumbidzwe x2ngarumbidzwe kudenga x2 ngarumbidzwe x2

ngarumbidzwe kudenga

*B* Ngarumbidzwe ngaarumbidzwe kudenga ngaarumbidzwe ari kumusoro ngaarumbidzwe ngarumbidzwe kudenga

## 492

**Musande Musande** – *S.M. Ponde*

*M:* Musande musande musaandee musande x2
*V: S* Musande musande musande x2
*B* Musande musande x2
*M:* Musande
*V: S* Musande musande musande x2
*B* Musande musande x2

*M:* Mambo Mwari samasimba
*V: All* Denga napasi zvizere nembiri yenyu ngaarumbidzwe

*M:* Ari kumusoro x2
*V: S/B* Ari kumusooro ari kumusooro ari kumusorosoro x2
*T* Ari kumusoro ari kumusoro ari kumusoro ari kumusorosoro x2

*M:* Ngaakudziwe x2
*V: All* Ngaakudziwe iye anouya muzita raMambo ngaarumbidzwe

## 493

**Musi Wepasika Wauya** – *I. Chabata*

*M: S/A* Musi wepasika wauya
*V: S/A* Vangere vanofara nhasi, Yesu wamuka namasimba ake ose – ngatifare navangere musi wePasika wauya.
*B* --- Vangere vanofara nhasi – Yesu wamuka Yesu wamuka ngatifare musi wePasika wauya

*Madetembo:*

1.Vangere zvino vasvika vazarura guva rake. Ngatiimbire Mambo
2.Yesu achiraramazve azobuda achifara. Ngatiimbire Mambo
3.Akunda urwere akapona. Ngatiimbire Mambo

*Chorus:*

*All* Wapedza vasemi vake wakunda rufu norutadzo – nadhiabori – navaipi vachipenga

# 494

**Musi Wepasika Wauya** – *J. Makaure*

*M:* Musi wepasika wauya

*V: All* Musi wepasikaa wauya wauya musi wepasika vangere vanofara

*Madetembo:*

1.Yesu watomuka nhasi namasimba ake ose

2.Vangere zvino vasvika vazarura guva rake

3.Yesu achiraramazve wazobuda achifara

*Chorus:*

*All* Tiimbire Mambo wedu Mambo wapedza vasemi vake rufu rutadzo dhiyabhori navaipi vachipenga

# 495

**Musi Wepasika Wauya** – *M. Mandava*

*M:* Musi wepasika wauya

*V: S/A* Vangere vanofara-a Yesu wamuka nhasi namasimba ake ose

*B* Wauya nhasi – vanofara-ha musi wepasika namasimba ake ose

*Madetembo:*

1.Vangere zvino vasvika vazarura guva rake

2.Yesu achiraramazve wazobuda achifara

*Chorus:*

*S/A* Tiimbire Mambo wedu wapedza vasemi vake rutadzo diabori navaipi vachipenga

*B* Tiimbire Mambo wedu vasemi vake rufu diabori navaipi vachipenga

# 496

**Musoro Wakatsvuka** – *F.K. Mukanyi*

*M:* Musoro-ho, musoro wakatsvuka
Musoro wakatsvuka

*V: S/A* Musoro wakatsvuka neropa – musoro wakatsvuka maronda – wakagadzwa nendaza yeminzwa

*B* Musoro wakatsvuka neropa – wakatsvuka-ha maronda wakagadzwa nendaza yeminzwa

*Madetembo:*

1.Ropa rose rabuda pamuviri wose unorwadziwa kwazvo pam’sana pavanhu

2.Runako rwakapera namaronda chete munogara pamuti saishe wembavha

3.O’mwana mumwe chete waMwari mukuru munozvidzwa navanhu munonyombwa navo

4.Ari pameso chido chinotitarisa – muromo wonamata --- Baba varegerere

*Chorus:*

*S/A* Musoro wakarwadziwa-a, womwana waMwari, wandiri kukwazisa-a, nemisodzi nemisodzi yangu

*B* Musoro wakarwadziwa-a, womwana waMwarihi, wandiri kukwazisa-a, nemisodzi misodzi yangu

## 497

**Musoro Wakatsvuka Neropa** – *F. Shamwari*

*M:* Musoro wakatsvuka neropa

*V: S/A* Musoro wakatsvuka neropa maronda, musoro wakagadzwa nendaza yeminzwa

*B* --- Wakatsvuka maronda musoro wemwana waMwari nendaza yeminzwa

*Madetembo:*

1.Wandiri kukwazisa-a nemisodzi yangu

2.Munogara pamuti saishe wembavha

*Chorus:*

*S/A* Ndiregerereiwo kutadza kwangu kwose ndiregerereiwo

*B* --- Kutadza kwangu kwose Baba ndiregerereiwo

## 498

**Musoro WeKirike Mambo Yesu** – *S. Mushete*

*Part 1:*

*M* Musoro weKirike Mambo Yesu Kristo
Muvambi weKirike Mambo Yesu Kristo

*V:S/A* Tinokumbira kwamuri Mambo kuti mumire padivi romufudzi wedu-u Sekuru … sokuda kwenyu avhenekerwe nokusimbiswawo nemi

B Tinokumbira kwamuri Mambo mumire padivi romufudzi --- Sekuru … sokuda kwenyu avhenekerwe nokusimbiswa nemi Mambo

T Tinokumbira kwamuri Mwari Mambo tinokumbira kwamuri mumire padivi pake avhenekerwe avhenekerwe nemi

*Part 2:*

*Chorus:*

*M* Mwari tinovatenda

*S/A/T* Tinovatenda pamusoro pamakomborero avakatipa mudunhu redu kubva paravambwaa takapiwa chipo chavaPristi navapikiri vanoshanda mubindu ravo

*B* Tinovatenda Mwari --- pamakomborero ayo avakatipa mudunhu redu kubva paravambwa takapiwa chipo chavaPristi navapikiri vanoshanda mubindu ravo

*Madetembo:*

1.Asi chipo chikuru ndecho muBhishopi mufudzi achafudza hwai dzavo

2.MuBhishopi achagadza vaPristi achasimbisa nokutungamira pamuteuro wemisa

*Part 3:*

*Madetembo:*
1.Mwari Baba imi munamasimba ose ipai muranda wenyu uyu (Zita) gomborero renyu
2.Imi moga munoita zvishamiso zvikuru ipai muranda wenyu uyu (Zita), gomborero renyu
3.Neboka rake rose ipa muranda wenyu uyu (Zita), gomborero renyu
4.Akufadzei nezvechokwadi atitungamirire tose kumufaro isingaperi
*Chorus:*
*S/A* --- Gomborero pamusoro pakee naisai Mambo naisai gomborero x2
*B* Naisai gomborero naisai Mambo naisai Mambo naisai gomborero
*T* Naisai gomborero naisai Mambo pamusoro pake

# 499

**Muti Wakanaka** – *C. Maturure*
*M: S/A* Muti wakanaka
*V: All* Unobereka michero yakanakaa, muti wakaipa unobereka michero yakaipa, vanhu vanoziva muti nokuda kwemichero yaunobereka
*Madetembo:*
1.Munhu akanaka anotaura zvinhu zvakanaka zvinobva mupfungwa dzake dzakanaka – zvino ndinoti kwamuri …
2.Munhu akaipa anotaura zvinhu zvakaipaha zvinobva mupfungwa dzake dzakaipa – zvino ndinoti kwamuri …
*Chorus:*
*All* Imi vana venyoka mungagona seiko kutaura zvinhu zvakanaka, imi muri vanhu vakaipa

# 500

**Mutireverere Maria** – *Sr Elizabeth T. Ngun'u (SJI)*
*M: S/A* Mutiverere Maria, amai vedu
*V: S/A* Maria amai vedu-u, mutireverere Maria
Amai vedu, mutireverere Maria, amai vedu
*B* Amai vedu-u, Maria amai vedu,
Mutirevererewo, amai vedu
*Madetembo:*
1.Chitererai vana venyu, Maria amai vedu
2.Mwoyo unobhururuka, kunemi uchienda, Maria amai vedu
3.Kumusoro kwenyenyedzi, dziri kure kure-e Maria amai vedu
4.Mutibatsire taneta, hatina-a simba hedu, Maria amai vedu
5.Imi munotisimbisa, tingasvike denga, Maria amai vedu
6.Tingamude Yesu Kristo, tifunde zvenduramo, Maria amai vedu

*Chorus:*
*S/A* Mutireverere Maria, amai vedu
*B* Mutirevererewo amai vedu

## 501

**Mutsvene Mweya WaMwari** – *E.H. Manjamkosi*
*M* Mutsvene mweya waMwari
*V: S* Mweya waMwari munovandudza-a
Mweya waMwari munovandudza
Mumwoyo yedu muchavandudza zvose
*A/B* Mweya waMwarii munovandudza
Munovandudza zvose mumwoyo yedu
Muchavandudza zvose
*Madetembo:*
1.Mwari simukai muparadze vavengi venyu, vanokuvengai ngavatize pamberi penyu
2.Vakarurama ngavafare, vagofara kwazvo pamberi penyu
3.Imbirai Mwari ndiye simba redu, pururudzirai Mambo wedu
4.Akatigutsa nezviyo zvakanaka, nouchi hunobva padombo
5.Mweya waMwari muchavandudza chiso chenyika, mugotungidza moto worudo mukati medu
*Chorus:*
*All* Mweya mutsvene watakapiwa muchavandudza zvoose

## 502

**Mutsvene Tirumbidze Zita Rake** – *C. Chawasarira*
*M: B* Mutsvene tirumbidze zita rake ndiye mutsvene
*S* Zita rake guru ndiye mutsvenee – zita rake guru ndiye mutsvenee
*A* Mutsvenee tirumbidze mutsvenee – ndiye mutsvene
*Madetembo:*
1.Hakuna mutsvene wakafanana naMwarii hakuna mumwe kunze kwenyuu
2.Kudzai Mwari Ishe wedu ndiye mutsveneee namatai mumba make ndiye mutsveneeee

## 503

**Mutumwa WaMwari Akati Kuna Maria** – *Sr Lioba Gana (LCBL)*
*M: S/A* Mutumwa waMwari akati kuna Maria
*V: S/A* Kwaziwai sakunatswa, nezvipo zvomwoyochena wenyu Tenzi anemi.
Maria pakunzwa shoko iri akatya nazvo, asi mutumwa waMwari akati usatya hako Maria-a Tenzi anewe. Uchapona mwana mukomana ugomutumidza zita rokuti Jesu, iye achakudzwa zvikuru-kuru.

*B* --- Sakunatswa, nezvipo zvomwoyochena wenyu Tenzi anemi. Pakunzwa shoko iri akatya nazvo, mutumwa waMwari akati usatya hako Maria-a Tenzi anewe. Mwana mukomana ugomutumidza zita-a rokuti Jesu --- achakudzwa zvikuru-kuru.

*Madetembo:*

1.Tenzi Mwari achamupa chigaro chatateguru vake David.
2.Nokuti iye achatonga pachigaro chemba yaJakobo narini.
3.Ini ndichiri mhandara zvinhu izvi zvingaitike seiko?
4.Mweya anoera achagara pauri.
5.Ipapo simba raMwari richava newe.

## 504

**Mutumwa WaTenzi Akauya Kuvafudzi** – *F.S. Munangwa*

*M* Mutumwa waTenzi akauya kuvafudzi

*V: S/A* -- Ndauya nemashoko akanaka mashoko anokufadzai, muguta raDhavhiti mazvarirwa muponesi wavanhu vose

*B* Akati kwavari --- nemashoko akanaka anofadza anokufadzai imi --- raDhavhiti --- nhasi muponesi wavanhu vose

*Madetembo:*

1.Muchamuziva iye nechimwe chiratidzo chake
2.Vafudzi vakaenda kuBeterehema vakandoona mwana mucheche, Maria naYosefe
3.Vatumwa vose vakaimba rugare rugare pasi pano

*Chorus:*

*S/A* Muchaona mwana ari muchidyiro chemombe ndiye Kristo wazvarwa nhasi

*B* --- Mwana ari muchidyiro chemombe Kristo Kristo wazvarwa nhasi

## 505

**Mutungamirireiwo Yesu** – *Pius J. Mubako*

*M:* Mutungamirireiwo Yesu

*V: All* Kuna Baba venyu kudenga, nzira yoko haaizivi, asinemi haakusviki

*Madetembo:*

1.Andoona uso hwaBaba, hunopenya nokuvaima
2.Nokubwinya kunoyevedza
3.Andoona kwavanogara, vakafa vachirondorodza, zvavakarairidzwa naMambo
4.Andoona vose vose, vakaenda pamberi pake, andofara navo narini

## 506

**Mutungamirireiwo Yesu** – *Fr E.Ribeiro*

*M: S* Mutungamirirewo Yesu andoona andoona uso hwaBaba andoona uso hwaBaba

*A/T* Mutungamiririrewo Yesu andoona uso hwaBaba andoona uso hwaBaba hunobwinya nokuyevedza

*B* Ando-ona huso hwaBaba hunobwinya nokuyevedza andoona huso hwaBaba andoona uso hunobwinya nokuyevedza

*Madetembo:*

1.Mutungamiririrewo Yeso andoona kwavanogara

2.Mutungamiririrewo Yeso nzira yoko haaizivi

3.Mutungamiriewo Yeso andoona uso hwaBaba

4.Mutungamiririrewo Yeso kumabiko enyu edenga

*Chorus:*

*S* Mununure Mambo mununure x2 mununure Mambo mununureiwo

*A/B/T* Mambo mununure mununure Mambo mununure Mambo mununureiwo

## 507

**Mutungamiririreiwo Yesu** – *R. Mandigo*

*M* Mutungamiririreiwo Yesu mutungamiririreiwo

*V: S* Mutungamiririreiwo Yeesu kuna Baba kudeenga nzira yoko haaizivi

*A* Mutungamiririreiwo Yeesu kuna Baba venyu kudeengaa nzira yoko haaizivi

*B* --- Miriireiwo Yeesu kuna Baba venyu kudeenga nzira yoko haaizivi

*Madetembo:*

1.Mutungamiririreiwo Yesu andoona huso hwaBaba

2.Hunopenya nokuvaima nokubwinya kunoyevedza

3.Mutungamiririreiwo Yesu andoona kwavanogara

4.Vakafa vachirondorodza zvavakaraidzwa naMambo

*Chorus:*

*S/A* Nzira yoko haaizivi, asineemi haakusviki

*B* Nzira yoko haizivi --- haakusviki

## 508

**Muvape Rugare Mambo** – *H.M. Gambiza*

*M:* Muvape rugare Mambo

*V: All* Rusingaperi nezuva risingagumi ripenye kwavari

*Madetembo:*

1.Imi Mambo

2.Munofanira kurumbidzwa

3.Munofanira kuitirwa mhiko

4.Inzwai munamato wedu

5.Vanhu vose vanozodzokera kunemi

6.Mwari ngaatinzwire tsitsi

7.Ativhenekere nechiso chake

8.Nzira yake izivikanwe pasi

9.Ruponeso rwake pakati pendudzi dzose

*Chorus:*
*All* Muvape rugare-ee muvape rugare rugare muvape rugare rusingaperi

## 509

**Muve Netsitsi Mambo** – *R. Chaleka*
*M: S/A* Muve netsitsi Mambo
*V: S/A* Mambo muve netsitsi, muve netsitsi Mambo, muve netsitsi (x2)
*B* Mambo muve netsitsi-hi, muve netsitsi Mambo --- tsitsi-hi…

*M: S/A* Muve netsitsi Kristo
*V: S/A* Kristo muve netsitsi, muve netsitsi Kristo, muve netsitsi (x2)
*B* Kristo muve netsitsi-hi, muve netsitsi Kristo --- tsitsi-hi…

*M: S/A* Muve netsitsi Mambo
*V: S/A* Mambo muve netsitsi, muve netsitsi Mambo, muve netsitsi (x2)
*B* Mambo muve netsitsi-hi, muve netsitsi Mambo --- tsitsi-hi…

## 510

**Muwani Wouya** – *J. Makaure*
*M:* Muwani wouya budai mumuchingamidze
*V: S/A* Wouya muwani wouya mumuchingamidze muwani wouya budai mumuchingamidze
*B* Wouya muwani wouya muwani mumuchingamidze muwani wouya budai mumuchingamidze
*Madetembo:*
1.Vane ropa rakanaka avo vane nzira yakarurama, vanofamba mumurau waMwari
2.Vanomutsvaga nomwoyo wose havaiti chinhu chisina kururama
3.Mweya wangu unopanga kuponeswa kwenyu asi ndinotarira shoko renyu
4.Meso angu apera nokutsvaga shoko renyu shoko renyu rakarurama
5.Itirai muranda wenyu nounyoro hwenyu mundidzidzise mitemo yenyu
6.Ndinoda mirayiro yenyu kupfuura ndarama zvokwadi, kupfuura ndarama yakaisvonaka
7.Rurimi rwangu ngaruimbe shoko renyu nokuti mirairo yose yakarurama
8.Ruoko rwenyu ngarundibatsire nokuti ndakatsanangura zvirevo zvenyu
*Chorus:*
*All* Mwoyo wangu ngaururamise pamitemo yenyu Mambo kuti ndirege kukundwa

## 511

**Muwani Wouya** – *J.K. Dzingai*
*M:* Muwani wouya

*V: S/A* Vane ropa rakanaka muwani wouya, budai muwani wouya mumuchingamidze muwani wouya

*B/T* Muwani budai mumuchingamidze muwani wouya, mumuchingamidze muwani wouya

*Madetembo:*

1. Vanomutsvaga nomwoyo wose havaiti chinhu chisina kururama
2. Mweya wangu unopanga kuponeswa kwenyu asi ndinotarira shoko renyu
3. Meso angu apera nokutsvaga shoko renyu neshoko renyu rakarurama
4. Itirai muranda wenyu nounyoro hwenyu mundidzidzise mitemo yenyu
5. Ndinoda mirayiro yenyu kupfuura ndarama zvokwadi, kupfuura ndarama yakaisvonaka
6. Rurimi rwangu ngaruimbe shoko renyu nokuti mirairo yose yakarurama
7. Ruoko rwenyu ngarundibatsire nokuti ndakatsanangura zvirevo zvenyu

# 512

**Muzere Netsitsi Anna Musande** – *P.G.N Makuyana*

*M:* Muzere netsitsi Anna Musande

*V: S/A* Muzere netsitsi norudo-o, pamberi penyu ndinouya nenhamo dzangu ndichikumbira kureveree-rwa kurevererwa kwakasimba

*B* --- Muzere netsitsi noru-udo, pamberi penyu ndinouya nenhamo dzangu ndichikumbira kurevere-erwa kurevererwa kwakasimba

*Madetembo:*

1. Muzere netsitsi norudo kuna vanotambura navanokutetererai
2. Nomutsa wenyu ongororaiwo matambudziko andinawo
3. Mapirei kumwanasikana wenyu Maria mutsvene akakomborerwa
4. Maisei pamberi pendaza yaJesu
5. Akati “Uyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa nemitoro yenyu ndichakuzorodzai”
6. Regai kuneta kundireverera kusvikira chichemo changu chanzwika
7. Ndichazorumbidza Mwari-i pamusana porudo norunako rwake nokusingaperi

*Chorus:*

*S/A* Makakomborerwa, makakomborerwa tireverereiwo musande kunaJesu Kristo

*B* Anna Musande tireverereiwo Musa---nde kuna Jesu Kristo

# 513

**Mvura Yechitubu** – *P. Masamba*

*M:* Mvura yechitubu

*V: All* Mvura yechitubu inoti tonho ichipedza nyota, mvura yechitubu inopedza nyota yomuviri chete

*Part 1: Madetembo:*

1. Mambo ndimi chitubu chezvikomborero zvose-e

2.Ndimi chitubu chezvikomborero zvose-e kudaro nyota yomweya wangu Mambo inopedzwa nemi chete

*Chorus:*

*S/A* Kuda kufunga nokurangarira kwangu kose kunofanira kunanga imi mo-oga zvikuru ndichirongedzera kukugamuchirai

*B* --- Kuda – nokurangarira kwangu kose kunofanira kunanga i-mi zvikuru ndichirongedzera – gamuchirai

*Part 2: Madetembo:*

1. Ini pachangu hapana chandingagona kuita asi ndichibatsirwa nemi-i-i Mambo hapana chandingatadza
2. Moyo wangu ungazopisa-a uchisuwira imi-i-i mumisi yose yorupenyu rwangu

*Chorus:*

*S/A* Vesai Mambo vesai moto-o vesai Mambo vesai moto wechido-o-o mumoyo mangu

*B* --- Mambo vesai moto Mambo vesai Mambo vesai-i-i mumoyo mangu

# 514

**Mwana Wenyu Ngaagarike** – *J.L. Kaseke Chaleka*

*M: S/A* Mwana wenyu ngaagarike

*V: S/A* Mupeiwo rugare-e rusina mugumo-o chiedza chisande chimuvhenekere.

*B* Mwana wenyu rugare rusina mugumo-o chiedza chisande chimuvhenekere

*Madetembo:*

1.Musamutonge, Mambo, musamurangewo

2.Chimuregererai, mhaka dzake dzose dzose

3.Kutambudzika kwose, ngakumuperere

4.Nhamo dzimuperere, afare kudenga

*Chorus:*

*S/A* Kristo wakamufira, wakamununura, neropa rake sande, ngaamupinze, denga

*B* --- Wakamufira, wakamununura, neropa rake sande, ngaamupinze, denga

# 515

**Mwana Wenyu Uyu** – *W.S. Chirove*

*M: S* Mwana Wenyu Uyu

*V: All* Munzwireiwo tsitsi Mamboo mumutore mugare naye muregereiwo zvitema zvake mwana ndowenyu uyu Mambo, mupeiwo rugare rwenyu

*Madetembo:*

1.Mambo tambirai mwana wenyu

2. Mugare naye misi yose

3.Ngaasvike kwamunogara Mambo

4. Kuhupenyu husingaperi

5.Kanganwai zvitema zvake

6. Achifara nemi narini

7.Mupeiwo rugare rwenyu
8. Chiedza chimuvhenekere
9.Kristo imi makamufira
10. Muchingurei nhasi uno

*Chorus:*

*All* Muregereiwo-o zvitema zvake-e, muregereiwo-o musamukande kwakadaro

# 516

**Mwanakomana Achauya** – *C. Ndudzo*

*M: S/A* Mwanakomana acha-uya

*V: All* Kana mwanakomana wemunhu achiuya, ari mumakore achiuya, namasimba makuru nembiri, mwanakomana achauya

*Refrain:*

*All* Ipapo achatuma vatumwa vake, kuti vaunganidze vasarudzwi vose kumativi mana ose enyika --- nembiri huru, mwanakomana achauya

*Madetembo:*

1.Kana kutambudzika kwapfuura
2.Zuva richaora, mwedzi hauzombovhenekizve
3.Kudenga kuchadengendeka nyenyedzi dzichawira pasi

*Chorus:*

*B* Mwanakomana wemunhu achiuya --- mumakore achiuya --- namasimba makuru, nembiri --- huru, achauya

*S/A* Achatuma vatumwa vake vaunganidze vasarudzwi vose, kumativi mana ose enyika, nembiri huru achauya

# 517

**Mwanakomana WaDavid** – *C. Chawasarira*

*M:* Mwanakomana waDavid

*V: S/A* Samutumwa waMambo hosana, ngaarumbidzwe hosana Nyamatengatenga

*B* Hosana – hosanna Nyamatengatenga

*Madetembo:*

1.Uchirai imi vanhu vose, pururudzirai Mwari nenzwi romufaro
2.Nokuti Mwari wokumusorosoro anotyisa, ndiye Mambo mukuru wenyika yose
3.Ndiye anokundisa ndudzi dzavanhu, anodziisa pasi petsoka dzake
4.Ndiye anotigovera nhaka yedu, inova fuma yavanhu vaanoda
5.Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza, dzishaurei nemwoyo inofara
6.Nokuti Mwari ndiye Mambo wapasi pose, muimbirei mupembererei muchifara
7.Mwari anotonga vasiri veboka rake, Mwari agere pachigaro chake choumambo
8.Vatongi vose vari pasi paMwari, anova ndiye mutongi wavo vose

## 518

**Mwanangu Kana Uri Anozvipira** – *P. Chakawa*

*M:* Mwanangu kana uri anozvipira
Uri anozvipira

*V: S/A* Kana uchida kuitira Mwari basa fanoziva kuti uchayedzwa ita kuti moyo wako uve kwa-awo ngaurege kukurumidzira zvinhu kana zvaipa

*B* Kana uchida-ha kuitira Mwari ba-asa fanoziva kuti uchayedzwa ita kuti moyo wako uve kwawo ngaurege kukurumidzira zvinhu kana zvaipa

*Madetembo:*

1.Gamuchira chiri chose chinenge chauya kwauri
2.Ndiani akambochema kwaari akapiwa gotsi
3.Ndiani akambovimba naMwari-hi akazonyadziswa-a
4.Imi munotya Mwari musatsauke munzira
5.Imi munotya Mwari ivai nechitarisiro chezvakanaka

*Chorus:*

*All* Mwari anonzwira urombo nengoni anoregerera vanhu zvavakamutadzira

## 519

**Mwari Akamuda** – *D. Zavazava*

*M* Mwari Akamuda

*V: All* Akamufukidzawo --- nenguwo yembiri e Alleluya

*Madetembo:*

1.Ndichayeuchidza zita renyu vanhu vose, naizvozvo marudzi avanhu achakutendai narini
2.Makada kururama makavenga kusarurama vanhu vose vanokumbira ngoni dzenyu

## 520

**Mwari Akamuda** – *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*

*M:* Mwari akamuda
Mwari akamufukidza

*V: All* Mwari akamufukidza nenguwo yembiri, Mwari akamuda-a akamufukidza nenguwo yembiri

*Madetembo:*

1.Ndichayeuchidza zita renyu vanhu vose
2.Naizvozvo marudzi avanhu achakutendai narini
3.Fambai noumambo hwenyu muchikunda
4.Ruoko rwenyu rwunodzidzisa zvinotyisa
5.Makada kururama mukavenga kusarurama
6.Vanhu vose vanokumbira ngoni dzenyu

*Chorus:*

*All* Akamufukidza nenguwo yembiri

## 521

**Mwari Akanaka Tendai Mwari** – *I.N. Chabata*

*M: S/A* Mwari akanaka, tendai Mwari

*V: S/A* Mwari Tenzi akanaka, rudo rwake runoramba ruripo nariini, ndakadaidzira kwaari mukutambudzika kwangu, akandinzwa akandinunura, tendai Mwari, rudo rwake ruripo nariini.

*B* Mwari akanaka Mwari akanaka Mwari akanaka ndakadaidzira kwaari akandinzwa Mwari akanaka rudo rwake ruripo nariini

*Madetembo:*

1.Mwari ari parutivi rwangu hapana chandinotya

2.Ko munhu angandiiteiko Mwari ari parutivi rwangu

3.Mwari anondibatsira nokuti ari parutivi rwangu

4.Vanhu vose imbai muchiti Mwari akanaka

5.Ndichaona kukundwa kwadhiyabhori

*Chorus:*

*S/A* Zviri nani kutizira kuna Mwari pane kuvimba navanhu, Mwari akanaka rudo rwake ruripo nariini.

*B* --- Kutizira kuna Mwari kuna Mwari, pane kuvimba navanhu --- rudo rwake ruripo nariini

## 522

**Mwari Akatuma Dama** – *Sr Redempta*

*M* Mwari akatuma

*V: S* Dama rinouyiswa naYesu Kristo Mwari akatuma akatuma dama rorugare

*B* Akatuma akatuma dama rorugare-e dama rakanaka dama rorugare

*Madetembo:*

1.Ndipindureiwo kana ndichidana kwamuri Mwari mururamisi wangu ndakati ndamanikidzwa makandidzivirira

2.Mwari ndiitireiwo tsitsi nokunzwa munamato wangu

3.Nhai vanhu mwoyo yenyu ichaomarara kusvikira rini muchada zvisina maturo nokukwasha zvenhema kudzamara rini

## 523

**Mwari Akatuma Dama Rakanaka** – *V.T. Mukweva*

*M:* Mwari akatuma dama rakanaka

*V: All* Rorugare dama rakanaka, kana monzwa inzwi rake musazoomesa mwoyo yenyu, musazowomesa mwoyo yenyu

*Madetembo:*

1.Ndipindureiwo kana ndichidana kwamuri Mwari mururamisi wangu

2.Ndakati ndamanikidzwa makandidzivirira
3.Mwari ndiitireiwo tsitsi nokunzwa munamato wangu
4.Nhai vanhu mwoyo yenyu ichaomarara kusvikira rini muchada zvisina maturo nokukwasha zvenhema kudzamara rini

# 524

**Mwari Akazarura Denga** – *J. Makaure*

*M:* Mwari akazarura denga
*V: All* Akazarura mvura yoruponeso yakanaka Alleluya yakanaka
*Madetembo:*
1.Komborerai mupiro wedu
2.Tinogadzirira zvipo, kuti zita renyu rikudzwe
3.Simbisai Mwari izvo zvamakatiitira, madzimambo achakuvigirai zvipo
4.Musatidzinga pamberi pechiso chenyu makatizora mafuta matsvene
5.Musabvisa munesu mweya wenyu, kuti titeurire kunemi
6.Mwari anosvinudza meso amapofu, Mwari anosimbisa vanomukotamira
*Chorus:*
*S/A* Mwarii mururamisi uyai Mwari wesimba rose
*B* Mwarii mururamisi uyai wesimba rose

# 525

**Mwari Akazarura Denga** – *M. Mandava*

*M:* Mwari akazarura denga
Akazarura denga
*V: S/A* Mvura yoruponeso Alleluya akazarura denga
*B* --- Yoruponeso yakanaka Mwari --- denga
*Madetembo:*
1.Uyai mururamisi Mwari wesimba rose, komborerai mupiro wedu
2.Tinogadzirira zvipo kuti zita renyu rikudzwe
3.Simbisai Mwari izvo zvaakatiitira, madzimambo achakuvigirai zvipo
4.Musatidzinga pamberi pechiso chenyu, makatizora mafuta matsvene
5.Musabvisa munesu mweya wenyu, kuti titeurire kunemi
6.Mwari anosvinudza meso amapofu, Mwari anosimbisa vanomukotamira

# 526

**Mwari Akukomborerei** – *A. Shamu Maurunge*

*M:* Mwari akukomborerei, Mwari akukomborerei
*V: All* Mwari akukomborerei, Mwari akukomborerei

*Madetembo:*
1. Zvino imi Mambo
2. Itai kuti vakutunhidzei
3. Nomwoyo wose, nomwoyo wose
4. Vakakomborerwa
5. Vose vanotya Mambo
6. Vanofamba havo
7. Panzira yake
8. Kana ivo Mambo
9. Vasingavaki imba
10. Navavaki vayo
11. Vanovaka pasina
12. Kana ivo Mambo
13. Vasingachengeti musha
14. Navagariri vacho
15. Vanogarira pasina
16. Kana vari vana
17. Inhaka inobva kuna Mwari
18. Chibereko chechizvarwa
19. Ndiwo mubairo waanopa
20. Mambo wedu Yesu
21. Vakukomborerei
22. Maria musande
23. Vakureverérei
24. Navasande vose
25. Vakureverérei

# 527

**Mwari Anoitira Zvakanaka** – *T. Samwoyo*

*M* Mwari anoitira zvakanaka

*Kudavira & Chorus:*

*All* Vane mwoyo yakachena Mwari anoitira zvakanaka vane mwoyo yakachena

*Madetembo: All Parts*

1.Uyai mose munzwe zvaakaitira mweya wangu
2.Ndakachema kwaari nomuromo wangu ndakamurumbidza norurimi rwangu
3.Haana kuramba mukumbiro wangu haana kubvisa tsitsi dzake kwandiri

# 528

**Mwari Anoitira Zvakanaka** – *R.E. Makuvaza*

*M:* Mwari anoitira zvakanaka

*V: All* Mwari anoitira zvakanaka vane mwoyo yakachena Mwari anoitira zvakanakaa

*Madetembo:*

1.Uyai mose mu---nzwe zvaakaitira mweya wangu
2.Haana kuramba mikumbiro yangu haana kubvisa tsitsi dzake kwandiri

*Chorus:*

*All* Ndakachema kwaari nomuromo wangu ndakamurumbidza norurimi rwangu

## 529

**Mwari Anoti** – *D.T. Zavazava*

*M:* Mwari anoti

*V: All* Ndichakudirai mvura tsvene yokukunatsai ndichibvisa kusviba kwenyu kwose ndichakupai mwoyo mutsva

*Madetembo:*

1.Mweya wangu rumbidza Mwari

2.Mukati mangu mose rumbidza zita rake sande

*Chorus:*

*All* Ndichibvisa kusviba kwenyu kwose, ndichakupai mwoyo mutsva

## 530

**Mwari Anoti Mumba Mangu** – *M.J.P.N. Mushuku*

*M:* Mwari anoti

*V: S/A* Mumba mangu muchanzi mokunamatira – muchanzi mumba mokunamatira

*B* Mokunamatira – umu – muchanzi mumba mokunamatira

*Madetembo:*

1.Ani nani anokumbira ari imomo

2.Ari imomo ndiye anopiwa

3.Anotsvaga ndiye anowana

4.Anogogodzwa ndiye anozarurirwa

*Chorus:*

*S/A* Mokunamatira muchanzi mumba mokunamatira

*B* Mokunamatira umu muchanzi mumba mokunamatira

## 531

**Mwari Anoti Mumba Mangu** – *L J. Fifteen*

*M:* Mwari anoti-i

*V: S* Mumba mangu-uh mumba-ah mokunamatira-a Mwari anoti-hi muchanzi mokunamatira

*B* Mumba mangu muchanzi-i mumba mangu mokunamatira
Mwari anoti-hi mumba-a mokunamatira

*Madetembo:*

1.Ani nani anokumbira ari imomo ndiye anopihwa

2.Anotsvaga anowanaha anogogodza ndiye anozarurirwa

3.Uyai tiimbire Mwarii ngatipururudzei dombo roruponeso rwenyu

4.Nzvimbo dzakadzikadzika dzapsi dziri muruoko rwake misoro yamakomo ndeyakewo

*Chorus:*

*S* Nokuti ndiye Mwari wedu ndiye Mwari wedu

Isu tiri vanhu vanofudzwa naye namakwai oruoko rwake
*B* Nokuti Mwari Mwari wedu-uh ndiye Mwari wedu
Isu tiri vanhu vanofudzwa naye-e namakwai oruoko rwake

## 532

**Mwari Aripowo** – *Sr Thomas Nyamakwere (HLMC)*
*M:* Mwari aripowo
*V: All* Pane chido norudoo, ipapo Mwari aripowo, ipapo Mwari aripowo
*Madetembo:*
1.Rudo rwaKristo-o rwakatiita vamwe ngatifarei timupemberere
2.Naizvozvo pose patinoungana ngatiregei kupesana mupfungwa
3.Bopoto nokupesana zvisavepo Kristo Mambo wedu anogara nesu
4.Ngatityei nokuda Mwari mupenyu ngatifaraei zvechokwadi

## 533

**Mwari Baba** – *S. Musasa*
*M: S/A* Mwa-ri Ba-aba
*V: S/A* Ndimi moga munoraira rupenyu norufu ini nhambo yangu handiizivi, ingava yakaita sei asi ndiri wenyu
*B* Ndimi moga munoraira rupenyu Mambo --- nhambo yangu handiizivi --- yakaita sei Mambo ndiri wenyu
*Madetembo:*
1.Ndinokumbira kuregererwa mhosva dzangu dzose
2.Ndibatsireiwo pana zvose zvinorwadza muviri nomweya
3.Ndigopiwa nyaradzo nesimba namabasa ake
*Chorus:*
*S/A* Baba ndinokumikidza mweya wanguu mumaoko enyu
*B* Baba ndinokumikidzaa --- mumaoko enyu

## 534

**Mwari Baba** – *L. Nyatwa*
*M:* Mwari Baba
*V: S/A* Tarirai isu tose sangano rose ravatenderi tarirai isu tose norupfave
*B* Tarirai isu tose tiri pano sangano rose tarirai isu tose norupfave
*Madetembo:*
1.Pinzai vose mumba menyu kuti tive rudzi rukuru rwenyu
2.Nokuti mwanakomana wenyu Yesu akatitenga neropa rake
3.Tinokumbirirawo avo vasati vave neukama nemi
4.Ava vahedheni navatsauki kuti vave rudzi rwenyu

## 535

**Mwari Baba Imi Nyakugara Narini** – *V. Kudumba*

*M: S/A* 1. Mwari Baba imi nyakugara narini Tenzi
2. Muna masimba ose Tenzi

*V: S/A* Dokomboreraiwo mabiko edu Tenzi, mugokomborerawo isu tose, taungana pano nhasi. Titariseiwo kuti parege kuva nebopoto, nemheremhere.

*B* Dokomboreraiwo mabiko edu Tenzi, mugokomborerawo isu, taungana nhasi. Titariseiwo parege kuva nebopoto, nemheremhere.

*Madetembo:*

1.Zvinhu zvose zvakanaka zvinobva kwamuri nokuperera mamuri.
2.Tenzi Jeeesu Kristo tisvitsireiwo izvi kuna Mwari Baba Amen.

*Chorus:*

*S/A* Dokomboreraiwo mabiko edu Tenzi, mugokomborerawo isu tose, taungana pano nhasi.

*B* Dokomboreraiwo mabiko edu Tenzi, mugokomborerawo isu, taungana nhasi.

## 536

**Mwari Baba Makandisika** – *T. Koza*

*M* Mwari Baba makandisika

*V: S/A* Makandisika kuti ndikudei ndigokuitirai Mwari makanaka musina mugumo

*B* Makandisika kuti ndikudei ndigokuitirai nomwoyo wose makanaka musina mugumo

*Madetembo:*

1.Makandipa zvipo zvakawanda makanditumira mwana wenyu
2.Makanditumira mwana wenyu kuzondinunura
3.Asi ini ndakaramba rudo rwenyu
4.Ndakaramba nokuzvidza mitemo yenyu
5.Ndinzwireiwo tsitsi Baba ndiregererei

*Chorus:*

*S/A* Pindutsai moyo wangu ndipupurire chitendero changu

*B* Pindutsai moyo wangu --- chitendero changu

## 537

**Mwari Baba Makatiita Vana Venyu** – *J. Manyepa*

*M: S/A* Mwari Baba makatiita vana venyu
Makatiita vana venyu

*V: S/A* Mwari Baba pabhapatisimo makatiita
Vana venyu – zvino pachisimbiso

Matizadza nomweya wenyu Mambo
Kuti tive vashandiri venyu vatsvene-e

*B* Baba pabhapatisimo-o – vana
Vemhuri yenyu – pachisimbiso matizadza nomweya wenyu Mambo
Tive vashandiri venyu vatsvene-e

*Madetembo:*

1.Zvinotifadza sei kuti nesimba renyu tava vatenderi vanowana kuzvichengeta
2.Tinotenda chose zvinoshamisa zvamakatiitira
3.Zvinotikudza sei kupinzwa mubasa roumambo hwenyu
4.Mweya wenyu unotiudza kuti takashanangurwa nemi-i
5.Sezvatinorarama, zvino namweya ngatifambe tichidzokera kwamuri

*Chorus:*

*S/A* Matizadza nomweya wenyu Mambo
Kuti tive vashandiri venyu vatsvene-e

*B* Matizadza nomweya wenyu Mambo
Tive vashandiri venyu vatsvene-e

## 538

**Mwari Baba Munoziva Zvose** – *S. Takawira*

*M: S/A* Mwari Baba munoziva zvose

*V: S/A* Ndinogona kuvanza zvikanganiso zvangu nezvivi zvangu pamberi pavanhu asi handigoni kuzvivanza-a, kuzvivanza pamberi penyu

*B* Ndinogona kuvanza zvikanganiso zvangu, nezvivi pamberi --- asi handigoni, kuzvivanza kuzvivanza pamberi penyu

*Madetembo:*

1.Ndauya pamberi penyu-u kuzokumbira ruregerero nesimba
2.Simba rokusimuka ndichienda mberi nomutowo wakarurama
3.Ndibatsireiwo kuti ndifambe noutsvene nechokwadi nenduramo
4.Izvi zvinopiwa nemi moga uye zvinogona kuchengetwa nemi moga

*Chorus:*

*All* Inzwai Mambo inzwai munamato wangu
Inzwai Mambo nokuda-a kworudo rwenyu

## 539

**Mwari Baba Mwari Baba** - *H.N. Machacha*

*M: S/A* Mwari Baba Mwari Baba

*V: S/A* Ndimi makadana --- ava vana --- makadana --- kuti vave nhengoo dzechita

*B/T* Vavhenekerei --- vamakadana – kuti vavewo --- nhengo dzechita

*Change Drums:*

*S/A* Ivo --- muwedzere mavari chido, chitarisiro nechitendero --- ivo – ivo vakadavira

*B/T* Vakadavira mavari chido, chitarisiro nechitendero – ivo – ivo vakadavira
*Change Drums:*
*Madetembo:*
1.Kuti vagare vachitevera Dama Rakanaka.
2.Kuti vagare vachiita zvinokufadzai.
3.Kuti vasvike kwamuri kurupenyu rusingaperi.
*Chorus:*
*M: S/A* Chivatumirai Mwe-ya Mutsvene
*V: S/A* Mweya Mutsvene avagonese kuzadzisa chinangwa che-chita – chavo
*B/T* Chivatumirai, chivatumirai, chivatumiraiwo Mweya Mutsvene

# 540

**Mwari Baba Ndibatsireiwo** – *Sr Lioba Gana (LCBL)*
*M: S/A* Mwari Baba ndibatsireiwo
*V: All* Baba ndisimbiseiwo kuti ndikurire zvakaipa zvose – mandiri mune mapangiro akaipa – mapangiro aya anondikwevera kurutadzo – mweya wangu unorwadza chose ndinochemera rubatsiro rwenyu.
*Madetembo:*
1.Mwari Baba kune zvinhu zvandisingagoni kuudza vamwe kunze kwenyu chete.
2.Mundizadze norudo ndiseme rutadzo.
3.Ndinokumbira izvi muzita romwanakomana wenyu Yesu.
4.Kusvika zvino ndakaramba zvakaipa.
*Chorus:*
*All* Ndisimbiseiwo kuti ndikurire zvakaipa zvose.

# 541

**Mwari Baba Ndigonesei Kukunda** – *S. Nyamajenjere*
*M* Mwari Baba ndigonesei
*V:All* Ndigonesei kukunda kuzvikudza kwangu mumwoyo mangu ndinoziva kuti ndinoruta Mwari ndigonesei kukunda kuzvifunga
*Madetembo:*
1.Handitendi vamwe kana ndabatsirwa navo
2.Ndinoda kuti zvinhu zvose ndezvangu
3.Ndinoda kuti vamwe vandibatsire
4.Ndinokumbira kuna vamwe kupfuura zvandinovapa
*Chorus:*
*All* Ndibatsiriewo kuti ndizvininipise uye kuti ndifunge vamwe nokuyamura vamwe

## 542

**Mwari Baba Ndigonesi Kuzvidukupisa** – *F.K. Dzingai*

*Part 1:*

*M: S/A* Mwari Baba ndigonesei kuzvidukupisa

*V:S/A/T* Mwari ndigonesei kukunda -- kuzvifunga --- nokuzvikudza --- kwangu ndinoziva ndinoruta --- ndinoda kuti zvinhu zvose zvinzi ndezvangu

*B* --- Ndigonesei kukunda kuzvifunga kuzvifunga nokuzvikudza --- kwangu ndinoziva --- ndinoruta --- kuti zvinhu zvose --- ndezvangu

*Part 2:*

1.Ndinoda kuti vamwe vandishandire handitendi kana ndabatsirwa navo

2.Ndinokumbira kuna vamwe zvinhu zvizhinji kupfuura zvandinovapa

3.Mundiratidze tsika nechipiyaniso chomwanakomana wenyu Yesu Kristo akazviita muranda wavanhu vose

*S/A* Ndibatsireiwo kuti ndizvininipi-se ndifunge nokuyamura va-a-mwe ndizvo zvandinokumbira kwamuri Mwari Baba

*B/T* Ndibatsireiwo ndizvininipise ndifunge nokuyamura vamwe ndizvo zvandinokumbira Mwari Baba

## 543

**Mwari Baba Ndimi Moga** – *O.D.P. Tagwasha*

*M: S/A* Mwari Baba ndimi moga-a

*V: S/A* Ndimi moga munoraira rupenyu nerufu – asi nhambo dzose ndiri wenyu – Mwari mundiregerere matadzo angu ndibatsirei.

*B* --- Moga Mambo hupenyu norufu – nhambo dzose ndiri wenyu-u mundiregerere matadzo angu ndibatsirei.

*Madetembo:*

1.Baba ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu.

2.Kutambudzwa kwenyu kugondinyaradza Baba mugondipa simba.

3.Mwari ndibatsirei zvinorwadza muviri nomweya wangu

4.Handizivi nhambo yangu ingava duku ingava huru.

*Chorus:*

*All* Itai kuti ndione chpiyaniso chomwanakomana wenyu kusvika panguva inorema yokupedzisira.

## 544

**Mwari Baba Ndinokupfugamirai** – *S. Tarwirei*

*M: S/A* Mwari Baba ndinokupfugamirai

*V: S/A* Ndinokupfugaamirai Mwari kunyange ndisiri chinhu, ndinopfugama, pamberi poukuru hwenyu

*B* Ndinopfugamirai Mwari, kunyange ndisiri chinhu ini ndinopfugama-a poukuru hwenyu

*Madetembo:*

1.Ndinokudai pamwechete no-mwanakomana wenyu Yesu Kristo, ndinokupfugamirai
2.Ndinoisa mweya wangu nezviito zvangu zvose mumaoko enyu, ndinokupfugamirai
3.Mwari Baba, ndinotarisira kwamuri ndinovimba nemi ndinokutendai, ndinokupfugamirai

## 545

**Mwari Baba Ndinokupfugamirai** – *Sr Dolores Nyathi (HLMC)*

*M:* Mwari Baba ndinokupfugamirai
*V: S/A* Ndinokupfugamirai kunyange zvangu ndisiri chinhu, pamberi poukuru hwenyu
*B* --- Pfugamirai zvaangu pamberi poukuru hwenyu
*Madetembo:*
1.Ndinokudai pamwechete nomwanakomana wenyu-u Yesu Kristo
2.Ndinotarisira kwamuri ndinovimba ndinokusuwai ndinokutendai
3.Kuti ndizviite-e sokuda kwenyu Mwari Baba

## 546

**Mwari Baba Tinofara Zvikuru** – *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Mwari Baba tinofara zvikuru tinofara zvikuru pamusana pechitendero
*V: S/A* Baba vedu tinofara zvikuru pamusana pechitendero chedu-u chinotiumba nokutibatanidza semhuri-i imwechete
*B* Baba vedu tinofara zvikuru tinofara chitendero chedu tinofara-a nokutibatanidza semhuri imwechete

*S/A* Tinoziva nokutya kuti undingoveni nokungozvifunga zvingatiparadzanise zvingatiparadzanise, Undingoveni nokungozvifunga zvingatiparadzanise
*B* --- Nokutya kuti undingoveni nokuzvifunga zvingatiparadzanise zvingatiparadzanise
Undingoveni undingoveni nokungozvifunga zvingatiparadzanise

*S/A* Zvino tinokumbira girasiya renyu-u kuti rirambe richisimbaradza
Rambai makatibatanidza norudo runotiita mhuri imwechete
*B* Tinokumbira girasiya renyu kuti rirambe richitisimbaradza rambai makatibatanidza norudo runotiita mhuri imwechete

*S/A* Chibatsiraiwo mhuri yedu kuti igare hupenyu hunowirirana neshoko renyu ratinotendera
*B* Mhuri yedu mhuri yedu-u hupenyu hupenyu-u hunowirirana neshoko renyu shoko renyu ratinotendera
*Chanting:* Kuti tigosvika kwamunogara muchitonga kwemisi ingaperi (x2)

*S/A* A --- men A --- men Amen A --- men
*B* Amen Amen Amen Amen A --- men

# 547

**Mwari Baba Tinokumbira** – *C.T. Mujuru*

*M:* Mwari Baba tinokumbira

*V: All* Komborerai vanyakuchata, muvape rugare rwenyu norudo rwenyu vanyakuchata komborerai vanyakuchata

*Madetembo:*

1.Mwari Mwana tinokumbira, bhenedhikai vanyakuchata
2.Fadzaiwo muchato wavo namagirasiya enyu
3.Mwari Mweya tinokumbira vhenekerai vanyakuchata
4.Chenesai mwoyo yavo ipenye noutsvene

# 548

**Mwari Baba Tinotenda** – *J. Tichapondwa*

*M:* Mwari Baba tinotenda

*V: All* Tinotenda chipo chedunhu re … tinotenda chitenderano chitarisiro rudo, vapikiri navaKristo vakawanda. Tinochema kwamuri nomuzita romwanakomana, tipeiwo samba raMweya Mutsvene amutse mumwoyo yavana vedu, shungu dzokupikira nokuwanana pachiKristo

*Madetembo 1:*

1.Komborerai nokusimbisa mhuri dzose dzavaKristo
2.Komborerai nzanga dzedu dzose navanotungamirira sangano redu rose
3.Komborerai vadzidzisi vechitendero vapikiri navaKristo vose
4.Komborerai mufudzi wedu Mambo muBhishopi wedunhu redu

*Chorus:*

*S/A* --- Tipeiwo tose kuzvipira nemwoyo inoda kuti masangano madiki --- avandudze sangano rose --- tirwise urombo nokudzvinyirirwa kwose

B Tipeiwo tose kuzvipira nemwoyo inoda kuti masangano madiki --- avandudze sangano rose tirwise --- urombo nokudzvinyirirwa kwose

*Madetembo 2:*

1.Kuti tibvise zvakaipa mutsika namagariro edu tinokumbira kuvhenekerwa nemi Mwari
2.Kuti tidzikise chiKristo mutsika namagariro edu tinokumbira kuvhenekerwa nemi Mwari
3.Maria Musande mai vorugare murevereri wedu mutireverere
4.Pauro Musande murevereri wedu mutireverere mutireverere

## 549

**Mwari Baba Tinotendera** – *J. Makaure*

*M:* Mwari Baba tinotendera

*V: S* Tinotendera Mwari Baba vanamasimba ose musiki wedenga napasi.
Tinotendera Mwari Baba

*B:* Tinotendera Mwari Baba vanamasimba ose – wedenga napasi tinotendera
Mwari Baba

*Madetembo:*

1.Tinotendera Yesu Kristo
2.Akatongerwa kutambudzika naPonzio Pirato
3.Akarovererwa pachipiyaniso,akafa, akavigwa, akaenda kuvafi
4.Zuva retatu, akamuka, akakwira kudenga, kwaagere kurudyi rwaMwari Baba
ana masimba ose
5.Achabvako kuzotonga vapenyu navafi

*Chorus:*

*All* Tinotendera Yesu Kristo mwanakomana wake mumwe chete – Mambo
wedu wakazvarwa naMaria Muvirigo – nesimba raMweya Mutsvene

*Madetembo:*

6.Tinotendera Mweya Mutsvene
7.Kirike sande katorike kubatana kwavasande
8.Kuregererwa kwamatadzo, kumuka kwomuviri norupenyu rusingaperi. Amen

*Chorus:*

*All* Mweya Mutsvene Mweya Mutsvene tinotendera Mweya mutsvene

## 550

**Mwari Baba Tinoteterera** – *J. Mutandiko*

*M:* Mwari Baba tinoteterera
Tinoteterera

*S/A* Zaruriraiwo denga mwana wenyu tinoteterera Mambo muzarurireiwo
denga mwana wenyu

*B* Zaruriraiwo denga mwana wenyu uyu --- muzarurireiwo denga
tinoteterera Mambo

*Madetembo:*

1.Kutadza ndokwavanhu Mambo tiri vana venyu tinzwei
2.Tingazive kwaniko mukatiramba Mambo
3.Havangaseki here Mambo mukange matiramwa imi
4.Makatisika ndimi Mambo motongoramba muinesuu

*Chorus:*

*S/A* Tinoteterera Mambo muzarurireiwo denga mwana wenyu

*B* --- Muzarurirewo denga tinoteterera Mambo

## 551

**Mwari Baba Tipeiwo Simba** – *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Mwari Baba tipeiwo simba

*V: All* Mwari Baba tipeiwo simba rokuti tirambe tichifunga rupenyu nokufa nokumuka muvafi kwaMambo wedu Yesu Kristo – nokuti izvi ndizvo zvatinorangarira nguva dzose yatinonamata rusariro rwaamai vedu Maria muvirigo musande

*Madetembo:*

1.Uyezve tinokumbirawo simba rokutevera gwara raMambo kuti tigowana makomborero aakatitsidzira

2.Kristo Mambo wedu tisvitsireiwo izvi kunemi

*Chorus:*

*All* Nokuti izvi ndizvo zvatinorangarira nguva dzose yatinonamata ruasariro rwaamai vedu Maria muvirigo musande

## 552

**Mwari Baba Vedu** – *A. Chamunorwa*

*M:* Mwari Baba vedu

*V: S* Mwari Baba-ha tinoteterera, Baba Mwari wedu tinoteterera zaruriraiwo denga mwana wenyu uyu

*B* Mwari Baba zaruriraiwo denga mwana wenyu uyu – Baba tinoteterera zaruriraiwo denga mwana wenyu uyu

*Madetembo:*

1.Kutadza ndokwevanhu Mambo tiri vana venyu tinzwei, mukati mutiramwe Mambo, nhamo dzingadurikaidzane.

2.Tingazive kwaanikowo mukatirasa Mambo, makatisika ndimi Mambo motongoramba muinesu.

3.Havangaseki here Mambo mukatiramwa imi, nyadzisai vavengi vedu munzwe chichemo chedu Mambo.

4.Ngaachifara mwana wenyu mumuzinda wenyu wedenga, mwana wenyu achizorora, agare achitonhorerwa

## 553

**Mwari Baba Vedu** – *A. Mudhuva*

*M: S/A* Mwari Baba vedu

*V: All* Matiunganidza isu tose, sevana
Venyu, muzita raJesu Kristo mwanakomana-a wenyu.
Tauya nemifaro nenhamo, dzorupenyu rwedu-u.

*Madetembo:*

1.Tipeiwo zvipo zvaMweya Mutsvene, kuti tive neshungu dzokuda kutevera mwanakomana wenyu-u.

2.Kuti tikurumbidzei mumifaro nemumatambudziko.

3.Jesu Kristo tisvitsireiwo munamato wedu uyu kuna Baba.
4.Imi munogara muchitonga pamwe navo naMweya Mutsvene kwemisi isingaperi-i.

*Chorus:*

*S/A* Tinotenda Mweya Mutsvene wamakatitumira, anoshanda matiri, achitiunganidza, kuti tikunamatei, tikukudzei nokunyatsokushandirai-i.

*B* Tinotenda Mweya Mutsvene wamakatitumira, anoshanda, achitiunganidza, tikunamatei, tikukudzei nokunyatsokush

# 554

**Mwari Baba Vedu** – *J.K. Dzingai*

*Part 1:*

*M: S/A* Mwa-ri Ba-ba ve-du.

*V: S/A* Ti-nofara zvikuruu pamusana pechitendero chedu chinotiumba nokutibatanidza semhuri imwe chete.

*T/B:* Tinofara zvikuru pamusana pechitende-ro --- chinotiumba semhuri imwe chete

*Part 2:*

*All* Tinoziva nokutya kuti undingoveni nokungozvifunga zvingatiparadzanise naMwari

*Part3*

*All* Zvino tinokumbira kuti girasiya renyu rirambe richitisimbaradza, rambai makatibatanidza norudo, rodoo runotiita mhuri imwe chete.

*Madetembo:*

1.Tibatsirei mumhuri dzedu.
2.Kuti tigare upenyu hunowirirana.
3.Hunowirirana neshokorenyu.
4.Neshoko renyu ratinotendera.
5.Tigosvika kwamunogara muchitonga.
6.Muchitonga kwemisi isingaperi.

*Chorus:*

*All* Rambai makatibatanidza norudo runotiita mhuri imwe chete.

# 555

**Mwari Baba Vedu** – *J.K. Dzingai*

*M: S/A* Mwari Baba vedu

*V: S/A* Tinotendera kuti hupenyu husingaperi kukuzivai imi moga Mwari --- imi Mwari wechokwadii --- naiye wamakatuma.

*T/B* Tinotendera kuti hupenyu husingaperi kukuzivai imi moga --- Mwari --- wechokwadi naiye --- wamakatuma.

*Part 2:*

*M:* Tibatsireiwo

*Madetembo:*

1.Tibatsirei kuti tizive kuti munesu.

2.Tiiteiwo midziyo yenyu yorugare.

3.Tiiteiwo vateveri venyu saMaria Musande.

4.Itai kuti tizvipire kwamuri.

*Chorus:*

*All* Tibatsire-i kuti tigadzi-rire mhemberero inotiyeuchidza kuzvarwa kwaYesu zviuru zviviri zvamakore apfuura

## 556

**Mwari Baba Vedu** – *R. Tonganai*

*M:* Mwari Baba vedu

*Part 1:*

*V: All* Tinotendera kuti upenyu husingaperi kukuzivai imi moga Mwari wechokwadi pamwe naYesu Kristo wamakatuma

*Part 2:*

*All* Tibatsireiwo kuti tigadzirire tine chitendero tarisiro nechido mhemberero yendangariro iyo inotiyeuchidza kuzvarwa kwaYesu zvuru zviviri zvamakore apfuura

*Detembo:*

1.Tibatsirei kuti tizive kuti munesu

*Part 3:*

*S/A* Tiiteiwo tiiteiwo midziyo yenyu yorugare kuitira kuti togowedzera hova dzinofashama dzichibva kuna Yesu Kristo mukati mamakore ose apfuura uyee kuti imi musevenze zvinoonekwa namatiri pasi rose

*B* Tiitei tiiteiwo midziyoo yenyu yorugare kuitira kuti togowedzera hova dzinofashama dzichibva kuna Yesu Kristo mukati mamakore ose apfuura uyee kuti imi musevenze zvinoonekwa namatiri pasi rose

*Detembo:*

1.Tiiteiwo vateveri venyu saMaria amai vaYesu neveduwo

## 557

**Mwari Baba Vedu Tinokutendai** – *Sr Perpetua Muza (Holy Cross)*

Part 1:

*M:* Mwari Baba vedu tinokutendai

*V: S/A* Tinokutendai imi musiki wedenga nepasi, musiki wezvinhu zvinoonekwa nezvisingaonekwi --- ndimi makachengeta dunhu redu, kusvika nhasi tichipemberera tichipemberera makore gumi ravambwa

B --- Tinokutendai --- musiki wedenga nepasi --- wezvinhu zvinoonekwa nezvisingaonekwi --- makachengeta dunhu redu --- kusvika nhasi

# 560

**Mwari Haadi Kuti Tiparadzwe** – *C. Takura*

*M* Mwari haadi kuti tiparadzwe
Haadi kuti tiparadzwe

*V: S/A* Haadi Mwari haadi kuti tiparadzwe, ngaarumbidzwe Mwari haadi kuti tiparadzwe

*B* Haadi Mwari haadi kuti tiparadzwe, ngaarumbidzwe, ngaarumbidzwe Mwari

Madetembo:

1.Dai Mwari aisava nesu panguva yatakamukirwa navanhu
2.Vangadai vakatimedza tiri vapenyu panguva yatakamukirwa nehasha dzavo
3.Mweya wedu wakapunyuka seshiri parugombe rwomutei weshiri
4.Rugombe rwadambuka isu tapunyuka nomufaro
5.Vakarurama ngavafare pamberi paMwari ngavafare kwazo nomufaro mukuru
6.Imbirai Mwari imbirai zita rake mumugadzirire zvipo zvakanaka
7.Zita rake ndiMwari farai kwazvo pamberi pake
8.Vakanga vari voga Mwari anovagarisa pamhuri, anobudisa vasungwa kumufaro
9.Asi vanomumukira vanogara panyika, panyika yakaoma
10.Mwari ndiMwari anotirwira Mwari Mambo ndiye ane nzira dzokubuda murufu

# 561

**Mwari Haadi Kuti Tiparadzwe –** *M. Makamure*

*M* 1. Mwari haadi kuti tiparadzwe
2. Tiparadzwe

*V: All* Mwari haadi kuti tiparadzwe ngaarumbidzwe --- haadi kuti tiparadzwe

*Madetembo:*

1.Dai Mwari aisava nesu panguva yatakamukirwa navanhu
2.Vangadai vakatimedza tiri vapenyu panguva yatakamukirwa nehasha dzavo
3.Mweya wedu wakapunyuka seshiri parugombe rwomutei weshiri
4.Rugombe rwadambuka isu tapunyuka nomufaro
5.Vakarurama ngavafare pamberi paMwari ngavafare kwazo nomufaro mukuru

# 562

**Mwari Haadi Kuti Tiparadzwe –** *M. Mandava*

*M:* Mwari haadi kuti tiparadzwe

*V: S/A* Mwari ngaarumbidzwe haadi kuti tiparadzwe ndiye ane nzira dzokubuda nadzo murufu

*B* --- Ngaarumbidzwe Mwari haadi kuti tiparadzwe Mwari Mambo ndiye ane nzira dzokubuda nadzo murufu

*Madetembo:*

1.Dai Mwari aisava nesu panguva yatakamukirwa navanhu

2. Rugombe rwakadambuka isu tikabuda nomufaro
3. Vakarurama ngavafare pamberi paMwari nomufaro mukuru
4. Mweya wedu wakapunyuka seshiri parugombe rwomuteyi

*Chorus*:

*S/A* Imbirai Mwari imbirai zita rake mumugadzirire zvipo zvakanaka

*B* Imbirai Mwari --- zita rake mumugadzirire zvipo zvakanaka

# 563

**Mwari Hamuna Kundirega –** *V.T. Mukweva*

*M:* Mwari hamuna kundirega ndichifamba ndoga

*V: All* Ndakati ndabhabhatidzwa, makandipa muperekedzi – muperekedzi anondidziviridza

*Madetembo:*

1. Imi *(zita romusande)* munondiyeuchidza zuva nezuva kuti neniwo ndinogona kuzviwanira mubairo
2. Imi --- maiva munhu wenyama seniwo asi makazoshandira Mwari neshungu
3. Imi --- ndinodisa kwazvo kukuteverai

*Chorus:*

*S/A* Nezvo ini nomusande wandakatora takaitwa hama – hama nehama mum biri yokudenga

*B* Nomusande --- nomusande – hama – nehama yokudenga

# 564

**Mwari Imi Mune Hukuru –** *A. Chamunorwa*

*M:* Mwari imi mune hukuru hwazvose

*V: S/A* Mwari imi mune hukuru hwazvose – Mwari imi mune hukuru hwazvose Mambo imi mune hukuru Mambo – Mwari imi mune hukuru hwazvose

*B* Mwari imi – Mamboo – mune hukuru hwazvose – Mwari imi mune hukuru hwazvose

*Madetembo:*

1. Mweya wangu rumbidza Mwari, mukati mangu mose rumbidza zita rake sande, mweya wangu rumbidza Mwari,usakangamwe wakaitirwa naye zvakanaka
2. Iye anoregerera zvikanganiso zvose,anokuporesa paurwere hwako hwose, iye anodzikinura rupenyu rwako, anokomborera makore ose orupenyu rwako

*Chorus:*

*S/A* Mabasa enyu makuru Mambo – mabasa enyu makuru Mambo – imii mune hukuru Mambo Mwari imi mune hukuru hwazvose

*B* Mwari imi – Mamboo – mune hukuru hwazvose – Mwari imi mune hu kuru hwazvose

# 565

**Mwari Imi Muponesi Wangu** – *B. Ringisai*

*M: S* Mwari imi muponesi wangu

*V: S/A* Tenzi ndiye chiedza changu noruponeso rwangu – ndingatya aniko, Tenzi ngaa-arumbidzwe, isimba rangu anondibatsira uye ruvimbo rwangu rwuri maari

*B* Inzwai izwi inzwai izwi rangu, mundipindure Tenzi, ndinodanidzira kwa muri --- ngaa-arumbidzwe, nhare yorupenyu rwangu, anondibatsira uye ruvimbo rwangu rwuri maari

*Madetembo:*

1. Tenzi ndinoda kugara mumba menyu, mazuva ose orupenyu rwangu
2. Tenzi ndinoda kukunamatai nokukukudzai, imi makanaka kwazvo
3. Tenzi musandisiye ndapota , musandisiye imi Mwari muponesi wangu

*Chorus:*

*B* Tenzi ndinovimba nemi --- ndinodanidzira Tenzi – ndinzwireiwo tsitsi inzwai izwi, inzwai izwi rangu Tenzi

*S/A* --- Ndinodanidzira kwamuri Tenzi – ndinzwireiwo tsitsi inzwai izwi rangu ndinokutsvagai Tenzi

# 566

**Mwari Inhare Yavakarurama** – *M. Makamure*

*M* 1. Mwari inhare yavakarurama panguva yoku-tambudzika
2. Mwari

*V: All* Panguva yokutambudzika

*M:* Inhare

*V: All* Yavakarurama panguva yokutambudzika

*Madetembo:*

1. Ropa remuranda wenyu rakateurwa vanhu vakaipa vakamuseka
2. Kugomera kwomusungwa ngakusvike kwamuri nesimba renyu guru chengetai vana vorufu
3. Akarurama anofara musimba renyu Mwari anofarira ruponeso rwenyu
4. Makamupa zvinodikanwa nomwoyo wake hamuna kuramba kukumbira kwake

# 567

**Mwari Inhare Yavakarurama –** *M. Mupangwa*

*M* Mwari inhare yavakarurama

*V: All* Panguva yokutambudzika kwavo yavakarurama Mwari inhare yavo

*Madetembo:*

1. Ropa  romuranda wenyu rakateurirwa vanhu vakaipa vakamuseka
2. Kugomera kwomusungwa ngakusvike kwamuri nesimba renyu guru chengetai vana vorufu
3. Akarurama anofara musimba renyu Mwari, anofarira ruponeso rwenyu

# 568

**Mwari Kotamirai –** *C. Chawasarira*

*M:* Mwari kotamirai, Mwari kotamirai, Mwari kotamirai, Mwari kotamirai
*V: All* Kotamirai Mwari kutiyamuraa – muchimbidzikee – kuzotizorodza
*Madetembo:*
1. Ngavachemere kwandiri --- munhamo dzose --- Mwari kotamirai
2. Ndinoda kuvanzwa --- nokuva Mwari wavo --- Mwari wavo narini
3. Teerera mitemo yangu --- iwe rudzi rwangu --- iwe rudzi rwangu
4. Zarura nzeve dzako --- kumazwi omuromo --- omuromo wangu
5. Kana ndichidana --- ndichidana kunaMwari --- Mambo achandiponesa
6. Kandira mutoro wako --- pamusoro paMambo --- iye achakusimbisa

# 569

**Mwari Kotamirai** – *R. Dube*

*M:* Mwari kotamirai
*V: S/A* Kutiyamura muchimbidzike kutizorodza
*B* Mwari muchimbidzike kutizorodza
*Madetembo:*
1. Ini ndiri ruponeso rworudzi ndizvo zvinotaura Mambo
2. Ngavachemere kwandiri munhamo dzose ndinoda kuvanzwa nokuva Mwari wavo narini
3. Terera mitemo yangu iwe rudzi rwangu
4. Kana ndichidana kuna Mwari Mambo achandiponesa-a
5. Kandira mutoro wako pamusoro paMambo iye achakusimbisa-a

*Chorus:*
*All* Zarura-a nzeve dzako kumanzwi omuromo wangu

# 570

**Mwari Kotamirai –** *S.M. Ponde*

*M:* Mwari kotamirai --- Mwari kotamirai
*V: All* Kotamirai kutiyamura --- muchimbidzike kutizorodza

*Madetembo:*
1. Ini ndiri ruponeso rworudzi ndizvo zvinotaura Mambo
2. Ngavachemere kwandiri munhamo dzose, ndinoda kuvanzwa nokuva Mwari wavo narini
3. Teerera mitemo yangu, iwe rudzi rwangu
4. Zarura nzeve dzako, kumazwi omuromo wangu
5. Kana ndichidana kunaMwari,Mambo achandiponesa
6. Kandira mutoro wako pamusoro paMambo iye achakusimbisa

# 571

**Mwari Kotamirai Kutiyamura –** *A. Chikomo*

*M:* Mwari kotamirai kutiyamura

*V: S/A* Kotamira Mwari kutiyamuraa muchimbidzikee kutizorodza

*B* Kotamira Mwari kutiyamuraa Mwari muchimbidzike kutizorodza

*Madetembo:*

1. Ini ndiri ruponeso rworudzi ndizvo zvinotaura Mambo. Mwari kotamirai kutiyamura.
2. Ngavachemere kwandiri munhamo dzose ndinoda kuvanzwa nokuva Mwari wavo narini. Mwari kotamirai kutiyamura.
3. Kandira mutoro wako-o pamusoro paMambo iye achakusimbisa. Mwari kotamirai kutiyamura.

*Chorus:*

*All* Kotamira Mwari kutiyamuraa muchimbidzikee kutizorodza

# 572

**Mwari Makatisiira Sakaramende –** *J.K. Dzingai*

*Part 1:*

*M:* Mwari makatisiira sakaramende

*V: S/A* Mwari makatisiira sakaramende rinoshamisa, kuti rive chiyeuchidzo cho kutambudzika kwenyu

*B* Mwari makatisiira sakaramende, rive chiyeuchidzo chokutambudzika kwenyu

*Madetembo:*

1. Ani naani anoona mwanakomana achimutendera awane rupenyu rusingaperi
2. Nouyu anenge achiuya kwandiri handitongomurasira kunze
3. Uye kuti ini ndimumutse nezuva remhedziso

*Part 2:*

*M:* Tigonesei kuremekedza

*V: S/A* Tigonesei kuremekedza muviri neropa renyu kuti murambe muchitirara misa imi munogara nokutonga kwemisi isingaperi tigonesei kuremekedza sakaramende

*B/T* Tigonesei kuremekedza muviri neropa renyu muchitiraramisa imi mu nogara nokutonga kwemisi isingaperi tigonesei kuremekedza sakaramende

*Madetembo:*

1. Zvirokwazvo zvirokwazvo ndinokutii kunge musingadye nyama yomwanakomana womunhu nokunwa ropa rake
2. Anodya nyama yangu nokunwa ropa rangu ane hupenyu husingaperi
3. Kana musingaite izvi hamungave nehupenyu mandiri

## 573

**Mwari Makatisika –** *A. Nyika*

*M* Mwari Makatisika…..

*V: S* Makatifananidza nemi, ndokutinunura norufu rwomwana wenyu, norufu rwomwana wenyu

*B* Makatifananidza nemi, ndokutinunura norufu rwomwana wenyu

## 574

**Mwari Makatisika –** *S. Shiri*

*M:* Mwari makatisika
Makatisika

*V: S/A* Makatisika Mwari makatifananidza nemi ndokutinunura norufu rufu rwomwana wenyu

*B* Makatisika Mwari makatifananidza nemi makatisika kutinunura norufu rufu rwomwana wenyu

## 575

**Mwari Mambo –** *C. Chitaunhike*

*M:* Mwari Mambo

*V: S/A* Mambo mabasa enyu makuru, Mwari mune ukuru hwazvose

*B* Mambo Mwari mune ukuru hwazvose mune ukuru hwazvose

*Madetembo:*

1. Mweya wangu rumbidza Mwari, mukati mangu mose rumbidza zita rake sande
2. Mweya wangu rumbidza Mwari, usakangamwe wakaitirwa naye zvakanaka
3. Iye anoregerera zvikanganiso zvose, anokuporesa paurwere hwako hwose
4. Iye anodzikinura rupenyu rwako, anokomborera makore ose orupenyu rwako
5. Mwari akaita basa rakarurama, akaitira vanotambudzwa zvakarurama

## 576

**Mwari Mambo Imi Moga –** *G .Machingauta*

*M* Mwari Mambo imi moga ndimi makanaka

*V:S/A* Imi moga ndimi muna masimba ose munogona kuita zvose Mambo makanaka kwazvo Mwari Mambo ndimi ururami Mwari Mambo

*B* Ndimi muna masimba ose munogona zvose Mambo makanaka kwazvo Mambo ndimi ururami Mambo

*Madetembo:*

1. Imi mutsvene tsvene Mambo ndinokutunudzai ndinokuomberai misi yose
2. Upenyu hwenyu upenyu Mwari Mambo husina mavambo
3. Upenyu husingasuduruki kana kutsikinyuka Mwari Mambo
4. Mukudzwe murumbidzwe Mwari Mambo narini

*Chorus:*
*S/A* Mambo wezvirokwazvo muri tsime roudzikami musha worugare norufaro
*B* Mambo --- zvirokwazvo muri tsime roudzikami worugare norufaro

## 577

**Mwari Mambo Ndiye Oga** – *V. Nyapokoto*
*M: S/A* Mwari mambo ndiye oga
*V: S/A* Ukuru hwake hautsananguriki
Haana chingapamhidzirwa, kana kutapudzwa
Kunze kwake hakuna mumwe, Mwari ndiye Mambo wezvinhu zvose
*B:* Ukuru hwake hautsananguriki, chingapamhidzirwa haana
Kunze kwake hakuna mumwe, Mwari-ndiye Mambo wezvinhu zvose
*Madetembo:*
1. Ndiye mururami nyakuagara narini
2. Anotungamirira zvinhu zvose noruoko rwake
3. Ndianiwo angatsanangura zviito zvake zvinoshamisa?
4. Ndianiwo angagona kunyatsoziva masimba amasimba oukuru hwake?
5. Ndianizve angabva apedzeredza kutaura mabasa ake etsitsi?
*Chorus:*
*All* Kunze kwake hakuna mumwe Mwari ndiye Mambo wezvinhu zvose

## 578

**Mwari Mambo Ngaarumbidzwe –** *C. Chinyada*
*M:S* Mwari Mambo ngaarumbidzwe
*Kudavira & Chorus:*
*V:S* Ngaarumbidzwe Mwari Mambo ngaarumbidzwe Mwari Mambo ngaar umbidzwe Mwari Mambo Alleluya
*B* Mambo Mwari ngaarumbidzwe --- Mwari Mambo ngaarumbidzwe --- Mwari Mambo Alleluya
*Madetembo:*
1. Ndudzi dzose dzichatya zita rake akafuka umambo
2. Denga rinoparidza kururama kwake marudzi ose achaona mbiri yake

## 579

**Mwari Mambo Tambirai –** *S. Hwata*
*M* Mwari Mambo tambirai mwana wenyu
*V:S/A* Tambirai mwana wenyu Mambo mumutore mugare naye wava wenyu mwana-a mukayeuka zvivi angasarangwe ndiyaniko?
*B* --- Mwana wenyu Mambo mumutore mugare naye mwana uyu --- zvivi angasarangwe ndiani?

*Madetembo:*
1. Muregerereiwo Mambo zvitema zvake zvose zvose
2. Mwana ndowenyu uyu musamukandire kwakadaro
3. Ngaasvike kwamunogara Mambo kuupenyu husingaperi
4. Tandirai vavengi kure vanoda kuti vamutore
5. Kanganwai zvitema zvake achifara nemi narini
6. Kristo Mambo imi makamufira muchingurei nhasi
7. Apinde mudenga mamuri Mambo sezvakaita mbavha iya

*Chorus:*
*S/A* Mupeiwo rugare rwenyu wava wenyu mwana uyu mukayeuka zvivi angasarangwa ndianiko?
*B* Mupeiwo rugare rwenyu wava wenyu mwana uyu mukayeuka zvivi ndianii?

## 580

**Mwari Mambo Tambirai** – *Fr B. Mukumba*

*M: S:* Mwari Mambo tambirai
*V: S/A* Tambirai mwana wenyu, tambirai mwana wenyu, mugare naye misi yose.
*B* --- Munzwireiwo tsitsi Mambo, mumutore mugare naye, mwana wenyu misi yose

*Madetembo:*
1. Mambo mukayeuka zvivi, angasarangwa ndianiko.
2. Munzwireiwo tsitsi Mambo mumutore mugare naye.
3. Muregerere-iwo Mambo zvitema zvake zvose zvose.
4. Mwana ndowenyu uyu Mambo musamukande kwakadaro.
5. Tandirai vavengi kure vanoda kuti vamutore.
6. Ngaasvike kwamunogara kuupenyu husingaperi.
7. Kanganwai zvitema zvake achifara nemi narini.
8. Mupeiwo rugare rwenyu chiedza chimuvhenekere.
9. Kristo imi makamufira muchingurei nhasi uno
10. Apinde mudenga mamuri sezvakaita mbavha iya.

## 581

**Mwari Mambo Tambirai Mwana –** *R. Mandigo*

*M* Mwari Mambo tambirai mwana wenyuu

*Kudavira & Chorus:*
*All* Tambirai mwana wenyu Mambo mugare naye misi yose

*Madetembo*:
1. Mambo mukayeuka zvivi angasarangwe ndianiko
2. Munzwireiwo tsitsi Mambo mumutore mugare naye

3.Muregerereiwo Mambo zvitema zvake zvose zvose
4.Mwana ndowenyu uyu Mambo musamukande kwakadaro

# 582

**Mwari Mazvipa Kuneni Pauzima –** *J. Tichapondwa*

*M: S/A* Mwari mazvipa kuneni pauzima
Mazvipa kuneni pauzima
*V: S/A* Mwari Mambo wangu mazvipa kuneni pachenyu Mambo gamuchirai mupiro wangu ini mwana wenyu
*B* --- Mambo Mwari mazvipa kuneni pachenyu Mambo gamuchirai mupiro – mwana wenyu

*Madetembo:*

1.Nyangwe ndiri murombo zvangu ndinokupai chipo kuti ndikufadzei
2.Chipo changu ndiyeni Mambo ini ndose ndava wenyu
3.Itai kuti ndikudei ndikushandirei imi navanhu vose
4.Izvi zvose zvandinoti ndinokupai hazvisi zvangu Mwari ndezvenyu

*Chorus:*

*S/A* Ndinokupai kufunga kwangu kuda namabasa angu ose
*B* Ndinokupai kufunga – kuda namabasa angu ose

# 583

**Mwari Muna Masimba Ose -** *A. G. Mutetwa*

*M: S/A* Mwari muna masimba ose-e
*T:* Tinzwe-iwo Mambo, tinzwe-iwo
*V* Chengetai minda yavaranda venyu u, yavaranda nokuikomborera
Tipeiwo mvura yakakwanaa, zvibereko zveminda yedu, zvigokura zvakanaka
*B:* Chengetai minda yenyu yavaranda nokuikomborera, tipeiwo mvura yakakwanaa yakakwanaa zveminda yedu zvigokura zvakanaka

*Madetembo:*

1.Fukidzai denga namakore mupe nyika mvura yakakwana
2.Mheni kutinhira zviri pasi pesimba renyu
3.Chengetai minda yedu nemombe dzedu
4.Tipeiwo rudo tigoverane zvokudya navarombo
5.Mambo wedu yesu Kristo tisvitsireiwo kuna Mwari Baba

*Chorus:*

*All* --- Tinzweiwo ---
*V:* Tinzweiwo Mambo tinzweiiwo
*All* Tinzweiwo Mambo tinzweiwo

## 584

**Mwari Muna Masimba Ose –** *J. Kaseke*

*M* Mwari muna masimba ose

*V: S/A* Tendeukirai kunesu Mwari mutipewo rupenyu rutsva-a Mwari muna masimba ose

*B* Tendeukirai kunesu Mwari-i mutipewo rupenyu rutsva-a-a Mwari muna masimba ose

*Madetembo:*

1. Mambo batai mwoyo wangu
2. Ndigotya zita renyu
3. Rudzi rwenyu ruchakuteurirai
4. Zvipo zvomupiro nomufaro

*Chorus:*

*S/A* Mwari muna masimba ose uyaizve kuzotinunura

*B* --- Muna masimba ose uyaizve kuzotinunura

## 585

**Mwari Munotirambirei –** *B.P. Mukoko*

*M: S/A* Mwari munotirambirei-i

*V: S/A* Nokusingaperi-i kutsamwa kwenyu-u kuchivirukira hwai dzenyu dzamu nofudza-a hwai dzenyu-u-u, nhasi Mwari we-e nhai Mwari we-e mu norambirei kutiba-atsira sei makaviga ruoko rwenyu-u

*B* Nokusingaperi kutsamwa kwenyu --- kira hwai dzenyu dzamunofudza-a hwai dzenyu, Mwari wee – Mwari wee munorambirei kutibatsira sei makaviga ruoko rwenyu

*Madetembo:*

1. Musaturire upenyu hwenjiva yenyu kuchikara chesango
2. Musakanganwa upenyu hwavarombo venyu kusvikira narini
3. Vanodzvinyiririrwa ngavarege kunyadziswa
4. Varombo navanoshayiwa ngavarumbidze zita renyu

*Chorus:*

*All* Kunyangwe zvakadaro Mwa-ari ndimi Mambo wangu-u kubva kare na kare, munorwisa muchikunda pasi pose

## 586

**Mwari Munyaradzi Wavanhu Vose** – *T. Samwoyo*

*M:* Mwari munyaradzi wavanhu vose

*V: S/A* Yesu makanakisa --- tsime rechido-o Baba vetsitsii, makaratidza-a --- vatadzi isu vatadzi hupfumi hwe mwoyochena wenyu

*B* --- Makanakisa tsime rechido-o-o Baba vetsitsi, isu vatadzi, isu vatadzi, hupfumi hwe mwoyochena wenyu

*Madetembo:*
1. Tinotenda kwazvo kudzika kwamakatiitira sakaramende sande rea-tari
2. Zvino isu tinoda kuripira mhosva idzo dzose
3. Tinozvipira kumwoyo wenyu musande isu nazvose zvatina-zvo
4. Tichibatsirwa negirasiya renyu tinozokurudzira vamwe kuti vanamate vanamate mwoyo wenyu musande
5. Tinopira kunemi mabasa ose akanaka atakaita atinozoita

*Chorus:*
*All* Musakaramende iri rechidoo, mwoyo wenyu wakanakisa, wakaitwa mute matema, wakaitwa mutematema, nokutadza kwavanhu vose

## 587

**Mwari Musande -** *P.O. Katsukunya*

*S/A* Mwari Musande
*All* Musande Musande M-usande
Mwari Samasimba
*S/A* Denga napasi zvizere
Denga napasi zvizere nembiri
Zvizere nembiri
*T/B* Denga napasi zvizere nembiri
Denga napasi zvizere nembiri yenyu
Zvizere nembiri
*S/A* Ngaarumbidzwe ari kumusorosoro
Ngaakudzwe Samutumwa waMambo
Ngaarumbidzwe ari kumusorosoro
*B* Ngaarumbidzwe Samutumwa waMwari
Ngaakudzwe Mwari Mambo
Ngaarumbidzwe Samutumwa waMambo

## 588

**Mwari Musina Mugumo –** *J V. Chinondo*

*M:S/A* Mwari musina mugumo
*S/A* Mwari musina mugumo Mambo wangu makandisika kuti ndikudei ndigokuitiraiwo makandipa zvipo zvakawanda makanditumira mwanakomana wenyu Yesu Kristo kuti andiratidze nzira yoruponeso nokundinunura Mwari musina mugumo
*B/T* Mambo wangu musina mugumo makandisika ndigokuitirai makandipa zvipo mukanditumira mawnakomana wenyu Yesu Kristo kuti andiratidze nzira yoruponeso nokundinunura Mwari musina mugumo

*Madetembo:*
1. Asi ndinoona ndichinyara kuti ndakaramba kuti ndakaramba rudo rwenyu nokuzvidza kwandakaita mitemo yenyu

2. Ndakakanganisa kwazvo ndichikusiyai nokutadza kwangu
3. Deno musingadi kundiregerera ndinga deno ndichirasika
4. Nokutadza kwangu ndakachinyirawo kirike renyu dzvene
5. Panzvimbo yokuratidza hama dzangu makwara akanaka ndakadzigumburisa
6. Simbisai chitsidzo changu regai kundisiya Amen

*Chorus:*

*S/A* Mwari wangu ndinzwireiwo tsitsi pindutsai mwoyo wangu ndive nomwoyo wakasimbarara unogona kukurira zviyedzo nokupupurira chitendero netsika dzakarurama

*B/T* Mambo wangu ndinzwireiwo tsitsi ndinzwireiwo tsitsi ndive nomwoyo wakasimbarara
Unogona kukurira zviyedzo nokupupurira chitendero netsika dzakarurama

# 589

**Mwari Musina Mugumo Musiki –** *G.C .Mahoya*

*M* Mwari musina mugumo musiki wangu

*V:S/A* Mambo wangu-u makandisika-ha ndikuitirei makandipa zvipo zvakawanda, mukanditumira mununuri Yesu andiratidze nzira yoruponeso

*B* --- Baba vangu makandisika kuti ndikudei makandipa zvipo zvakawanda, mukanditumira mununuri Yesu, andiratidze nzira yoruponeso

*Madetembo:*

1. Dai musirimi Yesu wangu ndingadai ndakarasika regai kundisiya
2. Deno musingadi kundiregerera ndingadeno ndakarasika regai kundisiya
3. Nokutadza kwangu ndakachinyira Kirike renyu dzvene
4. Panzvimbo yokuratidza hama dzangu makwara akanaka ndakadzigumbusa regai kundisiya

*Chorus:*

*B* Pindutsai mwoyo wangu ndive --- wakasimbarara --- zviyedzo zvose nokupupurira chitendero --- dzakarurama, simbisai chitsidzo changu

*S/A* --- Pindutsai mwoyo wangu kuti ndive nomwoyo unokurira zviyedzo zvose kupupurira chitendero netsika dzakarurama, simbisai chitsidzo changu

# 590

**Mwari Mwoyo Wangu Unosuwira –** *N.A. Mabwe*

*M: S/A* Mwari mwoyo wangu unosuwira

*V: S/A* Mwoyo wangu unosuwira kugamuchira Yesu nokumugumbatira – chim bidzai kuuya Yesu mupinde mumwoyo mangu unotsva nokuda imi Mambo.

*B* Mwoyo wangu unosuwira kugamuchira – Yesu nokumugumbatira – chim bidzai kuuya Yesu mupinde mumwoyo mangu – u-unotsva nokuda imi Mambo.

*Madetembo:*
1. Mwari wangu Mwambo wedenga napasi munopinda muneni mutadzi.
2. Mwoyo wangu unongoshama kwazvo kugamuchira muridzi wazvose.
3. Mambo chenesai mwoyo wangu kuti mude kuppinda muneni.
4. Mambo mukuwidze rudo mumwoyo mangu ndinokumbira ndidei saamai Maria.

*Chorus:*
*S/A* Uyai kwandiri Yesu wangu ndinokusuwai ndinokuchemerai chimbidzai kupinda muneni.
*B* --- Yesu wangu ndinokusuwai – ndinokusuwai chimbidzai kupinda mu neni.

## 591

**Mwari Ndimi Makasika Vanhu Vose –** *Fr. B.K.H. Mukumba*

*M: S/A* Mwari ndimi makasika vanhu vose…
*M: S/A* Mwari ndimizve munovaponesa – ndimi – makasika vanhu vose --- in gonzwaiwo; ingonzwaiwo --- kuchema kwedu Mwari
*B* --- Ndimizve ndimi Mwari ndimi --- Mwari ndimi --- makasika vanhu vose --- ingonzwaiwo --- ingonzwaiwo kuchema kwedu Mwari…

*Madetembo:*
1. Mwari-i regererai mwana wenyu uyu zvaakakutadziraii zvose …
2. Mwana wenyu Yesu Kristo akatambudzika muGetsemani kuti mwana wenyu uyu awane upenyu husingaperi…
3. Mwana wenyu Yesu Kristo akapurwa neshamhu, kuti mwana wenyu uyu awane upenyu husingaperi.
4. Mwana wenyu Yesu Kristo akafa pachipiyaniso kuti mwana wenyu uyu awane upenyu husingaperi.
5. Kristo Mambo wedu tisitsvireiwo chichemo ichi kuna Mwari Baba Amen.

*Chorus:*
*S/A* Regererai mwana wenyu uyu zvaakakutadzirai --- zvose agare nemi --- agare nemi Mambo-o --- agare nemi Mambo-o --- mune tsitsi.
*B* Regererai mwana wenyu uyu zvaakakutadzirai … zvose … chimuga muchirai-I agare nemi mambo mune tsitsi.

## 592

**Mwari Ndimi Mambo Wangu –** *J. Tichapondwa*

*M:* Mwari ndimi Mambo wangu
*V: S/A* Ndinoisa mazuva angu mumaoko enyu Mwari wangu, ndimi dombo rangu rakasimba
*B* --- Mazuva angu mumaoko enyu Mwari --- ndimi dombo rangu rakasimba

*Madetembo:*
1. Haiwa Mambo zvakanaka kwazvo zvamunochengetera vanokutyai
2. Makamisa tsoka dzangu panzvimbo yakafarikanya

3. Ndimi dombo rangu ndimi nhare yangu

*Chorus*:

*S/A* Ndimi dombo rangu, ndimi nhare yangu, nditungamirirei nokuda kwenyu

*B* --- Dombo rangu, nhare yangu, naizvozvo nditungamirirei nokuda kwenyu

# 593

**Mwari Ndimi Mutsvene –** *H. Machacha*

*M: S/A* Mwari ndimi mutsvene

*V: S/A* Munopirwa mupiro uyu mutsvene, mwari ndimi mune mbiri, Mwari ndimi munopirwa mupiro uyu kwose –kwose

*B/A* Mwari ndimi mutsvene, Mwari ndimi munopirwa, Mwari, munopirwa kwose- kwose

*Madetembo:*

1. Madzimambo-ose-enyika dzose achapfugamira Ma-ambo wedu
2. Ndudzi dzose-dzapasi, dzichamushandira no-mufaro
3. Mumuvigire ndarama-aa ndiye Mambo, nomubati woumambo
4. Mumuvigire, zvinonhuwiraaa ndiye Mwari wedu.

*Chorus:*

*S/A* Mwari ndimi munopirwa mupiro uyu kwose- kwose

*B/T* Mwari ndimi mutsvene --- munopirwa --- kwose – kwose

# 594

**Mwari Ndinoda Kutsanya Kwechokwadi** – *P.Gunyeku*

*M: S/A* Mwari ndinoda kutsanya, kutsanya kwechokwadi
Kutsanya Kwechokwadi

*V: All* Kwokupa kudya vose vane nzara, nopokuvata vasina mi-sha, nokupfekedza vaya vasi-na, ndisinganzvengi kubatsira hama dzangu

*Madetembo:*

1. Zvino Mwari vanoti, ipapo chiedza chako
2. Kana ukabvisa mutoro wawakatakudza vamwe, ipapo chiedza chako
3. Usingapomeri vamwe mhosva, ipapo chiedza chako
4. Usingarevi vamwe, ipapo chiedza chako

*Chorus:*

*S/A* Chichavhenekera murima, ndichava newe, ndichava newe, uchawana zvinhu zvakanaka.

*B* --- Chichavhenekera murima, ini ndichava newe, ndichava newe, ndichakupa zvinhu zvakanaka

## 595

**Mwari Ndinokuitirai** – *A. Chifana*

*M:* Mwari ndinokuitirai
*V: S/A* Ndinokuitirai ndinokuitiraiwo masikati nousiku zita renyu rinamatwe --- husvike
*B* --- Ndinokuitirai masikati --- zita renyu --- hushe hwenyu husvike

*Madetembo*:

1. Mwari oga ndinokupai mweya muviri noupenyu hwangu
2. Handisiyi handisiyi Yesu Mambo wangu
3. Musatiise nariini patinonyengedzwa naiye satani
4. Asi mutitsikinure kuzvivi zvose Amen

## 596

**Mwari Ndinokumbira Kuregererwa –** *F.H. Chinyanya*

*M: S/A* Mwari ndinokumbira kuregererwa
*V: S/A* Ndinokumbira kuregererwa zvandakakutadzirai – ndinopfidza matadzo angu ose ndinoasema kupinda zvose nokuti akakodzera chirango chirango chenyu chinobvundisa akasakisa kuti Muponesi Yesu arovererwe pachipi yaniso.
*B* Ndinokumbira kuregererwa zvose ndakakutadzirai ndinopfidza matadzo angu ose – ndinoasema kupinda zvose - nokuti akakodzera chirango – chenyu chinobvundisa akasakisa Muponesi Yesu arovererwe pachipiyaniso.

*Madetembo:*

1. Ndakakutadzirai zvikuru Mwari.
2. Imi makanaka makanaka zvisina mugumo.
3. Ndinotsunga kurega kukutadzirai pakare ndichibatsirwa negirasiya renyu.

*Chorus:*

*S/A* Ndinotsunga kunzvenga zvose zvinondifurira kukutadzirai ndinotsunga kunzvenga kukutadzirai
*B* --- Kunzvenga zvose kunzvenga zvinondifurira kukutadzirai, ndinotsunga kunzvenga kukutadzirai

## 597

**Mwari Ndinokumbirawo Hushingi –** *S. Kalombo*

*M: S/A* Mwari ndinokumbirawo, Mwari ndinokumbirawo hushiingi
*T* --- Ndinokumbirawo ndinokumbirawo hushiingi
*B* --- Ndinokumbirawo, Mwari ndinokumbirawo hushiingi
*V*: *S/A* Mambo wedu Yesu Kristo-o Yesu Kristo-o-o makazvipira kutambura nokufa-a makatakura chipiyaniso chenyu
*B/T* Mambo wedu imi makazvipira kutambura nokufa-a imi makatakura chipi yaniso chenyu-u Kristo Mambo makazvipira

*Madetembo:*
1.Makashinga kusvika pakufa nezuva retatu makakunda rufu-u
2.Mudzidzi wenyu Simon Pita-a akatevera nzira yenyu yechipiyaniso
3.Ndichitakure kusvika murufu ndichitakure-e kusvika murufu-u
4.Ndigozomukawo muvafi semi nokuwana rupenyu-u rusingaperi
*Chorus:*
*S/A* Ndipeiwo simba renyu Mambo, ndipeiwo simba renyu Mambo-o, ndirege kuzeza chipiyaniso changu x2
*S 2* Ndipeiwo simba renyu Mambo, simba-a Mambo-o, ndirege kuzeza x2
*B* Mwari ndinokumbirawo simba-a Mambo ndiregere kuzeza chipiyaniso changu x2
*T* Simba Mambo --- simba renyu Mambo, kuzeza chipiyaniso x2

*S* Rupenyu rusingaperi Ameni A-ame-eni A-ameeni rusingaperi Amen
*A* Rupenyu rusingaperi Ameni Ameni A-ameeni rusingaperi Ameni
*B/T* Rupenyu rusingaperi A-ameni A-ameeni rupenyu rusingape-ri

## 598

**Mwari Ndinokupfugamirai** – *Z.N. Terere*
*M: S/A* Mwari ndinokupfugamirai
*V: S/A* Mwari Baba ndinokupfugamirai pamwechete nomwanakomana wenyu Yesu Kristo kunyangwe zvangu ndisingakodzeri ndinokukudzai
*B* Ndinokupfugamirai nomwanakomana wenyu Yesu Kristo --- zvangu ndis ingakodzeri ndinokukudzai
*Madetembo:*
1.Ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu
2.Nezviito zvangu zvose mumaoko enyu
3.Kunyangwe ndisiri chinhu pamberi poukuru hwenyu
4.Uye kuti ndizviite sokuda kwenyu
*Chorus:*
*S/A* Mwari Baba ndinotarisisira kwamuri ndinovimba nemi – ndinokushuvai ndinokutendai Amen
*B* Ndinotarisisira kwamuri --- nemi ndinokushuvai ndinokutendai Amen

## 599

**Mwari Ndiri Mutadzi –** *G.C. Mahoya*
*M: S/A* Mwari ndiri mutadzi-i
*V: S/A* Ini ndiri mutadzi-i – ndinozviwisira patsoka dzenyu – ndichibvuma huipi hwangu, ndditumireiwo mwe-ya musande ndisatatarikiree, mumadhaka orutadzo
*B:* --- Ndiri mutadzi Mwari – zviwisira patsoka dzenyu ndichibvuma – huipi hwangu, nditumireiwo mweya musande – ndisatatarikire mumadhaka

orutadzo

*Madetembo:*

1. Amai Maria imi munonzwisisa kurwadziwa kunoita mwana wenyu, pamusana pezvivi zvangu
2. Kutadza paduku kutsika Yesu pagumbo
3. Kutadza pakuruu kubaya Yesu pamwoyo
4. Ndinomira shure kwenyu ndakawanda mukwiriti yenyu
5. Ndakawanda mukwiriti yenyu ndichiti amai ndirevererereiwo

*Chorus:*

*S/A* Ndidzidziseiwo kusema rutadzo – ndingasvika se-i pauso hwaYesu ndakamupfukudza namatadzo angu

*B* --- Ndidzidziseiwo kusema rutadzo ini – pauso hwaYesu ndakamupfukudza namatadzo angu

## 600

**Mwari Ndiye Akaita Kuti –** *P.J. Mubako*

*M:* Mwari ndiye akaita kuti

*V: S* Nzvimbo ino iti Mwari ari pano Alleluya aripano akaita kuti nzvimbo ino iti Mwari ari pano.

*B* Nzvimbo ino iti Mwari ari pano Alleluya aripano akaita kuti nzvimbo ino Mwari ari pano.

*Madetembo:*

1. Ndichakunamatai mutembere yenyu inoera, ndimo mandichaimbira zita renyu
2. Imba yaMwari yakavakwa paruware rusingazunguziki ndosak yakasimba kwazvo

## 601

**Mwari Ndiye Dombo Rangu –** *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M:* Mwari ndiye

*V: All* Mwari ndiye dombo rangu nomugove wangu nokusingaperi

*Madetembo*:

1. Ndineiko kudenga kunze kwenyu
2. Uye kana ndinemi zvepasi hazvindifadzi
3. Muchandiperekedza nezano renyu
4. Nokundigamuchira mumbiri yenyu
5. Ndichagara nemi nokusingaperi
6. Makabata ruoko rwangu rworudyi
7. Kugara pedyo naMwari kunondifadza
8. Ndakaita Mwari nhare yangu
9. Ndinovimba nemi Mwari
10. Handinganyadziswi narini
11. Ivai dombo rangu randinoramba ndichitizira

12. Ndimi dombo rangu nenhare yangu narini
*Chorus:*
*All* Mwari ndiye dombo rangu nokusingaperi

# 602

**Mwari Ndiye Dombo Rangu –** *L. Maphosa*
*M:* Mwari ndiye
*V: All* Ndiye dombo, dombo rangu nomugove wangu nokusingaperi
*Madetembo:*
1. Ndineiko kudenga kunze kwenyu
2. Uye kana ndinemi zvepasi hazvindifadzi
3. Muchandiperekedza nezano renyu
4. Nokundigamuchira mumbiri yenyu

# 603

**Mwari Ndiye Dombo Rangu –** *J.E. Chipato*
*M:* Mwari ndiye dombo rangu
Ndiye dombo rangu
*V: All* Ndiye dombo ranguu Mwari ndiyee dombo rangu nomugove wangu nokusingaperi
*Madetembo:*
1. Ndineiko kudenga kunze kwenyu, uye kana ndinemi zvepasi hazvindifadzi
2. Ndichagara nemi nokusingaperi, makabata ruoko rwangu rworudyi
3. Kugara pedyo naMwari kunondifadza, ndakaita Mwari nhare yangu
4. Ndinovimba nemi Mwari, handinganyadziswi narini
5. Ivai dombo rangu randinoramba ndichitizira, ndimi dombo rangu nenhare yangu
*Chorus:*
*All* Muchandiperekedza nezano renyu nokundigamuchira mumbiri yenyu

# 604

**Mwari Ndiye Dombo Rangu –** *J.H. Chikomo*
*M:* Mwari ndiye
Ndiye dombo
*V: All* Ndiye dombo – dombo rangu nemugove wangu Mwari nokusingaperi
*Madetembo:*
1. Ndineiko kudenga kunze kwenyu
2. Uye kana ndinemi zvepasi hazvindifadzi
3. Muchandiperekedza nezano renyu
4. Nokundigamuchira mumbiri yenyu
5. Ndichagara nemi nokusingaperi
6. Makabata ruoko rwangu rworudyi

*Chorus:*
*All* Nomugove wangu – nomugove wangu Mwari ndiye nokusingaperi

# 605

**Mwari Ndiye Nhaka Yangu –** *C. Takura*

*M* Mwari ndiye nhaka yangu

*V: S/A* Mwari ndiye nhaka yangu, ndiye anochengeta rupenyu rwangu, Mwari ndiye nhaka yangu, anochengeta rupenyu rwangu

*B* Mwari ndiye nhaka yangu Mwari, Mwari anochengeta rupenyu rwangu, ndiye nhaka yangu Mwari, anochengeta rupenyu rwangu

*Madetembo:*

1. Mundichengete Mwari ndinovimba nemi ndimi Mambo wangu
2. Kunze kwenyu Mwari handine chinhu chakanaka
3. Vakarurama vari panyika ndivo vandinofarira zvikuru
4. Kurwadziwa kuchawanzwa chaizvo kwavanotevera vamwari venhema
5. Nhaka yangu yakaisvonaka zvikuru ndicharumbidza Mwari wakandipa zano rakanaka
6. Ndakaisa Mwari pamberi pangu nguva dzose zvaari kurudyi rwangu handingazungunutswi
7. Naizvozvo mweya wangu unofara nyama yangu ichagara yakachengetwa
8. Muchandiratidza nzira yorupenyu mufaro wakazara uri pamberi pangu

# 606

**Mwari Ngaarumbidzwe –** *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*

*M:* Mwari ngaarumbidzwe
Ngaarumbidzwe

*V: S/A* Mwari haadiii, Mwari haadii kuti tiparadzwe

*B/T* --- Ngaarumbidzwee haadi kuti tiparadzwe

*Madetembo*:

1. Dai Mwari aisava nesuu
2. Panguva yatakamukirwa navanhu
3. Vangadai vakatimedza tiri vapenyu
4. Panguva yatakamukirwa nehasha dzavo
5. Mweya yedu yakapunyuka seshiri
6. Parugombe rwomuteyi weshiri
7. Rugombe rwakadambuka
8. Isu takapunyuka nomufaro
9. Vakarurama ngavafare pamberi paMwari
10. Ngavafare kwazvo nomufaro mukuru
11. Imbirai Mwari imbirai zita rake
12. Mumugadzirire zvipo zvakanaka

*Chorus:*
*S/A* Mwari haadi kuti tiparadzwe
*B/T* --- Haadi kuti tiparadzwe

# 607

**Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga –** *M J P N.Mushuku*
*M: S/A* Mwari ngaarumbidzwe kudenga pasi pano vagarike vaakanzwira tsitsi
*Zviridzwa nemhururu*
*All* Mwari ngaarumbidzwe kudenga pasi pano vagarike vaakanzwira tsitsi x2
Tinokukudzai Mwari, tinokuimbirai tinokupfugamirai Mwaari
tinokurumbidzai Mwari ngaarumbidzwe kudenga
*Chorus 1*:
*All* Mwari ngaarumbidzwe kudenga
*Madetembo*
*S* Tinokutendai pamusana pamabasa enyumakuru anoshamisa
*T* ………tendai pamusana pamabasa enyumakuru anoshamisa
*S* Tinokuomberai Mwari Mambo imiMambo wedenga Mwari Baba wa masimbaose
*T* ………omberai Mwari Mambo imiMambo wedenga Mwari Baba wa masimbaose
*S* Tinokuomberai Mambo Yeso Kristo mwanakomana mumwechete
*T* ………omberaiMambo Yeso Kristo mwanakomana mumwechete
*S* Mwari Mambo hwayana yaMwari mwanakomana waBaba
*T* ……………….hwayana yaMwari mwanakomana waBaba
*Chorus 2:*
*All* Nokuti ndimi moga musande-sande ndimi moga musande Mambo ndimi moga Mambo ndimi moga mukuru-kuru ndimi Mwari
*Madetembo 2:*
1. S Imi munobvisa matadzo apasi tinzwireiwo tsitsi
   T … munobvisa matadzo apasi tinzwireiwo tsitsi
2. S Imi munobvisa matadzo apasi donzwaiwo zvichemo zvedu
   T … munobvisa matadzo apasi donzwaiwo zvichemo zvedu
3. S Imi mugere kurudyi rwaBaba tinzwireiwo tsitsi
   T … mugere kurudyi rwaBaba tinzwireiwo tsitsi
4. S Ndimi mune mbirii pamwe naMwari Baba Amen
   T … mune mbirii pamwe naMwari Baba Amen

*All* Mwari ngaarumbidzwe kudenga pasi pano vagarike vaakanzwira tsitsi

# 608

**Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga –** *A. Chamunorwa*
*M:* Mwari ngaarumbidzwe kudenga, ngaarumbidzwe
*V: S* Mwari ngaarumbidzwe kudenga, pasi pano vaakanzwira tsitsi, Mwari

ngaarumbidzwe kudenga, pasi pano – vagarike

*A* Tinokuimbirai-i, tinokupfugamira-aai, tino --- kurumbidzai

*T* Vaakanzwira tsitsi Mwari-i-i, pasi pano, vagarike --- vagarike, vagarike

*B* Mwari-i ngaarumbidzwe kudenga, Mwari kudenga tinokukudzai, pasi-i vagarike

*Madetembo:*

1. Tinokutendai pamusana pamabasaa enyu makuru anoshamisa. Ngaarumbidzwe
2. Tinokuomberai Mwari Mambo, imi Mambo wedenga, Mwari Baba vamasimba ose. Ngaarumbidzwe
3. Tinokuomberai Mambo Yesu Kristo, Mwanakomana mumwe chete. Ngaarumbidzwe
4. Mwari Mambo, hwayana yaMwari, Mwanakomana waBaba. Ngaarumbidzwe
5. Imi munobvisa matadzo apasi, tinzwireiwo tsitsi. Ngaarumbidzwe
6. Imi munobvisa matadzo apasi, donzwai zvichemo zvedu. Ngaarumbidzwe
7. Imi mugere kurudyi rwaBaba, tinzwireiwo tsitsi. Ngaarumbidzwe
8. Nokuti ndimi moga musande sande, ndimi moga Mambo. Ngaarumbidzwe
9. Ndimi moga mukurukuru, Yesu Kristo imi naMweya musande, ndimi mune mbiri, pamwe naMwari Baba. Ngaarumbidzwe

# 609

**Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga –** *S.M. Ponde*

*M* Mwari ngaa –rumbidzwe

*V: S/T* Mwari ngaarumbidzwe kudenga pasi pano vagarike vaakanzwira tsitsi

*B* --- Ngaarumbidzwe ngaarumbidzwe woye, ngaa – arumbidzwe

*M* Tinokukudzai

*V: S* Tinokuimbirai tinokupfugamirai tinokurumbidzai

*B* --- Mwari Baba woye noMwanakomana noMweya Musande

*Madetembo:*

1. Tinokutendai pamusana pamabasa enyu, makuru anoshamisa
2. Tinokuomberai Mwari Mambo, imi Mambo wedenga, Mwari Baba vana masimba ose
3. Tinokuomberai Mambo Yeso Kristo, mwanakomana waBaba mumwe chete
4. Mwari Mambo Hwayana yaMwari, mwanakomana waBaba. *Mwari Ngaarumbidzwe*
5. Imi munobvisa matadzo apasi, tinzwireiwo tsitsi
6. Imi munobvisa matadzo apasi, donzwai zvichemo zvedu
7. Imi mugere kurudyi rwaBaba, tinzwireiwo tsitsi. *Tinokukudzai*
8. Nokuti ndimi moga musandesande, ndimi moga Mambo
9. Ndimi moga mukurukuru , Yesu Kristo naMweya Musande
10. Ndimi mune mbiri, pamwe naMwari Baba Amen. *Mwari Ngaarumbidzwe*

*Chorus:*
*All* Pasi pano vagarike --- va-akanzwira tsitsi

# 610

**Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga –** *R. Tonganai*

*M:* Mwari ngaarumbidzwe kudenga denga
*V: S/A* Mwari ngaarumbidzwe kudenga, ngaarumbidzwe kudenga-dengaha. Pasi pano vagaarike vaakanzwira tsitsi, ngaarumbidzwehe Ngaarumbidzwehe
*B:* Mwari ngaarumbidzwe kudenga, ngaarumbidzwe Mwarii kudenga, pasi pano vagaarike vaakanzwira tsitsi, Nga-arumbidzwe ngaarumbidzwe

*Madetembo:*

1. Tinokutendai pamusana pamabasa enyuu makuru anoshamisa
2. Tinokuomberai Mwari Mambo imi Mambo wedenga Mwari Baba wamasimba ose
3. Tinokuomberai MaamboYesu Kristo mwanakomana mumwe chete
4. Mwari Mambo hwayana yaMwari mwanakomana waBaba
5. Imi munobvisa matadzo apasii tinzwireiwo tsi-tsi
6. Imi munobvisa matadzo apasii donzwaiwo zvichemo zvedu
7. Imi mugere kurudyi rwaBaba tinzwireiwo tsitsi
8. Nokuti ndimi moga musandesande ndimi moga Mambo
9. Ndimi moga mukurukuru Yesu Kristo imi naMweya Mutsvenehe
10. Ndimi mune mbiri pamwe naMwari Babaa pamwe naMwari Baba Amen

*Chorus:*
*All* Tinokukudzai, Tinokuimbirai-i, Tinokupfugamirai Tinokurumbidzai

# 611

**Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga –** *Fr E Ribeiro*

*M:* Mwari ngaarumbidzwe ngarumbidzwe
*V:S/A* Mwari ngaarumbidzwe Mwari ngarumbidzwe kudenga pasi pano vagarike vaakanzwira tsitsi
*T* Mwari ngaarumbidzwe kudenga pasi pano vagarike Mwari ngaarumbidzwe kudenga
*B* Ngaarumbidzwe ngaarumbidzwe Mwari Mwari ngaarumbidzwe vaakanzwira tsitsi

*Madetembo:*

1. Tinokutendai pamusana pamabasa enyu makuru anoshamisa, Mwari ngaarumbidzwe
2. Tinokuomberai Mwari Mambo imi Mambo wedenga Mwari Baba wamasimba ose, Mwari ngaarumbidzwe
3. Tinokuomberai Mambo Yeso Kristo mwanakomana mumwechete, Mwari ngaarumbidzwe

*Chorus:*
*S/A* Tinokukudzai Mambo tinokupfugamirai Mambo tinokurumbidzaii
*T* Pfugamirai Mambo x2 tinokurumbidzai Mambo
*B* Kukudzai imbirai tinokurumbidzai Mambo
*Madetembo:*
4. Mwari Mambo hwayana yaMwari mwanakomana waBaba tino...
5. Imi munobvisa matadzo apasi tinzwireiwo tsitsi tino….
6. Imi munobvisa matadzo apasi donzwaiwo zvichemo zvedu tino….
7. Imi mugere kurudyi rwaBaba tinzwireiwo tsitsi tino…
8. Nokuti ndimi moga musandesande ndimi moga Mambo, Mwari ngaarumbidzwe
9. Ndimi moga mukurukuru Yesu Kristo imi naMweya Mutsvene, Mwari ngaarumbidzwe
10. Ndimi mune mbirii pamwe naMwari Baba Amen, Mwari ngaarumbidzwe

# 612

**Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga** – *C. Chisi*
*M:* Mwari ngaarumbidzwe kudenga
Ngarumbidzwe kudenga
*Kudavira & Chorus:*
*All* Pasi pano vagarike vaakanzwira tsitsi
*Madetembo:*
1. Tenzi mungachirega muranda wenyu zvino achienda norugare
2. Nokuti meso angu aona ruponeso rwenyu rwamakagadzirira ndudzi dzose dzavanhu.
3. Chiedza chokuvhenekera vokunze nomukurumbira wavanhu venyu vaIsiraeri
4. Vakudzwe baba nomwanakomana namweya musande
5. Sezvakanga zviri pakutanga nazvino nakare kose kwemisi isingaperi Amen

# 613

**Mwari Ngaatikomborerere –** *A. Korofati*
*M: S/A* 1. Mwari ngaatikomborere
2. Ngaatikomborere
*V: S/A* Mwari ngaatinzwire nyashaa atikomborere-e ngaativhenekere nechiso chake kuti nzira yake noruponeso rwakee ruzivikanwe pakati pe ndu-dzidzose
*B* Ngaatinzwire nyasha atikomborereee --- ativhenekere – nechiso – chake – kuti nzira yaake noruponeso ruzivi kanwe --- nendudzi dzose
*Madetembo:*
1. Vanhu ngavakurumbidzei imi Mwari vakurumbidzei vose pamwe chete.
2. Ndudzi ngadzifare nokupururudza, nokupururudza ha no mufaro
3. Munotonga nokutungamiraha nokutungamirira zvakarurama

*Chorus:*
*S/A* Ngaativhenekeree --- atikomborere
*T/B* Ngaativhenekere Mwari atikomborere

## 614

**Mwari Ngaave Nesu Misi Yose –** *C. Chinyada*
*M: S/A* Mwari ngaave nesu misi yose
*V: S/A* Mwari worugare ngaave nesu misi yose
Worugarehe ngaave nesu misi yose
*B* Mwari worugare ngaave nesu misi yose
Mwari worugare – worugare – ngaave nesu misi yose
*Madetembo:*
1. Uti kuna Mambo Mwarihii ndimi utiziro hwangu nenhare yangu Mwari wangu wangu wandinovimba naye
2. Nokuti ndiye anokusunungura kuzviteyo zvomuvhimii anokuponesa pahosha dzinouraya zvikuru
3. Ndiyewo anokufukidza neminhenga yake kuti ugotizira pasi pamapapiro ake
4. Kutendeka kwake inhowo yako haufaniri kutya zvinobvundisa zvousiku
*Chorus:*
*B* Mwari achiti – Mwari achiti ndichamurwira zvaanoziva zita rangu
*S/A* --- Zvaanondinamata ndichamuponesa ndichamurwira zvaanoziva zita rangu

## 615

**Mwari Ngoni Norupfave –** *Br L. Bvukumbwe*
*M:* Mwari ngoni norupfave
*V: All* Mwari ngoni norupfave ndadzokera kunemi, ndiri mwana wenyu ndi nokumbira nesimba – ndinorasa mhaka dzangu handichapamhidza Yesu Mambo ndiregererei
*Madetembo:*
1. Namatadzo ndakodzera nhamo dzose nokufa kutsva misi isingaperi mumba masatani
2. Nokutadza ndakarasa nhaka yangu yedenga kwavangere vachipenya vachifara nemi

## 616

**Mwari Nyakugara Ngaarumbidzwe –** *J. Tichapondwa*
*M:* Mwari nyakugara ngaarumbidzwe
Nyakugara ngaarumbidzwe
*V: All* Mwari ngaarumbidzwe nyakugara narini – umambo hwake hunogara narini – ngaarumbidzwe Mwari ngaarumbidzwe – Mwari ngaarumbidzwe

*Madetembo:*
1. Anotiranga achizotinzwira tsitsi-i anotinzwira tsitsi
2. Anodzikisa vanhu munzvimbo yavafi achizovabudisa mairi – anotibvisa munzvimbo yavakakafa
3. Ngatinamataei Mwari pachena – pachena timurumbidze vanhu vose vachiona
4. Tikadzokera kwaari nomoyo nomweya wose anodzokera kwatiri haatifuratiri
5. Tikava nomugariro-o wamazvirikwazvo anodzokera kwatiri haatifuratiri

*Chorus:*

*S/A* Mwari wedu ndiye Tenzi – ndiye Mwari wedu-u ndiye Baba warini narini wose – ngaarumbidzwe Mwari ngaarumbidzwe Mwari ngaarumbidzwe

*B* Mwari wedu ndiye Tenzi – Mwari wedu-u – ndiye Baba narini wose – ngaarumbidzwe Mwari ngaarumbidzwe Mwari ngaarumbidzwe

# 617

**Mwari Tauya Nezvibereko Zveminda –** *V. Zvichauya*

*M:* Mwari tauya

*V: S/A* Nezvibereko zveminda yedu Mwarii taauya kwamuri nezvibereko zve minda yedu

*B* Nezvibereko zveminda yedu Mwarii taauya nezvibereko zveminda yedu

*Madetembo:*
1. Vana vaMwari tambidzai kuna Mambo zvibereko zveminda
2. Mwari akashongedza mwaka nendaza yokukomborerwa akatipa kucheka kwakanaka
3. Akashanyira pasi ndokudiridza akapapfumisa kwazvo
4. Akatigadzirira zviyo ndokutipa zvokudya zvedu zvezuva roga roga
5. Akakomborera zvinomera zvapasi rwizi rwaMwari ruzere nemvura
6. Akanyorevesa nemvura inopfunha pasi mafuro akafukidzwa namapoka ezvipfuwo
7. Mapani akafukidzwa nezviyo zvinopururudza zvichiimba

# 618

**Mwari Tauya Nezvibereko Zveminda** – *A. Shamu Maurunge*

*M:* Mwari tauya

*V: All* Nezvibereko zveminda yedu

*M:* Tinotenda

*V: All* Kwamuri areruya

*Madetembo:*
1. Vana vaMwari tambidzai kuna Mambo zvibereko zveminda
2. Mwari akashongedza mwaka nendaza yokukomborerwa akatipa kucheka kwakanaka
3. Akashanyira pasi ndokudiridza akapapfumisa kwazvo

4. Akatigadzirira zviyo ndokutipa zvokudya zvedu zvezuva roga roga
5. Akakomborera zvinomera zvapasi rwizi rwaMwari ruzere nemvura
6. Akanyorevesa nemvura inopfunha pasi mafuro akafukidzwa namapoka ezvipfuwo
7. Mapani akafukidzwa nezviyo zvinopururudza zvichiimba

# 619

**Mwari Tauya Kwamuri –** *N.S. Zimbodza*

*M:* Mwari tauya kwamuri

*V: All* Mwari tauya kwamuri tauya nezvibereko zveminda yedu yedu Alleluya

*Madetembo:*

1. Mwari akashongedza mwaka nendaza yokukomborerwa akatipa kucheka kwakanaka
2. Akashanyira pasi ndokudiridza akapapfumisa kwazvo
3. Akatigadzirira zviyo ndokutipa zvokudya zvedu zvezuva roga roga
4. Akakomborera zvinomera zvapasi rwizi rwaMwari ruzere nemvura
5. Akanyorovesa nemvura inopfunha pasi mafuro akafukidzwa namapoka ezvipfuwo

*Chorus:*

*All* Vana vaMwari tambidzai kuna Mambo zvibereko zveminda

# 620

**Mwari Tava Kupera –** *J.K. Dzingai*

*M:* Mwari tava kupera

*V: S/A* Kotamirai Mambo kuzotiponesa, muchimbidzike Mwari muchimbidzike tava kupera

*B/T* Mwari chimbidzikai tava kupera Mambo, muchimbidzike Mwari, tava kupera

*Madetembo:*

1. Ini ndiri ruponeso rworudzi ndizvo zvinotaura Mambo
2. Ngavachemere kwandiri munhamo dzose ndinoda kuvanzwa nokuva Mwari wavo narini
3. Terera mitemo yangu iwe rudzi rwangu
4. Zarura nzeve dzako kumanzwi omuromo wangu
5. Kana ndichidana kunaMwari Mambo achandiponesa
6. Kandira mutoro wako pamusoro paMambo iye achakusimbisa
7. Vakudziwe Baba nomwanakomana nomweya musande

## 621

**Mwari Tendeukirai –** *A. Nyika*

*M:* Mwari tendeukirai
Tendeukirai

*V: All* Kunesu mutipewo rupenyu rutsva

*Madetembo:*

1. Mambo batai mwoyo wangu ndigotya zita renyu
2. Rudzi rwenyu ruchakuteurirai zvipo zvomupiro nomufaro
3. Ndinokumirirai kubvira magwanani kusvikira manheru, nokuti ndimi mununuri wangu
4. Imi mugere pamusoro pamakore muzviratidze kurudzi rwenyu
5. Penyesai chiso chenyu pamusoro pedu togoponeswa
6. Uyai nesimba nembiri vanhu vose vachazokuonai

## 622

**Mwari Tendeukirai –** *R. Tonganai*

*M:* Mwari tendeukirai

*V: S/A* Kunesu mutipewo Mwari tendeukirai mutipewo mutipewo rupenyu rutsva

*B* Mwa-ri tendeukirai tendeukirai Mwarii mutipewo rupenyu rutsva

*Madetembo:*

1. Mambo batai mwoyo wangu ndigotya zita renyu
2. Rudzi rwenyu ruchakuteurirai zvipo zvomupiro nomufaro
3. Ndinokumirirai kubvira magwanani kusvikira manheru, nokuti ndimi mununuri wangu
4. Imi mugere pamusoro pamakore muzviratidze kurudzi rwenyu
5. Penyesai chiso chenyu pamusoro pedu togoponeswa
6. Uyai nesimba nembiri vanhu vose vachazokuonai

## 623

**Mwari Tendeukirai Kunesu** – *Sr Lioba Gana (LCBL)*

*M:* Mwari tendeukirai kunesu

*V: All* Mwari tendeukirai kunesu – mutipewo rupenyu rutsva-a, Mwari tendeukirai kunesu mutipewo rupenyu rutsva

*Madetembo:*

1. Mambo batai mwoyo wangu, ndigotya zita renyu
2. Rudzi rwenyu ruchakuteurirai, zvipo zvomupiro nomufaro
3. Ndinokumirirai kubvira magwanani kusvikira manheru, nokuti ndimi mununuri wangu
4. Imi mugere pamusoro pamakore, muzviratidze kurudzi rwenyu
5. Penyesai chiso chenyu pamusoro pedu, togoponeswa
6. Uyai nesimba nembiri, vanhu vose vachazokuonai

## 624

**Mwari Tenzi Batsirai Mweya Wangu** – *P.Gunyeki*

*M:S/A* a) Mwari Tenzi batsirai mweya wangu
b) Batsirai mweya wangu

*V:S/A/T* Ndine nhamo huru kwazvo ndine nhamo, mweya wangu nenyama yangu zvinopikisana zvinorwa

*B:* Ndine nhamo huru kwazvo ndine nhamo, zvinhu zviviri izvi – imhandu nemhandu, zvinorwa

*Madetembo:*

1. Kudhakwa, upombwe noumhondi, zvichandishayisa nhaka youshe hwaMwari
2. Kuroya, kuvenga, nharo zvichandishaisa nhaka youshe hwaMwari
3. Shanje, shungu, kuzvifungaa, zvichandishaisa nhaka youshe hwaMwari
4. Kutenda kwokunyengedzera, kuchandishaisa nhaka youshe hwaMwari
5. Utsinye, makuhwa nokugodora vamwe, zvichandishaisa nhaka youshe hwaMwari

*Chorus*

*B* Asi Mweya --- ndiye rupenyu Mweya --- rugaree, kuzvidzora ndiye rudo --- kuita zva-ka-naka

*S/A/T* --- Mweya ndiye rupenyu --- Mweya rugaree, kuzvirereka --- shingairai kuita zvaka-naka

## 625

**Mwari Tinoimba Nokufara Wamuka –** *A .Mudhara*

*M* Mwari tinoimba nokufara wamuka Mambo

*V:S/A* Alleluya mbiri kunaMambo Alleluya wakakurira rufu ridzai mabhosvo namarimba wamuka muponesi

*B* Alleluya mbiri kunaMambo Mambo wamuka Alleluya wakakurira rufu naizvozvo ridzai mabhosvo namarimba wamuka muponesi

*Madetembo:*

1. Ombererai nesimba Mambo wamuka kuzotinunura
2. Mambo wakatifira kuzotipa rupenyu rutsva
3. Alleluya wabuda muguva Mambo Yesu
4. Nesimba renyu Yesu rufu rwakakundwa

## 626

**Mwari Tinokurumbidzai –** *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M: S* Mwari tinokurumbidzai
Tinokurumbidzai

*V: All* Mwari makatipa rupenyu rutsva nemvura naMweya Mutsvene A-re-ruya

*Madetembo*:

1. Mweya wangu une nyota yaMwari
2. YaMwari mupenyu

3. Mweya wangu unotakwairira
4. Unotakwairira imi Mwari
5. Senondo inotakwairira
6. Hova dzemvura
7. Une nyota yaMwari
8. YaMwari mupenyu
9. Ndichasvika riniko
10. Ndionekwe naMwari
11. Ndinovimba naMwari
12. Ndiye ruponeso rwechiso changu
13. NaMwari wangu

*Chorus*:

*V: All* Tinokurumbidzai Mwari imi makatipa rupenyu

## 627

**Mwari Tinzwireiwo Tsitsi –** *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M: S* Mwari tinzwireiwo tsitsi
Tinzwireiwo tsitsi

*V: All* Mwari tinzwireiwo tsitsi nokuda kwounyoro hwenyu

*Madetembo*:

1. Mambo hamudi kuti mutadzi afe
2. Munoda kuti atendeuke ararame
3. Dzimai zvikanganiso zvedu
4. Nokuda kwengoni dzenyu
5. Isai mwoyo wakachena mukati medu
6. Muvandudze mweya wakarurama mukati medu
7. Dzoseraizve kwatiri mufaro woruponeso rwenyu
8. Titsigire nomweya kuti ude zvakanaka
9. Musatipa sezvafanira matadzo edu
10. Mutinunure nokuda kwezita renyu
11. Tinodaidzira kunemi Mwari
12. Tererai kuteterera kwedu
13. Ngatitendeukire kuna Mwari
14. Nemwoyo yedu yose

*Chorus:*

*All* Tinzwireiwo tsitsi nokuda kwounyoro hwenyu

## 628

**Mwari Tinzwireiwo Tsitsi –** *C. Togo*

*M:* Mwari tinzwireiwo tsitsi, Mwari-i tinzwireiwo tsitsi Mwari-i

*V: S/A* Tinzwireiwo tsitsi Mwari, nokuda kwounyoro hwenyu, Mwari tinzwirei
wo tsitsi

*B* Nokuda kwounyoro hwenyu nokuda kwounyoro hwenyu, Mwari tinz wireiwo tsitsi

*Madetembo:*

1. Mambo hamudi kuti mutadzi afe, munoda kuti atendeuke ararame
2. Dzimai zvikanganiso zvedu, nokuda kwengoni dzenyu
3. Isai mwoyo wakachena mukati medu, muvandudze mweya wakarurama mukati medu
4. Dzoseraizve kwatiri mufaro woruponeso rwenyu, titsigire nomweya kuti ude zvakanaka

## 629

**Mwari Uyai Kuzondibatsira –** *M.J.P.N. Mushuku*

*M:* Mwari uyai

*V: All* Chimbidzai Mwari kuzondibatsira uyai uyai Mambo, mundinunure

*Madetembo:*

1. Itai kuti vanyare
2. Nokudzimaidzwa
3. Avo vanoda kuparadza
4. Rupenyu rwangu
5. Vadzokere kwavabva
6. Vazere nenyadzi

*Chorus:*

*All* Chimbidzai Mwarii mundinunure

## 630

**Mwari Uyai Munamasimba Ose –** *H.M. Gambiza*

*M* Mwari uyai

*V: S* Mwari uyai kuzotinunura Mwari muna masimba ose uyaizve kuzotinunura

*B* Mwari uyai --- tinunura-ha Mwari uyai kuzotinunura

*Madetembo:*

1. Mambo batai moyo wangu ndigotya zita renyu
2. Rudzi rwenyu ruchakuteurirai zvipo zvomupiro nomufaro
3. Ndinokumirirai kubvira mangwanani kusvikira manheru nokuti ndimi mununuri wangu
4. Imi mugere pamusoro pamakore muzviratidze kurudzi rwenyu
5. Penyesai chiso chenyu pamusoro pedu tigoponeswa
6. Uyai nesimba nembiri vanhu vose vachazokuonai

## 631

**Mwari Uyai Mundinunure –** *C. Chawasarira*

*M:* Mwari uyai
*V: All* Mundinunure chimbidzai Mambo-o kuzondibatsira
*Madetembo:*
1. Itai kuti vanyare --- nokudzimaidzwa
2. Avo vanoda --- kuparadza rupenyu rwangu
3. Vadzokesei vadzimaidzwa --- vanonditi tsvatu waro
4. Asi avo vanokutsvagai --- vapembere nomufaro
5. Vanoda rubatsiro rwenyu --- vagaroti Mwari ngaarumbidzwe
6. Ndibatsireiwo Mwari --- murombo wkanetsekana
7. Ndimi muyamuri wangu --- mununuri wangu musanonoke

*Chorus:*
*All* Chimbidzai Mambo --- kuzondibatsira

## 632

**Mwari Uyai Mundinunure –** *F.B. Machingauta*

*M:* Mwari uyai mundinunure
*V: All* Uyai Mwari uyai mundinunure, uyai chimbidzai Mambo chimbidzai kuzondibatisra
*Madetembo:*
1. Itai kuti vanyare nokudzimaidzwa avo vanoda kuparadza upenyu hwangu
2. Itai kuti vanofarira nhamo dzangu vadzokere kwavabva vazere nenyadzi
3. Vadzokesei vadzimaidzwa avo vanonditi tsvatu waro tsvatu waro
4. Asi avo vose vanokutsvagai itai vapembere nomufaro nokufarisisa munemi
5. Ndibatsirei Mwari inika murombo wakanetsekana

*Chorus:*
*S* Ndimi muyamuri wangu mununuri wangu chimbidzai musanonoke, mu nunuri wangu musanonoke
*B* Ndimi muyamuri wangu mununuri wangu chimbidzai musanonoke, mu nunuri wangu chimbidzai

## 633

**Mwari Uyai Mwari –** *Fr F. Mabiri*

*M:* Mwari uyai Mwari
Mwari Baba Uyai
Mwari Mwanakomana Uyai
Mwari Mweya Mutsvene uyai
*V: All* Mwari uyai, Mwari uyai, Mwari uyai kuzondibatsira
*Madetembo:*
1. Uyai mutinunure
2. Itai kuti vanyare

3. Nokudzimaidza
4. Avo vanoda kuparadza
5. Rupenyu rwangu
6. Vadzokere kwavabva
7. Vazere nenyadzi

*Chorus:*
*All* Chimbidzai kuzondibatsira

## 634

**Mwari Vanoti –** *M.J.P.N. Mushuku*

*M:* Mwari vanoti
*V: S/A* Mumba mangu muchanzi mokunamatira, muchanzi mumba mokunamatira
*B* Mokunamatira, mokunamatira umu muchanzi mumba mokunamatira

*Madetembo:*
1. Ani naani anokumbira ari imomo
2. Ari imomo ndiye anopiwa
3. Anotsvaga anowana
4. Anogogodza ndiye anozarurirwa
5. Uyai tiimbire Mwari
6. Ngatipururudze dombo roruponeso rwedu

*Chorus:*
*S/A* Mokunamatira, muchanzi mumba mokunamatira
*B* Mokunamatira, umu muchanzi mumba mokunamatira

## 635

**Mwari Wakanaka –** *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*

*M:* Mwari wakanaka
Wakanaka
*V: S/B* Mwari wakanakaa, wakatiponesa mukuru, Mwari mukuru wakanaka wakatiponesa tinofara
*T* Mwari wakanaka mukuru Mwari mukuru wakanaka wakatiponesa tinofara

*Madetembo:*
1. Handingakusiyii muri nherera, ndinoenda ndichadzokera kwamuri
2. Kana takamutswa pamwe naKristo, chitsvagai zviri kumusoro
3. Mwari anobata ushe hwendudzi dzose, Mwari agree pachigaro chake choushe
4. Imi muri rudzi rwakasharwa, kuti muparidze kunaka kwaMwari
5. Mwari akakuwanirai, makabva parima
6. Makawana mwenje waMwari, norupenyu rwake
7. Vakudziwe Baba noMwanakomana naMweya Musande
8. Sezvakanga zviri pakutanga nazvino nakare kose, nemisi isingaperi Amen

*Chorus:*
*All* Mwari mukuru wakanaka wakatiponesa tinofara

## 636

**Mwari Wamasimba ose –** *E .Manjamkosi*
*M* Mwari wamasimba ose
*V: S/A* Mwari Mambo tinoimba tichishama basa renyu imi wamasimba ose
*B* --- Mambo tinoimba --- basa renyu imi wamasimba ose
*Madetembo:*
1. Tinokurumbidzai tose
2. Pasi pasingabvi misi yose mugere
3. Denga harinoneta richikudza musande
4. Pasi pose pana vanhu vanokudza imi Baba
5. Vanokudza Yesu Kristo mwanakomana wenyu
*Chorus:*
*S/A* Vanoramba vachiimba vangere vose vose
*B* Kerubhimu naSerafimu vose

## 637

**Mwari Wangu Ini Ndinokukudzai** – *B. Ringisai*
*M* Mwari wangu ini ndinokukudzai
*V: S/A* Ini ndicharumbidza Mambo, mazuva ose orupenyu rwangu, ndicharum bidza Mwari wangu, kusvikira rini narini, Tenzi ari pedyo navose vanod aidza kwaari vose vanodaidza kwaari nomwoyo wose
*B* --- Ndicharumbidza Mambo, mazuva ose orupenyu rwangu, ndichar umbidza Mwari wangu kusvikira rini narini Tenzi ari pedyo navose vano daidza kwaari --- vanodaidza kwaari nomwoyo wose
*Madetembo:*
1. Tenzi mukuru anokodzera kurumbidzwa
2. Tenzi ane rudo nomoyochena uye anonzwira tsitsi
3. Tenzi anobatsira vari mumatambudziko uye anochengeta vose vanomuda
*Chorus:*
*S/A* Tenzi ari pedyo navose vanodaidza kwaari vose vanodaidza kwaari nom woyo wose
*B* --- Tenzi ari pedyo navose vanodaidza kwaari --- vanodaidza kwaari nom woyo wose

## 638

**Mwari Wangu Mandisiireiko** – *C. Chisi*
*M:S* Mwari wangu mandisiireiko?
*A* --- Mwari wangu mandisiireiko?
*V: S/A* Mwari – Mwari wangu – Mwari wangu, Mwari wangu – Mwari wangu

mandisiireiko – mandisiireiko?

*B* Mwarii, Mwari wangu – Mwari, Mwari wangu Mwari wangu mandisiireiko –mandisiireiko?

*Madetembo:*

1. Ndinodana masikati asi hamupinduri nousiku asi handiwani zororo – Mwari wangu …
2. Ini ndiri honye - handizi munhu - ndiri chinhu chinozvidzwa navanhu – Mwari wangu …
3. Ndakaiswa kwamuri kubva ndichiri mudumbu – Mwari wangu …
4. Ndimi Mwari wangu kubva ndichiri pazamu ramai vangu – Mwari wangu …

*Chorus:*

*S/A* Regai kuva kure nokuti njodzi – iri pedyo nokuti njodzi iri pedyo

*B* Regai kuva kure neni-hi njodzi iri pedyo nokuti – nokuti njodzi iri pedyo

# 639

**Mwari Wangu Mandisiireiko –** *Pius J. Mubako*

*M:* Mwari wangu

*V: All* Mandisiireiko, Mwari wangu mandisiireiko, Mwari wangu Mwari wangu.

*Madetembo:*

1. Munomirireiko kure pakundibatsira, napamashoko okuchema kwangu?
2. Ndinodana masikati asi hamupinduri, nousiku asi handiwani zororo.
3. Ini ndiri honye, handizi munhu, ndiri chinhu chinozvidzwa navanhu
4. Regai kuve kure neni nokuti njonzi iri pedyo
5. Ndakaiswa kwamuri kubva ndichiri mudumbu
6. Ndimi Mwari wangu, kubva ndichiri pazamu ramai vangu

# 640

**Mwari Wangu Mandisiyirei** – *M.Kanene*

*M* Mwari wangu mandisiyirei

*V:S* Mwaari waangu mandisiyireiko Mwari waangu Mwari wangu Mwari wangu mandisiyirei

*A* Mwaari waangu mandisiyirei mandisiyireiko
Mwaari waangu Mwari wangu mandisiyirei

*B* Mwaari waangu mandisiyirei Mwaari-hi
Mwari wangu Mwari waangu mandisiyireiko

*Madetembo:*

1. Ini ndiri honye handisi chinhu ndiri chinhu chinozvidzwa navanhu
2. Munomirireiko kure pakundibatsira napamashoko okundibatsira

## 641

**Mwari Wangu, Mwari Wangu –** *T.M. Dunduru*

*M:* Mwari wangu, Mwari wangu
*V: S/A* Ndinokumbira kuregererwa --- zvandakakutadzirai
*B* --- Kuregererwa-a zvose kutadzirai

*Madetembo:*

1. Nokuti anokodzera chirango chenyu chinobvundisa
2. Nokuti akasakisa kuti muponesi wangu Yesu Kristo arovererwe pachipiyaniso
3. Asi zvikuru nokuti akakutadzirai imi makanaka zvisina mugumo
4. Ndotsunga zvakasimba ndichibatsirwa negirasiya renyu
5. Kurega kukutadzirai pakare nokuvenga zvose zvinondifurira kukutadzirai
6. Amen, Amen, Amen, Amen, Amen.

*Chorus:*

*S/A* Ndinopfidza matadzo angu, matadzo angu ose-ose
Ndinoasema kupinda zvose zvose
*B* --- Matadzo angu matadzo angu ose ose ndinoasema kupinda zvose zvose

## 642

**Mwari Wangu NaMambo Wangu –** *Sr. Victoria Sanyika (LCBL)*

*M: S/A* Mwari wangu naMambo wangu
*V: S/A* Ndipeiwo mwoyo mukuru, mwoyo mukuru, Mwari wangu ndipeiwo mwoyo, mwoyo mukuruuu.
*B* Ndipeiwo mwoyo mukuruu mukuruu, Mwari ndipeiwo mwoyo mukuruu.

*Part 1*

*Madetembo:*

1. Ndipeiwo maziso erudo nechitendero chokukuzivai. Nyangwe mumhutee nerima rinodzikatira chitendero changu
2. Mwari wangu ndiyeukei pandinoomerwa nerupenyu panguva yangu yerima pandinosurukirwa.
3. Mutsai mwoyo wangu une chinono kuti ndirangarire rudo rwenyu runondichengeta uye tsitsi dzenyu dzisina mugumo.
4. Negirasiya renyu ndichaedza kuti ndive ndakasiyana nezvandakanga ndiri nyangwe zvakaoma sei zvazvo.
5. Naizvozvo Mambo wangu ndibvisei hunhu husina maturo. Mundiite ane mwoyo mukuru chaiwo.

*Part 2*

*All* Ndibatsirei ndikuonei muvanhu vose varombo, vanhu nhando zvavo, vanosvoteswa navaya vakadzvinyirirwa.

*Madetembo:*

1. Itai kuti munhu wose andinosangana naye ave nani pamusana pokundiziva afare nokuti apfuura napakanzira kangu.
2. Ndibatsirei pandinenge ndaneta uye kana ndagumburwa ndizviudze

nechemumwoyo kuti 'Inga ndiMambo wani'.

## 643

**Mwari Wangu Ndanyudza Midzi –** *L. Mukosera*

*M* Mwari wangu ndanyudza midzi murudo rwenyu
*S* Ndanyudza midzi yangu murudo rwenyu Mwari Baba ndinotenda ndinokuonaiwo patsva mashoko enyu mumwoyo mangu
*A* --- Midzi yangu murudo rwenyu Mwari Baba ndinotenda ndinokuonaiwo patsva mashoko enyu momwoyo mangu
B --- Midzi yangu --- rwenyu Mwari Baba ndinotenda --- o-naiwo patsva --- enyu mumwoyo mangu

*Madetembo:*

1. Anondiratidza nzira yokukuzivai nayo chibataiwo mwoyo wangu
2. Dziviriraiwo zvose zvamakadyaramo ndiri kuswedera pedyo nemi
3. Ndinozvikumikidza kwamuri Mwari Baba itai kuti nditendere
4. Ndigare nokukura ndiri mwana wenyu wamunofarira zvikuru

*Chorus:*

*S/A* Ndinokuonaiwo patsva mashoko enyu momwoyo mangu
*B* --- Onaiwo patsva --- enyu mumwoyo mangu

## 644

**Mwari Wangu Ndinofara Kwazvo –** *F.T. Chimukupete*

*M: S/A* Mwari wangu ndinofara kwazvo
*V: S/A* Ndinofara kwazvo nokuti muri kwose (x3)…
Muri kwose --- kwose kwandinenge ndiri
*B/T* Mwari wangu --- kwandinenge ndiri --- Mwari wangu muri kwose --- ndi nofara kwazvo --- muri kwose --- kwose kwandinenge ndiri.

*Madetembo:*

1. Kupi nokupi kwandinenge ndiri imi Mwari wangu munenge muineni.
2. Munenge muchindiona muchindichengeta.
3. Munogara neni kuti mundibatsire.
4. Munogara parutivi pangu kuti mupote muchindidzivirira nhamo navasemi vangu.
5. Munogara mandiri kuti murambe makandibata ndirege kuwira pasi.
6. Munhu anokutsvagai nomoyo wake wose anokuwanai kwose kwaanoenda.
7. Hapana anogona kuzvipiradzanisa nemi nokuti iye pachake akabatwa noruoko rwenyu.
8. Zvino Mwari wangu ndipeiwo mwoyo unokudai, unofarira mbiri yenyu yokudenga.

*Chorus:*

*S/A* --- Nokuti Mwari wangu --- muri kwose --- kwose kwandinenge ndiri.
*B/T* Ndinofara kwazvo --- muri kwose --- kwose kwandinenge ndiri.

# 645

**Mwari Wangu Ndinokudai** – *A.S. Mapurisa*

*M: S/A* Mwari wangu ndinokudai
Ndinokudai nomoyo wangu wose

*V: S/A* Ndinokudai ndinokudai Mwari wangu-u ndinokudai nomoyo wangu wose nokuti makanaka –a --- makanaka Mwari, makanaka-a munokodzera kudiwa kwazvo.

*B* Ndinokudai ndinokudai Mwari nomoyo wangu wose --- nokuti makanaka makanaka Mwari makanaka, munokodzera kudiwa kudiwa kwazvo.

*Madetembo:*

1. Ndinokudai Mwari wangu ndinokudai kupinda zvose.
2. Nokuda kwenyu ndinoda vamwe sokuda kwandinozviita.

*Chorus:*

*S/A* Nokuti makanaka –a --- makanaka Mwari makanaka –a
Munokodzera kudiwa kwazvo.

*B* Nokuti makanaka makanaka Mwari makanaka
Munokodzera kudiwa kudiwa kwazvo.

# 646

**Mwari Wangu Ndinzwireiwo Tsitsi –** *M. Marimazhira*

*M: S/A* Mwari wangu ndinzwireiwo tsitsi-i

*V: S/A/T* Ndakakutadzirai-i ndakaita chinhu chinhu chakaipa-a ndakaberekerwa-a mumatadzo-o

*B* Ndakakutadzirai imi --- chinhu chakaipa-a ndakaberekwa
Ndakaberekwa mumatadzo

*Madetembo:*

1. Ndishambidzei kwazvo pakusarurama kwangu
2. Mundinatsewo Mwari pachitadzo changu
3. Tarirai ndakaberekwa mumatadzo
4. Mai vangu vakandinamba mumatadzo
5. Sikai mukati mangu mwoyo wakachena Mwari
6. Isai mukati mangu mweya mutsva wakasimba

*Chorus:*

*B* Mambo ndishambidzei, ndishambidzei ndichene
Ndichenesei ndichenese ndichene

*S/A/T* --- Ndishambidzei ndichene, ndichene ini ndichene (x2)

# 647

**Mwari Wangu Nditaririreiwo** – *S. Chakanya*

*M: S/A* Mwari wangu nditaririreiwo

*V: S/A* Zvino Tenzi-i ndifungeiwo munditaririree, regai kundirangaa kundirangira

zvandakakutadzirai-i, kunyangwe zvitadzo zvamadzitateguru anguu ndin zwireiwo tsitsi

*B* --- Tenzi-i wangu Tenzi munditaririre, regai kundiranga regai kundiranga regai kundiranga zvitadzo zvamadzitateguru angu regai kundiranga

*Madetembo:*

1. Hongu ndakakutadziraii ndakakutadzirai ndinzwireiwo tsitsi
2. Tenzi imi makanaka imi makanaka-a ndinzwireiwo tsitsi
3. Zvirinane kufa ndiuye kwamuri kwandinondogara
4. Tenzi musandifuratira musandifuratiraa ndinzwireiwo tsitsi

*Chorus:*

*S/A* Regai kundirangaa kundirangira zvandakakutadzirai, kunyangwe zvitadzo zvamadzitateguru anguu ndinzwireiwo tsitsi

*B* --- Regai kundiranga regai kundirangira regai kundiranga zvitadzo zvama dzitateguru anguu regai kundiranga

## 648

**Mwari Watishanyirawo –** *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M: S* Mwari-i

*V: All* Mwari watishanyirawo Areruya

*M: S* Mwari-i

*V: All* Watishanyirawo Areruya Areruya

*Madetembo:*

1. Uyai marudzi ose pfugamirai Mambo Yesu Kristo
2. Wakakomborerwa uyo anorangarira mashoko aMwari nguva dzose

## 649

**Mwari Watishanyirawo** – *Fr R.C. Pasvani*

*M:* Mwari watishanyirawo-o

*V: S/A* Alleluya-a, Alleluya Mwari watishanyirawo Alleluya

*B* Alleluya-a, Alleluya Mwari-i watishanyirawo Alleluya

*Madetembo:*

1. Uyai marudzi ose
2. Pfugamirai, pfugamirai Mambo Yesu Kristo
3. Wakakomborerwa uyu, anorangarira mashoko aMwari-i, mashoko aMwari nguva dzose

*Chorus:*

*S/A* Mwari watishanyirawo Alleluya

*B* Mwari-i watishanyirawo Alleluya

# 650

**Mwari Watishanyirawo –** *S. Shiri*

*M:* Mwari watishanyirawo x2
*V: All* Alleluya Alleluya Mwari watishanyirawo
*Madetembo:*
1. Uyai marudzi ose, ose pfugamirai Mambo, MamboYesu Kristo
2. Wakakomborerwa uyu, uyu anorangarira, mashoko aMwari nguva dzose

*Chorus:*
*All* Alleluya Mwari watishanyira Alleluya

# 651

**Mwari Wedu Akukomborerei** – *A. Mugabe*

*M* Mwari wedu akukomborerei
*V: S* Mambo akukomborerei Alleluya Mambo Mwari wedu Alleluya akukomborerei
*B* Mambo akukomborerei Mwari wedu Mwari akukomborerei
*Madetembo:*
1. Zvino Mambo itai kuti vakutunhidzei nemwoyo yose
2. Vakakomborerwa vanotya Mambo nokufamba panzira yake
3. Tarirai kunaka kwazvo kana hama dzichigara pamwechete norugare

*Chorus:*
*S* Tarirai vana inhaka vana inhaka inobva kunaMwari
*B* --- Vana inhaka tarirai vana inhaka --- kunaMwari

# 652

**Mwari Worugare Ngaave Nemi –** *A. Mafukidze*

*M* Mwari worugare
*V: S/A* Ngaave nesu misi yose Mambo tinovimba nemi tipeiwo rugare
*B* Mambo Mwari worugare Mambo tinovimba nemi tipeiwo rugare
*Madetembo:*
1. Uti kunaMambo Mwari ndimi utiziro hwangu nenhare yangu Mwari wangu wandinovimba naye
2. Nokuti ndiye anokusunungura kuzviteyo zvomuvhimi anokuponesa pahasha dzinouraya zvikuru
3. Ndiyewo anokufukidza neminhenga yake kuti ugotizira pasi pamapapiro ake
4. Kutendeka kwake inhoo yako haufaniri kutya zvinobvundisa zvousiku
5. Nokuti diziro rako ndiMambo wakamuita nhare yako
6. Hapana chakaipa chingakuwira matambudziko haachadzakiri kumba kwauri
7. Nokuti iye akaraira vangere vaka kuti vakungwarire
8. Ivo vachakubata namaoko avo kuti urege kugumburisa rutsoka rwako nebwe
9. Mwari achiti zvaanondinamata ndichamuponesa ndichamurwira zvaanoziva

zita rangu
10. Kana achidana ndichanzwa kana apinda mukutambudzika ndichamubatsira nokumukudza

## 653

**Mwariwe Kurasika Inyore** – *A.A Mapurisa Simbi*

*M: S/A* Mwari we-e kurasika inyore

*V: S/A* Kurasika inyorenyore kurasika inyorenyore Mambo
Kurasika inyore asi kudzoka kunorema…
Baba vadiwa nzwiraiwo vana venyu ava hurombo muvape simba
Rokutendeuka kuti tose tisvike kwamuri kudenga

*B* Kurasika inyore --- inyorenyore Mambo
Kurasika inyore --- kudzoka kunorema…
Baba vadiwa nzwirai vana-a hurombo muvape
Simba rokutendeuka --- kuti tose tisvike kwamuri kudenga

*Madetembo:*

1. Vazhinji vanokonewa kudzoka pamusana penyadzi
Baba kudzoka kunorema…
2. Vamwe vakarasa moyo uye vamwe vanotya kusekwa nokutambudzwa
Baba kudzoka …
3. Pamusana pavo tinozvinyima nhasi kuti vawane moyo wokupfidza
4. Tinokumbirawo kuti tirege kuwira munjodzi yakadaro uye tiyeukewo kuti tiri vatadzi.

*Chorus:*

*S/A* Baba vadiwa nzwiraiwo vana venyu ava hurombo muvape simba
Rokutendeuka kuti tose tisvike kwamuri kudenga

*B* Baba vadiwa --- nzwirai vana hurombo
Muvape --- simba rokutendeuka --- kuti tisvike kwamuri kudenga.

## 654

**Mweya Musande Huyai – *F. Shamwari***

*M:* Mweya musande huyai

*V: S/A* Huyai mweya musande buritsai kudenga buritsai miseve yomwenje wenyu huyai, huyai muvheneki wemoyo

*B* Huyai mweya musande buritsai miseve yomwenje huyai muvheneki womoyo

*Madetembo:*

1. Uyai Baba vavarombo nyakupa wezvipo
2. Munyaradzi wakanakisa shamwari wadiwa mumweya
3. Chenesai zvine tsvina nokudiridza zvakaoma ponesai pose pane ronda

## 655

**Mweya Musande Imi –** *A. R Augusto*

*M: S/A* Mweya Musande imi, imi muri mubereki wangu

*V: S/A* Ndinosvoda nokuti nguva ndefu --- kukupai nzvimbo, imi mumoyo mangu

*B* --- Kutaura nemi --- ndakanga ndiisina-a, yamakagoverwa --- mumoyo mangu

*Madetembo:*

1. Ndipeiwo kunzwisisa kuti ndinofanira kukura – garai muchibata hana yangu
2. Nokuti nazvino ndichiri mucheche pauKristo – garai muchibata hana yangu
3. Kuti nditye nokuvenga, zvo-se zviri kunze kwokuda kwenyu – muchibata hana yangu
4. Ndibvisirwe zviya zvinogara zvichindishayisa-a-ka rugare – muchibata hana yangu
5. Kunyunyuta, kusatana kutsamwa, kuzvikudza – garai muchibata hana yangu
6. Kufungira vamwe zvakaipa, kufunga zvakasviba nokusada kuregerera vamwe – garai muchibata hana yangu

*Chorus:*

*S/A* Onai handigoni kukunda, nesimba rangu munozvikwanisa mandipa simba renyu

*B* --- Handigoni kukunda izvi zvose --- asi im-i --- ka-naa --- simba renyu

## 656

**Mweya Musande Mambo –** *M.J.P.N Mushuku*

*M:* Mweya musande Mambo

*V: All* Ndibatsireiwozve Mwari – kuchekana ukama hose norutadzo – ndigopindwa nechido chenyu Mwari ndigopindwa nechido chenyu

*Madetembo:*

1. Ndinonyara kutaura nemi nokuti nguva ndefu
2. ndakanga ndisina kukupai nzvimbo
3. yamakakodzera imi mumwoyo mangu
4. Hamudi kugara pachigara-vakwati
5. munoda kugara pachitukuriro
6. ndiyo nzvimbo yenyu mumoyo mangu
7. Ndinokumbira zvikuru kubvisirwa zviya zvinogara zvichishayisa rugare
8. Kunyunyuta, kusatana kutsamwa, kuzvikudza, kufungira vamwe zvakaipa
9. Kufunga zvakasviba nokusada kuregera vamwe
10. Onai handigoni kukunda izvi nesimba rangu
11. Asi imi munozvikwanisa kana mandipa simba renyu

*Chorus:*

*All* Imi – mweya musande mubereki wangu ndigopindwa nechido chenyu kuti ndirege kunyunyuta kusatana kutsamwa kufungira vamwe zvakaipa

# 657

**Mweya Musande Musande –** *M.J.P.N Mushuku*

*M:* Mweya musande musande

*V: S/A* Timutseiwo – tisimbiseiwo – tidzivirirei – tikweverei kwamuri – femai mukati medu tigofunga zvakarurama

*B* Timutsei tisimbisei – timutsei tikweverei kwamuri femai mukati medu tigofunga zvakarurama

*Madetembo:*

1. Tisimbisei tigozvichengeta zvakarurama
2. Tidzivirirei tirege kurasa zvakarurama

# 658

**Mweya Musande Mwari –** *S. Shiri*

*M:* Mweya musande mweya musande Mwari

*V: All* Makamboburukira muna vapostori

*Madetembo:*

1. Imi munopa girasiya
2. Uyai kundichenesa
3. Uyai mweya musande
4. Vhenekerai mweya wangu
5. Ndizive zvakanaka
6. Nditize zvakaipa
7. Uyai kundibatsira
8. Ndipei girasiya renyu
9. Mweya wakasimbisa
10. Mwoyo yavapostori
11. Wakamutsa munavo
12. Mwoyo isingavhunduki
13. Simbisai mwoyo wangu
14. Ndipei mwoyo mukuru

*Chorus:*

*All* Burukirai muneni

# 659

**Mweya Musande Uyai –** *S. Leboho*

*M* Mweya musande uyai

*Kudavira & Chorus:*

*All* Uyai Mweya musande uyai muzadze mwoyo yedu Alleluya Alleluya

*Madetembo:*

1. Tumai mweya mweya Mambo zvose zvichasikwa patsva
2. Tungidzai mwoto worudo mumwoyo medu

# 660

**Mweya WaKristo Ndisandiseiwo** – *L.Kaseke*

*M: S* Mweya waKristo ndisandiseiwo

*V: All* Mweya waKristo ndisandiseiwo, muviri wake ndiponeseiwo, nomweya wangu nditevedze Kristo, muviri wangu umuitire

*Madetembo:*
1. Ropa raKristo kunwa kusande-e zadzisai mwoyo ugofarawo
2. Mvura inobva mudivi rake ngaisukise matadzo angu
3. Ndarukutika ndotsvage simba panemi Yesu muchirwadziwa
4. Ndinotizira maronda enyu-u ndiwo mapako ndozogaramo
5. Yesu wadiwa ndinokumbira kusarasiwa nemi narini
6. She wangu ndimi handine mumwe-e inzwai kuchema kwomwana wenyu
7. Mundidzivire pfumo rasatani musi wokufa dondidanaiwo

*Chorus:*
*All* Ndigadzeiwo panavangere ndigokuimbaiwo navo kudenga ndisandiseiwo mweya waKristo

## 661

**Mweya waMwari –** *S.M. Ponde*
*M* Mweya waMwari x2
*V: All* Munovandudza zvose Areruya munovandudza zvose Areruya x2
*Madetembo*:
1. Mwari simukai muparadze vavengi venyu, vanokuvengai ngavatize pamberi penyu
2. Vakarurama ngavafare, vagofara kwazvo pamberi penyu
3. Imbirai Mwari ndiye simba redu, pururudzirai Mambo wedu
4. Akatigutsa nezviyo zvakanaka, nouchi hunobva padombo
5. Mweya waMwari muchavandudza chiso chenyika, mugotungidza moto worudo mukati medu

## 662

**Mweya WaMwari Munovandudza Zvose –** *C. Chinyada*
*M:* Mweya waMwari munovandudza zvose Alleluya
*V: S/A/T* Mweya waMwari-hi munovandudza zvose mweya waMwari-hi munovan dudza zvose Alleluya
*B* Mweya waMwari-hi munovandudza zvose mweya waMwari-hi mweya --- zvose Alleluya
*Madetembo:*
1. Vanokuvengai ngavatize pamberi penyu
2. Vakarurama ngavafare vagofara kwazvo pamberi penyu
3. Imbirai Mwari ndiye samba redu pururudzirai Mambo wedu

*Chorus:*
*All* Mwari simukai Mwari simukai muparadze vavengi venyu

## 663

**Mweya Wangu Unogarira Mwari** – *S. Gamuchirai Wenzeri*
*M:* 1) Mweya wangu unogarira Mwari woga…

2) Unogarira Mwari woga

*S* Mweya wangu-u Mweya wangu…….
Unogarira mwari woga………….
Ndiko kunobva ruponeso rwangu…..
Dombo rangu nomuponesi wangu…..

*B:* Mweya wangu, mweya wangu- Mweya --- garira
Mwari woga – kwaari — kuponeswa kwangu ndiye –
Mwari—nomuponesi wangu…….

*Madetembo:*

1.Mwari ndiye shongwe yangu, yakakwirira
2.Ndakatarisa kwamuri, senyika isina mvura
3.Kuti ndione simba renyu netsitsi dzenyu
4.Ndichakutendai, ndichirimupenyu

*Chorus:*

*B* Mwari wangu Mwari

*S/A* Ndinokutsvagai siku nesikati…….
Mweya wangu unenyota kwamuri……
Nyama yangu inokusuwai-i…….
Ndichakutendai, ndichiri mupenyu……

*B:* Ndinokutsvagai --- siku – nesikati…….
Mweya wangu
Unenyota kwamuri Mweya….
Inokusuwai nyama…….
Ndichakutendai, ndichiri mupenyu

## 664

**Mweya Wangu Unogarira Mwari –** *C. Chawasarira*

*M: S/A* Mweya wangu

*V: S/A* Unogarira Mwari woga kwaari ndiko kunobva kuponeswa kwangu ndiye oga dombo rangu handimbovhunduki nomuponesi wangu

*B* Unogarira Mwari woga kwaari ndiko kunobva kuponeswa kwangu --- dombo rangu shongwe yangu nomuponesi wangu

*B* Mweya wangu

*V: All* Garira Mwari

*B* Zvirokwazvo

*V: All* Vimba nayee nguva dzose

*Madetembo:*

1.Mwari ndimi Mwari wangu, ndinokutsvagai siku nesikati
2.Mweya wangu une nyota kwamuri, nyama yangu inokusuwai
3.Ndakatarira kwamuri senyika, senyika-a isina mvura
4.Kuti ndione simba renyu, simba renyu netsitsi dzenyu
5.Miromo yangu ichakurumbidzai, ndichakutendai ndichiri mupenyu

## 665

**Mweya Wangu Unopembererera Mambo –** *R. Zinyohwera*

*M: S/A* Mweya wangu unopemberera Mambo

*V: S/A* Nomoyo wangu wose-e unopemberera Mwarii ndinorumbidza Mambo muponesi wangu

*B* Nomoyo wanguu mweya wangu unopemberera ini Mambo muponesi wangu

*Madetembo:*

1. Nokuti wakatarisa netsiye nyoro netsiye nyoro-o muranda wake
2. Samasimba wakandiitira zvinhu zvikuru zita rake rinoera
3. Anonzwira tsitsi avo vanomutya-a kubvira chizvarwa nechizvarwa

*Chorus:*

*S/A* Ndinopemberera-a ndinopemberera Mwarii marudzi ose achanditi munatswi

*B* Ndinopemeberea-a ini kubvira zvino achanditi munatswi

## 666

**Mweya WaTenzi Mwari Uneni** – *J.M. Jiri*

*M: S/A* Mweya waTenzi Mwari uneni

*V: S/A* Mweya waMwari Tenzi uneni nokuti ndiye akandizoora, akandituma kuti ndisvitse shoko, shoko rakanaka kuvarombo, nokufaranutsa vakadz vinyiririrwa-a.

*B* Mweya waMwari Tenzi uneni nokuti Mwari ndiye akandizoora, akandi tuma kuti ndisvitse shoko, kuvarombo, nokufaranutsa vakadzvinyiririrwa-a.

*Madetembo:*

1. Akandituma kuzonyaradza vane moyo inosuwa, nokuparidzira vabatwa rusunungukо.
2. Ndakatumwa kuti ndiudze vanhu gore raMwari raachazotinzwira tsitsi nezuva rake rokutsiva.
3. Asi imi muchanzi vashumiri vaTenzi, vanhu vachakutii vashandiri vaMwari wedu.
4. Tenzi anoda kutonga kwakarurama, achandiitira zvakafanira mukutendeuka kwangu.

*Chorus:*

*S/A* Ndichafarira Tenzi Mwari wangu, ndichapururudzira Mwari wangu, no kuti akandipfekedza hanzu dzoruponeso akandifukidza nenguwo youruгami.

*B* Ndichafarira Tenzi, ndichapururudzira Mwari wangu, nokuti Mwari, akandipfekedza hanzu dzoruponeso akandifukidza nenguwo yoururami.

## 667

**Mwoyo Munyoro Mwoyo WaYesu –** *L. Kaseke*

*M:* Mwoyo munyoro mwoyo waYesu

*V:* S/A Musandirasewo narinhi, mundibatsirewo ndinovinga imi ndinomanikidzwa nokufurirwa nasatani mwoyo waYesu ndibatsireiwo

*B* --- Musandirasewo narinhi, mundibatsirewo ndinovinga imi ndinomanikidzwa nokufurirwa nasatani mwoyo waYesu ndibatsireiwo

*Madetembo:*

1. Moyo waYesu tarisai ndinomanikidzwa
2. Nokufurirwa nasatani kazhinjika
3. Yesu ndinochema mhosva dzandinodzipara
4. Yesu ndinodzirwarira handichapamhidza

## 668

**Mwoyo MuSande WaYesu Watazvisarudzira –** *E. Kasai*

*M: S/A* Mwoyo musande waYesu watazvisarudzira

*V: S/A* Mununuri mwoyo wenyu, mwoyo wenyu Yesu watazvisarudzira nechido chedu, takakupikirai tinofara kwazvo tichigara mamuri.

*B* Mununuri mwoyo wenyu, wenyu Yesu, watazvisarudzira nechido chedu, takakupikirai, tinofara kwazvo tichigara mamuri.

*Madetembo:*

1. Mutigonese Yesu kuti tikudze Mwari misi yose.
2. Mutiitire Yesu norupfave.
3. Hezvo vatendi ngatiimbire mwoyo waYesu.
4. Ngatiimbire Mambo wedu.

*Chorus:*

*S/A* Tinofara tinouda mwoyo wenyu ndonzvimbo pativete
Mutipe ropafadzo nechido chenyu.

*B* Tinouda mwoyo wenyu, tinouda – nzvimbo pativete
Mutipe ropafadzo nechido, nechido chenyu.

## 669

**Mwoyo WaYesu Ndiyeuke –** *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Mwoyo waYesu ndiyeuke

*V: All* Mwoyo waYesu ndiyeuke, ndiyeuke Yesu, mangwanani namanheruu
Mwoyo waYesu – ndiyeukee mangwanani namanheru

*Madetembo:*

1. Pfungwa manzwi namabasa ndinozvipa kunemi
2. Ndinotambudzika pasi ndibatsirei ndibatsirei negirasiya
3. Muurombo hwangu hwose ndinofara ndinofara munemi

## 670

**Mwoyo WaYesu WaMwari –** *J.S. Maphosa*

*M:* Mwoyo waYesu waMwari

*V: All* Pindurai vatadzi, nunurai vanofa, buritsai mweya iri mupurigatoriya, Yesu ndidavirei

*Madetembo:*

1. Kwaziwai munuri wangu kwaziwai Mwari wangu
2. Ndinoziva ndinofa asi handizivi riniko, handizivi kupiko uye seiko
3. Kana ndichafa norutadzo runouraya ndicharasirwa kumoto muzhinji
4. Kunemi ndinotarisisira girasiya rorufu rwakanaka
5. Kuti ndife ndichishamwaridzana nemi misi isingaperi

## 671

**Mwoyo Yedu Inofara –** *A. Shamu Maurunge*

*M* Mwoyo yedu

*V: All* Inofara munaMwari

*M* Mwoyo yedu

*V: All* Nokuti tinovimba naye

*Madetembo:*

1. Farisai muna Mwari imi makarurama rumbidzai Mambo nguva dzose
2. Tendai Mambo nembira muimbirei nziyo dzokurumbidza….
3. Iye anoda kururama nokururamisa nyika izere nounyoro hwake
4. Iye wakataura zvikaitika wakaraira zvikamira zvikasimba
5. Mwari anoparadza zano ravasemi, mifungo yendudzi dzavanhu anoishaisa simba
6. Rwakakomborerwa rudzi rwakaita Mambo Mwari warwo, rudzi rwaakatsaura kuva nhaka yake
7. Tarirai ziso raMwari rinotarira vanomutya ivo vanogaririra tsitsi dzake

## 672

**Mwoyo Yedu Inofara –** *Sr Perpetua Muza (Holy Cross)*

*M:* Mwoyo yedu inofara muna Mwari

*V: S/A* Nokuti tinovimba naye mwoyo yedu inofara, mwoyo yedu inofara

*B* --- Mwoyo yedu inofara --- inofara muna Mwari, inofara

*Madetembo:*

1. Farisai munaMwari imi makarurama
2. Tendai Mambo nembira muimbirei nziyo dzokurumbidza….
3. Iye anoda kururama nokururamisa nyika izere nounyoro hwaMwari
4. Iye wakataura zvikaitika akaraira zvikamira zvikasimba
5. Mwari anoparadza zano ravasemi, mifungo yendudzi dzavanhu anoishaisa simba
6. Rwakakomborerwa rudzi rwakaita Mambo Mwari warwo, rudzi rwaakatsaura kuva nhaka yake

7. Tarirai ziso raMwari rinotarira vanomutya ivo vanogaririra tsitsi dzake
*Chorus:*
*S/A* Rumbidzai Mambo wedu nguva dzose
*B* Rumbidzai Mambo nguva dzose

## 673

**Mwoyo Yedu Inofara Muna Mwari** – *Sr Cecilia Mushayapokuvaka (PBVM)*
*M:* Mwoyo yedu inofara, mwoyo yedu
Inofara-a, mwoyo yedu
*V: S/A* Inofara muna Mwari – nokuti tinovimba naye – inofara --- nokuti tinovimba naye
*B* Inofara muna Mwari – nokuti tinovimba naye – mwoyo yedu inofara – nokuti tinovimba naye
*Madetembo:*
1. Farisai muna mwari imi vakarurama. Rumbidzai Mambo nguva dzose. Inofara….
2. Tendai Mambo nembira. Muimbirei nziyo dzokurumbidza. Inofara…
3. Iye anoda kururama nokururamisa. Nyika izere nounyoro hwaMwari. Inofara….
4. Iye akataura zvikaitika. Akarayira zvikamira zvikasimba. Inofara …

## 674

**Mwoyo Yedu Inopfura –** *A. Chamunorwa*
*M:* Mwoyo yedu
*V: S* Inopfura tichikudza Maria, makanaka matorwa musina mhaka
*B* Inopfura tichikudza Maria, manakisa, musina mhaka
*Madetembo:*
1. Uyai mose tiimbire hosi yedu yedenga. Mwoyo yedu
2. Ndivo amai vemununuri, amai vedu vadiwa. Mwoyo yedu
3. Tsoka yenyu yakatsika musoro wadhiyabhori. Mwoyo yedu

## 675

**Navanorwa Neni Mambo –** *M. Kanene*
*M:* Navanorwa neni Mambo
*V: S* Irwayi, irwayi navanorwa neni, kakavadzanai Mambo navanorwa neni, navanokakavadzana neni
*A* Irwayi, irwayi navanoorwa --- kakavadzanayi --- navanokakavadzana neni
*B* Navanorwa neni Mambo, Mambo irwayi --- navanorwa neni Mambo
*Madetembo:*
1. Mambo ini handina nharo, nharo dzakafanana nedzavo, vanorwa neni Mambo
2. Vanotsvaga upenyu hwangungavashaiswe zano, ngavashaiswe zano, vanorwa

neni Mambo
3. Vanotsvaga kundiitira zvakaipa ngavadzoserwe shure vakangaidzwe, vanorwa neni Mambo
4. Mambo ini handina shanje, shanje dzakafanana nedzavo, vanorwa neni Mambo

# 676

**Ndagamuchira Mambo –** *S. Leboho*

*M:* Ndagamuchira Mambo
*V:* S Ndagamuchira Mambo Yesu Mambo wapasi pose ndagamuchira Mambo Yesu
*B* Ndagamuchira Mambo Yesu Mambo wapasi pose ndagamuchira Mambo Yesu

*Madetembo:*
1. Mweya waKristo ndisandisei
2. Muviri waKristo ndiponesei
3. Ropa raKristo ndigutisei
4. Mvura yaparutivi paKristo ndichenesei
5. Mvura yaparutivi paKristo ndichenesei
6. Kurwadziwa kwaKristo ndisimbisei
7. Yesu makanakisa ndidavirei
8. Mumaronda enyu ndivanzei

*Chorus:*
*S* Ndidanei ndiuye kwamuri kuti ndikuimbirei ndikuimbirei navasarudzwi venyu
*B* Ndidanei ndiuye kwamuri kuti ndikuimbirei ndidanei ndikuimbirei na vasarudzwi venyu

# 677

**Ndagamuchira Mambo –** *N. Mudzingaidzwa*

*M:* Ndagamuchira Mambo
*V: S/A* Ndagamuchira-a Mambo wapasi pose pose ndagamuchira-a, neropa rake-e Mambo wapasi pose
*B* --- Mambo Yesu wapasi pose pose-e, muviri wake-e, wapasi pose

*Madetembo:*
1. Mvura inobva mudivi rake ndiponesei
2. Kurwadziwa kwaKristo-o, ndisimbisei
3. Yesu makanakisa-a ndidavirei
4. Mumaronda enyu, Mambo ndivanzei
5. Regai kurega kubvuma kuti ndiparadzane ne-emi

*Chorus*:
*S/A* Muviri waKristo-o, neropa rake ndigutisei
*B* Muviri waKristo ndiponesei, ndigutisei

# 678

**Ndagamuchira Mambo Yesu –** *T.M. Dunduru*

*M:* Ndagamuchira Mambo

*V: All* Ndagamuchira Mambo Yesu wapasi pose ndagamuchira Mambo Yesu

*Madetembo:*

1. Mweya waKristo ndisandisei muviri waKristo ndiponesei
2. Ropa raKristo ndigutisei mvura yaparutivi paKristo ndichenesei
3. Kurwadziwa kwaKristo ndisimbisei Yesu makanakisa ndidavirei
4. Maronda enyu ndivanzei regai kubvuma kuti ndiparadzane nemi
5. Kumuvengi akaipa ndidzivirirei musi wokufa kwangu ndishevedzei
6. Ndidanei ndiuye kwamuri kuti ndikuimbirei navasarudzwi venyu

# 679

**Ndakafara Ndakafara –** *J. Kaseke*

*M:S/A* Ndakafara-a, ndakafara vanhu vachiti kwandiri

*V:All* Handeyi kuimba yaTenzi ndiko kunoenda marudzi emhuri dzaIsraeri --- vachindovonga Tenzi sezvaakavaraira

*Madetembo:*

1. Nokuti ndiko kunotongerwa mhosva ndiko kunogara Mambo achitonga vanhu vake
2. Kumbirirai Yerusarema kuti rive norugare vanokuda ngavabudirire
3. Runyararo ngaruve norusvingo rwako norugare ngaruve mumizinda yako
4. Pamusana pehama dzangu neshamwari dzangu ndinoti rugare ngaruve mukati mako
5. Ndinokunamatira kuti ubudirire pamusana peimba yaTenzi Mwari wedu

*Chorus:*

*S/A* --- Tsoka dzedu dzatsika mumazambara ako iwe, iwe Yerusarema guta rakadzorerwa runako norugare, iwe Yerusarema guta rakadzorerwa, ndafaraha tsoka dzedu dzatsika

*B* Saka zvino --- dzatsika mumazambara ako iwe Yerusarema guta rakadzorerwa runako norugare, Yerusarema, guta rakadzorerwa ndafaraha tsoka dzedu dzatsika

# 680

**Ndakanga Ndakombwa Kumativi Ose –** *M. Munyaki*

*M: S/A* Ndakanga ndakombwa kumativi ose ndisina naanondibatsira ndikachi yeuka kuti…

*V: S/A* Ndimi Mwari wangu --- ndimi Baba vangu --- ndimi --- muponesi wangu, ndimi muponesi weavo vanovimba nemi, muchivanunura kumaoko avavengi vavo, ndimi-i Mwari wangu

*B* --- Ndimi Mwari wangu ndimi --- Baba vangu ndimi --- muponesi wangu --- ndimi muponesi weavo vanovimba nemi, muchivanunura kumaoko

avavengi vavo, ndimi-i Mwari wangu

*Madetembo:*

1. Makandinunura mumazino avaida kunditsenga
2. Makandinunura kuti ndisaparadzwe
3. Makandimirira pandakanga ndakombwa
4. Kuti ndisateiwa norurimi rwakashata
5. Makandiburitsa munhamo zhinji
6. Makandinunura kurufu
7. Musandisiye ndiri munhamo

*Chorus:*

*All* Handicharega kurumbidza zita renyu, ndichariimbira – ndichikutendai

## 681

**Ndakanzwa Inzwi Guru –** *A. Shamu Maurunge*

*M:* Ndakanzwa inzwi guru

*V: All* Richiti areruya areruya

*Madetembo:*

1. Ndakanzwa inzwi renhume zhinji, sokutimhira kwamapopopo makuru
2. Vakuru vokudenga vakamirira, kunzwa shoko raMwari

## 682

**Ndakanzwa Inzwi Guru –** *L P. Maposa*

*M* Ndakanzwa inzwi guru

*S/A* Richiti Alleluya Alleluya ndakanzwa izwi guru richiti Alleluya

*B* Alleluya Alleluya izwi guru richiti richiti Alleluya

*Madetembo:*

1. Ndakanzwa inzwi renhume zhinji, sokutimhira kwamapopopo makuru
2. Vakuru vokudenga vakamirira, kunzwa shoko raMwari

## 683

**Ndakanzwa Inzwi Guru –** *R.E. Makuvaza*

*M* Ndakanzwa inzwi guru

*V: S* Ndakanzwa inzwi guru richiti Alleluya inzwi guru richiti Alleluya

*B* --- Inzwi guru richiti Alleluya inzwi guru richiti Alleluya

*Madetembo:*

1. Ndakanzwa inzwi renhume zhinji
2. Vakuru vokudenga vakamirira vakamirira kunzwa shoko raMwari

*Chorus:*

*S* Inzwi renhume zhinji sokutinhira kwamapopopo makuru

*B* Inzwi renhume zhinji --- kwamapopopo makuru

## 684

**Ndakanzwa Tenzi Achiti** – *N. Muchenu*

*M:* Ndakanzwa Tenzi achiti kwandiri

*V: S/A* Ndakakusarudza uchiri mudumbu ramai vako, ndakakuda usati wasikwa, ndakakugadza kuti uve svikiro rangu, uve nhume yangu kuvanhu vangu vose, uvaudze zvandichakuudza, ndini Mwari Mambo ndakutuma

*B* Ndakakusarudza uchiri mudumbu, ndakakuda usati wasikwa, ndaisa manzwi angu pamuromo wako, uve nhume yangu kuvanhu vangu, ndini Mwari Mambo ndakutuma

*Madetembo:*

1. Iwe rega kutya enda kuvanhu vangu vose kwandichakutuma tarira ndaisa manzwi angu pamuromo wako
2. Onaka nhasi ndakupa simba pamusoro pendudzi dzavanhu napamusoro pamadzimambo ose enyika
3. Kuti udzure nokukoromora uparadze nokupaza uvake nokusima

*Chorus:*

*All* Mwari onai handigoni kutaura

## 685

**Ndakatsvaga Vavaraidzi** – *D T.Zavazava*

*M* Ndakatsvaga vavaraidzi

*V:S* **---**Kwakakanga kusina munhu ndakatsvaga vavaraidzi kwakanga kusina munhu

*B* Vavaraidzi --- kusina munhu ndakatsvaga vavaraidzi --- kusina munhu

*Madetembo:*

1. Kushoorwa kwakaputsa mwoyo wangu, ndaremerwa kwazvo
2. Isai joko rangu pamusoro penyu, mudzidze kwandiri
3. Uyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa, ini ndichakuzorodzai
4. Ndakaona mvura ichibuda, parutivi rworudyi rweimba yaMwari
5. Avo vakadonherwa nayo, ivo vose vakaponeswa
6. Kana munhu ane nyota, ngaauye kwandiri kuti anwe
7. Kana muchinwa mvura yandinokupai, hamuchazovi nenyota nokusingaperi
8. Pane chido norudo, Mwari aripowo

## 686

**Ndakatsvaga Vavaraidzi** – *W. Makumbe*

*M* Ndakatsvaga vavaraidzi

*V: All* Vavaraidzi asi kwakanga kusina munhu

*Madetembo:*

1. Kushoorwa kwakaputsa mwoyo wangu, ndaremerwa kwazvo
2. Isai joko rangu pamusoro penyu, mudzidze kwandiri
3. Uyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa, ini ndichakuzorodzai

4. Ndakaona mvura ichibuda, parutivi rworudyi rweimba yaMwari
5. Avo vakadonherwa nayo, ivo vose vakaponeswa
6. Kana munhu ane nyota, ngaauye kwandiri kuti anwe
7. Kana muchinwa mvura yandinokupai, hamuchazovi nenyota nokusingaperi
8. Pane chido norudo, Mwari aripowo

## 687

**Ndakatsvaga Vavaraidzi –** *L. Mukosera*

*M* Ndakatsvaga vavaraidzi
*V: S/A* Ndakatsvaga vavaraidzi asi kwakanga kusina munhu ndakatsvaga va varaidzi kwakanga kusina munhu
*B* --- Vavaraidzi kwakanga kusina ndakatsvagaa kwakanga kusinaa

*Madetembo:*

1. Kushoorwa kwakaputsa mwoyo wangu, ndaremerwa kwazvo
2. Isai joko rangu pamusoro penyu, mudzidze kwandiri
3. Uyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa, ini ndichakuzorodzai
4. Ndakaona mvura ichibuda, parutivi rworudyi rweimba yaMwari
5. Avo vakadonherwa nayo, ivo vose vakaponeswa
6. Kana munhu ane nyota, ngaauye kwandiri kuti anwe
7. Kana muchinwa mvura yandinokupai, hamuchazovi nenyota nokusingaperi
8. Pane chido norudo, Mwari aripowo

## 688

**Ndakatsvaga Vavaraidzi –** *A. Chamunorwa*

*M:* Ndakatsvaga vavaraidzi
*V: S/A* Ndakatsvaga vavaraidzi asi kwakanga kusina munhu ndakatsvaga va varaidzi asi kwakanga kusina munhu
*B* --- Vavaraidzi, vavaraidzi, asi kwakanga kusina munhu, ndakatsvaga, ndakatsvaga vavaraidzi

*Madetembo:*

1. Kushoorwa kwakaputsa mwoyo wangu, ndaremerwa kwazvo
2. Isai joko rangu pamusoro penyu, mudzidze kwandiri
3. Uyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa, ini ndichakuzorodzai

## 689

**Ndangariro Dzomwoyo** – *W. Makumbe*

*M* Ndangariro
*V: All* Dzomwoyo waMambo hadzi- tongoperi

*Madetembo:*

1. Farisai muna Mwari imi vakarurama rumbidzai Mambo nembira
2. Muimbirei rwiyo rutsva ridzai zvakanaka nokuridza kukura

3. Anoita zvose nokutendeka, nyika izere nounyoro hwake
4. Rwakakomboerwa rudzi rwakaita Yave Mwari warwo rudzi rwaakatsaura kuva nhaka yake
5. Mambo anotarira ari kudenga, anoona vanakomana vose vavanhu
6. Anorwira mweya yavo parufu nokuvaruranisa panguva yenzara
7. Nokuti mweya yedu ichafara kwazvo maari zvatinovimba nezita rake dzvene

## 690

**Ndangariro Dzomwoyo WaMambo –** *J. Makaure*

*M:* Ndangariro dzomwoyo waMambo hadzitongoperi

*V: All* Ndangariro dzomwoyo waMambo dzomwoyo waMambo hadzitongoperi ndangariro dzomwoyo waMambo

*Madetembo:*

1. Farisai muna Mwari imi vakarurama, rumbidzai Mambo nembira
2. Muimbirei rwiyo rutsva ridzai zvakanaka nokuridza kukura
3. Anoita zvose nokutendeka, nyika izere nounyoro hwake
4. Rwakakomborerwa rudzi rwakaita Yave Mwari warwo, rudzi rwaakatsaura kuva nhaka yake
5. Mambo anotarira ari kudenga, anoona vanakomana vose vavanhu
6. Anorwira mweya yavo parufu nokuvaruranisa panguva yenzara
7. Nokuti mweya yedu ichafara kwazvo maari zvatinovimba nezita rake dzvene

*Chorus:*

*S/A* Muimbirei rwiyo rutsva ridzai zvakanaka muimbirei zvakanaka nokuridza kukuru

*B* Muimbirei rwiyo rutsvaa zvakanaka muimbirei zvakanaka nokuridza kukuru

## 691

**Ndapinda Mudambudziko Guru –** *Sr Martin Chikosha (LCBL)*

*M: S/A* Ndapinda mudambudziko guru ndoiteiko Mambo

*V: S/A* Ndinomirira rubatsiro rwenyu Mambo, rubatsiro runobva kwamuri Tenzi. Ini ndinomirira rubatsiro rwenyu Mambo

*B* Ndapinda mudambudziko guru, rubatsiro rwenyu Mambo, runobva kwa muri Tenzi, ini ndinomirira rubatsiro rwenyu Mambo

*Madetembo:*

1. Mambo Mwari donzwaiwo kuchema kwedu, mukati murangarire zvitema zvedu ndiani angasare nhai Mambo
2. Imi zvamurimi mune tsitsi nengoni ndinotarisira ruponeso, rwamakatsidzira isu vana venyu
3. Mashoko enyu, Mambo, anondishingisa, anondigadzikisa mwoyo kana ndorangarira
4. Mwari ndinokusuwai parinobuda zuva kusvika parinovira Mwari

5. Mambo mune tsitsi, nomufaro, muchinunura, ndimi muchatinunura kuzvitema zvedu zvose
6. Vapei vana venyu zororo risingaperi, chiedza chisande chivavhenekere

## 692

**Ndianiko Anganzi Mururami** – *W.S. Chirove*

*M* Ndianiko anganzi mururami

*V: B* Mururami munhu asingafambi panorangana vakaipa munhu asingamiri panzira yavatadzi, anotaura zvokwadi mumwoyo make

*S/A* --- Mururami munhu asingafambi panorangana vakaipa asingamiri pan zira, anotaura zvokwadi mumwoyo make

*Part 1:*

*Madetembo:*

1. Ndianiko angatsaukira mumba menyu
2. Ndianiko angagara pagomo renyu dzvene

*Chorus:*

*All* Munhu anofamba asina mhosva anoita zvakarurama anotaura zvokwadi mumwoyo make

*Part 2:*

*Madetembo:*

1. Uyo anofamba asina mhosva
2. Uyo anoita zvakarurama
3. Anotaura zvokwadi mumwoyo make
4. Chipi nechipi chaanoita chichabudirira

*Chorus:*

*S/A* Haana makuhwa parurimi rwake, haatuki waagere naye, anofungisisa murairo waMwari, masikati nousiku

*B* --- Haana makuhwa parurimi rwake, haatuki waagere naye, anofungisisa murairo waMwari, masikati nousiku

## 693

**Ndibatsireiwo Mambo Wangu –** *M. Mukucha*

*M:* Ndibatsireiwo Mambo wangu

*V: S/A* Kuti ndisangoita samashizha anobhururutswa kwose kwose --- nemhepo asi ndive mutenderi akatsiga

*B* Ndisangoita samashizha --- anobhururutswa kwose kwose nemhepo asi ndive mutenderi akatsiga

*Madetembo:*

1. Kazhinji isu vanhu tinofarira kutorwa moyo nezvinhu zvisina maturo
2. Ndinofarira kuva munhu ane hunhu, ane chimiro uye anotendeka
3. Naizvozvo ndinokumbira kuti mundikwevere kumakwara enyu oururami
4. Turirai chichemo change ichi kuna Kristo mwana wenyu achisvitsewo kuna

Mwari Baba vedu

*Chorus:*

*S/A* Amai Maria musandisiye ndiri ndoga nokuti kazhinji ndiri bofu uye han ditani kuzvinyengedza

*B* Amaai Maria musandisiye ndiri ndoga nokuti kazhinji ndiri bofu --- han ditani kuzvinyengedza

## 694

**Ndibatsirei Mwari Baba –** *L. Kaseke*

*M:* Ndibatsirei Mwari Baba

*V: All* Ndimi moga munorayira rupenyu norufu, ndibatsirei Mwari Baba, ndiri wenyu mundiregerere matadzo angu pane zvose zvinorwadza muviri nomweya ndibatsirei Mwari Baba

*Madetembo:*

1. Ini handizivi nguva yangu, ingava duku ingava huru. Ndibatsirei Mwari Baba …
2. Asi nguva dzose ndiri wenyu mundiregerere matadzo angu. Ndibatsirei Mwari Baba …
3. Itai kuti ndione chipiyaniso chomwanakomana wenyu. Ndibatsirei Mwari Baba

## 695

**Ndichaimbira Tenzi –** *Fr A. Maringe*

*M: S* Ndichaimbira Tenzi nokuti akabudirira zvikuru

*V: All* Tenzi ndiye simba rangu, ndiye Mwari wangu ndichamurumbidza ndiye wandichakudza

*Madetembo:*

1. Rudyi rwenyu imi Tenzi rwakarumbidzwa nesimba rarwo
2. Tenzi ndiyaniko akaita semi pamukurumbira woutsvene
3. Inga munotyisa kwazvo pamabasa enyu anorumbidzwa

*Chorus:*

*S/A* Makafambisa vanhu vamakadzikinura makavaperekedza kuugaro hwenyu huya

*B* Makafambisa vanhu ava – nenyasha dzenyu --- nesimba renyu kuugaro hwenyu hunoera

## 696

**Ndichaparidza Zita RaMambo –** *A. Nyika*

*M* Ndichaparidza zita raMambo

*V: All* Zita raMambo nokurumbidza ukuru hwaMwari wangu

*M* Nokurumbidza….

*V: All* Nokurumbidza, nokurumbidza ukuru hwaMwari wangu

## 697

**Ndicharamba Ndichifara –** *Fr A. Maringe*

*M:* Ndicharamba ndichifara zvokufara zviya
*V: All* Kunyangwe mionde ikarega kuva namaonde, mavhaini achirega kuberekwawo, ndicharamba ndichifara ndichifara zvokufara zviya
*Madetembo:*
1.Kunyangwe hwai dzose dzikapera kufa, matanga emombe achisara asina chinhu
2.Minda ikarega kuva nembesa
3.Anosimbisa tsoka dzangu setsoka dzemhembwe
*Chorus:*
*All* Ndicharamba ndichifara ndichifara zvokufara zviya, Tenzi Mwari ndiye muponesi wangu anondipa simba anondichengeta zvakanaka

# 698

**Ndicharumbidza Tenzi Nguva Dzose –** *F.S. Tafuma*
*M: S/A* Ndi-cha-rumbidza Tenzi ngu-va dzose
*V: S/A* Ndicharumbidza Tenzi nguva dzose --- nguva dzose --- ndicharumb-i-dza rumbidzo yake ichagara iri pamuromo pangu --- mweya wangu unovimba naTenzi --- vanotambudzika ngavazvinzwe ngavazvinzwe-e vagofara.
*B* Ndicharumbidza Tenzi --- ndicharumbidza --- nguva dzose ---ndichamurumbidza nguva dzose rumbidzo yake ichagara pamuromo pangu --- mwe- e-ya wangu --- unovimba naTenzi vano – tambudzika ngavazvinzwe ngavazvinzwe vagofara.
*Part 1:*
*Madetembo:*
1.Kudzai Tenzi pamwe chete neni tipururudzire zita rake pamwe chete
2.Ndakatsvaka Tenzi akandipindura akandinunura pakutya kwangu kose.
*Chorus:*
*S/A* --- Mweya wangu unovimba naTenzi --- vanotambudzikaa ngavazvinzwe --- ngavazvinzwe-e vagofara.
*B* Mwe-e-ya wangu --- unovimba naTenzi vanotambudzika ngavazvinzwe vagofara
*Part 2:*
*Madetembo:*
1.Meso aTenzi ari pana vakarurama nenzeve dzake dzinonzwa kuchema kwavo.
2.Munhu akarurama ane njodzi zhinji asi Tenzi anomununura pane dzose.
3.Chakaipa chichauraya akaipa vanovenga vakarurama vachapihwa mhosva
*Chorus:*
*S/A* Edzai muone-e-he imi muone muone kuti Tenzi akanaka sei --- akakomborerwa munhu anotizira kwaari --- anotizira kwaari vanomutya havana chavanoshaiwa.
*B* Edzai muone-e vatsvene vake --- muone kuti Tenzi akanaka Tenzi akakomborerwa munhu anotizira kwaari Tenzi vatsvene vake-e --- havana chavanoshaiwa.

## 699

**Ndichateurira Mambo Mupiro –** *S. Ponde*

*M* Ndichateurira Mambo x2

*V: All* Mambo mupi-ro wokutenda x2

*Madetembo:*

1. Ko ndichavigireiko Mwari pamusoro pezvikomborero zvake zvose?
2. Ndichasimudza mukombe woruponeso ndichidana zita raMambo
3. Ndichapira Mwari mhiko dzangu ndichazviita pamberi pavanhu vake vose
4. Haiwa ndiri muranda wenyu makasunungura misungo yangu
5. Saizvozvo ndinoimba pamberi paMwari ndichifamba nomufaro
6. Ndiri musangano rake ndakasarudzwa naye

## 700

**Ndichateurira Mambo Mupiro –** *A. Chamunorwa*

*M:* Ndichateurira Mambo mupiro wokutenda
Mupiro wokutenda

*V: S/A* Ndichateuria Mambo mupiro wokutenda-a ndichateurira-a Mambo Mwa-ari

*B* Ndichateuria Mambo – mupiro wokutenda, mupiro wokutenda ndicha teurira Mambo Mwaari

*Madetembo:*

1. Ko ndichavigireiko Mwari pamusoro pezvikomborero zvake zvose, ndichasimudza mukombe woruponeso ndichidana zita raMambo
2. Ndichapira Mwari mhiko dzangu ndichazviita pamberi pavanhu vake vose, haiwa ndiri muranda wenyu makasunungura misungo yangu
3. Saizvozvo ndinoimba pamberi paMwari ndichifamba nomufaro, ndiri musangano rake ndakasarudzwa naye

*Chorus:*

*S/A* Ngatitendei ngatitendei mupiro wokutenda ngatitendei Mambo mupirooo wokutenda ngatitendei Mambo

*B* Ndichateurira Mambo mupiro wokutenda mupiro wokutenda ndichateur iraa Mambo Mwari

## 701

**Ndichateurira Mambo –** *C.T. Chinoda*

*M: S/A* Ndichateuriraa Mambo

*V: S/A* Mupiroo wokutenda Mambo --- ndichateuriraaa Mambo mupiro wokutenda

*B* Mupiroo wokutenda Mambo mupiro ndichateuriraaa mupiro wokutenda

*Madetembo:*

1. Ko ndichavigireiko Mwari pamusoro pezvikomborero zvake zvose
2. Ndichasimudza mukombe woruponeso ndichidana zita raMambo

3. Ndichapira Mwari mhiko dzangu ndichazviita pamberi pavanhu vose
4. Haiwa ndiri muranda wenyu makasunungura misungo yangu

*Chorus:*

*All* Ndichateurira Mambo – mupiro-o wokutenda

# 702

**Ndichavonga Tenzi Nomwoyo Wangu –** *P. Masamba*

*M* Ndichavonga Tenzi nomwoyo wangu wose

*V:S/A* Ndichavonga Tenzi nomwoyo wangu wosee ndichaparidza nezvemabasa ake anoshamisa ndichavonga Tenzi ndichifara ndichirumbidza nekuimbira Zita rake

*B* Ndichavonga Tenzi --- wangu wose ndichaparidza nezvemabasa ake anoshamisa ndichavonga Tenzi ndichifara --- nekuimbira Zita rake

*Madetembo:*

1. Akaparadza mhandu dzangu akandireverera pakutongwa kwemhosva yangu iye anogara pachigaro choushe
2. Tenzi agere pachigaro choushe nokusingaperi, iye achatonga nyika nokururama
3. Imbirai Tenzi paridzai mabasa ake pakati pavanhu

*Chorus:*

*S/A* Achava shongwe yesimba rangu kuna vanondidzvinyirira achava shongwe yesimba rangu achava shongwe yesimba rangu panguva yoku tambudzika achava shongwe yesimba rangu

*B* Achava shongwe yesimba rangu kuna vanondidzvinyirira --- shongwe yesimba rangu achava shongwe yesimba rangu panguva yokutambudzika --- shongwe yesimba rangu

# 703

**Ndichipfugamira Pauso Hwenyu –** *I. Vunganai*

*M* Ndichipfugamira pauso hwenyu

*V: S* Nomwoyo uzere norufaro, rwandinoyeverwa zvinyoro-nyoro, ndimi mai vangu, ndini mwana wenyu, nhai mai vangu ndinzweiwo

*B* Nomwoyo uzere norufaroho, ndinoyeverwa zvinyoro-nyoro, ndimi mai vangu, ndini mwana wenyuu, nhai mai ndinzweiwo

*Madetembo:*

1. Kana ndiri munjodzi nokutsamwa
2. Ndonyengwa nenhamo nedambudzo
3. Ndinzvengesei mai pakarepo
4. Nguva nenguva ndakapfugama
5. Ndichikumbirawo rubatsiro
6. Ndifambe panzira ndakadekara

*Chorus:*

*S* Imi ndimi mai vangu, ndini mwana wenyuu, nhai mai vangu ndinzweiwo

*B* Imi ndimi mai vangu, ndini mwana wenyuu, nhai mhai ndinzweiwo

## 704

**Ndichiri Kuda Yesu Wangu –** *R. Dube*

*M: S/A* Ndichiri kuda Yesu wangu simba nechishongo changu

*V: S/A* Ndichiri kuda Yesu wangu simba nechishongo changu ndichiri kuda imi Mambo nezvose zvangu zviripo ngandikudei ngandikudei misi yose ku sati kufa kusvike

*B* Ndichiri kuda Yesu wangu simba nechishongo changu-u vose zvangu zviripo ngandikudei Yesu wangu misi yose kufa-ha kusvike.

*Madetembo:*

1. Ndatsauka misi mizhinji ndafamba ndiri murima
2. Nezvo mwoyo wakatambura zvandakatadza kazhinji
3. Ndakada rima chokwadi ndazvidza mwenje wepasi
4. Zvaitwa-a zvaitwa nemi Yesu wangu kuti ndiri wenyu zvino
5. Mufudzi womoyo munyoro makambononga hwai yenyu
6. Makaisa kudanga kwamuchiri kuichengeta

*Chorus:*

*S/A* Ngandikudei ngandikudei misi yose kusati kufa kusvike

*B* Ngandikudei Yesu wangu misi yose kufa-a kusvike

## 705

**Ndidavirei Rudzi Rwangu –** *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Ndidavirei rudzi rwangu

*V: All* Ndakakuitirai chiikoo, vanhu vorudzi rwangu vorudzi rwangu ndidavirei rudzi rwaangu, rudzi rwangu ndidavirei

*Madetembo:*

1. Nokuti ndakakubudisa munyika yeIjipti
2. Wakagadzirira muponesi wako chipiyaniso
3. Pamusoro pako ndakaranga Ijipti namatangwe ayo
4. Asi iwe wakandipura nokundiramba

## 706

**Ndidzidziseiwo Tenzi Zvinoreva Mitemo Yenyu** – *C.M.M. Kamera*

*M: S/A* Ndidzidziseiwo Te-nzi zvinoreva mitemo yenyu
Zvinoreva mitemo yenyu

*V:S/A* Ndi-tsananguririre iwo Tenzi zvinoreva mi-temo yenyu, ndigoichengeta, nomwoyo wose.

*B* Ndi-fambiseiwo Tenzi, munzira yemirairo yenyu, ndigoichengeta, nom woyo wose.

*Madetembo:*
1. Che-ngetaiwo henyu Tenzi chitsidzo chenyu chamunoita kuna vanokutyaiwo.
2. Bvi-saiwo henyu Tenzi kuzvidzwa kwangu kwandinotyawo.
3. Ndi-batsireiwo henyu Tenzi kuchengeta mirairo ye-nyu.
4. Kwe- zveraiwo henyu Tenzi mwoyo wangu kumirairo yenyu pano kukarira pfuma.

*Chorus:*
*S/A:* Tendeudzaiwo meso a-ngu, are-ge, kuo-na zvisina maturo, ndi-vandudzei wo henyu Tenzi, munzira dzenyu.
*B:* Tendeudzaiwo meso a-ngu, are-ge, kuo-na zvisina maturo, ndi-vandudzei wo --- Tenzi, munzira dzenyu.

# 707

**Ndiiteiwo Mambo Mudziyo –** *J. Maphosa*
*M: S/A* Ndiiteiwo Mambo mudziyo-o
*V: S/A* Mudziyo worugare rwenyu mudziiyo wenyu Mambo
Ndiiteiwo-o mudziyo worugare rwenyu
*B* Worugare rwenyu Mambo mudziyo wenyu-u
Mambo ndiitei mudziyo worugare rwenyu

*Madetembo:*
1. Itai kuti ndide kunyaradza vamwe panokunyaradzwa
2. Panoruvengo ndikushe rudo panokunyunyuta ndikushe chitendero
3. Panokurasa mwoyo ndikushe chitarisiro pane rima chiedza panokuchema ndikushe mufaro
4. Ndinzwisise vamwe pano kunzwisiswa nokuda vamwe panokudiwa
5. Ndikapa ndinopiwawo ndikaregerera ndinoregererwawo
6. Ndizive kuti murufu ndimo munobuda hupenyu husingaperi

*Chorus:*
*S/A* Mambo ndiiteiwo mudziyo worugare rwenyu
*B* Mambo ndiitei mudziyo worugare rwenyu

# 708

**Ndikudeiwo Ndikudei Mwari –** *M. Munyaki*
*M:* Ndikudeiwo, ndikudei Mwari
*V: S/A* Kare makandididaa --- ndisatii ndasikwaa ndisatii ndagaraa pasi --- kare makandididaa
*B* Kare makandididaa Mwari --- ndisatii ndasikwa ndisatii ndagaraa pasi --- kare makandidida

*Madetembo:*
1. Imi Mwari makatondera ini
2. Mwari regai nditondere mbiri yenyu misi yose
3. Ringai netsitsi – kunesu – vana venyu, Baba vedu

4. Nokutitumira mvura-a minda yedu inoshaya
5. Kutinhira, tsanza, mheni, tichengetei netsitsi
6. Tiri varombo kunemi, Mwari mune simba rose

*Chorus:*

*All* Regai-ii regai-i ndikudeiwo Mwari

## 709

**Ndikudeiwo Mwari Ndikudeiwo –** *J. Makaure*

*M:* Ndikudeiwo Mwari ndikudeiwo

*V: All* Mwari regai ndikudeiwo kare makandida kwazvo Mwarii regai ndiku deiwo

*Madetembo:*

1. Ndisati ndasikwa pasi imi makatondera ini
2. Mwari regai nditondere mbiri yenyu misi yose
3. Ndisati ndagara pasi imi maponesa ini
4. Ringai netsitsi kunesu vana venyu, Baba vedu
5. Nokutitumira mvura minda yedu inoshaya
6. Kutinhira, tsanza, mheni, tichengetei netsitsi
7. Tiri varombo kunemi  Mwari mune simba rose

*Chorus:*

*All* Ndikudeiwo Mwarii kare makandida kwazvo Mwarii regai ndikudeiwo

## 710

**Ndimi Chitarisiro Chavanotambura** – *V. Zvichauya*

*M:* Ndimi chitarisiro chavanotambura

*V: S/A* Yesu wangu ndimi chitarisiro chavanotambura ndinoti ndorangarira chido chenyu chamunotiratidza mumupiro uno wemisa nemate anobva aoma

*B* --- Ndimi chitarisiro chavanotambura ndinoti ndorangarira chido chenyu chamunotiratidza chamunotiratidza nemate anobva aoma

*Madetembo:*

1. Hamuna kuda kutisiya toga senherera, haiwa makada kugara nesu nechido chinotsva.
2. Munoona kusuwa kwomwoyo wangu, munondipfavira zvakaipa zvangu.
3. Ndinotarisisira kunemi imi moga nokuti ngoni dzenyu ihuru.
4. Murupenyu nomukufa ndinotarisisira muna Yesu muponesi wangu.

## 711

**Ndimi Kristo Mambo –** *L. Hakireni*

*M* Ndimi Kristo Mambo

*V: All* Ndimi mununuri Kristo Mambo makatiponesa

*Madetembo:*

1. Ndimi Kristo, mwanakomana waMwari mupenyu

2. Ndimi inzwi akava munhu, akagara nesu
3. Ndimizve mwanakomana mumwe chete waBaba
4. Mambo chaiye wakafa, akamuka kuvafi
5. Ndimi Kristo agree kurudyi rwaMwari Baba
6. Mwana waMwari wakangoenzanawo naMwari
7. Ndimi nzira, ndimi zvirikwazvo, ndimi rupenyu
8. Makapiwa simba rose rokutonga naMwari
9. Ndimi Yesu Kristo, mufudzi wedu wakanaka
10. Makatifira mukanunura vanhu vose

*Chorus:*

*All* Kristo Mambo, ndimi makatiponesa

# 712

**Ndimi Kristo Mambo Ndimi Mununuri –** *Br Samson Mudadi*

*M* Ndimi Kristo Mambo ndimi mununuri

*Kudavira & Chorus:*

*S* Ndimi Kristo Mambo ndimi mununurihi ndimi Kristo makatiponesa

*B* Ndimi Kristo --- mununuri ndimi Kristo makatiponesa

*Madetembo:*

1. Ndimi Kristo mwanakomana waMwari mupenyu ndimi inzwi akava munhu akagara nesu
2. Ndimizve mwanakomana mumwechete waBaba Mambo chaiye wakafa akamuka muvafi
3. Ndimi Kristo agere kurudyi rwaMwari Baba mwana waMwari wakangoenzanawo naMwari
4. Ndimi nzira ndimi zvirokwazvo ndimi rupenyu makapiwa simba rose rokutonga naMwari
5. Ndimi Yesu Kristo mufudzi wedu wakanaka makatifira mukanunura vanhu vose
6. Ndimi Mwari Emanuere agere matiri mutungamiriri nomutariri wavanhu vose

# 713

**Ndimi Makati Mambo –** *L. Tarwirei*

*M:* Ndimi makati Mambo

*V: S/A* Umambo hwedenga ndohwepwere hwakamisirwaa pwere ngavauye kwandiri – umambo hwedenga ndohwepwere, umambo hwedenga ndohwepwere

*B* Umambo hwedenga ndohwepwere hwakamisirwaa ndimi makati Mam bo, ngavauye kwandiri umambo hwedenga ndohwepwere, umambo hwe denga ndohwepwere

*Madetembo:*

1. Ndivava vatakabata vagamuchirei nhasi
2. Garai navo Tenzi muvachengete vose kuipa kwapasi kusavanyonganisa

3. Mutichengetewo isu mumugariro wedu 'yu
4. Musavarasikise vaduku venyu ava

*Chorus:*

*All* Tauya navo Mambo vagamuchirei vave venyu nguva dzose

## 714

**Ndimi Mambo Nyakuzvireva –** *C. Rupiya*

*M:* Ndimi Mambo nyakuzvireva kuti

*V: S/A* Uyo anodya nyama yenyu, nokunwa ropa renyu achawana rupenyu rusin gaperi

*B* Nyama yenyu, ropa renyu, achawana rupenyu rusingaperi

*Madetembo:*

1. Imi muchagara maari
2. Iye achigarawo mamuri
3. Ndinotendera nomwoyo wose
4. Kuti musakaramende iri murimo zviro kwazvo

*Chorus:*

*S/A* Pasi nokudenga zita renyu ngarikudzwe-he narini narini

*B* Nokudenga zita renyu ngarikudzwe narini narini

## 715

**Ndimi Mambo Nyakuzvireva –** *M. Mandava*

*M:* Ndimi Mambo nyakuzvireva kuti

*V: S/A* Ndimi Mambo uyo anodya nyama yangu nokunwa ropa rangu achava noupenyu, hupenyu husingaperi

*B* Ndimi Mambo --- nyama yangu nokunwa ropa rangu achava noupenyu, hupenyu husingaperi

*Madetembo:*

1. Imi muchagara maari iye achagarawo mamuri
2. Ndinotyora huso hwangu ndichikotamira hukuru hwenyu
3. Pasi nokudenga zita renyu ngarikudzwe narini narini

*Chorus:*

*S/A* Ndinotendera nmoyo wangu woae musakaramende iri kuti murimo zviro kwazvo

*B* --- Nomoyo wangu wose kuti murimo --- ndinotendera – murimo zviro kwazvo

## 716

**Ndimi Mune Mbiri** – *L. Hakireni*

*M* Ndimi mune mbiri

*V: All* Ndimi munopirwa mupiro uyu mutsvene kwose kwose

*Madetembo:*
1. Madzimambo ose enyika dzose --- achapfugamira Mambo wedu
2. Ndudzi dzose dzapasi --- dzichamushandira nomufaro
3. Mumuvigire ndarama --- ndiye Mambo nomubati woumambo
4. Mumuvigire zvinonhuwira --- ndiye Mwari wedu
5. Mumuvigire mura yokugadzirira kuvigwa kwake --- ndiye Yesu munhu
6. Rumbidzai imi varanda vaMwari --- rumbidzai zita rake

*Chorus:*
*All* Mwari mune mbiri --- ndimi munopirwa

# 717

**Ndimi Mune Mbiri -** *P.F. Banga*

*M:* Ndimi mune mbiri munopirwa mupiro uyuu
Mune mbiri munopirwa mupiro uyuu

*V: S/A* Ndimi-i ndi-i-mii munopirwa mupiro u-u-yuhu mutsvene; mupiro uyu kwose kwoose.

*B* --- Ndimi mune mbiri – hi muno – pirwa – mupiro u-u-yu mutsvene munopirwaha-a – uyu kwose kwo-o-se.

*Madetembo:*
1. Maadzimambo ose enyiika dzose-e achapfugamira-a achapfugamiraa Maa-mbo weedu.
2. Ndu-u-dzi dzose dza-a-pasi-i dzichamushandiraaha nomufaaroo.
3. Mumuvigire-e ndarama-aha ndiye-e Mambo nomubati woumamboo.
4. Mumuvigiree zvinonhuwiriraa ndiyehe Mwari weduu.
5. Mumuvigire mura yokugadzirira kuvigwa-a kwake-e ndiye-he Yesu munhuu
6. Ru-umbidzai imi varanda vaMwari-i rumbidzai-i rumbidzai zi-ita raake-e.

*Chorus:*
*S/A* Kubva pa-a-kubuda pakubuda kwe-ezuvaha kusvikira pakuvira kwaro, zii-ta raMwari, rinofanira kurumbiidzwa.

*B* --- Kubva pakubuda, pakubuda kwe-e-zuvaa – kusvikira pakuvira kwaro-o-o --- zita raMwari rinofanira kurumbi-dzwa.

# 718

**Ndimi Mwari Makava Munhu** – *O. Magaraba*

*M: S/A* Ndimi Mwari makava munhu makabva kudenga Mwari.

*V: S/A* Ndimi Mwari makabva kudenga, mukava munhu kuti muve pakati pedu, mwo-yo yedu ngaive imba yenyuu.

*B:* Ndimi Mwarii makabva kudenga, mukava munhu, kuti muve pakati pedu, mwo-yo yedu ngaive imba yenyuu.

*Madetembo:*
1. Mwari makauya muchibva kudenga
2. Muchibva kudenga nokuva zvokudya zvedu

*Chorus:*

*All* Mambo chido chenyu, hachigumi Mamboo, mwo-yo yedu ngaive imba yenyu

# 719

**Ndimwayeiwo Mvura** – *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M: S* Ndimwayeiwo mvura--- Mambo
*V: All* Mvura inoera --- kuti ndicheneswe
*M:S* Ndishambidzeiwo
*V: All* Ndibve ndachena kuti mbe-e
*M:S* Ndishambidzeiwo
*V: All* Ndachena kuti mbe-e

*Madetembo:*

1. Mambo hamudi kuti mutadzi afe
2. Munoda kuti atendeuke arurame
3. Dzimai zvikanganiso zvedu
4. Nokuda kwengoni dzenyu
5. Isai mwoyo wakachena mukati medu
6. Muvandudze mweya wakarurama mukati medu
7. Dzoseraizve kwatiri mufaro woruponeso rwenyu
8. Titsigire nomweya kuti ude zvakanaka
9. Musatipa sezvakafanira matadzo edu
10. Mutinunure nokuda kwezita renyu
11. Tinodaidzira kunemi Mwari
12. Tererai kuteterera kwedu
13. Ngatitendeukire kuna Mwari
14. Nemwoyo yedu yose

*Chorus:*

*V: All* Ndibve ndachena kuti mbe-e
*M: S* Ndishambidzeiwo
*V: All* Ndachena kuti mbe-e

# 720

**Ndini Chingwa Choupenyu –** *J. Makaure*

*M: S/A* Ndini chingwa choupenyu
*V: All* Ndini chingwa ndini chingwa chingwa choupenyu anondidya haachaa zoziya ndini chingwa – chingwa choupenyu

*Madetembo:*

1. Unyoro norunako zvichanditevera, anoporesa mweya wangu
2. Anondifambisa panzira dzakarurama, nokuda kwezita rake
3. Kunyange ndikafamba mumupata werima, handingatyi nokuti iye aneni
4. Tsvimbo yake inondinyaradza, anondigadzira dara pamberi pavavengi vangu
5. Akazodza musoro wangu mafuta, mukombe wangu unopfachukaa

*Chorus:*
*All* Anondiradzikaa pasi pamafuro manyoroo anondisesedza pamvura inozo rodza

## 721

**Ndini Chingwa Choupenyu –** *Sr Lioba Gana (LCBL)*
*M:* Ndini chingwa choupenyu
*V: All* Ndini chingwa choupenyu anondidya haachazoziya
*Madetembo:*
1. Anondiradzika pasi pamafuro manyoro
2. Anondizorodza pamvura inozorodza
3. Unyoro norunako zvichanditevera, anoporesa mweya wangu
4. Anondifambisa panzira dzakarurama, nokuda kwezita rake
5. Kunyange ndikafamba mumupata werima, handingatyi nokuti iye aneni
6. Tsvimbo yake inondinyaradza, anondigadzira dara pamberi pavavengi vangu
7. Akazodza musoro wangu mafuta, mukombe wangu unopfachuka

## 722

**Ndini Chingwa Choupenyu** – *C. Rupiya*
*M:* Ndini Chingwa Choupenyu
*V: S/A* Chingwa choupenyu ndini, ndini chingwa choupenyu anondidya haachazoziya
*B* --- Chohu-penyu ndini ndini --- chingwa chohupenyu anondidya haachazoziya
*Madetembo:*
1. Anondiradzika pasi pamafuro manyoro
2. Anondisesedza pamvura inozorodza
3. U-nyoro norunako zvichandi-tevera
4. Anoporesa mweya wangu
*Chorus:*
*S/A* --- Anondidya haachazoziya
*B* Ndini chingwa --- haachazoziya

## 723

**Ndini Chinkwa Chipenyu –** *J. Munsaka*
*M:* Ndini chinkwa chipenyu – ndini chinkwa chobupenyu --- jana mulya nyama yangu nokunwa lopa langu munowana bupenyu
*Chorus 1:*
*S/A* Eya --- a --- a chokomende
*B* Ndini chinkwa chipenyu chakabuluka chibva kudenga
*Madetembo 1:*
1. Chokomede chokomede ndinoti kwamuli
2. Yoyo unolya nyama yangu nounonwa lopa langu anowana bupenyu

*M:* Namwibo munoda kunda kani?
*Chorus 2:*
*S/A* She – she
*B* Ndingenda kuna ani? Ndini chinkwa chakava kudenga
*Madetembo 2:*
1.Matategulu edu akalya imana mugwa guiwana
2.Akalya imana koga akafa

# 724

**Ndini Tenzi Handisanduki –** *V. Kudumba*
*M: S/A* Ndini Tenzi, handisanduki
*V: S/A* Ndinoti: Tendeukirai kwandiri ndigotedeukirawo kwamuri, uyai nechegu mi chenyu chakakwana kuimba yaMwari kuitira kuti kuve nozvokudya zvakawanda.
*B* --- Tendeukirai kwandiri ndigotedeukirawo kwamuri, uyai nechegumi chenyu chakakwana kuimba yaMwari kuitira kuti kuve nozvokudya zvakawanda.
*Madetembo:*
1.Bvunzai kuti toiteiko kuti titendeukire kwamuri.
2.Chitendeukirai kwandiri ndigotendeukirwao kwamuri.
3.Hazvina kunaka kwete kuti munhu anyengedze Mwari.
4.Imi munondinyengedza pakupa chegumi chenyu nemipiro yenyu.
5.Handichazobvumidzi mhashu kuparadza mbesa dzenyu.
6.Nyika yenyu ichazova nyika yakanaka kugaramo.
*Chorus:*
*S/A* Ndiedzei – ndiedzei – kuti ndichazarura misuwo yedenga ndichidurura pamuri mhando dzose dzezvinhu zvizhinji zvakanaka.
*B* --- Ndiedzei --- munozoona kuti ndichazarura misuwo yedenga – ndichi durura pamuri mhando dzose dzezvinhu zvizhinji zvakanaka.

# 725

**Ndinobvuma Kuti Ndakatadza –** *S.Nyamajenjere*
*M* Ndinobvuma kuti ndakatadza
*V:S/A* Panemi Mwari Baba napanemiwo hama dzangu ndinobvuma kuti ndakatadza kwazvo
*B* panemi Mwari muna masimba ini ndinobvuma Baba kuti ndakatadza kwazvo
*Madetembo:*
1.Maria muvirigo ndinokumbira
2.Nemi vangere navasande vose ndinokumbira

3.Nemiwo hama dzangu ndinokumbira
*Chorus:*
*All* Kuti mundirevere kuna Mwari Baba vedu

## 726

**Ndinochemera Kwazvo –** *L. Kaseke*
*M:* Ndinochemera kwazvo
*V: S/A* Ndinochemera kwazvo zvitema zvangu-u ndinoteta kunemi mundisunungure
*B* Ndinochemera kwazvo-o, zvitema zvangu, ndinoteta kunemi mundisunungure
*Madetembo:*
1.Ndinotya kurayirwa kunozouya pasi nomumoto, mundisunungure
2.Ndinotya kurambidzwa kuona imi misi isingaperi, mundisunungure
*Chorus:*
*All* Pamusana pezvitema zvangu, Yesu wangu makafa-a pachipiyaniso

## 727

**Ndinochemera Kwazvo –** *L J .Fifteen*
*M* Ndinochemera kwazvo-o
*V: All* Ndinochemera kwazvo zvitema zvangu ndinoteta kunemihi mundisunun gure-e ndinotya kurairwa kunozou---ya pasi nomumoto mundisungure
*Madetembo:*
1.Ndinotya kurambidzwa kuona imi misi isingaperi
2.Yesu wangu makafa pachipiyanisoho pamusana pezvitema

## 728

**Ndinoda imi Yesu** – *L. Tarwirei*
*M:* Ndinoda imi Yesu
*V: S/A* Ndinoda imi yesu Mambo wangu, simba rangu nokufara kwangu, ndi noitira imi Mambo --- dakara simba rapera mukufaa
*B:* Ndinoda imi yesu Mambo wangu, simba rangu nokufara kwangu, ndi noitira --- i-mi Ma-mbo --- simba ra-pe-ra mukufaa.
*Madetembo:*
1.Mweya wangu wakakusiyayi wakashooraa imi Mambo ndakafamba ndiri murima
2.Neshungu huru yo-mwe-ya ndinoti ndakanyangadza asi nokuda kwenyu ndakawana ru-po-ne-so
3.Ndinokumbira imi Yesu ndide kusara-sika-zve.
4.Mundisimbisewo murupenyu ndisvike uko kunemi kuti pamwe navangere ndikutunhidzei narini.

*Chorus:*
*S/A*: Rupenyu rwa-ngu tambirai, ndinoda imi dakara simba rapera mukufaa
*B* --- Ru-penyu rwangu-hu tambirai --- imi dakara simba rapera mukufaa

## 729

**Ndinoda Kugara Padyo –** *J. Kaseke*
*M* Ndinoda kugara padyo penyu Mwari
*V: S/A* Ndinoda kugara padyo penyu Mwari ndichiita basa ndichirara ndichifamba kure ndichigara mumba ndinoda kugara padyo penyu Mwari
*B* Kugara padyo penyu Mwari imi basa ndichirara hongu Mwari ndinooda ndinoda kugara padyo penyu
*Madetembo:*
1. Murupenyu rwangu nomukufa-a, mukufara kwangu nokutambudzika.
2. Hongu imi Mwari munozadza mwoyo wangu wose imi moga.
3. Makwana kuneni munopinda zvose-e, ndinoda kugara padyo penyu
4. Garayi padyo pangu musabvume ndipatsane nemi Mwari wangu.

## 730

**Ndinoda Kugara Padyo Penyu** – *E.N.M Dhliwayo Chimuti*
*M:* Ndinoda kugara padyo penyu
*V: All* Mwari ndichiita basa ndichirara, ndichiita basa, ndinoda kugara padyo penyu
*Madetembo:*
1. Ndichifamba kure, ndichigara mumba
2. Murupenyu rwangu nomukufa
3. Ndinoda kugara padyo penyu
4. Mukufa kwangu nomukutambudzika,
5. Ndinoda kugara padyo penyu
6. Makwana kuneni, munopinda zvose
7. Garai padyo pangu, musabvume ndipatsane nemi, Mwari wangu
8. Ndinoda kugara padyo penyu
*Chorus:*
*All* Hongu, imi Mwari, munozadza, munozadza mwoyo wangu wose, imi moga

## 731

**Ndinoda Mwari –** *Sr Dolores Nyathi (HLMC)*
*M: S/A* Ndinoda Mwari nokuti anonzwa izwi rangu
*V: S/A* Misungo yorufu yakandikomba ndakawana kutambura nokuchema ipapo ndakadana zita raMambo
*B* Misungo yorufu yakandikomba --- misungo yorufu yakandikomba --- ndakadana zita raMambo

*Madetembo:*
1. Ndakange ndashaiwa simba ivo vakandiponesa
2. Mwari vane mwoyo muchena vane tsitsi zvirokwazvo – vakarurama
3. Ndichafamba ndichafamba pamberi Mwari munyika yavapenyu
4. Zorora hako zorora hako mweya wangu

*Chorus:*
*S/A* Ipapo ndakadana zita raMambo Mwari vane tsitsi
*B/T* --- Ndakadana zita raMambo Mwari vane tsitsi

# 732

**Ndinodisa kwazvo Kuva Mumba Menyu** – *P.Masamba*

*M: S/A* Ndinodisa kwazvo kuva mumba menyu Mwari
Kuva mumba menyu Mwari
*V*: *S/A* Ndinodisa kwazvo kuva mumba menyu Mwari wangu, mwoyo wangu nomuviri wa-ngu, unoimba norufaro, kuna Mwari wa-ngu
*B:* Ndinodisa kwazvo kuva mumba menyu, Mwari --- mwoyo wangu nomu viri wa-ngu, unoimba norufaro, kuna Mwari wa-ngu.

*Madetembo:*
1. Kunyange nzvidya dzine pokugara, nyenganyenga dzine matendere.
2. Akakomborerwa anowana simba rake kwamuri, ane mugwagwa yakafara mumwoyo make.
3. Vanopamhidzirwa simba pasimba ravo vachazoona Mwari mukuru
4. Tenzi Mwari inzwai munamato wangu, doteererai henyu imi Mwari.
5. Ndingada hangu kumira pamusuo weimba yenyu, pano kugara mudzimba dzavakaipa.

*Chorus:*
*B* Nokuti Tenzi ---Tenzi Mwari izuva nenhoo yangu --- nyasha norukudzo-ho haaregi --- chakanaka, kuna vaya --- zvakarurama
*S/A* --- Nokuti Tenzi Mwari izuva nenhoo yangu, anopa nyasha norukudzo-ho haaregi kuita chakana-ka, kuna vaya vanoita zvaka-rurama

# 733

**Ndinogara Ndichitenda Mwari Nguva Dzose** – *A. Musiwa*

*M:* Ndinogara ndichitenda Mwari nguva dzose
*V: S/A* Nokuda kwenyasha dzamakapiwa naye muna Yesu Kristo-o nokuti kana makabatana naKristo-o makapfumiswa naye pazvinhu zvose-e, pakutaura kwose, napakuziva kwo-o-se.
*B* Nokuda kwenyasha dzamakapiwa naye muna Yesu Kristo-o kana makabatana naKristo-o makapfumiswa naye pazvinhu zvose-e, pakutaura kwose, napakuziva kwo-o-se.

*Madetembo:*
1. Mashoko aKristo akagadzikana mamuri zvokuti hapana chipo chenyasha chamunoshaya.
2. Pakurindira kwamunoita kuonekwa pachena kwaTenzi wedu Yesu Kristo-o.
3. Iye achaku-chengetai zvakanaka-a kusvikira pakuguma-a kuti muzoonekwa musina-ha mhosva pazuva raTenzi wedu Yesu Kristo-o.
4. Mwari Baba vedu naTenzi Yesu Kristo ngavakupei-i nyasha norugare.

*Chorus:*
*S/A* Mwari wamakadaidzwa naye-e kuzowadzana nomwanakomana wake-he Yesu Kristo Tenzi wedu ndiMwari wakatendeka, ndiMwari wakatendeka
*B* Mwari wamakadaidzwa naye kuzowadzana nomwanakomana wake-he Yesu Kristo Tenzi wedu ndiMwari wakatendeka, Tenzi wedu wakatendeka

# 734

**Ndinokudai Yesu Wangu –** *C.T. Mujuru*
*M:* Ndinokudai Yesu wangu
*V: All* Ndinokudai Yesu wangu, ndimi makandida Mambo ndisati ndambova chinhu, ndimi makandida Mambo

*Madetembo:*
1. Ndimi Mambo makandisika mukandinunura norufu rwenyu pachipiyaniso
2. Ndimi Mambo makandiita kuti ndive mwana wenyu nebhapatisimo
3. Ndimi Mambo makandizarurira denga
4. Ndimi Mambo hezvi nanhasi munondida
5. Mambo munoda kuuya kwandiri sechidyo chenyu

*Chorus:*
*S/A* Uyai zvenyu Mambo, uyai zvenyu Mambo, mwoyo wangu unochemera imi
*B* --- Zvenyu Mambo, mwoyo wangu zvenyu Mambo moyo wangu uno chemera imi

# 735

**Ndinokuitirai Mwari –** *J. Chikovo*
*M: S/A* Ndinokuitirai Mwarii
*V: S/A* Masikati nousiku, zita renyu rinamatwe
Ushe hwenyu husvike, ndinokuitirai Mwari
*B* Masikati nousiku-u, ushe hwenyu husvike, ndinokuitirai Mwari

*Madetembo:*
1. Tipei nhasi kudya kwedu, regerai mhaka dzedu
2. Sesu tinovaregera vane mhaka kwatiri
3. Musatiise narini patinonyengetedzwa
4. Asi mutidzikinure kuzvivi zvose Amen

*Chorus:*
*All* Mwari oga ndinokupai mweya, muviri rupenyu-u, handisi-yi Yesu wangu-u, ndipei Yesu girasiya

## 736

**Ndinokuitirai Mwari** – *V. Zvichauya*
*M:* Ndinokuitirai Mwari
*V: S/A* Ndinokuitirai Mwari masikati nousiku zita renyu rinamatwee ushe hwenyu husvike ndinokuitirai Mwarii
*B* Ndinokuitirai Mwari masikati nousiku zita renyu rinamatwee ushe hwenyu husvike ndinokitirai Mwari
*Madetembo:*
1. Tipei nhasi kudya kwedu kwezuva regerai mhaka dzedu
2. Sezvo tinovaregera vane mhaka kwatiri
3. Musatiise nariinhi patinonyengetedzwa
4. Asi mutitsikinure kuzvivi zvose Amen.
*Chorus:*
*S/A* Mwari woga ndinokupai mweya muviri rupenyu handisiyi Yesu wangu ndipei, Yesu girasiya

*B* Mwari wogaa ndinokupai mweya muviri rupenyu handisiyi Yesu ndipei Yesu girasiya

## 737

**Ndinokumbira Mwari Wangu –** *S. Takawira*
*M:* Ndinokumbira Mwari wangu
*V: S/A* Ndinokumbira kuregererwa matadzo ose andakakutadzirai anokodzera chirango chenyu chinobvundisa
*B* --- Kuregererwa ose andakakutadzirai chirango chenyu chinobvundisa
*Madetembo*:
1. Akasakisa kuti muponesi wangu Yesu Kristo anondida arovererwe pachipiyaniso
2. Ndakakutadzirai imi makanaka zvisina mugumo
3. Ndinotsunga zvakasimba kurega kukutadzirai nokunzvenga zvose zvinondifurira kukutadzirai pakare

## 738

**Ndinokupfugamirai Mwari Baba** – *M. Mukucha*
*M* Ndinokupfugamirai Mwari Baba
*V: S/A* Ndinokupfugamirai Mwari Baba kunyangwe zvangu ndisiri chinhu pam beri poukuru hwenyu, kunyangwe zvangu ndisingakodzeri ndinokukudzai
*B* --- Kunyangwe zvangu, Mwari Baba, ndisiri chinhu pamberi poukuru hwenyu, kunyangwe zvangu ndisingakodzeri ndinokukudzai

*Madetembo:*
1. Mwari Baba ndinokudai, pamwe chete nomwanakomana wenyu Yesu Kristo
2. Ndi-noi-sa mweya wangu nezviito zvangu zvose mumaoko enyu
3. Ndinokushuvai, ndinokukudza-i

*Chorus:*
*All* Ndinovimba nemi ndinotarisira kwamuri kuti ndizviite-e, sokuda kwenyu

# 739

**Ndinokurumbidzai Mambo –** *J. Tichapondwa*

*M:* Ndinokurumbidzai Mambo
*V: S/A* Mwari wangu mununuri wangu ndikadaidza kwamuri munodavira ndi nokurumbidzai Mambo dombo rangu muri rusvingo rwangu
*B* Mwari wangu --- ini ndikadaidza kwamuri --- munodavira ndinokurum bidzai Mambo dombo rangu --- rusvingo rwangu

*Madetembo:*
1. Pakutambudzika ndakadaidzira kwamuri kuchema kwangu kwakasvika munzeve dzenyu
2. Tenzi makandinzwa mukatambanudza ruoko rwenyu mukandinyukura mumvura zhinji
3. Tenzi mutsigiri wangu makandiisa panzvimbo yakafarikanya
4. Tenzi muri dombo rangu Tenzi muri nhare yangu

# 740

**Ndinokusiyirai Rugare Rwangu –** *A. Chamunorwa*

*M:* Ndinokusiyirai rugare rwangu
*V: S* Vezvapasii, vadisi – handikupii sokupa kunoita vadisi vezvapasii – sokupa kunoita vadisi vezvapsi
*T* Rwangu rugare sokupa kunoita, rwangu rwangu rugare vezvapasi
*B* Rugare ndinokusiyirai rugare rwangu, rugare – sokupa kunoita vadisi – rugare ndinokupai rugare rwangu

*Madetembo:*
1. Tenzi mungachirega muranda wenyu, zvino achienda norugare, nokuti meso angu aona ruponeso rwenyu, rwamakagadzirira ndudzi dzose dzavanhu.
2. Chiedza chokuvhenekera vokunze, nomukurumbira wavanhu venyu vaIsrael, nokuti meso angu aona ruponeso rwenyu, rwamakagadzirira ndudzi dzose dzavanhu.

# 741

**Ndinokutendai Tenzi Mwari Wangu** – *Ruvadiki Kamundiya*

*M: S/A* Ndinokutendai Tenzi Mwari wangu
*V: S/A* Ndinoimba ndichikurumbidzai Mwari wangu, ndakananga kutemberi

yenyu tsvenee, ndichitenda zita renyu mwoyochena wenyu nokutendeseka kwenyu.

*B* Ndinoimba ndichikurumbidzai Mwari wangu, ndakananga kutemberi yenyu, ndichitenda zita renyu mwoyochena wenyu nokutendeseka kwenyu.

*Madetembo:*

1. Imi Tenzi ngoni dzenyu dzinogara nokusingaperi.
2. Tenzi muri kumusoro munochengeta vanozvirereka.
3. Asi vanodada havangazvivanzi kwamuri.
4. Tenzi munoponesa hupenyu hwangu.
5. Tenzi muchazadzisa chinangwa chenyu mandiri.
6. Mwoyochena wenyu Tenzi hauperi, musarase basa ramaoko enyu.

*Chorus:*

*S/A* Zuva randakachema kwamuri makandipindura Tenzi, mukandisimbisa nesimba renyu, Tenzi, makandisimbisa nesimba renyu.

*B* Zuva randakachemaha, zuva randakachema --- makandipindura, mukandisimbisa nesimba renyu --- nesimba renyu.

## 742

**Ndinorumbidza Mambo –** *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M: S* Ndinorumbidza

*V: All* Mambo ndinorumbidza nomwoyo wangu wose

*M: S* Ndinorumbidza

*V: All* Mambo nomwoyo wangu wose

*Madetembo:*

1. Mabasa aMwari makuru --- Anocherechedzwa navose vanoafarira
2. Mabasa ake anoshamisa --- Mwari ane ngoni netsitsi
3. Akapa zvokudya vanomutya --- Acharangarira sungano yake nokusingaperi
4. Akaratidza vanhu vake simba ramabasa ake --- Zvaakavapa nhaka yokudenga
5. Mabasa amaoko ake izvokwadi zvakaruramisa --- Mirairo yake yose yakasimba
6. Yakasimbiswa nokusingaperi --- Yakaitwa yakaitwa nezvokwadi nokururama
7. Akatumira vanhu vake kununurwa --- Akarayira sungano yake nokusingaperi
8. Zita rake rinoyera rinotyisa --- Kutya Mwari ndiko kutanga kwouchenjeri
9. Ndakafara pavakati kwandiri --- Handei kumba kwaMwari

*Chorus:*

*All* Ndinorumbidza Mambo --- Mambo nomwoyo wangu wose

## 743

**Ndinorumbidza Mambo –** *Rev V T. Chanyau*

*M* Ndinorumbidza Mambo nomwoyo wangu wose
Nomwoyo wangu wose

*Kudavira & Chorus:*

*S* Ndinorumbidza Mambo nomwoyo wangu wose, Mambo-we ndinorumbidza, ndinorumbidza Mambo
*B* --- Mambo nomwoyo wangu wose, Mambo ndinorumbidza, ndinorumbidza Mambo
*Madetembo:*
1. Mabasa ake anoshamisa Mwari ane ngoni netsitsi
2. Akapa zvokudya vanomutya acharangarira sungano yake nokusingaperi
3. Akaratidza vanhu vake simba ramabasa ake zvaakavapa nhaka yokudenga
4. Mabasa amaoko ake izvokwadi zvakaruramisa mirairo yake yose yakasimba
5. Yakasimbiswa nokusingaperi yakaitwa nezvokwadi nokururama
6. Akatumira vanhu vake kununurwa akarira sungano yake nokusingaperi
7. Zita rake rinoera rinotyisa kutya Mwari ndiko kutanga kwouchenjeri
8. Ndakafara panguva yavakati kwandiri hendei kumba kwaMwari

## 744

**Ndinorumbidza Mambo Ndinorumbidza –** *C. Rupiya*
*M: S/A* Ndinorumbidza Mambo, Mambo ndinorumbidza
*V: S/A* Ndinorumbidza --- ndinorumbidza, Mambo nomoyo wangu wose, Mambo nomoyo wangu wose
*B* --- Mambo --- rumbidza Mambo, nomoyo wangu wose Mambo, nomoyo wangu wose.
*Madetembo:*
1. Mabasa aMwari makuru anocherechedzwa navose vanoafarira
2. Mabasa ake anoshamiswa Mwari ane ngoni netsitsi
3. Akapa zvokudya vanomutya acharangarira sungano yake nokusingaperi
4. Akaratidza vanhu vake – simba ramabasa ake – zvaakavapa nhaka yokudenga
*Chorus:*
*S* Mambo --- Mambo nomoyo wangu wangu wose
*A* --- Mambo Mambo nomoyo wangu wangu wose
*B* --- Ndinorumbidza --- nomoyo wangu wose

## 745

**Ndinotendera Mwari –** *C. Togo*
*M:* Ndinotendera
*V: S* Mwari mumwe chete, mwanakomana mumwe chete waMwari-i noMweya Mutsvene
*A/B* Mwari Baba, Mwari musiki, muridzi wazvose zvose nezvisingaonekwi
*Madetembo:*

1. Ndinotendera Yesu Kristo
2. Mwana wake mumwe chete
3. Wakafa pachipiyaniso
4. Wakamuka muvafi
5. Ndokukwira kudenga
6. Tinotendera Mweya Musande
7. Kirike katorike
8. Kubatana kwavasande
9. Kuregererwa kwamatadzo
10. Nokumuka kwomuviri
11. Norupenyu rusingaperi
12. Rusingaperi Amen

*Chorus:*

*S/A* Musiki wedenga napasi Mwari Baba noMwanakomana noMweya Mutsvene

*B* Musiki wedenga muridzi wazvose zvose zvinoonekwa nezvisingaonekwi

# 746

**Ndinotendera Mwari –** *C. Chawasarira*

*M:* Ndinoteendera

*V: All* Ndinotendera Mwari mumwe cheetee hongu ndinotendera

*Madetembo:*

1. Baba vana masimba ose --- musiki wedenga napasi
2. NdinotenderaYesu Kristo --- mwana wake mumwe chete
3. Akazvarwa naMaria muvirigo --- nesimba raMweya Mutsvene
4. Akatongerwa kutambudzika --- naPonsiyo Pirato
5. Akarovererwa pachipiyaniso --- akafa akavigwa
6. Akaenda kuvafi --- zuva retatu akamuka
7. Akakwira kudenga --- kwaagere kurudyi kwaMwari
8. Achabvako kuzotonga --- vapenyu navafi
9. Ndinotendera Mweya Mutsvene --- Kirike sande katorike
10. Kubatana kwavasande --- kuregererwa kwamatadzo
11. Kumuka_kwomuviri --- noupenyu husingaperi

*Chorus:*

*All* Ndinoteenderaa --- Mwari mumwe chete

# 747

**Ndinotendera Mwari Baba –** *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Ndinotendera Mwari Baba vana masimba ose

*V:S/A* Mwari Baba vanamasimba ose, musiki wedenga napasi, ndinotendera Yesu Kristo-o Mwana wake mumwe Mambo wedu wakazvarwa naMaria Muvirigo nesimba raMweya Mutsve-ne x2

*B* --- Vanamasima ose, musiki we-denga na-pasi --- Yesu Kristo Mwana wake mumwe chete Mambo wedu naMaria muvirigo --- nesimba, raMweya Mutsve-ne x2

*S/A* Akatongerwa kutambudzikana naPonzio Pirato --- akarovererwa pachipiyaniso-o --- akafa, akavigwa-a --- akaenda kuvafi --- akamuka

nezuva retatu x2

*B* --- Kutambudzika naPonzio Pirato akarovererwa pachipiyaniso-o akafa --- akavigwa-a, akaenda --- kuvafi akamuka --- nezuva retatu x2

*B* Akakwira kudenga --- kudenga --- vanamasimba ose, akawira kudenga --- kuzotonga vapenyu nava-fi x2

*S/A* --- Kwaagere kurudyi rwaMwari Baba vanamasimba ose, achabvako --- kuzotonga vapenyu nava-fi x2

*S/A* Ndinotendera Mweya Mutsvene --- Kirike Sande Katorike --- kubatana kwavasande --- kuregererwa kwamata-dzo, nokumuka kwomuvi-ri, norupenyu rusingape-ri Aamee-ni x2

*B* --- Mweya Mutsvene ndinotendera, Katorike ndinotendera, kwavasande ndinotendera --- kwamata-dzo --kwomuvi-ri --rusingape-ri Aa-mee-ni x2

## 748

**Ndinotendera Mwari Mumwe Chete –** *J.K.Dzingai*

*M:* Ndinotendera Mwari mumwe chete

*V: S* Ndinotendera Mwari mumwe chete Baba vana masimba ose muridzi wazvose zvose

*A/B* Mwari mumwe chete Baba – vana masimba ose muridzi wazvose zvose

*T* Ndinotendera Mwari, Baba vana masimba ose muridzi wazvose zvose

*Madetembo:*

1. Ndinotendera Yesu Kristo
2. Mwana wake mumwe chete
3. Wakafa pachipiyaniso wakamuka muvafi
4. Wakamuka mufavi ndokukwira kudenga
5. Ndinotendera mweya musande
6. Kirike Katorike
7. Kubatana kwavasande kuregererwa kwamatadzo
8. Nokumuka kwomuviri
9. Norupenyu rusingaperi
10. Rusingaperi Amen

*Chorus:*

*All* Baba vana masimba ose muridzi wazvose zvose

## 749

**Ndinouya Kwamuri Mwari –** *Sr Mary Mandeya (HLMC)*

*M:* Ndinouya kwamuri Mwari kuzodzivirirwa nemi
Kuzodzivirirwa nemi

*V: All* Nokuti ndinotambudzika – ziso rangu raneta nokuchema pamwe chete

nomweya nomuviri wa-ngu

*Madetembo:*

1.Musandirega ndichikundwa-a imi Mwari makarurama ndiponesei

2.Rerekai nzeve dzenyu kwandi-ri mukurumidze kundinunura

3.Nokuti imi ndimi dombo rangu nenhare yangu

4.Ndibvisei mumusungo wavakandidzikira pakahwanda

*Chorus:*

*All:* Ziso rangu raneta nokuchema pamwe chete nomweya nomuviri wangu

# 750

**Ndinouya Nezvichemo Zvangu –** *D. Jakachira*

*M: S/ A* Ndinouya nezvichemo zvangu

*V: A* Pamberi penyu imi Mwari

*S* Ndinouya a ndinouya

*B* Ndi-nouya kwamuri Mwari pamberi penyu ndinouya

*M: S/A* Ndinouya nezvichemo zvangu…

*V: S/A* Ndinochemera pa --- nemi Mwari

*B* Ndi-nouya kwamuri Mwari ndinochemera pa-nemi Mwari

*V: S* Ndinochemera kwamuri Ma-ambo ndimi mudziviriri wangu ndi-mi mu batsiri wangu ndimi zvose zvandinoda-a zva-ndinoda zvandinoda

*A* Ndinochemera kwamuri Ma-amboo ndimi mudziviriri wangu ndi-mii mubatsiri wanguu ndimi zvose zvandinoda-a zva-ndinodaha zvandinoda

*B:* Ndinochemera kwamuri – kwamuri Mwarii mudziviriri wanguuuu ndimi mubatsiri wanguu mu-ri zvose zvandinodaha zvandinoda zva-ndi-nodaa

*Refrain:*

*S/ A* Ndi-mi mubatsiri wangu ndimi zvose zvandinoda-a zva-ndinoda zvandinoda

*B* --- Ndimi mubatsiri wanguu mu-ri zvose zvandinodahaa zvandinodaa zva-ndi nodaa

*Madetembo:*

1.Ndimi wandinoudza matambudziko a-ngu ndimi wandinoudza zviche-mo zvangu

2.Teererai kuchemera kwandinoita rubatsiro rwe-nyu ndinokumbira ne-nzwi guru

*Chorus:*

*S/A* Ndi-bviseiwoo mumatambudziko ndirumbidze imi-i ndirumbidze zita renyu --- ndirumbidze zita renyu

*B* Ndi-bviseiwo Mwari imi mumatambudziko ndirumbidze imii Mwari ndibviseiwo ndirumbidze zita renyu

*Madetembo:*

1.Ndinochemera imimi Mwari  rubatsiro rweenyu ndi-nu-nu reiwo ndinunureiwo kumhandu dzangu

2.Kana ndikatarisa kumativi ose hapana anondibatsira hapana ane hanya nenihi hapana ane haa-nya neni

*Chorus:*

*S/A* Tererai Mwari wangu kuchemera kwangu rubatsiro ndinoshaiwa simba ndinosha-iwa simba

*B* --- Ndinunurei Mwari wangu kumhandu dzangu ndinoshaiwa simba, ndi noshaiwa simba

# 751

**Ndinovimba Mambo** – *F. Gora*

*M:* Ndinovimba Ma-ambo

*V: S/A* Mambo ndinovimba nengoni dzenyu Mambo, ndimi makandibatsira

*B* --- Ndinovimba Mambo --- dzenyu Mambo-o ndimi makandibatsira

*Madetembo:*

1.Mwoyo wangu unoimba nokuti makandiitira zvakanaka
2.Ndinokudai Mambo ndinoimbira Mwari
3.Ndimi runyanga rwokuponesa ndimi shongwe yangu yakakwirira
4.Ndichadana kunemi Mwari munofanira kurumbidza
5.Naizvozvo ndichaponeswa kuvavengi vangu

# 752

**Ndinovimba Nemi Mambo –** *M. Mupangwa*

*M:* Ndinovimba nemi Mambo

*V: S/A* Ndinovimba nemi Mambo nengoni dzenyu-u, Mambo ndimi-i makandibatsira

*B* --- Nemi Mambo dzenyu-u Mambo makandibatsira

*Madetembo*:

1.Mwoyo wangu unovimba nokuti makandiitira zvakanaka
2.Ndinokudai Mambo ndinokuimbirai Mwari wangu
3.Ndinodana kunemi Mwari munofanira kurumbidzwa

# 753

**Ndinovimba Nemi Mwari Wangu** – *N.A Mabwe*

*M:* Ndinovimba nemi Mwari wangu

*S/A* Tibatsireyi kurwisana nomuvengi nokuti rubatsiro rwomunhu haruna maturo
Tenzi ndinzweiwo mutibatsireiwo kuti vadikanwi venyu vagonunurwa

*B* --- Tibatsirei --- kurwisa --- muvengi rubatsiro rwomunhu haruna maturo
--- ndinzweiwo, mutibatsireiwo --- vadikanwi venyu vagonunurwa.

*Madetembo:*

1.Kana tiina Mwari tichaita mabasa oumhare iye Mwari achatsikatsika mhandu

dzedu
2. Ndiyaniko Mwari achandipinza achatungamirira muguta rakapoteredzwa norusvingo
3. Kudzwai imi Mwari kumusorosoro kubwinya kwenyu ngakuzadze pasi pose
4. Mwari akataura ari panzvimbo yake inoyera achiti tichafara muhondo dzedu.

*Chorus:*

*S/A* Ndichakutendai --- pakati pendudzi dzavanhu Tenzi, ngoni dzenyu hadzina mugumo, Mwari wangu ndinovimba nemi

*B* Ndichakutenda Tenzi pakati pendudzi dzavanhu nokuti --- ngoni dzenyu hadzina mugumo Mwari wangu, ndinovimba nemi

## 754

**Ndinovimba Nengoni Dzenyu Mambo** – *Sr Perpetua Muza* (Holy Cross)

*M* Ndinovimba nengoni dzenyu Mambo

*V: S* Ndimi makandibatsira ndinovimba nengoni dzenyu Mambo, ndimi, ndimi makandibatsira

*B* --- Mambo makandibatsira nengoni dzenyu Mambo --- Mambo ndimi makandibatsira

*Madetembo:*

1. Moyo wangu unoimba, nokuti makandiitira zvakanaka. Ndinovimba …
2. Ndinokudai Mambo, ndinoimbira Mwari. Ndinovimba …
3. Ndimi runyararo rwokuponesa ndimi shongwe yangu yakakwirira. Ndinovimba
4. Ndichadana kunemi Mwari, munofanira kurumbidzwa. Ndinovimba …
5. Naizvozvo ndichaponeswa, kuna vavengi vangu. Ndinovimba …

## 755

**Ndinzwireiwo Tsitsi Mwari** – *T.M. Dunduru*

*M:* Ndinzwireiwo tsitsi Mwari

*V: S/A* Ndakakutadzirai imi moga ndakaita chinhu chakaipa pamberi penyu ndakaberekwa mumatadzo tarirai ndakaberekwa mumatadzo tarirai ndakaberekwa mumatadzo

*B* --- Kutadzirai imi moga --- chinhu chakaipa pamberi penyu ndakaberekwa mumatadzo --- ndakaberekwa mumatadzo, ndakaberekwa mumatadzo

*Madetembo:*

1. Dzimai matadzo angu
2. nokuda kwengoni dzenyu zhinji
3. ndisukei zvakaipa zvangu zvose
4. Nokuti ndinoziva kutadza kwangu
5. Zvivi zvangu zvinogara
6. zviri pamberi pangu

7. Ndinatsei ndive wakanaka
8. Tarirai munoda chokwadi mumwoyo mangu
9. Munoda kundidzidzisa uchenjeri mukati mumwoyo mangu

*Chorus :*

*S/A* Ndishambidzei ndichene x3 ndichene

*B* --- dzei ndichene --- dzei ndichene ini ndishambidzei ndichene ndichene

## 756

**Ndinzwireiwo Tsitsi Ndiponeseiwo Mambo** – *C. Takura*

*M:* Ndinzwireiwo tsitsi ndiponeseiwo Mambo

*Kudavira & Chorus:*

*B* Mambo ndiponeseiwo, ndinzwireiwo tsi-tsi, ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu, Yesu ndinzwireiwo tsitsi

*S* --- Ndiponeseiwo Mambo ndinzwireiwo tsitsi Yesu, ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu Mambo Yesu, Yesuwoye ndinzwireiwo tsitsi

*Madetembo:*

1. Regai kubvuma kuti ndiparadzane nemi ndiponeseiwo
2. Yesu-u ndidzivirireiwo kuna satani ndiponeseiwo
3. Yesu-u musanonoke kuzondibatsira ndiponeseiwo

## 757

**Ndipeiwo Mambo Mwoyo Mutsvene –** *E. Taruvinga*

*M:* Ndipeiwo Mambo mwoyo mutsvene

*V: S/A* Ndipeiwo Mambo mwoyo mutsvene – wakavandudzwa nomweya wenyu Mambo ndipeiwo mwoyo wakavandudzwa nomweya wenyu

*B* Mambo ndipeiwo mwoyo mutsvene --- wakavandudzwa nomweya wenyu Mambo ndipeiwo mwoyo mutsvene wakavandudzwa nomweya wenyu

*Madetembo:*

1. Zvakanaka kuti Mwari wedu aimbirwe nziyo dzokurumbidza
2. Zvakafanira kuti arumbidzwe zvakafanira-a kuti arumbidzwe
3. Iye anofukidza denga namakore anogadzirira pa-si-i pasi mvura
4. Anomeresa uswa pamakomo – anopa zvipfuwo zvokudya zvazvo
5. Mambo anofara-a naavo vanomutya-a na-avo vanotarisira ngoni dzake

*Chorus:*

*S/A* Imbirai Mambo --- imbirai Mwari wedu nziyo-o nziyo dzokurumbidza imbirai Mwari nziyooo nembira

*B* Muchimutenda Mambo imbirai Mwari nziyo-o dzokurumbidza --- imbirai nziyo --- nembira

## 758

**Ndipeiwo Shungu Nechido Mambo –** *C. Chamakomo*

*M:* Ndipeiwo shungu nechido Mambo

*V: S/A* Mwari Mambo ndipeiwo shungu nechido chokuita muchato uchava ndoro chena youkundi muupenyu

*B* --- Mambo ndipeiwo shungu nechido chokuita muchato mutsvene uchava ndoro chena youkundi muupenyu

*Madetembo*:

1. Moyo wangu waperera pamwana uyu wandakasarudza norusununguko rwamakandipa, ndipeiwo
2. Ndigonesei nokugutsa moyo woumwe wangu, ndipeiwo
3. Chido changu kwaari ngachive mudonzvo unotungamirira umwe wangu kuupenyu husingaperi, ndipeiwo

## 759

**Ndipeiwo Simba Renyu Mambo –** *Fr T. Mandava*

*M:* Ndipeiwo simba renyu Mambo-o

*V: S/A* Ndipeiwo simba renyu Mambo-o ndigone kuchengeta hutsvene hwangu hunofadza Mwari-i ndihwo ndaza inobwinya nokusingaperi-i

*B* Ndipeiwo simba ndigone kuchengeta-a-a hutsvene hunofadza Mwari ndihwo ndaza inobwinya nokusingaperi

*Madetembo:*

1. Tose takadai tinozvarwa tine chipo ichi choutsvene
2. Asi tinochirasa pamusana pohuipi kana hutera hwedu
3. Ndapota hangu Mambo – ndibatsireiwo kuti ndirege kumbofa ndakarasa hutsvene hwangu
4. Ndinokumbira rubatsiro rwenyu muzita raKristo Mambo wedu

*Chorus:*

*S/A* Mwenje woutsvene-e-e ngaurambe uchipfuta mandiri-i nomunyika yose

*B* Mwenje woutsvene ngaurambe uchipfuta mandiri nomunyika yose

## 760

**Ndipembedzei Imi Mwari** – *R. Mandigo*

*M: S/A* Ndipembedzei imi Mwari

*V: All* Ndipembedzei pakutongwa kwemhosva yangu navanhu vasina tsitsi ndinunurei kuvanhu vanonyengedza vasina kururama

*Madetembo:*

1. Nokuti imi ndimi Mwari botero rangu
2. Tumai chiedza chenyu nechokwadi chenyu zvinditungamirire
3. Unosuwireiko mweya wangu, vimba naMwari muponesi wangu

*Chorus:*

*All* Ndinunurei kuvanhu vanonyengedza vasina kururama

## 761

**Ndiri Pano Zvamandidaidza –** *N. Muchenu*

*M:* Ndiri pano zvamandidaidza Mwari wangu nditumei

*V: S/A* Mupriste anosarudzwa naMwari achibva muvanhu achigadzwa kuti ashandire Kirike, apire zvipo, ave musvitsanisi pakati paMwari navanhu otadzana naKristo mupriste mukuru, muprofita nomudzidzisi, nokudaro Mwarii kutendeseka kwaKristo ngakuve kutendeseka kwavashumiri venyu

*B* Mupriste anosarudzwa naMwari achibva muvanhu, achigadzwa, kuti ashandire vanhu, apire zvipo, aregerere matadzo, otadzana naKristo, ova musvitsanisi pakati paMwari navanhu nokudaro kutendeseka kwaKristo ngakuvewo kwavapriste

*Madetembo:*

1. Iwe ndiwe mwana wangu nhasi uno ndava Baba vako
2. Ibva munyika yako napahama dzako uende kunyika yandichakuratidza ndichakukomborera
3. Marudzi avanhu achakomborerwa zvichibva nomauri
4. Ndichakomborera vaya vanokukomborera ndichitsvatawo vaya vanokushungurudza
5. Iwe uri mupristi warini narini pamagamuchidzanwa edzinza raMerekizedeki

*Chorus:*

*S/A* Tungamiraiwo Mwari Baba, avo vose vamakasarudza kuti vaite basa rokugamuchidza masakaramende, nokuparidza dama rakanaka, kuti nesimba renyu vagovimbika nokuzadzisa basa ravakagamuchira

*B* Mwari Baba, mwanakomana, namweya mutsvene, tarirai, tungamiraiwo vamakadaidza kumunda wenyu vakadaira, nesimba renyu vagovimbika nokuzadzisa basa ravakagamuchira

## 762

**Ndiri Wenyu Narini –** *S.T. Chari*

*M:* Ndiri wenyu narini

*V: All* Yesu wangu Yesu wangu chido chenyu chakanyanya imi makandisarudza kutevera gwara renyu ndiri weenyu narini imi moga imi moga ndinorasa pfuma dzose he ibvai zviteyo zvapasi yesu wangu ndidzivirirei ndiri wenyu narini

*Madetembo:*

1. Gamuchirai gamuchirai mweya wangu nomuviri
2. Ndinozvipira kunemi ndiponesei ndipindurei
3. Inzwa Yesu inzwa Yesu zvino ndinokutsidzirai
4. Kuitira imi moga kwazvo nomoyo muchena

*Chorus:*

*All* Ndiri wenyu narini nharini

# 763

**Ndiro Zuva Rakaitwa NaMwari –** *C.T. Chinoda*

*M:* 1.Ndiro zuva rakaitwa naMwari
2.Zuva rakaitwa naMwari

*V: S/A* Ndiro zuvaa zuva rakaitwa naMwari ngatifarei kwazvo ngatifarei kwazvoo Alleluyaha ngatifarei kwazvo

*B* --- Zuvaa zuva rakaitwa naMwari --- ngatifarei kwazvoho ngatifarei Alleluyaa ngatifarei kwazvo

*Madetembo:*

1.Kristo hwayana yedu yaMwari yakapirwa pamusana pedu
2.Muri vapiriri vatsvene kuti mugamuchidze mupiro kuna Mwari
3.Ngatirurame murupenyu rwedu kuti tifadze Mwari
4.Takamuka pamwe chete naYesu ngatitize kurutadzo tigogara zvakanaka
5.Musakanganwe kubatsirana nokuti makapiwa ruponeso rwenyu

# 764

**Ndiro Zuva Rakaitwa NaMwari** – *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*

*M:* Ndiro zuva rakaitwa naMwari
Zuva rakaitwa naMwari

*V: S/A* Ndiro zuva rakaitwa naMwarii, sezvo makamuka pamwe naaKristo, ngatifarei kwazvoo tsvagai zvokumusoro

*B* --- Zuva rakaitwa naMwarii, sezvo makamuka pamwe naaKristo, ngatifarei kwazvoo tsvagai zvokumusoro

*Madetembo:*

1.Kristo hwayana yedu yaMwari yakapirwa pamusana pedu
2.Muri vapiriri vatsvene, kuti mugamuchidze mupiro kuna Mwari
3.Ngatirurame murupenyu rwedu kuti tifadze Mwari
4.Takamuka pamwe chete naYesu, ngatitize kurutadzo tigogara zvakanaka
5.Musakanganwe kubatsirana, nokuti makapiwa ruponeso rwenyu

# 765

**Ndirori Shoko Renyu Tenzi Wangu** – *J.K. Dzingai*

*M: S/A* Ndirori shoko renyu Tenzi wangu

*V: S/A* Shoko ramakareva kumuranda wenyu rakandipa tariro, shoko rinondon yaradza munhamo dzangu, rinoti shoko ramakandipikira richandiraramisa kunyan gwe vaya vanodada vakandiseka zvikuru, handina kutsauka pa murau wenyu.

*B* Shoko ramakareva kumuranda wenyu – rakandipa tariro, shoko rinondinyaradza munhamo dzangu shoko ramakandipikra richandirara misa – vaya vanodada vakandiseka – handina kutsauka pamurau wenyu.

*Madetembo:*

1.Kana ndichirangarira zvamakatema kare imi Tenzi zvinondinyaradza.

Ndinozarirwa kana ndichiona vakaipa – vachisiya murau wenyu.

2. Panguva duku yandinogara pasi pano ndinonyora nziyo dzezvemitemo yenyu.
3. Ndinokurangarirai usiku hwose Tenzi ndinofunga nezvemitemo yenyu.
4. Ndinowana rufaro rwangu mukuchengeta zvamakaraira.

## 766

**Ndirwireiwo Mambo –** *C. Takura*

*M* Ndirwireiwo Mambo

*V: S/A* Ndirwirei Mambo Mambo ndirwirei, pana vavengi vangu, ndifundisei kuda kwenyu Mambo ndirwireiwo panavavengi vangu

*B* Mambo ndirwireiwo panavavengi vangu, Mambo ndifundisei Mambo kuda kwenyu Mambo ndirwireiwo panavavengi vangu

*Madetembo:*

1. Varimi vakarima musana wangu wavakaita muhomba murefu
2. Vakanditambudza kazhinji kubvira pauduku hwangu asi vagere kundikunda

## 767

**Ndirwirei Mambo –** *R. Dube*

*M:* Ndirwirei Mambo

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Ndirwirei Mambo pana vavengi vangu – ndifundisei kuda kwenyu Mambo

*B* Ndirwirei Mambo – vavengi vangu Mambo ndifundisei --- kuda kwenyu Mambo

*Madetembo:*

1. Varimi vakarima musana wangu Mambo. *All* Ndirwirei Mambo
2. Wavakaita mihoronga – mihoronga-a mihoronga mirefu Mambo. *All* Ndirwirei Mambo
3. Vakanditambudza kazhinji kubvira pauduku hwangu. *All* Ndirwirei Mambo
4. Asi vagere-e kundikunda-a Mambo. *All* Ndirwirei Mambo

## 768

**Nditakanurei Mambo –** *C. Togo*

*M:* Nditakanurei Mambo

*V: S/A* Nditakanurei Mambo ndidzivirirei Mambo, nditakanureiii Mambo kumunhu wakaipa-a

*B* Nditakanurei Mambo kumunhu wakaipa, ndidzivirirei Mambo

*Madetembo:*

1. Vanofunga zvakaipa mumwoyo yavo, nditakanurei
2. Vanogara vachimutsa mhere mumwoyo yavo, nditakanurei
3. Zviro kwazvo vakarurama mumwoyo yavo, nditakanurei

4. Vachatenda zita renyu mumwoyo yavo, nditakanurei
5. Vachagara pamberi penyu mumwoyo yavo, nditakanurei

## 769

**\Nditakanureiwo Mambo** – *M. Kanene*

*M* Nditakanureiwo
*V:S/A* Nditakanurei Mambo kumunhu wakaipa, ndidzivirirei Mambo kune ane hasha
*B* Nditakanurei kumunhu kumunhu akaipa Mambo, nditakanurei Mambo kune ane hasha

*Madetembo:*

1. Vanofunga zvakaipa mumwoyo yavo
2. Vanogara vachimutsa mhere mumwoyo yavo
3. Zviro kwazvo vakarurama mumwoyo yavo
4. Vachagara pamberi penyu mumwoyo

*Chorus:*

*All* Vachatenda zita renyu Mambo mumoyo yavo pamberi penyu

## 770

**Ndivhenekereiwo Neungwaru Hwenyu –** *J. Chinyanga*

*M: S/A* Ndivhenekereiwo neungwaruu hwenyu
*V: S/A* Kuti kusuwa kwangu kwokuva mwana wenyu kukure-e kundikodzerese runatso rwebhapatisimo-o Mwarii makada vanhu vose
*B* --- Kusuwa kwangu --- mwana wenyu kukuure --- kundikodzerese --- Mwarii makada vanhu vose

*Madetembo:*

1. Imi makada kuti vanhu vose-e vapinde musangano ravatenderi venyu Mambo
2. Ndimizve makatumira vatenderi navapositori venyu-u kumatunhu ose
3. Nokuzadzisa zvirevo zvebhapatisimo Mambo
4. Vesai moto wechido mumwoyo mangu-u Mambo

*Chorus:*

*S/A* Ndibatsireiwo-o, ndibatsireiiwo mabasa angu netsika zvose zvive zvichena
*B* --- Ndibatsireiwo-o-o, angu netsika – dzangu – dzangu-u, dzangu zvichenaha

## 771

**Ndiwe Mukuru –** *Fr E. Ribeiro*

*M: S* Ndiwe
*V: All* Ndiwe mukuru
*M: S* Ndiwe
*V: All* Ndiwe wamasimba ndiwe usina mugumo, ndiwe usina mugumo

*Madetembo:*
1. Imi Mwari wedu munofanira kukudzwa nembiri
2. Tarisai mumakore meso ose achazomuonai
3. Imi makasika zvose zvose zvakasikwa nokuda kwenyu

## 772

**Ndiye Mambo Pachake –** *J. Kaseke*

*M:* Ndiye Mambo pachake
*V: S* Ndiye Mambo akaita marudzi ose ave rudzi ndiye rugare-e
*A* Ndiye Mambo akaita marudzi ose, ose-e-e, ave rudzi rumwe chete, ndiye rugare rwedu
*B* Akaita marudzi ose, kuti ave rudzi rumwe chete, ndiye rugare rwedu
*Madetembo:*
1. Pururudzirai Mambo nyika dzose, muitire Mambo nomufaro
2. Uyai pamberi pake muchiimba nokufara
3. Zivai kuti Mambo ndiye Mwari, ndiye akatiita tiri rudzi rwake
4. Pindai pamasuwo ake muchitenda, rumbidzai zita rake muchiti mazviita

## 773

**Ndiye Mufudzi Wangu Mambo –** *W. Dube*

*M: S/A* Ndiye mufudzi wangu Mambo
*V: S/A* Ndiye mufudzi wangu Mambo – hapana chandingashaiwa-a Mambo mufudzi wangu-u handingatyi-i nokuti iye aneni
*B* --- Mufudzi wangu Mambo Mwari-i chandingashaiwa-a Mambo mufudzi wangu-u handingatyi-i iye aneni
*Madetembo:*
1. Anondiradzika pasi pamafuro manyoro anondisesedza pamvura inozorodza
2. Unyoro nounako zvichanditevera-a anoponesa mweya wangu
3. Anondifambisa panzira dzakarurama-a nokuda kwezita rake-e
4. Tsvimbo yake inondinyaradza-a anondigadzirira dara pamberi pavavengi vangu
5. Akazodza musoro wangu mafuta mukombe wangu-u unopfachuka
*Chorus:*
*S/A* Nyangwe ndikafamba mumupata werima-a handingatyi nokuti iye aneni
*B* Nyangwe ndikafamba mumupata werima-a handingatyi iye aneni

## 774

**Ndiye Mupriste Wedu Mukuru** – *M. Kanene*

*M* Ndiye --- mupriste wedu mukuru
*V:S/A* Ngaakudzwe-he ngaakudzwe-he mupriste wedu mukuru ngaakudzwe iye
*B* Mupriste wedu mukuru iye anouya ndiye anouya muzita raMambo

*Madetembo:*
1. Mwari muna masimba ose
2. Ipai muranda wenyu uyu
3. Neboka rake rose
4. Mweya woruponeso rwenyu
5. Atitungamirire tose
6. Kumifaro isingaperi

*Chorus:*
*S/A* Mupriste wedu mukuru anouya muzita raMambo ngaakudzwe iye
*B* Mupriste wedu mukuru anouya iye anouya muzita raMambo

# 775

**Ndizvo Zvinotaura Mambo –** *S.M. Ponde*
*M:* Ndizvo zvinotaura Mambo --- zvinotaura Mambo
*V: All* Garai murudo rwangu --- murudo rwangu areruya

*Madetembo:*
1. Mweya wangu nenyama yangu zvinodana kunaMwari mupenyu
2. Musha wangu idara renyu rinoyera Mambo wangu naMwari wangu
3. Vakakomborerwa vanogara mumba menyu vanogara vachikurumbidzai
4. Vakaropafadzwa vanhu vano rubatsiro rwenyu kana vachizvigadzirira rwendo rwavo
5. Kana vachipfuura nomubani rakaoma vanoriita nzvimbo ina matsime
6. Zviro kwazvo mvura yomunhuruka inorifukidza namakomborero
7. Vanofamba nesimba vanosvika pamberi paMwari

# 776

**Ndizvo Zvinotaura Mambo –** *M.J.P.N. Mushuku*
*M:* Ndizvo zvinotaura Mambo
Zvinotaura Mambo
*V: S/A* Garai murudo rwangu
*B* Garai, garai murudo rwangu

*Madetembo:*
1. Mweya wangu nenyama yangu Mambo
2. Zvinodana kuna Mwari mupenyu.
3. Musha wangu idara renyu Mambo
4. Idara renyu rinoera Mambo wangu
5. Vakakomborerwa vanogara mumba
6. Vanogara mumba menyu Mambo

*Chorus:*
*All* Mweyo wangu – Zvinodana – Rinoera – Mumba menyu – Rubatsiro – Rakaoma

## 777

**Ndizvo Zvinotaura Mambo –** *S. Chinamasa*

*M: S/A* Ndizvo zvinotauraa Mambo

*V: S/A* Garai murudo rwangu ---ndizvo-o zvinotauraa Mambo--- Areruya Areruya garai—murudo rwangu

*B* Garai murudo rwangu ndizvo zvinotaura Mambo Areruya garai garai murudo rwangu

*Madetembo:*

1. Mweya wangu nenyama yangu zvinodana kuna Mwari mupenyu.
2. Musha wangu idare renyu rinoera Mambo wangu namwari wangu
3. Zviro kwazvo mvura yomunhuruka inorifukidza namakomborero

*Chorus:*

*S/A* Areruya Areruya garai murudo rwangu x2

*B* Areruya garai garai murudo rwangu x2

## 778

**Ndoenda Kupiko Ini –** *Sr Martin Chikosha (LCBL)*

*M:* Ndoenda kupikoo ini kana ndiine nhamo kana ndichifara

*V: S/A* Ndoenda kuna Mwari woga ndiye anobvisa marwadzo anondipawo mufaro ndiye mudiwa wangu

*B* Ndoenda kuna Mwari woga ndiye anobvisa marwadzo anondipawo mufaro, Mwari ndiye mudiwa wangu

*Madetembo:*

1. Ini ndingauye seiko asi somwana wenyu zvino ndinozviisa mumaoko enyu
2. Ini ndizere namatadzo Mwari ndizere nokupfidza asi ndiani pana vanhu anganzi mururami
3. Ini ndiri kutenda imi zvamakandipfavira imi makandidaidza kuti mundiyamure
4. Ini zvino ndasimbiswa netsitsi dzakawanda zvino ndoyamurwa nengoni dzenyu Mwari

## 779

**Ndogamuchira Chingwa Chokudenga –** *D. Zavazava*

*M* Ndogamuchira

*V: All* Chingwa chokudenga ndichikudza zita raMambo

*M* Ndogamuchira

*V: All* Mambo handikodzeri

*Madetembo:*

1. Rumbidza Mambo iwe mweya wangu ndicharumbidza Mambo ndichiri mupenyu
2. Regai kuvimba namadzishe namachinda asingagoni kukubatsirai
3. Anofara munhu kana Mwari ari mubatsiri wake
4. Iye akaita denga napasi negungwa nezvose zviri mukati mazvo

5. Iye anoramba akatendeka nokusingaperi anoruramisira vanomanikidzirwa
6. Mwari anosunungura vasungwa anosvinudza meso amapofu

# 780

**Ndogamuchira Chingwa Chokudenga –** *C. Togo*

*M:* Ndogamuchira

*V: S/A* Mambo chingwa chokudenga ndichikudza zita raMambo, Mambo handikodzeri-i, Mambo handikodzeri

*B* Mambo chingwa chokudenga ndichikudza zita raMambo, ndogamuchira Mambo handikodzeri

*Madetembo:*

1. Rumbidza Mambo iwe mweya wangu ndicharumbidza Mambo ndichiri mupenyu
2. Regai kuvimba namadzishe namachinda asingagoni kukubatsirai
3. Anofara munhu kana Mwari ari mubatsiri wake
4. Iye akaita denga napasi negungwa nezvose zviri mukati mazvo

# 781

**Ndogamuchira Chingwa Chokudenga –** *J. Makaure*

*M:* Ndogamuchira chingwa chokudenga

*V: All* Ndogamuchira chingwa chokudenga ndichikudza zita raMambo – Mambo handikodzeri handikodzeri ndogamuchira chingwa chokudenga Mambo handikodzeri

*Madetembo:*

1. Rumbidza Mambo iwe mweya wangu ndicharumbidza Mambo ndichiri mupenyu
2. Regai kuvimba namadzishe namachinda asingagoni kukubatsirai
3. Anofara munhu uyo kana Mwari ari mubatsiri wake
4. Iye akaita denga napasi negungwa nezvose zviri mukati mazvo
5. Iye anoramba akatendeka nokusingaperi anoruramisira vanomanikidzwa

*Chorus:*

*All* Ndogamuchira chingwa chokudenga Mambo handikodzeri

# 782

**Ndogamuchira Mambo –** *C. Chawasarira*

*M: B* Ndogamuchira Mambo – ndogamuchira Mambo – ndogamuchira Mambo – ndogamuchira

*S/A* --- Chingwa chokudenga ndichikudza zita raMambo – Mambo handikodzeri, chingwa chokudenga ndichikudza zita raMambo – Mambo handikodzeri

*Madetembo:*
1. Rumbidza Mambo iwe mweya wangu, ndicharumbidza Mambo ndichiri mupenyu
2. Regai kuvimba namadzishe namachinda, asingagoni kukubatsirai
3. Anofara munhu uyo kana Mwari ari mubatsiri wake
4. Iye akaita denga napasi negungwa nezvose zviri mukati mazvo
5. Iye anoramba akatendeka nokusingaperi, anoruramisira vanomanikidzwa
6. Mwari anosunungura vasungwa, Mwari anosvunudza meso amapofu
7. Mwari anosimudza vakakotamiswa pasi, Mwari anoda vakarurama
8. Mwari anochengeta vatorwa, Mwari anotsigira nherera nechirikadzi
9. Mwari anobata umambo nokusingaperi, ndiye Mwari wamarudzi ose

# 783

**Ndomboenda Zvino Kumusha –** *P.J. Pise*

*M: S/A* Ndomboenda zvino kumusha
*V: S/A* Mambo ndomboenda kumusha – kwete ndiri ndoga-a asi nemi, kana imi meineni hapana, hapana ngozi ingawana mweya wangu
*B* --- Mambo ndomboenda-a kumba kwangu – kwete ndiri ndoga-a asi nemi, kana muineni – hapana ngozi ingawana mweya wangu

*Madetembo:*
1. Mambo ndimi muvaraidzi ndimi nzira, ndimi mudonzvo
2. Ndimi mwenje ndimi zvose
3. Vanotarisira kunemi havana chigumbu

*Chorus:*
*S/A* Kana imi muineni hapana, hapana ngozi ingawana-a mweya wangu
*B* --- Kana muineni hapana ngozi ingawana mweya wangu

# 784

**Nechipiyaniso ChaMambo** – *S.M. Ponde*

*M* Nechipiyaniso chaMambo x2
*V: All* Mufaro wakapinda munyika x2

*Madetembo*:
1. Dzokai Mambo murwire mweya wangu ndiponesei nokuda kwounyoro hwenyu
2. Ziso rangu rapera rasakara nokuda kwavavengi vangu
3. Ipa Mambo imi mhuri dzavanhu ipai Mambo kukudzwa nesimba
4. Uyai nezvipo zvenyu mupinde muruvanze rwake
5. Ndakatsvaga vangandinzwira tsitsi asi kwakanga kusina munhu
6. Ndakatsvaga vavaraidzi asi handina kuwana nomumwe

# 785

**Nechipiyaniso ChaMambo –** *T.M. Dunduru*

*M:* Nechipiyaniso chaMambo

*V: All* Ndicho chipiyaniso chaMambo ruponeso rupenyu nokumuka kwedu

*Madetembo:*

1. Mwari tinzwireiwo tsitsi tikomborerei Mambo
2. Tiringisei tinzwireiwo tsitsi Mambo
3. Kuti nzira yenyu izivikanwe pasi  Mambo
4. Nokuponesa kwamunoita ndudzi dzose Mambo
5. Vanhu ngavakutendei Mwari Mambo
6. Vanhu vese ngavakutendei Mambo
7. Ndudzi ngadziimbe ngadzifare nomufaro Mambo
8. Nokuti muchatonga vanhu muururami Mambo

*Chorus*

*All* Ngativimbei noruponesoo nechipiyaniso chaMambo

# 786

**Nemi Mambo Tinovimba –** *F. Hwariva*

*M:* Nemi Mamboo tinovimba

*V: S* Nemi Mamboo tinovimba-a-a ndimi wakasimba ndimi Mwari wedu

*B* --- Mamboo tinovimba-aha Mwari-i-hi wakasimba ndimi Mwari wedu

*Madetembo:*

1. Zvakanaka kuti Mwari wedu aimbirwe nziyo dzokurumbidza-a zvakafanira kuti arumbidzwe-e
2. Mambo munovaka Yerusarema munounganidza vakadzingwa vaIsraeri
3. Anomeresa uswa pamakomo anopa zvipfuyo zvokudya zvaazvo

*Chorus:*

*S/A* Mambo munobatsira vanozvininipisa-a-a – vakaipa munovawisira pasi

*B* --- Munobatsira vanozvininipisa-a-a – vakaipa munovawisira pasi

# 787

**Nezvipo Zvedu Zviripo–** *A. Mudhara*

*M: S/A* Nezvipo zvedu zviripo-o

*V: S/A* Tisu vaMambo vatatu tauya nezvipo-o nezvipo zvedu-u zviripo-o takafamba nhambwe huru tichitevera nyenyedzii

*B* --- Tisu vaMambo vaMambo vatatuu ta-uya nezvipo zvedu-u zviripo-o takafamba nhambwe huru tichitevera – nyenyedzii

*Madetembo:*

1. Ini ndapira ndarama yangu zvakakodzera kuna Mambo uyu
2. Mambo kwaye, munhu kwaye, asingaperi narini
3. Ini ndapira inzenzi yangu zvakakodzera Mwari wedenga
4. Pfugamira, kumbirira Mwari musande kwazvo

5. Ini ndapira mira yangu muponesi watifira
6. Namarwadzo akanyanya, chido chomwoyo wake

*Chorus:*

*S/A* Ah! Nyenyedzi, yokupenya nyenyedzi youmambo, tungamira chifarira chikwevera vaMambo

*B* --- Ah! Nyenyedzi, yokupenya nyenyedzi youmambo, tungamira chifarira chikwevera vaMambo

## 788

**Ngaagarike Mwana Wenyu** – *Fr. B.K. Mukumba*

*M: S/A* Ngaagarike mwana wenyu

*V: S/A* Mupeiwo rugare rusina --- mugumo --- chiedza-a
Chiedza chisande chimuvhenekere-e

*B* Ngaagarike mwana wenyu murugare rusina mugumo-o
Chiedza chiedza chisande chimuvhenekere

*Madetembo:*

1. Mupeiwo rugare rusina mugumo
2. Rwamakatsidzira kuna vanotenda
3. Musamutonge Mambo musamurangewo
4. Chimuregererai mhaka dzake dzose dzose
5. Kutambudzika kwose ngakumuperere
6. Nhamo dzimuperere afare kudenga
7. Kristo wakamufira wakamununura
8. Neropa rake sande ngaamupinze denga

## 789

**Ngaagarike Mwana Wenyu** – *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M: S* Ngaagarike mwana wenyu

*V: All* Mupeiwo rugare

*M: S* Mwana wenyu

*V: All* Rusina mugu-mo-o

*M: S* Mwana wenyu ngaagarike

*V: All* Mupeiwo rugare

*M: S* --- Mwana wenyu

*V: All* Rusina mugumo x2

*Madetembo:*

1. Mupeiwo rugare rusina mugumo
2. Rwamakatsidzira kuna vanotenda
3. Musamutonge Mambo musamurangewo
4. Chimuregererai mhaka dzake dzose-dzose
5. Kutambudzika kwose ngamuperere
6. Nhamo dzimuperere afare kudenga

7.Kristo wakamufira wakamununura
8.Neropa rake sande ngaamupinze denga
*Chorus:*
*V: All* Chiyedza chisande
*M: S* *(zita)* --- mwana wenyu
*V: All* Chimuvhenekere

## 790

**Ngaakudzwe Iye –** *S.M. Ponde*
*M* Ngaakudzwe iye
*V: S* Ngaakudzwe iye
*B* --- Kudzwe
*M* Mupriste wedu mukuru
*B* --- Anouya
*V: S* Muzita raMambo
*B* Anouya
*S* Mupriste wedu mukuru
*Madetembo:*
1.Nhai Petere
2.Ndiye mufudzi
3.Anotichengeta
4.Nokutisimbisa
5.Mutumwa waMwari
6.Ndiye --- (*zita remubhishopi)*
*Chorus*
*S/A* Anouyaa muziita raMambo
*B* Anouyahaha muziita raMambo

## 791

**Ngaakudzwe Iye Anouya Muzita** – *S.M. Ponde*
*M* Ngaakudzwe-e iye --- ngaakudzwe-e iye
*V: All* Anouya muzita raMambo --- Areruya

*Madetembo:*
1.Uyai marudzi ose pfugamirai Mambo Yesu Kristo
2.Wakakomborerwa uyu anorangarira mashoko aMwari nguva dzose

## 792

**Ngaakudziwe Iye Mubati Wapasi** – *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*
*M:* Ngaakudzwe iye
*V: All* Mubati wapasi pose Areruya Areruya

*Madetembo:*
1. Uyai munzwe imi mose, ndichakududzirai zvaakaitira mweya wangu
2. Wakashandura gungwa rikava nyika yakaoma, vakayambuka rwizi netsoka
3. Anobata umambo nokusingaperi nesimba rake, meso ake anocherekedza ndudzi
4. Rumbidzai Mwari imi vanhu, inzwi rokumurumbidza ngarinzwike
5. Iye anopa mweya yedu rupenyu, asingatenderi kuti tsoka dzedu dzitedzemuke
6. Ndakachema kwaari nomuromo wangu, akarumbidzwa zvikuru norurimi rwangu
7. Inzwi rake akava munhu, ndokugara nesu

## 793

**Ngaarumbidzwe Kudenga-denga –** *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Ngaarumbidzwe kudenga, deengaa
*V: All* Mwari ngaarumbidzwee, kudenga, deengaa
Pasi pano vagarikee, vaakanzwira tsii-tsii
*All* Ngaarumbidzwe, ngaarumbidzwee
Ngaarumbidzwe kudeengaa, Mwari
Ngaarumbidzwe kudeengaa
Tinokukudzai, tinokuimbirai
Tinokupfugamirai, tinokurumbidzai Mambo
Tinokutendai, pamusana pamabasa enyu, makuru anoshamia
*M:* Tinokuomberai, Mwari Mambo imi Mambo wedenga, Mwari Baba wamasimba ose
*Chorus:*
*All* Tinokuomberai Mambo Yesu Kristo, mwanakomana mumwe chete, Mwari Mambo hwayana yaMwari, mwanakomana waBaba
*Madetembo:*
1. Imi munobvisa matadzo apasi tinzwireiwo tsitsi
Imi munobvisa matadzo apasi donzwai zvichemo zvedu
2. Imi mugere kurudyi rwaBaba tinzwireiwo tsitsi, nokuti ndimi moga musande sande, ndimi moga Mambo
3. Ndimi moga mukuru-kuru, Yesu Kristo, imi namweya mutsvene, ndimi mune mbiri pamwe naMwari Baba

## 794

**Ngaarumbidzwe Mambo –** *L. Hakireni*

*M:* Ngaarumbidzwe Mambo
Mambo
*V: All* Mambo ngaarumbidzwe --- Alleluya
*Madetembo:*
1. Ndudzi dzose --- dzichatya zita rake
2. Akafuka --- umambo
3. Denga rinoparidza --- kururama kwake

4. Marudzi ose --- achaona mbiri yake
*Chorus:*
*All* Mambo ngaarumbidzwe --- Mambo Alleluya

# 795

**Ngaarumbidzwee Samutumwa WaMambo** – *J.M. Jiri*
*M: S/A* Ngaarumbidzwee Samutumwa waMambo
*V: S/A* Mwanakomana wa-Da-vi-tii nga-arumbidzwe, ngaarumbidzwee,
Hosanaa, Oh! Hosanaa, Nyamatengatenga.
*B* --- Ngaarumbidzwee Samutumwa, ngaarumbidzwe, ngaarumbidzwe,
Hosana, Oh! Hosanaa, Nyamatengatenga.
*Madetembo:*
1. Uchirai imi vanhu vose.
2. Pururudzai kuna Mwari nenzwi rorufaro.
3. Nokuti mwari wokumu-sorosoro anotyisa.
4. Ndiye Mambo mukuru wenyika dzose.
5. Ndiye anokundisa ndudzi dzavanhu.
6. Anodziisa pasi petsoka dzake
*Chorus:*
*All* Hosana Oh! Hosanaa, Nyamatengatenga.

# 796

**Ngatidane Ngatidane –** *J.K. Dzingai*
*M:* Ngatidane ngatidane
Vana vaMwari ngatidane
*V: S/A* Ngatidane nerudo ngatidane, ngatidane nerudo rukuru nokunzwana nokubatsirana
*B* Ngatidane nerudo ngatidane nerudo rukuru nokunzwana nokubatsirana
*Madetembo:*
1. Vakaropafadzwa vanochengeta mitemo yake, vanomutsvaga nomwoyo wose, vana vaMwari ngatidane
2. Vakaropafadzwa avo vane nzira yakarurama vanofamba mumurawu waMambo, vana vaMwari ngatidane
3. Vakarurama havaiti chinhu chisina kururama vanofamba munzira dzake, vana vaMwari ngatidane

# 797

**Ngatidane Norudo Rukuru –** *A.G. Mutetwa*
*M:* Ngatidane norudo rukuru nokunzwana nokubatsirana
*V: All* Ngatidane norudo rukuru nokunzwana nokubatsirana

*Madetembo:*
1. Vakaropafadzwa avo vane nzira yakarurama vanofamba munzira dzaMambo, norudo --
2. Vakaropafadzwa vanochengeta mitemo yake-e, vanomutsvaga nomwoyo wose, norudo --
3. Vakarurama havaiti chinhu chisina kururama vanofamba munzira dzake-e, norudo --

*Chorus:*

*M:* Norudo – ngatidane – nokunzwana-a
*V: All* Ngatidane – norudo rukuru - nokubatsirana

## 798

**Ngatiende Navafudzi –** *T. Nyikayaramba*

*M:* Ngatiendee navafudzi
*V: All* Ngatiende navafudzi kundoona muponesi tindomukwa-zisa – uye – wakatizvarirwa

*Madetembo:*
1. Ngatiende navangere timukudze uyo mwana
2. Waputirwa nembereko ndiye Mambo wedu
3. Ngatiende navazivi titeure pamwe navo
4. Zviro zvedu tinazvo kune uyu mwana
5. Ngatiende naMaria tinyarare nokufara
6. Tiyeuke chishamiso chavakada vanhu
7. Utikomborere tose mwana Yesu muponesi
8. Tipe tikufadze nhasi dakara narini

## 799

**Ngatiimbire Mambo –** *A. Nyika*

M Ngatiimbire Mambo….
*V: All* Nokuti ndiye wakatiponesa-a a
*M* Mambo
*V: All* Nokuti ndiye wakatiponesa……..

## 800

**Ngatikudze Maria** – *W. Dube*

*M* Ngatikudze Maria
*V: All* Ngatikudze Maria amai vaYesu Kristo tinoramba tichikukudzai nokuti muzere negirasiya
*B* --- Maria amai vaYesu-u kwaziwai --- tichikukudzai nokuti muzere negirasiya

*Madetembo*:

1. Muponesi wedu anogara nemi
2. Akakomborerwa mwana wenyu Yesu

*Chorus:*

*All* Makakomborerwa-a pana vakadzi vose-e Maria tinoramba tichikukudzai

# 801

**Ngatikudzei Sakaramende –** *L. Hakireni*

*M:* Ngatikudzei

*V: All* Sakaramende rinoera ngatikudzei

*Madetembo:*

1. Takapfuhgama tose namabvi edu
2. Mupiro wakare watorerwa nzvimbo
3. Nomupiro wechitenderano chitsva
4. Chitendero chedu chave kuzadzisa
5. Kuziva kwedu kwanga kwakaziyama
6. Mwari Baba mose namwanakomana
7. Tinokukudzai tichipemberera
8. Tinokurumbidzai kuti mufare
9. Tinokukudzai imi mune simba
10. Tinokudzawo naiwoyo mutoo
11. Mweya musande anobva mamuri

# 802

**Ngatikudzei Sakaramende Rinoera –** *G. Murairo*

*M: S/A* Ngatikudzei sakaramende rinoera

*V: S/A* Ngatikudzei sakaramende, sakaramende rinoera --- ngatikudzei ngatikudzei tose takapfugama.

*B:* Ngatikudzei sakaramende-e sakaramende rinoera ngatikudzei sakaramende tose takapfugama

*Madetembo:*

1. Chitendero chedu chave kuzadzisa, kuziva kwedu kwanga kwakaziyama
2. Mwari Baba tinokukudzai, mose namwanakomana
3. Tinokurumbidzai kuti imi mufare, tinokukudzai imi mune simba
4. Tinokudzawo naiwoyo mutoo mweya musande anobva mamuri

*Chorus:*

*S/A* Watorerwa nzvimbo watorerwa nzvimbo nomupiro nomupiro wechitenderano chitsva ngatikudze tose takapfugama

*B* Mupiro wakare --- nomupiro mutsva watorerwa nzvimbo nomupiro wechitenderano chitsva sakaramende tose takapfugama

## 803

**Ngatiombere Tose –** *A. Shamu Maurunge*

*M* Ngaa-tiombere tose
*V: All* Ngaatiombere tose….
*M* Ngaatiombere…..
*V: All* Tichiti Alleluya
*Tinodzokorora ka4*

## 804

**Ngatirumbidzei Mambo Mwari –** *L. Kaseke*

*M: S/A* Ngatirumbidzei Mambo Mwari mukurukuru
*V: All* Tirumbidze Mambo Mwari mukurukuru tirumbidze
Mambo Mweya Mutsvene tirumbidze, tirumbidzei
Mambo Mwari mukurukuru
*Madetembo:*
1. Denga napasi zvizere nembiri
2. Hosanna kudenga denga tirumbidze
3. Ngaakudzwe iye anouya ndiMambo

*Chorus:*
*S/A* Kudzai Ishe, Ishe, namatai mumba make Ishe-e-e
Mwari wedu ndiye mutsvene tirumbidze
*B* Ishe wedu Ishe – mumba make Ishe, Mwari wedu ndiye mutsvene tirumbidze

## 805

**Ngatirumbidzei Mwari –** *C. Chawasarira*

*M:* Ngatirumbidzei Mwari
*V: All* Ngatirumbidzei Mwari zita rake sandeee, ngatirumbidzei Mwari
*Madetembo:*
1. Yesu Kristo --- Mwari chaiye nomunhu chaiye
2. Zita raYesu --- mwoyo wake musande kwazvo
3. Ropa rake --- rakakosha kwazvo
4. Yesu musakaramende --- sande kwazvo rearitari
5. Mweya musande --- musande musimbisi
6. Amai vaMwari --- Maria musande kwazvo
7. Mweya waMaria --- wakasikwa usine mhaka
8. Kukwidzwa kwaMaria --- kwaMaria kudenga
9. Zita raMaria --- muvirigo naamai
10. Yosefe musande --- mutsvene murume waMaria
11. Mwari mukurumbidza kwatinoita --- vangere navasande vake

*Chorus:*
*All* Ngatirumbidzeii --- Ngatirumbidzei Mwari

## 806

**Ngatirumbidzei Mwari** – *H.M. Gambiza*

*M* Ngatirumbidzei Mwari

*V: All* Baba vaMambo Yesu Kristo, tsitsi dzake ndidzo dzakatibereka patsva nokumuka kwakaita Yesu muvafi kuti tive norupenyu runo ruvimbo

*Madetembo:*

1. Nhaka yatinozogara nokuda kwokuberekwa
2. Ndiyo nhaka isina nechingaiodze kana kuiunisa
3. Ndiyo yamuri kuchengeterwa kudenga

## 807

**Ngatitende Kristo –** *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M* Ngatitende…

*V: All* Kristo wakazvarirwa vanhu vose nga-titende Kristo….

*Madetembo:*

1. Pururudzirai kuna Mwari / imi nyika dzose / imbirai mukurumbira wezita rake
2. Mabasa enyu anotyisa / vavengi venyu vanozviisa pasi / pamberi poukuru hwenyu
3. Pasi pano pachanamata kwamuri / vachaimbira zita renyu
4. Uyai muone mabasa aMwari anotyisa /pane zvaanoitira vana vavanhu
5. Rumbidzai Mwari imi vanhu vose / inzwi rokurumbidza ngarinzwike
6. Zuva rokununurwa kutsva richatipenyera / noruponeso
7. Dai maibvarura denga mukaburuka / makomo angadedera pamberi penyu
8. Uyai nesimba nembiri / marudzi ose agokuzivai

*Chorus:*

*All* Ngatitende Kristo…

## 808

**Ngatitende Kristo –** *E.J. Maposah*

*M:* Ngatitende Kristo wakazvarirwa vanhu vose

*V: S/A* Ngatitendee Kristo-o wakazvarirwa-a vanhu vose-e, ngatitendee wakazvarirwa-a vanhu vose-e

*B* Ngatitende-e Kristo wakazvarirwa-a vanhu vose-e.
Ngatitende Kristo wakazvarirwa vanhu vosehe.

*Madetembo:*

1. Pururudzai kuna Mwari-i, imi nyika dzose-e imbirai mukurumbira wezita rake-e.
2. Mabasa enyu anotyisa-a vavengi venyu vanozviisa pasi-i pamberi poukuru hwenyu.
3. Pasi pano pachanamata kwamuri vachaimbira-a zita renyu-u.
4. Uyai muone mabasa aMwari anotyisa pane zvaanoitira-a zvaanoitira-a vana vavanhu.

*Chorus:*
*S/A* Nga-atitende, wakazvarirwa-a vanhu vose
*B* --- Ngatitende Kristo-o, wakazvarirwa-a vanhu vose-e

## 809

**Ngatitende Kristo** – *V. Zvichauya*
*M:* Ngatitende Kristo
*V: S/A* Wakazvarirwa vanhu vose Kristoo ngatitende Kristo wakazvarirwa vanhu vose
*B* Kristo wakazvarirwa vanhu vosee ngatitendee Kristo wakazvarirwa vanhu voose
*Madetembo:*
1. Pururudzirai kuna Mwari imi nyika dzose, imbirai mukurumbira wezita rake
2. Mabasa enyu anotyisa, vavengi venyu vanozviisa pamberi pamberi poukuru hwenyu
3. Pasi pano pachanamata kwamuri, vachaimbira zita renyu
4. Uyai muone mabasa aMwari, anotyisa pane zvaanoitira vana vavanhu
5. Rumbidzai Mwari imi vanhu vose, inzwi rokumurumbidza ngarinzwike
6. Zuva rokununurwa kutsva, richatipenyera noruponeso
7. Dai maibvarura denga mukaburuka, makomo angadedera pamberi penyu
8. Uyai nesimba nembiri, marudzi ose agokuzivai

## 810

**Ngatitendei Mambo –** *L. Mhlanga*
*M* Ngatitendei Mambo
*V: S* Ngatitendei Mambo Mwari wedu ngatitendei Mwari Mambo Mwari wedu
*B* Mambo Mwari wedu-u ngatitendei ngatitendei Mwari Mambo Mwari wedu
*Madetembo:*
1. Ko ndichavigireiko Mwarii pamusoro pezvikomborero zvake zvose
2. Ndichasimudza mukombe woruponeso ndichadana zita raMambo
3. Ndichapira Mwari mhiko dzangu ndichazviita pamberi pavanhu vake vose
4. Haiwa ndiri muranda wenyu-u makasunungura misungo yangu
5. Saizvozvo ndinoimba pamberi paMwari ndichifamba nomufaro
6. Ndiri musangano rake ndakasarudzwa naye

## 811

**Ngatitendei Mwari** – *E. Zukwa*
*M:* Ngatitendei
*V: S* Ngatitendei Mambo Mwari wedu Mambo ngatitendei.
*A* Mwari wedu Mambo ngatitendei

*B* Mambo Mwari wedu Mambo ngatitendei

*Madetembo:*

1. Ko ndichavigireiko Mwari pamusoro pezvikomborero zvake
2. Ndichasimudzira mukombe weruponeso ndichidana zita raMambo
3. Haiwa ndiri muranda wenyu makasinungura misungo yangu
4. Saizvozvo ndinoimba pamberi paMwari ndichifamba nomufaro
5. Ndiri musangano rake ndakasarudzwa naye

# 812

**Ngativimbei Nechipiyaniso** – *W. Makumbe*

*M:* Ngativimbei nechipiyaniso chaMambo, ndicho ruponeso rupenyu nokumuka kwedu

*Kudavira & Chorus:*

*B* Chipiyaniso --- nechipiyaniso --- rupenyu nokumuka kwedu

*S* --- Ngativimbei nechipiyaniso chaMambo, ndicho ruponeso rupenyu nokumuka kwedu

*T* --- Ngativimbei, ngativimbei --- ngativimbeiii --- rupenyu nokumuka kwedu

*Madetembo:*

1. Mwari tinzwireiwo tsitsi mutikomborere, tiringisei mutinzwirewo tsitsi
2. Kuti nzira yenyu izikanwe pasi nokuponesa kwamunoita ndudzi dzose
3. Vanhu ngavakutendei Mwari vanhu vose ngavakutendei
4. Ndudzi ngadzifare ngadziimbe nomufaro nokuti muchatonga vanhu muururami
5. Pasi pakabereka zvibereko zvapo Mwari iye Mwari wedu achatikomborera

# 813

**Ngativimbei Nechipiyaniso ChaMambo –** *G. Chipapata Mosifatu*

*M:* Ngativimbei nechipiyaniso chaMambo
Nechipiyaniso chaMambo

*V: S/A* Ndicho ruponeso – ruponeso rupenyu nokumuka kwenyu – ngativimbei nechipiyaniso chaMambo

*B* Ndicho ruponeso rupenyu nokumuka kwenyu rupenyu nokumuka kwenyu ngativimbei nechipiyaniso chaMambo

*Madetembo:*

1. Kuti nzira yenyu izikanwe pasi nokuponesa kwamunoita ndudzi dzose
2. Vanhu ngavakutendei Mwari vanhu vose ngavakutendei
3. Ndudzi ngadzifare ngadziimbe nomufaro nokuti muchatonga vanhu muururami
4. Pasi pakabereka zvibereko zvapo Mwari iye Mwari wedu achatikomborera
5. Mwari achatikomborera achatikomborera napasi pose-e pachamutya

*Chorus:*

*S/A* Mwari tinzwireiwo tsitsi – tikomborerei – tiringisei – tinzwireiwo tsitsi

*B* Mwari tinzwireiwo tsitsi – tikomborerei tinzwireiwo tsitsi

# 814

**Ngatizviwisire Patsoka DzaMwari** – *D.T. Zavazava*

*M:* Ngatizviwisire

*V: All* Patsoka dzaMwari, agotikanganira

*Madetembo*

1. Mambo hamudi kuti
2. Mutadzi afe
3. Munoda kuti
4. Atendeuke ararame
5. Dzimai zvikanganiso zvedu
6. Nokuda kwengoni dzenyu
7. Isai mwoyo wakachena
8. Mukati medu
9. Muvandudze mweya
10. Wavakarurama mukati medu
11. Dzoserai kwatiri
12. Mufaro woruponeso rwenyu
13. Titsigire nomweya
14. Kuti ude zvakanaka
15. Musatipa sezvakafanira
16. Matadzo edu
17. Mutinunure
18. Nokuda kwezita renyu
19. Tinodanidzira kunemi Mwari
20. Tererai kuteterera kwedu
21. Ngatitendeukire kuna Mwari
22. Nemwoyo yedu yose

*Chorus:*

*All* Ngatizviwisire patsoka dzaMwari

# 815

**Ngatizviwisire Patsoka DzaMwari –** *P.V.Mutadzapasi*

*M* Ngatizviwisire patsoka dzaMwari

*V: All* Ngatizviwisire patsoka dzaMwari Mwari agotikanganwirawo Mwari agotikanganwirawo ngatizviwisire patsoka dzaMwari

*Madetembo:*

1. Mambo hamudi kuti mutadzi afe munoda kuti atendeuke ararame
2. Dzimai zvikanganiso zvedu nokuda kwengoni dzenyu
3. Isai moyo wakachena mukati medu muvandudze mukati medu
4. Dzoseraizve kwatiri mufaro woruponeso rwenyu titsigire nomweya kuti ude zvakanaka
5. Musatipa sezvakafanira matadzo edu mutinunure nekuda kwezita renyu
6. Vakudziwe Baba noMwanakomana naMweya Musande sezvakanga zviri pakutanga nazvino nakare kwose nemisi isngaperi

*Chorus:*

*All* Tinodaidzira kunemi Mwari tereraiwo kuteterera kwedu

## 816

**Nhai Imi Huyai Mutore Zvokudya –** *F.X. B Tarambavamwe*

*M: S/A* Nhai imi huyai mutore zvokudya
Uyai mutore zvokudya

*V: S/A* Uyai mutore vokudya kunyangwe musina mari, uyai mutore mukaka newaini, Mwari anopa-a --- anopa nyasha musina chamunobvisaa uyayi mutore

*B* Mutore uyai uyai mutore musina mari, mutore mukaka newaini, Mwari anopa anopa nyasha musingatengi, uyai mutore

*Madetembo:*

1. Ko munoparadzireiko mari yenyu muchitenga zvinhu zvisingadyiwi
2. Heyino mvura heyino mvura imi mose mune nyota
3. Nyatsoteererai zvandinoreva mudye machikichori murarame
4. Ndichaita chitenderano nemi chinogara chiripo narini

*Chorus:*

*All* Uyai mutore mukaka newaini, uyai mutore

## 817

**Nhasi Denga Razarurwa** – *R. Deure*

*M:* Nhasi denga razarurwa

*V: S* Nhasi denga razarurwa vangere vose vachimuona-ha Mwari wakazviita mucheche

*B* Nhasi denga --- vangere vanoshama --- Mwari mukuru mucheche

*Madetembo:*

1. Vanhu vose vafare vadiki navarombo
2. Mwari wenyu wakazviita mudiki nomurombo
3. Tarisai Yesu tarisai Yesu tararisai Yesu mucheche

*Chorus:*

*S* Pasi pose paimbire mununuri wazvarwa nhasi munozomuona mucheche anyatsorinda

*B* --- Pose paimbire mununuri wazvarwa nhasi muchidyiro --- anyatsorinda

## 818

**Nhasi Kana Monzwa Inzwi rake –** *P. Bayamombe*

*M:* Nhasi kana monzwa inzwi ra-ke – musazoomesa moyo …

*V: S/A* Nhasi kana monzwa inzwi ra-ke – nhaasi kana monzwa inzwi rake – nhasi kana monzwa inzwi ra-ke – musazoomesa moyo – moyo yenyu-u

*B* Kana monzwa – inzwi ra-ke kana monzwa– musazoomesa moyo – moyo yenyu-u

*Madetembo:*

1. Nhai vanhu moyo yenyu ichaomarara – kusvikira rini.

2. Muchada zvisina maturo nokukwasha zvenhema kudzamara – rini –
3. Asi zivai Mwari anoitira zvino – shamia munhu wake munaki –
*Chorus:*
*S/A* Musazoomesa moyo – kana monzwa inzwi rake
*B* Musazoomesa moyo --- inzwi ra-ke

# 819

**Nhasi Kana Monzwa Inzwi Rake –** *L. Hakireni*
*M:* Nhasi kana monzwa inzwi rake, kana monzwa
Kana monzwa
*V: All* Kana monzwa inzwi rake musazoomesa mwoyo yenyu
*Madetembo:*
1. Ndakati ndamanikidzwa --- Wakandidzivurira
2. Mwari ndiitireiwo tsitsi --- Nokunzwa munamato wangu
3. Nhai vanhu moyo yenyu --- Ichaomarara kusvikira rini
4. Muchada zvisina maturo nokukwasha zvenhema --- Kudzamara rini
5. Asi zivai Mwari --- Anoitira zvinoshamisa munhu wake munaki
*Chorus:*
*All* Kana ndichidana kwamuri Mwari ---- Ndipindureiwo

# 820

**Nhume DzaMwari** – *F. S Tafuma*
*M:* Nhume dzaMwari
*Kudavira & Chorus:*
*S/A* Nhume dzaMwari --- dzinotakura zvipo kudara rake
*B* Nhume --- dzinotakura zvipo --- kudara rake
*Madetembo:*
1. Nhume dzinokotamira --- pamberi paMwari --- nezviso zvakafukidziwa
2. Nhume yakamira padara rokudenga ino mudziyo wendarama nezvinonhuwira
3. Yakapiwa zvinonhuwira zvizhinji kuti izviise padara raMwari
4. Utsi wezvinonhuwira hwaka-kwira pamberi pechigaro chaMwari
5. Pamwechete neminamato yavasarudzwi vaMwari

# 821

**Nhume DzaMwari –** *A. Shamu Maurunge*
*M:* Nhume dzaMwari
*V: All* Dzinotakura zvipo
*M:* Nhume dzaMwari
*V: All* Kuhuruva yake
*Madetembo:*
1. Nhume dzinokotamira pamberi paMwari, nezviso zvakafukidziwa

2. Nhume yakamira padara rokudenga, ino mudziyo wendarama nezvinonhuwirira
3. Yakapiwa zvinonhuwirira zvizhinji, kuti izviise padara raMwari
4. Utsi hwezvinonhuwira hwakakwira, pamberi pechigaro chaMwari
5. Pamwe chete neminamato, yavasarudzwi vaMwari

## 822

**Nhume DzaMwari –** *C.T. Chinoda*

*M:* Nhumehe dzaMwari

*V: All* Dzinotakura zvipo kudara rake nhume dzaMwari dzinotakura zvipo kudara rake

*Madetembo:*

1. Nhume dzinokotamira
2. Pamberi paMwari
3. Nezviso zvakafukidziwa
4. Nhume yakamira
5. Ino mudziyo wendarama
6. Wendarama nezvinonhuwirira

*Chorus:*

*All* Nhume dzaMwari dzinotakura zvipo

## 823

**Nhume DzaMwari Rumbidzai Mambo –** *M.R. Mupunga*

*M:* Nhume dzaMwari rumbidzai Mambo

*Kudavira & Chorus:*

*All* Imi nhume-e nhume dzaMwari imi nhume rumbidzai Mambo, imi nhume-e nhume dzaMwari imi nhume rumbidzai Mambo

*Madetembo:*

1. Ndimi nhare dzine simba munoterera sho-ko ra-ke. ***All:*** Rumbidzai Mambo
2. Rumbidzai Mambo imi hondo dzake, imi vashumiri vake. ***All:*** Rumbidzai Mambo
3. Pamberi pechiso chenhume ndinoda kukuimbirai Mwari. ***All:*** Rumbidzai Mambo
4. Ndinokupfugamirai – nokukudza mumba menyu Mwari. ***All:*** Rumbidzai Mambo

## 824

**Nikodhimasi Webato RavaFarisei –** *P. Mukanyi*

*M: B:* Nikodhimasi webato ravaFarisei --- mumwe wedare ravaJuda, akauya kuna Jesu --- akati kwaari-hi Rabi --- tinozivaha muri mudzidzisi akabvaaa kuna Mwari

*S* ---Nikodhimasi webato ravaFarisei mumwe-e-e wedare ravaJuda, akauya kuna Jesu nousiku-u akati kwaari-i --- tinoziva kuti muri mudzidzisi

akabva kuna Mwari

*A* --- Nikodhimasi webato ravaFarisei mumwe-e wedare ravaJuda, akauya kuna Jesu akauya-a akati kwaari-i --- tinoziva kuti muri mudzidzisi akabva-a kuna Mwari

*Madetembo:*

*S* Nokuti hakuna anogona kuita zviratidzo zvamunoita kunze kwokuti-i-i Mwari ainaye, tinoziva kuti …..

*A* Nokuti hakuna anogona zvamunoita kunze kwokuti-i-i Mwari ainaye, tinoziva kuti …..

*S* Jesu akamupindura akamupindura akamuti

*A* Jesu akamupindura akamupindura Jesu akamuti

*V: S* Kana --- munhu asina --- kuzvarwa patsva --- haangaoni humambo hwaMwari

*A* --- Munhu kana asina --- kuzvarwa patsva --- haangaoni humambo hwaMwari

*B* --- Munhu kana akasazvarwa nemvura naMweya --- haangapindi muhumambo hwaMwari

*Madetembo:*

1. Munhu angazvarwa seiko iye ava mukuru? Kana munhu ---
2. Anogona here kupinda kechipiri-i munhumbu mamai vakee, achizozvarwa? Kana munhu ---

*B:* Usashamisike Ni-ikodhimasi nezvandati nezvandati unofanira kuzvarwa patsva

*S/A:* Usashamisike --- usashamisike nezvandati unofanira kuzvarwa patsva.

*Madetembo:*

1. Iwe Nikodhimasi zvauri mudzidzisi unotadza kunzwisisa zvinhu zvose izvi seiko?
2. Chinenge chazvarwa nenyama inyama chinege chazvarwa-a naMweya mweya-a

# 825

**Nokuti Ndimi Mambo –** *A. Nyika*

*M:* Nokuti ndimi Mambo…

*V: All* Ndimi Samasimba mune mbiri nariini

*M:* Kristo Yesu

*V: All* Ndimi Samasimba mune mbiri nariini

# 826

**Nokuti Wanzwirwa Nyasha –** *Fr E.Ribeiro*

*M: B* Nokuti wanzwirwa nyasha naMwari tarira uchava nemimba mimba

*V: S* Usatye Maria usatye usatye Maria

*A* Usatye usatye usatye Maria

*M: B* Tarira uchapona mwanakomana tarira mwanakomana ugomutumidza zita rokuti Yesu

*V: S* Tarira uchapona mwanakomana tarira uchapona uchapona mwanakomana
*A* Tarira tarira uchapona mwanakomana tarira uchapona uchapona mwanakomana

# 827

**Nomwoyo Wose Ndinorumbidza Mambo –** *A. Mugabe*
*M:* Nomwoyo wose ndinorumbidza Mambo
*V: S/A* Ndinorumbidza Mambo nomwoyo-oo wose-e ndinorumbidza Mambo nomwoyo wangu wose-e
*B* Ndinorumbidza Mambo nomwoyo wangu wose ndinorumbidza Mambo nomwoyo wose-e
*Madetembo:*
1. Mabasa aMwari makuru
2. Anocherechedzwa navose vanoafarira
3. Akaratidza vanhu vake simba ramabasa ake
4. Zvaakavapa nhaka yokudenga
*Chorus:*
*All* Mabasa ake anoshamisa-a Mwari ane ngoni netsitsi

# 828

**Nyika Ndeya Mambo –** *S.M. Ponde*
*M:* Nyika ndeya Mambo
Ndeya Mambo
*V: All* Navanhu vose Alleluya
*Madetembo*:
1. Ndiani angakwira mugomo raMambo, ndiani angamira panzvimbo yake tsvene
2. Uyo ana maoko akachena nomwoyo wakanaka
3. Mwari ngaasimuke vavengi vake vaparadzwe
4. Vachadzingwa sokudzingwa kwoutsi, vachiita sokunanauka kwenamo pamoto
5. Vakarurama ngavafare kwazvo nokuti Mambo achauya
6. Imbirai Mambo nziyo dzokurumbidza, achazviratidza pamusoro pamakore

# 829

**Nyika Ndeya Mambo –** *J.H. Chikomo*
*M:* Nyika ndeya Mambo
*V: S/A* Navanhu vose vose – ndiani angakwira mugomo raMambo
*B* --- Alleluya, ndiani angakwira mugomo raMambo
*Madetembo*:
1. Ndiani angamira panzvimbo yake tsvene
2. Uyo ana maoko akachena nomwoyo wakanaka

3. Mwari ngaasimuke vavengi vake vaparadzwe
4. Vachadzingwa sokudzingwa kweutsi, vachiita sokunanauka kwenamo pamoto
5. Vakarurama ngavafare kwazvo nokuti Mambo achauya

*Chorus:*

*All* Nyika ndeya Mambo, ndeya Mambo navanhu vose vose

## 830

**Nyika Ngaipembere Nokuti Yakacheneswa** – *C. Shuro-Chihava*

*M:* Nyika ngaipembere nokuti yakacheneswa

*V: S* Nyika ngaipembere nokuti yakacheneswa – nokupenya kwaMambo-o ngaipembere --- nyika – yakacheneswa nokupenya kwaMambo

*B* Nyika ngaipembere-nokuti yakacheneswa-a – nokupenya kwaMambo-ngaipembere-he nyika yakacheneswa nokupenya kwaMambo

## 831

**Nyika Ngaizaruke –** *J.K. Dzingai*

*M:* Nyika ngaizaruke

*V: All* Ibudise muponesi wedu nyika ngaizaruke, ibudise muponesi wedu, ngaizaruke nyika

*Madetembo:*

1. Tarirai Mambo achauya navasarudzi vake vose, nyika ngaizaruke
2. Nezuva irero chiedza chikuru chichazopenya, nyika ngaizaruke

## 832

**Nyika Ngaizaruke Ibudise –** *R. Tonganai*

*M:* Nyika ngaizaruke ibudise

*V: S/A* Ibudise muponesi Alleluyaha ibudise muponesi wedu

*B* Ibudise muponesi wedu nyika Alleluya ibudise muponesi wedu

*Madetembo:*

1. Tarirai Mambo achauya navasarudzi vake vose
2. Nezuva irero chiedza chikuru chichazopenya

## 833

**Nzvimbo Ino Inoera –** *I.T. Mapanzure*

*M:* Nzvi-mbo ino inzvimbo inoera-aa

*V: All* Nzvimbo ino inzvimbo-o inoera-a, inoera imba yaMwari nomusuwo-o nomusuwo wedenga-a-a

*Madetembo:*

1. Mwari Mambo-o, Mwari wamapfumo-o, ndinodisa sei ndinodisa sei kuva kwamunogara-a.
2. Ndinosuruvara-a kudzamara nditi ndasvika-a ndasvika pamba penyu-u

Mambo-o.
3. Iyo nzvimbo-o tsve-ene-e yowokumusorosoro-o Mwari anogara, anogara ne-esu-u hatichazunguniswi-i.
4. Imbirai Mambo wedu nziyo dzokurumbidza-a mupemberere, mupemberere-e nomufaro-o mupemberere nomufaro-o.
5. Takafunga unyoro hwenyu Mambo mukati meimba yenyu-u.

*Chorus:*

*S/A* Mwari wedenga ndimi-i munoremekedzwa kwazvo-o munoremekedzwa kwazvo-o munzvimbo yenyu inoera-a

*B* Mwari wedenga ndimi-i munoremekedzwa kwazvo-o munoremekedzwa kwazvo-o munzvimbo yenyu ino inoera-a

# 834

**Nzvimbo Ino Inoera –** *C. Takura*

*M* Nzvimbo ino inoera

*S/A* Imba yaMwari nomusuo wedenga, nzvimbo ino inoera imba yaMwari nomsuo wedenga

*B* ---Nzvimbo ino inoera imba yaMwari nzvimbo ino nomusuo wedenga

*Madetembo:*

1. Mwari Mambo wamapfumo ndinodisa sei kuva pamunogara
2. Ndinosuruvara kudzamara nditi ndasvika, ndasvika pamba penyu Mambo
3. Iyo nzvimbo tsvene yoWokumusoro-soro Mwari anogara nesu hatichazungunutswi
4. Imbirai Mambo wedu nziyo dzokurumbidza mumupemberere nomufaro
5. Takafunga unyoro hwenyu Mambo mukati meimba yenyu
6. Mwari wedenga ndimi munoremekedzwa kwazvo munzvimbo yenyu inoera

*Chorus:*

*M:* Inzvimbo ino inoera

*S/A* Imba yaMwari nomusuo wedenga nzvimbo ino inoera imba yaMwari nomusuo wedenga

*B* --- Nzvimbo ino inoera imba yaMwari nzvimbo ino nomusuo wedenga

# 835

**Nzwiraiwo Vana Venyu Tsitsi –** *L. Maphosa*

*M:* Nzwiraiwo vana venyu tsitsi vakarasa chitendero Mwari woye-e

*V: S/A* Baba kurasika hakunetsi asi kudzoka kunorema, vazhinji vanokonewa kudzoka pamusana penyadzi, Baba nzwiraiwo vana venyu tsitsi

*B* Baba kurasika hakunetsi --- kudzoka kunorema, vazhinji vanokonewa kudzoka pamusana penyadzi, Baba nzwiraiwo vana venyu tsitsi

*Madetembo:*

1. Muvape simba rokutendeuka
2. Pamusana pavo tinotsanya

*Chorus:*
*All* Vakarasa moyo uye vamwe vanotya kusekwa nokutambudzwa, Baba nzwiraiwo vana venyu tsitsi

## 836

**O Yesu Makuya Pasi –** *B.P. Mukoko*
*M:* O Yesu makauya pasi-i
*V: All* O Yesu makauya pasi-i nokuva munhu makatiponesa O Yesu makauya pasi-i
*Madetembo:*
1. Makakunda satani norufu rwenyu-u
2. Tinokuteverai ndimi nzira
3. Zvishamiso zvizhinji zvakaitika
4. Nezuva retatu makamukazve
5. Tinokutenderai ndimi chokwadi
6. Munogara nesu musakaramende
7. Munotibatsira mazuva ose
8. Tinoda imi, ndimi rupenyu-u

*Chorus:*
*All* O Yesu O Yesu O Yesu makauya pasi-i

## 837

**Omberai Tenzi** – *A. Shamu Maurunge*
*M* Omberai Tenzi ….
*V: All* Omberai Tenzi --- imi omberai Tenzi
*Madetembo:*
1. Mumba make mutsvene
2. Denga riri
3. Chigaro chesimba rake
4. Nokuda kwemibato
5. Yake inoshamisa
6. Zvaana masimba
7. Masimba noukuru
8. Nokurira kwamabhosvo
9. Nemitengeranwa
10. Mitengeranwa nembira
11. Nengoma nokudzana
12. Nedimbwa nenyere
13. Nedzimbo nenziyo
14. Nefemo roga roga

*Chorus:*
*B* Omberai Tenzi --- imi omberai Tenzi
*S* Omberai Omberai Omberai Omberai Omberai Tenzi

## 838

**Onai Taungana Pano -** *A.R Augusto*
*M: S/A* Onai taungana pano isu vana venyu
*V: S/A* Mune tsitsi Nyadenga muridzi wepasii --- kuzoperekedza mwana wenyu

nokumusvitsa muregerereiwo zvose zvaakuta-adzirai muchimupinza mumusha wenyu worufaro

*B* Mwari Baba Nyadenga muridzi wapasi taunganaa mwana wenyu nokumusvitsa kwamuuri --- zvose zvaakakutadzirai muchimupinza mumusha wenyu worufaro

*Part 1:*

*Madetembo:*

1. Ndimi mamudaidza ndimi mamubvisa matiri
2. Kusave nekumwe kwaanganogara asi panemi ndimi mamubvisa matiri
3. Chimugamuchirai achigara nemi muridzi wake, ndimi mamubvisa matiri

*Chorus:*

*S/A* Munzwireiwo tsitsi musamutongee, musamurangewo Mambo mukatiranga sazvatinofanira kuitwa ndiani ndiani angapunyuke

*B* --- Tsitsi musamutonge muine hasha --- Mambo mukatitonga nekutiranga kuitwa ndiani-ii angapunyuke

*Part 2:*

*Madetembo:*

1. Mukati muronderodze kutadza kwedu zvichemo zvedu hamungazvinzwi imii
2. Maziso edu azere misodzi misodzi yedu mungaishaire hanya imii
3. Mwari moyo wenyu moyo wenyu uzere tsitsi imii

*Chorus:*

*S/A* Kudaro Baba-a mwana wenyu mumusha wenyu-u worufaroo nokufara-a hama dzitateguru ake ose nehama dzakee hama dzake, dzose

*B* --- Chipinzaai --- mumushawenyu-u agogara navasande vose namadzitateguru ake ose nehama dzake hama dzake dzose

# 839

**Onai Yesu Makanakisa –** *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Ona Yesu makanakisa, Yesu makapfavisa

*V: All* Ona Yesu makanakisa Yesu makapfavisa ndapfugama namabvi panyasi penyu ndinokutetetrerai nomwoyo wangu wose kuti mundipe chitendero nechitarisiro nechido chakadzika

*Madetembo:*

1. Itai kuti ndipfidze matadzo angu nomwoyo wangu wose nokundisimbaradza kuti ndigare upenyu hwakanaka
2. Kana ndichitarisa nokurangarira maronda enyu mashanu nokufungazve manzwi akamborehwa naDavidi muprofita
3. Vakaboora maoko angu netsoka dzangu, vakaverenga mapfupa angu ose, ndinorwadziwa mwoyo kwazvo

## 840

**Pachipfuva ChaJosefe –** *P.F. Banga*

*M: S/A* Pachipfuva chaJosefe-e tinoona mwanaa

*V: S/A* Pa-chi-pfuva chaJoseefe-e --- tinoona Mwana pachipfuva chaJosefe-e --- Mwana ndowaMwari-i Maria vari mai-i.

*B* Pachipfuva chaJosefe tinoona mwana-ha pachipfuva chaJosefe-e asi --- ndowaMwari-hi Maria vari mai-hi

*Madetembo:*

1. Mwana wakarerwa ne-we wakarerwa ne-ewe uri mwane wa-ake-e
2. Navasande na-ha-vangere navangere vamukudza vose-e
3. Ah Josefe wakanaka-a, Josefe wakanaka utirere i-isu-u
4. Tifundise ku-na-ma-ta, kunamata nokubata basa

*Chorus:*

*S/A/T* Ah murume-e waMaria-a Tenzi wavasande-e --- tifundise kuda Yesu-u tifundise ku-u-da Yesu batsira pakufa-a

*B* Ah murume-he waMaria-a Tenzi wavasande tifundise --- kuda Yesu-hu tifundise kuda Yesu batsira pakufa-a

## 841

**Pakati Penyu Kana Muno Rudo –** *F.K. Mukanyi*

*M: S/A* Pakati penyu kana muno rudo

*V: All* Vose vachaziva vachaziva kuti muri vadzidzi vangu kana muno rudo pakati penyu

*Madetembo:*

1. Yesu wakati kuvadzidzi vake Yesu wakati
2. Kunge muchiziva izvi muchakomborerwa kana zviito zvenyu zvichiwirirana nazvo Yesu akati
3. Ndinokupai mutemo mutsva, unoti idai. Yesu wakati
4. Idanai muwe nomumwe sokuda kwanadakukuitirai Yesu wakati

*Chorus:*

*S/A* Ndakakupai muenzaniso, kuti mugosiitawo sezvandakakuitirai sezvandakakuitirai

*B* Ndakakupai muenzaniso, mugosiitawo sezvandakakuitirai sezvandakakuitirai

## 842

**Pakutanga Izwi –** *E. Musvosvi Shara*

*M: S/A* Pakutanga iizwi akanga atovapo --- iizwi akanga atovapo

*B/T* Pakutanga --- pakutanga atovapo

*Madetembo:*

1. Pakutanga-tanga pasi chigaare kwakanga kuina izwii
2. Izwi aigara naMwari uye izwi ndiye Mwari

3. Izwi akazoburuka akagara nesuu
4. Johane akanga ari chapupu chechiedza
5. Iye akanga asiri chiedza
6. Uyu ndiye andaireva ndichiti achauya mushure mangu
7. Ndiye akazoitawo kuti Baba vazivikanwe

*Chorus:*

*All* Izwi akava munhu akagara nesuu, munhuu akagara nesuu

# 843

**Pakutanga Izwi** – *Sr Victoria Sanyika (LCBL)*

*M* Pakutanga izwi wakanga ari Mwari

*V: S/A* Izwi wakava munhu, akava munhu izwi wakagara pakati pedu…x2

*B* --- Wakava munhu wakava munhu izwi wakagara pakati pedu…x2

*Madetembo:*

1. Yohane akatumwa akauya kuzova chapupu chechiedza chaYesu
2. Yesu akauya kuna vake asi Havana kumugamuchira
3. Vakatendera akavapa simba rokuva vana vaMwari

*Chorus:*

*All* Ndiye mwanakomana mumwe chete waBaba ndiye chiedza chaicho chiedza-ha chinovhenekera munhu wose

# 844

**Pana Mweya WaMambo** – *Br Samson Mudadi*

*M:* Pana mweya waMambo ndipowo

*V: S* Pano rusununguko pana Mweya waMambo, pana mweya waMambo, pano rusununguko

*B* Pano rusununguko --- pana Mweya waMambo --- mweya waMambo, ndipo pano rusununguko

*Madetembo:*

1. Akakomborerwa munhu asingavengerwi zvakaipa naMambo, asino kunyengerwa pamweya wake.
2. Nokuti ruoko rwenyu rwakanga rwakanditsimbirira, ndikarwadziwa sendabayiwa nomunzwa.
3. Asi zvino ndareurura matadzo angu, handina kuvanza mhosva dzangu
4. Ndakati ndinoda kureurura zvivi zvangu, ndoreurura matadzo angu kunemi Mambo

*Chorus:*

*S* Njodzi dzowakaiipa dzakawanda --- anovimba --- Mwari anokomberedzwa negomborero

*B* Njodzi dzowakaiipa dzakawanda --- anovimba --- ndiye anokomberedzwa negomborero

# 845

**Pana Mweya WaMambo –** *D.T. Zavazava*

*M:* Pana mweya waMambo

*V: All* Ndipo pano rusunungguko

*Madetembo:*

1. Akakomborerwa munhu wakaregererwa matadzo ake
2. Wakaregererwa mhosva dzake dzose
3. Akakomborerwa munhu asingavengerwi zvakaipa naMambo
4. Asino kunyengerwa pamweya wake
5. Nokuti ruoko rwenyu rwakanga rwakanditsimbirira
6. Ndikarwadziwa sendabayiwa nomunzwa
7. Asi zvino ndareurura matadzo angu
8. Handina kuvanza mhosva dzangu
9. Ndakati ndinoda kureurura zvivi zvangu
10. Ndoreurura matadzo angu kunemi Mambo
11. Nemi Mambo mandiregerera
12. Mandiregerera mhosva dzangu dzokutadza kwangu
13. Saka vose vakarurama ngavarambire kwamuri
14. Panguva yokutambudzika kwavo
15. Ndimi ninga yangu Mambo
16. Munondichengeta ndirege kuwira munhamo
17. Njodzi dzowakaipa dzakawanda
18. Anovimba naMwari ndiye anokomborerwa negomborero

# 846

**Pane Chido Norudo** – *A. Shamu Maurunge*

*M:* Pane chido

*V: S/A* Pane chido norudo --- Mwari aripowo

*B* Pane chido norudo ipapo Mwari aripowo

*Madetembo:*

1. Mukadzi wako achava somuzambirika, pamadziro emba yako
2. Anogara achibereka, vana vako vazhinji
3. Uchaona vana vavana vako, uve norugare
4. Vachaimba vachireva nzira dzaMwari, nokuti mbiri yake ihuru
5. Uchaona chikomborero chaMwari, mazuva ose orupenyu rwako
6. Nokuti Mwari ari kumusoro, kunyange zvakadaro ane hanya navanhu vose
7. Rudo rwaKristo rwakatiunganidza pamwe chete, ngatipembere nokufara naye

# 847

**Pane Chido Norudo** – *S.M. Ponde*

*M* Pane chido-o --- ipapo

*V: All* Pane chido norudo --- Mwari aripowo

*Madetembo:*

1. Mukadzi wako achava somuzambirika, pamadziro emba yako
2. Anogara achibereka, vana vako vazhinji
3. Uchaona vana vavana vako, uve norugare
4. Vachaimba vachireva nzira dzaMwari, nokuti mbiri yake ihuru
5. Uchaona chikomborero chaMwari, mazuva ose orupenyu rwako
6. Nokuti Mwari ari kumusoro, kunyange zvakadaro ane hanya navanhu vose
7. Rudo rwaKristo rwakatiunganidza pamwe chete, ngatipembere nokufara naye

# 848

**Pane Chido Norudo –** *J. Makaure*

*M:* Pane chido norudo

*V: S/A* Pane chidoo norudo Mwari aripowo pane chidoo norudo ipapo Mwari aripowo

*B* Chidoo norudo Mwari aripowo pane chidoo norudo ipapo Mwari aripowo

*Madetembo:*

1. Ngatityei nokuda Mwari mupenyu, ngatidananei zvechokwadi
2. Naizvozvo pose patinoungana, ngatirege kupesana mupfungwa
3. Bopoto nokupesana zvisavepo, Kristo Mwari Mambo wedu agogara nesu
4. Kristo tiratidzeiwo pamwe navasande, uso hwenyu hunobwinya nembiri youMwari
5. Tiwaniseiwo mufaro noupenyu hwedenga
6. Upenyu husina mugumo hunogara nokugara

*Chorus:*

*All* Rudo rwaKristo rwakatiita vamwe ngatifarei timupembererere

# 849

**Panguva Yokutambudzika –** *L.J. Fifteen*

*M:* Panguva yokutambudzika

*V: S/A* Mwari inhare, Mwari inhare panguva-a yokutambudzika Mwari inhare yavakarurama

*B* --- Panguva yokutambudzika – yavakarurama – panguva yokutambudzika Mwari inhare yavakarurama

*Madetembo:*

1. Ropa romuranda wenyu rakateurwa-a vanhu vakaipa vakamuseka
2. Kugomera kwomusungwa ngakusvike kwamuri
3. Nesimba renyu guru chengetai vana vorufu
4. Akarurama anofara musimba renyu Mwari anofarira ruponeso rwenyu

5. Makamupa zvinodikanwa nemoyo wake hamuna kuramba kukumbira kwake

*Chorus:*

*S/A* Munomuchingura-a nezvikomborero zvakanaka munogadza ndaza yendarama pamusoro pake

*B* Munomuchingura-a nezvikomborero zvakanaka --- ndaza yendarama

# 850

**Pano Mweya WaMambo –** *I. Maputsa Nezungai*

*M:* Pano mweya waMambo

*V: S* Ndipo ndipo pano mweya waMambo ndipo pano rusununguko, pano Mweya waMambo ndipo pa-no rusununguko.

*B* Ndipo ndipo pano rusununguko, Mweya waMambo ndipo pan-o rusununguko, pano Mweya waMambo ndipo pa-no rusununguko.

*Madetembo:*

1. Akakomborerwa munhu asingaverengerwi zvakaipa na Mambo ----ndakati
2. Akakomborerwa munhu asinokunyengera pa-mweya wake----ndakati
3. Nokuti ruvoko rwenyu rwakanga rwakandisimbirira, ndikarwadziwa sendabaiwa neminzwa
4. Asi zvino ndareurura matadzo angu handina kuvanza mhosva dzangu
5. Nemi Mambo mandiregerera, mandiregerera mhosva dzangu
6. Ndimi ninga yangu Mambo munondichengeta, kuti ndirege kuwira munhamo

*Chorus:*

*All* Ndinoda kureurura zvivi zvangu ndoreurura matadzo angu kunemi Mambo

# 851

**Panogara Mununuri Kristo –** *J.S. Maphosa*

*M:* Panogara mununuri Kristo

*V: S/A* Panogara mununuri Kristo, nyakupa wamagirasiya musakaramende sande --- pondoda kuzorora pamwoyo waYesu wangu

*B* Panogara mununuri Kristo, musakaramende sande --- ndipo --- kuzorora pamwoyo waYesu wangu

*Madetembo:*

1. Panoreva vatadzi napakare Kirike
2. Pochenesa vana vake nokuzvipa kunesu
3. Panofundisa mweyawo kana uchikonona
4. Anounyaradza kwazvo unosimbiswa patsva

*Chorus:*

*B* Ndipo --- kuzorora pamwoyo waYesu wangu

*S/A* --- Pondoda kuzorora-a pamwoyo waYesu wangu

## 852

**Panogara Yesu Kristo –** *Sr Victoria Sanyika (LCBL)*

*M* Panogara Yesu Kristo

*V: S/A* Panogara Yesu Kristo musakaramende sande ndipo pandinoda kuzorora ndipo pamwoyo waYesu wangu

*B* --- Yesu Kristo musakaramende sande ndipo pandinoda kuzorora ndipo pamwoyo waYesu wangu

*Madetembo:*

1. Panoreva vatadzi napakare Kirike, pochenesa vana vake nokuzvipa kunesu
2. Panofundisa mweyawo kana uchikonona, anounyaradza kwazvo unosimbiswa patsva
3. Kana muchidyo chomweya azvipira kunesu, totambira mbuva yedu muteuro chokwadi

## 853

**Patinopira Chingwa Newaini –** *W. Nhemachena*

*M: S/A* Patinopira chingwa newaini

*V: S/A* Yesu anotitora nokutipinza mumupiro wake

*B* Mwari Baba --- anotitora nokutipinza --- mumupiro

*Madetembo:*

1. Zvino munoona pachena zvatinoda kuita
2. Kare makafadzwa neropa rezvipfuwo kana nezvibereko zveminda
3. Zvino munoda rupenyu rwomunhu
4. Munoda muviri wake, njere, moyo nomweya wake
5. Munoda mabasa ake nhamo nemifaro yake
6. Gamuchirai zvose zvatiinazvo
7. Zvose ndezvenyu
8. Chingwa newaini zvichazova muviri neropa raYesu

*Chorus:*

*S/A* Mambo torai zvose hapana chatinoda kuzvichengetera

*B* --- Mambo torai zvose, hapana --- kuzvichengetera

## 854

**Pauro Pakuoneka VaEfeso** – *Fr. R. Chasarira*

*M: S/A* Pauro pakuoneka vaEfeso akati

*V: S/A* Zvino ndava kuenda kuJesrusaremu ndakabatwa namweya-a handizivi zvichandiwira ikoko – kusiya kuti Mweya Mutsvene-e anondiyambira mumaguta ose kuti jeri nenhamo zvakandimirira.

*B* Chionai zvino --- ndava kuenda --- ndakabatwa namweyaa – handizivi zvichandiwira ikoko Mweya Mutsvene-e - anondiyambira mumaguta ose – jeri nenhamo zvakandimirira.

*Madetembo:*
1. Handina kumbozeza kukutaurirai pachena chose chakanga chine basa.
2. Handina kuteta kukutaurirai pachena zvirongwa zvose zvaMwari.
3. Zvino chinzwai ini ndinoziva kuti imi vandakafamba mukati mavo ndichiparidza umambo uhu hamuchazoona chiso changu zvakare.

*Chorus:*

*S/A* Asi handiverengi upenyu hwangu sehune maturo kana kuti hwakakosha kwandiri – chero ndikapedza chinhanho changu nebasa randakapiwa naTenzi Jesu – rokupupurira shoko rakanaka renyasha dzaMwari

*B* --- Handiverengi upenyu --- sehune maturo kana kuti hwakakosha kwandiri –ndikapedza chinhanho changu – nebasa randakapiwa naTenzi Jesu rokupupurira shoko rakanaka renyasha dzaMwari

## 855

**Pauro Pakutendeuka Kwake –** *J. Tichapondwa*

*M:* Pauro pakutendeuka kwake

*V: All* Akaona kupenya kukuru kuchibvva kudenga akanzwa inzwi richiti Sauro, Sauro unonditambudzireiko

*Part 1:*

*Madetembo:*
1. Akabvunza ndimi aniko Tenzi
2. Ndini Jesu weNazareta waunotambudza

*Chorus:*

*S/A* Muka uende kuDhamasco, uchanoudzwa ikoko --- zvose zvawakagadzirirwa naTenzi

*B* Muka uende kuDhamasco, uchanoudzwa ikoko zvinhu --- zvawakagadzirirwa naTenzi

*Part 2:*

*Madetembo:*
1. Hama Sauro maziso ako ngaaone maziso ako ngaaone
2. Mwari akasarudza kuti uzive zvaanoda uone uite muranda akarurama

*Chorus:*

*All* Iwe uchava chapupu, kuvanhu vose vaMwari chezvinhu zvose zvawakanzwa nezvose zvawakaona, uchamirireiko --- simuka uombekwe zvitadzo zvako zvisukwe, unamate zita rake unamate zita rake

## 856

**Petrosi Musande Anotinyevera –** *Z.C. Terere*

*M:* Petrosi Musande anotinyevera

*V: All* Svinurai mugarire dhiyabhori muvengi wenyu ishumba inodzvova iri kufamba-famba ichitsvaga waingadye

*Madetembo:*
1.Muidzo imhangwa yokuita zvakaipa
2.Munhu haagoni zvakaipa
3.Zvaakazvarwa ana mapangiro akaipa ana huni dzemiidzo mukati make
4.Mimwe miidzo inosakiswa navanhu kana nebasa ratinoita
5.Kuidza harusi rutadzo, miidzo inogwinyisa munhu akarurama
*Chorus:*
*All* Murwisei – murwisei – murwisei makatsika nokutendera kwenyu

# 857

**Pindukirai Kuna Mwari** – *J.V. Chinondo*
*M: S/A* Pindukirai kuna Tenzi Mwari wedu
*V: S/A* Pindukirai – pindukirai kuna Tenzi Mwari wedu, muise zvitadzo zvenyu, pamberi pake mumuteterere-e murege kumutadzira pakare.
Tendeukirai kuna iye wokumusorosoro – mufuratire zvisakarurama zvenyu-u murege zvinomusemesa-a sezvinoita vapenyu vanomutenda.
*B/T* --- Pindukirai kuna Tenzi --- kuna Tenzi Mwari wedu…pindukirai mumuteterere --- murege kumutadzira .
Tendeukirai kuna Tenzi mufuratire --- zvisakarurama murege zvinosemesa-a sezvinoita vanhu vanomutenda.
*Madetembo:*
1.Kuregerera kwaMwari kukuru kwazvo kuvanhu vanotendeukira kwaari.
2.Mwari wokumusorosoro acharumbidzwa navanhu vapenyu vanomutenda.
3.Ndianiko acharumbidza wokumusorosoro munzvimbo yevakafa.
4.Isu vanhu hatigoni kuva nezvinhu zvose nokuti munhu munhu anofa.
*Chorus:*
*S/A* Tsitsi dza-Tenzi Mwari wedu dzakawanda kwazvo: tsitsi dza-Mwari kuregerera vanotendeukira kwaari-i – tsitsi dza-Mwari-i tsitsi dza-Tenzi dzakawanda kwazvo.
*B/T* --- Tsitsi dza-Tenzi Mwari --- tsitsi dza-Tenzi kuregerera vanotendeukira kwaari itsitsi dza-Mwari-i tsitsi dza-Tenzi dzakawanda kwazvo.

# 858

**Pirai Miviri Yenyu Kuna Mwari –** *O.T. Mutyanda*
*M:* Pirai miviri yenyu kuna Mwari
*V: S/A* Hama dzangu pirai miviri yenyu kuna Mwari – ive chibairo --- imi muzvipire kwaari
*B* Hama dzangu pirai miviri yenyu kuna Mwari – ive chibairo --- muzvipire kwaari
*Madetembo:*
1.Munamatiro wakadai wozvomweya ndiwo unokufanirai

2. Kuvandudza patsva kwepfungwa dzenyu ngakuve iko kunokupindusai
3. Regai kuzviumba --- muchizvitodzanisa navanhu vapasi pano --- mugoziva kuti ndezvipi zvakanaka

*Chorus:*

*S/A* Kuti tsitsi dzaMwari dzive chibairo --- chakateurirwa
*B* Kuti tsitsi dzaMwari dzive chibairo chipenyu chakateurirwa

# 859

**Pita Musande Anoti –** *E. Tobaiwa*

*M:* Pita musande anoti idai vamwe
Anoti idai vamwe
*V: All* Ivai nomweya mumwe chete-e mugare muchinzwirana tsitsi-i mugare muchinzwirana tsitsi

*Madetembo:*

1. Ivai nomwoyo wakapfava muve vanhu vanozvirereka
2. Musatsive chakaipa nechakaipa kana kutukwa muchitukawo
3. Asi komborerai vanhu vanokuitira zvakadaro
4. Mwari akatsidza kukupai chikomborero paakakudaidzai

*Chorus:*

*All* Mugare muchinzwirana tsitsi-i mugare muchinzwirana tsitsi

# 860

**Pokupedzisira Pauro Anoti** – *Sr R.E. Chinyani (LCBL)*

*M: S/A* Pokupedzisira Pauro anoti-i-i
*M: S/A* Simbai kwazvo muna Tenzi-i-i simbiswai namasimba ake pachake-e-pfekaii zvokurwisa zvose-e-e-e zvamunopihwa naMwari-i kuti-i – muzogonawo kurwisana namazano akaipa-ha adhiyabhori – muchirwa nawo-o.
*B* --- Kwazvo muna Tenzi simbai-ii namasimba ake pachake – pfekai zvombo zvokurwisa zvose-e zvamunopihwa-a naMwari kuti muzogonawo-o asatani akaipahaa dhiyabhori muchirwa muchirwa nawoho.

*Madetembo:*

1. Nokuti hatisi kurwisana navanhu asi nomweya ine ukurukuru neyeushe nemweya inotonga pasi pose-e.
2. Mashoko akanaka orugare nokuparidzwa kwawo ngaave seshangu dzamunopfeka-a.
3. Tiri kurwisana nehondo dzomweya youipi iri mumatenga-a mumatenga umu.
4. Mozotora kutenda muchikuita muchikuita nho-o huru yamunogona kudzimura nayo miseve yasatani.
5. Mozotora shoko raMwari muchiriita ngowani yamunopfeka-a.
6. Rambai muchingonamata muchinamata zvokunamata zviya muchinyengetera.

*Chorus:*

*S/A* Naizvozvo mirai makagadzirira-a-a chokwadi ngachisunge chiuno chenyu-u kururama ngakuite senho-o inodzikatira pamaditi enyu.

*B* --- Mirai makagadzirira mirai-i ngachisunge chiuno chenyu sebande ngakuite senhoo inodzikatira pamaditi enyu.

# 861

**Pupura Chokwadi** – *Fr E. Ribeiro*

*S* Pupura chokwadi, pupura chokwadi, pupura chokwadi, pupura pupura

*A* Pupura pupura pupura pupura

*B* Kana ndataura chakashata, pupura chakashata, kana ndaruramisa wagondirovereiko?

# 862

**Ramba Uine Chitendero –** *D. Zavazava*

*M:* Ramba uine chitendero
Uine chitendero

*V: All* Dakara ufe

*M:* Ndigozokugadza

*V: All* Chiremba chinova ndihwo upenyu

*Madetembo:*

1. Ndakasimudzira meso angu
2. Munogara kudenga.
3. Sameso omurandakadzi
4. Anotarira ruoko rwatenzikazdi wake
5. Saizvozvo meso edu anotarira kunaMambo, Mwari wedu
6. Tinzwireiwo tsitsi, Mwari tinzwireiwo tsitsi
7. Nokuti taguta chose nokukundwa

*Chorus:*

*S* Dakara ufe ndigozokugadza chiremba chinova ndihwo upenyu

*B* Dakara ufe ---- chiremba chinova ndihwo upenyu

# 863

**Ramba uine chitendero –** *T.M. Dunduru*

*M:* Ramba uine chitendero

*V: All* Ramba uine chitendero ndigozokugadza chiremba chinova ndihwo upenyu dakara ufe

*Madetembo:*

1. Ndakasimudzira meso angu kwamuri, munogara kudenga
2. Sameso omurandakadzi anotarira ruoko rwatenzikadzi wake,
3. Saizvozvo meso edu anotarira kuna Mambo Mwari wedu
4. Tinzwireiwo tsitsi Mwari, tinzwireiwo tsitsi, nokuti taguta chose nokukundwa

## 864

**Ramba uine chitendero** – *N. Muchenu*

*M: S* Ra-mbaa uine chitendero

*V: S/A* Ra-mbaa uine chitendero ndigozoku-ga-dza chiremba, chinova ndihwo hupe-nyu. Ra-mbaa uine chitendero dakara ufe

*B*: Ra-mbaa uine chitendero --- ndigozoku-ga-dza chiremba --- chinova ndihwo hupe-nyu. Ra-mbaa uine chitendero dakara ufe

*Madetembo:*

1. Nda-akasimudzira meso angu kwamuri, munogara kudenga.
2. Sameso omurandakadzi, anotarira ruoko rwatenzikadzi wake.
3. Saizvozvo meso edu anotarira kuna Mambo Mwari wedu.
4. Tinzwire-iwo tsi-tsi Mwari, tinzwire-iwo tsi-tsii, nokuti taguta chose nokuku-ndwa.

## 865

**Ramba Uine Chitendero –** *E .Chigoromondo*

*M* Ra-mbaa uine chitendero

*V: S* Ndigozokugadza chiremba chiremba ramba uine chitendero dakara ufe

*B*: Ramba uine chitendero ndigozokugadza chiremba upenyu dakara ufe

*Madetembo:*

1. Ndaakasimudzira meso angu
2. Kwamuri, munogara kudenga
3. Sameso omurandakadzi, anotarira ruoko rwatenzikadzi wake ...
4. Saizvozvo meso edu anotarira kuna Mambo Mwari wedu ...
5. Tinzwire-iwo tsi-tsi Mwari, tinzwire-iwo tsi-tsii
6. Nokuti taguta chose nokukundwa

## 866

**Ravirai Henyu Munzwe Kunaka –** *A. Chamunorwa*

*M:* Ravirai henyu munzwe kunaka kwaMambo x2

*V: S* Ravirai henyu munzwe kunaka kwaMambo, akakomborerwa uyo anovimba naye

*A* Ravirai, ravirai henyu-u munzwe kunaka kwaMambo, anovimba naye

*B* Ravirai henyu munzwe kunaka, kunaka kwaMambo, ravirai henyu munzwe kunaka

*Madetembo:*

1. VhenekeraYerusarema, nokuti chiedza chako chakasvika. Ravirai henyu
2. Rimara kafukidza nyika, asi mbiri yaMwari, yakaonekwa pamusoro payo. Ravirai henyu
3. Marudzi achauya kuchiedza chako, namadzimambo kumbiri yakabudirira. Ravirai henyu

## 867

**Ravirai Munzwe Kunaka KwaMambo –** *C. Rupiya*

*M:* Ravirai munzwe kunaka kwaMambo

*V: S/A* Ravirai munzwe kunaka kwaMambo, akakomborerwa munhu anovimba nayehe

*B* Ravirai --- munzwe kunaka kwaMambo --- komborerwa munhu anovimba nayehe…

*Madetembo:*

1. Vhenekera Yerusarema, nokuti chiedza chako chakasvika. Ravirai ravirai henyu.
2. Rima ra-kafukidza nyika --- asi mbiri yaMwari, yakaonekwa pamusoro payo. Ravirai ravirai henyu
3. Marudzi achauya kuchiedza chako --- namadzimambo kumbiri yakabudirira. Ravirai ravirai henyu
4. Mambo achava kwauri, chiedza chisingaperi --- naMwari wako – kunaka – kwakoho. Ravirai ravirai henyu

*Chorus:*

*S/A* Akakomborerwa munhu anovimba nayehe, ravirai ravirai henyu

*B* --- Komborerwa munhu anovimba nayehe, kunaka kwaMambo

## 868

**Regerera Mumwe wako –** *J. H. Chikomo*

*M: S* Regerera Mumwe Wako

*V: S/A* Anotsividza mumwe wake zvaanomutadzira .Mwari Tenzi nomutsividzawo achimuripisa zvitadzozvake zvakanyanya --- regere-ra mumwe wako.

*B* --- Mumwe wake-e mumwe wake, Tenzi Mwari-i, achamutsivawo, achimuripisa-hazvake zvakanyanya regerera --- mumwe wake

*Madetembo:*

1. Uyo anoda kusunungurwawo zvi-tadzo zvakee na Tenzi ngaabvisewo ruvengo nomumwe wake.
2. Munhu anorera ru-ve-ngo nomumwe wake zvingabvirewo here kuti ati Tenzi ndiregerereiwo
3. Angati here Tenzi ndiregereiwo.
4. Uyo asina tsitsi nomumwe wake akaita sa-iye, angati here Tenzi ndiregerereiwo

## 869

**Rerekerai Nzeve Yenyu –** *S. Chakanya*

*M: S/A* Rerekerai nzeve yenyu imi Tenzi mundipindure

*V: S/A* Nokuti ndakaneta-a uye handina simba-a, chengetai mweya wanguu, ndiri wenyuu imi Mwari wangu, ndiri muranda wenyuu Mwari wa-nguu

*B* --- Ndakaneta-ha --- handina simba handina simba, ndiri wenyu ndiri wenyu imi Mwari wanguu, ndiri muranda wenyuu Mwari wa-nguu.

*Part 1:*
*Madetembo:*
1. Fadzai mweya womuranda wenyu-u nokuti mweya wangu wakatarira kwamurii..
2. Nokuti imi Tenzi makanaka munofariraa kuregerera
*Chorus:*
*S/A* Inzwai munyengetero wanguu, teererai inzwi rokuchema kwa-nguu, ndinzwireiwo tsitsi
*B:* Tenzi ndinzwireiwo tsitsi, inzwi rangu Tenzi teererai ndinzwireiwo tsitsi
*Part 2:*
*Madetembo:*
1. Mwari imi mukuru munoshamisa
2. Ndichakurumbidzai Tenzi Mwari wangu.
3. Imi makanunura mweya wangu.
*Chorus:*
*B* Ndimi moga Mwarii, ndimi moga-a, ndimi mogaa mukurukuru
*S/A* --- Mwarii ndimi moga-a, Mwarii ndimi mukurukuru

# 870

**Ropa Nemvura** – *W. Makumbe*
*M* Ropa Nemvura
*V: All* Zvakabuda mumwoyo wa-Yesu, zvakabuda mumwoyo wa-Yesu
*Madetembo:*
1. Ko ndichadzorera Mambo nei pane zvose zvaakandipa?
2. Ndichatora mukombe woruponeso nokudana zita raMambo
3. Uyai muravire kunaka kwaMambo
4. Akakomborerwa ani naani anovimba naMambo wedu
5. Ani naani ane nyota ngaauye kwandiri anwe
6. Mumwe murwi akabaya rutivi rwaYesu
7. Ndini chingwa chipenyu chakaburuka kudenga
8. Kana munhu achidya ichi achakararama narini
9. Anonwa ropa rangu achamutswa neni nezuva rokupedzisira

# 871

**Ropa Nemvura Zvakabuda –** *M.J.P.N. Mushuku*
*M:* Roopa nemvura
*V: S/A* Ropa nemvura zvakabuda – ropa nemvura zvakabuda, zvakabuda mumwoyo waYesu ropa nemvura
*B* Ropa nemvura zvakabuda roopa nemvura zvakabuda zvakabuda mumwoyo waYesu ropa nemvura
*Madetembo:*
1. Ko ndichadzorera Mambo nei pane zvose zvaakandipa?
2. Ndichatora mukombe woruponeso nokudana zita raMambo

3. Uyai muravire kunaka kwaMambo
4. Akakomborerwa ani naani anovimba naMambo wedu
5. Ani naani ane nyota ngaauye kwandiri anwe
6. Mumwe murwi akabaya rutivi rwaYesu
7. Ndini chingwa chipenyu chakaburuka kudenga
8. Kana munhu achidya ichi achakararama narini
9. Anonwa ropa rangu achamutswa neni nezuva rokupedzisira

## 872

**Ropa Renyu Rakakosha** – *J H.Chikomo*

*M* Ropa renyu rakakosha Mambo

*V: S/A* Mambo ropa renyu rakakosha kuti vanhu vose varegererwe matadzo avo, ndinokumbira kwamuri kuti mundiregerereiwo matadzo angu

*B* --- Ropa renyu rakakosha kuti vanhu vose varegererwe matadzo avo, ndinokumbira kwamuri kuti mundiregerereiwo matadzo angu

*Madetembo:*

1. Makati kunyangwe matadzo asviba zvakadini uyai kwandiri ndikuchenesei
2. Hamungoitawo here izvozvi kuneni nhai Baba ndinotarisirawo kuponeswa nemi
3. Ndinorasa ndinorwarira matadzo angu Mambo garai neni murupenyu rwangu

*Chorus:*

*S/A* Garai neni ini mutadzi wamunoziva Mambo kusimuka nokugara kwangu

*B* Garai neni wamunoziva Mambo misi yose nokugara kwangu

## 873

**Rubatsiro Rwangu Ruchabvepiko –** *N. Chigwida*

*M: S/A* Rubatsiro rwangu, rubatsiro rwangu- kuna Tenzi akasika denga napasi pose x2

*B* --- Rubatsiro rwangu – runobva --- akasika denga napasi pose x2

*Madetembo:*

1. Haangandiregi ndichiputsika mudziviriri wangu, ndiye mudziviriri wako.
2. Haakotsiri kana kuvata hope kuti akuchengete.
3. Zuva haringakukuvadzi masikati kunyange mwedzi usiku.
4. Tenzi achakuchengeta kubvira zvino, kubvira zvino nokusingaperi.

*Chorus*

*S/A* Tenzi ari parutivi rwako --- achakudzivirira munjodzi dzose, achachengeta upenyu hwako

*B* -- Ari parutivi rwako --- dzivirira munjodzi dzose --- upenyu hwako

## 874

**Rudo Runopfava Uye Rune Mutsa –** *R.A. Zinyohwera*

*M:* Rudo runopfava uye rune mutsa

*V: S/A* Rudo runopfava uye rune mutsa haruna shanje harudadi – harutsamwi – haruvirimi – haruchengeti mafi ezvakaipa zvinoitwa navanhu
*B* Rudo runopfava uye rune mutsa haruna shanje rudo – harutsamwi haruvirimi haruchengeti mafi – zvinoitwa navanhu

*Madetembo:*

1. Ndingagona hangu kutaura ndataura mitauro yavanhu neyavatumwa vaMwari, ndisina rudo runongova ruzha chete
2. Ndingava nechipo chokuziva zvose nokunzwisisa zvose kuparidza sendasvikirwa kusudurutsa makomo, ndisina rudo handisi chiro
3. Ndingagona hangu kupa zvose zvandinazvo kana muviri wangu kuti upiswe, ndisina rudo zvose hazvindibatsiri
4. Kusvikirwa kuchapera kutaura nendimi kuchapera ane rudo ndiye mukuru rudo rukuru kukunda zvose

*Chorus:*

*S/A* Rudo harupererwi norudaviro uye rune tsungiriro runogara ruripo narini
*B* Rudo harupererwi norudaviro --- rudo --- ruripo narini

# 875

**Rudo RwaMwari –** *B.R. Mutindimuri*

*M: S/A* Rudo rwaMwari – rwakadururirwaa
*V: S/A* Ruuu-do – rwaMwari – rwakadururirwa mumoyo yeduu – naMweya Mutsvene – naMweya Mutsvene – watakapiwaaa
*B* Ru-udo – rwaMwari rwakadururirwa – mumoyo yeduu – naMweya Mutsvene – rwose naMweya Mutsvene – watakapiwaaa

*Madetembo:*

1. Mwari simukai – muparadze va-vengi venyuuu
2. Vanokuvengai ngavati-zee – pamberi penyuu
3. Vaa-karurama-a – ngavafaree – vagofara kwasvoo – pamberi penyuu
4. Imbirai Mwari – ndiye simba reduuu – pururudzirai Mambo wedu
5. Akatigutsa – nezviyo zvakanaka nouchi hwunobva padomboooo

*Chorus:*

*All* Mwe-ya waMwari – muchavandudza chisooo – chenyika mugotungidza motoooo – worudoo – rudoo mukati meduuu

# 876

**Rudo RwaMwari Rwakadururirwa –** *Rev R. Machikicho*

*M:* Rudo rwaMwari
*V: All* Rudo rwaMwari rwakadururirwa rwose mumwoyo yedu naMweya Mutsvene watakapiwa

*Madetembo:*
1. Mwari simukai muparadze vavengi venyu, vanokuvengai ngavatize pamberi penyu
2. Vakarurama ngavafare vagofara kwazvo pamberi pedu
3. Imbirai Mwari ndiye simba redu pururudzirai Mambo wedu
4. Akatigutsa nezviyo zvakanaka nouchi hwunobva padombo.
5. Mweya waMwari uchavandudza chiso chenyika munotungidza moto worudo mukati medu

*Chorus:*
*All* Rudo rwose rwakadururirwa naMweya Mutsvene

# 877

**Rudo RwaMwari Rwakadururirwa –** *C.T. Mujuru*

*M:* Rudo rwaMwari rwakadururirwa rwose

*V: All* Rudo-ho rwaMwarii rwakadururirwa rwose, mumwoyo yedu naMweya Mutsvene, Mweya Mutsvene watakapiwa

*Madetembo:*
1. Mwari simukai muparadze vavengi venyu
2. Vanokuvengai ngavatize pamberi penyu
3. Vakarurama ngavafare
4. Ngavafare kwazvo pamberi pedu
5. Imbirai Mwari ndiye simba redu
6. Pururudzirai Mambo wedu
7. Akatigutsa nezviyo zvakanaka
8. Nouchi hwunobva padombo
9. Mweya waMwari uchavandudza chiso chenyika
10. Munotungidza moto worudo mukati medu

*Chorus:*
*All* Rwakadurirwa rwose naMweya Mutsvene watakapiwa

# 878

**Rudo Rwatenzi Rukuru** – *B.P. Mukoko*

*M: S/A* Rudo rwaTenzi Rukuru

*V: S/A* Rudo rukuru rwaTenzi, runoramba ruripo, tsitsi dzake hadziperi, dzinopamhidzirwa mangwanani ose, mweya wangu unoti: Tenzi ndiye mufudzi wangu ndi-chavimba naye.

*B:* Rudo rukuru rwaTenzi, runoramba ruripo --- tsitsi hadziperi, dzinopamhidzirwa mangwanani ose, mweya wangu unoti --- Tenzi ndiye mufudzi wangu ndi-chavimba naye

*Madetembo:*
1. Ndakadanidzira kuna Tenzi ndiri mugomba rakadzika akandinzwa akati usatya. Rudo rwaTenzi rukuru

2. Tenzi makandidzivirira munjodzi mukadzikinura hupenyu hwangu. Rudo rwaTenzi rukuru
**3. N**diani akamboti chinhu ngachiitike, chikaitika kusatoti Tenzi vatiwo, chiitike.
4. Ngationgorere nzira dzedu tione kwadzinotisvitsa tigodzokera kuna Tenzi
5. Ngatisimudzire moyo yedu pamwe nemaoko edu kuna Mwari tichiti takatadza tichiku-pandukirai.

*Chorus:*
*S/A* Takurai joko re-enyu muchimirira, ruponeso rwaTenzi, mu-chi-vimba naye
*B* --- Takurai joko re-enyu --- ruponeso rwaTenzi, mu-chi-vimba naye

# 879

**Rugare Ndinokupai –** *Sr Perpetua Muza (Holy Cross)*

*M:* Rugare ndinokupai
*V: S/A* Ndinokupai ndinokusiirai rugare --- sokupa kunoita vadisi-i ndinokupai ndinokusiirai …
*B* --- Rugare rwangu --- ndinokupai --- handikupii-hi, vezvapasi --- rugare rwangu

*Madetembo:*
1. Tenzi mungachirega muranda wenyu, zvino achienda norugare.
2. Nokuti meso angu aona ruponeso rwenyu, rwamakagadzirira ndudzi dzose dzavangu.
3. Chiedza chokuvhenekera vokuze, nomukurumbira wavanhu venyu vaIsraeri.

# 880

**Rugare Rwapinda Mumba Muno** – *I. Tairoodza*

*M:* Rugare rwapinda mumba muno Zakeo buruka
*V: S/A* Buruka Zakeo burukaa Zakeo buruka nhasi ruponeso rwapinda rwapinda mumba, muno Zakeo, buruka nhasi ruponeso rwapinda mumba mako
*B* Buruka Zakeo burukaa buruka Zakeo --- rwapinda rwapinda mumba muno buruka Zakeo --- rwapinda mumba mako

*Madetembo:*
1. Zakeo mupfupi muteresi waiva nechido chokuona Yeso akakwira mumukuyu kuti aone chiso chake
2. Yeso akapfuura napo akamuona ndokuti Zakeo buruka nhasi ruponeso rwapinda mumba mako
3. Vanhu vose vakanyunyutira Yesu vachiti angaenda numutadzi kundovata kumba kwake
4. Zakeo akasimbisisa kutaura Mambo achiti kubvira zvino ndichakamurirana navarombo zvose zvandiinazvo napakati

5. Uye kana paine munhu wandinenge ndakatorera chinhu chake nokunyengedza ndichamudzosera zvava zvina

*Chorus:*

*S/A* Izvi ndizvo zvaitsvakwa nomwanakomana waAbrahamu, ndizvo zvaitsvakwa naye
zvokutsvaka nokuponesa chakanga chakarasika

*B* --- Ndizvo zvaitsvakwa nomwanakomana waAbrahamu, zvaitsvakwa naye zvokutsvaka nokuponesa chakanga chakarasika

# 881

**Rugare Rwedu Ndiye Kristo –** *E. Taruvinga & S. Kalombo*

*M: S/A* Rugare rwedu ndiye Kristo

*T* Rugare ndiye Kristo

*V: S/A* Hama dzangu mukubatana naKristo-o imii makange muri kuree, ropa raKristo rikakuswededzai kuti muve pedyo

*T* Mukubatana naKristo hama mukubatana naKristo makange muri kure ropa raKriisto rikakuswededzai kuti muve pedyo

*B* Mukubatana kwenyu naKristo hama dzangu mukubatana naKristo makambenge muri kure ropa raKristo rikakuswededzai kuti muve pedyo

*Change of Drums:*

*M: S/A* Kristo pachake-e ndiye rugare

*V: S/A* Iye pachake-e ndiye rugare ndiye akaita kuti marudzi aya maviri ave rudzi rumwe chete-e, Kristo ndiye rugare-e

*T* Iye rugare rwedu iye akaita kuti marudzi aya maviri ave rudzi rumwe chete-e Kristo ndiye rugare rwedu

*B* Akapazanura chidziviridzo chaiparadzanisa nokuzviita pachake kuti ave nyakubvisa ruvengo pakati pavo-o nomuviri wake-e muviri wenyama

*Madetembo:*

1. Ndinodaro nokuti akaita mutemo kuti uve pasinaa nemirairo nemirau yawoo, Kristo ndiye rugare-e
2. Kuitira kuti azoita kuti vanhu vamarudzi maviri vave rudzi rumwe chete-e, Kristo ndiye rugare-e
3. Rudzi rumwe chete rudzi runobatanidzwa naye, Kristo ndiye rugare-e
4. Uye kuti avawadzanise naMwari nechipiyaniso chake-e, Kristo ndiye rugare-e
5. Vanova muviri mumwe chete nokuuraya kwaakaita ruvengo, Kristo ndiye rugare-e

*Change of Drums:*

*M: S/A* Nokudaro Kristo

*V: S/A* Akauya achiparidza dama rakanaka norugare kwamurii imi maiva kure norugare kwamuri maiva pedyo ndiye nyakusakisa kuti tive namweya mumwe chete-e tiwane mapindiro-o omuna Baba, Kristo ndiye rugare-e

*T* Akauya paridza dama rakanakaa norugare kwamuri imi maiva pedyo

nokuti ndiye nyakusakisa kuti tive namweya mumwe chete-e tiwane mapindirowo muna Baba Kristo ndiye rugare-e

*B* Akauya achiparidza dama rakanaka, dama rakanaka norugare kwamuri imi maiva pedyo nokuti ndiye nyakusakisa kuti tive namweya mumwe chete-e tiwane mapindiro-owo omuna Baba nokuti Kristo ndiye rugare-e

## 882

**Rumbidza Tenzi Iwe Mweya Wangu –** *Fr R.C. Pasvani*

*M: S/A* Rumbidza Tenzi iwe mweya wangu-u

*V: S/A* Rumbidza Tenzi iwe mweya wangu-u, rumbidza Tenzi Mwaari muponesi --- ndicharumbidza Tenzi ndichiri mupenyu, ndichaimba ndichirumbidza Mwari-i, Mwari wangu muupenyu hwangu hwose.

*B* Rumbidza Tenzi-i , iwe mweya wangu-u, rumbidza Tenzi Mwaari muponesi-i, ndicharumbidza Tenzi ndichiri mupenyu-hu, ndichaimba ndichirumbidza Mwari-i, muupenyu hwangu hwose.

*Madetembo:*

1. Musavimba namachinda kana nemunhu zvaka-he nokuti hapana munhu anokuponesai, rumbidza Tenzi-i
2. Zvake uyo anovimba naMwari waJakobho anotarisa kunaTezi Mwari wake, rumbidza Tenzi-i
3. Iye Tenzi anoramba akatendeseka nokusingaperi, rumbidza Tenzi-i
4. Tenzi anosunungura vasungwa-a, anosvinudza mapofu, rumbidza Tenzi-i
5. Tenzi akandidzosa kubva kumumvuri wavakafa-a akandidzosera upenyu neutano, rumbidza Tenzi-i
6. Tenzi ndiye Mambo nokusingaperi, iwe Ziyoni, Mwari wako achatonga kubvira kuzvizukuru nezvizukuru, rumbidza Tenzi-i.

*Chorus:*

*S* Alleluya, Alleluya, Alleluya-a zvaakaitira mweya wangu

*A* Alleluya, Alleluya, Alleluya Tenzi-i, zvaakaitira mweya wangu

*B* Ndichakududzirai, ndichakududzirai, ndichakududzirai zvaakaitira mweya wangu.

## 883

**Rumbidzai Mambo –** *A. Shamu Maurunge*

*M:* Rumbidzai Mambo

*V: All* Imi nhume dzaMwari

*Madetembo:*

1. Ndimi nhare dzine simba, munoterera shoko rake
2. Rumbidzai Mambo imi hondo dzke, imi vashumiri vake
3. Pamberi pechiso chenhume, ndinoda kukuimbirai Mwari
4. Ndinokupfugamirai nokukudza, mumba menyu Mwari
5. Ravirai henyu muone kunaka kwaMwari, anokomborerwa munhu anovimba naye

## 884

**Rumbidzai Mambo Imi Nhume –** *C. Takura*

*M:* Rumbidzai Mambo imi

*V: All* Nhume dzaMwari, rumbidzai Mambo nhume dzaMwari rumbidzai Mambo imi nhume dzaMwari

*Madetembo:*

1. Ndimi nhare dzine simba munoteerera shoko rake
2. Rumbidzai imi hondo dzake imi vashumiri vake
3. Pamberi pechiso chenhume ndinoda kukuimbirai Mwari
4. Ndinokupfugamirai nokukudza mumba menyu Mwari
5. Ravirai henyu munzwe kunaka kwaMwari akakomborerrwa munhu anovimba naye.

## 885

**Rumbidzai Tenzi Mwari** – *J. Nyamunda*

*M: S/A* Rumbidzai Tenzi-i Mwari-i

*V: A/B* Rumbidzai Tenzi Mwari-i-i, muimba yake inoera-a, murumbidzei murumbidzeii murumbidzei pamusoro poukuru hwake

*S* --- Rumbidzai Tenzi Mwari-i, rumbidzai Tenzi --- inoera, murumbidzei pamusoro pamabasa ake-e, murumbidzei pamusoro poukuru hwake

*Madetembo:*

1. Murumbidzei ne-hwamanda negitare nembira
2. Murumbidzei nengoma nokutamba nemitengeranwa
3. Murumbidzei nenyere muchiridza magandira

*Chorus:*

*S* Nehosho nengoma, murumbidzei pamusoro pamabasa ake-e, murumbidzei pamusoro poukuru hwake

*A/B* Nehosho nengoma, murumbidzei, murumbidzei-i-i, murumbidzei pamusoro poukuru hwake

## 886

**Ruoko Rwomunununuri –** *I.B. Tairoodza*

*M:* Ruoko rwomunununuri, rwomunununuri wedu rusande-sande kwazvo

*V: All* Ye-e-su tinoimba nhasi, kurwadziwa kwamaro-onda, maronda enyu mashanu

*Madetembo:*

1. Ruoko rweruboshwe rwenyu rwunozopfavira zvarwo
2. Runoripira isu nokurwadziwa kwarwo
3. Tsoka yenyu yorudyi Yesu yakabanzanurwa hayo
4. Nehoko dzakapinza dzakakuvadza mapfupa

*Chorus:*

*All* Tinoimba nhasi, kurwadziwa kwamaro-onda, maronda enyu mashanu

# 887

**Ruponeso Runobva Muchipiyaniso –** *Sr Perpetua Muza (Holy Cross)*

*M:* Ruponeso runobva muchipiyaniso

*V: S/A* Ruponeso runobva muchipiyaniso-ho chinopa makomborero --- kuna vanotenda

*B* --- Runobva muchipiyaniso chipiyaniso chinopa makomborero makomborero kuna vanotenda

*Madetembo:*

1. Chipiyaniso chichapa mvumo yedenga kuna vanotenda
2. Chipiyaniso chinopa ruvimbo noushingi kuna vanotenda
3. Kunyangwe tikaremerwa murupenyu, isu ngative nechitarisiro muna Mwari
4. Chipiyaniso chinotidzivirira, uipi hwose
5. Kutambura pane zvinorema zvoupenyu kunoda kutsungirira
6. Chipiyaniso chichava mucherechedzo wokukunda
7. Nesimba raMwari, tikazvikwanisa tichararama murupenyu ruchauya

*Chorus:*

*S/A* Ngatisiyanei nezvapasi zvisingatisvitsi kuna Mwari --- ngatizvirereke tichinamata mazuva ose oupenyu hwedu

*B* --- Nezvapasi zvisingatisvitsi kuna Mwari tizvirereke --- tichinamata --- ose oupenyu hwedu

# 888

**Samutumwa WaMambo Ngaarumbidzwe –** *J. Maphosa*

*M:* Samutumwa waMambo ngaarumbidzwe

*V: S/A* Ngaarumbidzwe Nyamatengatenga samutumwa waMambo mwanakomna waDhavhiti hosana ngaarumbidzwe

*B* Ngaarumbidzwe mwanakomana hosana samutumwa hosana ngaarumbidzwe

*Madetembo:*

1. Uchirai imi vanhu vose pururudzirai Mwari nenzwi romufaro
2. Nokuti Mwari wokumusorosoro anotyisa ndiye Mambo mukuru wenyika dzose
3. Ndiye anokundisa ndudzi dzavanhu anodziisa pasi petsoka dzake
4. Ndiye anotigovera nhaka yedu inova pfuma yavanhu vaanoda

# 889

**Sezvo Makamuka Pamwe NaKristo** – *C.Mujuru*

*M:* Sezvo makamuka pamwe naKristo

*V: All* Sezvo makamuka pamwe naKristo tsvagai zvokumusorosoro makamuka pamwe naKristo-o tsvagai zvokumusorosoro

*Madetembo:*

1. Kristo, hwayana yaMwari yakapirwa pamusana pedu
2. Muri vapiriri vatsvene kuti mugamuchidze mupiro kuna Mwari

3. Imbirai Mwari, ndiye simba redu pururidzirai Mambo wedu
4. Akatigutsa nezviyo zvakanaka nouchi hunobva padombo
5. Mweya waMwari, muchavandudza chiso chenyika mugotungidza moto worudo mukati medu

*Chorus:*

*All* Tsvagai zvokumusosoro, tsvagai zvokumusorosoro-o, makamuka pamwe naKristo-o tsvagai zvokumusorosoro

# 890

**Shamwari Dzedu Dzinoripira –** *L. Kaseke*

*M: S/A* Shamwari dzedu dzinoripira mhaka dzose-e mupurigatorio

*V: S/A* Shamwari dzedu dzomirira kurevererwa dzinoripira mhaka dzose dzinoripira mhaka dzose hadzichagoni kuzvibatsira, dzomirira kurevererwa dzomirira kurevererwa dzinoripiraha mhaka dzose

*B:* Hama dzedu, dzomirira kurevererwa, hama dzedu mhaka dzose dzinoripira, mhaka dzose hadzichagoni kuzvibatsira dzomirira kurevererwa hama dzedu, kurevererwa dzinoripira-a, mhaka dzose

*Madetembo:*

1. Mwari mukuru ivai netsitsi, yeukai vatendi vakafa --- muvazarurire denga renyu.
2. Tikumbirirei Mweya yadiwa --- ndokubatana kwavasande --- Maria hosi yepurigatoriyo
3. Titeurire ropa raYesu, rigochenesa iyo mweya-a angere Mikaeri uivotese.
4. Titeurire ropa raYesu, rigochenesa iyo mweya-a neropa iro rakakosha

*Chorus:*

*S/A* Maria hosi yepurigatoriyo sunungurai hama dzedu --- dzomirira kurevererwa, dzinoripira-ha mhaka dzose

*B* Maria --- hosi yepurigatoriyo-ho sunungurai hama dzedu, dzomirira kurevererwa, dzinoripira mhaka dzose

# 891

**Shamwari Dzedu Mupurigatoriyo –** *J. Kaseke*

*V: S* Shamwari dzedu mupurigatorio

*V: All* Dzinoripira mhaka dzose hadzichagoni kuzvibatsira Mwari dzomirira kurevererwa

*Madetembo:*

1. Tikumbirire mweya yadiwa ndokubatana kwavasande
2. Maria hosi yepurigatoriyo sunungurai hama dzedu
3. Titeurire ropa raYesu rigochenesa iyo mweya

*Chorus:*

*All* Ivai netsitsi Mwari mukuru yeukai vatendi vakafa muvazarurire denga renyu

## 892

**Shoko Renyu Mambo –** *S.M. Ponde*

*M* Shoko renyu Ma-mbo --- shoko renyu Ma-mbo-o x2
*V: All* Chiedza changu Areruya --- chiedza changu Areruya x2
*Madetembo:*
1. Uyai vana munditevere onai runako rwaMambo
2. Tarisai kuna Mambo muchapenya nembiri yake

## 893

**Shoko Renyu Mambo** – *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*

*M: S/A* Sho-o-ko renyu Ma-mbo-o
*V: S* Chiedza changu Alleluya Mambo sho-oko-o renyuu Ma-mboo chiedza changu
*A/T/B* Chiedza changu Alleluya sho-oko-o renyuu Ma-mboo chiedza changu.
*Madetembo:*
1. U-uyai vana munditerere
2. O-o-nai runako rwaMambo
3. Tarisai kuna Ma-mbo
4. Muchapenya nembiri ya-a-ke.

*Chorus:*
*All :* Sho-oko-o renyuu Ma-mboo chiedza changu

## 894

**Shoko Renyu Mambo Chiedza Changu –** *E. Shara Musvosvi*

*M:* Shoko renyu Mambo chiedza changu …
*V: S/A* Chiedza changu-u chiedza changu-u Mambo – chiedza changu Mambo – chiedza changu.
*T* Chiedza changu-u chiedza changu-u – chiedza changu Mambo – chiedza changu.
*B* Mambo shoko renyu --- Mambo shoko renyu --- Mambo shoko renyu, Alleluya shoko renyu chiedza changu.
*Madetembo:*
1. Uyai vana munditeerere vana-a-a munditeereree-
2. Onai runako – rwaMaambo --- runako – rwaMaambo
3. Tarisai kuna Maambo – tarisai kuna Maambo
4. Muchapenya – nembiri yake – muchapenya nembiri yake

*Chorus:*
*All* Shoko renyu Maambo --- chiiyedza changu --- shoko renyu Maambo --- chiiyedza changu.

## 895

**Shoko Renyu Mambo Chiedza Changu –** *T.E.S Zvarevashe*

*M: S/A* Shoko renyu Mambo chiedza changu

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Shoko renyu Mamboo chiedza changu Alleluya
Shoko renyu Mambo chiedza changu

*B* --- Mambo chiedza changu shoko renyu-u
Shoko renyu Mambo chiedza changu

*Madetembo:*

1. Uyai vana munditerere, onai runako rwaMambo, shoko renyu Mambo
2. Tarisai kuna Mambo-o, muchapenya nembiri yake, shoko renyu Mambo

## 896

**Simon Mwana waJona** – *Fr E. Ribeiro*

*M* Simon mwana waJona

*V: S/A* Unondida here? Unondida here? Unondida here? Unondida here kupinda vamwe vose ava

*B* Unondida here? Unondida here? Unondida --- Unondida here kupinda vamwe vose ava

*Madetembo:*

1. Yesu akanga amire pamakombekombe egungwa asi vadzidzi vake havana kumbomuziva
2. Pavakapedza kudya mangwanani Yesu akati kuna Simon, "Fudza hwai dzangu"
3. Zvechokwadi ndinoti kwauri pawakanga uri muduku waipfeka uchienda kwaunoda
4. Asi kana wachembera uchatambanudza maoko ako mumwe achakusunga achienda newe kwausingadi – Fudza hwai dzangu
5. Mushure mezvo akati kwaari, "Nditevere"

*Chorus:*

*All* Hongu – hongu Mambo munoziva kuti ndinokudai hongu – hongu
Mambo munoziva kuti ndinokudai --- fudza hwai dzangu unondida here
fudza hwai dzangu

## 897

**Sokuona Kwenyu Ndiani Wavatatu Avo –** *I. Tairoodza*

*M:* Sokuona kwenyu ndiani wavatatu avo akanaka

*V: All* Musamaria – Musamaria wakanaka sokuona kwedu Musamaria wakanaka

*Madetembo:*

1. Mumwe murume aibva Jerusarema ndokuona matsotsi ndokutakwatakwa vakasiya vamuradzika
2. Mumwe muRevi akapfuura napo akamuona akamusiya akadaro
3. Mupriste mukuru akapfuura napo akamuona ndokumunyenyeredza achimusiya

akadaro
4. Musamaria akapfuura napo akamuona ndokumunzwira tsitsi akaenda naye kundomurapisa

## 898

**Swederai Kuna Mwari –** *A. Chamunorwa*

*M:* Swederai kuna Mwari-i

*V: S/A* Swederai kuna Mwarii – swederai kuna Mwarii – iye achaswederawo – achaswederawo kunemi

*B* Iye Mwarii – swederai – Mwaarii achaswederawo kunemi

*Madetembo:*

1. Akakomborerwa munhu wakaregererwa matadzo ake, wakaregererwa mhosva dzake dzose.
2. Akakomborerwa munhu asingaverengerwi zvakaipa naMambo, asina kunyengera pamweya wake.
3. Nokuti ruoko rwenyu rwakanga rwakanditsimbirira, ndikarwadziwa sendabaiwa nomunzwa.

## 899

**Takaitwa Vanhu Vatsva –** *F.K. Mukanyi*

*M:* Takaitwa vanhu vatsva

*V: All* Takaitwa vanhu vatsva, ngatifambei murugare, murugare rwechokwadi

*Madetembo:*

1. Vose vanofamba nomurairo uyu, ngavave norugare
2. Ngavave norugare nenyasha pamusoro pavo, ivo navanhu vose vaMwari
3. Kubvira zvino ngakurege kuva nomunhu anonditambudza
4. Nokuti ndina mavanga aJesu pamuviri wangu – mavanga aJesu pamuviri wangu
5. Muchinjikwa waTenzi Yesu Kristo unoita kuti pasi rive chinhu chakafa kwandiri
6. Ini ndichivawo chinhu chakafa kune pasi, chinhu chakafa kwariri pasi
7. Nyasha dzaTenzi wedu Jesu Kristo ngadzive nomweya yenyu hama dzangu

*Chorus:*

*S/A* Chinhu chinokosha kwandiri kuva chisikwa chitsva, chinhu chinokosha kuva chisikwa chitsva

*B* --- Chinokosha kwandiri kuva chisikwa chitsva, chinokosha kuva chisikwa chitsva

## 900

**Takasikwa naye –** *W.C. Ringisai*

*M:* Takasikwa naye-e-e

*V: S/A* Vanhu vaMwari-i-i takasikwa naye-e vanhu vaMwari-i-i tiri vanhu

vaMwari vanhu vaMwari-i takasikwa naye

*B* Vanhu vaMwari-i ta-ka-sikwa naye tiri vanhu vaMwari taksikwa naye tiri vanhu vaMwari takasikwa naye

*Madetembo:*

1.Moyo wangu unoimba unoimba nokuti makandiitira zvakanaka

2.Ndinokudai Mambo ndinokudai ndinoimbira Mwari

3.Ndichadana kunemi Mwari kunemi Mwari munofanira kurumbidzwa

4.Naizvozvo ndichaponeswa-a kuna vavengi vangu

*Chorus:*

*S/A* Ndimi runyanga-a runyanga rwokuponesa shongwe ya-ngu ya-kakwirira munofanira-a kurumbidzwa

*B* --- Mambo ndimi runyanga-a ndimi runyanga ewokuponesa – ya-ngu ya-kakwirira munofanira kurumbidzwa

## 901

**Tambirai Mwana Wenyu –** *B. Jose*

*M:* Mwari Mambo Tambirai

*V: All* Tambirai mwana wenyu, tambirai mwana wenyu mugare naye misi yose

*Madetembo:*

1.Mambo mukayeuka zvivi angasarangwe ndiyaniko?

2.Munzwireiwo tsitsi Mambo mumutore mugare naye

3.Muregereriwo Mambo zvitema zvake zvose zvose

4.Mwana ndowenyu uyu Mambo musamukande kwakadaro

5.Tandirai vavengi kure vanoda kuti vamutore

*Chorus:*

*All* Muregerereiwo Mambo zvitema zvake zvose zvose

## 902

**Tarirai Kuna Mwari –** *J.E. Chipato*

*M* Tarirai kuna Mwari

*Kudavira & Chorus:*

*S* Tarirai kuna Mwari zvino namazuva ose, Alleluya tarirai kuna Mwari

*B* Tarirai kuna Mwari zvino namazuva ose tarirai –tarirai kuna Mwari

*Madetembo:*

1.Mwoyo wangu hauzvikudzi meso angu haana manyawi

2.Handine hanya nezvinhu zvikuruu kana nezvinhu zvinondikuriraa

3.Mweya wangu wakaita kwandiri somwana wakarumurwa

## 903

**Tarirai Kuna Mwari –** *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M* Tarirai kuna Mwari

Kuna Mwari

*V: All* Tarirai kuna Mwari --- nama-zuva ose

*Madetembo:*

1. Mwoyo wangu hauzvikudzi
2. Meso angu haana manyawi
3. Handine hanya nezvinhu zvikuru
4. Kana nezvinhu zvinondikurira
5. Mweya wangu wakaita kwandiri
6. Somwana wakarumurwa

*Chorus:*

*All* Zvino namazuva ose Mwari Areruya

# 904

**Tarirai Muti Uyu** – *A. Nyika*

*M* Tarirai muti uyu wechipiyaniso, uyai tipfugamire tose

*V: S/A* Uyai tipfugamire tose

*B* --- Tipfugamire tose

*M:* Uyai

*V: All* Tipfugamire tose

*M:* Uyai

*V: All* Tipfugamire tose tipfugamire

*M* Tarirai muti uyu wechipiyaniso, uyai tipfugamire tose

*V: S/A* Uyai tipfugamire tose

*B* --- Tipfugamire tose

*M:* Uyai

*V: All* Tipfugamire tose

*M:* Uyai

*V: All* Tipfugamire tose tipfugamire

*M:* Wakarovererwa mununuri wapasi pose, uyaii

*V: All* Tipfugamire tose

*M:* Uyai

*V: All* Tipfugamire tose tipfugamire

# 905

**Tarirai Netsitsi Baba –** *Dumbura*

*M:* Tarirai netsitsi Baba-a

Baba tarirai netsitsi

*V: S/A* Dururai mweya wenyu mumoyo make mupei kuti anaye sokuda kwenyu

*B* --- Mweya wenyu mumoyo make Baba anaye sokuda kwenyu

*Madetembo*:
1. Mwana wenyu anotambura bokurwadziwa musimbisei musimudzeii
2. Tinoziva kuti hamuna kumukanganwa zvamakamupa kutambura
3. Nokuti ndiye mweya wesimba nowenyaradzo kuda kwenyu ngakuitwe
*Chorus:*
*All* Mupei kuti anaye sokuda kwenyu

# 906

**Tarisai Mwenje WaKristo –** *Magodo*
*M* Tarisai mwenje waKristo
*S/A* Tinomupururudzira tinomupururudzira tinomupururudzira Kristo anotivhenekera
*B* Tinomupururudzira tinomupururudzira tarisai Kristo anotivhenekera

# 907

**Taurai Mambo –** *J.K. Dzingai*
*M:* Taurai Mambo
*V: S/A* Mambo taurai muranda wenyu anoteerera, wakakomborerwa, anofamba munzira dzaMambo
*B/T* Taurai Mambo, muranda wenyu, Mambo, anoteerera hake anofamba munzira dzaMambo
*Madetembo:*
1. Tarirai ndauya ndinofara kwazvo kuita chamunoda, taurai Mambo
2. Mabasa enyu mazhinji anoshamisa, hapana angaenzaniswa nemi, taurai Mambo

# 908

**Taurai Mambo** – *C. Chisi*
*M:* Taurai Mambo
Taurai
*V: All* Muranda wenyu anoterera Mambo taurai Alleluya
*Madetembo:*
1. Tarirai ndauya ndinofara kwazvo kuita chamunoda taurai
2. Mabasa enyu mazhinji anoshamisa hapana angaenzaniswa nemi, taurai

# 909

**Taurai Mambo –** *R. Tonganai*
*M:* Taurai Mambo
*V: All* Muranda wenyu Mambo anotevera Alleluyaha Alleluya Mambo
*Madetembo:*
1. Tarirai ndauya Mamboo
2. Ndinofara kwazvo Mambo
3. Kuita chamunoda Mambo

4. Mabasa enyu mazhinji
5. Mazhinji anoshamisa
6. Hapana angaenzaniswa
7. Angaenzaniswa nemi

*Chorus:*

*All* Tauraii muranda wenyu Mambo anotevera

# 910

**Taurai Mambo Muranda Wenyu –** *S.M. Ponde*

*M* Taurai Mambo --- taurai Mambo

*V: All* Muranda wenyu anoterera Areruya --- anoterera Areruya

*Madetembo*:

1. Tarirai ndauya ndinofara kuita chamunoda
2. Mabasa enyu mazhinji anoshamisa hapana angaenzaniswa nemi

# 911

**Tauya Mambo –** *A. Chamunorwa*

*M:* Tauya Mambo
Mambo tauya

*V: S/A* Kuzopfugamira Mambo, tauya nezvipo zvomupiro Mambo
Alleluya

*B* Tauya nezvipo mubati wapasi pose, Mambo tauya nezvipo

*Madetembo:*

1. Uyai munzwe imi mose, ndichakududzirai zvaakatira mweya wangu
2. Wakashandura gungwa rikava nyika yakaoma, vakayambuka rwizi netsoka
3. Anobata umambo nokusingaperi nesimba rake, meso ake anocherechedza ndudzi.
4. Rumbidzai Mwari, imi vanhu, inzwi rokumurumbidza ngarinzwike.
5. Iye anopa mweya yedu rupenyu, asingatenderi kuti tsoka dzedu dzitedzemuke
6. Ndakachema kwaari nomuromo wangu, akarumbidzwa zvikuru norurimi rwangu.
7. Inzwi rake akava munhu, ndokugara nesu.

# 912

**Tauya Nezvipo Zvomupiro** – *Fr E. Ribeiro*

*M* Tauya

*V: All* --- Nezvipo zvomupiro

*M* Tauya

*V: All* --- Nezvipo zvomupiro kuzopfugamira Mambo

*M* Kuzopfugamira Mambo x3

*V: All* Pfugamira Mambo x3

*Madetembo:*
1. Uyai munzwe imi mose, ndichakududzirai zvaakatira mweya wangu.
2. Wakashandura gungwa rikava nyika yakaoma, vakayambuka rwizi netsoka.
3. Anobata umambo nokusingaperi nesimba rake, meso ake anocherechedza ndudzi.
4. Rumbidzai Mwari, imi vanhu, inzwi rokumurumbidza ngarinzwike.
5. Iye anopa mweya yedu rupenyu, asingatenderi kuti tsoka dzedu dzitedzemuke.
6. Ndakachema kwaari nomuromo wangu, akarumbidzwa zvikuru norurimi rwangu.
7. Inzwi rake akava munhu, ndokugara nesu.

# 913

**Tauya Nezvipo Zvomupiro** – *S.M. Ponde*

*M* Tauya nezvipo zvomupiro
*V: All* Kuzopfugamira Mambo Areruya
*M* Zvomupiro
*V: All* Kuzopfugamira Mambo Areruya

*Madetembo:*
1. Uyai munzwe imi mose ndichakududzirai zvaakaitira mweya wangu
2. Wakashandura gungwa rikava nyika yakaoma vakayambuka rwizi netsoka
3. Anobata umambo nokusingaperi nesimba rake meso ake anocherekedza ndudzi
4. Rumbidzai Mwari imi vanhu inzwi rokumurumbidza ngarinzwike
5. Iye anopa mweya yedu rupenyu asingatenderi kuti tsoka dzedu dzitedzemuke
6. Ndakachema  kwaari nomuromo wangu akarumbidzwa zvikuru norurimi rwangu
7. Inzwi rake rakava munhu ndokugara nesu

# 914

**Tavakupera Mambo –** *D.T. Zavazava*

*M* Tavakupera Mambo
*V: All* Mambo tiponesei tavakupera isuu tiponesei

*Madetembo*
1. Ini ndiri ruponeso rworudzi ndizvo zvinotaura Mambo
2. Ngavachemere kwandiri munhamo dzose ndinoda kuvanzwa nokuva Mwari wavo narini
3. Terera mitemo yangu iwe rudzi rwangu
4. Zarura nzeve dzako kumanzwi omuromo wangu
5. Kana ndichidana kunaMwari Mambo achandiponesa
6. Kandira mutoro wako pamusoro paMambo iye achakusimbisa
7. Vakudziwe Baba nomwanakomana nomweya musande

# 915

**Tazvarirwa Mwana** – *S.M. Ponde*

*M* Tazvarirwa mwana

*V: All* Mwana ndiye Mambo wamarudzi ose Areruya

*Madetembo*:

1. Imbirai Mambo ruyo rutsva nokuti wakaita zvinhu zvose
2. Akazivisa kuponesa kwake akaratidza pachena kururama kwake pamberi pamarudzi ose
3. Pururudzirai Mambo pasi pose imbai nziyo dzokurumbidza
4. Akarangarira ngoni dzake mokutendeka kwake kunesu
5. Danidzirai muimbe nomufaro makomo ngaaimbe pamberi paMwari
6. Migumo yapasi pose yakaona ruponeso rwaMwari wedu

# 916

**Tazvarirwa Mwana –** *A. Chamunorwa*

*M:* Tazvarirwa mwana

*V: S* Tazvarirwa mwana, mwana ndiye Mambo wamarudzi ose Alleluya

*B* Tazvarirwa mwana, mwana ndiye Mambo, Mambo wamarudzi ose

*Madetembo:*

1. Imbirai Mambo rwiyo rutsva nokuti wakaita zvinhu zvose.
2. Akazivisa kuponesa kwake akaratidza pachena kururama kwake pamberi pamarudzi ose.
3. Pururudzirai Mambo pasi pose imbai nziyo dzokurumbidza.
4. Akarangarira ngoni dzake nokutendeka kwake kunesu.

# 917

**Tazvarirwa Mwana –** *P.F. Banga*

*M:* Tazvarirwa mwana

*V:* S Tazvarirwa mwanaa, wamarudzi osee – tazvarirwa Mambo Areruya

*B* Mwana ndiye Mamboo – ose Areruya – Mambo Areruya

*Madetembo:*

1. Imbirai Mambo rwiyo rutsvaa nokuti wakaita zvinhu zvosee.
2. Akazivisa kuponesa kwake akaratidzaa pachena kururama kwakee pamberi pamarudzi osee
3. Pururudzirai Mambo pasi posee imbai nziyoo dzokurumbidzaa
4. Akarangarira ngoni dzakee nokutendekaa kwake kunesuu

*Chorus:*

*S* Migumo yapasii yapasi pose-he yakaona ruponeso rwaMwari weduu

*B* Migumoo – migumoho pasi pose-e-he yakaona-ha yakaona Mwari wedu

# 918

**Tenda Mambo Mweya Wangu –** *Magodo*

*M:* Tenda Mambo mweya wangu

*V: S/A* Nokuti wandinzwira tsitsi-i wabvisa mhosva dzangu wandipa rugare rwandakarasa nokutadza kwangu

*B* --- Wandinzwira tsitsi Mambo wabvisa mhosva dzangu mhosva dzangu mhosva dzangu nokutadza kwangu

*Madetembo:*

1. Baba vangu vetsitsi ndinokutendai nomwoyo wangu wose
2. Nokuti ndimi makanaka kwazvo rudo rwakawanda

# 919

**Tenda Mambo Mweya Wangu** – *I.M. Nezungai*

*M:* Tenda Mambo mweya wangu

*V: S* Tenda Mambo mweya wangu nokuti andinzwira tsitsi
Abvisa mhosva dzangu Mambo andipa rugare rwandakarasa nokutadza kwangu

*B* Tenda Mambo, tenda Mambo andinzwira tsitsi abvisa mhosva dzangu Mambo andipa rugare rwandakarasa nokutadza kwangu

*Madetembo:*

1. Baba vetsitsi ndinokutendai nomwoyo wangu wose
2. Baba vetsitsi ndinokutendai nokuti ndimi makanaka kwazvo
3. Rudo rwenyu rwakawanda haruna mugumo
4. Ndinonyanya kutarisira rubatsiro rwenyu
5. Mundivandudze nesimba raMweya musande anogara mandiri
6. Ndipei kuterera kuraira kwenyu kwenguva dzose
7. Ndibetserei kuti ndirege kuvhunduka kutonga kwenyu panguva yo-kufa kwangu

*Chorus:*

*S* Ndinoda kupika --- kupika pakare kuchengeta zvose zvandakapikira kuita

*B* Ndinoda kupika kupika pakare kuchengeta zvose zvandakapikira kuita

# 920

**Tendai Mwari Wokudenga –** *F.K. Dzingai*

*Part 1:*

*M: S/A* Tendai Mwari wokudenga

*V: S/A* Tendai Mwari wokudenga --- ndiye akasika zvose nouchenjeri --- wakatirangarira paurombo hwedu akatinunura kuvavengi vedu.

*B* Tendai Mwari wokudenga akasika zvose nouchenjeri wakatirangarira paurombo hwedu akatinunura kuvavengi vedu.

*Part 2:*

*S/A* Tendai Mwari wokudenga --- ngoni dzake dzinogara --- nokusingaperi --- anoita zvishamiso zvikuru.

*B* Mwari wokudenga ngoni dzake dzinogara nokusingaperi anoita zvishamiso zvikuru.

*Madetembo:*

1. Mwari akasika denga neuchenjeri tendai Mambo wamadzimambo.
2. Mwari akasika zviyedza – zviyedza zvikuru.
3. Nechanza chinesimba noruoko rwakatambanudzwa.

*Chorus:*

*All* Wakatambanudza pasi pamusoro pemvura zhinji.

## 921

**Tendai Tenzi Munamate Zita Rake –** *R. Mandigo*

*M* Tendai Tenzi munamate munamate zita rake

*V: All* Tendai Tenzi munamate zita rake paridzirai kumarudzi ose avanhu

*Madetembo:*

1. Muimbirei nziyo dzokurumbidza pamusoro pamabasa ake anoshamisa
2. Rangarirai nokusingaperi chitendero chaakaita kuna Abrahama

*Chorus:*

*All* Paridzirai zviito zvake kumarudzi ose avanhu

## 922

**Tenzi Akadaidza Jeremiya Achiti –** *E. Shara Musvosvi*

*M: S/A* Tenzi akadaidza Jeremiya achiti ndakakusarudza --- ndakakusarudza

*T/B* Ndakakusarudza --- ndakakusarudza

*V: S/A* Ndakakusarudza uchiri uchiri mudumbu, uchiri mudumbu ramai vako

*T* Uchiri uchiri mudumbu, uchiri mudumbu ramai

*B* Uchiri uchiri mudumbu, uchiri ramai

*Part 1:*

*Madetembo:*

1. Enda kuvanhu vose kwandichakutuma
2. Ndaisa mashoko aangu mumuromo mako

*Chorus:*

*S/A* Ndakakugadza kuti uve mushumiri wangu kundudzi dzose dzavanhu, kundudzi dzose dzose dzose, kundudzi dzose dzavanhu

*T* Kuti uve mushumiri wangu kundudzi dzose dzavanhu, kundudzi dzose dzose dzose, kundudzi dzose dzavanhu

*B* Kuti uve mushumiri wangu kundudzi kundudzi dzose dzavanhu, kundudzi dzose dzose dzose, kundudzi dzose dzavanhu

*Part 2:*

*Madetembo:*

1. Ndinenge ndinewe ndinewe iwe ndichikudzivirira
2. Ona kuti nhasi uno ndakupa simbaa pamusoro pendudzi dzavanhu

*Chorus:*

*S/A/T* Kwandichakutuma uvataurire zvose zvandichakuudza uvataurire zvose, uvataurire zvose zvandichakuudza, kwandichakutuma uvataurire zvose

*B* Kwandichakutuma uvataurire zvose zvandichakuudza uvataurire zvose uvataurire zvose zvandichakuudza, usavatya hako ndinenge ndinewe, uvataurire zvose zvandichakuudza, usavatya hako, ndinenge ndinewe

# 923

**Tenzi Akanaka Akarurama –** *E.N. Kwashira*

*M:* Tenzi akanaka akarurama

*V: S/A* Anorayiridza vatadzi nzira anotungamirira vanozvirereka mukururama achavadzidzisa nzira yake, nzira dzose dzaTenzi ndedzengoni nokutendeseka kuna vanochenegeta chitenderano chake nemitemo yake

*B* Anorayiridza vatadzi nzira anotungamirira mukururama achavadzidzisa nzira yake, nzira dzose dzaTenzi ndedzengoni nokutendeseka kuna vanochenegeta chitenderano nemitemo yake

*Madetembo:*

1. Chengetai mweya yedu mutinunure tirege kunyadziswa nokuti ndimi diziro redu
2. Chokwadi nokururama ngatizvichengete nokuti takatarira kwamuri
3. Imi Mwari tiponesei mumatambudziko edu ose

*Chorus:*

*S/A* Nzira dzose dzaTenzi ndedzengoni nokutendeseka kuna vanochengeta chitenderano chake nemitemo yake

*B* Nzira dzose dzaTenzi ndedzengoni nokutendeseka kuna vanochengeta chitenderano nemitemo yake

# 924

**Tenzi Akati Kwavari –** *S. Nyamajenjere*

*M:* Tenzi akati kwavari

*V: All* Zvinhu zvinoda kukohwiwa zvizhinji, asi vabati vebasa vashoma

*Madetembo:*

1. Chiendai henyu ndinokutumai sehwayana, sehwayana dzinotumwa kumapere
2. Iri yose imba yamunenge mapinda, tangai mataura kuti rugare rwenyu ngaruve muimba ino

*Chorus:*

*All* Saka kumbirai kuna Tenzi muridzi wembeu dzinoda kukohwiwa kuti atumire vanhu vanokohwa mumunda make

# 925

**Tenzi Anoti Uyai Mutore Ruponeso** – *G. Machingauta*

*M: S/A* Tenzi anoti uyai mutore ruponeso

*V: S/A* Imi mose mune nyota uyai mutore ruponeso kwandiri Tenzi kumvura zhinji – Uyai mutore hwaini nomukaka-a musina mari-i mose mune nyota.

*B* --- Mose mutore ruoneso kwandiri – Tenzi kumvura-a zhinji – mutore hwaini, mukaka musina mari mose mune nyota.

*Madetembo:*

1. Rerekai nzeve yenyu muuye kwandiri – mweya yenyu igorarama.
2. Denga rakakwirira kupfu-ura-a nyika nenzira dzangu dzakwirira kupfuura-a nzira dzenyu.
3. Nditeererei imi mudye zvakanaka kuti mweya yenyu ifare nezvakakora.
4. Nokuti ndangariro dzangu hadzisi dzenyu-u nenzira dzenyu hadzisi dzangu.
5. Mvura nechando zvinoburuka zvichibva kudenga zvinodiridza nyika kupa mudyi zvokudya.
6. Imi muchabuda nomufaro noruga-are makomo nezvikomo zvicha-imba nomufaro-o pamberi penyu.

*Chorus:*

*S/A* Tsvagai Tenzi imi – achawanikwa --- danai kwa-ari achiri-i pedyo wakaipa ngaasiye nzira nendangariro yake adzokere kuna Tenzi achamunzwirawo nyasha.

*B* Tsvagai Tenzi imi – achawanikwa – danai kwaari achiri pedyo ngaasiye nzira – ndangariro yake – adzokere kuna Tenzi achamunzwirawo nyasha.

# 926

**Tenzi Imi Ndinodaidza –** *O. T Mutyanda*

*M:* Tenzi imi ndinodaidza kwamuri gashirai munamato wangu serusenzi

*V: S/A* Teererai inzwi rangu kana ndichidaidza kwamuri --- moyo wangu ngaurege kurerekera kune chakaipa

*B:* Imi ndinodaidza kwamuri gashirai munamato wangu --- inonhuwirira teererai izwi rangu kana ndichidaidza kwamuri moyo wangu Tenzi – kurerekera kune chakaipa

*Madetembo:*

1. Munhu akarurama ngaandirange kana kunditsiura zvinyoro-nyoro.
2. Nokuti tenzi ndinovimba nemi, ndichitsvaga kudzivirirwa nemii
3. Imi mudziviriri wangu imi miri zvose zvandinoda muupenyu huno
4. Ndibvisei mumatambudziko angu kuti ndirumbidze zita renyu

*Chorus:*

*All* Teererai izwi rangu kana ndichidaidza kwamuri – musandirege ndichibatwa nomusungo

## 927

**Tenzi Imi Rumbidzwai –** *N. Muchenu*

*M: S/A* Tenzi imi rumbidzwai

*V: S/A* Mwari wedu tinokutendai, tichirumbidza zita renyu rine mbiri, upfumi nechiremera zvinobva kwamuri, hapana chatingakupai Mwari, chatisina kupiwa nemi, tauya tichifara kuzokupai zvatinazvo, kweverai moyo yedu kwamuri.

*B* Mwari wedu tinokutendai, imi muridzi wazvose, mupi wazvose-zvose, ndechipiko chatingakupai, chamusina kutipa, tauya kuzokupai zvipo, nemipiro imi murumbidzwe nariini.

*Madetembo:*

1. Rangarirai Tenzi Mwari wedu nokuti ndiye akatipa upenyu, simba nazvose zvatiinazvo, musakanganwa-a musakanganwa kumutenda.
2. Ipai Mwari zvakakosha zvamunodisa, iye achakukomborerai sezvaakaitira Abrahama baba vokutenda
3. Mukupa kwenyu Mwari haanyengedzwe, icho chaunodyara ndichowo, ndichowo chaunokohwa.
4. Chamunopa noruoko rworudyi ruboshwe rusaziva ndokuti Baba venyu vokudenga vanoona zviri muchivande vakutendeyi, vagokutendayi.
5. Pfuma inowanikwa nenzira yakashata haibatsiri asi kuita zvinhu nenzira kwayo nenzira kwayo kunoponesa

*Chorus:*

*S/A* Rumbidzai Mwari Tenzi wedu muna zvose nguva dzose tendai Mwari Baba, rutendo rwenyu murwusvitsirwe kwaari, naJesu Kristo.

*B* Rumbidzai Mwari Tenzi wedu nguva dzose, muna zvose, mutendeyi matendo enyu muasvitsirwe-e naJesu Kristo.

## 928

**Tenzi Inzwai Muunamato Wangu –** *S.Wenzeri*

*M: S/A* Tenzi inzwai munamato wangu
Inzwai munamato wangu

*V: S/A* Munamato wangu Tenzi, inzwai teeererai munzwe, chichemo changu imi makarurama

*B* Munamato wangu Tenzi, teererai chichemo changu, imi makarurama

*Madetembo:*

1. Ndinosimudzira maoko angu kwamuri mumunamato
2. Ndiponesei sokunditsidzira kwamakaita
3. Regai ndinzwe, regai ndinzwe nezverudo rwenyu

*Chorus:*

*S/A* Ndidzidzisei kuita kuda kwenyu, ndinunure Tenzi kuvavengi vangu ---
Mweya wenyu ngaunditungamirire kuumambo hwenyu.

*B* Ndidzidzisei, kuda kwenyu, ndinunurei, vavengi vangu, mweya wenyu,

ngaunditungamirire kuumambo hwenyu

## 929

**Tenzi Jesu Kristo Makati –** *O. Silika*

*M:* Tenzi Jesu Kristo makati

*V: B* Kuvadzidzi venyu kwandiri mose makaneta kukuzorodzai, kukuzorodzai makaneta.

*S/A* --- Uyai kwandiri mose makaneta ndinoda kukuzorodzai, kukuzorodzai imi makaneta.

*Madetembo:*

1. Uyai Jesu kuzotiyamura Kristo Makati
2. Ndinokumbira kwamuri Tenzi rudekaro norupfave Kristo Makati

## 930

**Tenzi Jesu Ndinotenda Nechipo CheBhabhatisimo –** *T. Mukumba*

*M: S* Tenzi Jesu ndinotenda nechipo chebhabhatisimo

*V: S/A* Ndinokutendai Tenzi wangu pakundigamuchira kwamakaita mukirike munova ndiwo musha wangu wezvomweya pasi pano, ndinotenda kurwadziwa, kufa nokumuka kwenyu kwakandiwanira chituso ichi chakakomba.

*B* Ndinokutendai Tenzi pakundigamuchira kugamuchirwa mukirike munova ndiwo musha wangu wezvomweya pasi pano, ndinotenda kurwadziwa nokumuka kwenyu kwakandiwanira chituso ichi chakakomba.

*Madetembo:*

1. Ndinokutendai pakundichengeta kubva pakuzvarwa kusvika nhasi uno.
2. Kunyangwe ndakakutadzirai zvakanyanya hamuna kundirasa.
3. Kuti ndikodzere kudana kwangu nemi.
4. Ndinokumikidza kwamuri vabereki nehama dzangu dzose nomupriste akandibhabhatidza.
5. Ndinokumbirawo vafudzi vechitendero navahedheni vose.
6. Chivazaruriraiwo chitubu chebhabhatisimo kuti tive vazhinji vanokudai nokutenda kwamuri Amen.

*Chorus:*

*S/A* Itai kuti pfungwa namanzwi nezviito zvangu zvose zvive zviratidzo zvoukama hwangu nemi Kristo.

*B* Itai kuti pfungwa mazwi nezviito zvezuva nezuva zvive zviratidzo zvoukama hwangu nemi Kristo.

# 931

**Tenzi Makanunura upenyu Hwangu** – *J. Madondo*

*M: S/A* Tenzi makanunura upenyu hwangu
Makanunura upenyu hwangu

*V: S/A* Ndakanamata kuna Tenzi ndi-ri mukutambudzika, i-vo vakandipinduraa.

*B* Ndakanamata kuna Tenzi, ndiri mukutambudzika, imi mukandinzwa-ha.

*Madetembo:*

1. Makandikandira pasi pasi muhwenje mune mvura zhinji.
2. Ndakafunga kuti ndakanga ndadzingwa pedyo nemi-hi, ndichifunga kuti handichazooni-zve imba yenyu.
3. Asi Tenzi makanunura upenyu hwangu, mi-nyengetero yangu yakasvika kwamuri.
4. Vose vanonamata zvifanani-dzo, vanosiya uya a-novanzwira nya-sha.

*Chorus:*

*B* Asi Tenzi Mwari wangu, ndichaita zvandakakupikirai --- sezvo ruponeso --- kune-mi.

*S/A* --- Asi ini ndichakutendai ndichakupirai mupiro wangu, sezvo ruponeso, runobva kune-mi.

# 932

**Tenzi Mambo –** *Zari*

*M:* Tenzi Ma-mbo

*V: All* Regai kunditsiura makatsamwa musandirange mune hasha dze-nyu

*Madetembo:*

1. Nokuti miseve yenyu yakandibaya
2. Ruoko rwenyu rwakanditsikirira
3. Hamuchina ukukutu mumuviri wangu
4. Hamuchina upenyu mumapfupa angu

*Chorus:*

*All* Musandirange mune hasha dze-nyu

# 933

**Tenzi Mwari Muponesi Wangu –** *S. Musasa*

*M: S/A* Tenzi Mwari Muponesi wangu

*V: All* Ndinodaidza kwamuri Tenzi --- pandinokumbira rubatsiro, iinzwaiwo c hichemo changu, ndinokumbira kuponeswa nemi.

*B* --- Ndinodaidza kwamuri Tenzi pandinokumbira rubatsiro, inzwaiwo chichemo changu, ndinokumbira kuponeswa nemi

*Madetembo:*

1. Ndinorwara, ndinotambudzika ndichida kufa
2. Nokuti mweya wangu wazara namatambudziko nama-tambudziko
3. Ndava semunhu asina simba, ndashaiwa chandingaite

4. Kubvira pauduku hwangu ndinotambudzika ndichida kufa
5. Upenyu hwangu hwavapedyo norufu

*Chorus:*

*B* Zuva nezuva --- ndinodaidza kwamuri Tenzi muponesi wangu --- raneta nokuchema

*S/A* --- Zuva nezuva ndinodaidza kwamuri Tenzi, ziso rangu raneta nokuchema

# 934

**Tenzi Mwari Wako Anokurayira –** *D. Bulaki*

*M:* Tenzi Mwari wako anokurayira

*V: S/A* Mwari wako – anokurayira – kuti uchengete mitemo nemirayiro yake – rangarira kuichenegeta nomwoyo wako wose nomweya wako wose

*B* Nhasi uno – anokurayira – kuti uchenegete mi-te-mo saka rangarira kuichengeta nomwoyo wako wose nomweya wako wose

*Madetembo:*

1. Nhasi uno iwe wabvuma pachena kuti Tenzi ndiye Mwari wako
2. Watsidzawo kuti uchafamba munzira dzake uchichengeta mitemo yake yose
3. Uye kuti uchateerera manzwi ake
4. Imi muchaita kuti zita rake rirumbidzwe nokukudwa
5. Imi muchava vanhu vake pachake sokuvimbisa kwaakaita

*Chorus:*

*S/A* Tenzi akatsidzawo – uchava rudzi rwake chairwo – sezvaakakupikira – unofanira – kuchengeta – mirayiro yake yose

*B* Tenzi atsidza – kuti – iwe – rudzi rwake chairwo sezvavakukupikira uye iwe – unofanira – kuchengeta – mirayoyiro yake yose

# 935

**Tenzi Ndinoda –** *J. Mutandiko*

*M* Tenzi ndinodaa

*Kudavira & Chorus:*

*S/A/T* Ndinoda Tenzi nokuti anondinzwaa anoteerera minamato yangu akarerekera nzeve yake

*B* Tenzi nokuti anondinzwaa --- minamato yangu akarerekera nzeve yake

*Madetembo:*

1. Misungo yorufu yakandipoteredza kutyisa kweguva kunorovesa hana yangu
2. Ndinodanidza Zita raTenzi Tenzi ndinokumbira mundiponese

## 936

**Tenzi Ndinokurumbidzai –** *R. Chivende*

*M:* Tenzi ndinokurumbidzai nokuti makandinyukura-a

*V: All* Imi Tenzi makaburitsa mweya wangu munzvimbo yavakafa mukandidzorera hupenyu – ndinokutendai nokusingaperi

*Madetembo:*

1. Tenzi Mwari ndakachema kwamuri mukandibatsira mukandirapa
2. Moyochena wenyu ndowenguva dzose
3. Nomoyochena wenyu Tenzi makandimisa kuita gomo chairo kusimba
4. Makasandura kuungudza kwangu kukava kufara

*Chorus:*

*S/A* Imbai rumbidzai Tenzi imi vakakrurama vake tendai zita rake rinoera

*B* --- Rumbidzai Tenzi --- vakarurama vake zita rake rinoera

## 937

**Tenzi Ndiye Anosimudzira Simba –** *S. Chakanya*

*M:* Tenzi ndiye anosimudzii-ra si-mba rangu

*V: S/A* Teenzi ndiye anosimudzira va-ro-mbo-o, achivabvi-sa mu-gu-ru-va-a, achivabvisa muguruva, achindovagadza-a-a pamwe chete-e-e, namachinda-a

*B* --- Teenzi ndiye anosimudzira simba rangu, anosimudzira varombo, anosimudzira varomboo, achindovagadza-a-a pamwe chete-e-e, namachinda-a

*Madetembo:*

1. Munogutisa-a vane nzara, vanoshaya-a-a, imi-i Mwari.
2. Munosimbisa-a vakaneta, vakaremerwa imi Mwari-i
3. Ndinofarira-a ruponeso rwaTenzi, mupi woupenyu
4. Tenzi anochengeta-a tsoka dzavatsvene vake

*Chorus:*

*S/A* Moyo wangu unofarira Tenzi, unofar-iira Tenzi-i, anosimudzira si-mba – rangu-u, anosimudzira-a simba ra-ngu

*B* Moyo wangu unofarira Tenzi, unofarira Tenzi Mwari simba rangu anosimudzira simba rangu

## 938

**Tenzi Ndiye Mugove –** *B.P. Mukoko*

*M:* Tenzi ndiye mugove

*V: All* Wenhaka yangu yandapihwa naye Mwari

*Madetembo:*

1. Ndinorumbidza Tenzi akandipa mazano hungu moyo wangu unondidzidzisa
2. Ndinoisa Tenzi mberi kwangu nguva dzose zvavari kurudyi rwangu handingambotsukunyuki

3. Ndinoisa Tenzi mberi kwangu nguva dzose naizvozvo mweya wanguwo unopururudza
4. Ndinoisa Tenzi mberi kwangu nguva dzose nokuti anondifundisa nzira youpenyu

## 939

**Tenzi Ngaakupei Rufaro Nguva Dzose –** *O.T. Mutyanda*

*M:* Tenzi ngaakupei rufaro nguva dzose

*V: S/A* Ratidzai tsika dzakanaka – regai henyu kuzvinetsa nechimwe chinhu asi mikumbiro yenyu ngaiziviswe kuna Tenzi mumunyengetero pamwe nokutenda.

*B* Ratidzai tsika dzakanaka regai henyu kuzvinetsa nechimwe chinhu --- asi mikumbiro yenyu ngaiziviswe kuna Tenzi mumunyengetero --- nokutenda.

*Madetembo:*

1. Naizvozvo hama dzangu, dzinoshuwira imi itai mabasa enyu, kuna Tenzi makasimba.
2. Rugare rwaMwari runopinda kuziva kwose ngaruchengete mwoyo yenyu nepfungwa dzenyu.
3. Ndinopamhidzazve ndichiti ivai norufaro, kuna vanhu vose, Tenzi ava kuda kuuya.

*Chorus:*

*S/A* Pakupedzisira hama dzangu itai zvinhu zvakanyanya kunaka nezvamakagamuchira nezviya zvamakaona Mwari worugare achava nemi.

*B* Pakupedzisira hama dzangu itai --- zvakanyanya kunaka – nezvamakagamuchira nezviya zvamakaona Mwari worugare Mwari achava nemi.

## 940

**Tenzi Regai Kunditsiura Makatsamwa –** *S. Nyamajenjere*

*M:* Tenzi regai kunditsiura makatsamwa

*V: All* Tenzi regai kunditsiura makatsamwa, musandiranga nehasha dzenyu

*Madetembo:*

1. Hapachina ukukutu mumuviri wangu nokuda kokutadza kwangu
2. Hapachina ukukutu mumuviri wangu nokuda kwehasha dzenyu
3. Nokuti zvisakarurama zvangu zvinondiremera somutoro unorema
4. Maronda angu ane urwa anonhuwa nokuda kokutadza kwangu

*Chorus:*

*All* Nokuti miseve yenyu yakandibaya, ruoko rwenyu rwakanditsimbirira

## 941

**Tenzi Samasimba Ose** – *W. Nhemachena*

*M:* Tenzi Samasimba ose

*V: S/A* Unoera, unoera, unoera Tenzi Samasimba ose

*T* --- Unoera, unoera, Tenzi Samasimba ose unoera

*B* --- Unoera --- unoera --- Tenzi --- unoera

*Madetembo:*

1. Imi Tenzi naMwari wedu makafanira kuti mugamuchire mbiri norukudzo nesimba
2. Nokuti ndimi makasika zvinhu zvose
3. Zvakasikwa zvikavapo nokuda kwenyu

*Chorus:*

*S/A* Iye aivako-o, iye ariko-o, iye achazovako-o

*T* --- Unoera, unoera, Tenzi Samasimba ose --- unoera

*B* --- Unoera --- unoera --- Tenzi --- unoera

## 942

**Tenzi Tinokutunhidzai** – *F.H.T. Chinyanya*

*M: S/A* Tenzi tinokutunidzai
Tinokutunidzai Tenzi

*V: S/A* Tinokutunidzai Jesu munogara muchingwa munogara panesu kufa kwenyu makadzika sakaramende sande muviri neropa renyu --- kare makafamba pasi zvino munodzika paAtari redu.

*B* Tinokutunidzai Jesu munogara muchingwa munogara panesu --- makadzika sakaramende sande muviri neropa renyu --- kare makafamba pasi --- munodzika paAtari redu.

*Madetembo:*

1. Jesu Tenzi regai tiuye kunyika yenyu kurudo runoshamisa
2. Kare makarapa vanhu zvino munorapa isu mukurwara kwomweya
3. Tiri kuombera rudo rwenyu rwunoshamisa

*Chorus:*

*S/A* Tenzi wedu Jesu pano tinopfugama kuombera rudo rwenyu rwunoshamisa regai tiuye kunemi tione mbiri youshe hwenyu.

*B* Tenzi wedu Jesu --- pano tinopfugama kuombera rudo – rudo rwunoshamisa regai tiuye kunemi tione mbiri youshe hwenyu.

## 943

**Tenzi Vanoti Tarirai Muranda Wangu –** *L.P. Maphosa*

*M: S/A* Tenzi vanoti tarirai muranda wangu

*V: S/A* Tarirai muranda wangu muranda wangu wandinotsigira ndiye musanangurwa… wandinofarira ndakaisa mweya wangu maari

*B* Muranda wandinotsigira – ndiye musanangurwa wangu – wandinofarira –

ndakaisa mweya – maari.

*Madetembo:*

1. Haazoiti nharo kana kuita mheremhere.
2. Uye hakuna munhu anozonzwa izwi rake mumigwagwa.
3. Haazogoni kukanda kwakadaro rutsanga rwakavhunwa kana kudzima mwenje.
4. Kusvikira aunza kutonga kwakarurama.
5. Uye mamwe marudzi avanhu achavimba naye.

*Chorus:*

*S/A* Achauya nokutonga kwakarurama kundudzi davanhu.

*B* Iye nokutonga kundudzi dzavanhu.

# 944

**Tenzi Wangu Huyai Kwandiri** – *J.K. Dzingai*

*Part 1:*

*M:* Tenzi wangu huyai kwandiri

*V: S/A* Imii Tenzi mucharamba muchizvi-vanza kusvika riinikoo, Tenzi, kusvika riini, nariini here? Kutsamwa kwenyu, kuchatora nguva yakadiniko, kuchingoviruka somoto, fungai nezveupenyu hwangu, kuti ndehwemazuva akadiniko Tenzi, uye kuti makasika vanhu vose, muchiti vanozofa vanhu vose, vanhu vose, vanhu vose, vachafa-a.

*B/T* Tenzi mucharamba muchizvivanza kusvika riiniko,Tenzi, nariini here, kutsamwa kwenyu kuchatora nguva yakadiniko, kuchingoviruka somoto, fungai nezveupenyu hwangu, kuti ndehwemazuva akadiniko, Tenzi, makasika vanhu vose muchiti vanozofa vanhu vose, vanhu vose, vanhu vachafa.

*Madetembo:*

1. Ndianiko munhu mupenyu asingazooni rufu, ko ndianiko hake anganzvenga guva.
2. Hakusi kuzvidzwa kunoitwa Mambo navavengi venyu imi Tenzi vanomunyomba kwose kwaanoenda.

*Part 2:*

*S/A* Nhai Tenzi ko ngoni dzenyu dzakare dziri kupiko, dzamakagadzirira David muranda wenyuu Tenzi, ngoni dzenyu dziri kupiko.

*B/T* Tenzi, Tenzi wangu, Tenzi Tenzi wangu, Tenzi, Tenzi, muranda wenyu imi Tenzi, ngoni dzenyu dziri kupiko.

*Madetembo:*

1. Rangarirai Tenzi kuzvidzwa kwandinoitwa ini muranda wenyu nemhandu dzenyu.
2. Moyo wangu unoremerwa seiko nokuzvidzwa kwandinoitwa nemhandu dzenyu.

*Part 3*

*All* Tenzi ngavarumbidzwe nokusingaperi, A---men.

# 945

**Tichaona Mbiri YaMwari –** *A. Nyika*

*M:* Ticha ---

*V: All* --- Ona mbiri yaMwari achagara nesu Alleluya

*Madetembo:*

1. Musarangarire kutiranga pamusoro pezvakaipaaa zvamadzibaba edu, ngoni dzenyu ngadzikurumidzee kuchingamidzana nesu.
2. Tibatsirei Mwari muponesi wedu nokuda kwomukurumbira wezita renyu.
3. Uyai kuzotirwira penyesai chido chenyu, isu tiponeswe.
4. Ipapo hatingazobva kwamuri tiraramisei isu, tigodana zita renyu.
5. Tichakutendai nokusingaperi ticharatidza kururama kwenyu kumarudzi ose.

# 946

**Tichaona Mbiri YaMwari –** *C.T. Chinoda*

*M:* Tichaona mbiri yaMwari

*V: S/A* Tichaona mbiiirihi tichaona mbiri yaMwarihi achagara nesu Alleluya tichaona mbiri yaMwariiii.

*B* --- Tichaona mbiri yaMwari – mbiri yaMwariihi – achagara nesu Alleluya tichaona mbiri yaMwariiii.

*Madetembo:*

1. Musarangarire kutiranga pamusoro pezvakaipaaa zvamadzibaba edu.
2. Ngoni dzenyu ngadzikurumidzee kuchingamidzana nesu.
3. Tibatsirei Mwari – muponesi weduu nokuda kwomukurumbira wezita renyu.
4. Uyai kuzotirwira penyesai chiso chenyu, isu tiponeswe.
5. Ipapo hatingazobva kwamuri tiraramisei isu, tigodana zita renyu.
6. Tichakutendai nokusingaperi ticharatidza kururama kwenyu kumarudzi ose.

# 947

**Tichaona Mbiri YaMwari –** *L. Maphosa*

*M:* Tichaona mbiri yaMwari

*V: S/A* Mbiri yaMwari tichaona mbiri, Mwari achagara nesu tichaona mbiri, tichaona mbiri yaMwari-hi alleluya Mwari-i achagara nesu

*B* --- Mbiri yaMwari tichaona mbiri --- achagara nesu tichaona mbiri yaMwari --- mbiri yaMwari-hi alleluya Mwari-hi achagara nesu-u

*Madetembo:*

1. Musarangarire kutiranga pamusoro pezvakaipaaa zvamadzibaba edu, ngoni dzenyu ngadzikurumidze kuchingamidzana nesu.
2. Tibatsirei Mwari muponesi weduu nokuda kwomukurumbira wezita renyu.
3. Uyai kuzotirwira penyesai chiso chenyu, isu tiponeswe.
4. Ipapo hatingazobva kwamuri tiraramisei isu, tigodana zita renyu.
5. Tichakutendai nokusingaperi, ticharatidza kururama kwenyu kumarudzi ose.

## 948

**Tichazova NaMambo –** *J .L.Kaseke Chaleka*

*M: S/A* Tichazova naMambo narini wose

*V: S/A* Hama dzangu hatisiri kuda kuti musazive nezvavafi kana kuti murase moyo pamusana pavo sezvinoitwa navasina chitarisiro

*B/T* Hama dzangu --- kuda kuti musazive nezvavafi --- murase moyo pamusana pavo sezvinoitwa navasina chitarisiro

*Madetembo:*

1. Izvi ndizvo zvandinokuudzai sedama raMambo
2. Nokuti iye Mambo pachake achaburuka kudenga pakudaidzira kwezwi raAngere napakuridzwa kwehwamanda yaMwari
3. Potai muchinyaradzana namashoko aya sezvo tichazova naMambo narini wose

*Chorus:*

*S/A* Inga tinotendera kuti Yesu akafa akamukazve inga tinotendera ndizvowo zvichazoitwa naMwari kuna avo vakafa vakabatana naKristo

*B/T* --- Inga tinotendera kuti Yesu akafa akamukazve --- inga tinotendera ndizvowo zvichazoitwa naMwari --- avo vakafa vakabatana naKristo

## 949

**Tichisangana PaAtari** – *R. Chikomo*

*M* Tichisangana paatari

*V:S/A* Mwari Baba mwanakomana wenyu Yesu Kristo anozvipa kunesu pano paAtari kuti tigone kukupirai muviri neropa rake

*B* --- Mwanakomana Yesu Kristo anozvipa pano paAtari kuti tigone kukupirai muviri neropa rake

*Madetembo:*

1. Tinoda kuita zvomupiro wamunofadzwa nawo
2. Isu vanhu tinombouya kwamuri namaoko akaoma
3. Unoripa chaizvo matadzo edu

*Chorus:*

*S/A* Mupiro wakadai chete ndiwo unokwanira ukuru hwenyu nokutenda zvose zvamakatiitira

*B* Mupiro wakadai chete --- unokwanira ukuru hwenyu nokutenda zvamakatiitira

## 950

**Tikafa Pamwe NaKristo –** *F. Gora*

*M:* Tikafa pamwe naKristo

*V: S/A* Kana tikafa pamwe naKristo isu tichararama naye

*B* --- Tikafa pamwe naKristo tichazorarama naye

*Madetembo*:

1. Handingakusii zvenyu muri nherera
2. Ndinoenda ndichadzoka kwamuri

*Chorus:*
*All* Hongu tikafa naye tichazorarama naye

## 951

**Tinobvuma Kuti Takakutadzirai Mwari –** *W.N. Mucheri*

*M: S/A* Tinobvuma kuti-i takakutadzirai Mwari-i-i
*V: S/A* Baba muna masimba ose-ee takakutadzirai kwazvo uyezve-e-e isu pachedu takatadzirana-a-a
*B* Baba muna masimba-a tinobvuma kuti-i-i isu pachedu-u-u, isu takatadzirana.
*Madetembo:*
1.Maria Musande tikumbirirewo-o.
2.Nemi ngirozi dzose tikumbirireiwo.
3.Nemiwo hama dzedu dzose dzakatungamira kudenga tikumbirireiwo.
*Chorus:*
*S/A* Tikumbirirei kuna Mwari Baba kuti vatiregerere zvatakavatadzira
*Bass:*
1.Maria Musande – kuna Mwari Baba kuti vatiregerere zvatakavatadzira.
2.Nemi ngirozi dzose – kuna Mwari Baba kuti vatiregerere zvatakavatadzira.
3.Nemi hama dzedu – kuna Mwari Baba kuti vatiregerere zvatakavatadzira.

## 952

**Tinodzidziswa NaPauro Achiti –** *P. Mpundu*

*M:* Tinodzidziswa naPauro achiti
*V: S/A* Pfekai zvombo zvose zvamunopiwa naMwari-i mugogona kumirisana-a nasatani muchirwisana nemweya yose yakaipa-a
*B* --- Pfekai zvombo zvamunopiwa naMwari mugogona kumirisana-a nasatani muchirwisana nemweya yose yakaipa
*Madetembo:*
1.Mirai makagadziri-ra-ha makagadzirira kutaura chokwadi
2.Mashoko akanaka orugare nokuparidzwa kwawo ngaave matsiko enyu-u
3.Simbiswai-i simbiswai namasimba aTenzi
4.Nokuti kurwa u-kuhu-u kurwa uku hatirwi navanhu kwete
5.Asi tinorwa nemweya yakaipa yasatani
*Chorus:*
*S/A* --- Namatai muchinyengetera-a muchinyengeterera vanhu vaMwari-ii muchinyengeterera vose
*B* Namatai-i muchinyengetera muchinyengeterera vanhu vaMwari namatai muchinyengeterera vose

## 953

**Tinoimbira Mambo** – *R.S. Zinyohwera*

*M:* Tinoimbira Mambo

*V: S/A* Mwari Mambo tinoimba tichirumbidza basa renyu tinokurumbidzai Mwari wamasimba ose

*B* --- Tinoimba tose tichirumbidza, tinokurumbidzai Mwari wamasimba ose

*Madetembo:*

1. Kerubim naSerafim vanowanzokukotamai
2. Denga harineti richikudza musande
3. Vanopfugama namabvi-i vonamata kunemi

*Chorus*:

*S/A* Pasi pose pana vanhu vanokudza imi Baba vanokudza Yesu Kristo naMweya Mutsvene

*B* Pasi pose pana vanhu vanokudza imi Baba, Yesu Kristo naMweya Mutsvene

## 954

**Tinokukudzai Mwari Tinokutunhidzai –** *A.G. Mutetwa*

*M:* Tinokukudzai Mwari tinokutunhidzai

*V: All* Pasi pose panokukudzai, Baba musingagumi, vangere vose vanokuimbirai, denga namasimba aro ose

*Madetembo:*

1. Mauti ose okudenga anogara achikuimbirai achiti
2. Denga napasi zvizere nembiri youkuru hwenyu, chita chine mbiri chavapositori chinokukudzai
3. Vaporofita vanyakurumbidzwa vanokutunhidzai
4. Hondo yavafiri vechitendero inokutunhidzai

*Chorus:*

*S/A/T* Musande Musande, Musande Mambo, Musande Musande, wamasimba

*B* Musande Musande, Mambo Mwari, Musande Musande

## 955

**Tinokumbira Mambo Kuti Mutipewo –** *Z.C. Terere*

*M:* Tinokumbirawo Mambo kuti mutipewo

*V: All* tinokumbira chipo chokutaura zvinokufadzai zvoga – imi makatumira pasi shoko renyu anova ndiye mwanakomana Yesu Kristo

*Madetembo:*

1. Itai kuti timuvetedzere mukutaura kwedu
2. Ngakuve kwezviro kwazvo, nokutiimi muri zviro kwazvo
3. Ngakuve kuzere nechidoo nokuti imi muri runako nechido
4. Munhu asingakanganisi mukutaura ndiye ano unhu huzere

# 956

**Tinokupfugamirai Kristo Mambo** – *S. Mubaiwa*

*M* Tinokupfugamirai Kristo Mambo

*V: All* Tinokupfugamirai Kristo Mambo tinokurumbidzai zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande

*Madetembo:*

1. Yesu akavinga kuti vanhu vave neupenyu asi ivo vakamutongera kufa
2. Zuva rimwe nerimwe munotongwa saizvozvo nokutadza kwedu tinokufuratirai
3. Kristo Mambo makarovererwa pachipiyaniso tinzwireiwo tsitsi

*Chorus:*

*All* Tinokupfugamirai Kristo Mambo tinokurumbidzai zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande

# 957

**Tinokupfugamirai Yesu –** *Sr Lioba Gana (LCBL)*

*M:* Tinokupfugamirai yesu

*V: All* Tinokupfugamirai Yesu, ndimi Mwari naMambo, Alleluya

*Madetembo:*

1. Tarirai Ishe naMambo anouya
2. Anouya nokukunda noumambo
3. Nokuti zvose zviri kudenga nezviri pasi ndezvenyu

# 958

**Tinokurumbidzai Mambo –** *P.P. Kanoti Chihota*

*M: S/A* Tinokurumbidzai Mambo, tinokurumbidzai imi

*V: All* Makatifira ….

*Madetembo:*

1. Makatifira …
2. Makamuka …
3. Mambo-o muchazouyazve ….

*Chorus:*

*All* Mambo – o, Mambo – o, Mambo – o, Muchazouyazve

# 959

**Tinokurumbidzai Mambo –** *C. Chawasarira*

*M:* Tinokurumbidzai Mambo

*V: All* Mwarii tinokurumbidzai imi Mambo

*M:* Imi makatifira Mambowe

*V: All* Mwarii tinokurumbidzai imi Mambo

*M:* Imi makamuka Mambowe

*V: All* Mwarii tinokurumbidzai imi Mambo
*M:* Mambo muchazouya Mambo
*V: All* Muchazouya – muchazouya imi Mambo x2

## 960

**Tinokurumbidzai Mambo –** *T.M. Dunduru*
*M:* Tinokurumbidzai Mambo
*V: S/A* Tinokurumbidzai Mambo tinokuomberai mununuri tinokurumbidzai
*B* --- Kurumbidzai Mambo tinokuomberai mununuri tinokurumbidzai
*Madetembo:*
1. Ndimi Mambo waIsiraeri mwanakomana waDavidi
2. Ndimi Mambo makauya muzita rababa
3. Vangere vari kukuimbirai kuuzu
4. Vanhu vose nezvisikwa zvose zvirikubvumira
5. VaHeberu vakakupembererai nemashizha
6. Tinokupembererai isu nenziyo dzedu
7. Vakakupembererai musati matambudzika
8. Isu tinopemberera imi makamuka
9. Mambo imi munofarira chete zvakanaka
10. Tambirai minamato yedu yatinopira

*Chorus:*
*S/A* Imi makaomberwa makaomberwa navadiki vachiti hosanna
*B* --- Makaomberwa makaomberwa navadiki vachiti hosana

## 961

**Tinokurumbidzai Mwari Baba –** *M. Makamure*
*M:* Tinokurumbidzai Mwari Baba
*V: All* Nomuromo waKristo, tinokurumbidzai Mwari Baba
*M:* Mwari Baba tinokurumbidzai
*V: All* Tiri nhengo dzaKristo, tinokurumbidzai Mwari Baba
*M:* Tinokurumbidzai Mwari Baba
*V: All* Namweya anogara matiri, tinokurumbidzai Mwari Baba
*M:* Mwari Baba tinokurumbidzai
*V: All* Kwemisi isingaperi Amen, tinokurumbidzai Mwari Baba

## 962

**Tinokutendai Mambo** – *A. Mafukidze*
*M:* Tinokutendai Mambo
*V: S* Mwari Mambo tinokutendai tinokupai mupiro wedu, Mambo tinokutendai
*B* Tinokutendai Mwari Mambo tinokupai mupiro wedu

*Madetembo:*
1. Mabasa enyu mazhinji, makaaita ose nenjere
2. Zvipenyu zvose zvinokumirirai, kuti muzvipe zvokudya nenguva yakafanira
3. Munotambanudza ruoko rwenyu, vanhu vose vachagutswa
4. Mbiri yaMwari ngaaigare nokusingaperi, Mambo ngaafarire mabasa ake
5. Iye anotarisa pasi, ipo ndokubvunda
6. Iye anonyongodesa makomo, iwo ndokubudisa utsi.
7. Ndichaimbira Mwari panguva yose yorupenyu rwangu, ndichaimbira Mwari nguva ichiripo
8. Vatadzi ngavapere pasi navakaipa ngavarege kuzovapo

## 963

**Tinokutendai Mambo** – *M. Kanene*

*M* Tinokutendai Mambo

*V: S/A* Tinokutendai Mambo, tinokupai mupirowedu, tinokutendai Mambo, tinokutendai, tinokupai mupiro wedu

*B* Mambo Mwari we-du, tinokutendai Mambo, Ma-ambo Mwari wedu, Mwa-ri Ma-mbo, tinokutendai Mambo

*Madetembo*
1. Zvipenyu zvose zvinokumirirai kuti muzvipe zvokudya nenguva yakafanira. Tinokutendai Mambo
2. Munotambanudza ruoko rwenyu, vanhu vose vachagutswa. Tinokutendai Mambo
3. Mbiri yaMwari ngaigare nokusingaperi, Mambo ngaafarire mabasa ake. Tinokutendai Mambo
4. Iye anotarisa pasi ipo ndokubvunda. Tinokutendai Mambo
5. Iye anonyongodesa makomo iwo ndokubudisa utsi. Tinokutendai Mambo
6. Ndichaimbira Mwari panguva yose yorupenyu rwangu, ndichaimbira Mwari nguva ichiripo. Tinokutendai Mambo
7. Vatadzi ngavapere pasi navakaipa ngavarege kuzovapo. Tinokutendai Mambo

*Chorus*

*S/A* Haiwa Mambo tinokutendayi-i mabasa enyu Mambo, makaaita nenjere

*B* --- Mabasa enyu Mambo, Mambo Mwari wedu, tinokutendai Mambo

## 964

**Tinokutendai Mwari Mambo** – *J. Jose*

*M* Tinokutendai Mwari Mambo

*V: S* Tinokutendai Mwari Mambo tinokupai mupiro wedu, tinokutendai Mwari Mambo, tinokupai mupiro wedu.

*B* Tinokutendai Mwari Mambo, tinokupai mupiro wedu Mwari Mambo, tinokutendai Mwari tinokupai mupiro wedu.

*Madetembo:*
1. Mabasa enyu mazhinji, makaaita ose nenjere
2. Zvipenyu zvose zvinokumirirai, kuti muzvipe zvokudya nenguva yakafanira
3. Munotambanudza ruoko rwenyu, vanhu vose vachagutswa
4. Mbiri yaMwari ngaaigare nokusingaperi, Mambo ngaafarire mabasa ake
5. Iye anotarisa pasi, ipo ndokubvunda
6. Iye anonyongodesa makomo, iwo ndokubudisa utsi.
7. Ndichaimbira Mwari panguva yose yorupenyu rwangu, ndichaimbira Mwari nguva ichiripo
8. Vatadzi ngavapere pasi navakaipa ngavarege kuzovapo

*Chorus:*
*S* Tinokutendai tinokupai mupiro wedu
*B* Tinokutendai Mwari tinokupai mupiro wedu

# 965

**Tinoona Mwana Pachipfuva ChaYosefe –** *S.D.M. Mutadzapasi*

*M:* Tinoona mwana pachipfuva chaYosefe
*V: All* Pachipfuva chaYosefe, tinoona mwana, mwana ndowaMwari, Maria vari mai

*Madetembo:*
1. Ah! Murume waMaria, Tenzi wavasande
2. Mwana wakarerwa newe, uri mwene wake
3. Ah! Yosefe wakanaka, utireverere isu
4. Tifundise kunamata, nokubata basa

*Chorus:*
*S/A* Yosefe navasande, navangere tifundisei kuda Yesu, batsirai pakufa
*B* Yosefe navasande, navasande navangere, tifundisei kuda Yesu, batsirai pakufa

# 966

**Tinopfugamira Yesu –** *A. Nyika*

*M* Tinopfugamira Yesu
*V: All* Ndimi Mwari naMambo…
*M* Tinopfugamira Yesu…
*V: All* Ndimi Mambo Alleluya

*Madetembo:*
1. Tarirai Ishe naMambo anouya nokukunda noumambo
2. Nokuti zvose zviri kudenga nezviri pasi ndezvenyu
3. Ukuru ndohwenyu nembiri munobata umambo pamusoro pazvose
4. Makakudzwa muri pamusoro pezvose, paruoko rwenyu pane samba noumambo
5. Zvisimudzei imi makonhi Mambo wembiri agopinda
6. Ndiani iye Mambo wembiri, ndiye Mwari ane simba noumhare

## 967

**Tinotendera Mwari –** *C. T Chinoda*

*M:* Tino-tendera…..

*V: All* Mwari Baba noMwanakomanaha noMwe-ya Mutsvene

*Madetembo:*

1. Baba vanamasimba ose, musiki wedenga napasi.
2. Tinotendera Yesu Kristo, mwanakomana wake.
3. Mwana mumwe chete Mambo wedu, waMariya muvirigo nesimba ramweya mutsvene.
4. Akatongerwa kutambudzika naPonzio Pirato, akarovererwa pachipiyaniso.
5. Akafa akavigwa, akaenda kuvafi, zuva retatu akamuka.
6. Akakwira kudenga, kwaagere kurudyi, kurudyi rwaMwari.
7. Achabvako kuzotonga, vapenyu navafi.
8. Tinotendera Mweya Mutsvene, Kirike sande katorike, kubatana kwavasande.
9. Kuregererwa kwamatadzo, kumuka kwomuviri, norupenyu rusingaperi.
10. Rusingaperi Amen.

*Chorus:*

*All* Mwari Musiki noMwanakomana noMweya Unoera

## 968

**Tinotendera Mwari –** *S.M. Ponde*

*M:* Tinotendera

*V: S* Tinotendera Mwari mumwe chete tinotendera

*B* E --- hongu tinotendera

*Madetembo:*

1. Baba vana masimba ose
2. Vakasika denga napasi
3. Nazvose zvinoonekwa nezvisingaonekwi
4. Tinotendera Yesu Kristo
5. Mwana wake mumwe chete
6. Ndiye Mwari anobva muna Mwari
7. Chiedza chinobva muchiedza
8. Zvinhu zvose zvakasikwa naye
9. Akabva kudenga pamusana pedu
10. Wakaumbwa mumimba yaMaria muvirigo
11. Nesimba raMweya mutsvene
12. Akafa pachipiyaniso
13. Akamuka muvafi nezuva retatu
14. Akakwira kudenga kwaagere kurudyi rwaBaba
15. Achazouya zvakare achipenya
16. Kuzotonga vapenyu navafi
17. Tinotendera mweya mweya musande
18. Mambo anopa upenyu
19. Anobva muna vose Baba nomwanakomana
20. Tinotendera Kirike rimwe chete
21. Kirike sande Katorike
22. Kubatana kwavasande
23. Kuregererwa kwamatadzo
24. Nokumuka kwomuviri
25. Norupenyu rusingaperi

*Chorus:*
*All* E --- hongu tinotendera

## 969

**Tinotendera Mwari** – *T.M. Dunduru*
*M:* Tinotendera Mwari Baba
*V: S/A* Mwari Baba vana masimba ose tinotendera Mwanakomana naMweya Mutsvene
*B* Mwari Baba vana masimba ose ho-o Mwanakomana naMweya Mutsvene
*Madetembo:*
1. Musiki wedenga napasi tinotendera
2. Muridzi wazvose zvose tinotendera
3. Mwana wake mumwe chete tinotendera
4. Wakafa pachipiyaniso tinotandera
5. Wakamuka muvafi ndokukwira kudenga tinotendera
6. Mweya musande kirike katorike tinotendera
7. Kubatana kwavasande tinotendera
8. Kuregererwa kwamatadzo tinotendera
9. Nokumuka kwomuviri tinotendera
10. Norupenyu rusingaperi rusingaperi amen tonotendera

*Chorus:*
*S/A* --- Nomwanakomana noMweya Mutsvene
*B* Baba --- Mwanakomana noMweya Mutsvene

## 970

**Tinouchira Nomufaro –** *V. Zvichauya*
*M:* Tinouchira nomufaroo
*V: All* Mbiri kuna Mwari mbiri kuna Mamboo tinouchira nomufaaroo mbiri kuna Mwari
*Madetembo:*
1. Pururudzirai Mambo wokumusorosoroo pururudzarai Mwari nenzwi romufaro
2. Rumbidzai Mwari imi ndudzi dzose dzavanhu nokuti ngoni dzake hadziperi

## 971

**Tinouya Kwamuri Baba** – *Sr Mavis Chireshe (SJI)*
*Part 1:*
*M: S/A* Tinouya kwamuri Baba
*Kudavira & Chorus:*
*S/A* Tinouya kwamuri panguva ino tichikutendai nemagirasiya amunoisa matiri , Tinoramba tichikutendai nenzira yapamusoro-soro nokutipa zvokushandisa pakuvaka kwatichaita *(Imba/Cathedral)* yedu ye**….**
Imi mweya worunako tipeiwo kushinga kuti tikunde miyedzo

yatichasangana nayo pakuvaka imba iyi. Mwari wechiedza vhurai njere dzedu kuti tione chokwadi chokukosha kweimba yenyu

*B* Tinouya kwamuri pane ino nguva tichikutendai pamagirasiya amunoisa matiri tichikutendai nenzira yapamusoro-soro nokutipa zvokushandisa pakuvaka kwatichaita *(Imba/Cathedral)* yedu ye….
Imi mweya worunako tipeiwo kushinga kuti tikunde miyedzo yatichasangana nayo pakuvaka imba iyi. Mwari Mwari wechiedza vhurai njere dzedu tione chokwadi chekukosha kweimba yenyu

*Madetembo:*

1. Tinoda kuva zvapupu zvorudo rwenyu mukuvaka imba yenyu-u zvichibva musimba uye murudo rwenyu
2. Tinokumbira simba rokuti tishande pamwechete mukuvaka imba yenyu-u tishande pamwechete

*Part 2:*

*Madetembo:*

1. Tinoisa mifaro yedu ,zvishuwo uye zvigozhero mumaoko menyu
2. Ivaiwo muvaki nomurindi mukuru weimba iyi

*Chorus:*

*S/A* Mwari wengoni, rudo nerupfave makati mushoko renyu kana Tenzi asina kuvaka imba vavaki vanoshandira pasina, kana Tenzi asina kuchengeta guta varindi vanorindira pasina-ha

*B* Mwari wengoni, rudo nerupfave makati mushoko renyu Tenzi asina kuvaka iimba vavaki vanoshandira pasina, kana Tenzi kuchengeta guta varindi vanorindira pasina-a

*Part 3:*

*Madetembo:*

1. Kuti tigamuchire dama raMwari
2. Tigova vaparidzi vedama reruponeso

*Chorus:*

*S/A* Maria hosi yorugare mutireverere mutireverere Maria musande mutireverere

*B* Maria musande hosi yorugare hosi yorugare mutireverere nutireverere Maria Musande mutireverere

## 972

**Tinzwireiwo Tsitsi Mambo –** *S.T. Chari*

*M:* Tinzwireiwo tsitsi Mambo x2
*V: All* Tinzwireiwo tsitsi Mambo, tinzwireiwo tsitsi Mambo, tinzwireiwo tsitsi
*M:* Tinzwireiwo tsitsi Kristo x2
*V: All* Tinzwireiwo tsitsi Kristo, tinzwireiwo tsitsi Kristo, tinzwireiwo tsitsi
*M:* Tinzwireiwo tsitsi Mambo x2
*V: All* Tinzwireiwo tsitsi Mambo, tinzwireiwo tsitsi Mambo, tinzwireiwo tsitsi

# 973

**Tinzwireiwo Tsitsi –** *C. Chawasarira*

*M:* Tinzwireiwo x2

*V: All* Tinzwireiwo tsitsi Mwari nokuda kwounyoro hwenyu x4

*Madetembo:*

1. Mambo hamudi kuti mutadzi afe, munoda kuti atendeuke ararame
2. Dzimai zvikanganiso zvedu, nokuda kwengoni dzenyu
3. Isai mwoyo wakachena mukati medu, muvandudze mweya wakarurama mukati medu
4. Dzoseraizve kwatiri mufaro woruponeso rwenyu, titsigire nomweya kuti ude zvakanaka
5. Musatipa sezvakafanira matadzo edu, mutinunure nokuda kwezita renyu
6. Tinodaidzira kunemi Mwari, tererai kuteterera kwedu
7. Ngatitendeukire kuna Mwari, nemwoyo yedu yose

# 974

**Tiponesei Mambo –** *C. Chawasarira*

*M:* Tiponesei Mambo

*V: S/A* Tava kupera nhai Mamboo – Mambo tiponesei Mambo tava kupera nhai Mamboo – Mambo tiponeseiwo

*B* Mambo tiponesei Mambo – Mambo tiponesei Mambo – Mambo tiponesei Mambo – Mambo tiponeseiwo

*Madetembo:*

*Part 1:*

1. Ini ndiri ruponeso rworudzi --- ndizvo zvinotaura Mambo
2. Ngavachemere kwandiri --- munhamo dzose
3. Ndinoda kuvanzwa --- nokuva Mwari wavo narini
4. Teerera mitemo yangu --- iwe rudzi rwangu – Tiponesei Mambo

*Part 2:*

5. Zarura nzeve dzako --- kumanzwi omuromo wangu
6. Kana ndichidana kunaMwari --- Mambo achandiponesa
7. Kandira mutoro wako --- pamusoro paMambo
8. Iye achakusimbisa --- iye achakusimbisa – Tiponesei Mambo

# 975

**Tiponesei Mambo –** *J. Makaure*

*M:* Tiponesei Mambo

*V: All* Tiponesei tiponesei tava kuperaa Mambo tiponesei tava kupera

*Madetembo:*

1. Ini ndiri ruponeso rworudzi ndizvo zvinotaura Mambo. Tiponesi Mambo
2. Ngavachemere kwandiri munhamo dzose. Tiponesi Mambo

3. Ndinoda kuvanzwa nokuva Mwari wavo narini. Tiponesi Mambo
4. Terera mitemo yangu iwe rudzi rwangu. Tiponesi Mambo
5. Zarura nzeve dzako kumanzwi omuromo wangu. Tiponesi Mambo
6. Kana ndichidana kuna Mwari Mambo achandiponesa. Tiponesi Mambo
7. Kandira mutoro wako pamusoro paMambo iye achakusimbisa. Tiponesi Mambo

## 976

**Tiravidzeiwo Runako Rwenyu Mambo –** *S. Karengesha*

*M: S/A* Tiravidzeiwo --- runako rwenyu Mambo
Runako rwenyu Mambo

*V: S/A* Runako rwenyu Mamboo tiravidzeiwo --- mugotipa rupenyu norunako --- tiravidzeiwo runako rwenyu.

*B* Runako rwenyu tiravidzeiwo --- rupenyu norunako --- Mambo runako rwenyu.

*Madetembo:*

1. Zvirokwazvo ruponeso rwake ruri pedyo kuna vanomutya.
2. Mbiri yake ichagara munyika yedu
3. Ngoni nezvokwadi zvichasangana kururama norugare zvichakwazisana
4. Mambo achasunungura vasungwa vedu vari mugomba risine mvura
5. Nhasi tinoziva kuti Mambo achauya namangwana tichaona mbiri yake

*Chorus:*

*S/A* Mwari achatipa zvakanaka nyika yedu ichabereka zvibereko zvayo kururama kuchatitungamirira kuchagadzirira tsoka dzedu nzira --- nzira yorupenyu

*B* Mwari achatipa zvinhu zvake zvakanaka, nyika yedu --- ichabereka zvibereko zvayo --- kuchatitungamirira, kuchagadzirira tsoka dzedu nzira --- nzira yorupenyu.

## 977

**Tiri Mitezo Mizhinji –** *J.S. Maphosa*

*M:* Tiri mitezo mizhinji pamuviri mumwe chete

*V: S/A* Isu takaombekwa takaombekwa tikapihwa zvipo namabasa omweya mutsvene

*B* --- Takaombekwa tikapiwa zvipo namabasa omweya mutsvene

*Madetembo*:

1. Mutezo mumwe nomumwe wakapiwa basa naMwari rakakosha kuti muviri urarame
2. Nokuti muviri womunhu hauzati uchingova womutezo mumwe chete asi mitezo mizhinji

## 978

**Tiri Vanhu VaMwari –** *A. Nyika*

*M:* Tiri vanhu vaMwari
*V: All* Tiri munda wake --- waanochengeta
*M:* Vanhu vaMwari x2
*V: S* Munda wake --- waanochengeta
*B* Munda wake --- munda waanochengeta

## 979

**Tiri Vanhu VaMwari –** *S. Shiri*

*M:* Tiri vanhu vaMwari x2
*V: All* Tiri vanhu vanhu vaMwari namakwai anofudzwa naye-e.
*Madetembo:*
1. Ipai Mwari imi mhuri dzavanhu, kuku-dzwa nesimba.
2. Uyai nezvipo zvomupiro mupinde muravanze rwake-e.
3. Paridzai mabasa anoshamisa aMwari, pakati pendudzi dzose.
4. Nokuti Mwari akanaka anoporesa, ngoni dzake dziri pamarudzi namarudzi.

*Chorus:*
*All* Dudzirai mbiri yaMwari pakati pavasingatenderi.

## 980

**Tiri Vanhu VaMwari –** *L. Maphosa*

*M:* Tiri vanhu vaMwari
*V: All* Tiri vanhu vaMwari-i namakwai anofudzwa, anofudzwa naye Mwari
*Madetembo:*
1. Ipai Mwari imi mhuri dzavanhu
2. Ipai kukudzwa nesimba
3. Uyai nezvipo zvomupiro
4. Mu-upinde muruvanze rwake
5. Dudzirai mbiri yaMwari
6. Pakati pavasingatenderi

*Chorus:*
*All* Tiri vanhu vaMwari namakwai anofudzwa naye

## 981

**Tirumbidze Zita Rake Guru** – *A. Shamu & W. Makumbe*

*M* Tirumbidze
*V: All* Zita rake guru ndiye mutsvene…
*M* Tirumbidze
*V: All* Ndiye mutsvene

*Madetembo:*
1. Hakuno mutsvene wakafanana naMwari hakuno mumwe kunze kwake
2. Kudzai Mwari Ishe wedu ndiye mutsvene
3. Namatai mumba make nokuti Mwari Ishe wedu ndiye mutsvene

## 982

**Tirumbidze Zita Rake Guru –** *C. Takura*

*M:* Tirumbidze zita rake guru ndiye Mutsvene

*Kudavira & Chorus:*

*B* Tirumbidze zita rake ndiye Mutsvene – hakuna Mutsvene akafanana naMwari – hakuna mumwe – kunze kwake, tirumbidze Ishe wedu ndiye Mutsvene

*S/A* --- Tirumbidze Mwari Ishe wedu ndiye Mutsvene – hakuna Mutsvene akafanana
Mwari-i – hakuna mumwe kunze kwake – tirumbidze Mwari Ishe wedu ndiye Mutsvene.

*Madetembo:*
1. Kudzai Mwari Ishe wedu nokuti ndiye Mutsvene
2. Namatai kuna Mwari Ishe wedu nokuti ndiye Mutsvene

## 983

**Tivavarire Denga –** *F. Chimukupete*

*M: S/A* Tivavarire denga

*V: S/A* Tivavarire tivavarire denga zvapasii zvinonyenga

*B* Tivavarire denga musha wezvifaro --- zvinonyenga

*Madetembo:*
1. Ndobasa redu guru zvapasi zvinonyenga --- titore kuuzuru kudenga tozofara
2. Rupenyu rusapere --- tifunde kusapenga kwaMwari ticheme kudenga tozofara
3. Tirwire nhaka yedu --- satani anonyenga kupedza pfuma dzedu kudenga tozofara

*Chorus:*

*All* Kudenga kudenga tozofara --- tozofara kudenga

## 984

**Tivavarire Denga –** *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Tivavarire denga

*V: All* Tivavarire denga, ndomusha wezvifaro, zvapasi zvinonyenga, tifare kuuzuru ndobasa redu guru, kudenga tozofara

*Madetembo:*
1. Tivavarire denga ndomusha wezvifaro, kudenga tozofara
2. Ndiani woverenga kunaka kwose kwaro, kudenga tozofara
3. Tivavarire denga ndobasa redu guru, kudenga tozofara

4. Zvapasi zvinonyenga kupedza pfuma dzedu, kudenga tozofara
5. Tivavarire denga tirwire nhaka yedu, kudenga tozofara
6. Satani anonyenga tirwire nhaka yedu kupedza pfuma, kudenga tozofara

## 985

**Tokukwazisai Mununuri –** *P. Gunyeku*

*M: S/A* Tokukwazisai mununuri
*V: S/A* Mununuri tokukwazisai – i-mi mwana waMwari mwoyo ye-du inozofara – tichiombera imi
*B* --- Imi mwana waMwari tokukwazisai – mwana waMwari mwoyo yedu-u inozofara tichiombera i-mi

*Madetembo:*

1. I-su tose takarasika pasi pano na-rini
2. Asi ma-kazvarirwa-su makava murombo
3. Muku-dzwe muomberwe mununuri wapa-si
4. Tinokudza tokukwazisai savangere vede-nga

*Chorus:*

*S/A* Yesu we-du wadiwa muri shamwari – yedu – bhenedhikai mwoyo yedu oYesu
*B* --- Wadiwa muri shamwari yedu – bhenedhikai mwoyo yedu Yesu

## 986

**Tose Takapapatidzwa** – *D.T. Zavazava*

*M* Tose takapapatidzwa
*V: S* Takapapatidzwa namweya mumwe chete --- isu takapapatidzwa
*B* Takapapatidzwa namweya mumwe chete isu tose takapapatidzwa

*Madetembo:*

1. Vanababa vatenderi
2. Vamai vatenderi
3. Vakomana vatenderi
4. Vasikana vatenderi
5. Masista ose ose
6. Mabrada ose ose
7. Vatenderi vose vose

*Chorus:*

*All* Namweya mumwe chete
*M:* Takapapatidzwa
*All:* Kuti tive muviri mumwe chete

# 987

**Trinitati Sande Kwazvo** – *Zari*
*M*: Trinitati sande kwa-zvo
*V: S/A* Tinokupfugamirai tinokukumbirirai nokuna Maria Musande
*B:* --- Gamirai --- Kumbirai --- Maria Musande
*Madetembo*:
1. Ipai vanhu vose kutendera muchitero chimwe
2. Nokusimbarama mukubvuma kwechikwadii
*Chorus*
*S/A*: Tinokukumbirai nokuna Maria Musande
*B*: ---kumbirai --- Maria Musande

# 988

**Tsika Dzoukristo** – *Br Patrick Maropa*
*M: S/A* Tsika Dzoukristo
*V: All* Tsika Dzoukristo
*Part 1:*
*S/A/T* Vengai zvakaipa-ha, vengai zvakaipa, mubatisisee, zvakana-ka.
*B* --- Vengai zvakaipa-ha, vengai zvakaipa, mubatisise, zvakana-ka
*Part 2:*
*S/A/T* Musakundwa nezvakaipa, asi kundai zvakaipa – nokuda kwokuita zvakanaka.
*B:* Musakundwa nezvakaipa, asi kundai zvakaipa nokuda --- nokuda kwe zvakana-ka.
*Part 3:*
*S/A* Shandai nesimba-ha muchirega kuita zvakaipa, ha-ma-haha, imi shandirai Tenzi nomwoyo wose-he, shandirai Tenzi nomwoyo wose-he.
*T* --- Imi hama dzangu, shandai nesimba, shandai nesimba --- imi hama dzangu, shandirai Tenzi, nomwoyo wose-se, shandirai Tenzi imi.
*B* --- Shandai nesimba, muchirega kuita zvakaipa, hama --- hama imi, muchitsungirira, rambai muchingonamata nguva dzose, nomwoyowo wose-he
*Madetembo:*
1. Kumbirai Mwari kuti akomborere vanokutambudzaii, tsika dzouKristo. Farai mutariro yenyuu
2. Farai nevanofarawo muchichema nevanochemawo, tsika dzouKristo. Farai mutariro yenyuu
3. Kana muvengi wakoo achinge oziya nenzara mu-pe chokudya. Farai mutariro yenyuu
4. Iye muvengi wakoo kana ofaa nenyota mu-pe chokunwa. Farai mutariro yenyuu
*Chorus:*
*B* Rudo --- ngarurege kuita rwokunyengedzera, rwokunyengedzera,

ngaruve rudo rwechokwadi --- rudo ngarurege kuita rwokunyengedzera, rwokunyengedzera, ngaruve rudo rwechokwadi, tsika dzouKristo

*S/A/T* --- Rudo ngarurege kuita rwokunyengedzera, rwokunyengedzera, ngaruve rudo rwechokwadi, irwo rudo --- ngarurege kuita rwokunyengedzera, rwokunyengedzera, ngaruve rudo rwechokwadi. Tsikaa, tsika dzouKristo

# 989

**Tsvagai Mambo –** *S.T. Chari*

*M:* Tsvagai Mambo

*V: S/A* Muchawana muchazarurirwa, muchazarurirwa Mambo vanoti kumbirai muchapihwa

*B* Muchazarurirwa, muchazarurirwa-ha gogodzai kumbirai muchapihwa

*Madetembo:*

1. Musha wangu idara renyu rinoyera Mambo wangu naMwari wangu
2. Vakakomborerwa vanogara mumba menyu vanogara vachikurumbidzai
3. Vakaropafadzwa vanhu vane rubatsiro mamuri kana vachizogadzirira rwendo rwavo
4. Kana vachipfuura nomubani rakaoma vanoriita nzvimbo ina matsime
5. Zviro kwazvo mvura yemunhurukwa inorifukidza namakomborero
6. Vanofamba nesimba vachasvika pamberi paMwari
7. Vakudziwe Baba noMwanakomana naMweya Musande, sezvakanga zviri nakare kose

*Chorus:*

*All* Mwoyo wangu nenyama yangu zvinodana kuna Mwari mupenyu

# 990

**Tsvagai Zvokumusoro-soro –** *G. Murairo*

*M: S/A* Tsvagai zvokumusoro-soro

*V: S* Tsvagai zvokumusorosoro tsvagai tsvagai tsvagai sezvo makamuka pamwe naKristo-o tsvagai zvokumuso-rosoro

*A* Tsvagai zvokumusorosoro tsvagai, tsvagai tsvagai sezvo makamuka, pamwe naKristo-o tsvagai zvokumusorosoro

*B* Zvokumusorosoro tsvagai tsvagai, zvokumusoro-o sezvo makamuka, pamwe naKristo-o tsvagai, zvokumusorosoro

*Madetembo:*

1. Kristo-o hwayana yedu yaMwari yakapirwa pamusana pedu
2. Muri vapiriri vatsvene kuti mugamuchidze – mupiro kuna Mwari
3. Ngatirurame murupenyu rwedu kuti tifadze Mwari
4. Musakangamwa kubatsirana nokuti makapihwa-a ruponeso rwenyu

*Chorus:*

*S/A* Sezvo makamuka pamwe naKristo, pamwe naKristo-o tsvagai

zvokumusorosoro
*B* Sezvo makamuka, makamuka pamwe naKristo, pamwe naKristo-o tsvagai zvokumusorosoro

## 991

**Uchirai Mose –** *W. Wasosa*
*M* Uchirai Mose----
Mose
*V: All* Mambo akwira kudenga uchirai mose Mambo Alleluya
*Madetembo:*
1.Pururudzirai Mwari , imi nyika dzose murumbidze zita rake
2.Rumbidzai mbiri yake nokuti akatipa rupenyu
3.Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza nokuti Mwari ndiye Mambo wedu
4.Iye akamuka muvafi ndiye akatifira pachipiyaniso
5.Vakudziwe Baba noMwanakomana naMweya Musande
6.Sezvakanga zviri pakutanga nazvino nakare kose
*Chorus*
*All* Uchirai --- Mambo --- Mambo Alleluya

## 992

**Uchirai Mose Mambo Akwira Kudenga –** *R. Tonganai*
*M:* Uchirai mose-e Mambo akwira kudenga
*V: S/A* Akwira kudenga Mambo u-chirai Mambo akwira kudenga – akwira kudenga Mambo Alleluya uchirai mose.
*B* Akwira kudenga Mambo uchirai akwira kudenga akwira kudenga Mambo Alleluya uchirai mose.
*Madetembo:*
1.Pururudzirai Mwari imi nyika dzose murumbidze zita rake
2.Rumbidzai mbiri yake nokuti akatipa rupenyu.
3.Imbirai Mwari dzimbo dzokurumbidza nokuti Mwari ndiye Mambo wedu.
4.Iye akamuka muvafi ndiye akatifira pachipiyaniso.
*Chorus:*
*S/A* Uchirai Mambo akwira kudenga, akwira kudenga Mambo Alleluya uchirai mose.
*B* Uchirai akwira kudenga akwira kudenga Mambo Alleluya uchirai mose.

## 993

**Ukudzwe Moyo WaYesu** – *J.Kaseke*
*M: S/A* Ukudzwe mwoyo waYesu
*V: S/A* Ukudzwe pasi pose mwoyo waYesu moyo wakanaka kwazvo ukudzwe imba youMwari vangere navasande vose vapfugamire mwoyo wakanaka

waYesu

*B* --- Mwoyo waYesu imba youMwari ukudzwe mwoyo wakanaka mwoyo waYesu navasande vose vapfugamire mwoyo wakanaka waYesu

*Madetembo:*

1. Mwoyo womwana Yesu unotsva nokutida tichiona mudenga Mwari Mambo mukuru
2. Wazviita muduku toziva mwoyo wake mwoyo waYesu Kristo
3. Mwoyo wakafira pachipiyaniso ndokwatinoona mwoyo mwoyo womununuri
4. Wakatibairwa mwoyo wokuda kwazvo mwoyo waYesu Kristo

## 994

**Ukudzwe Pasi Pose Mwoyo WaYesu –** *P. Masamba*

*M: S/A* Ukudzwe pasi pose mwoyo waYesu Kristo

*V: S/A* Ukudzwe pasi pose mwoyo wakanaka kwazvo imba youMwari, vangere navasande vose-e, vapfugamire, mwoyo waYesu Kristo

*T* Ukudzwe pasi pose mwoyo wakanaka kwazvo-o, vangere navasande vose-e, vapfugamire, mwoyo waYesu Kristo

*B* Ukudzwe pasi pose mwoyo wakanaka kwazvo-o imba youMwari, vangere navasande vose-e, vapfugamire, mwoyo waYesu Kristo

*Madetembo:*

1. Mwoyo wamwana Yesu, unotsva nokutida
2. Tichiona kudenga, Mwari Mambo mukuru
3. Wakazviita muduku, toziva mwoyo wake
4. Mwoyo wakatifira pachipiyaniso, ndokwatinoona mwoyo womununuri

*Chorus:*

*S/A* Wakatibairwa mwoyo wokuda kwazvo-o, wakatibairwa mwoyo wakanaka kwazvo, wakatibairwa mwoyo waYesu Kristo

*B/T* --- Wakatibairwa, mwoyo wokuda kwazvo, wakatibairwa mwoyo wakanaka kwazvo, mwoyo waYesu Kristo

## 995

**Umambo Hwedenga –** *W. Mudavanhu*

*M: S/A* Umambo hwedenga

*V: All* Ndohwepwere ndohwepwere umambo, umambo hwedenga ndohwepwere

*Madetembo:*

1. Mambo ndimi Makati umambo hwedenga hwakamisirwa pwere
2. Ngavauye kwandiri, ngavauye kwandiri
3. Tauya navo Mambo ndivava vatakabata
4. Vagamuchirei nhasi vave venyu nguva dzose

*Chorus:*

*All* Umambo hwedenga ndohwepwere

## 996

**Umambo Hwedenga Ndohwepwere –** *W. Munodawafa*

*M:* Umambo hwedenga

*V: All* Ndohwepwere ndohwepwere umambo, umambo hwedenga ndohwepwere

*Madetembo:*

1. Tauya navo Mambo ndivava vatakabata
2. Vagamuchirei nhasi vave venyu nguva dzose
3. Garai navo Tenzi muvachengete vose
4. Kuipa kwapasi kusavanyonganise
5. Mutichengete isu mumugariro wedu'yu

*Chorus:*

*All* Umambo hwedenga ndohwepwere

## 997

**Umambo Hwekudenga Hungafananidzwa –** *V.T. Mukweva*

*M* Umambo hwekudenga hungafananidzwa

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Umambo hwokudenga hungafananidzwa nomumwe Mambo akaitira mwana wake mabiko omuchato

*B* Umambo hwokudenga denga hungafananidzwa nomumwe Mambo akaitira mwana wake mabiko omuchato

*Madetembo:*

1. Akatumazve varanda kunodaidza vakange vakokwa asi vakararmba
2. Ndabika mabiko ndauraya mombe dzangu dzakakodzwa asi havana kuita hanya nazvo
3. Umwe akaenda zvake kushevo yake , mumwe kumunda , vamwe vakaponda vatumwa
4. Zvino Mambo akatsmwa akaparadza vaya vakavauraya
5. Chiendai kumharadzano dzemigwagwa mukokere vose vamunosangana navo varombo , zvirema , namapofu
6. Vakaunganidza vose vakaipa navakanaka imba ikazara
7. Mambo akaona mumwe asina nguwo yomuchato
8. Wapinda seiko usina hanzu yomuchato, wapinda seiko usina hanzu yomuchato
9. Batai munhu uyu mumukande panze
10. Nokuti vakashevedzwa vazhinji asi vakasarudzwa voshoma

## 998

**Unoburuka Kudenga –** *S. Shiri*

*M:* Unoburuka kudenga Angere wadiwa

*V: All* Unozondiperekedza Angere wadiwa munzira nomusango-o
Handikuoni nameso, asi uri parutivi pangu

*Madetembo:*
1.Usandisiye narini
2.Ndatadza kazhinji
3.Ndiratidzirewo nzira
4.Panoendesa kudenga
*Chorus:*
*All* Namasikati nousiku Angere unongondichengeta

## 999

**Upenyu Hwavatenderi Vokutanga** – *A. Gumbo*
*M:* Upenyu hwavatenderi vokutanga
*V: S/A* Vaigara pamwe chete vachigoverana zvose zvavakanga vainazvo
*B* Vaigara pamwe chete nomoyo umwe chete murudo --- vainazvo
*Madetembo:*
1. Vakasimbirira mukudzidziswa navapostori
2. Vakasimbirira mukuwadzana nokunamata navehama
3. Zuva nezuva vaigarosimbirira kuenda kutemberi vachinamata pamwechete navamwe
*Chorus:*
*S/A* Mambo akavawedzera navamwe vatenderi vakawanda
*B* --- Akavawedzera navamwe vatendi vakawanda

## 1 000

**Upenyu Hwedu Ndimi Mambo** – *J. Kaseke*
*M:* Upenyu hwedu ndimi Mambo kumuka kwedu ndimi Kristo
*V: All* Upenyu hwedu ndimi Mambo kumuka kwedu ndimi Mambo, nzira yokudenga ndimi Kristo, hoyoi mwana wenyu wadaidzwa naMwari Baba ngaabve munyika munofiwa
*Madetembo:*
1. Mambo wedu Yesu hama yedu yamakadaidza iyo makamufirawo pachipiyaniso hama yedu iyo
2. Chipiyaniso chenyu chamakatakura chirerutse kutongwa kwake, hama yedu iyo
3. Ropa renyu sande rakaererawo pachipiyaniso ngarieredzewo matadzo ake hama yedu iyo
4. Achibva munyika munofiwa apinde mudenga mumifaro ya makatsidzirawo vanotenda
*Chorus:*
*All* Pindai naye muParadiso abve munyika munofiwa awane mifaro yedenga yamakatsidzira kuna vanotenda

# 1 001

**Upfumi Hwechokwadi** – *J. Kaseke*

*M:* Upfumi hwechokwadi mwenje wokudenga mwenje wokudenga mwenje wechokwadi

*V: S/A* Nokuti upfumi wapasi hunoparadzwa nezvipfukuto nengura-a. Regai kuz viunganidzira upfumi panopasi pane mbavha dzinopaza dzichiba upfumi hwenyu

*B* --- Kuzviunganidzira wapasi nezvipfukuto nengura kuzviunganidzira upfumi pano pasi, mbavha dzinopaza dzichiba upfumi hwedu

*Madetembo:*

1. Hakuna munhu angagona kuitira Mwari uye mari kana kuva muranda wavatenzi vaviri
2. Tarisai shiri dzedenga hadzina matura uye hadzikohwi asi Baba venyu vari kudenga vanodzirirititira
3. Ndiyaniko pakati penyu angarebesa hupenyu hwake nenguva duku duku nokuda kokuzvidya moyo nezvoupenyu hwapasi
4. Tsvagai umambo hwaMwari kutangira izvi zvose zvimwewo zvic hazopamidzirwa naMwari kwamuri

# 1 002

**Usatya Hako Uri Munhu Wangu** – *L. Mupungu*

*M:* Usatya hako uri munhu wangu

*V: S* Usatya hako uri munhu wangu ndakakudzikinura uri munhu usatya hako

*A/B* Hako uri munhu wangu usatya dzikinura uri munhu wangu usatya hako

*Madetembo:*

1. Kana uchipinda murwizi haungakukurwi nemvura
2. Kana ukafamba mumoto haungatsvi rimi rawo haringakupisi

*Chorus:*

*S* Anonunura vanhu vake-e --- Mwari anonunura vanhu vake-e

*A/B* Anonunura vanhu vake-e Mwari --- nunura vanhu vake-e

# 1 003

**Ushamwari Hwezvirokwazvo** – *J. Pise*

*M: S/A* Ushamwari Hwezvirokwazvo

*V: All* Munhu anomukanwa munotapira munhu munyoro anofarirwa navazhinji, tamba zvako neshamwari zhinji, asi iva nomumwe chete waunoita waunoita wako wepamoyo

*Madetembo:*

1. Kana uchida kuita ushamwari nomumwe, tanga wamuedza usachimbidze kutendeseka nayehe, uchenjerere shamwari dzako
2. Imwe ishamwari yamazuva anonakirana navo, asi nemazuva renhamo hauzoiona, uchenjerere

3. Imwe ishamwari inozova muvengi, yokunyadzisa nokuparidziriravamwe nokuparadzana kwamakaita, uchenjerere
4. Imwe ishamwari pakudya chete, asi kana pava nenhamo hauzoiona, uchenjere
5. Shamwari inotendeseka idiziro kwaro, uyoo ane shamwari yakadai mupfumi, uchenjerere

*Chorus:*

*B* Shamwari – dzamazvirokwazvo mushonga woupenyu, anotya Mwari ndiye anowana shamwari dzamazvirokwazvo

*S/A* --- Shamwari dzamazvirokwazvo mushonga woupenyu, uye anotya Mwari anowana

# 1 004

**Usiku Hwechirairo Chokugumisira** – *J.H. Chikomo*

*M:* Usiku hwechirairo chokugumisira Yesu

*V: S/A* Akabata chingwa akatenda ndokuchimedura akapa vadzidzi vake oti, uyu muviri wangu. Akaitawo izvi nomukombe wehwaini akati kwavari inwai iri iropa rangu

*B* ¬ Akabata chingwa akatenda ndokuchimedura akapa vadzidzi vake oti, gamuchirai mudye muviri wangu. Akaitawo izvi nomukombee nomu kombe wehwaini inwai iropa rangu

*Madetembo:*

1.Nguva yose yamunodya muviri wa-aKristo
2.Nguva yose yamunonwa ropa ra-aKristo
3.Munenge muchiparidza rufu rwa-aTenzi

*Chorus:*

*B* Itai izvi kuti mugosindiyeuka nazvo itai izvi itai izvi mundiyeuke

*S/A* --- Itai izvi kuti mugosindiyeuka nazvo itai izvi kuti mundiyeuke

# 1 005

**Usiku Hwoda Kuenda** – *R .Augusto*

*M:* Usiku hwoda kuenda

*V: S/A* Ngatichirasai mabasa erima sezvo usiku hwoda kuenda tishonge nhumbi dzeurwi ngatizvibatei neunhu sezvatinoita-a zvatinoita kana kwakachena

*B* --- Mabasa erima --- usiku hwoda kuenda --- nhumbi dzeurwi dzechiedza nounhu --- sezvatinoita-a zvatinoita kana kwakachena

*Madetembo:*

1. Yava nguva yokuti timuke muhope tisingaiti udzemwe hwevanwidzani navararadzi
2. Yava nguva yokuti timuke muhope tisingaiti unzenza noufeve
3. Yava nguva yokuti timuke muhope tisingaiti bopoto neshanje
4. Yava nguva yokuti timuke muhope tichirega kuva nehanya nenyama

*Chorus:*
*S/A* --- Shongai Mambo Yesu Kristo
*B* Asika shongai Mambo Yesu Kristo

# 1 006

**Usiku Usande** – *C. Chinyada*
*M:* Usiku usande vose vanorinda
*V: S/A* Usiku usande vose vanorinda vose vanorinda asi Maria naJosefe havana kurinda hope.
*B* Usiku usande vose vanorinda vanorinda-haa. Asi Mariya naJosefe Havana kurinda hope.
*Madetembo:*
1. Mwari mucheche rinda, Mwari mucheche rinda.
2. Usiku usande Yesu anonyanya kutida hama dzake.
3. Vafudzi varongwa kuudzirwa navangere-hee vakaburuka kubva kudenga.
4. Mununuri wasvika mununuri wasvika.

# 1 007

**Utatu Usande Kwazvo Tinokupfugamirai** – *P. Chinodya*
*M: S/A* Utatu usande kwazvo tinokupfugamirai
*V: S/A* Ipai vanhu vose kutendera-a kutendera muchitendero chimwe chete vasimbarare mukutendera chitendero chechokwadi.
*B* --- Ipai vanhu vose --- kutendera --- muchitendero chimwe chetehe – nokubvuma chitendero chechokwadi.
*Madetembo:*
1.Tinokukumbirai chitendero nokuna Maria Musande.
2.Tinokukumbirai kutendera kwechokwadi Amen.

# 1 008

**Uya Mweya Musande** – *S.M. Ponde*
*M* Uya Mweya Musande
*V: All* Uya Mweya musande
*M* Muzadze Mwoyo yeduu
*V: All* Areruya-ha Areruya
*Madetembo*
1.Tumai mweya wenyu Mambo zvose zvichasikwa patsva
2.Tungidzai moto worudo rwenyu mumwoyo medu

# 1 009

**Uya Uya Mweya Musande** – *Fr E. Ribeiro*
*M: S* Uya uya Mweya Musande, uya uya Mweya Musande

*A* Uya uya uya Mweya musande, uya uya Mweya Musande
*T* Uya Mweya Musande buritsai kudenga, uya, uya, miseve yomwenje wenyu
*B* Uya uya, uya Mweya Musande, uya Mweya Musande, uya miseve yom wenje wenyu

*Madetembo:*

1.Uyai Mweya musiki, pindai mumoyo yavenyu, zadzai negirasiya redenga, moyo yakasikwa ne-e-e-mi
2.Munoinzwa munyaradzi, chipo chaMwari mukuru, tsime mhenyu moto chido nechizorwa chomweya
3.Imi mune zvipo zvinomwe, munwe worudyi rwaBaba, mupikirwa kwawo wa Baba, munofundisa rurimi
4.Vesai mwenje mumweya, dirai chido mumwoyo, nyama ichirukutika, batsirai nesimba renyu

# 1 010

**Uya Yesu Chido Changu** – *A.G. Mutetwa*

*M:* Uya Yesu chido changu
*V: S* Uya Yesu chido changu ndinokusuwaiii, musafunga matadzo angu, uyai kwandiri
*B* --- Uya Yesuu, ndinokusuwaii, matadzo angu, uyai kwandiri

*Madetembo:*

1.Ndinoda kukuitirai nomwoyo mukuruu, ndinoshaya rubatsiroo mubasa guru
2.Uyai, uya, Mambo wangu pindai munenii, ndinokupai zviro zvangu zvino narini

*Chorus:*

*S/A* Yesu wangu Yesu wangu, ndinokusuwa, uya Yesu chido changuu, uyai kwandiri
*B* --- Yesu wangu, Yesu --- chido changu, uyai kwandiri

# 1 011

**Uyai Emanuwere** – *E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M* Uyai Emanuwere
*V: All* Mutisunungure uyai uyai Emanuwere mutisunungure vana venyu

*Madetembo:*

1.Tichikuchemai tatandwa diabore watichengedza
2.Uyai uyai Mambo wedu mutidzivirire tichirwa
3.Tinovhunduka tadedera masimba adiabore

*Chorus:*

*All* Uyai uyai Emanuwere mutichenese mutichenese Iziraeri

## 1 012

**Uyai Imi Mose** – *M. Mupangwa*

*M* Uyai imi mosee

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Uyai imi mose kune sakaramendee rakambodzikwa naYesu kundomuyeuka

*B* --- Imi mose kune sakaramende uyaii kundomuyeuka

*Madetembo:*

1.Pano mweya wake pane nyama yake pane ropa rake

2.Muzvioneko zvechingwa anogara nesu anotishevedza

## 1 013

**Uyai Kurumudzai Vari Pano Yesu** – *M. Munyaki*

*M:* Uyai kurumidzai

*V: S/A* Vari pano Yesu chingwa chavangere --- anouya nhasi timurumbidzei --- huyai kurumidzai tinokusuwai

*B* Vari pano Yesu chingwa chavangere --- anouya nhasi timurumbidzei --- kurumidzai tinokusuwai

*Madetembo:*

1.Asi Yesu ndiri mutadzi --- munopinda sei mumwoyo wangu

2.Ndini Yesu wangu wadiwa --- munogona kuchenesa mwoyo weni mupfidzi

## 1 014

**Uyai Kuzopfugamira** – *Sr Dolores Nyathi (HLMC)*

*M: S* Uyai kuzopfugamira

*V: S/A* Hu-yai, Hu-yai kuzopfugami-raa Mambo wavapenyu vose

*B* --- Huyai kuzopfugamira, kuzopfugamira-a Mambo wavapenyu vose

*Madetembo:*

1.Dai mambo mairangarira zvisakarurama ndianiko airamba amire Mambo

2.Asi matadzo anoregererwa nemi kuti vanhu vakukudzei

3.Ndinorindira Mambo mweya wangu unotarisira shoko rake kupfuura varindi vanorindira rungwanani

4.Nokuti kuna Mwari kune ngoni uye kwaari kune kununurwa kukuru

*Chorus:*

*All* Mambo inzwai kuteterera kwangu, Mambo inzwai kuteterera kwangu, nzeve ngadziteerere, ndakadanidzira kwamuri Mwari, ndiri makadzika

## 1 015

**Uyai Kuzopfugamira Mambo** – *I. Maputsa Nezungai*

*M:* Uyai kuzopfugamira Mambo

*V: S/A* Uyai kuzopfugamira Mambo wavapenyu vose, uyai kuzopfugamira

Mambo wavapenyu vose.

*B* Uyai kuzopfugamira Mambo vose uyai uyai --- Mambo wavapenyu vose.

*Madetembo:*

1.Ndakadanidzira kwamuri Mwari ndiri makadzika, dai imi Mambo

2.Mambo inzwai kuteterera kwangu nzeve dzenyu ngadzite-erere, dai imi Mambo

3.Asi matadzo anoregererwa nemi kuti navanhu vakukudzei, dai imi Mambo

4.Ndinorindira Mambo mweya wangu unoterera shoko renyu, dai imi Mambo

5.Mweya wangu unorindira Mambo, kupfuura varindi vanorinda rungwanani, dai imi Mambo

6.Nokuti kuna Mwari kune ngoni uye kwaari kununurwa kukuru, dai imi Mambo

*Chorus:*

*S/A* Dai mairangarira zvisakarurama-a ndianiko? Ndiani-i? Wairamba amire Mambo.

*B* Mairangarira zvisakarurama – ndianiko? Ndianiko airamba amire Mambo.

# 1 016

**Uyai Kuzopfugamira Mambo** – *Z.C. Terere*

*M:* Uyai kuzopfugamira Mambo

*V: S/A* Kuzopfugamira Mambo, wavapenyu vose uyai kuzopfugamira Mambo wavapenyu vose

*B* Uyai kuzopfugamira Mambo – uyai kuzopfugamira Mambo wavapenyu vose

*Madetembo:*

1.Ndakadanidzira kwamuri Mwari ndiri makadzika.

2.Mambo inzwai kuteterera kwangu nzeve dzenyu ngadziterere.

3.Dai mairangarira zvisakarurama ndianiko ndianiko wairamba amire Mambo.

4.Asi matadzo anoregererwa nemi kuti vanhu vakukudzei.

# 1 017

**Uyai Kwandiri Imi Mose** – *V.T. Mukweva*

*M:* Uyai kwandiri imi mose

*V: S/A* Uyai imi mose munobata mabasa anorema nemi makatakura mitoro inorema ndizokusimbaradzai

*B* Huyai, mose, huyai, nemi makatura mitoro inorema ndizokusimbaradzai

*Madetembo:*

1.Muise joko rangu pamusoro penyu mudzidze kwandiri

2.Nokuti ndiri munyoro ndinomwoyo unozvininipisa

3.Nokuti joko rangu rakanaka nomutoro wangu unoreruka

# 1 018

**Uyai Mambo Yesu** – *N.A Mabwe*

*M: S* Uyai Mambo Yesu

*V: S/A* Kuzopedzisa zvamakatanga kuita mukati medu, Mambo bvisai kwatiri matambudziko nenjodzi, kuchema kwose nokurwadziwa, mununure zvisikwa, zvose pakutambudzika kwazvo.

*B* --- Zvamakatanga kuita, zvamakatanga mukati medu --- bvisai matambudziko bvisai bvisai, kuchema kwose nokurwadziwa Mambo munu-nure Mambo, pakutambudzika kwazvo

*Madetembo:*

1.Mambo mupukute misodzi pameso edu.

2.Muzvisike patsva zvisikwa zvose.

3.Mutipewo denga dzva nenyika idzva.

4.Umambo hwenyu nga-husvi-ke.

*Chorus:*

*S/A* Mambo bvisai kwatiri matambudziko nenjodzi.

*B* Mambo bvisai --- matambudziko nenjodzi.

# 1 019

**Uyai Mununuri** – *R. Tonganai*

*M:* Uyai mununuri

*V: All* Makanakisa mununuri Yesu uyai mununuri mununuri wedu Yesu

*Madetembo:*

1.Uyai tisunungureii uyai

2.Takachenjedzwa nadiyabhore uyai

3.Takamutsa hasha dzenyu-u uyai

4.Takakusuwai chingo kare uyai

5.Takaita zvakaipa-ha uyai

*Chorus:*

*All* Yesu makanakisa uyai munuri wedu

# 1 020

**Uyai Mweya Musande** – *W. Dube*

*M: S/A* Uyai Mweya Musande
Mweya Musande

*V:S/A* Uyai Mweya Musande uyai muzadze mwoyo yedu-u Mweya Musande Alleluya Alleluya

*B* Uyai Mweya musande-e, uyai muzadze mwoyo yedu Mweya musande Alleluya Alleluya

*Madetembo:*

1.Tumai mweya wenyu Mambo zvose zvichasikwa patsva

2.Tungidzai moto worudo-o mumwoyo yedu

# 1 021

**Uyai Mweya Musande** – *S.D.M. Mutadzapasi*

*M:* Uyai Mweya Musande
*V: S/A* Buritsai kudenga miseve yomwenje wenyu uyai Mweya Musande
*B* Uyai Mweya buritsai miseve yomwenje wenyu uyai Mweya Musande
*Madetembo:*
1.Munyaradzi wakanakisa, shamwari wadiwa mumweya. Uyai Mweya
2.Mubati wakanaka, taneta wotizorodza. Uyai Mweya
3.Tadziya motitonhodza, tachema motinyaradza. Uyai Mweya
4.Chiedza chisande kwazvo, zadzisai moyo nemweya. Uyai Mweya
5.Zadzisai moyo nemweya, yavatenderi venyu vadiwa. Uyai Mweya
6.Musati mavhenekera, hamuna chinhu mumunhu. Uyai Mweya
7.Hamuna chinhu mumunhu, hapana chisina kusviba. Uyai Mweya
8.Chenesai zvine tsvina, nokudiridza zvakaoma. Uyai Mweya
9.Ponesai pose pane ronda, kotamisai zvikukutu. Uyai Mweya
10.Mudziise chine chando, ruramiai chakatsauka. Uyai Mweya
11.Mupe vatenderi venyu zvipo, vanotarisira kunemi. Uyai Mweya
12.Tafa tipinzei kudenga, tipei kufara narini. Uyai Mweya
*Chorus:*
*S/A* --- Nyakupa wezvipo Mweya uyai uyai muvheneki womoyo
*B* Uyai nyakupa wezvipo Mweya uyai uyai muvheneki womoyo

# 1 022

**Uyai Mweya Musande** – *Fr E. Ribeiro*

*M* Uyai Mweya Musande buritsai kudenga
*All* Alleluya Alleluya
*Madetembo:*
1. Miseve yomwenje wenyu, Uyai Baba wavarombo.
2. Uyai nyakupawezvipo, Uyai muvheneki womwoyo.
3. Munyaradzi wakanakisa, Shamwari wadiwa mumweya.
4. Mubatidzi wakanaka, Taneta, motizorodza.
5. Tadzia, Motitonodza, Tachema motinyaradza.
6. Chiedza chisande kwazvo, Zadzisai mwoyo nemweya.
7. Yavatendi venyu vadiwa, musati mavhenekera.
8. Hamuna chinhu mumunhu, hapana chisina kusviba.
9. Chenesai zvine tsvina, Nokuduridza zvakaoma.
10. Ponesai pose pane ronda, Kotamisai zvikukutu.
11. Mudziise chine chando, Ruramisai ckakatsauka.
12. Mupe vatenderi venyu, Vatendere venyu.
13. Zvinomwe zvokuvasandisa, Takarurama titusei
14. Tafa tipinzei kudenga, tipei kufarako narini.

*Chorus:*
*All* Alleluya Alleluya, Alleluya Alleluya

## 1 023

**Uyai Mweya Musande** – *M. Kanene*
*M:* Uyai Mweya Musande
*V: S/A* Uyai muzadze mwoyo, Mweya Musande
--- Muzadze mwoyo yedu – uyai muzadze mwoyo
*B* Uyai muzadze mwoyo, Mweya Musande uyai mweyaa uyai muzadze mwoyo
*Madetembo:*
1.Tumai mweya wenyu Mambo, uyai Mweya Musande
2.Zvose zvichasikwa patsva uyai Mweya Musande
3.Tungidzai moto worudo rwenyu, uyai Mweya Musande
4.Mumwoyo medu uyai Mweya Musande

## 1 024

**Uyai Mweya Musande** – *Sr Thomas Nyamakwere (HLMC)*
*M:* Uyai Mweya Musande
*Kudavira & Chorus:*
*S/A* Buritsai kudenga miseve yomwenje yenyu
*B* Buritsai buritsai miseve yomwenje yenyu
*Madetembo:*
1.Uyai Baba vavarombo uyai nyakupa wezvipo
2.Uyai muvheneki womwoyo munyaradzi wakanakisa
3.Shamwari wadiwa mumweya mubatidzi wakanaka
4.Taneta motizorodza, todziya motitonhodza
5.Tochema motinyaradza, chiedza chisande kwazvo
6.Zadzisai mwoyo nemweya yavatendi venyu vadiwa
7.Musati mavhenekera hamuna chinhu mumunhu
8.Hapana chisina kusviba chenesai zvine tsvina

## 1 025

**Uyai Mweya Musiki** – *J. Makaure*
*M:* Uyai mweya musiki
*V: All* Pindai mumwoyo yevenyu zadzai negirasiya redenga mwoyo yakasikwa nemi
*Madetembo:*
1.Tsime mhenyu moto chido nechizorwa chomweya
2.Mupikirwa kwavo vaBaba munofundisa rurimi
3.Munoidzwa munyaradzi chipo chaMwari mukuru

4.Imi mune zvipo zvinomwe munwe worudyi rwaBaba
*Chorus:*
*All* Zadzai negirasiya redenga mwoyo yakasikwa nemi

## 1 026

**Uyai Mweya Uyai** – *M. Kanene*
*M: S/A* Uyai mweya uyai
*V: S* Uyai mweya musiki pindai mumwoyo yavenyu
Mweya musiki mupikirwa kwawo waBaba
*A* Uyai muzadze moyo Alleluya Alleluya
*B* -- Mweya musiki pindai mumwoyo yavenyu uyai
Uyai mweya kwawo waBaba
*Madetembo:*
1.Munoidzwa munyaradzi chipo chaMwari mukuru
2.Tsime mhenyu moto chido nechizorwa chomweya
3.Imi mune zvipo zvinomwe mumwe worudyi rwaBaba
*Chorus:*
*S/A* Zadzai mumwoyo yavenyu negirasiya re-edengaa mwoyo yakasikwa nemi
*B* Mumwoyo yenyu zadzai zadzai mweya yakasikwa nemi

## 1 027

**Uyai Tiimbire Hosi Yedenga** – *F. Nyamasoka*
*M:* Uyai tiimbire Hosi yedenga
*V: S/A* Tiimbire hosi yedu yedenga ndivo amai vomununuri
Amai vedu vadiwa – Uyai mose tiimbire.
*B* --- Tiimbire Hosi yedu yedenga ndivo amai vomununuri vedu vadiwa – uyai mose tiimbire.
*Madetembo:*
1.Mwoyo yedu inopfura tichikudza Maria makanaka makanakisa.
2.Maria musine mhaka makwaziswa naAngere vati Ave Ave Maria.
3.Mwoyo wenyu woutsvene wasarudzwa naMwari matorwa musina mhaka.
4.Vanhu vose vakatapwa imi makakurira tsoka yenyu yakatsika musoro wadiabore.

## 1 028

**Uyai Tipfugamire** – *D. Zavazava*
*M* Uyai tipfugamire
Tipfugamire
*V: All* Sakaramende sande kwazvo --- ti-pfugamire
*Madetembo:*
1.Rumbidzai Mambo --- imi ndudzi dzose

2.Rumbidzai Mambo --- imi vanhu vose
3.Nokuti anogarotinzwira --- tinzwira tsitsi
4.Nokutipa shoko --- shoko remazvirokwazvo
*Chorus*
*All* Tipfugamire --- uyai tipfugamire

# 1 029

**Uyai Tipfugamire** – *D. Zavazava*
*M:* Uyai tipfugamire
*V: All* Kristo Mambo wavasarudzwi areruya
*Madetembo:*
1.Paridzai mbiri yaMwari nemwoyo yakachena
2.Vasarudzwi vakanzwa shoko raMwari vakaita kuda kwake

# 1 030

**Uyai Tipfugamire** – *A. Shamu Maurunge*
*M:* Uyai tipfugamire
Tipfugamire
*V: All* Kristo Mambo wavasarudzwi areruya
*Madetembo:*
1.Paridzai mbiri yaMwari nemwoyo yakachena
2.Vasarudzwi vakanzwa shoko raMwari vakaita kuda kwake

# 1 031

**Uyai Tipfugamire Kristo** – *B.M. Musinami*
*M* Uyai tipfugamire Kristo
Tipfugamire Kristo
*V: S/A* Uyai uyai-i tipfugamire Kristo Mambo wavasarudzwi Alleluya
*B* Uyai uyai-i tipfugamire --- Mambo wavasarudzwi Alleluya
*Madetembo:*
1.Vasarudzwi vakanzwa shoko raMwari x2
2.Vakanzwa shoko raMwari vakaita kuda kwake x2
*Chorus:*
*S/A* Paridzai mbiri yaMwari paridzai nemwoyo yakachena
*B* --- Mbiri yaMwari paridzai nemwoyo yakachena

# 1 032

**Uyai Tipfugamire Mambo** – *J.K. Dzingai*
*M:* Uyai tipfugamire Mambo
*V: All* Uyai tipfugamire Mambo, Mambo wavasarudzwi Kristo, uyai tipfugamire Mambo

*Madetembo:*
1.Paridzai mbiri yaMwari nemwoyo yakachena, uyai tipfugamire Mambo
2.Vasarudzwi vakanzwa shoko raMwari vakaita kuda kwake, uyai tipfugamire Mambo

# 1 033

**Uyai Uyai Wadiwa** – *J. Kaseke*
*M: S* Uyai uyai wadiwa
*Kudavira & Chorus:*
*S/A* Kunesu ona tinochemera Yesu wadiwa pasi pose hapana kugarika-ha uyai uyai wadiwa
*B* --- Wadiwa ona tinochemera kugarikaha-ha hapana kugarika-ha uyai wadiwa
*Madetembo:*
1.Ndizvo tinochemera uyai Yesu chimbidzai. Uyai uyai wadiwa
2.Yesu kana tatadza tiregererei tapfidza. Uyai uyai wadiwa

# 1 034

**Uyai Vatenderi** – *R. Tonganai*
*M:* Uyai vatenderi
*V: S/A* Uyai vatenderi nhasi tinofara tiende tiyeendee kuBeterehema tarai mucheche Mambo wavangere
*B* --- Nhasi tinofaraha tieende tiyeendee kuBeterehema tarai mucheche Mambo wavangere
*Madetembo:*
1.Vafudzi vasiya dzimba bako ravo vamanya vamanya kudanga
2.Vamanya vamanya kudanga nesu timanye kundokudza Mwari
3.Musiki wedenga mununuri wedu wazvarwa mudanga murombo
4.Wazvarwa mudanga murombo chido chaMwari chido chakanyanya
*Chorus:*
*S/A* Uyai tipfugamirehe uya tipfugamirehe uyai tipfugamire Yesu Mambo wavangere
*B* Uyai tipfugamire uyai tipfugamire uyai tipfugamire Yesu Mambo wavangere

# 1 035

**Uyai Yesu Kunesu** – *Sr Thomas Nyamakwere (HLMC)*
*M:* Uyai Yesu kunesu
*V: All* Uyai Yesu kunesu, Yesu wedu wadiwa
Onai tinochemera, uyai Yesu wadiwa
Pasi pose hapana, kufara kugarika

Asi chido chaMwar,i chinoponesa isu
Ndizvo tinochemera, uyai Yesu chimbidzai
Pindai mumwoyo yedu, muri kufara kwedu
Yesu kana tatadza, tiregerei tapfidza
Chenesai mwoyo yedu, uyai Yesu kunesu

# 1 036

**Uyo Hake Akatsunga** – *J. Kaseke*

*M: S/A* Uyo hake akatsunga achadzikwa ndaza youkundi mumusoro make
*V: S/A* Uyo hake akatsunga achadzikwa ndaza youkundi mumusoro make inova ndiyo chipo choupenyu chakapikirwa avo vanorudo naMambo
*B* --- Uyo hake akatsungarara achadzikwa ndaza youkundi mumusoro make --- ndiyo chipo choupenyu chakapikirwa avo vanorudo naMambo

*Chorus:*
*S/A* Naizvozvo fananai nenyoka mukuchenjera muite senjiva mukasanyengedza muchenjere nokuti vanhu vachakuturiraiwo mumaoko amakurukota amatare avo
*B* --- Fananai nenyoka mukuchenjera --- senjiva mukasanyengedza --- no kuti vanhu vachakuturiraiwo mumaoko amakurukota amatare avo

*Chorus:*
*S/A* Nokuti nenguva yakare iyoyo muchapiwa zvamuchataura naMweya ha musiri imi munotaura asi Mweya, Mweya waBaba venyu ndiwo unotaura nomamuri
*B* --- Nenguva yakare iyoyo muchapiwa zvamuchataura naMweya hamusiri imi munotaura asi Mweya, Mweya waBaba venyu ndiwo uyo mweya unotaura nomamuri

*Madetembo:*
1.Onaika ndinokutumai sehwai dzinotumwa mukati memhumi
2.Vachakupuraiwo mumasinagoge avo, uye muchakwidzwa pana vabati venyika
3.Napana madzimambo pamusana panguu kuti mugova zvapupu zvangu kwaari nokuna vahedheni
4.Nokuti hakuna chakafukidzwa chisingazofudugurwa, kana chakavandika chisingazozivikanwa

*Detembo:*
1.Nezvandinokuudzai murima zvitaurei pachena, nezvamunotaurirwa nakazevezeve zvishevedzerei mumire pamatanga edzimba

*Chorus:*
*S/A* Nokuti nenguva yakare iyoyo muchapihwa zvamuchataura naMweya-a, hamusiri imi munotaura, asi Mweya, Mweya waBaba venyu, ndiwo unotaura nomamuri
*B* --- Nokuti nenguva yakare iyoyo muchapihwa zvamuchataura

naMweya-a, hamusiri imi munotaura, asi Mweya, Mweya waBaba venyu, ndiwo unotaura nomamuri

*Detembo:*

1.Regai kutya vanouraya muviri asi vasingagoni kuuraya mweya, ityaiwo uyo zvikuru anogona kuparadza muviri nomweya zvose mugehena

*Chorus:*

*S/A* Nokuti munhu ari wose wose anosimbira kwandiri pamberi pavanhu neniwo ndichasimbirawo kwaari pamberi paBaba vangu kudenga asi uyowo anondiramba pamberi pavanhu neniwo ndichamurambawo pamberi paBaba vangu vari kudenga

*B* --- Munhu ari wose wose anosimbira kwandiri pamberi pavanhu neniwo ndichasimbira kwaari pamberi paBaba vangu kudenga uyowo anondiramba pamberi pavanhu neniwo ndichamurambawo pamberi paBaba vangu vari kudenga

# 1 037

U**yo Wamakatakura Wamuka Muguva** – *R. Mandigo*

*M:* Uyo wamakatakura wamuka muguva Allelu-ya

*V: S/A* Hosi yedu yokudenga farai, uyo wamakatakura, wamakatakura, wamuka muguva fara-i, farai Maria Allelu-ya

*B* --- Hosi yokudenga farai, wamakatakura, wamakatakura – wamu-ka – farai – farai – Maria Alleluya

*Part 1:*

*Madetembo:*

1.Kutambudzika kwapera Alleluya

2.Waripira mhosva dzedu Alleluya

*Chorus:*

*S/A* Maria muvirigo tikumbirirewo, tikumbirireiwo Alleluya – uyo wamuka nembiri

*B* --- Maria tikumbirirewo tikumbirireiwo Alleluya – uyo wamuka nembiri

*Part 2:*

*Madetembo:*

1.Wamuka nembiri sezvaaitaura Maria farai Allelu-ya

*Chorus:*

*S* Alleluya – Alleluya – sezvaaitaura

*A/B* --- Alleluya farai – Alleluya wamuka – sezvaaita-ura

# 1 038

**Uyu Muviri Wangu** – *B.B. Mutize*

*M:* Uyu muviri wangu

*V: S/A* Uyu muviri wangu unopirwa, muviri wangu unopirirwemi ---
Itai izvi mugosindiyeuka, mugosindiyeuka nazvo

*B* Muviri wangu unopirwa muviri unopirirwemi, itai izvi,
Itai itai izvi mugosindiyeuka nazvo

*Madetembo:*

1.Uyu mukombe wechitenderano chitsva, muropa rangu
2.Ndinodaidzira kwamuri Mwari, inzwai kuteterera kwangu
3.Ndinogarira Mambo, ndinoteverera shoko rake
4.Mweya wangu unogarira Mambo kupfuura munhu anogaririra rungwanani
5.Yesu Kristo akateerera kusvikira kurufu rwechipiyaniso
6.Akatiporesa isu namaronda ake

*Chorus:*

*S/A* Itai izvi mugosindiyeuka, mugosindiyeuka nazvo
*B* Itai izvi, itai itai izvi mugosindiyeuka nazvo

# 1 039

**Uyu Muviri Wangu** – *J. Makaure*

*M:* Uyu muviri wangu
*V: S/A* Unopirirwemi itai izvi kuti mugosindiyeuka nazvo uyu muviri wangu
*B* Unopirirwemi izvi kuti mugosindiyeuka nazvo uyu muviri wangu

*Madetembo:*

1.Zvanzi naMambo uyu muviri wangu unopirwa
2.Uyu mukombe wechitenderano chitsva muropa rangu
3.Ndinodaidzira kwamuri Mwari inzwai kuteterera kwangu
4.Ndinogarira Mambo ndinoterera shoko rake
5.Mweya wangu unogarira Mambo kupfuura vanhu vanogaririra rungwanani
6.Yesu Kristo akateerera kusvika kurufu kusvika kurufu rwechipiyaniso
7.Akatiporesa isu namaronda ake

*Chorus:*

*All* Kuti mugosindiyeuka kuti mugosindiyeuka uyu muviri wangu unopirirwemi

# 1 040

**Uyu Ndiwo Mugariro Wavatenderi** – *Fr. J Dandiro Hwata*

*M: S/A* Uyu ndiwo mugariro wavatenderi
*V: S/A* Hama dzangu-imi zvamuri makasarudzwa naMwari – mukateketerwa kwaari - muchidiwa naye - chipfekai tsika dzakakodzerana, tsika dzakakodzorena nemi-i
Ivai nomwoyo wetsitsi – nomwoyo munyoro – zvirerekeyi, ivai vanyoro muine mwoyo murefu muchiregererana zvikanganiso zvenyu.
*B* Hama dzangu --- makasarudzwa naMwari, mukateketerwa kwaari - muchidiwa naye, chipfekai - tsika dzakakodzerana tsika dzakakodzorena nemi-i
Ivai nomwoyo wetsitsi nomwoyo munyoro – zvirerekeyi, ivai vanyoro

muine mwoyo murefu muchiregererana zvikanganiso zvenyu-u

*Madetembo:*

1.Mambo sezvaakakuregerai, nemiwo regereranai zvikanganiso

2.Pamusoro pezvivi pfekai rudo, runovandirwo bandi, runosunganidza zvose --- ruchipedzeredza

3.Ivai vanhu, vano rutendo, ivaiwo vanhu vano rutendo

4.Rugare rwaKristo – ngaruve noutangi mumwoyo yenyu

5.Shoko raKristo ngarive mamuri, nehupfumi hwaro hose-e

*Chorus:*

*All* Ivai nomwoyo wetsitsi, nomwoyo munyoro – zvirerekeyi
Muchiregerena kunge mumwe aine nhuna nomumwe

# 1 041

**Uyu Ndiye Mufudzi** – *Fr E.Ribeiro*

1. Uyu ndiye mufudzi, watumwa naMwari Baba
Kuti afudze hwai dzake, nokudzipa kudya kutsvene

*Chorus:*

Shoko rakabva kumusoro, kumusoro kuna Mwari Baba
Baba tatenda hedu, makomborero amatipa.

2. Baba matipa ndimi, mupriste nomuzorwi wenyu
Svikiro Muteketerwi wenyu, mufudzi wenyu nhumwa yenyu

3. Baba chichengetai, muzorwi wenyu wamatipa
Arurame pamberi penyu, atsige somuranda wenyu

4. Baba mauya pano, mativigira mumvuri wenyu
Vhumbamirai nhiyo dzenyu, dzisai gomborero renyu

5. Baba mamusarudza ndimi, mupriste wenyu nhumwa yenyu
Anopira mupiro wenyu, wokupfupira zvivi zvedu

6. Baba makamumutsa ndimi, musarudzwi murevereri wedu
Nezvipo zvaMweya Mutsvene, rugare rudo ruve nesu

7. Baba garai nesu, mutandare navana venyu
Tatenda matipa mufudzi, tatenda gomborero renyu

8. Baba shoko matipa, rerupenyu noruponeso
Rapai pasi padekare, rikudzwe zita renyu dzvene

9. Baba matipa ndimi, mupriste nomuzorwi wenyu
Muteketerwi svikiro renyu, mupirwi nokusingaperi

# 1 042

**Uyu ndiye Mwanakomana Wangu** – *J.K. Dzingai*

*M:* Uyu ndiye

*V: All* Uyu ndiye mwanakomana wangu, mwanakomana wangu, munzwei munzwei mwanakomana wangu

*Madetembo:*
1.Varimi vakarima musana wangu wavakaita mihoronga mirefu
2.Vakanditambudza kazhinji kubvira paudiki hwangu asi vagere kundikunda

# 1 043

**Uyu Ndiye Mwanakomana Wangu** – *L. Masukume*

*M:* Uyuu ndiye mwanakomana wangu
*V: S/A* Uyu ndiye mwanakomana wangu munzwei mwanakomana wangu uyu ndiye mwanakomana wangu wadiwa
*B* ---- Mwanakomana wangu --- wadiwa munzwei --- mwanakomana wangu wadiwaa

*Madetembo:*
1.Varimi vakarima musana wangu
2.Musana wangu wavakaita mihoronga mirefu
3.Vakanditambudza kazhinji kubvira pauduku hwangu
4.Kubvira pauduku hwangu asi vagere kundikunda

*Chorus:*
*S* Mwanakomana wangu wadiwa munzweii uyu ndiye mwanakomana wangu wadiwaa
*B* Mwanakomana wangu wadiwa munzweii --- mwanakomana wangu wadiwaa

# 1 044

**Uzorore Murugare** – *A. Chamunorwa*

*M:* Uzorore murugare-e, uzorore murugare-e, uzorore murugare-e
*V: S* Pinda mumba mako uzorore mu-ru-ga-re kudzamara musi unomutswa vanhu vose pinda mumba mako
*B* --- Uzorore murugare kudzamara musi unomutswa vanhu vose uzorore murugare
*T* Mwari Mambo tambira mwana wenyu mugare naye misi yose – Mwari Mambo – tambirai-i

*Madetembo:*
1. Mambo mukayeuka zvivi angasarangwe ndiyaniko, munzwireiwo tsitsi Mambo, mumutore mugare naye
2. Muregerereiwo Mambo zvitema zvake zvose zvose, mwana ndowenyu uyu Mambo musamukande kwakadaro
3. Tandirai vavengi kure vanoda kuti vamutore, ngaasvike kwamunogara kuupenyu husingperi
4. Kanganwai zvitema zvake achifara nemi narini, mupeiwo rugare rwenyu chiedza chimuvhenekere
5. Kristo imi makamufira muchingurei nhasi uno, apinde mudenga mamuri sezvakaita mbavha iya

# 1 045

**Vadikanwi Ngatidane** – *Br P. Maropa*

*M: S/A* Vadikanwi ngatidane, ngatidane, vadikanwi ngatidane ngatidanee x2
*T* Vadikanwii ngatida-ane ngatidane-e --- vadikanwii
*B* --- Vadikanwii --- ngatidane --- vadikanwi ngatidanehe

*Chorus 1*

*V: S/A* Nokuti rudo runobva kuna Mwari nokuti rudo runobva kuna Mwari uyo ane rudo akaberekwa naMwari uye anoziva Mwari
*B* --- Nokuti rudo runobva --- kuna Mwari --- rudo runobva --- kuna Mwari --- uyo ane rudoo --- akaberekwa naMwari --- uye anoziva Mwarii
*T* Nokuti rudo runobva kuna Mwari --- rudoo runobvaa kuna Mwari ane rudoo akaberekwa naMwari anoziva Mwarii

*Part 1:*

*Chorus 2:*

*S/A* Mwari rudo rudooo Mwari rudo rudooo x2
*B* Mwari rudo rudoo ruudo Mwari rudo x2
*T* Vadikanwi ngatidane Mwari rudoo vadikanwi ngatidane Mwari rudo x2

*Madetembo:*

1.Tsime rokutanga tsime rokutanga tsime rerudoo. Mwari rudoo
2.Ani naani asingadi vamwe haana rudoo. Mwari ridooo.

*All* Mwari rudoo Mwari rudoo

*Part 2:*

*Madetembo:*

3.Pane rudo hapana kutya hapana kutya.
*All* Munhu anopupuraha
4.Rudo rwakakwanaa rwunodzinga kutya kwose rwunodzinga kutya kwose rudo rwakakwana
*All* Munhu anopupuraha

*Chorus:*

S Munhu anopupura pachena kuti Jesu mwana waMwari, kuti Jesu mwana waMwari ane rudo Mwari anogara maari iye achigara muna Mwari nokuti Mwari rudoo, Mwari rudoo Mwari rudo vadikanwi vadikanwi Mwari rudoo, Mwari rudoo Mwari rudo vadikanwi vadikanwi Mwari rudoo
*A* Munhu anopupura pachena kuti Jesu mwana waMwari kuti Jesu mwana waMwari ane rudo Mwari anogara maari iye achigara muna Mwari nokuti Mwari rudoo, Mwari rudo vadikanwi Mwari rudo vadikanwi Mwari rudoo, Mwari rudo vadikanwi Mwari rudo vadikanwi Mwari rudoo
*B* Munhu anopupura munhu anopupura pachena kuti Jesu mwana waMwari

kuti Jesu mwana waMwari, ane rudo Mwari anogara maari iye achigara muna Mwari Mwari rudoo Mwari rudo vadikanwi Mwari rudoo, Mwari rudo vadikanwi Mwari rudoo

*T* Munhu anopupura pachena kuti Jesu mwana waMwari, Mwari anogara anogara maari iye achigara muna Mwari, Mwari rudo vadikanwi Mwari rudo vadikanwi Mwari rudo, Mwari rudo vadikanwi Mwari rudo vadikanwi Mwari rudo

*Madetembo:*

1.Tanga wada hama yako hama yako yaunoona ugoda Mwari, ugoda Mwari.

*All:* Tsime rokutanga tsime rorudo

2. Kana munhu achida Mwari ngaadewo hama yake somurairo watakapihwa naMwari, somurairo watakapihwa naMwari.

*All:* Tsime rokutanga tsime rorudo

3.Vadikanwi kana tichidanaa kana tichidanaMwari anogara nesu Mwari anogara nesuu

*S/A* Tinofanira kudana kana Mwari akatida Mwari akatida vadikanwii kana tichidana Mwari anogara nesu rudoo rwake rwunozara matiri ruudoo Mwari rudoo Mwarii rudo rudo ruudoo Mwari rudoo

*B* --- Tinofanira kudana kana Mwarii akatida kana Mwari akatida vadikanwi vangu kana tichidana Mwari anogara nesu rudoo rwake runozara matiri rudoo rwake runozara matiri rudo rwake runozara matiri – Mwari ruudoo, Mwari rudoo

*T* Mwari wakatida isu Mwari wakatida Mwari wakatida isu Mwari wakatida, nokutitumira Jesu, Jesu mwana wake kuti ave mudzikinuri wedu, wedu, ave mudzikinuri wedu, Mwari rudo, vadikanwi vangu, Mwari rudo Mwari ruudoo

# 1 046

**Vafiri Rumbidzai Mambo** – *M. Makamure*

*M* Vafiri rumbidzai Mambo

*V: All* Imi vafiri vechitendero…

*M* Rumbidzai

*V: All* Mambo nokusingaperi

*Madetembo:*

1.Musatye vanhu avo vanokutambudzai nokukuurayai

2.Kana munhu achishumira Yesu ngaamutevere iye Mambo

3.Napaanenge ari iye muranda wake achavapowo

4.Kana munhu achida kutevera Mambo ngaasimudze chipiyaniso chake amutevere

5.Imi Mwari makagadzirira varombo zvipo zvenyu zvakanaka

## 1 047

**Vafiri Vechitendero** – *O.P.D. Tagwasha*

*M:* Vafiri vechitendero

*V: S/A* Imi rumbidzai Mambo nokusingaperi musatya vanhu avo vanokutambudzai vachikuurayayi

*B* --- Rumbidzai Mambo – nokusingaperi musatya vanhu avo vanokutambudzai vachikuurayayi

*Madetembo:*

1.Anoda kutevera Mambo ngaatakure chipiyaniso chake
2.Vanhu vanokutambudzai vachikuurayai

## 1 048

**Vagandami Varwi Kwavo** – *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Vagandami varwi kwavo

*V: All* Vagandami varwi kwavo zvino munofara kudenga onai Mwari akutorai, kudenga kuzokutusai, mutikumbirire isu-u varwi kwavo, zvino mofara kudenga

*Madetembo:*

1.Iwe Kizito zvawanga uri pwere, wakawanepi masimba nokutsunga kwakadaro
2.Mwari akasarudza kupamhidza girasiya rake-e, chipo chaMwari kunesu mwenje wavana vadiki
3.Nomoto worufu rwako-o tofundiswa katekisimo sezvawakafundiswaa sezvawakafundiswaa

## 1 049

**Vaitiri Veshoko RaMwari** – *J.K. Dzingai*

*M:* Vaitiri veshoko raMwari

*V: All* Ivai vaitiri veshoko raMwari musingangova vanzwi bedzi vaitiri veshoko, veshoko raMwari

*Madetembo:*

1.Ndakasimudza meso angu kwamuri munogara kudenga, vaitiri veshoko raMwari
2.Sameso omurandakadzi anotarira ruoko rwaTenzikadzi wake saizvozvo meso edu anotarira kuna Mambo Mwari wedu, vaitiri veshoko raMwari
3.Tinzwireiwo tsitsi, Mwari tinzwireiwo tsitsi nokuti taguta chose nokukundwa, vaitiri veshoko raMwari

## 1 050

**Vakachingura Mambo Vachiti Hosana** – *J.K. Dzingai*

*M:* Vakachingura Mambo vachiti hosanna

*V: S/A* Vakachingura Mambo vanhu vazhinji --- vakatakura masanzu emirara vanhu vazhinji

*B/T* Vanhu vazhinji vakachingura Mambo vanhu vazhinji, masanzu emirara vanhu vazhinji vakachingura Mambo

*Madetembo:*

1.Nyika ndeya Mambo nazvose zvirimo, nyika yose navageremo ndeva Mambo
2.Ndiye wakaitega pamusoro pamakungwa nokuisimbisa pamusoro penzizi
3.Zarukai imi masasa epasichigare kuti Mambo wokubwinya apinde

# 1 051

**Vakachingura Mambo Vanhu** – *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*

*M:* Vakachingura Mambo vanhu vazhiji zhinji
*V: S/A* Vakachingura Mambo vakatakura masanzu emirara vachiti hosana hosana vanhu vazhinji vakachingura Mambo vachiti hosana hosana
*B* --- Hosana, hosana – nzu – e-mirara mirara, hosana, hosana vanhu hosanna, Mambo vachiti hosanna hosana

*Madetembo:*

1.Nyika ndeya Mambo nazvose zvirimo
2.Nyika yose navageremo ndeya Mambo
3.Ndiye wakaitega pamusoro pamakungwa
4.Nokuisimbisa pamusoro penzizi
5.Zarukai imi masasa epasichigare
6.Zarukai kuti Mambo wokubwinya apinde
7.Ndiyaniko iye Mambo wokubwinya
8.Ndiye Mambo ane simba noumhare
9.Ndianiko iye Mambo wekubwinya
10.Ndiye Mambo wehondo, Mambo wokubwinya

*Chorus:*

*S/A/T* Vakachingura Mambo vachiti hosanna-a hosanna
*B* Mambo, vachiti hosanna hosana

# 1 052

**Vakagoverana Zvipfeko** – *S.M. Ponde*

*M* Vaka-goverana
*V: S* Zvipfeko zvake pakati pavo vachiita chingange
*B* Zvipfeko --- zvipfeko-o --- vachiita chingange

*Madetembo:*

1.Mwari wangu Mwari wangu manditizireiko?
2.Munomirireiko kure musingandibatsiri ini ndakakombwa kudai navavengi
3.Mwari wangu ndinokudanai zuva rose asi imi hamundipinduri
4.Asi imi muri mutsvene imi mugere pachigaro chaIsraeri
5.Madzibaba edu akavimba nemi vakavimba nemi mukavarwira

# 1 053

**Vakagoverana Zvipfeko** – *C. Chawasarira*

*M:* Vakagoverana

*V: All* Zvipfeko zvake pakati pavo vachiita chin’ange-e, vachiita chin’ange

*Madetembo:*

1.Mwari wangu Mwari wangu mandisiireiko?
2.Munomirireiko kure musingandibatsiri ini ndakakombwa kudai navavengi
3.Mwari wangu ndinokudanai zuva rose asi imi hamundipinduri
4.Asi imi muri mutsvene imi mugere pachigaro chaIsraeri
5.Madzibaba edu akavimba nemi vakavimba nemi mukavarwira
6.Vakachema kwamuri mukavarwira, vakavimba nemi mukasavanyadzisa.
7.Asi ini ndiri honye handisi munhu ndiri chinhu chinozvidzwa navose.
8.Vose vanondiwona vanondiseka, vanoshamisa muromo vanodzungudza misoro yavo.

# 1 054

**Vakagoverana Zvipfeko** – *H.M. Gambiza*

*M* Vakagoverana

*V: All* Zvipfeko zvake pakati pavo vakagoverana zvipfeko zvake vachiita chingange

*Madetembo:*

1.Mwari wangu, Mwari wangu manditizireiko?
2.Munomirireiko kure musingandibatsiri ini ndakakombwa kudai navavengi
3.Mwari wangu ndinokudanai zuva rose asi hamundipinduri.
4.Asi imi muri mutsvene imi mugere pachigaro chaIsraeri.
5.Madzibaba edu akavimba nemi, akavimba nemi mukavarwira.

# 1 055

**Vakagoverana Zvipfeko** – *C.T. Mujuru*

*M:* Vakagoverana zvipfeko

*V: All* Zvipfeko zvake, vakagoverana pakati pavo, vachiita chingange

*Madetembo:*

1.Munomirireiko kure musingandibatsiri ini ndakakombwa kudai navavengi
2.Mwari wangu, Mwari wangu manditizireiko?
3.Mwari wangu ndinokudanai zuva rose asi hamundipinduri.
4.Asi imi muri mutsvene imi mugere pachigaro chaIsraeri.
5.Madzibaba edu akavimba nemi, akavimba nemi mukavarwira.
6.Vakachema kwamuri mukavarwira, vakavimba nemi mukasavanyadzisa.
7.Asi ini ndiri honye handisi munhu ndiri chinhu chinozvidzwa navose.
8.Vose vanondiwona vanondiseka, vanoshamisa muromo vanodzungudza misoro.

## 1 056

**Vakagoverana zvipfeko** – *Br Mufaro C. Sibanda*

*M:* Vakagoverana zvipfeko

*V: S/A* Vakagoverana --- vakagoverana zvipfeko --- pakati pavo vachiita chingange

*B* Vakagoverana zvipfeko --- vakagoverana zvipfeko zvake --- pakati pavo vachiita chingange

*Madetembo:*

1.Mwari wangu, Mwari wangu manditizireiko?

2.Mwari wangu ndinokudanai zuva rose asi hamundipinduri

3.Madzibaba edu akavimba nemi, vakavimba nemi mukavarwira

4.Vakachema kwamuri mukavarwira, vakavimba nemi mukasavanyadzisa

5.Asi ini ndiri honye handisi munhu ndiri chinhu chinozvidzwa navose

6.Vose vanondiwona vanondiseka, vanoshamisa muromo vanodzungudza misoro.

*Chorus:*

*All* Munomirireiko kure, musingandibatsiri --- ini ndakakombwa kudai na vavengi

## 1 057

**Vakakomborerwa** – *L.J. Fifteen*

*M:* Vakakomborerwa-ha

*V: S* Vakakomborerwa varombo mumweya-ah, umambo hwedenga ndohwavo-oh, vakakomborerwa

*B* Vakakomborerwa varombo mumweya-ah, nokuti, umambo hwedenga ndohwavo-o vakakomborerwa

*Madetembo:*

1.Vakakomborerwa vanosuruvara, nokuti vachazonyaradzwa

2.Vakakomborerwa vakapfava nokuti vachazogara nhaka nhaka yenyika

3.Vakakomborerwa vane nzara nenyota yoururami nokuti vachazogutiswa

*Chorus:*

*S* Vakakomborerwa vakakomborerwa-a umambo hwedeenga ndohwavo-o

*B* Vakakomborerwa vakakomborerwa-a nokuti umambo hwedeenga ndohwavo-o

## 1 058

**Vakakomborerwa** – *S.T. Chari*

*M:* Vakakomborerwa

*V: S/A* Vakakomborerwa vakachena vakachena pamwoyo vachaona chiso chaMwari vakachena pamwoyo

*B* Vakakomborerwa, vakakomborerwa, vakachena pamwoyo --- chiso chaMwari pamwoyo

*Madetembo:*
1.Misodzi yangu yakanga iri kudya kwangu masikati nousiku
2.Pakutaura kwavavengi kwandiri vachiti Mwari wako aripiko
3.Unoshuvireiko mweya wangu unoshaiwa rugare neiko mukati mangu
4.Tarira kuna Mwari ndichazokurumbidza nokuda kwokuponeswa kwako
5.Akakomborerwa ane hanya navarombo, Mwari achamunununura nemusi wezvakaipa
6.Imi muchamuchengeta nokumuraramisa muchakomborerwa panyika
7.Mwari achamutsigira panhoo yourwere achamushanyira pakurwadziwa kwake
8.Mwari Mambo wedu ngaarumbidzwe zvisingaperi nokusingaperi
*Chorus:*
*S/A* Mweya wangu une nyota yaMwari mupenyu ndichasvika riniko ndione chiso chaMwari
*B* Mweya wangu, mweya wangu, mweya wangu-hu Mwari Mwari chiso chaMwari

# 1 059

**Vakakomborerwa Havo Vakakokwa** – *A. Chamunorwa*
*M:* Vakakomborerwa havo vakakokwa kumabiko
*V: S/A* Vakakomborerwa havo vakakokwa kumabiko, vakakomborerwa havo vakakokwa kumabiko, omuchato hwehwayana – vakakomborerwa-a havo vakakokwa kumabiko omuchato wehwayana
*B* Kumabiko omuchato wehwayana, kumabiko omuchato wehwayana, vakakomborerwa havo-o-o, vakakomborerwa kumabiko ehwayana
*Madetembo:*
1.Mweya wangu nenyama yangu zvinodana kuna Mwari mupenyu
2.Musha wangu idara renyu rinoera Mambo wangu naMwari wangu
3.Vakakomborerwa vanogara mumba menyu vanogara vachikurumbidzai
4.Vakaropafadzwa vanhu vanorubatsiro rwenyu kana vachizvigadzirira rwendo rwavo
5.Kana vachipfuura nomubani rakaoma vanoriita nzvimbo ina matsime
6.Zviro kwazvo mvura yomunhuruka inorifukidza namakomborero

# 1 060

**Vakakomborerwa Vakachena Pamwoyo** – *P.F. Banga*
*M* Vakakomborerwa vakachena pamwooyo
*V: S/A* Vakachena-ha pamwoyoo vakakomborerwaa vachaona chiiso chaMwari vakachena pamwoyo vakakomborerwa
*B* Vakachena-ha pamwoyoo vakakomborerwaa --- chiiso chaMwari vakachena pamwoyo vakakomborerwa
*Madetembo:*
1.Mweya wangu unenyota yaMwaari mupenyu ndichaasvika riniko ndione chiso

chaaMwari
2.Misodzi yanguu yakanga iri kudya kwanguu masikati nousiku
3.Pakutaura kwavavengi kwaandirii vachiiti Mwari wako aripikoo
4.Unosuwireiiko mweya wanguu unoshaiwa rugare neeiko mukati manguu
5.Akakomborerwa ane hanya navarombo Mwari achamurwiraa nomusi wezvakaipa
6.Imi muchamuchengetaa nokumururamisa muchakomborerwa panyiikaa
7.Mwari achamutsigira panhowo yourwere achamushanyira pakurwadziwa kwaake

*Chorus:*

*B* Tariraha – tarira-ha kunaMwariii ndichamurumbidza Mwari-hi --- kuponesa kwaake

*S/A* --- Kuna Mwari kuna Mwari ndichazomurumbidza nokuda kwokuponesa kwake

# 1 061

**Vakakomborerwa Vakachena Pamwoyo** – *D. Chirenda*

*M* Vakakomborerwa vakachena pamwoyo

*V: S/A* Vakachena pamwoyo vakakomborerwa vakakomborerwa vakachena pamwoyo vachaona chiso chaMwari

*B* Vakakomborerwa vakakomborerwa vakachena pamwoyo vachaona chiso chaMwari

*Madetembo:*

1.Mweya wangu unenyota yaMwari mupenyu ndichasvika riniko ndione chiso chaMwari
2.Misodzi yangu yakanga iri kudya kwangu masikati nousiku
3.Pakutaura kwavavavengi kwadiri vachiti Mwari wako aripiko
4.Unosuwireiko mweya wangu unoshaiwa rugare neiko mukati mangu
5.Tarira kuna Mwari ndichzomurumbidza nokuda kwokuponesa kwake
6.Akakomborerwa anehanya navarombo Mwari achamurwira nomusi wezvakaipa
7.Imi muchamuchengeta nokumururamisa muchakomborerwa panyika
8.Mwari achamutsigira panhowo yourwere achamushanyira pakurwadziwa kwake
9.Mwari Mambo wedu ngaarumbidzwe zvisingaperi nokusingaperi

# 1 062

**Vakakomborerwa Vakachena Pamwoyo** – *A. Shamu Maurunge*

*M:* Vakakomborerwa

*V: All* Vakachena pamwoyo

*M* Vachaona…..

*V: All* Vachaona chiso chaMwari

*Madetembo:*
1.Mweya wangu une nyota kuna Mwari mupenyu ndichasvika riiniko ndione chiso chaMwari
2.Misodzi yangu zvakanga zviri zvokudya zvangu masikati nousiku
3.Pakutaura kwavavengi vangu kwandiri vachiti Mwari wako aripiko
4.Unoshuvireiko mweya wangu unoshaiwa sei rugare mukati mangu
5.Tarirai kuna Mwari ndichazomurumbidzidza nokuda kwokuponesa kwake
6.Akakomborerwa ane hanya navarombo, Mwari achamununura nemusi wezvakaipa
7.Imi muchamuchengeta nokumuraramisa muchakomborerwa panyika
8.Mwari achamutsigira panhoo yourwere achamushanyira pakurwadziwa
9.Mwari Maambo wedu ngaarumbidzwe zvisingaperi nokusingaperi

# 1 063

**Vakakomborerwa Vakakokwa Havo** – *J. Makaure*

*M:* Vakakomborerwa vakakokwa havo
*V: S* Vakakomborerwa havo vakakokwa kumabiko, kumabiko omuchato wehwayana vakakomborerwa havo vakakokwa kumabiko omuchato wehwayana
*B* --- Vakakomborerwa havo vakakokwa kumabiko, kumabiko omuchato wehwayana vakakomborerwa havo vakakokwa kumabiko omuchato wehwayana
*Madetembo:*
1.Mweya wangu nenyama yangu zvinodana kuna Mwari mupenyu
2.Musha wangu idara renyu rinoera Mambo wangu naMwari wangu
3.Vakakomborerwa vanogara mumba menyu vanogara vachikurumbidzai
4.Vakaropafadzwa vanhu vanorubatsiro rwenyu kana vachizvigadzirira rwendo rwavo
5.Kana vachipfuura nomubani rakaoma vanoriita nzvimbo ina matsime
6.Zviro kwazvo mvura yomunhuruka inorifukidza namakomborero
7.Vanofamba nesimba vanosvika pamberi paMwari
*Chorus:*
*All* Vakakomborerwa havo vakakokwa kumabiko omuchato wehwayana

# 1 064

**Vakakomborerwa Vakakokwa Kumabiko** – *S. Mushete*

*Part 1:*
*M:* Vakakomborerwa vakakokwa kumabiko
*V: S/A* Kumabiko-o omuchato – kumabiko-o omuchato, vakakomborerwa vakakokwa-a kumabiko omuchato wehwayana
*T* Omuchato wehwayana kumabiko omuchato – vakakomborerwa havo-o

kumabiko wehwayana

*B* Omuchato – wehwayana – omuchato – wehwayana, vakakomborerwa havo-o vakakokwa-a kumabiko omuchato hwehwayana

*Madetembo:*

1.Mweya wangu – nenyama yangu – zvinodana-ha kuna Mwari mupenyu – havo vakakokwa kumabiko

2.Musha wangu – idara renyu rinoera Mambo wangu – naMwari wangu – havo vakakokwa kumabiko

*Part 2:*

*Madetembo:*

1.Vakakomborerwa vanogara mumba menyu

2.Vanogara vachikurumbidzai – vanogara vachikurumbidzai

3.Vakaropafadzwa vanhu vanorubatsiro rwenyu

4.Kana vachizvigadzirira rwendo rwavo

5.Vanofamba nesimba-a vanofamba nesimba vanosvika pamberi pa-Mwari

*Chorus:*

*B* Kana vachipfuura – kana vachipfuura-ha vanoriita nzvimbo ina matsime

*S/A* --- Nomubani rakaoma – vanoriita nzvimbo ina matsime

# 1 065

**Vakakomborerwa Vane Nzara Nenyota** – *D. Zavazava*

*M* Vakakomborerwa vane nzara --- yoururami

*V: All* Vane nzara nenyota --- vachazogutiswa

*M* Vane nzara --- yoururami

*V: All* Vane nzara nenyota --- vachazogutiswa

*Madetembo:*

1.Mambo Yesu achauya

2.Kuzosika denga idzva

3.Nyika yakanaka

4.Simukai nesimba renyu

5.Muuye kuzotinunura

*Chorus:*

*All* Vakakomborerwa havo --- ne-nyota yoururami

*M:* --- Vane nzara

# 1 066

**Vakakomborerwa Vane Nzara Nenyota** – *Fr F. Masanganise*

*M:* Vakakomborerwa vane nzara nenyota

*V: S/A* Vakahakomborererwa vane-a nenyota you-rurami noku-uti vachazo – vacha-azoo-gutiswa

*B* --- Komborerwa-ha --- nenyota yoururami nokuti – vachazo-o –

vachazogutiswa-ha
*Madetembo:*
1.Mambo Yesu achauya
2.Kuzosika denga idzva nenyika yakanaka
3.Simukai nesimba renyu Yesu
4.Muuye kuzotinunura
*Chorus:*
*S/A* Vakakomborerwa nokuti-i vachazo-o vacha-azo-o gutiswa-a
*B* Vakakomborerwa nokuti --- vachazo vachazogutiswa-ha

# 1 067

**Vakakomborerwa Varombo** – *Sr Martha Chrysostoma Muza (LCBL)*
*M:* Vakakomborerwa varombo-o
*V: All* Vakakomborerwa, varombo mumweya, nokutiii umambo hwedenga ndohwavo-o
*Madetembo:*
1.Vakakomborerwa-a vanosuruvara-a
2.Nokutii vachazonyaradzwa-a
3.Vakakomborerwa-a vakapfava-a
4.Nokutii vachazogara nhaka yenyika
5.Vakakomborerwa vane nzara nenyota yoururami
6.Nokutii vachazogutiswa-a
7.Vakakomborerwa vanoita tsitsii
8.Nokutii vachazoitirwawo tsitsi
9.Vakakomborerwa avo vane moyo yakachena
10.Nokuti vachazoona Mwari
11.Vakakomborerwa vawadzanisi
12.Nokutii vachazonzi vana vaMwari
13.Vakakomborerwa avo vanogaroshushirwa ururami
14.Nokutii umambo hwedenga ndohwavo
*Chorus:*
*All* Umambo hwedenga ndohwavo-o

# 1 068

**Vakanyanyokomborerwa** – *L. Hakireni*
*M:* Vakanyanyokomborerwa
*Kudavira & Chorus:*
*V: All* Avo vanonzwa dama
*M:* Dama raMwari
*V: All* Vachirichengeta
*Madetembo:*
1.Mambo musarangarire

2.Matadzo edu
3.Ngoni dzenyu dzikurumidze
4.Kutizorodza
5.Tibatsireiwo Mwari
6.Ndimi muponesi wedu
7.Mutinunure
8.Nokuda kworudo rwenyu

# 1 069

**Vakanyanyokomborerwa** – *S.T. Chari*

*M: S/A* Vakanyanyokomborerwa
*V: S/A* Vanonzwa dama raMwari avo vakanyanyokomborerwa vachirichengeta – vanonzwa dama raMwarihi
*B* --- Dama raMwari, dama raMwari, dama raMwari --- chengeta vanonzwa dama raMwarihi

*Madetembo:*

1.Mambo musarangarire matadzo edu ngoni dzenyu dzikurumidze kutizorodza
2.Tibatsireiwo Mwari ndimi muponesi wedu mutinunure nokuda kworudo rwenyu.

# 1 070

**Vakanyanyokomborerwa Avo** – *P.V. Mutadzapasi*

*M: S/A* Vakanyanyokomborerwa avo
*V: S/A* Vanonzwa dama raMwari – vachirichengeta, vakanyanyokomborerwa avo – vanonzwa dama raMwari vachirichengeta
*B* --- Dama raMwari-i vachirichengeta vakanyanyokomborerwa avo --- dama raMwari vachirichengeta.

*Madetembo:*

1.Mambo musarangarire matadzo edu ngoni dzenyu dzikurumidze kutizorodza
2.Tibatsireiwo Mwari ndimi muponesi wedu mutinunure nokuda kworudo rwenyu.

# 1 071

**Vakarurama Vanogara** – *C.Takura*

*M* Vakarurama vanogara
*V: S/A* Mumaoko aMwari hamuna nhamo inovabata vanogara mumaoko aMwari
*B* Mumaoko aMwari vakarurama hakune nhamo inovabata

*Madetembo:*

1.Mumeso amapenzi vanotaridzika savakafa asi vanogara murugare
2.Mwari panguva yaakadzosa isu vatapwa takanga takafanana nevanorota hope
3.Panguva iyo muromo wedu wakanga uzere nokuseka rurimi rwedu ruzere nokuimba
4.Ipapo vasemi vakati Mwari akavaitira zvinhu zvikuru

5.Mwari akatiitira zvinhu zvikuru zvirokwazvo tinofara
6.Vanodyara nemisodzi vachacheka nomufaro
7.Vanofamba-famba vachichema vachadzoka nomufaro nezvimwanda zvavo

# 1 072

**Vakarurama Vanogara** – *A. Shamu Maurunge*

*M* Vaka-rurama vanogara
*V: All* Vanogara mumaoko aMwari --- hakune nhamo inovabata
*M* Vakarurama
*V: All* Hakune nhamo inovabata, nhamo inovabata
*Madetembo:*
1.Mumeso amapenzi anotarisika savakafa, asi vanogara murugaree
2.Mwari panguva yaakadzoswa isu vatapwa, takanga takafanana navanorota hope
3.Panguva iyo miromo yedu yakanga izere nokuseka, rurimi rwedu ruzere nokuumba
4.Ipapo vasemi vakati, Mwari akavaitira zvinhu zvikuru
5.Vanodyara nemisodzi, vachacheka nomufaro
6.Vanofamba-famba vachichema vachadzoka nomufaro nezvimwanda zvavo

# 1 073

**Vakarurama Vanogara** – S*r Perpetua Muza (Holy Cross)*

*M: S/A* Vakarurama vanogara mumaoko aMwari
*V: S/A* Hakune nhamo inovabata vakarurama vanogara mumaoko aMwari
*B* --- Hakune nhamo, inovabataha --- vakarurama vanogara mumaoko, aMwari
*Madetembo:*
1.Mumeso amapenzi vanotarisika savakafa, asi vanogara murugare
2.Mwari panguva yaakadzosa isu vatapwa, takanga takafanana navanorota hope
3.Panguva iyo muromo wedu wakanga uzere nokuseka, rurimi rwedu ruzere nokuumba
4.Ipapo vasemi vakati, Mwari akavaitira zvinhu zvikuru
5.Vanodyara nemisodzi, vachacheka nomufaro
6.Vanofamba-famba vachichema vachadzoka nomufaro nezvimwanda zvavo
*Chorus:*
*S/A* Mwari akatiitira zvinhu zvikuru zviro kwazvo, zviro kwazvo tinofara
*B* Mwari akatiitira zvinhu zvikuru zviro kwazvo --- tinofara

# 1 074

**Vakati Vamuroverera Pachipiyaniso** – *W. Dube*

*M:* Vakati vamurovera pachipiyaniso
*V: S/A* Vakagoverana zvipfeko zvake pakati pavo vachiita chingange

*B*    Vakagoveranana zvipfeko --- pavo-o vakagoverana vachiita chingange

*Madetembo:*

1.Mwari wangu manditizireiko?

2.Mwari wangu ndinokudanai zuva roo-se a-si hamupinduri-i

3.Asi imi muri mutsvene-e imi mugere pachigaro chaIziraeri

4.Madzibaba edu akavimba nemi vakavimba nemi mukavarwira

5.Vakachema kwamuri mukavarwira vakavimba nemi mukasavanyadzisa

6.Asi ini ndiri honye handizi munhu-e ndiri chinhu chinozvidzwa na-a-vose

7.Vose vanondiona vanondiseka-a vanoshamisa miromo vanodzungudza misoro

*Chorus:*

*S/A*    Munomirireiko kure kure kure-e musingabatsiri Mwari wangu?

*B*    Munomirireiko kure-e ku-re-e --- Mwari wangu?

# 1 075

**Vakazoziva Yesu Pakumedura** – *S. Kalombo*

*M:*    Vakazoziva Yesu pakumedura kwaakaita chingwa

*V: S/A*    Zuva rechiposhi revhiki – vadzidzi vaviri vaYesu – vakanga vachienda kuEmausi vachiri mukutaurirana Yesu pachake akasvika pavari – ofambidzana navo – meso avo akabatwa nechidzimira ndosaka vasina kumuziva

*T*    Zuva rechiposhi revhiki – vadzidzi vaviri vaYesu – vakanga vachienda kuEmausi vachiri mukutaurirana Yesu pachake akasvika pavari – ofambidzana navo – meso avo akabatwa nechidzimira ndosaka vasina kumuziva

*B*    Zuva rechiposhi revhiki – vadzidzi vaYesu –vakanga vachienda kuEmausi vakati vachitaurirana Yesu pachake akasvikapo ofambidzana navo – meso avo akabatwa nechidzimira ndosaka vasina kumuziva

*Part 1:*

*All*    Meso avo akabatwa nechidzimira – ndosaka vasina kumuziva

*Madetembo:*

1.Yesu ndokuvati ko mashoko amuri kutaurirana ndeeiko?

2.Ndiwe wega here – ndiwe wega mweni muYerusarema asingazivi zvakaitikako

3.Mwoyo yenyu ine chinono chokutenda zvose zvakarehwa navatumwa vaMwari

4.Inga zvakanyorwa mumagwaro kubva kuna Mozisi navaporofita vose

*Part 2:*

*M:*    Yesu akaita so-oda kupfuurira ivo ndokumuti x2

*V: S/A*    Madi-i magara nesu madi-i magara nesu kunze kwavira zuva rarereka x2

*B*    Madi-i magara nesu madi-i magara nesu --- kwavira zuva rarereka x2

*T*    --- Madiiko magara-a nesu kunze kwavira zuva rarereeka x2

*Part 3:*

*M:*    Kuzoti vava pakudya Yesu akatora chingwa
Yesu akatora chingwa akachikomborera ndokuvapa kuti vadye

*V: S/A* Meso avo akabva asvinudzwa – vakaziva kuti Kristo amuka – amuka zvechokwadi
*B* Meso avo akabva asvinudzwa – vakaziva kuti amuka – amuka Kristo zvechokwadi
*T* --- Akasvinudzwa meso avo ndokuziva kuti amuka Kristo zvechokwadi

## 1 076

**Vakudziwe Baba NoMwanakomana** – *M. Munyaki Chipato*
*M:* Vakudziwe Baba noMwana-ko-mana naMweya Mutsvene
*V: S/A* Achauya kuzozvirigi-ra --- achuya-ha maarudzi ose ozozviri-gi-ra pamberi penyu.
*B* Achauya ozozvirigi-ra marudzi achauya --- o-se --- pasi pamberi penyu.
*Madetembo:*
1.Ndiani angakwira mugomo raMambo, ndiani anga-mira panzvimbo ya-ke tsvene.
2.Uyo ana ma-oko akachena, nomwoyoo waakanaka.
3.Mwari ngaasimuke, vavengi vake-e ngavaa-paradzwe.
4.Vachadzingwa sokudzingwaa kwoutsi, vachiita sokunanauka kwenamo pamoto.
5.Vakarurama ngavafare, ngavafare kwazvo nokuti Mambo achauya.
*Chorus:*
*S* Imbirai --- imbirai Mambo nziyo dzokurumbidzaa, achazviratidza pamusoro pamakore
*A* --- Imbirai-i --- imbira-i, achazviratidza pamusoro pamakore
*B* I-mbi-ra-i-hi --- imbira-i, imbirai, achazviratidza pamusoro pamakore

## 1 077

**Vakudziwe Mwari Baba** – *T. Koza*
*M:* Vakudziwe Mwari Baba
*V: All* Vakudziwe Baba noMwanakomana naMweya Musande, ngaakudziwe
*Madetembo:*
1.Sezvakanga zviri pakutanga
2.Nazvino nakare kose
3.Kwemisi isingaperi
*Chorus:*
*All* Mwari ngaakudziwe

## 1 078

**Vana Uyai Muone Mwana Wakanakisa** – *C.T. Mujuru*
*M:* Vana uyai muone mwana wakanakisa
*V: S/A* Sanodzikai muone mwana wakanakisa, arere muchidyiro chemombe, wakabva kudengaa, ndiye Mambo musiki wedu

*B* Sanodzikai muone mwana wakanakisa, arere muchidyiro, wakabva kudenga, mwanayo, ndiye Mambo musiki wedu

*Madetembo:*

1.Vangere vamutungamira, rati ngwe rima rousiku Mambo, ndiitirei tsitsi. Muone mwana wakanakisa

2.Regai kutya anoda kushamwaridzana nemiwo. Muone mwana wakanakisa

3.Mubako chando chinopinda mwana rombo unochemei, Mambo ndiitirei tsitsi. Muone mwana wakanakisa

## 1 079

**Vana VaMwari Tarirai Kuna Mwari** – *A.Mugabe*

*M* Vana vaMwari tarirai kuna Mwari
Tarirai kuna Mwari

*Kudavira & Chorus:*

*S* Tarirai kuna Mwari zvino namazuva ose --- Alleluya tarirai kuna Mwari

*B* Tarirai kuna Mwari --- namazuva ose vana vaMwari kuna Mwari

*Madetembo:*

1.Mwoyo wangu hauzvikudzi meso angu haana manyawi

2.Handine hanya nezvinhu zvikuru kana zvinondikurira

3.Mweya wangu wakaita kwandiri somwana wakarumurwa

## 1 080

**Vana VeAfrica Makafira Yesu** – *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Vana veAfrica makafira Yesu

*V: All* Vana veAfrica makafira Yesu, mbiri kunemi, muchipupurira chitendero chenyu

*Madetembo:*

1.Muchiri pasi maifadza Mwari

2.Muchinamata nokumuitira

3.Asi iniferino yakaita hasha

4.Yakaita hasha nounaki hwenyu

## 1 081

**Vangere NavaSande Mumususukidze** – *Fr. B.K.H. Mukumba*

*M: S/A* Vangere navasande mumusususkidze

*V: S/A* Tambirai mweya wake-e-e muususukidzeee kuna Mwari-i-i, muususukidze-e-e kuna Mwari-i-i kuna Mwari-i nyakumusorosoro.

*B* --- Mweya wake-e --- muususukidze kuna Mwari, muususukidze kuna Mwari kuna Mwari nyakumusoro-soro.

*Madetembo:*

1.VaSande vaMwari, uyai kuzomubatsira, chimbidzai kuzomuchingura, imi

vangere vaMambo.
2.Dai waro Kristo vamudana vamutora vagare naye.
3.Vangere vaMambo vamuperekedzewo kuna tateguru Abrahama.
4.Mambowe-e chiedza chisingaperi Mambo chimuvhenekere.
*Chorus:*
*S* Zororo, zororo, zororo, risina mugumo Mambowee ---
Chiedza chisingapeeeri chimuvhenekere.
*A* Zororo, risina mugumo, zororo, risina mugumo Mambowee ---
Chiedza chisingapeeeri chimuvhenekere.
*B* Mupeiwo --- zororo, zorooro-o-oo, zororo, risina mugumo – mugumo,
Mamboweeye chiedza chisingaperi Mambo chimuvhenekere.

# 1 082

**Vangere Vadiwa** – *M.M. Munyaki*
*M:* Vangere vadiwa
*V: S* Dzivaidzai mweya yerima mweya yerima dzivaidzai mweya yerima apo
inenge yotakwairira rupenyu rwemiviri kana rwemweya yedu
*B/A* Dzivaidzai mweya yerima mweya yerima dzivaidzai mweya yerima yose
inenge yotakwairira rupenyu rwemiviri kana rwemweya yedu
*Madetembo:*
1.Imi ndimi mazango matumwa neteve dzedu
2.Tidzivirirei kana tavirirwa nezuva panzira
3.Kuti tisavhundutswa nokukuvadzwa nezvousiku
4.Musarega misha yedu ichishanyirwa nemweya yakashata
5.Kombai misha yedu masikati nousiku
*Chorus:*
*S* Apo inenge yotakwairira rupenyu rwemiviri kana rwemweya yedu
*B/A* --- Inenge yotakwairira rupenyu rwemiviri kana rwemweya yedu

# 1 083

**Vangere VaMwari Omberai Kudenga** – *Br L. Bvukumbwe*
*M:* Vangere vaMwari omberai kudenga
*V: All* Omberai kudenga vangere vaMwari omberai Maria ndivo amai vedu
vakanaka kwazvo – zvose zvakasikwa pasi nokudenga – miti namaruva
rukova neminda – omberai Maria ndivo amai vedu
*Madetembo:*
1.Vose vatenderi itai zvakanaka regai zvakaipa
2.Pamiti tushiri nehove mumvura omberai Maria
*Chorus:*
*All* Zvose zvakasikwa pasi nokudenga – miti namaruva rukova neminda –
omberai Maria ndivo amai vedu

# 1 084

**Vanhu Mose Chigadzirirai** – *J. Kaseke*

*M:* Vanhu mose chigadzirirai zvino nguva yava kuswedera

*Part 1:*

*S/A* Tarirai zvakanyorwa mumagwaro matsvene zvava kuitika marudzi avanhu ava kumukirana, madzimambo ava kumukiranawo, onai pasi rose harisisina rugare vanhu vazhinji vari kufa zuva nezuva

*B* Tarirai zvakanyorwa mumagwaro matsvene zvava kuitika, marudzi avanhu ava kumukirana, madzimambo ava kumukiranawo --- pasi rose harisisina rugare vanhu vazhinji vari kufa zuva nezuva

*Part 2:*

*All* Simukai munamate nomwoyo wenyu wose simukai, muparidzire chitendero chenyu. Kumativi mana ose enyika endai munoyamura varombo, asi regai kushambadzira kuyamura kwenyu kuvanhu

*Part 3:*

*All* Kumativi mana ose enyika endai munoyamura varombo, asi regai kushambadzira kuyamura kwenyu kuvanhu

*Part 4:*

*M:* Kumativi mana enyika, vatenderi mose

*V: All* Vatenderi mose simukai muzvipire kuna Mwari muchitungamirira vanhu vepasi rose. Fambai muri muchokwadi, fambai makatungamidza makwara matsvene nokuti ndizvo zvinodawo Mwari wenyu

*Madetembo:*

1. Mwari chitipaiwo simba tirege kuzvifunga isu pachedu, kuti vatenderi vose vakwanise kunamatirawo pasi rose
2. Mwari mune tsitsi dzinoshamisa dzokukomborera, kunyange vasingakudei. Tarisai vanhu vazhinji varasika pasi rose
3. Tinokudai Mwari --- nokuti ndimi munoraramisa zvisikwa zvepasi rose tinokutendai, makatipa upenyu hwapasi kusvika nhasi uno

*Chorus:*

*S/A* Fambai musingatyi nokuti munhu wenyama haagone kuuraya mweya wenyu. Fambai muchifaraha nokuti mazuvaha akataurwa ava pedyo

*B* Fambai musingatyi nokuti munhu wenyama kuuraya mweya wenyu --- muchifaraha nokuti mazuvaha akataurwa ava pedyo, ava pedyo

# 1 085

**Vanhu VaMwari Vongai Tenzi** – *N.A. Mabwe*

*M: S/A* Vanhu VaMwari vongai Tenzi

*V: S/A* Mumurumbidze Nyadengadenga nokuti ngoni dzake hadziperi, ndiyaniko angarondedzera mabasa aMwari, kana kuparidza mbiri yake --- vakakomborerwawo --- vanoruenzaniso --- vanogara zvakarurama nguva dzose.

*B* Mumurumbidze Nyadengadenga ngoni dzake hadziperi, ndiyaniko angarondedzera mabasa, kana kuparidza mbiri --- vakakomborerwawo avo vakakomborerwawo vanoruenzaniso --- vanogara zvakarurama nguva dzose.

*Madetembo:*

1.Takatadza sezvakaita madzibaba edu, tikapara mhosva nokusaziva kunaka kwaMwari kunoshamisa.

2.Kunyange zvakadaro Tenzi achatiponesa nokuda kwezita rake kuti aratidze simba guru kuvanhu vake.

3.Mwari tikokoredzeiwo tibude mukati medzimwe ndudzi dzakaipa, kuti tigogona kuvonga zita renyu iro rinoera.

*Chorus:*

*S/A* Dondiyeukaiwo Tenzi, mugondishanyira noruponeso, kana moitira vanhu venyu zvakanaka, kuti tigofara pamwechete navo, tichirumbidza, imi Mwari.

*B* Dondiyeukaiwo Tenzi, mugondishanyira mugondishanyira, moitira vanhu zvakanaka, kuti tigofara navo kudenga, tichirumbidza, imi Mwari.

# 1 086

**Vanhu Vazhinji Vakachingura Mambo** – *A. Nyika*

*M* Vanhu vazhinji…

*V: All* Vakatakura masanzu emirara…

*M* Vakachingura Mambo

*V: All* Vachiti hosana ho-sa-na hosana

*Madetembo:*

1.Nyika ndeyaMambo, nazvose zvirimo, nyika yose navageremo ndevaMambo

2.Ndiye wakaitenga pamusoro pamakungwa, nokuisimbisa pamusoro penzizi

3.Zarukai imi masasa epasichigare, kuti Mambo wokubwinya apinde

4.Ndianiko iye Mambo wokubwinya? Ndiye Mambo ane simba noumhare

5.Ndianiko iye Mambo wokubwinya, ndiye Mambo wehondo, Mambo wokubwinya

# 1 087

**Vanhu Vazhinji Vakachingura Mambo** – *T. Koza*

*M:* Vanhu vazhinji vakachingura Mambo
Vakachingura Mambo

*V: S/A* Vakachingura Mambo vachiti hosanna vakatakura masanzu emirara vachiti hosana hosanna

*B* --- Chingura Mambo hosanna --- takura masanzu emirara hosanna hosanna

*Madetembo:*

1.Nyika ndeyaMambo, nazvose zvirimo, nyika yose navageremo ndevaMambo

2.Ndiye wakaitenga pamusoro pamakungwa, nokuisimbisa pamusoro penzizi
3.Zarukai imi masasa epasichigare, kuti Mambo wokubwinya apinde
4.Ndianiko iye Mambo wokubwinya, ndiye Mambo ane simba noumhare
5.Ndianiko iye Mambo wokubwinya, ndiye Mambo wehondo, Mambo wokubwinya

# 1 088

**Vanhu Vorudzi** – *J.K. Dzingai*

*M:* Vanhu vorudzi

*V: All* Zvino mava vanhu vorudzi vanhu vorudzi rwaMwari, zvino mava vanhu vorudzi, mava vanhu, vanhu vorudzi rwaMwari

*Madetembo:*

1.Makuhwa kuvengana noutsinye ngazviregerwe
2.Kugodorana kushorana pagungano ngazviregerwe
3.Pfundipfundi kusada kuregerera vamwe ngazviregerwe
4.Kupfipfidza kusekana kukwenyana pagungano ngazviregerwe

*Chorus:*

*All* Kanganwai zvose kanganwai zvose, zvinotadzisa mweya yenyu kuonana naMwari

# 1 089

**Vanhu Vorudzi Rwangu** – *S.M. Ponde*

*M* Vanhu vorudzi rwangu
Vorudzi rwangu

*V: All* Ndakakuitirai chiiko --- ndidavirei

*Madetembo:*

1. Nokuti ndakakubudisa munyika yaIjipita wakagadzirira muponesi wako chipiyaniso, heya
2.Pamusoro pako ndakaranga Ijipita namatangwe ayo, asi iwe wakandipura nokundiramba, heya
3.Ndakauraya Farawo mugungwa java asi iwe wakazarura rutivi rwangu nepfumo, heya

*Chorus:*

*S* Mwari musande --- tinzwireiwo tsitsi

*B* Mwari musande Mwari wamasimba tinzwireiwo tsitsi

# 1 090

**Vanhu Vorudzi Rwangu** - *J. Makaure*

*M:* Vanhu vorudzi rwangu ndakakuitirai chiiko?

*V: All* Ndidavirei ndidavirei vanhu vorudzi rwangu ndakakuitirai chiiko vanhu vorudzi rwangu ndidavirei

*Madetembo:*
1.Nokuti ndakakubudisa munyika yeIjipti, wakagadzirira muponesi wako chipiyaniso. He-eya!
2.Pamusoro pako ndakaranga Ijipti namatangwe ayo, asi iwe wakandipura nokundiramba. He-eya!
3.Ndakauraya Faro mugungwa java, asi iwe wakazarura rutivi rwangu nepfumo. He-eya!
4.Ndakakutungamirira ndiri mugore, asi iwe wakandikwirira padare raPirato. He-eya!
5.Ndakakugutisa nemana mumarenje, asi iwe wakandirova nembama netyava. He-eya!
6.Nokuti ndakakutungamirira muchiunde makore makumi mana: zvino iwe wakagadzirira mununuri wako chipiyaniso. He-eya!
*Chorus:*
*All* Mwari musandee Mwari musande Mwari wamasimbaa timzwireiwo tsitsii

# 1 091

**Vanhu Vorudzi Rwangu** – *M. Munyaki*
*M: S* Va-nhu voru-dzi rwangu
*V: All* Nda-kakuitira-i chi-iko vanhu voru-dzi rwangu – ndakakuitirai chi-i ndida-virei ndidavirei?
*Madetembo:*
1.Ndakaranga Ijipti namatangwe ayo pamusoro pako asi iwe wakandiramba – heya.
2.Ndakauraya Farao mugungwa Java asi iwe wakazarura rutivi rwangu nepfumo – heya.
3.Ndakakutungamirira ndiri mugore, asi iwe wakandi-kwirira padare raPirato – heya.
4.Ndakakugutsa nemana mumarenje, asi iwe wakandirova nembama netyava – heya.
*Chorus:*
*All* Ndakakui-tira-i chii – ndidavire-i ndidavirei?

# 1 092

**Vanokushwa Muvhu Rakanaka** – *R. Tonganai*
*M:* Vanokushwa muvhu rakanaka
Muvhu rakanaka
*V: All* Ndivo vanonzwa dama rakanaka vorigamuchira ndokubereka
*Madetembo:*
1.Mwari ngaatipe gomborero nokutikomborera
2.Ngaapenyese chiso chake pamusoro pedu
3.Pasi pano panoziva nzira dzenyu

4.Marudzi ose avanhu anoziva ruponeso rwenyu
5.Vanhu ngavakutendeyi Mwariwe
6.Vanhu vose ngavakutendeyi
7.Marudzi avanhu ngaafare nokuimba
8.Nokuti munotonga nyika zvakarurama
9.Munotonga vanhu nokururuma
10.Munobata umambo pamusoro pamarudzi avanhu
11.Nyika yakapa muchero wayo Mwari
12.Mwari wedu anotikomborera
*Chorus:*
*All* Vori – gamuchira ndokubereka

# 1 093

**Vanopupurira Mambo** – *D. Zavazava*
*M:* Va-nopupurira Mambo
*V: S* --- Vachapupurirwa --- naMambo pamberi paMwari
*B* Pupurirwa --- pupurirwa naMambo --- paMwari
*Madetembo:*
1.Ndichaimba ndichireva ngoni dzaMwari nariini /ndichaparidza / kutendeka kwake / kumarudzi avanhu
2.Kudenga- denga / kunorumbidza / zvishamiso zvake / nokutendeka kwake - pa gungano ravakarurama
3.Ndianiko mudenga / angaenzaniswa naMwari? Ndianiko pakati pavanhu / akafanana naMwari
4.Iye Mwari anotyiwa / pagungano ravakarurama, anofanira kutyiwa / kupfuura vanomupoteredza.
5.Ndianiko ane simba / akafanana naye, kutendeka kwake kunomukomboredza.
6.Akaputsanya vakaipa / savanhu vakaurayiwa, akaparadzira vavengi vake / noruoko rwake rwakasimba
7.Denga napasi ndezvake, nyika nezvose iye akazvisika
8.Vane ropa rakanaka / vanonzwa inzwi rake, vanofamba mumwenje wechiso chake.
*Chorus:*
*All* Vanopupurira – Mambo vachapupurirwa

# 1 094

**Vanopupurira Mambo** – *V. Zvichauya*
*M:* Vanopupurira Mambo
*V: S/A* Vachapupurirwa pamberi paMwari vachapupurirwa vanopupurira Mambo
*B* Vanopupurira Mamboo vachapupurirwaa vanopupurira Mambo
*Madetembo:*
1.Ndichaimba ndichireva ngoni dzaMwari nariini, ndichiparidza kutendeka kwake

kumarudzi avanhu.
2.Kedenga-denga kunorumbidza zvishamiso zvake, nokutendeka kwake pagungano ravakarurama.
3.Ndianiko mudenga angaenzaniswa naMwari, ndianiko pakati pavanhu akafanana naMwari?
4.Iye Mwari anotyiwa pagungano ravakarurama, anofanira kutyiwa kupfuura vanomupoteredza.
5.Ndianiko ane simba akafanana naye, kutendeka kwake kunomukomboredza.
6.Akaputsanya vakaipa savanhu vakaurayiwa, akaparadzira vavengi vake noruoko rwake rwakasimba
7.Denga napasi ndezvake, nyika nezvose iye akazvisika.
8.Vane ropa rakanaka vanonzwa inzwi rake, vanofamba mumwenje wechiso chake.
9.Vakudziwe Baba noMwanakomana naMweya Musande, sezvakanga zviri pakutanga nazvino nakare kose nemisi isingaperi

# 1 095

**Vanyai Vokutanga** – *W.C. Ringisai*

*M* Vanyai vokutanga ndimi mbiru dzechitendero

*V: S/A* Tinorumbidza nokuzvipira kwenyu hamuna kukoma kana kuzvifunga apo makatumwa naMambo muchiparidza dama roruponeso kundudzi dzose dzavanhu

*B* Tinorumbidza kutumika –ha nokuzvipira hamuna kukoma hamuna kana kuzvifunga apo makatumwa naMambo kufamba muchiparidza dama roruponeso kundudzi dzose dzavanhu

*Madetembo:*

1.Kana tichikurangarirai mwoyo yedu inozara nekukurumbidzai
2.Makagamuchira mutoro uyu namaoko maviri uye makasarudza kufa panokuukanda pasi
3.Musakanganwe basa renyu rokudzidzisa chitendero
4.Tinoda kuva munyu wapasi nechiedza chapasi sokureva kwakaita iye Mambo Yesu

*Chorus:*

*S/A* Chiregaiwo kutikanganwa tikumbirireiwo tigone kufamba munzira ya makafamba imi tisingatyi chinhu kunyangwe tikasagona kuparidza no muromo tive nezviito zvinotaura zvoga kuti tinoukama naKristo

B Chiregaiwo regaiwoho asi tikumbirireiwo tigone kufamba munzira yamakafamba imi tisingatyi chinhu kunyangwe tikasagona kuparidza nomuromo tive nezviito zvinotaura zvoga tinoukamaa tinoukama naKristo

# 1 096

**Vapostori Vasande** – *C. Manyepa*

*M: S/A* Vapostori vasande
*V: S/A* Tinorumbidza kutumika nokuzvipira kwenyu, hamuna kuda kukoma kana kuzvifunga mukuparidzira dama roruponeso
*B* Tinorumbidza kutumika nokuzvipira kwenyu hamuna kuda kukoma, kuzvifunga mukuparidzira dama roruponeso

*Madetembo:*

1.Makatumwa naMambo Yesu kufamba muchiparidzira ndudzi dzose-e
2.Tichirangarira basa renyu mwoyo yedu inozara nokurumbidza-a
3.Mwari wakakupai tuso yokuva pedyo naye-e
4.Tikumbirireiwo isu mubasa rokudzidzisa chitendero-o

*Chorus:*

*S/A* Hamuna kuda kokoma kana kuzvifunga, mukuparidzira dama roruponeso
*B* Hamuna kukoma, kuzvifunga mukuparidzira dama roruponeso

# 1 097

**VaPriste Vadiwa** – *V.M. Nyapokoto*

*M: S* Vapriste Vadiwa
*V: S/A* Chivavarirai --- nomwoyo wose, kubata basa nokurishanda-a norukudzo, pamwe noungwaru-u hwomweya-a nokutendeka
*B* --- Vavarirai vapristi kubata basa nokurishanda norukudzo --- noungwaru-u kutendeka

*Madetembo:*

1.Garai rupenyu-u rwoutsvene
2.Ivai norunzwisiso mubasa renyuu
3.Chifundiso chenyu ngachipe ruponeso kumweya yavanhu

*Chorus:*

*S/A* Nokuparidza kwenyu, nokuparidza vakaii Kirike raKristo
*B* --- Kuparidza kwenyu, kuparidza-a Kirike raKristo

# 1 098

**Vapriste Ngavafare** – *J.K. Dzingai*

*M:* Vapriste ngavafare
*V: S/A* Vave nokururama vapriste venyu, vave nokururama vasarudzwi venyu ngavafare vave nokururama vapriste venyu
*B/T* Vasarudzwi venyu vapriste venyu, vasarudzwi venyu ngavafare, vave nokururama vapriste venyu

*Madetembo:*

1.Mwari imi makandiziva, munoziva kugara kwangu pasi nokusimuka kwangu
2.Munocherechedza kufamba kwangu munoziva nzira dzangu dzose
3.Nokuti shoko risati ravapo parurimi rwangu tarirai imi matoriziva rose

4.Kuziva kwenyu kunondishamisa kwazvo, zviri kumusoro handigoni kusvikira kwazviri

## 1 099

**VaPristi Ngavafare** – *D. Zavazava*

*M* VaPristi venyu --- vasarudzwi
*V: S* Vave nekururama --- vasarudzwi venyu ngavafare
*B* Vave nekururamaha --- venyu ngavafare

*Madetembo:*

1.Mwari imi makandiziva, munoziva kugara kwangu nokusimuka kwangu
2.Munocherechedza kufamba kwangu, munoziva nzira dzangu dzose
3.Nokuti shoko risati ravapo parurimi rwangu, tarirai imi matoriziva rose
4.Kuziva kwenyu kunondishamia kwazvo, zviri kumusoro handigoni kusvikira kwazviri
5.Ndingaendepiko kuti ndibve pamweya wenyu, ndingatizireiko kuti ndibve pamberi penyu
6.Kwose kwose ruoko rwenyu runondifambisa, ruoko rwenyu rworudyi runondifambisa
7.Imi makaumba itsvo dzangu, makandiruka mudumbu ramai vangu
8.Ndakaitwa nomutoo unoshamisa, mabasa enyu makuru

*Chorus*

*All* Vasa-rudzwi venyu
*M:* Vasarudzwi
*All* Ngavafare vose

## 1 100

**Vari pano Yesu** – *J. Makaure*

*M: S/A* Vari pano Yesu
*V: All* Vari pano Yesu chingwa chavangere, vanouya nhasi, nhasi timurumbidzei, vari pano Yesu chingwa chavangere

*Madetembo:*

1.Munoda kupinda mumwoyo mangu
2.Uyai kurumidzai – ndinokusuwai
3.Asi Yesu wangu ndiri mutadzi

*Chorus:*

*All* Munopinda sei mumwoyo manguu munogona ndimi, Yesu madiwa kuchenesa mwoyo waini mupfidzi

## 1 101

**Vava Pano Mambo** – *D.T. Zavazava*

*M:* Vava pano Mambo
*V: S* Uyai --- tivatende nokuimba Areruya
*B* --- Tivatende nokuimba Areruya

*Madetembo:*
1.Imbirai Mambo rwiyo rutsva, nokuti wakaita zvinhu zvose
2.Akazivisa kuponesa kwake, akaratidza pachena kururama kwake pamberi pamarudzi ose
3.Pururudzirai Mambo pasi pose, imbai nziyo dzokurubidza
4.Akarangarira ngoni dzake, nokutendeka kwake kunesu
5.Danidzirai muimbe nomufaro, makomo ngaaimbe pamberi paMwari
6.Migumo yapasi pose, yakaona ruponeso rwaMwari wedu

# 1 102

**Vechizvarwa Makadaidzwa** – *M.J.P.N. Mushuku*
*M:* Vechizvarwa makadaidzwa x2
*V: All* Paridzai mabasa ouyo wakakudaidzai kuti mubude murima x2
*Madetembo:*
1.Vapriste vokumba huru
2.Vorudzi rwakazviteketerera
3.Rwakazviteketerera kuna Mwari
4.Kuti mugonzi naMwari muri vangu
5.Kuti muparidze mabasa anokudzikana
*Chorus:*
*All* Mupinde muruvheneko rwake kuti mubude murima

# 1 103

**Vimba NaMwari** – *R. Mandigo*
*M:* Vimba naMwari
*Kudavira & Chorus:*
*All* Mweya wangu unogaririra Mwari woga kwaari ndiko kunobva kuponeswa kwangu ndiye oga dombo rangu nomuponesi wangu ndiye oga dombo rangu nomuponesi wangu
*Madetembo:*
1.Ndiye shongwe yangu yakakwirira handimbovhunduki zvikuru
2.Mweya wangu garirira Mwari zviro kwazvo vimba naye nguva dzose
3.Mwari ndimi Mwari wangu ndinokutsvagai siku nesikati
4.Mweya wangu unenyota kwamuri nyama yangu inokusuwai

# 1 104

**Virigo Mutsvene Kwaziwai** – *O. Malembe*
*M: S/A* Virigo mutsvene kwaziwai
*V: S/A* Kwaziwai-i hosi nyenyedzi chena-a ndimi mwenje unopenya pasi pano mutivhenekere murima isu vafambi mutireverere.
*B* Mai vengoni mai vaJesu kwaziwai hosi ndimi mwenje unopenya

mutivhenekere mutireverere.

*Madetembo:*

1.Todii kuti tione nzira yedu?

2.Tiyeuchidzei kuti Jesu mwana wenyu wakatitenga neropa rake.

3.Bvisai pamberi pedu nyengedzo-o dzose.

4.Bvisai pamberi pedu matambudziko-o kutya nenhamo.

5.Garai nesu muzadze moyo yedu norudo.

*Chorus:*

*S/A* Mai vengoni mai vaJesu mutireverere isu vatadzi.

*B* Mai vengoni --- mutireverere isu vatadzi.

# 1 105

**Vose Vachaziva** – *Rev R. Machikicho*

*M* Vose vachaziva

*V: B* Kuti muri vadzidzi vangu kana munorudo pakati penyu

*S/A* --- Kuti muri vadzidzi vangu kana munorudo pakati penyu

*Madetembo:*

1.Yesu wakati kuvadzidzi vake, ndinokupai muenzaniso, mugosiitawo sezvandakakuitirai

2.Kunge muchiziva izvi, muchakomborerwa, kanazviito zvenyu, zvichiwirirana nazvo

3.Ndinokupai mutemo mutsva unoti, idanai, idanai mumwe nomumwe sokuda kwandakakuitirai.

*Chorus:*

*All* Vose vachakuzivai --- pakati penyu

# 1 106

**Vose Vanobvuma Kutungamirirwa** – *C. Takura*

*M:* Vose vanobvuma kutungamirirwa

*V: All* Vanobvuma vose kutungamirirwa naMweya ndivo vana vaMwari
vanobvuma vose kutungamirirwa naMweya ndivo vana vaMwari

*Madetembo:*

1.Tumai Mweya wenyu Mambo zvose zvichasikwa patsva

2.Tungidzai moto worudo rwenyu mumwoyo medu

# 1 107

**Wakangopira Chibayiro Chimwe Chete** – *J. Rice*

*M:* Wakangopira chibayiro chimwe chete Kristo
Chibayiro chimwe chete Kristo

*V: S/A* Kristo wakangopira chibayiro chimwe chete-e chibayiro chimwe chete-e
chinobvisa matadzo-o chinobvisa matadzo-o

*B* Kristo wakangopira chibayiro chimwe chete-e chibayiro chimwe chete-e chinobvisa --- chinobvisa matadzo – chinobvisa-a matadzo

*Madetembo:*

1.Ndakadanidzira kuna Mambo-o pakutambudzika kwangu Mambo akandinzwa akandiisa pakafarikana

2.Marudzi ose-e akandikomba ndichaaparadza nezita raMambo

3.Ruoko rworudyi rwaMambo rwakasimudzwa – ruoko rworudyi rwaMambo runokunda

4.Handingafi asi ndichararama ndichadudzira mabasa – Mambo

*Chorus:*

*S/A* Tendayi Mambo – tendayi Mambo-o nokuti wakanaka – tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi

*B* Tendayi Mambo – tendayi Mambo nokuti wakanaka nokuti tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi

# 1 108

**Wakateerera Kusvika Kurufu** – *L J.Fifteen*

*M* Wakateerera kusvika kurufu

*V: S* Wakazvidukupisa wakateerera kusvika kurufu, wakateerera

*B* Wakazvidukupisa wakateerera wakateerera kusvika kurufu, wakateerera

*Madetembo:*

1.Dzokai Mambo murwire mweya wangu ndiponesei nokuda kwounyoro hwenyu

2.Ziso rangu rapera nokuchema-a rasakara nokuda kwavavengi vangu

3.Ipai Mambo imi mhuri dzavanhu, ipai Mambo kukudzwa nesimba

4.Uyai nezvipo zvenyu mupinde muruvanze rwake

# 1 109

**Wakazvidupikisa** – *W. Makumbe*

*M* Waka-zvidukupisa x2

*V: All* Waka-teerera kusvika kurufu iye wakazvidukupisa x2

*Madetembo:*

1.Ndosaka Mwari akamusimudza

2.Akazomupa zita guru

*Chorus*

*All* Iye --- wakazvidukupisa

# 1 110

**Wamuka Muponesi Wamuka** – *R. Mandigo*

*M:* Wamuka muponesi wamuka

*V: S/A* Wamuka wamuka mwana waMwari wamuka nokufara kukuru wakakurira rufu

*B* --- Wamuka muponesi wamuka mwana waMwari wamuka nokufara wakakurira rufu

*Madetembo:*

1.Yeso mwanakomana waMwari akauya pasi pano
2.Hwayana yaMwari inobvisa zvitema
3.Onai simba raMwari wamuka muponesi

*Chorus:*

*B* Alleluya onai simba raKristo Alleluya Alleluya mumbiri yake-e waamuka muponesi

*S/A* --- Alleluya onai simba raKristo wamuka mumbiri yake waamuka muponesi

# 1 111

**Yakakomborerwa Mimba** – *E .Chigoromondo*

*M* Yakakomborerwa mimba

*V: S/A* Yakatakura Mambo wedu Yesu yakakomborerwa mimba yaMaria yakatakura Mambo

*B* --- Mambo wedu Yesu yakakomborerwa mimba yaMaria --- Mambo

*T* Vanonzwa dama vanonzwa dama raMwari vakanyanyokomborerwa havo vachirichengeta

*Madetembo:*

*Part 1:*
1.Vakaropafadzwa avo
2.Vanonzwa shoko raMwari
3.Nokurichengeta
4.Ani nani anoita
5.Kuda kwaMwari
6.Ndiye munun'na wangu
7.Naamai vangu
– Yakakomborerwa mimba

*Part 2:*
8.Mwoyo wangu
9.Unokudza Mambo
10.Mweya wangu
11.Unofara naMwari muponesi wangu
12.Akaratidza simba rake
13.Noruoko rwake
14.Akaparadza vaizvikudza
– Yakakomborerwa mimba

*Part 3:*
15.Akabvisa madzimambo
16.Pazvigaro zvavo zvoushe
17.Akadukupisa
18.Vane nzara
19.Akavagutsa nezvakanaka
20.Akadzosera
21.Vapfumi vasina
– Yakakomborerwa mimba

*Chorus:*

*All* Mambo wedu Yesu yakakomborerwa mimba yaMaria yakatakura Mambo

## 1 112

**Yakakomborerwa Mimba YaMaria** – *A. Shamu Maurunge*

*M* Yakakomborerwa

*V: All* Mimba yaMaria

*M:* Yakatakura

*V: All* Mambo wedu Yesu

*Madetembo:*

1.Vakaropafadzwa ivo vanonzwa shoko raMwari, vachiriterera nokurichengetaa
2.Ani nani anoita kuda kwaMwari, ndiye munun'una wangu naamai vangu
3.Mwoyo wangu unokudza Mambo, mweya wangu wakafara namwari muponesi wangu
4.Akaratidza simba rake noruoko rwake, akaparadza vaizvikudza
5.Akabvisa madzimambo pazvigaro zvawo zvoushe, akaadukupisa
6.Vane nzara akavagutsa nezvakanaka, akadzosera vapfumi vasina

## 1 113

**Yakakomborerwa Mimba YaMaria** – *E.J. Maposah*

*M:* Yakakomborerwa mimba yaMaria-a

*V: S/A* Mimba yaMaria-ia-a yakatakura-a Mambo wedu Yeso-o

*B* Mimba yaMaria yakakomborerwa-a yakatakura Mambo wedu Yeso-o

*Madetembo:*

1.Vakaropafadzwa ivo-o vanonzwa shoko raMwari vachiriterera nokurichengetaa.
2.Ani nani anoita kuda kwaMwari-i ndiye munun'una wangu naamai vangu.
3.Akaratidza simba rake noruoko rwake-e akaparadza vaizvikudza-a.
4.Akabvisa madzimambo pazvigaro zvawo-o zvou-she akaadukupisa-a.
5.Vane nzara akavagutsa nezvakanaka-a akadzosera vapfumi vasina-a.

## 1 114

**Yavakarurama** – *M.J.P.N. Mushuku*

*M:* Yavakarurama

*V: All* Panguva yokutambudzika Mwari inhare yavakarurama

*Madetembo:*

1.Ropa romuranda wenyu
2.Wenyu rakateurwa
3.Vanhu vakaipa vakamuseka
4.Kugomera kwomusungwa
5.Ngakusvike kwamuri
6.Nesimba renyu guru
7.Chengetai vana vorufu

# 1 115

**Yedzai Kuchengeta Humwe Hwomuviri** – *P. Pise*

*M* Yedzai kuchengetedza humwe hwomuviri

*V: S/A* Humwe hunopiwa kwamuri namweya muchisungatidzwa pamwechete, itiranai rudo rudo muchibatsirana mumwe nomumwe wenyu

*B* Humwe humwe chete namweya muchisungatidzwa norugare, itiranai rudo rudo-o muchibatsirana mumwe nomumwe wenyu

*Madetembo:*

1.Kune muviri mumwe nokutenda kumwe chete

2.Sezvo Mwari akakudaidzai kuti muve netariro imwe chete yakakodzera kudaidzwa kwenyu

*Chorus:*

*S/A* Ivai vanhu vakazvirereka navakativa muve noupenyu hwakakodzera kudaidzwa kwenyu

*B* --- Ivai vanhu vakazvirereka vakapfava kuti muve noupenyu hwakakodzera kudaidzwa kwenyu

# 1 116

**Yesu Akadana Vadzidzi** – *L. Nyatwa*

*M* Yesu akadana vadzidzi gumi navaviri

*V: S/A* Ndokuvapa simba rokudzinga mashave, simba rokurapa zvirwere zvose nezvitenda zvose zvinorwadza muviri, ndokuvapa simba simba rokudzinga zvitenda zvose

*B* Ndokuvapa simba vadzidzi vake, simba rokurapa zvirwere zvose nezvitenda zvose zvinorwadza, Yesu akavapa simba rokudzinga zvitenda zvose

*Madetembo:*

1.Yesu ndokuti kwavari

2.Endai munoparidza kuti ushe

3.Munoparidza kuhwai dzakarasika

4.Rapai vanorwara nokudzinga mashave

5.Dzingai mweya yakaipa namasimba aMwari

6.Munhu anoshanda anofanira kupiwa mubairo

*Chorus:*

*S/A* Ushe hwokudenga hwava pedyo ushe hwava pedyo ushe hwokudenga

*B* Ushe hwokudenga ushe ushe hwava pedyo ushe ushe hwokudenga

# 1 117

**Yesu Akapa Mufananidzo** – *A.G. Mutetwa*

*M:* Yesu akapa mufananidzo achiti

*V: S/A* Mukushi akabuda kundokusha mbeu dzake, zvino achikusha dzimwe mbeu dzakawira panzira dzikatsikwa navanhu dzikanongwa neshiri

*B* --- Akabuda kundokusha mbeu dzake akakusha-a akakusha dzikatsikwa navanhu dzikanongwa neshiri

*Madetembo:*

1.Dzimwe dzakawira paruware dzakamera asi dzakaoma nokushaya mwando

2.Dzimwe dzakawira pakati peminzwa-a dzakamera-a minzwa yakakura ndokudzivhunga

3.Dzimwe dzakawira muvhu rakanaka dzakamera dzikabereka zana remichero

*Chorus:*

*S/A* Kuzoti ataura izvozvi-i akadanidzira achiti ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe

*B* --- Akadanidzira akadanidzira akadanidzira ngaanzwe

# 1 118

**Yesu Akapa Mufananidzo Wavasikana Vane Gumi** – *F.E. Shara*

*M: S/A* (a) Yesu akapa mufananidzo wavasikana vane gumi…
(b) Mufananidzo wavasikana vane gumi …

*Part 1:*

*All* Va-shanu vavo vakanga vakachenjera, vakatakura mafuta mumwenje nomumidziyo yavo, asi vamwe vashanu vakanga vari mapenzi, vakapererwawo namafuta, muwani asati asvika

*M: B* Zvino kuzoti! x2

*S/A* Pava pakati pousiku vanhu vakadaidzira, chimuka-iii ---chimuka-ii, muchingamidzei

*B* Pava pakati pousiku vanhu vaka-daidzira --- muwani wauya, chimukai, muchingamidzei

*Madetembo:*

1.Mapenzi aya akakumbirawo mafuta kuna vaya vakachenjera

2.Tipeiwo mafuta mwenje yedu yava kudzima

3.Hatingakupei mafuta zvimwe haangazotiringani imi nesu

4.Chiendai mundozvitengerawo enyu

*Chorus:*

*All* Pava pakati pousiku vanhu vakanzwa ---

*Part 2:*

*M:S/A* Pavakadzoka vakawana vamwe vavo vapinda mumutambo womuchato, muwani apfiga musuwo x2

*All* Pava pakati pousiku vanhu vakadaidzira, chimuka-iii ---chimuka-ii, muchingamidzei

*V: S/A* Tenzi --- tizarurireiwo, Te-nzi tizarurire-i

*B* --- Nhai Tenzi --- tizarurireiwo, Te-nzi tizarurire-i

*Madetembo:*

1.Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, handimbokuzivai

2.Naizvozvo ndinoti kwamuri, garai makagadzirira, garai makagadzirira

3.Ndinotizve kwamuri garai makagadzirira nokuti hamuzivi zuva kana nguva

# 1 119

**Yesu Akaparadzana Navo** – *B.B. Mutize*

*M:* Yesu Akaparadzana navo ndokupfugama akanamata achiti

*V: S/A* Nhai Ba-ba nhai baba bvisai mukombe uyu, zvisinei Baba, kuda kwangu ngakurege kuitwa-a, asi itaai, itai henyu kuda kwe-nyu

*B* --- Kana muchidaha --- bvisai mukombe uyu, zvisinei kuda kwangu, ngakurege kuitwa-ha --- itaayi kuda kwe-nyu

*Madetembo:*

1.Akasimuka pakunamata paya akaenda kuvadzidzi vake, akasvikoti

2.Akatovawana vatovata havo nemhosva yeshungu dzomoyo yavo, akasvikoti

3.Ziya rake rakadonhera pasi samadonhwe eropa, akasvikoti

*Chorus:*

*S/A* Ko munovatirei nhai, chimukai munamate muzorega kupinda mukuedzwa

*B* --- Munovatirei nhai imi --- munamate --- kupinda mukuedzwa

# 1 120

**Yesu Akataurira Vadzidzi Vake Achiti** – *Sr Lioba Gana (LCBL)*

*M:* Yesu akataurira vadzidzi vake achiti

*V: All* Ani nani anondiramba pamberi pavanhu acharambwawo, pamberi pengirozi dzaMwari

*Madetembo:*

1.Kana vanhu vachikukwirirai kumaSinagogo regai kuzvidya mwoyo

2.Uyezve munhu ari wose anorevera mwanakomana womunhu izwi rakaipa

3.Ucharegererwa asi anenge ashora Mweya Mutsvene haaregererwi

*Chorus:*

*All* Regai kuzvidya moyo muchiti tichapindura sei
Kana kuti tichataurei nokuti nenguva yakareyo
Mweya Mutsvene achakudzidzisai zvamunofanira kutaura

# 1 121

**Yesu Akataurira Vadzidzi Vake Achiti** – *L. Kaseke*

*M: S/A* Yesu akataurira vadzidzi vake achiti
Akataurira vadzidzi vake achiti

*V: S/A* Ngwarai kuti muregekuita, ururami hwenyu pamberi pavanhu nokuda kuti muonekwe navo, kana mukadaro hamungawani mubayiro kuna Baba venyu, vari kude-enga.

*B* Ngwarai kuti murege kuita, ururami hwenyu pamberi pavanhu, nokuda kuti, muonekwe navo, kana mukadaro hamungawani mubayiro-o, Baba venyu vari kude-enga.

*Chorus:*

*S/A* Regai kuridza hwamanda pamberi penyu kana muchipa chokubatsira murombo, sezvinoita vanyengedzi mumasinagoge nomumigwagwa kuti varumbidzwe navanhu.

*B* --- Kuridza hwamanda pamberi penyu kana muchipa chokubatsira murombo, vanyengedzi, vanyengedzi nomumigwagwa kuti varumbidzwe navanhu.

*Madetembo:*

1.Kana muchipa chokubatsira murombo ruoko rwenyu rworuboshwe ngarurege kuziva zvinoitwa norudyi.
2.Musaite savanyengedzi vanofarira kunamata vamire mumasinagoge.
3.Vamire mumasinagoge napamharadzano dzemigwagwa kuti vaonekwe navanhu.
4.Kuti kutsanya kwako kuve kwakavanda Baba vako vari muchivande ndivo vachazokupai mubayiro.

# 1 122

**Yesu Akati Aberekwa** – *F. Shamwari*

*M* Yesu akati aberekwa

*V: S/A* PaBeterehema reYudhiya, pamazuva aMambo Herod, vachenjeri vakasvika Yerusarema, vachibva mabvazuva

*B* PaBeterehema reYudhiya, pamazuva aMambo Herod tarirai, vachenjeri vakasvika Yerusarema, vachibva mabvazuva

*Madetembo:*

1. Wakazvarwa nokuti takaona nyenyedezi yake
2. Akakokera vapriste vose akavabvunza kuti Kristo achaberekwepi
3. PaBeterehema reYudhiya nokuti ndizvo zvakanyorwa nomuporofita
4. Iwe Beterehema nyika yeYudhiya hauzi muduku kwazvo kuvabati vaYudha
5. Nokuti kwauri kuchabuda mutungamiriri
6. Achafudza hwai dzangu vaIzirairi

*Chorus:*

*S/A* Mambo wedu Yesu tauya kuzomunamata

*B* --- Wedu Yesu tauya kuzomunamata

# 1 123

**Yesu Akati Chiuyai** – *Sr Cecilia Mushayapokuvaka (PBVM)*

*M:* Yesu akati chiuyai

*V: All* Munditevere, rumbidzai Mwari nezita rake – zivisai vanhu vose mabasa ake - rumbidzai Mwari nezita rake

*Madetembo:*

1.Muimbirei mumurumbidze
2.Rondedzerai mabasa ake anoshamisa
3.Zvirumbidzei muzita rake rinokosha

4.Mwoyo yavatsvagi vaMwari ngaifare
5.Fungai Mwari nesimba rake
6.Tsvagai chiso chake nguva dzose
7.Rangarirai zvishamiso zvake zvaakaita
8.Zvisikwa zvake, nokutonga kwake
*Chorus:*
*All* Rumbidzai Mwari nezita rake x2

# 1 124

**Yesu Akati Endai Mundoparidzira** – *J.L. Kaseke Chaleka*
*M: S/A* Yesu akati endai mundoparidzira zvisikwa zvose mashoko akanaka
Mundoparidzira zvisikwa zvose mashoko akanaka
*V: S/A* Endai pasi pose, mundoparidzira zvisikwa zvose, mashoko akanaka, munhu anenge atenda akaombekwa, achaponeswa asi uya asingatendi, achatongwa
*B/T* --- Endai pasi pose, mundoparidzira-a --- zvisikwa zvose mashoko akanaka, atenda akaombekwa, achaponeswa asi uya asingatendi, achatongwa
*M: S/A* Zvino zviratidzo zvichaonekwa pana vanotenda --- ndezvizvi x2
*Chorus:*
*S/A* Vachabata nyoka namaoko, kunyangwe vakanwa chinhu chine chepfu, hachingambovakuvadzi kwete
*B/T* Vachabata nyoka namaoko, kunyangwe vakanwa chinhu --- chine chepfu, hachingambovakuvadzi kwete
*Madetembo:*
1.Vachadzinga mashavi nezita rangu
2.Vachataura nendimi itsva
3.Vachaisa maoko, pamusoro pavanorwara, vanorwara vachibva vapora

# 1 125

**Yesu Akati Kana Munhu** – J.*H. Chikomo*
*M* Yesu akati
*V: S/A* Kana munhu achirasikirwa nomweya wake zvinomubatsireiko kuwanawo-o zvose zvapanyika
*B* Munhu achirasikirwa nomweya wake zvinomubatsireiko --- zvose panyika
*Madetembo:*
1.Chinyoraiwo kwazvo mumweya – mumwoyo nemumifungo Anna…
2.Mashoko awa makuru isu taungana pano namadzimai ose Anna…
3.Madzimai ose ane shungu nevavariro yokutevera makwara enyu Anna…
4.Titsvage zvingabatsire kusvika kumusha wenyu kudenga Anna….

*Chorus:*

*M: S* Anna Musande ambuya vamuponesi

*B* Tipeiwo kugona kutsvaka zvingatibatsira nehama dzedu.komboreraiwo kusangana kwedu nokunamata kwedu

*A* Tipeiwo kugona kutsvaka zvingatibatsira mumhuri dzedu nehama dzedu. Komboreraiwo kusangana kwedu nokunamata kwedu

# 1 126

**Yesu Akati Kuna vadzidzi Vake** – *S. Chakanya*

*M* Yesu akati kuna vadzidzi vake
Kuna vadzidzi vake

*V: S/A* Kana munhu achida kunditevera ngaazvirambe atakure muchinjiko wake anditevere

*B* --- Uyo anoda kunditevera ngaazvirambe atakure --- wake anditevere

*Madetembo:*

1.Nokuti munhu anoda kuchengeta hupenyu hwake achahurasa
2.Asi munhu anorasa hupenyu hwake pamusana pangu achahuwana
3.Nokuti Mwanakomana womunhu achauya navatumwa vake mumbiri yaBaba vake
4.Ipapo munhu mumwe nomumwe achazopiwa mubairo wamabasa ake

*Chorus:*

*S/A* Zvinobatsireiko kuti munhu awane zvinhu zvose zviri pasi panoho achirasikirwa noupenyu hwake zvinobatsirei

*B* Zvinobatsireiko zvinobatsireiko zvinhu zvose --- pasi panoho asi rasikirwa noupenyu hwake zvinobatsirei

# 1 127

**Yesu Akati Kuvadzidzi Vake** – *C. Takura*

*M:* Yesu akati kuvadzidzi vake ndinokupai muenzanisokuti mugosiitawo sezvandakakuitirai

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Kana muine rudo pakati penyu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vangu

*B/T* Pakati penyu kana muine rudo vachaziva kuti muri vadzidzi vangu

*Madetembo:*

1.Kunge muchiziva izvi muchakomborerwa kana zviito zvenyu zvichiwirirana nazvo
2.Ndinokupai mutemo mutsva unoti idanai idanai mumwe nomumwe sokuda kwandakakuitirai

# 1 128

**Yesu Akati Kuvadzidzi Vake** – *Sr. Matthias Kuzwayo (HLMC)*

*M* Yesu akati kuvadzidzi vake

*Kudavira & Chorus:*
*S/A* Endai munoparidzira vanhu kuti ushe hwokudenga hwava pedyo
*B* Endai --- paridzira --- kuti ushe hwava pedyo
*Madetembo:*
1.Imi rapayi vanorwara muchimutsa vakafa rapayi vana maperembudzi muchidzinga mashavi
2.Musaende muine ndarama kana nesirivha kana nemari zvayo muhomwe dzenyu

# 1 129

**Yesu Akati Panguva Iyoyo** – *C. Maturure*
*M:* Yesu akati panguva iyoyo,
Panguva iyoyo
*V: S/A* Ndinokuvongai Baba Tenzi vokudenga napasi pose
*B* --- Ndinokuvongai Baba Tenzi vokudenga napasi pose
*Madetembo:*
1.Baba vangu vakandipa zvinhu zvose
2.Hapana munhu anoziva Baba kunze kwomwana woga
3.Uye hapana munhu anoziva mwana kunze kwaBaba voga
*Chorus:*
*S/A* Hongu Baba nokuti makasarudza kuita izvi nokuda kwenyu
*B* Hongu Baba --- makasarudza kuita izvi nokuda kwenyu

# 1 130

**Yesu Akatuma Vadzidzi Vake Achiti** – *T. Koza*
*M* Yesu akatuma vadzidzi vake achiti
Akavatuma achiti
*V: S/A* Endai munyika dzose muparidzire marudzi ose anenge atendera akabhabhatidzwa achaponeswa
*B* --- Munyika dzose muparidze marudzi endai --- atendera abhabhatidzwa
*Madetembo:*
1.Muvadzidzise zvose zvandakakurairai
2.Uyo asingatenderi achatongerwa kurangwa kwake
3.Hezvino zviratidzo kuna vanotenda
4.Vachadzinga mweya yakaipa nezita rangu
*Chorus:*
*S/A* Muvabhabhatidze muzita raBaba noMwanakomana naMweya Mutsvene
*B* --- Muzita raBaba noMwanakomana naMweya Mutsvene

# 1 131

**Yesu Akava Munhu** – *S. Mubayiwa*

*M: S/A* Yesu akava munhu

*Kudavira & Chorus:*

*S/A* Mwari Baba mwanakomana wenyu Yesu akava munhu asi munhu wenhamo namatambudziko tinokutendai Baba zvamakatipa mununuri wakadai wakatambudzikira isu vatadzi

*B* --- Mwana wenyu Yesu-o akava munhu-u we-nhamo-o namatambudziko Baba zvamakatipa-a mununuri wakadai-i wakatambudzikira isu vatadzi-i

*Madetembo:*

1.Chipiyaniso chake-e chakatiwanira nzira yokuenda nayo kudenga

2.Chikatigonesa kuva vana vake zvakare

3.Yesu tinoda kufamba zvino panzira yenyu-u yechipiyaniso

4.Tinokumbirisa-a tinokumbira mutiregererewo matadzo edu

# 1 132

**Yesu Anokomborera Vana Vaduku** – *S. Mubaiwa*

*M:* Yesu anokomborera vana vaduku

*V: S/A* Vanhu vakauya-a, navana vavo vaduku-u, kuti vaise maoko pamusoro pavo-o, asi vadzidzi vake-e, vakavarambidza

*B* Vanhu vakauya-a navana vavo vaduku-u, maoko ake pamusoro pavo vana-a, vadzidzi vakavarambiza

*Madetembo:*

1.Ipapo Yesu akati

2.Nokuti umambo hwokudenga ndehwavanhu vakadai

*Chorus:*

*S/A* --- Regai vana vaduku vauye kwandiri-i, musavarambidza

*B* Regai --- vana vaduku vauye kwandiri regai, musavarambidza

# 1 133

**Yesu Anosvinudza Meso ABatimeo** – *B. Muzadzi*

*Part A:*

*M: S/A* Yesu anosvinudza meso aBatimeo paJeriko

*V: S/A* Zvino Yesu navadzidzi vake nechita chikuru chavanhu, vakasvika muguta reJeriko, kuzoti vava kubudamo, Batimeo mwana waTimeo, akanga ari bofu ari rombe akanga agere panzira.

*B* --- Yesu navadzidzi vake nechita chikuru, vakasvika muguta reJeriko, vava kubudamo Batimeo, mwana waTimeo, akanga ari rombe, akanga agere panzira.

*Madetembo:*

1.Paakanzwa kuti ndiYesu weNazareta, akatanga kudaidzira achiti

2.Vanhu vazhinji vaitevera Yesu, vakamuraira kuti anyarare asi iye ndokuramba,

achidaidzira kwazvo achiti
3.Usatya haoko simuka ari kukudaidza
*S/A* Yesu mwana – waDaviti, ndinzwireiwo tsitsi
Mwana waDaviti, ndinzwireiwo tsitsi
*B/T* --- Mwana waDaviti Yesu, ndinzwireiwo tsitsi
*Part B:*
*S/A* Akasimuka ndokuenda kwaiva naYesu, Yesu ndokuti kwaari
*All* Unoda kuti ndikuitirei:
*All* Changamire kuti ndione, itaiwo kuti ndione, changamire itaiwo kuti ndione x2
*Part C:*
*M: S/A* 1.Munesu Tenzi munesu
2.Tenzi munesu
*V: S/A* Munesu Tenzi munesu itai kuti tione munesu-u Tenzi itai kuti tione
*B/T* Tenzi munesu itai kuti tione munesu Tenzi munesu itai kuti tione
*a)* Nokutenda kwake Batimeo akabva aona pakarepo akatevera Yesu – Tenzi munesu
*b)* Tenzi munesu

# 1 134

**Yesu Anoti Teererai Munzwe** – *P.G.N Makuyana*
*M: S/A* Yesu anoti Teerereai munzwe
*V: S/A* --- Vakakomborerwa vano-geza hanzu dzavo-ho, dzichichena kuti --- vavevadyi --- vemi-chero yomuti woupenyu --- vachipinda --- napa mazambara.
*B:* Teererai munzwe --- vakakomborerwa vanogeza hanzu dzavo-ho, dzichichena, kuti vave vadyii, vemichero yomuti woupenyu, vachipinda, napamazambara.
*Madetembo:*
1.Munhu akanaka ngaarambe hake achiita chinhu cha-ka-anaka.
2.Uye mutsvene ngaarambre hake-he, ari mutsve-ne.
3.Ndichazouya nemibairo yangu, yokuzopa kuno mumwe nomumwe zvakaenzanirana na-mabasa a-akaita.
*Chorus:*
*All:* Vakakomborerwa vano-geza hanzu

# 1 135

**Yesu Anoti Zvirerekei** – *C. Manyepa*
*M:* Yesu anoti zvirerekei
*V: S/A* Kana muchinge makokwa kumabiko omuchato regai kunogara pazvigaro zvepamberi --- mungadaro mukasudurutswa mukagadzwa pasi asi kana muchinge makokwa --- endai munogara pazvigaro zveshure

*B* Kana muchinge makokwa kumabiko omuchato regai --- pazvigaro zvepamberi mungadaro mukasudurutswa mukagadzwa pasi --- kana muchinge makokwa endai munogara zvigaro zveshure

*Madetembo:*

1.Nokuti munhu anozvikudza achaderedzwa uye anozvideredza achakudzwa
2.Rega kundokoka shamwari dzako chete kana hama dzako dzakapfuma kuti vazokukokawo
3.Asi kokera varombo zvirema vanokamhina nemapofu uchakomborerwa
4.Uchakomborerwa nokuti havagoni kuzodzorera – unozodzorerwa pakumuka kwavakarurama

# 1 136

**Yesu Anovimbisa Kuuya KwaMweya Mutsvene** – *V. Kudumba*

*M: S* Yesu anovimbisa kuuya kwaMweya Mutsvene

*V: S/A* Kana muchi-ndida muchachengeta mirairo yangu, i-ni ndichakumbira kuti Baba vakupei mweya munyaradzi-warini narini

*B* --- Kana muchi-ndida --- muchachengeta mirairo yangu ini ndichakumbira Baba kuti vakupei Mweya munyaradzi – warini narini

*Madetembo:*

1.Imi munomuziva nokuti munogara naye.
2.Handingakusiyii muri nherera ndichauya kwamuri.
3.Imi muchagara muchindiona nokuti ndiri mupenyu.
4.Nezuva iroro ndipo pamuchaziva kuti ndiri muna Baba vangu.
5.Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika ndinokusiyirai rugare.
6.Iye Mweya anoera achatumwa muzita rangu ndiye Mweya wechokwadi.
7.Achakuyeuchidzayi ndiye Mweya wechokwadi.
8.Ndakafanokudzai zvisati zvaitika kuti kana zvoitika muzotenda.

*Chorus:*

*S/A* Va-nhu havagoni kugamuchira --- nokuti havamuoni, u-ye havamuzivi.

*B* --- Vanhu havagoni kugamuchira Mweya wechokwadi, Mweya, Mweya munyaradzi --- havamuzivi

# 1 137

**Yesu Anovimbisa Kuuya KwaMweya Mutsvene** – *J.L.Kaseke Chaleka*

*M: S/A* (a) Yesu anovimbisa kuuya kwaMweya Mutsvene
(b) Munyaradzi Mweya Mutsvene

*V: S/A* Kana muchindida, muchachengeta mirairo yangu, kwangosara chinguva chiduku, nyika haichazondioni, handingakusi-yi muri nherera, ini ndichakumbira Baba, kuti vakupei Munyaradzi, anozogara nemi kusvikira rini narini.

*B* --- Kana muchindida, muchachengeta mirairo yangu --- kwangosara chinguva chiduku, hai-chazondioni nyika --- kusi-yi muri nherera ---

ndichakumbira Baba, va-kupei Munyaradzi --- nemi, kusvikira rini narini

*Madetembo:*

1.Nezuva iroro ndipo pamuchaziva kuti ini ndiri muna Baba vangu imi muri mandiri

2.Munhu ane mirayiro yangu akaichengeta ndiye anondida, iyeye achadikanwawo naBaba vangu

3.Mweya Munyaradzi achatumwa naBaba muzita rangu, ndiye achakudzidzisai zvinhu zvose zvandakareva kwamuri

4.Zvino ndafanokuudzai zvinhu izvi, zvisati zvaitika kuti zvoitika imi mugotendera

*Chorus:*

*S/A* Handingakusiyii muri nherera, ini ndichakumbira Baba kuti vakupei munyaradzi anozogara nemi kusvikira rini narini

*B* --- Kusiyii muri nherera --- ndichakumbira Baba vakupei munyaradzi, nemi, kusvikira rini narini

# 1 138

**Yesu Chiedza Chavasande** – *W. C. Ringisai*

*M* Ye-e-su chiyedza chavasande

*V: S/A* Tigoneseiwo Yesu tigonesei Yesu kugamuchira mwenje wenyu Yesu mwenje unotidzivirira kurutadzo nerima mwenje wechokwadi

*B* Tigoneseiwo Yesu tigonesei Yesu tigoneseiwo --- mwenje wenyu Yesu mwenje unotidzivirira kurutadzo nerima mwenje wechokwadi

*M* Tiiteiwo mwenje wechokwadi

*V: S/A* Tiiteiwo mwenje mwenje unovhenekera va-mwe kuti nyika yeeduu itambire rujeko

*B* Tiiteiwo mwenje mwenje unovhenekera va-amwe mwenje kuti nyika yedu itambire rujeko

*M* Ngatigamuchire mwenje

*V: All* Mwenje wakatiponesa mwenje unotivhenekera mwenje waKristo wakatitumira Mweya mutsvene mweya m'nyaradzi mweya musimbisi

*M* Alleluya ngatirumbidze

*V: S/A* Alleluya Alleluya Alleluya ngatirumbidze Mwari ngatipururudze tichit enda Maambo Alleluya wakatipa rujeko Alleluya runova ndiye Kriisto

*B* Alleluya ngatirumbidze Mwari ngatipururudze tichitenda Maambo Alleluya wakatipa rujeko Alleluya --- ndiye Kristo

# 1 139

**Yesu Handine Simba** – *Br L. Bvukumbwe*

*M:* Yesu handine simba

*V: All* Yesu handine simbaa – kunyatsonamatira Baba wedenga – mutifundise

kunamata nomwoyoo pamwe nomuromo
*Madetembo:*
1.Mangamuchiri mwana makachenesa Baba nokunamata kwenyu
2.Mutidzidzise tose kunamata nomwoyo pamwe nomuromo
3.Mutibatsire isu tinatsirwe mumwoyo

# 1 140

**Yesu Kristo Mambo** – *K. Chiungano*
*M: S/A* Yesu Kristo Mambo
*V: S/A* --- Itai kuti rugare nokuwirira-na-a nomufaro uyu zvierere mukati me-du
*B/T* Mufaro uyu, mufaro uyu, mufaro uyu, nomufaro uyu zvierere mukati me-du
*Madetembo:*
1.Tipeiwo zvinotikwanira muupenyu tisingakariri mbiri isina maturo
2.Tinoda kugara zvakanaka nehama neshamwari tigozosanganiswa pamwe murupenyu rusingaperi
3.Ndimi Kristo makatifira pachipiyaniso nokutiwanira mufaro usina magumo
*Chorus:*
*All* Tifundiseiwo kurera vana vedu – mukutya nokuda imi

# 1 141

**Yesu Kristo Mambo Makati** – *Sr Dolores Nyathi (HLMC)*
*M: S* Yesu Kristo Mambo Makati
*V: S/A* Kumbirai mopiwa-a, tsvagai mowana, gogodzai-i mozarurirwa
*B* --- Kumbirai-i – tsvagai-i – gogodzai mozarurirwa
*Madetembo:*
1.Tipeiwo isu tinokumbira rudo rwenyu rwouMwari
2.Itai Mambo kuti tigare tichibvunda pamwe nekuda zita renyu sande
3.Nokuti munoramba muchiraira vanomudzikisa muchido chenyu
4.Imi munogara noumambo, noumambo misi isingaperi
*Chorus:*
*S/A* Tigokudai nomwoyo wose nezviito tigosarega kukurumbidzai
*B* Tigokudai nemuromo – nezviito zvedu, kukurumbidzai

# 1 142

**Yesu Kristo Mambo Wedu** – *W. Chamunorwa*
*M: S/A* Yesu Kristo-o Mambo wedu-u
*V: S/A* I-she we-denga napasi, zvisikwa zvose zvitunhidze mbiri yenyu-hu huru-hu, inzwai kuimba kwedu mutipeiwo simba, girasiya renyu-u kuita zvatinotsidza
*B* --- Ishe wedenga, wedenga napasi zvisiskwa zvose zvitunhidze mbiri

yenyu-hu huru-hu --- kuimba kwedu, mutipeiwo simba --- girasiya renyu kuita zvatinotsidza

*Madetembo:*

1.Munyatsotichengeta Kristo Mambo
2.Musatisiya tive venyu Kristo Mambo
3.Rupenyu rwedu rwose Kristo Mambo

*Chorus:*

*B* Mambo mukuru tinopikira kurasa dhiyabhore, mabasa ake ose akaipa-a, noushe hwake tinopikira kuva-ha --- vaKri-sto vatendi --- kwavo-o dakara mukufa kwedu

*S/A* --- Tinopikira kurasa dhiyabhore, mabasa ake ose, noushe hwake hwose tinopikira --- kuva vaKristo, vatendi kwavo-o dakara mukufa kwedu

# 1 143

**Yesu Kristo Mununuri Wangu** – *A.B. Muzividzi*

*M:* Yesu Kristo mununuri wangu

*V: All* Makabaiwa mukabvisa matadzo edu ose, donatsai mweya womutadzi uno – uve mutsvene kwazvo

*Madetembo:*

1.Ndipeiwo kuteerera nokuchengeta mitemo yenyu – ndigoita zvamunoda zvoga
2.Svinudzai meso angu ndione kuti rudo rwenyu rwakwanda sei
3.Itai kuti ndirege kuputirwa nemifaro yapasi pano inopfuura isina nechimuko chese
4.Mukufara muutambudzika, ivai neni Mambo
5.Ndinoda kufira mumaoko enyu ndive wenyu kwete zvino chete asi zvisingaperi

*Chorus:*

*All* Donatsai mweya womutadzi uno – uve mutsvene kwazvo

# 1 144

**Yesu Kristo Tinokukudzai** – *I.T. Mapanzure*

*M:* Yesu Kristo-o tinokukudzai-i

*V: S/A* Yesu Kristo-o tinokukudzai, tinokukudzai ndimi Mambo wembiri tinokukudzai Yesu Kristo-o

*B* Yesu Kristo-o tinokukudzai, tinokukudzai, Mambo wembiri Yesu Kristo-o Yesu Kristo

*(Change of Drums)*

*Madetembo:*

1.Ipai Mambo imi mhuri dzavanhu ipai Mambo rukudzo nesimbaa
2.Mitemo yaMambo yakarurama unotitungamirira munzira yakanakaa
3.Mambo akatinunura-a kuti tigopinda muuMambo hwake-e
4.Imbirai Mambo-o, vatenderi vose-e ipai Mambo rukudzo norutendoo

*Chorus:*

*S/A* Mambo anobata umambo nokutonga-a anobata umambo nokutonga-a Mambo wamasimba ose-e anobata umambo.

*B* --- Anobata umambo nokutonga-a anobata uma-ambo-o Mambo wamasimba-a anobata umaambo-o.

# 1 145

**Yesu Makanakisa** – *D.T. Zavazava*

*M:* Yesu makanakisa
Makanakisa

*V: All* Yesu makanakisa uyai mununuri wedu

*Madetembo:*

1.Takachengedzwa nadiabore
2.Takamutsa hasha dzenyu
3.Takakusvai chingo chakare
4.Takaita zvakaipa

*Chorus:*

*All* Uyai mutisunungure

# 1 146

**Yesu Makanakisa** – *Z.C. Terere*

*M:* Yesu Makanakisa

*V: All* Tsime rechido Baba vetsitsi – Mwari munyaradzi wavanhu vose, imi makatiratidza isu vatadzi upfumi hwomwoyo chena wenyu

*Madetembo:*

1.Tinotenda kwazvo kudzika kwamakaitiitira sakaramende kwazvo reAtare
2.Mwoyo wenyu wakanakisa wakaitwa mutematema nokutadza kwavanhu

*Chorus:*

*All* Tinozvipira kumwoyo wenyu musande – tichibatsirwa negirasiya renyu

# 1 147

**Yesu Makanakisa Imi** – *Sr Mary Mandeya (HLMC)*

*M: S* Yesu Makanakisa imi
Yesu makanakisa

*V: S/A* Huyai huyai mutisunungure, takanyengedzwa nadhiyabhore, takaita zvakaipa huyayi mutisunungure

*B* Huyaayi mutisunungure – nyengedzwa dhiyabhore zvakaipa huyayi mutisunungure

*Madetembo:*

1.Takamutsa hasha dzenyu, takanyengedzwa nadhiyabhore
2.Takaita zvakaipa, takasuwai chingo chakare

*Chorus:*
*S/A* Huyai huyai huuyaayii mutinunure
*B* Huyaa-i huuya-a-i mutinunure

# 1 148

**Yesu Makanakisa Makanakisisa** – *N. Muchenu*
*M:* Yesu makanakisa-a makanakisisa
*V: S/A* Yesu makanakisa-a muponesi wavanhu vose vose-e, ringirai kwatiri tapfugama tazviwisira pasi-i, peAritari yenyu yomwoyo inokotama tiri venyu-u, Yesu-u tinoda kuti tive venyu-u
*B* Yesu makanakisa muponesi-i muponesi-i, ringirai kwatiri tapfugama tazviwisira pasi-i peAtari yenyu-u nomwoyo inokotama tiri venyu Yesu tinoda kuti tive venyu-u
*Madetembo:*
1.Mwari Baba vedu muna masimba ose-e wadzanisai vanhu vose
2.Vave nechitendero chimwe chete-e vabatane muKirike renyu
3.Pindurai avo vasingatenderi-i shingisai vanokonona
4.Dzorai vatenderi vose munzira isiri iyo nokusaziva kana nokushaya simba
5.Itai kuti tose-e tigare savanna venyu-u
6.Tigogarisana sehana nehama sezvinodikanwa naKristo Mambo wedu
*Chorus:*
*S/A* Nhasi-i tinozviteurira-a mumwe nomumwe wedu-u
Kumwoyo wenyu musande-e kuti tisanganiswe-e nemi-i zvikuru
*B* Nhasi-i tinozviteurira-a mumwe nomumwe wedu-u
Kumwoyo wenyu musande-e kuti tisanganiswe nemi-i zvikuru

# 1 149

**Yesu Makati Kuvadzidzi Venyu** – *Sr Cecilia Mushayapokuvaka (PBVM)*
*M:* Yesu makati kuvadzidzi venyu
*V: S/A* Ndichakumbira Baba vokudenga vakupei Mweya
Munyaradzi anozogara nemi misi yose
Tinokumbirisa kuti --- mutitumire Mweya Mutsvene
Tigoshingairira basa rokuvandudza mweya yedu
*B* --- Kumbira Baba vokudenga vakupei Mweya
Munyaradzi anozogara nemi misi yose
Iye zvino tinokumbirisa iye zvino --- mutitumire Mweya Mutsvene
Tigoshingairira basa rokuvandudza mweya yedu
*Madetembo:*
1.Titumireiwo chipo chohungwaru, kuti tizive kushaya kwedu
2.Titumireiwo chipo chenzwisiso, tinzwisise mazwi enyu
3.Titumireiwo chipo che-zano, kuti tirege kutadza
4.Titumireiwo chipo cherutsungo, tigare zvakanaka nyangwe tichiona nhamo
5.Titumireiwo chipo cheruzivo, tigoziva zvinotibatsira

6.Titumireiwo chipo chorunamato, mwoyo igotsva nechido chokuitira Mwari
7.Titumireiwo chipo chekutya Mwari, tivimbe naye misi yose
*Chorus:*
*All* Tigoshingairira basa, rokuvandudza mweya yedu.

# 1 150

**Yesu Makauya Pasi** – *R. Tonganai*
*M:* Yesu makauya pasi
*V: S/A* Oh Yesu, Yeesu makauya pasi nokuva munhu makatiponesa makakunda satani norufu rweenyuu tinokuteverai ndimi nzira
*B* Makauya pasi makauya pasi nokuva munhu makatiponesa murapi wedu makakunda satani norufu rweenyu tinokuteverai ndimi nzira
*Madetembo:*
1.Makatifundisa shoko redenga – zvishamiso zvizhinji zvakaitika
2.Nezuva retatu makamukazve tinokutenderai ndimi chokwadi
3.Ndimi Mwari wedu Mambo wadiwa tinoda imi ndimi rupenyu
4.Munogara nesu musakaramende munotibatsira mazuva ose

# 1 151

**Yesu Mambo** – *Z C .Terere*
*M* Yesu Mambo
*V: S/A* Makauya pasi pano kuzodzika mhuri itsva yeKirike muritarire norupfave, muridzikinure panezvakaipa zvose muchirinatsa norudo rwenyu
*B* --- Pasi pano kuzodzika mhuri itsva yeKirike muritarire norupfave, muridzikinure pane zvakaipa zvose muchirinatsa norudo rwenyu
*Madetembo:*
1.Mukomborere vashandi varo pamubato wavo
2.Simbisai vose vanozvigadzirira bhapatisimo
3.Simbisai vose vanozvigadzirira chisimbiso
4.Simbisai vose vanozvigadzirira muchato

# 1 152

**Yesu Mambo** – *S.M. Ponde*
*M:* Yesu Mambo
*V: All* Yesu ari pano, anotishamisisa
*Madetembo:*
1.Anotisimbisa
2.Nomuviri wake
3.Chidyo chakafanorehwa
4.Chakarecho chiri pano
5.Chichena chatinoona
6.NdiYesu zvechokwadi
7.Mwari Baba nyakutuma
8.Mwana wake nyakutumwa
9.Namweya ari matiri

*Chorus:*
*All* Ngatiomberei

## 1 153

**Yesu Mambo Kristo** – *T. Samwoyo*

*M* Yesu Mambo Kristo
*V: S/A* Ndinokudai nomwoyo wangu wose ndimi Mambo makandida ini ndisati ndambova chinhu makandisika mukandinunura norufu rwenyu pachipiyaniso
*B* --- Nomwoyo wangu wose --- makandida --- ndambova chinhu mukandinunura norufu rwenyu pachipiyaniso

*Madetembo:*
1.Makandiita kuti ndive mwana wenyu
2.Nebhapatisimo makandizarurira denga
3.Munoda kuuya kwandiri sechidyo changu
4.Uyai zvenyu Mambo uyai mwoyo wangu unochemera imi
5.Ndimi Mambo makandizarurira denga

*Chorus:*
*All* Norufu rwenyu pachipiyaniso

## 1 154

**Yesu Mambo Wadiwa** – *S.S. Ndaradzi*

*M:* Yesu Mambo wadiwa
*V: S/A* Ndidziseiwo kuita moyo chena nokuva muranda wenyu chaiye
*B* Yesu wangu --- kuita moyo chena --- muranda wenyu chaiye

*Madetembo:*
1.Kuti ndizvipire kunemi nyangwe zvakaoma sei
2.Ndirwire chitendero changu ndisingatyi marwadzo angandiwira

*Chorus:*
*S/A* Ndibate basa renyu --- ndisingatsvagi kuzorodzwa ndisingakumbiri mubairo kusiya izvichete, kusiya zvokuti ndiri kuita, ndiri kuita –kuda kwenyu
*B* Ndibate basa renyu ndisingatsvagi kuzorodzwa --- ndisingakumbiri mubairo --- chete --- ndirikuita --- kuda kwenyu

## 1 155

**Yesu Mambo Yesu Wangu** – *M.B. Augustine*

*M:* Yesu Mambo Ye-su wangu
*V: S/A* Makandifira pachipiyaniso-o, ndichitarisa chipiyaniso-o ndi-noda kurega-a kutadza chose.
*B* --- Makandifira pachipiyaniso-o, ndichitarisa chipi-yani-so --- kurega –a

kutadza chose.

*Madetembo:*

1.Ndinoda kurega kutadza chose, kutadza chose.
2.Yesu wangu ndiregerereiwo, ndiregerereiwo.
3.Ndinokumbirawo kuti mundinzwirewo tsitsi, mundinzwirewo tsitsi.
4.Handidi kukutadzirai pakare ameni.

*Chorus:*

*S/A* Ndichitarisa chipiyaniso-o, ndi-noda kurega-a kutadza chose.
*B* --- Ndichitarisa chipi-yani-so --- kurega-a kutadza chose.

# 1 156

**Yesu Moyo Wangu Wakasviba** – *P.O. Katsukunya*

*M* Yesu moyo wangu wakasviba
*V: All* Hazvigoni Yesu Mambo kuti mupinde mumoyo mangu makasviba namatadzo

*Madetembo:*

1.Ndinorwarira nokupfidza kukutadzirai kwandakaita
2.Ndinorwarira matadzo angu nyangwe madiki hawo
3.Nokuti zvino ndokudai nomoyo wose
4.Chiwanai mandiri ugaro hunofadza

*Chorus:*

*S/A* Chenesaiwo chenesaiwo wakasviba namatadzo
*B* Chenesaiwo moyo wangu wakasviba namatadzo

# 1 157

**Yesu Muchinge Mazova Muhumambo Hwenyu** – *A.M.S. Mapurisa*

*M: S/A* Yesu muchinge mazova muhumambo hwenyu …
*V: S/A* Muchinge mazova muhumambo hwenyu hwedenga Yesu muzondirangarirawo-o muhwumambo hwenyu hwedenga.
*B* Muchinge mazova muhumambo hwenyu hwedenga muzondirangarira muhwumambo hwenyu hwedenga.

*Madetembo:*

1.Kana tirisu taiitirwa zvakatikodzera
2.Nokuti tiri kugamuchira zvakakwanirana namabasa atakaita

*Chorus:*

*S/A* Yesu muzondirangarirawo-o muhumambo hwenyu hwedenga
*B* --- Muzondirangarira muhumambo hwenyu hwedenga

# 1 158

**Yesu Mufudzi Wakanaka** – *J.H. Chikomo*

*M:* Yesu mufudzi wakanaka

*V: S/A* Makauya Yesu kuzotsvaka, zvakanga zvakarasika – makadzikawo upristi kuti huendese mberi basa renyu nguva dzose – nokukumbirisa kuti mutumire vasevenzi mumunda wenyu – itai kuti vose, vakadaidzwa nemi kuupriste, vadavire nevavariro tsvene, nokushinga mubasa ravo rinorema

B Yesu kuzotsvaka zvakanga zvakarasika – makadzikawoo – huendese mberi basa renyu nguva dzose – nokukumbirisa kuti mutumire vasevenzi mumunda wenyu – itai kuti vose, vakadaidzwa nemi kuupriste, vadavire nevavariro tsvene, nokushinga – mubasa ravo rinorema

*Madetembo:*

1.Simbisai vapriste vose mubasa ravo, mukomborere zviito zvavo mubasa ravo

2.Itai kuti vave munyu wapasi mubasa ravo, unodzivira kuora kose mubasa ravo

3.Vave mwenje wapasi – unovhenekera vatenderi vose mubasa ravo

*Chorus:*

*All* Vadavire nevavariro tsvene nokushinga mubasa ravo rinorema

# 1 159

**Yesu Mununuri Mauya Nhasi** – *A. Shara*

*M: S/A* Yesu mununuri mauya nhasi

*V: S/A* Mununuri Yesu – mauya nhasi mugere neni zvino ndigere munemi Ye-su mununuri pamutadzi ini.

*B* Mununuri Yesu --- mauya nhasi mugere neni zvino --- ndigere munemi Yesu munu-nuri mauya pamutadzi ini.

*Madetembo:*

1.Muviri waKristo murwiri wangu rugare ndiruwane naMwari navanhu.

2.Kombana uzvipire iwe mwoyo wangu arimo Mwari wako kumbira unopiwa.

3.Kurwara dambudzo zvonaka nemi nesimba renyu Yesu ndotsungarara.

4.Pamusi wokufa tizira kuna Yesu, umupe mwoyo wako uzere nechido.

*Chorus:*

*S/A* O mwene wedenga pamutadzi inii – ndochishamiso kwazvo – ndonenji rechido --- mununuri Yesu, mauya nhasi.

*B* Mwene wedenga pamutadzi ini – ndochishamiso kwacho ndonenji rechido --- mununuri Yesu mauya nhasi.

# 1 160

**Yesu Mununuri Wangu** – *A.B. Muzividzi*

*M:* Yesu mununuri wangu

*V: All* Mununuri wangu Yesu ndinotendera nomwoyo wose murimo imi pauzima nomuviri neropa renyu pamwe nouMwari hwenyu – Yesu murimo mumba muno

*Madetembo:*

1.Ndinozvitendera izvi zvomuviri neropa renyu

2.Ndimi Mambo nyakundifundisa izvi
3.Mambo hamugoni kunyengedza kana kunyengedzwa
4.Muri idi chairo nomuviri neropa renyu
*Chorus:*
*All* Yesu murimo mumba muno

# 1 161

**Yesu Muponesi Wangu** – *J. Tichapondwa*
*M:* Yesu muponesi wangu
*V: S/A* Ndimi chitarisiro chavanotambura imi m'ponesi wangu murimo Yesu mumupiro uno
*B* Ndimi chitarisiro --- chavanotambura --- m'ponesi wangu --- Yeso murimo, mumupiro uno.
*Madetembo:*
1.Munotiratidza chido chikuru mumupiro uno wemisa m'ponesi wangu
2.Hamuna kuda kutisiya senherera munogara nesu Yesu m'ponesi wangu
3.Munoona kusuwa komoyo wangu munondipfavira m'ponesi wangu
4.Ndinotarisira kunemi imi moga m'ponesi wangu.

# 1 162

**Yesu MuPriste Mukuru** – *J. Makaure*
*M:* Yesu muPristi mukuru
*V: All* Yesu muPristi mukuru munozvipira paatare kuti isu hwai dzenyu hwai dzenyu tirege kuzorasikirwa isu hwai dzenyu.
*Madetembo:*
1.Yesu muPristi mukuru makanyanyotitamburira.
2.Kuti tinunurwe zvino narini wose kurushambwa.
3.Yesu muPristi mukuru makatifira norupfave.
4.Kundotenga mweya yedu neropa renyu rakakosha.
*Chorus:*
*All* Mwoyo waYesu tarirai vaPristi venyu nengoni ngavacheneswe sandiswe mumwoyo wenyu musande basa ravose ndi-roo serenyu narini.

# 1 163

**Yesu Muri Chidyo Chavangere** – *E.F. Kasai*
*M* Yesu muri chidyo chavangere
Muri chidyo chavangere
*V: S/A* Munhu idi makabva kudenga-a, Ye-esu, Mwari wechokwadi --- munosangana nesuwo musakaramende sande chidyo chavangere munotiponesa muri ndiro yegirasiya
*B* Munhu idi makabva kudenga Ye-esu Mwari wechokwadi ---

munosangana nesuwo musakaramende chidyo chavangere munotiponesa muri ndiro yegirasiya

*Madetembo:*

1.Muri pfuma huru musaramba kuzvipa kunesu
2.Huyai nokutichenesa neropa renyu rakatsvuka dzimai moto-o woruchiva
3.Muri mushonga womweya inorwara namatadzo tinokunamatai
4.Panguva yokufa kwedu musanonoke kuuya kunesu tiende nemi kudenga
5.Mwari makanaka kwazvo muri kutigutsa

*Chorus:*

*S/A* Mukudzwe --- mukudzwe --- mukudzwe chingwa chokudenga
*B* --- Mwari imi --- narini --- mukudzwe chingwa chokudenga

# 1 164

**Yesu Muri Kuuya Kwandiri** – *G.K.C.Mahoya*

*M: S/A* Yesu muri kuuya kwandiri
*V: S/A* Muri kuuya Yesu mu-mwo-yo mangu, imi Mwari musande, ndinotendera manzwi enyu Ye-suu, ndinokupfugamirai, Ma-mbo wa-ngu muri kuuya Yesu, kuneni-i
*B* --- Muri kuuya Yesu mumwo-yo mangu, imi Mwari musande, ndinotendera manzwi enyu Ye-suu, pfugamirai, Ma-mbo wa-ngu Yesu muri kuuya, kuneni-i

*Madetembo:*

1.Ndini aniwo zvangu Yesu zvamuri kundivinga.
2.Ndakakutadzirai kazhinji-zhinji, handichazopamhidza, kubaya mwoyo wenyu.
3.Isai ma-oko enyu kuneni mudiki, imi mufudzi wangu, ini hwayana yenyu.

*Chorus:*

*B* Uyaii huyai-hi Yesu, ku-ne-ni-hi, munenihi, ndinokudisai Yesu, mu-sandibvumire, kukutadzirai, muviri wangu wose, mundizadze ne-chido chenyu, uyahi, Yesu ku-ne-ni-hi
*S/A* --- Huyai-hi Yesu, uyai ku-ne-ni-hi, muchigara munenihi, ndinokudisai nomwoyo wose, mu-sandibvumire, kukutadzirai, torai muviri wangu wose, mundizadze ne-chido chenyu, uyahi, Yesu ku-ne-ni-hi

# 1 165

**Yesu Mutungamirireiwo** – *P.O Katsukunya*

*M: S/A* Ye-su mutungamiri-reiwo
*V: S/A* Kude-nga --- kuna Baba wenyu Yesu --- nzira yoko haaizi-vi --- asinemi Yesu --- haasviki.
*B* --- Kudenga kuna Baba wenyu Yesu, nzira yoko --- haaizivi, asinemi asinemiYesu kudenga haa-sviki.

*Madetembo:*

1.A-ndoona huso hwaBaba, hunopenya nokuvaima.

2.A-ndoona huso hwaBaba hunobwinya nokuyevedza.
3.A-ndoona kwavanogara, vakafamba nenzira yenyu.
4.A-ndoona vose vose vakaenda pamberi pake.
5.A-ndofara navo nariini kumabiko enyu edenga.

# 1 166

**Yesu Mwanakomana WaMwari** – *C. Chawasarira*

*M* Yesu mwanakomana waMwari, Yesu --- Yesu
*V: All* Tinzwireiwo --- tinzwireiwo tsitsi
*Madetembo:*
1.MamboYesu achauya kuzosika denga dzva nenyika yakanaka. Yesu …
2.Simudzai simba renyu Yesu muuye kuzotinunura. Yesu …
*Chorus:*
*M:* Yesu --- Yesu
*All* Tinzwireiwo --- tinzwireiwo tsitsi

# 1 167

**Yesu Mwanakomana WaMwari** – *P. P. Hoto*

*M* Yesu Mwanakomana waMwari
Mwanakomana waMwari
*Kudavira & Chorus:*
*All* Tinzwireiwo tsitsi Yesu Mwanakomana waMwari Yesu tinzwireiwo tsitsi
*Madetembo:*
1.Mambo Yesu achauyaha kuzosika denga idzva nenyika yakanaka - Mwana waMwarii
2. Simudzai simba renyu Yesu muuye kuzotinunura - Mwana waMwarii

# 1 168

**Yesu Mwari Mambo Mukuru** – *P. Phillimon*

*M: S/A* Yesu Mwari Mambo mukuru
*V: S* Yesu Mwari Mambo mukuru wakaburukira paatari musakaramende iro sande anouya kuzogara anogara zvirokwazvo.
*A* Yesu Mwari Mambo mukuru wakaburukira paatari musakaramende iro sande anouya kuzogara anogara nesu.
*B* Yesu Mwari Mambo mukuru – wakaburukira-a musakaramende sakaramende sande-e anouya kuzogara anogara zvirokwazvo.
*Madetembo:*
1.Iye Mwari anouya kuzogara kuzogara nesu pasi.
2.PaBethlehem iye wazvarwa mwana mudiki Mwari mukuru.
3.Paatari anozviita mudiki kwazvo kudya kwedu.
4.Iye mukuru anozvipa kuna vanhuu, ndovarombo.
*Chorus:*

*S/A* Ye-esu pindai muneni mugare mumwoyo mangu Yesu pindai muneni.
*B* Ye-esu pindai muneni pindai mumwoyo mangu Yesu wangu pindai muneni.

# 1 169

**Yesu Mwari Mambo Mukuru** – *W. Nhemachena*

*M: S/A* Yesu Mwari Mambo mukuru
*V: S/A* Wakaburukira paAtari musakaramende iro sande, anogara zvirokwazvo
*B* ---Yesu Mambo Yesu Mwari --- wakaburukira --- musakaramende
*Madetembo:*
1.Anouya kuzogara nesu pasi iye Mwari
2.PaBeterehema iye wazvarwa mwana mudiki, Mwari mukuru.
3.Paatari anozviita mudiki kwazvo, kudya kwedu.
4.Iye mukuru anozvipa kuna vanhu ndivo varombo
*Chorus:*
*S/A* Yesu wangu pindai muneni, mugare mumoyo wangu
*B* Yesu wangu --- pindai, pindai, mumoyo mangu

# 1 170

**Yesu Mwari Nhasi Tinochema** – *Br Mufaro Sibanda*

*M:* Yesu Mwari nhasi tinochema
*V: S* Yesu Mwari nhasi tinochema tinopfidza matadzo edu – tinochema tinopfidza matadzo edu
*B* --- Yesu Mwari nhasi tinochema --- tinopfidza matadzo edu nhasi tinochema --- tinopfidza matadzo edu
*Madetembo:*
1.Togarira pachipiyaniso tichiringa maronda ako
2.Neropa wakatinunura zvino rega kuzotarisa
*Chorus:*
*S/A* Tiringire Yesu --- tipfavire isu --- ticharega kutadza tinopfidza kwazvo
*B* Tiringire Yesu tipfavire isu --- ticharega kutadza --- tinopfidza kwazvo

# 1 171

**Yesu Mwari Nhasi Tinochema** – *Dumbura*

*M:* Yesu Mwari nhasi tinochema
*V: All* Tiringire Yesu tipfavire isu ticharega kukutadzira tiringire Yesu tipfavire isu tinopfidza kwazvo
*Madetembo:*
1.Togarira pachipiyaniso tichiringa maronda ako
2.Neropa wakatinunura zvino rega kuzotarisa
3.SaMagadarema tochema matadzo tokumbira kundonunurwa

*Chorus:*
*All* Tinopfidza matadzo edu

# 1 172

**Yesu Mwari Wangu Mununuri Wangu** – *Br L Bvukumbwe*
*M:* Yesu Mwari wangu mununuri wangu
*V: All* Buritsai Mweya iri mupuriga-torio – Yesu makanakisa ndidavirei mununuri wangu
*Madetembo:*
1.Mwari wangu ndinoziva ndinofa-a asi handizivi riniko, handizivi kupiko?
2.Mwari wangu ndinoziva ndinofa-a asi handizi kupiko, handizivi seiko?

# 1 173

**Yesu Ndimi Chitarisiro** – *C. Maturure*
*M:* Yesu ndimi chitarisiro chavanotambura
*V: S/A* Hamuna kuda kutisiya toga senherera makada kugara nesu nechido
*B* --- Kuda kutisiya toga --- makada kugara nesu nechido
*Madetembo:*
1.Munoona kusuwa komoyo wangu munondipfavira zvakaipa zvangu
2.Murupenyu nomukufa ndinotarisira kuna Yesu muponesi wangu
*Chorus:*
*S/A* Ndinotarisira kunemi imi moga-a nokuti ngoni dzenyu ihuru mutsa wenyu hauperi
*B* Ndinotarisira kunemi imi moga-a --- ngoni dzenyu ihuru mutsa wenyu hauperi

# 1 174

**Yesu Ndinokudai Yesu** – *J.L. Kaseke Chaleka*
*M: S/A* Yesu ndinokudai Yesu
Yesu ndinokudai wadiwa
*V: All* Chido, chamakandiratidza zvamakandishanyira-a,
Chido, chakanyanya, chido chenyu Yesu, nyangwe ndiri mutadzi
*Madetembo:*
1.Makandipa pfuma zhinji dzokusimbisa kuti mugondisandisa
Mwana wenyu wadiwa
2.Baba vangu ndinotenda ndinofara kwazvo
Ndokusiyai ndoenda munogara mandiri
3.Kwose kwose muriko mweya haukanganwi
Kwose kwose munenii kana ndichikudai
4.Ndipei bhenedhikisiyone kuneni nokuna vamwe
Kuti tsika dzedu dzose dzikudze imi Mwari

*Chorus:*
*All* Chido, chakanyanya, chido chenyu Yesu, nyangwe ndiri mutadzi

# 1 175

**Yesu Ndinokupai Imi** – *Sr Gaudencia Molly (LCBL)*

*M:* Yesu ndinokupai imi
*V: S/A* Yesu ndinokupai imi mwoyo wangu kwawo ndimi mati uya nawo munosuwa kwazvo – ndiri wenyu misi yose zvino nakare kose
*B* Yesu ndinokupai imi mwoyo wangu kwawo mati uya nawo Yesu-u mwoyo wangu ndiri wenyu misi yose nakare kose

*Madetembo:*
1.Mwoyo wangu ugadzirire Yesu Mambo wangu
2.Imi Mambo uchenesei
3.Ufanane nowenyu mwoyo wangu

*Chorus:*
*All* Uchenesei Mambo – ufanane nowenyu uchenesei misi yose

# 1 176

**Yesu Ndiye Nzira Inoenda Kuna Baba** – *J.V. Chinondo*

*M: S/A* Yesu ndiye nzira inoenda kuna Baba
*V: S/A* I-ni ndini nzira, ndini chokwadihi, ndini upenyu-u hakuna – munhu anosvika kuna Baba vangu asingasviki-hi nokwandiri – ini-ihi, ndini nzira, ndini chokwadi, ndini upenyu.
*B/T* --- Ndini nzira, ndini chokwadi, ndini upenyu-u, hakuna – hakuna munhu asingasviki-i nokwandiri-i i-ni ndini nzira ndini chokwadi ndini upenyu.

*Madetembo:*
1.Ini ndiri muna Baba naBababawo vari mandiri.
2.Munhu anenge aona ini atoonawo Baba vangu.
3.Kana zvisizvo – imi nditenderei pamusoro pamabasa pachawo.
4.Chiri chipi nechipi chamunokumbira muzita rangu ini ndichachiita.
5.Izvi ndichazvi-ita kuti mbiri yaBaba vangu igoonekwa nemandiri.
6.Mashoko andinoreva kwamuri handiarevi ini asi ivo Baba vakandigara.

*Chorus:*
*S/A* Tenderai mandiri, mugotenderawo muna Baba vangu – dai makanga muchindiziva mungadai maivazivao – imi makandiona naBaba vangu makatovaonao.
*B/T* Tenderai – tenderai mandiri – dai makanga muchindiziva mungadai maivazivao – imi makandiona – makatovaonao.

# 1 177

**Yesu Ndiye Nzira Yedu** – *C. Tarwirei*

*M:* Yesu ndiye nzira yedu

*V: All* Ndiyo nzira yedu Yesu yakanangisa kudenga kumusha wedu mukuru kwatichafara tose narini

*Madetembo:*

1.Upenyu hwedu hupfupi hunopfupikiswa norufu
2.Rufu musuwo wedenga inzira yokuupenyu
3.Inzira yokuupenyu isingatyiwi nouyo anofa nenzira kwayo
4.Mhodzi inotanga yafa kana ichida kumera isu tinotanga tafa kana tichida kumuka
5.Isu tinotanga tafa kana tichida kumuka
6.Tiri venyu pano pasi patakavaka tumatumba twedu
7.Ngatiende kuuzuru kumusha usina matumba
8.Denga musha wakanaka musha wavatsvene voga
9.Haupindi vakaipa vane zvivi

*Chorus:*

*S/A* Kufa murawo waMwari hauna waunosiya, ngatigadzirire tose nguva isati yasvika tirege kuzovhunduka musi watichadaidzwa

*B* Kufa waMwari kufa waunosiya, ngatigadzirire tose nguva isati yasvika tirege kuzovhunduka musi watichadaidzwa

# 1 178

**Yesu Uyai Chido Changu** – *M. Nyangare*

*M:* Yesu uyai chido changu
Uyai chido changu

*V: S/A* Yesu Yesu ndinokusuwai chido changu uyai kwandiri Yesu chido changu uyai

*B* Yesu Ye-suu Yesu ndinokusuwai chido changu uyai kwandiri chido changu uyai

*Madetembo:*

1.Musafunge matadzo angu Yesu uyai kwandiri
2.Ndinoda kukuitirai no-omoyo mukuru-u
3.Ndinoshaya rubatsiro mubasa guru-u
4.Uyai uyai Mambo wangu pi-indai muneni
5.Ndinokupai zviro zvangu zviro zvino narini

# 1 179

**Yesu Vari Pano** – *P. Madzamba*

*M:* Yesu vari pano

*V: All* Vari pano Yesu chingwa chavangere vanouya nhasi ngativarumbidzei vanouya nhasi

*Madetembo:*
1.Imi munoda kupinda mumoyo mangu
2.Asi Yesu wangu ndiri-hi mutadzi
3.Uyai kurumidzai Yesu ndinokusuwai
4.Revai inzwi roga resimba renyu moyo wangu unoponeswa
5.Kana muchiuya mumoyo mangu kana munondipfumisa nepfuma yenyu
6.Munogara ndimi Yesu wadiwa chenesai moyo wangu
*Chorus:*
*S/A* Mungapinde sei mumoyo mangu Yesu wangu ndiri mutadzi
*B* --- Mungapinde sei --- mumoyo mangu --- Yesu ndiri mutadzi

# 1 180

**Yesu Wadiwa** – *Sr Lioba Gana (LCBL)*
*M:* Yesu Wadiwa.
*V: S/A* Zvose zviri mumaoko enyu ndidzivirirei rutadzo Yesu, hapana chamunokoniwa uye munofarira kunditeurira zvipo zvenyu zvitsvene.
*B* --- Zviri mumaoko enyu ndidzivirirei rutadzo Yesu, hapana chamunokoniwa --- munofarira kunditeurira zvipo --- zvitsvene.
*Madetembo:*
1.Yesu tipei kudana nokunzwana.
2.Tipfigirei tose Yesu mumwoyo menyu.
3.Yesu endesai vakafa kurupenyu rusingaperi.
*Chorus:*
*S/A* Komborerai vabereki, vakoma navanunu’na nehanzvadzi, hama dzose neshamwari dzangu.
*B* --- Vabereki --- navanunu’na nehanzvadzi, hama --- neshamwari dzangu

# 1 181

**Yesu Wangu** – *M. Kanene*
*M:* Yesu wangu
*V: S/A* Tiregerereiwo matadzo edu, mutidzivirire kumoto muzhinji, itai kuti mweya yose iende kudenga – zvikuru iyo inoda tsitsi dzenyu, tsitsi dzenyu kwazvo, iende kudenga
*B* --- Maatadzo eedu, dzivirire kumoto muzhinji, itai kuti mweya yose iende kudenga, zvikuru iyo inoda tsitsi, tsitsi dzenyu iende kudenga
*Madetembo:*
1.Kristo akatandaza mumunda kapurwa pamutsigo.
2.Kristo akagadzwa ndaza yeminzwa akatakura chipiyaniso.

# 1 182

**Yesu Wangu** – *S.T. Chari*

*M:* Yesu wangu

*V: S/A* Yesu wangu simba nechishongo changu, ndichiri kuda imi Mambo nazvose zvangu zviripo ngandikudei misi yose musati kufa kusvike ndichiri kuda imi Mambo simba nechishongo changu

*B* --- Chishongo changu imi Mambo zviripo misi yose, kusvike, imi Mambo, chishongo changu.

*Madetembo:*

1.Ndatsauka misi mizhinji ndafamba ndiri murima imi Mambo
2.Nezvo moyo wakatambura zvandakatadza kazhinji imi Mambo
3.Ndakada rima chokwadi ndazvidza mwene wepasi imi Mambo
4.Zvaitwa nemi yesu wang kuti ndiri wenyu zvino imi Mambo
5.Mufudzi womwoyo munyoro makambononga hwai yenyu imi Mambo
6.Makaiisa kudenga kwamuchiri kuichengeta imi Mambo

# 1 183

**Yesu Wangu Chido Chenyu Chakanyanya** – *R. Mafinyori*

*M: S/A* Yesu wangu chido chenyu, chakanyanya
Chido chenyu chakanyanya

*V: S/A* Imi makandisarudza kutevera gwara re-enyu, ndiri wenyu, Mambo ndiri wenyu nari-ni.

*B/T* --- Makandisarudza kutevera gwara renyu-hu, ndiri wenyu, Mambo ndiri wenyu nari-ni

*Madetembo:*

1.Imi moga Yesu, imi moga, Mambo ndinorasa pfuma dzose.
2.Ibvai zviteyo zvapasi, Yesu wangu ndidzivirirei.
3.Ndinozvipira kunemi ndiponesei ndipindurei.
4.Ndinotsidzira kuitira imi moga, kwazvo nomwoyo muche-na.

*Chorus:*

*B* Gamuchirai mweya wangu nomuviri, Yeso Mambo ndiri wenyu, Mambo ndiri wenyu nari-ni.

*S/A/T* --- Gamuchirai mweya wangu nomuviri, ndiri wenyu, Ma-mbo ndiri wenyu nari-ni

# 1 184

**Yesu Wangu Chido Chenyu Chakanyanya** – *R. Tonganai*

*M:* Yesu wangu chido chenyuu chakanyanya

*V: All* Yesu wangu chido chenyuu chido chakanyanya imi makandisarudza kutevera gwara renyu ndiri wenyu nariini

*Madetembo:*
1.I-mi moga imii moogaha munoita zvishamisa zvose
2.Ibvai zviteyo zvapasii Yesu wangu ndidzivirirei.
3.Ga-muchirai gamuchiraii mweya wangu nomuviri
4.I-nzwai Yesu inzwai Yeesuu zvino ndinokutsidzirai

# 1 185

**Yesu Wangu Kwaziwai** – *E. Shara Musvosvi*
*M: S/A* Yesu wangu kwaziwai
*V: All* Kwaziwai Yesu wangu

*M:* Yesu wangu ndinobvuma
*V: B/T* Ini ndinobvuma ndinobvuma
*S/A* --- Ndinobvuma ndinobvuma

*M:* Ini ndinobvuma
*V: B/T* Ini ndinobvuma nomoyo wangu wose
*S/A* ---Ndinobvuma nomoyo wangu wose

*M*: Hongu ndinobvuma
*V: B/T* Ini ndinobvuma kuti muri mandiri Mambo
*S/A* --- Ndinobvuma kuti muri mandiri Mambo

*Madetembo:*
1.Ndogodiiko zvangu kuti ndinyatsokurukurirana nemi
2.Garai muneni ndigogarawo munemi
3.Chido changu chidukuduku asi zvino ndikwereteiwo chido chenyu chizere
4.Ini murombo nomutadzi mauya kwandiri
5.Mambo ndinofarira sei chikwereti chakadai chechido chenyu
6.Ndinoisvoda kugara pedyo nemi murupenyu rwangu
*Chorus:*
*S/A/T* Ndimi musakisi womufaro ndimi musakisi womufaro wangu
*B* --- Musakisi womufaro --- musakisi womufaro wangu

# 1 186

**Yesu Wangu Kwaziwai** – *A.B. Muzividzi*
*M:* Yesu wangu kwaziwai
*V: All* Ndinobvuma nomoyo wangu wose – kuti muri mandiri Mambo – Yesu wangu dogarai muneni ndimi musakisi womufaro wangu
*Madetembo:*
1.Ndogoiteikowo zvangu kuti ndinyatsokurukurirana nemi
2.Mambo ndinofarira sei chikwereti chakadai chechido chenyu

3.Ndinoisvoda kugara pedyo nemi Mambo murupenyu rwangu
4.Mambo garai muneni, ndigogarawo munemi kusvikira narini wose
5.Musabvume Mambo kuti ndimbofa zvangu ndakaparadzaniswa nemi
6.Chido changu chidukuduku asi zvino ndikwereteseiwo chido chenyu chizere
*Chorus:*
*All* Masvika Mambo mauya kwandiri ini murombo nomutadzi wakadai

# 1 187

**Yesu Wangu Matopinda Mumoyo Mangu** – *G. Machingauta*
*M: S/A* Yesu wangu matopinda mumoyo mangu.
*V: S/A* Matopinda mumwoyo mangu Yesu wangu --- ndichengeteiwo mudzivirire mweya wangu vasemi vawo, matopinda mumwoyo mangu makapfuma kwazvo imi Yesu.
*B* --- Mumwoyo mangu imi Yesu ndichengeteiwo, mudzivirire mweya wangu va-semi wavo --- mumwoyo mangu makapfuma kwazvo imi yesu..
*Madetembo:*
1.Ndipeiwo mwo-yoo wakanaka.
2.Ndipeiwo mwoyo munyoro, mwoyo wakafanana nomwoyo wenyu.
3.Ndipeiwo mwoyo unoda kubatsira vamwe.
*Chorus:*
*All* --- Ndichengeteiwo mudzivirire mweya wangu vasemi wavo, matopinda mumwoyo mangu makapfuma kwazvo imi Yesu

# 1 188

**Yesu Wangu Ndidzidziseiwo** – *S.T. Chari*
*M:* Yesu wangu ndidzidziseiwo
*V: S/A* Yesu wangu wadiwa ndidzidzisewo kuita moyo chena nokuwa muranda wenyu chaiye kuti ndizvipire kunemi kunyangwe zvakaoma sei ndirwire chitendero changu, ndirwire chitendero ndisingatyi marwadzo angandiwire Yesu wangu ndidzidziseiwo.
*B* --- Wadiwa ndidzidziseiwo kuita moyo chena nokuwa muranda wenyu chaiye kuti ndizvipire knemi kunyangwe zvakaoma sei ndirwire chitendero change ndirwire chitendero ndisingatyi marwadzo angandiwire Yesu ndidzidziseiwo.
*Madetembo:*
1.Ndibate basa renyu ndisingatsvagi kuzorodzwa ndikusevenzerei ndisingakumbiri mubairo
2.Kusiya izvi chete kwekuti ndiri kuita kuda kwenyu Mambo wangu naMwari wangu

## 1 189

**Yesu Wangu Wadiwa** – *P.C. Shayaugaro*

*M: S/A* Yesu wangu wadiwa

*V: S/A/T* Ndidzidziseiwo kuita mwoyochena – nokuva muranda wenyu-u kuti, ndizvipire kune-mi --- ndizvipire-e kunemi – nyangwe – zvakaoma sei ndizvipire kunemi-i Mambo

*B* Ndidzidziseiwo-wo mwoyochena-a nokuva muranda wenyu chaiye ndizvipire kunemi ndizvipire-e kunemi – nyangwe zvakaoma sei ndizvipire kunemi Mambo

*Madetembo:*

1.Ndirwire chitendero changu ndisingatyi marwadzo angandiwire

2.Ndibate basa renyu – ndisingatsvagi – ndisingatsvagi kuzorodzwa

3.Ndikusevenzerei – ndisingakumbiri – mubairo-o mubairo …

*Chorus:*

*S/A/T* Mambo wangu naMwari wangu nyangwe zvakaoma sei – ndizvipire kunemi-i Mambo

*B* Mambo wangu --- nyangwe --- zvakaoma sei ndizvipire kunemi-i Mambo

## 1 190

**Yesu Wangu Wadiwa** – *M.J.P.N. Mushuku*

*M:* Yesu wangu wadiwa

*V: All* Ndidzidziseiwo Mambo – kuita mwoyochena nokuva muranda wenyu nokuva muranda wenyu asingatye

*Madetembo:*

1.Ndirwire chitendero changu

2.Ndisingatyi marwadzo angandiwire

3.Ndibate basa renyu ndisingatsvagi kuzorodzwa

4.Ndikusevenzerei ndisingakumbiri mubairo

5.Kusiya izvi chete zvokuti ndiri kuita chete kuda kwaMwari

*Chorus:*

*All* Nyangwe zvakaoma seiko ndizvipire kunemi imi nokuva muranda wenyu

## 1 191

**Yesu Wangu Wadiwa** – *Sr E. Chinyani (LCBL)*

*M:* Yesu wangu-u waadiwa

*V: S/A* Heyiyi, minamato yangu, hayai mabasa angu, hokuyi kufara kufara kwangu nokutambudzika kwangu kwanhasi, amai Maria Musande ngavatisvitsireiwo izvi kunemi, kuti zvose zvamunoda imi zvigoitwa nhasi

*B* --- Minamato yangu, mabasa angu, hokuyii, kufara kwangu nokutambudzika kwanhasi, amai venyu Maria Musande

ngavatisvitsireiwo izvi kunemi, kuti zvose zvamunoda imi zvigoita nhasi

*Madetembo:*

1.Mwari wangu ndimi wandinoitira nhasi uno
2.Ndichifunga ndichitaura ndichibata basa
3.Itai kuti ndiswere nhasi ndisina kukutadzirai ndichiita zvamunoda

*Chorus:*

*S/A* Amai Maria Musande ngavatisvitsireiwo izvi kunemi, kuti zvose zvamunoda imi zvigoitwa nhasi
*B* Amai venyu Maria Musande ngavatisvitsireiwo izvi kunemi, kuti zvose zvamunoda imi zvigoitwa nhasi

## 1 192

**Yesu Wangu Yesu Wangu** – *M.J.P.N. Mushuku*

*M:* Yesu wangu, Yesu wangu
*V: All* Dai waro mandipa mwoyo mukuru Yesu wangu – mundiite kuti ndikudei ndigokuitirai sezvamakakodzera – sezvamakodzera

*Madetembo:*

1.Anorwa asina hanya namaronda
2.Anoshingairira asingatsvagi zororo
3.Anobata basa asingatarisiri mubayiro
4.Asi chete uyo wokuziva kuti anoita kuda kwenyu

*Chorus:*

*S/A* Ndidzidziseiwo kuva asina hanya nezvaanosara nazvo
*B* Ndidzidziseiwo kuva anopa – hanya nezvaanosara nazvo

## 1 193

**Yesu Yesu Yesu** – *V. Zvichauya*

*M: S/A* Yesu Yesu Yesu
*V: S/A* Mambo ndinoku-pai mweya wangu, Mambo Yesu Kristo gamuchiraiwo Mweya wangu, Maria Musande ndirevererereiwo
*B* --- Mambo ndinokupai Mweya wangu ---Yesu Kristo gamuchiraiwo Mweya wangu, Maria Musande ndirevererereiwo

*Madetembo:*

1.Maria imi amai vetsitsi ndidzivirireiwo muvengi.
2.Imi Yosefe Musande ndirevererereiwo.
3.Yesu naMaria naYosefe ndinokupai mwoyo, mweya, noupenyu hwangu.
4.Yesu naMaria naYosefe ndibatsirei panguva yokufa kwangu.
5.Yesu naMaria naYosefe itai kuti ndiinemi ndife ndiri murugare.

## 1 194

**Yeuka Munhu Uri Huruva** –*E.N.M. Dhliwayo Chimuti*

*M: S* Yeuka munhu
*V: All* Munhu yeuka uri huruva
*M: S* Yeu-ka
*V: All* Uchadzokerazve kuhuruva
*Madetembo:*
1.Wakauya usina nechinhu
2.Uchadzokera usinawo nechinhu
3.Uri waMwari uchimupenyu
4.Uri waMwari uchinge wafa
5.Ndiye wakare wakakuumba
6.Nevhu iro rauchadzokera
7.Uri mupenyu anokutonga
8.Uchinge wafa anokutonga
9.Uchaenda namabasa ako
10.Akanaka naakaipawo
11.Akanaka uchatuswa nawo
12.Akaipa uchatongwa nawo
13.Inguva shoma yatisarira
14.Tichakumbanidzwa navakafa
15.Yesu muponesi achauya
16.Kuzopangidza nzira yedenga
17.Ndichagezwa neropa raYesu
18.Pandinenge ndisati ndatongwa
*Chorus:*
*V: All* Uchadzokerazve
*M: S* Yeu-ka
*V: All* Uchadzokerazve kuhuruva

# 1 195

**Yeuka Munhu Uri Huruva** – *C. Chawasarira*
*M: S* Yeuka munhu
*V: All* Yeuka munhu uri huruva –
Uchadzokerazve kuhuruva –
Yeuka munhu uri huruva –
Uchadzokerazve kuhuruva –
*Madetembo:*

*Part 1:*
1.Wakauya usina nechinhu –
2.Uchadzoka usinawo nechinhu –
3.Uri waMwari uchiri mupenyu –
4.Uri waMwari uchunge wafa
– Yeuka munhu

*Part 2:*
5.Ndiye wakare akakuumba –
6.Nevhu iro rauchadzokera –
7.Uri mupenyu anokutonga –
8.Uchinge wafa anokutonga
– Yeuka munhu

*Part 3:*
9.Uchaenda namabasa ako –
10.Akanaka neakaipawo –
11.Akanaka uchatuswa nawo –
12.Akaipa uchatongwa nawo
– Yeuka munhu

*Part 4:*
13.Nguva shoma yatisarira
14.Uchakumbanidzwa nevakafa
15.Yesu muponesi achauya
16.Kuzopangidza nzira yedenga
17.Ndichagezwa neropa raYesu
18.Pandinge ndisati ndatongwa
– Yeuka munhu

*Chorus:*

*All* Munhu yeuka uri huruva –
Uchadzokerazve kuhuruva –
Munhu yeuka-a uri huruvaha –
Uchadzokerazve kuhuruva –

# 1 196

**Yeukai Mambo Hama Dzedu** – *R. Mandigo*

*M* Yeukai Mambo hama dzedu

*S/A* Dzose – dzose dzakatitangira-ha-ha-ha dzakakatitangira kufa-ha dzichiri kuripira matadzo nazvino

*B* --- Dzoose dzakatitangira –ha-ha-ha dzakatitangira kufaha-ha dzichiri kuripira matadzo nazvino

*Madetembo:*

1.Vana vari kure naBaba vanosuwa kuenda kumusha
2.Vapeiwo tinokumbirisa kunyaradzwa norugare-e
3.Norugare rusingaperi kumusha wenyu wokudenga
4.Norugare kumusha wenyu wokudenga

*Chorus:*

*All* Dzichiri kuripira matadzo nazvino

# 1 197

**Yeukai MuVirigo Makapfava Kwazvo** – *Sr Cecilia Mushayapokuvaka (PBVM)*

*M:* Yeukai Muvirigo makapfava kwazvo
Muvirigo makapfava kwazvo

*V: S/A* Hakuna kunzwika nakare kose
Kuti makarumbidza akatizira kunemi
Achichemera kubatsirwa, nokurevererwa nemi

*B* --- Hakuna kunzwika hakuna kuti makarambidza ani naani achichemera kubatsira nokurevererwa nemi

*Madetembo:*

1.Ndizvo izvi zvinondipa mwoyo amai vaYesu
2.Nditizire kwamuri ndiri mutadzi amai vaYesu
3.Ndiuye kwamuri ndiri mutadzi amai vaYesu
4.Ndinogara pamemi ndichichema misodzi amai vaYesu

*Chorus:*

*S/A* Regai kurambidza mazwi angu
Regai kurambidza mazwi angu
Mudavire zvakapfava

*B* --- Kurambidza --- angu --- angu mazwi angu
Muadavire zvakapfava

## 1 198

**Yosefa Musande** – *J. Manyepa*

*M: S/A* Yosefa musande Baba muchengeti waYesu

*V: All* Ndinokumbira kurevererwa nemi Yosefe, muchengeti waYesu kuti ini ndicheneswe ndireverereiwo Yosefe

*Madetembo:*

1.Ndifunge zvakanaka zvoga ndide zvakanaka zvoga, zvakanaka zvoga

2.Ndigozoitira Mwari Mwari nomwoyo wose – nomwoyo wose

3.Ndisvitsireiwo chichemo changu chokuti ndicheneswe

*Chorus:*

*S/A* Ndinokumbira kurevererwa ndireverereiwo Yosefa

*B* Ndinokumbira kurevererwa nemi ndireverereiwo Yosefa

## 1 199

**Yosefe Musande** – *F.H. Chinyanya*

*M: S/A* Yosefe Musande

*V: S/A* Muchengeti wakanaka waMaria muvirigo, wakafamba naye murenje reEgypita Oh! Yosefe Musande wakapfava kwazvo tidzidziseiwo, tidzidzisei kufa kwewakanaka

*B* ---Wakanaka waMaria muvirigo --- naye murenje reEgypita --- Yosefe Musande wakapfava kwazvo tidzidziseiwo, tidzidzisei kufa kwewakanaka

*Madetembo:*

1.Mwana pamaoko a-ko uri kumuchengeta.

2.Mwa-na arikunzwa minamato yedu nokukumbira.

3.Ndizvo Yosefe Musa-nde ugotiyeukawo

4.Baba unodiwa we-du tiri kuteta.

*Chorus:*

*S/A* Muchengeti wakanaka tifundisei kufa kwewakanaka.

*B* --- Wakanaka tifundisei kufa kwewakanaka

## 1 200

**Zuva Randakachema Tenzi** – *Sr Thomas Nyamakwere (HLMC)*

*M:* Zuva randakachema Tenzi

*V: S/A* Zuva randakachema kwamuri Tenzi, Tenzi makandibatsira mukandisimbisa nesimba renyu

*B* --- Zuva randakachema kwamuri Tenzi makandibatsira mukandisimbisa nesimba renyu

*Madetembo:*

1.Kunyangwe Tenzi ari kumusoro anochengeta vakazvirereka vanodada havangazvivanzi kwaari

2.Kunyangwe ndikafamba pakati pemhandu dzangu imi munoponesa upenyu

hwangu
3.Munopikisa vavengi vangu vakanditsamwira muchindiponesa nengoni dzenyu
4.Ndinokutenda Tenzi nomoyo wose ndinoimba ndichikurumbidzai
*Chorus:*
*All* Makandibatsira mukandisimbisa nesimba re – nyu

# 1 201

**Zuva Ratakabhabhatidzwa** – *R. Chivende*
*M:* Zuva ratakabhabhatidzwa
*V: S/A* Zuva ratakabhabhatidzwa takarasa satani namabasa ake ose noushe hwake hwose takarasa satani namabasa ake ose
*B* Zuva ratakabhabhatidzwa takarasa satani namabasa ake ose noushe hwake takarasa satani namabasa ake ose
*Madetembo:*
1.Nhasi topamhidza kudzidza, tinotendera Yesu Kristo kuti ndiMwari Mambo wedu
2.Kana diabore wotifurira, toti ibva kure kunesu
3.Tarasa ushe hwose hwadiabhore, nahwo vanhu vake vose
4.Torega kundofambidzana navasemi vose vaMwari

# 1 202

**Zuva Ratakabhabhatidzwa** – *M.M. Chipato*
*M:* Zuva ratakabhabhatidzwa
*V: All* Takarasa satani namabasa ake ose noushe hwake hwose nhasi topamhidza kupika tinotendera Yesu Mwari Mambo wed
*Madetembo:*
1.Kana diabore wotifurira woteya kutadza Mwari, toti
2.Tarasa ushe hwose hwadiabhore, nahwo vanhu vake vose, toti
3.Torega kundofambidzana navasemi vose vaMwari, toti
*Chorus:*
*S/A* Ibva kure nesu-u iwe une manomano une manomano ibva kre nesu-u une manomano
*B* --- Kure nesu-u une manomano une manomano iwe une manomano ibva kure nesu

# 1 203

**Zuva Ratakapapatiswa** – *R. Tonganai*
*M: S/A* Zuva ratakapapatiswa
*V: S/A* Zuva rataapa-patiswa takarasa sataani namabasa ake ose noushe – hwake hwose
*B* Zuva rataapa-patiswa takarasa sataani namabasa ake ose – noushe hwake hwose

*Madetembo:*

1.Kana dhiabori wotikurira
2.Woteya kutadza Mwari
3.Toti ibva kure kunesu
4.Iwe una mano mano
5.Tarasa hushe hwose hwadiabori
6.Nohwavanhu vake vose
7.Torega kundofambidzana
8.Navasemi vose vaMwari

*Chorus:*

*S/A* Nhasi topamhidza kupika kwazvo tinotendera Yesu Mwari Mambo wedu

*B* Nhasi topamhidza kupika kwazvo tinotendera Mwari Mambo wedu

# 1 204

**Zuva Richibuda** – *Sr Gaudencia Molly (LCBL)*

*M:* Zuva richibudaa

*V: S/A* Zuva richibuda mwoyo unomukaa, zuva richidoka ndiri kunamata Kristo, akudzwe mumba maMwarii ndinoreva kuti akudzwe, akudzwe Kristo.

*B* --- Richibuda mwo-o-yo unomuka --- ndiri kunamata --- akudzwe --- mumba maMwari ndinoreva kuti akudzwe, akudzwe Kristo

*Madetembo:*

1.Nokuzvimbo dzose ndinokumbirazve.
2.Mukudya nokunwa mweya unotenda.
3.Mukutamba kwangu ndinofunga zvangu.
4.Mukutambudzika handimbonyunyuti.
5.Mukugarikawo ndinoimba dzimbo.

*Chorus:*

*S/A* Ndinoreva kuti akudzwe Kristo.

*B* Ndinoreva kuti akudzwe, akudzwe Kristo.

# 1 205

**Zuva Rinouya Tenzi** – *C. Matururе*

*M:* Zuva rinouya Tenzi imi hamurizivi

*V: S/A* Asi kana riri zuva iroro nenguva iyoyo hakuna munhu anozviziva kunyangwe vatumwa vaMwari vokudenga kunyangwe mwana waMwari asi – ndivo vanozviziva

*B* Asi kana riri zuva iroro nenguva iyoyo – munhu anozviziva kunyangwe vatumwa vaMwari vokudenga – kunyangwe mwana waMwarii – Baba voga ndivo vanozviziva

*Madetembo:*

1.Vanhu vaviri vachava mumunda mumwe chete, mumwe achatorwa mumwe achsiiwa

2.Vakadzi vaviri vachakuya paguyo rimwe chete, mumwe achatorwa mumwe achisiiwa

*Chorus:*

*S/A* Naizvozvo nemiwo garai makazvigadzirira nokuti – achauya ne-nguva

yamusingafungi kuti achauya nayo
B --- Naizvozvo nemiwo makazvigadzirira – mwana womunhu --- nenguva yamusingafungi kuti achauya nayo

# 1 206

**Zuva Ripenye Kuvakafa** – *H.M. Gambiza*
*M:* Zuva ripenye kuvakafa
*V: All* Ripenye kuvakafa-ha, zuva risingagumi ripenye, ripenye kuvakafa
*Madetembo:*
1.Ndiri ruponeso rwavanhu, ndizvo zvinotaura Mambo
2.Ngavachemere kwandiri vari munhamo, ini ndichavanzwa
3.Ndichazova Mambo wavo nokusingaperi, vachazova vanhu vangu
4.Teererai mirairo yangu imi vanhu vangu rerekai nzeve dzenyu kumashoko angu
5.Ndini kumuka kwenyu norupenyu rwenyu
6.Ndichamutsa vakafa vagosvika kurupenyu rusingaperi
*Chorus:*
*All* Zuva ripenye zuva risingagumi, ripenye ripenye kuvakafa

# 1 207

**Zuva Ripenye Kuvakafa** – *J.K. Dzingai*
*M:* Zuva ripenye
*V: S/A* Ripenye kuvakafa zuva risingagumi, zuva ripenye, zuva risingagumi ripenye kuvakafa
*B/T* Ripenye kuvakafa zuva risingagumi, zuva risingagumi, ripenye kuvakafa
*Madetembo:*
1.Ndiri ruponeso rworudzi ndizvo zvinotaura Mambo
2.Ngavachemere kwandiri vari munhamo ini ndichavanzwa
3.Ndichazova Mambo wavo nokusingaperi, vachazova vanhu vangu
4.Teererai mirairo yangu imi vanhu vangu rerekai nzeve dzenyu kumashoko angu

# 1 208

**Zuva Risingagumi** – *S.M. Ponde*
*M:* Zuva risingagumi
*V: All* Ripenye kuvakafa
*Madetembo:*
1.Ndiri ruponeso rworudzi ndizvo zvinotaura Mambo
2.Ngavachemere kwandiri vari munhamo ini ndichavanzwa
3.Ndichazova Mambo wavo nokusingaperi, vachazova vanhu vangu
4.Teererai mirairo yangu imi vanhu vangu rerekai nzeve dzenyu kumashoko angu
5.Ndini kumuka kwenyu norupenyu rwenyu
6.Ndichamutsa vakafa vagosvika kurupenyu rusingaperi

# 1 209

**Zuva Rogaroga Mambo Ndaneta Kuchema** – *P.Gunyeku*

*M* Zuva roga roga Mambo ndaneta kuchema

*V: S/A* Imi Tenzi wangu nditsiureiwo norudo, musandirange nehasha dzenyu, musandirangewo nehasha, ndinokumbira kuitirwa tsitsi, kuitirwawo tsitsi nemi

*B* Imi Tenzi wa-ngu nditsiureiwo norudo --- musandirange --- nehasha dzenyu mu-sa-ndirange nehasha --- ndinokumbira kuitirwawo tsitsi nemi

*Madetembo:*

1.Ndichatambura kusvika riniko Tenzi kusvika rini Tenzi

2.Tenzi handina simba ndakarukutika ndiporesei handina rugare Tenzi

3.Ndanetseka pamwe nokuchema nokuda kwemhandu dzangu

*Chorus:*

*S/A* Zvichasvika riniko zvakadaro Tenzi zvichasvika rini Tenzi dzokai Tenzi mununure mweya wangu

*B* --- Riniko, riniko, rini Tenzi --- Tenzi wangu mununure mweya wangu

# 1 210

**Zuva Rokutonga KwaTenzi Rava Pedyo** – *A. Munyanyi*

*Part 1:*

*M: S/A* Zuva rokutonga kwaTenzi rava pedyo

*V: S/A* Zvanzi naTe-enzi ndichaparadza zvose zviri pasi pano, vanhu vose vakaipa hakunazve achazosara --- i-ni Tenzi ndi-ni ndazvitaura-a

*B* Zvanzi naTenzi ndichaparadza zvinhu zvose zviri pasi pano, vose vakaipa hakuna achazosara ini Tenzi --- ndini ndazvitaura-a

*Madetembo:*

1.Ndichaparadza munhu wose anokwira pamusoro pemba achinamata zuva, mwedzi, nenyenyedzi-i

2.Ndichaparadza vaya vanondinamata vanotsidza kuti vanondida asi shure kwezvo-o voitira zvimwe zvimwari miteuro

3.Ndichaparadza vaya vakadududza vasingachadi kunditevera vaya vasingadi kuuya kwandiri-i

*Part 2:*

*Chorus:*

*M:* Rava pedyo pedyo zuva iro-o x2

*S/A* Rava pedyo pindukirai kuna Tenzi pindukai nguva ichiripo-o

*B* --- Rava pedyo pindukirai kuna Tenzi pindukai nguva ichiripo-o

*Madetembo:*

4.Itai zvakarurama muzvirereke pamberi paTenzi rava pedyo pedyo zuva iro-o

5.Pasi pachaparadzwa nomoto wokutsamwa kwaTenzi rava pedyo zuva iro

6.Funga zvakanaka pinduka usati wafa zuva rokuratidza kutsamwa kwake risati rasvika-a

# 1 211

**Zuva Romugumo** – *S. Hwata*

*M:* Zuva romugumo
*V: S/A* Zuva romugumo, chinhu chinotyisa-a pachadederesa, zuva romugumo
*B* Zuva romugumo --- chinotyisa-a, panotonga Mwari --- romugumo
*Madetembo:*
1.Tiri pano pasi, tinovanzirana zvinhu
2.Kunyika yemberi zvichavanzanurwa zvose
3.Tiri pano pasi, tingavanze zvitema
4.Asi kuna Mwari, zvose zviri pachena
5.Zuva rokutongwa tichabvunzisiswa naShe
6.Magariro edu ataiita tiri panyika
*Chorus:*
*S/A* Pinduka mutadzi-i pinduka --- nguva uchinayo hameno, zvimwe uchamira padare
*B* --- Mutadzi pinduka, nhasi --- mangwana hameno --- uchamira padare

# 1 212

**Zvanzi NaMambo Jesu** – *A.I. Lunga Nyathi*

*M: S/A* Zvanzi naMambo Jesu
*V: S/A* Ndichakusasai mvura yakachena pamusoro penyu, ndichikunatsai pahuipi hwenyu ndichikupai, mweya mutsva-a.
*B* --- Ndichakusasai yakachena pamusoro penyu ndichikunatsai pahuipi hwenyu ndichikupai, mweya mutsva-a.
*Madetembo:*
1.Tinorwara ndimi simba redu nohupenyu hwedu.
2.Tiponesi – tiponesei Jesu.
*Chorus:*
*S/A* Tipeiwo moyo wakafanana, nomoyo wenyu, kuti tigare tichiita kuda kwa Baba venyu vokudenga.
*B* --- Moyo wakafanana, nomoyo wenyu, kuti tigare tichiita kuda kwaBaba venyu Baba vokudenga.

# 1 213

**Zvanzi NaTenzi Mufudzi Akanaka** – *SrVictoria Sanyika (LCBL)*

*M: S/A* a) Zvanzi naTenzi mufudzi akanaka
b) Mufudzi akanaka
*V: All* Ini ndomene, ndini ndichafudza hwai dzangu, ndichidzirarisa mumumvuri. Ndichatsvaga hwai dzakarasika nokudzifudzaa pamatsime, pamafuro akanakisa, dzichafura pamafuro manyoro

*Madetembo:*
1.Vafudzi munouraya hwai dzakakodzwa asi hamuna han'ya nehwai dzangu.
2.Imi muri hwai dzangu dzandinofudza ini ndiri Mwari wenyu.
3.Hwai dzangu dzichagara padyo negomo rangu ini ndichadzipa makomborero.
4.Ndicharapa hwai dzinorwaraa dzakavhunika makumbo.

*Chorus:*
*All* Ndichatsvaga hwai dzakarasika nokudzifudza pamatsime, pamafuro akanakisa dzichafura pamafuro manyoro

# 1 214

**Zvapupu Zvechitendero** – *S.D.M. Mutadzapasi*
*M:* Zvapupu
Zvapupu zvechitendero
*V: S/A* Imi zvapupu munyika yeAfrica, tinokukumbirai nomutsa kuti mutirevererewo kuna Mambo kuti agotipa girasiya rorutsungo nokuvawo zvapupu zvechitendero munyika yedu
*B* Zvapupu zvechitendero, zvapupu tinokukumbirai nomutsa kuna Mambo kuti agotipa girasiya rorutsungo zvapupu zvechitendero munyika yedu

*Madetembo:*
1.Charles Luwanga tirevererewo kuti chitendero chigodzika midzi mumoyo yavanhu
2.Mateo Mulumba tirevererewo kuna Mambo kuti tigare rupenyu rwakanaka
3.Yosefe Mukasa tirevererewo kuti tigosvika kudenga kwatichanofara pamwe nemi
4.Kizito navamwe tirevererewo kuti tichiona mbiri yaBaba noMwanakomana naMweya Musande

# 1 215

**Zvinhu Zvose Pasi Pano** – *E. Musungo*
*M: S/A* Zvinhu zvose pasi pano zvine nguva yazvo
*V: S/A* Mwari ndiye anoronga, nguva yazvose zvinoitika, pasi pano-o Mwari anoronga zvose
*B* Mwari ndiye anoronga nguva-ha zvose zvinhu zvinoitika pasi Mwari anoronga zvose
*Madetembo:*
1.Mwari anoronga nguva yokufara nguva yokuchema yokuberekwa nokufa-ha
2.Ndiye anoronga-zve-he nguva yokusima nokudzipura uye nguva yokuporesa-ha
3.Chinhu chimwe chete chinodiwa naMwari ndechokuti timude
4.Zvinhu zvose zvinoitwa naMwari zvinogara nariini – nariini

# 1 216

**Zvino Kuti Ini Ndiregе Kuzvitutumadza** – *Br Mufaro C. Sibanda*

*M:* Zvino kuti ini ndirege kuzvitutumadza

*V: S/A* Ndakabaiwa munzwa unorwadza kwazvo pamuviri wangu, kuti ndirege kuzvikudza nokuzvitutumadza nokuda kewezvinhu zvandakaona munzwa uyu unoita senhumwa yasatani inondirova kuti ndirege kuzvikudza.

*B* Ndakabawa munzwa unorwadza kwazvo pamuviri wangu, kuti ndirege kuzvikudza nokuzvitutumadza nokuda kewezvinhu zvandakaona zvinoshamisa munzwa uyu --- senhumwa yasatani inondirova kuti ndirege kuzvikudza.

*Madetembo:*

1.Kwenguva nhatu ndakanamata kuna Tenzi kuti munzwa uya ubviswe, asi iye akandipindura achiti:

2.Saka ndinofara zvikuru ndichifarira utera hwangu, kuti ndidzivirirwe nesimba raKristo

3.Nokuti muutera hwangu ndimo mune simba rangu

*Chorus:*

*S/A* Nyasha dzangu kwauri dzakawanda, simba rangu iguru kwazvo ---pano munhu anoutera.

*B* Nyasha dzangu kwauri dzakawanda nokuti simba, simba rangu iguru kwazvo --- pano munhu pano munhu anoutera.

# 1 217

**Zvino Moyo Wangu Watambudziko** – *F.Shamwari*

*M:* Zvino moyo wangu watambudzika

*V: S* Chiiko chandingataure Baba nguva iyi ngairege kusvika kwandiri

*B* Chandingataure ndingati here --- yamatambudziko ngairege kusvika kwandiri

*Madetembo:*

1.Baba dai zvichibvira dambudziko iri ripfuure

2.Ngazviitwe sokuda kwenyu kwete sokuda kwangu

3.Mweya unoda asi nyama haina simba

*Chorus:*

*S* Ndiburitsei ndisina chandiwana, Baba kudzai zita renyu

*B* --- Munguva ino chandiwana, kudzai zita renyu

# 1 218

**Zvino Mubairo Woukundi Wakandimirira** – *Fr. J. Dandiro*

*M: S/A* Zvino mubairo woukundi wakandimirira
Mubairo woukundi wakandimirira

*V: S/A* Nokuti nesimba rashe Jesu, romweya wake ndakarwisa ndikakunda,

hondo dzomweya dzapasi uye ndakachengeta chitsidzo chaTenzi chechitendero, ndokumhanyawo mumapitse ose, ndikapedza zvakanaka chinhambwe, chamabasa ashe, chandakatemerwa naJesu-u.

*B* Nokuti nesimba rashe Jesu, nesimba rake ndakarwisa ndikakunda, ho-ondo dzomweya dzapasi ndakachengeta chitsidzo chaTenzi chechitendero, ndokumhanyawo mumapitse ose, ndikapedza zvakanaka chinhambwe, chamabasa, chandakatemerwa naJesu-u.

*Madetembo:*

1.Tenzi akamira neni ondisimbaradza nomweya wake, achindiita muromo wake wokuparidza dama.

2.Kuti dama rake rakanaka rorugare, rigosvika kundudzi dzose.

3.Mwari samasimba achandinunura, mukuranganwa kwandichaitwa navavengi.

4.Tenzi achandiponesa, uye achandisvitsa, kumbiri yake, mbiri yokudenga-a

5.Mwari Baba vakudzwe nokurumbidzwa nokusingaperi, pamwe naKristo Tenzi nyakutumwa-a.

*Chorus:*

*S/A* Handisiri ndoga, ndoga ndichapembedzwa naMambo, ndoga ndichatuswa zvakadai nashe, asi navamwe vose vatendi, vaya vakatsunga vanosuwira, zvokuuya kwaJesu, namasimba nembiri yake.

*B* --- ndoga muKristo, ndichapembedzwa, handisiri ndoga ndichatuswa zvakadai nashe, asi navamwe vose vatendi, navasarudzwi vakatsunga vanosuwira, zvokuuya kwaJesu, Tenzi achipenya nembiri yake.

# 1 219

**Zvino Ngatitende Mwari** – *B.P. Mukoko*

*M:* Zvino ngatitende Mwari

*V: S/A* Baba vaTenzi wedu Yesu Kristo-o akatikomborera akatipa zvipo zvose

*B* --- Tenzi wedu Yesu Kristo ko-omborera akatipa zvipo zvose-e

*Madetembo:*

1.Naizvozvo ngatirumbidze Mwari pamusoro penyasha dzake-e

2.Pakufa kwaKristo takadzikinurwa neropa renyu

*Chorus:*

*S/A* Akatikomborera-a akatipa zvipo zvose

*B* --- Ko-omborera akatipa zvipo zvose

# 1 220

**Zvipo ZvaMambo Zvizhinji** – *R. Augusto*

*M* Zvipo zvaMambo zvizhinji

*V: S/A* Panazvo zvose zvipo zvenyu ichi chomuviri neropa renyu ndokuti imi pachenyu imi pachenyu chipo chinopfuura zvose

*B* Zvipo zvipo zvenyu neropa renyu chipo chipo chipo chinopfuura zvose

*Madetembo:*
1.Mambo mapinda mumoyo mangu chido chenyu chakanyanya
2.Munhu akandipa mvura yokunwa ndoti kwaari wazviita asi mvura chinhu chidukwana
3.Mambo kutenda kwangu kunobva kwaperevedzera kure kure
4.Kuuya kwenyu hakushamisi ini ndoga asi vangere vokudenga vanoshamiswa nazvo
5.Kuti iniwo zvangu chisikwa chenyama chinovingwa naMambo mukuru mukuru kudai

*Chorus:*

*S/A* Mai vaYesu muri kudenga nemi mose vangere navasande ndibatsireiwo kutenda Mambo wedu uyo anorunako rusingagumi

*B* Mai vaYesu muri kudenga nemi mose vangere navasande ndibatsireiwo kutenda --- uyo anorunako rusingagumi

# 1 221

**Zviro Kwazvo Ndinoda Mwari** – *T.M. Dunduru*

*M:* Zviro kwazvo

*V: S/A* Ndinoda Mwari nokuti anonzwa izwi rangu --- yorufu yakandikomba --- ndakawana kutambura nekuchema ndakadana zita ramambo

*B* --- Mwari nokuti anonzwa izwi misungo --- yakandikomba ndakawana kutambura nokuchema ipapo ndakadana zita raMambo

*Madetembo:*
1.Ndakanga ndashaiwa simba iye akandiponesa
2.Mwari ane mwoyochena akarurama
3.Mwari ane tsitsi Mwari ane tsitsi

# 1 222

**Zviro Kwazvo Zviro Kwazvo** – *Dumbura*

*M:* Zviro kwazvo zviro kwazvo

*V: S* Ndinotii kunge musingadyi nyama yamwanakomana womunhu nokunwa ropa rake hamuchavi noupenyu mamuri

*A/B* --- Kunge musingadyi nyama yomwanakomana nokunwa ropa rakee hamuchavi noupenyu mamuri

*Madetembo:*
1.Anodya nyama yangu nokunwa ropa rangu
2.Ane hupenyu hupenyu husingaperi
3.Ndichazomumutsawo nezuva remhedziso

*Chorus:*

*S/B* Nyama yangu ndicho chokudya chaicho neropa ranguwo ndicho chokunwa chaicho

*A* Ndicho chokudya chaichowo neropa ranguwo ndicho chokunwa chaicho

# Dzimbo Sande

## D1

**Ah Yesu She Takava Vana Venyu**

Ah Yesu She takava vana venyu
Tinodazve kuzvinyorera patsva
Mumwoyo menyu Yesu wadiwa
Tindova venyu zvino narini
Mumwoyo menyu Yesu wadiwa
Mutinyorere uno pakare

Rairayi She rairayi vatenderi
Vamupikira patsva rudo rwavo
Munemi moga munoponesa
Rairayi vose vagoteerera
Muvakwevere kumwoyo wenyu
Vazvinyorere umo pakare

Tarirayi She mufudzi wakanaka
Tarirai hwai yakarasika kare
Muitevere muinunure
Pfundunurai zviteyo zvayo
Muikwevere kumwoyo wenyu
Idziye uko imuterere

Vana verima vasingatenderi
Yeukayi She navo makafira
Zvavane mweyazve isingafi
Vatarire nourombo hwenyu
Muvakwevere kumwoyo wenyu
Vafunde uko chido chitsva

## D2

**Amai Vangu Vasande**

Amai vangu vasande
Maronda omununuri
Nditsikirei mumwoyo

Yesu Kristo achifira
Uko pachiyaniso
Amai kwazvo vachema

Mwoyo wake wakatsvira
Mwana wake wabaiwa
Pazvanza, pamakumbo

Isu tose tinochema
Tichitarisa Mariya
Amai vachigomera

Vakaona mwana wavo
Achitambudzika kwazvo
Achitifira isu

Vakaona muponesi
Achirwadzwa namaronda
Pamusana pamatadzo

O Mariya tifundise
Kupfidza matadzo edu
Akauraya Yesu

Ngatigoverane newe
Kutambudzika kwaYesu
Kwaakatirwadzirwa

Ngatimire paKalvari
Tichiona nhamo dzose
Dzinoisvokunetsa

Ngatiyeuke maronda
Akatirwira naYesu
Pamusana pedu

Hoko ndefu dzakabaya
Tsoka dzake namaoko
Mariya achiona

Kana isu tichitadza
Tinobaya mununuri
Nomwoyo wamai vake

O Mariya tibatsire
Isu vatadzi vaipi
Tirwarire matadzo

Kana toosiya pasi
Tipevo kugara newe
Misi yose kudenga

## D3

**Amai Virigo Vanotirayidza**
Amai Virigo vanotiraidza
Isu tose tiperekedze
Tichiteyiwa nadiabore
Amai tiudzei togoiteyi

Mariya amai vomwana Yesu Kristo
Mwoyo wenyu wakamuchengeta
Isu tose tiri vana venyu
Amai tiudzei togoitei

Tichitarisa mwana wenyu Yesu Kristo
Achigara pamabvi enyu
Tinochemera kufanana naye
Amai tiudzei togoitei

Totevera tsika dzaYesu mwana
Tive vana venyu chokwadi
Kuti tidaro namazuva ose
Amai tiudzei togoitei

## D4

**Ari Pano Yesu**
Ari pano Yesu
Chingwa chavangere
Anouya nhasi
Timurumbidze

Unoda kupinda
Mumwoyo mangu
Uya kurumidza
Ndinokusuwa

Asi Yesu wangu
Ndiri mutadzi
Unopinda sei
Mumwoyo mangu

Nhasi ndinopfidza
Matadzo ose
Ndinofunga chete
Kukuda iwe

Unogona ndiwe
Yesu wadiwa
Kuchenesa mwoyo
Weni mupfidzi

Reva izwi roga
Resimba rako
Zvino mweya wangu
Unoponeswa

Rega kundishona
Ini murombe
Rega kunditanda
Ini mupemhi

Kana uchiuya
Kumwoyo wangu
Unondipfumisa
Nepfuma dzako

Uya Yesu wangu
Uya kwandiri
Uya une chido
Chotidisana

## D5

**Gara Nesu Mambo Wedu**
Gara nesu Mambo wedu
Ona tiri vana vako
Tinokumbira kunewe
Tipe tsitsi dzako zhinji
Gara nesu Mambo wedu

Ona tiri vana vako

*Chorus:*
Atimuimbire, atimukudze
Yesu nembiri woswedera
Atifare zvedu nokutenda kwedu
Zvaari pano yesu Kristo

Gara nesu Mambo wedu
Utitonge nezwi rako
Kuti tichengete tose
Rudzidziso rwako rwose
Gara nesu Mambo wedu
Ona tiri vana vako

Gara nesu Mambo wedu
Tiende mazuva ose
Nzira inotiendesa
Mukufara kwedenga
Gara nesu Mambo wedu
Ona tiri vana vako

Gara nesu Mambo wedu
Utidzivire isu
Tinotambudzika pasi
Utichengete munhamo
Gara nesu Mambo wedu
Ona tiri vana vako

## D6

**Hosi Yedu Yokudenga**
Hosi yedu yokudenga
Farai Mariya
Kutambudzika kwapera
Alleluia
Tikumbirire virigo

Uyo wamakatakura
Farai Mariya
Waripira mhosva dzedu
Alleluia
Tikumbirire Virigo

Mambo wamuka muguva
Farai Mariya
Nembiri sezvaaitaura
Alleluia
Tikumbirire Virigo

Titaure kuna Yesu
Farai Mariya
Timuke tose naMambo
Alleluia
Tikumbirire Virigo

## D7

**Hosi YeRosariro**
Hosi yerosariro
Amai vetsitsi
Inzwa vana vako
Vanochema kunewe

*Chorus:*
Tifundisevo
Tiperekedzevo
Virigo amai vetsitsi

Hosi yorosariro
Virigo mutsvene
Muparadiso
Achifara naYesu

## D8

**Iwe Wakachena Wopenya**
Iwe wakachena wopenya sezuva
Iwe amai vangu vakanaka

Ndoenda kupiko ini namatadzo
Kwamuri ndouya mai vadiwa

Unozvinzwa zvose nokuti mai imi
Ndinokukumbira kubatsirwa

Norunako rwako wafadza kwazvo
Mwari musiki wazvose zvose

Mwoyo wangu wose unosuva chete
Kufanana imi mai Mariya

## D9

**Kare Kwakanga Kusina Chiedza**
Kare kwakanga kusina
Chiedza munyika
Mwari ndokuzotaura
Kuti mwenje uvepo

Kuzoti nguva yasvika
Kwakauya Yesu
Kuchenesa pasi pose
Mwenje wechokwadi

Ngatigamuchire mwenje
Unotitendesa
Wotidzivira rutadzo
Kurima norufu

Ngatigamuchire mwenje
Uvheneke vamwe
Nyika yedu ichimbidze
Kutambira zuva

## D10

**Ko Vakuru Vedu Havazive**
Ko vakuru vedu havazive Mwari
Havazati vanzwe zve zvokutendera
Vari munjodzi yokurasika
Uvapindutsire Xaverio

Chorus:
Mwari wakarima Xaverio
Waida michero tibatsirevo

Ko musemi wedu haambotiregera
Siku nesikati anotinyengedza
Zvinhu zvenhema namanomano
Umutyisidzire Xaverio

Ko kuipa kwedu tinotongotadza
Mazwi nezviito nemazenguriro
Pfungwa dzenhando dzokuzvikudza
Utipfidzisire Xaverio

Kuponeswa kwedu tinosuva denga
Kuva sine mhaka kuva sine nhamo
Kuva naMwari namai vedu
Utinatsisire Xaverio

Muchengeti wedu ari wavasande
Zvakarima Mwari zvavane michero
Denga nderake narini wose
Timupirisire Xaverio

## D11

**Kundowanzokudza Mbiri**
Kundowanzokudza mbiri yake
Mwari wakatuma mwana wake
Wakadana vamwe vake
Vazobatsirana

*Chorus:*
Ignatio wakadavira
Wakapa Mwari kuimbira
Wakafa akabvira
Musande weLoyola

Kuti vafanane nomwana wake
Mwari akada kuti vamwe vako
Vave pamusana pake
Varombe vechokwadi

Kundonyatsogadza mwoyo yavo
Kuti inamatire Mambo wavo
Mwari akareva navo
Zvetsika youtsvene

Kuterera kuda kwake kwose
Nokusamboramwa basa rose
Mwari wakabvunza vose
Kuita savadiki

Dai taikudza mbiri yake
Mwari wakapika muzita rake
Tichiona uso hwake
Nariniko kudenga

Ignatio takatadzira
Utidzidzise kuripira
Kunyatsozvikurira
Musande weLoyola

## D12

**Kuombera Nokufara**
Kuombera nokufara
Kwaungana zvino
Vana vomwoyo waYesu
Kuitira iwo

*Chorus:*
Vatenderi uyai mose
Kuna Mwoyo waYesu
Tinozvipa kuna iwo
Rupenyu kufa kwedu

Mwoyo waYesu wadiwa
Wakatida kwazvo
Wakafira vanhu vose
Kuvapa rupenyu

Kana satani anouya
Kufurira isu
Tinoti ibva kunesu
Uri manomano

Nomwoyo kwawo tinoti
Yesu tiri vako
Tinosema vakaipa
Torega kutadza

## D13

**Kwaziwa Nyenyedzi**
Kwaziwa nyenyedzi
Muzvari waMwari
Virigo nakare
Musuo wedenga

*Chorus:*
Muve amai vedu
Udzai mwana wenyu
Wakazvarirwesu
Mikumbiro yedu

Wakwaziswa Ave
NaAngere Gabriele
Tipe kugarika
Eva wedu mutsva

Tatadza tabatwa
Tiri mune rima
Utisunungure
Tipe zvokupfuma

Virigo mukuru
Wounyoro hwose
Tipe tigochena
Tinyorove sewe

Tipe kusatadza
Utiperekedze
Tifare kudenga
Tichiona Yesu

Baba aimbirwe
Naye Yesu Kristo
NoMweya Musande
Vose pamwechete

## D14

**Mai Vedu Kaziwai**
Mai vedu kaziwai mutikumbirire
Hosi imi kaziwai mutikumbirire

*Chorus:*
Mariya mutibatsire
Isu vana venyu

Ruva risine minzwa mutikumbirire
Tinoteta inzwai mutikumbirire

Tsime rokufara mutikumbirire
Tipei runyararo mutikumbirire

Hosi yavangere mutikumbirire
Mbiri haipere mutikumbirire

Mai vetsitsi huru mutikumbirire
Murevereri wedu mutikumbirire

# D15

**Mangwanani nemanheru**
Mangwanani nemanheru
Kwaziwa mwoyo waYesu
Kwaziwa mwoyo waYesu
Ndiyeuke Yesu

Pfungwa mazwi namabasa
Ndinozvipa kunewe
Kwaziwa mwoyo waYesu
Ndiyeuke Yesu

Ndinotambudzika pasi
Ndibatsire negirasiya
Kwaziwa mwoyo waYesu
Ndiyeuke Yesu

Muurombo hwangu hwose
Ndinofara munewe
Kwaziwa mwoyo waYesu
Ndiyeuke Yesu

Murupenyu nomukufa
Ndiri wako muponesi
Kwaziwa mwoyo waYesu
Ndiyeuke Yesu

# D16

**Mariya Mai Vedu**
Mariya amai vedu uzere girasiya
Mambo anewe utikumbirire
Ave Mariya

Mariya amai vedu unobenedikwa
Pana vakadzi utikumbirire
Ave Mariya

Mariya amai vedu anobenedikwa
Mwana wako Yesu utikumbirire
Ave Mariya

Mariya amai vedu panguva yokufa
Isu vatadzi utikumbirire
Ave Mariya

# D17

**Mariya Musande Amai Vakanaka**
Mariya musande
Amai vakanaka
Utare kunemi
Mwana murombe

*Chorus:*
Ave Ave Ave Ave Mariya

Kana unondisiya
Ndinoendepi
Imi moga amai
Mondichengeta

Kwose ndinonyengwa
Nasatani navanhu
Kwose kwondofamba
Ndinokusuva

Ndino mwoyo mudiki
Ndinodedera
Panewe Mariya
Ndorega kutya

## D18

**Mariya Ndinoda**
Mariya ndinoda iwe zvikuru
Ndinoda kugara somwana wako
Virigo une simba amai vaKristo
Virigo une tsitsi ndikumbirire

Tambira kukuda kwangu Mariya
Handidi kusiya iwe narini
Uri kunyaradza vanoringira
Kunewe Mariya ndikumbirire

Mbiri yavavirigo ndinokukudza
Uri kubatsira vaKristiane
Mukutambudzika nemhandu dzavo
Ndinokutetazve ndikumbirire

## D19

**Mariya Tinoimbira**
Mariya tinoimbira alleluia
Yesu Kristo mwana wako, Alleluia
Angere wauya
Wabisa dombo guru

*Chorus:*
Timuimbire timunamate
Alleluia alleluia alleluia

Yesu Kristo wamuka Alleluia
Watokurira rufu Alleluia
Ona vasemi vake
Vanowira pasi

Mariya rega kuchema, Alleluia
Ita nomwoyo muchena, Alleluia
Zvino Yeso Kristo
Warega kurwadziwa

## D20

**Maronda Mashanu**
Imi ringai ruoko rudyi
Rwomununuri wedu
Rusande sande kwazvo
Runotsvuka neronda

*Chorus*
Yesu tinoimba nhasi
Kurwadziwa
Kwamaronda
Maronda ako mashanu

Ruoko rumoshwe rwako
Runozopfavira zvarwo
Runoripira isu
Nokurwadziwa kwarwo
Tsoka yako yorudyi Yesu
Yakabanzanurwa hayo
Nehoko dzakapinza
Dzakakuvadza mapfupa

Tsoka yako yorumoshe
Yakarovererwa hayo
Yakapiyaniswa
Netsoka yako yorudyi

Yesu wafa wabaiwa
Nesoja nepfumo rake
Parutivi mumwoyo
Unotitsivira isu

## D21

**Mhoroyi Vasande**
Mhoroyi vasande
Muri kudenga
Mutireverere
Kuna Yesu Kristo

*Chorus:*
Baba aimbirwe
Naye Yesu Kristo
Nomweya musande
Vose pamwe chete

Kare maigara pano

Muchitambudzwa nasatani
Asi makamukurira
Nesimba raMwari

Vamwe vashamwari vedu
Vari vana veKirike
Vanotambura mumoto
Muvanzwire ngoni

Kuti tifare kudenga
NaMariya navasande
Isu ngatiwane tsitsi
Pamusi wokufa

# D22

**Muchechewe Rinda Hope**
Muchechewe rinda hope
Mwanawe nyatsorinda
Vangere vanoimbira
Mazwi akanaka
Isu tiri vatadzi
Tinokuimbira hope
"Rinda, rinda!
Mwana, rinda hope!"

Maria wakaputira
Namachira ake
Urege kuzotonhorwa
Nechando nemhepo
Hwai dziri mudanga
Dziri kuchemera iwe
"Rinda, rinda!
Mwana, rinda hope!"

Wava mukuru uchazofa
Pachipiyaniso
Kuripira matadzo
Atakapara
Tinunurwe norupfave
Rwako rwakanyanya
"Rinda, rinda!
Mwana, rinda hope!"

# D23

**Mukirike Katorike**
Mukirike Katorike
Rimwe zuva vatenderi
Takatsvaka chitendero
Chinopinza murupenyu
Takaudzwa kuteerera
Kuda Mwari nomwoyo wose

Zuva iro takapika
Kundorasa diabore
Kuitira Mwari woga
Kuzviranga kuzvinyima
Tinowanza mhiko dzedu
Yesu Mambo nomwoyo wose

Zuva iro takarasa
Diabore ushe wake
Namabasa ake ose
Nhendedzero noudzimu
Tinowanza mhiko dzedu
Yesu Mambo nomwoyo wose

Tochengeta chitendero
Toterera mirayiro
Sakramende sande kwazvo
Rinomutsa simba redu
Tinowanza mhiko dzedu
Yesu Mambo nomyoyo wose

# D24

**Mununuri Yesu**
Mununuri Yesu
Wauya nhasi
Ugere neni zvino
Ndigere munewe

O Mwene wedenga
Pamutadzi ini
Ndochishamiso kwacho
Ndonenji rechido

Ah Chingwa chipenyu
Chokudya changu
Ini murombo ndave
Mupfumi newezve

Muviri waKristo
Murwiri wangu
Rugare ndiruwane
NaMwari navanhu

Kombama uzvipire
We mwoyo wangu
Arimo Mwari wako
Kumbira wopiwa

Kurwara dambudzo
Zvonaka newe
Nesimba rako Yesu
Ndotsungararavo

Pamusi wokufa
Tizira Yesu
Umupe mwoyo wako
Uzere nechido

## D25

**Mupurugatorio Shamwari Dzedu**
Mupurugatorio shamwari dzedu
Dzinoripira mhaka dzose
Hadzichagone kuzvibatsira
Dzomirira kurevererwa

*Chorus:*
Mwari mukuru iva netsitsi
Yeuka vatendi vakafa
Uvazarurire denga rako

Nzwirai urombo imi shamwari
Ndiri kurangwa nomusande
Ruoko rwake rwakaremesa
Inzwai shamwari ndibatsirei

Tikumbirire mweya yadiwa
Ndokubatana kwavasande
Mariya hosi yepurugatorio
Sunungura hama dzedu

Titeurire ropa raYesu
Rigochenesa iyo mweya
Angere Mikael uivotese
Neropa iro rakakosha

## D26

**Murume WaMariya**
Murume waMariya
Ndiwe watinoda
Utiitire tsitsi
Natsa vana vako

Wakanga uinaye
Waimuda mwana
Sezvawakamuchengeta
Natsa vana vako

Kuhasha dza Herode
Wamubisa mwana
Pamwe naMai vake
Natsa vana vako

Mutsikinuri wedu
Wakarerwa newe
Achikuita baba
Natsa vana vako

## D27

**Musi Wepasika**
Musi wepasika wauya
Vangere vanofara
Yesu watomuka nhasi
Namasimba ake ose

*Chorus:*
Tiimbire Mambo wedu

Wapedza vasemi vake
Rufu, rutadzo, diabore
Navaipi vachipenga

Vangere zvino vasvika
Vazarura guva rake
Yesu achiraramazve
Wazobuda achifara

Mutare mumwoyo wose
NaMariya navangere
Yesu wapedza kurwara
Anopona anofara

## D28

**Musoro wakatsvuka**
Musoro wakatsvuka
Neropa, maronda
Musoro wakagadzwa
Nendaza yeminzwa

Musoro wakarwadzwa
Womwana waMwari
Wandiri kukwazisa
Nemisodzi yangu

Ropa rose rabuda
Pamuviri wose
Unorwadziwa kwazvo
Pamusana pavanhu

Runako rwakapera
Namaronda chete
Unogara pamuti
Saishe wembavha

O mwana mumwechete
WaMwari mukuru
Unozvidzwa navanhu
Unonyombwa navo

Ari pameso chido
Chinotitarisa
Muromo wonamata
Baba varegere

## D29

**Mwari Mambo Tinoimba**
Mwari Mambo tinoimba
Iwe wamasimba ose
Tinokurumbidza tose
Tichishama basa rako
Pasi pasingabvi
Misi yose ugere

Vanoramba vachiimba
Vangere vose vose
Kerubim naSerafim
Vanowanzokukotama
Denga harinoneta
Richikudza musande

Pasi pose pana vanhu
Vanokudza iwe Baba
Vanokudza Yesu Kristo
Mwana mukomana wako
Vanopfugama namabvi
Vonamata panewe

Vanokudza Mweya wako
Musandisi wavo vose
Wanyaradza mwoyo yavo
Mweya yenduramo yose
Baba, Mwana, naMweya
Vari Mwari Musande

## D30

**Mwari Ngamugadze**
Mwari ngamugadze
Mwana wenyu Yesu
Ndiye wakatinunura
Wava Mambo wedu

*Chorus :*
Mutendi muimbe
Wakakununura
Kukuita munhu wake
Munguva narini

Uzere girasiya
Amai vaMwari
Anozoraira vanhu
Yesu mwana wenyu

Vangere vasande
Mutifundisevo
Kumuimba Yesu Kristo
Mambo wokudenga

Vasande mi mose
Makamutevera
Kumbirirayi su vanhu
Titevere Yesu

## D31

**Mwari Ngoni Norupfave**
Mwari ngoni norupfave
Ndadzokera kunewe
Baba ndikudane Baba
Ndini mwana wako

*Chorus:*
Yesu Mambo ndiregere
Ndokumbira nesimba
Ndinorasa mhaka dzangu
Handichazopamhidza

Namatadzo ndakodzera
Nhamo dzose nokufa
Kutsva misi isingapere
Mumba masatani

Nokutadza ndakarasa
Nhaka yangu yedenga
Kwavangere vachipenya
Vachifara newe

Ona mununuri wangu
Ona chipiyaniso
Wakarovererwa ini
Anofira ini

## D32

**Mwari Nomunhu Uripo**
Mwari nomunhu uripo
Nenyama zve neropa
Kudya kwako kunopira
Mweya wangu rupenyu
Chechokwadi ndotendera
Simbisavo chitendero
Kusati ndokuona

Nyama yako neropavo
Wakambozvitsidzira
Zvotisvitsa kurupenyu
Rwangu rusingapere
Ndinotarisirawe kwazvo
Simbisavo chitarisiro
Kusati wava wangu

Wakarwadziwa wakafa
Wakadzika sakramende
Uve wangu neni wako
Tigarevo narini
Yesu wangu ndotendera
Wanzisa chido muneni
Ndikudevo narini

## D33

**Mweya Musande Mwari**
Mweya Musande Mwari
Iwe unopa girasiya
Wakamboburukira
Muna vapostore
Burukira muneni
Uya kundichenesa

Uya Mweya musande
Vheneka mweya wangu
Ndizive zvakanaka
Nditize zvakaipa
Uya kundibatsira
Ndipe girasiya rako

Mweya wakasimbisa
Mwoyo yavapostore
Mwoyo isingavhunduki
Simbisa mwoyo wangu
Ndipe mwoyo mukuru

# D34

**Mweya WaKristo**
Mweya waKristo ndisandiseiwo
Muviri wake ndiponeseiwo
Nomweya wangu nditevedze Kristo
Muviri wangu umuitire

Ropa raKristo kunwa kusande
Zadzisa mwoyo ugofarawo
Mvura inobva mudivi rake
Ngaisukise matadzo angu

Ndarukutika ndotsvaga simba
Panewe Yesu uchirwadziwa
Ndinotizira maronda ako
Ndiwo mabako ndozogarapo

Yesu wadiwa ndinokumbira
Kusarasiwa newe narini
She wangu ndiwe handina mumwe
Inzwa kuchema komwana wako

Undidzivire pfumo rasatani
Musi wokufa dondidanawo
Yesu ndigadze pana vangere
Ndigokuimba navo kudenga

# D35

**Mwoyo Chida Mambo Wako**
Mwoyo chida Mambo wako
Yeso pinda Yesu pinda
Wogugudza pamusuwo
Yeso pinda Yesu pinda
Muzorodze mumwoyo
Ngaagare mumweya
Tambira mudiwa Mambo
Yeso pinda Yesu pinda

Inzwa zvanoreva
Yeso pinda Yesu pinda
Asi mira pachena
Yeso pinda Yesu pinda
Mupevo mwoyo wako
Anokudisa kwazvo
Wozofara nayewo
Yeso pinda Yesu pinda

Mwoyo wako anoda
Yeso pinda Yesu pinda
NdiMambo wako oga
Yeso pinda Yesu pinda
Pinza Yesu mumwoyo
Usapfigire kunze
Tuso rimiririrewe
Yeso pinda Yesu pinda

Vanhu musanonoke
Yeso pinda Yesu pinda
Donzwai mazwi ake
Yeso pinda Yesu pinda
Dayi mainzwisisa
Ruponeso rwasvika
Mwoyo maipa Mambo
Yeso pinda Yesu pinda

# D36

**Mwoyo WaYesu Tarisa**
Mwoyo waYesu tarisa
Ndinomanikidzwa

Nokufurirwa nasatani
Kazhinjizhinjika

*Chorus:*
Mwoyo waYesu munyoro
Ndinokuvingewe
Usandirase narini
Undibatsirevo

Yesu ndinochema mhosva
Dzandinodzipara
Yesu ndinodzirwarira
Handichapamhidza

## D37

**Mwoyo WaYesu Une Tsitsi**
Mwoyo waYesu une tsitsi, rudo
Nhasi ndauya kundokumbira
Dziisa mwoyo yedu yatonhora
Uiitise Mambo kukuda

*Chorus:*
Mwoyo wayesu, utipe
Kuti tiwande,kukuda

Mwoyo waYesu tipe mwoyo mitsva
Kuita kuda kwako kusande
Kufamba kwose pamashoko ako
Tikanzwa iwe wotimisavo

Mwoyo waYesu ngatizive iwe
Tifunde kuda sowadaro iwe
Nemwoyo yedu ikurire pasi
Kundofarira zviri kudenga

## D38

**Mwoyo WaYesu Wedu**
Mwoyo waYesu wedu akudzwe pasi pose
Mwoyo wakanaka kwazvo imba youMwari
Vangere navasande vose vapfugamire
Mwoyo waYesu Kristo

Mwoyo womwana Yesu unotsva nokutida
Tichiona mudenga , Mwari Mambo mukuru
Wazviita muduku toziva mwoyo wako
Mwoyo waYesu Kristo

Mwoyo wakafira pachipiyaniso
Ndokwatinoona mwoyo womununuri
Wakatibairwa mwoyo wokuda kwazvo
Mwoyo waYesu Kristo

Tichifugama pano pasi paaltare
Tinoti Mwari wedu unotida kwazvo
Kuti ugare nesu upinde mwoyo yedu
Mwoyo waYesu Kristo

## D39

**Ndichiri Kuda Yesu**
Ndichiri kuda Yesu wangu
Simba nechishongo changu
Ndichiri kuda iwe Mambo
Nezvose zvangu zviripo
Ngandikude misi yose
Kusati kufa kusvike

Ndatsauka misi mizhinji
Ndafamba ndiri murima
Nezvo mwoyo wakatambura
Zvandakatadza kazhinji
Ndakada rima chokwadi
Ndazvidza mwenje wepasi

Zvaitwa newe Yesu wangu
Kuti ndiri wako zvino
Mufudzi womwoyo munyoro
Wakambononga hwai yako
Wakaisa kudanga
Kwauchiri kuchengeta

# D40

**Ndichipfugamira Pauso**

Ndichipfugamira pauso hwako
Nomwoyo uzere norufaro
Rwandinonyeverwa zvinyoro nyoro

*Chorus:*
Ndimi mai vangu ndini mwana wenyu
Nhai mai vangu ndinzwei

Kana ndiri munjodzi nokutsamwa
Ndonyengwa nenhamo nedambudzo
Ndinzvengesei mai pakarepo

Nguva nenguva ndakapfugama
Ndichikumbiravo rubatsiro
Ndifambe panzira ndakadekara

# D41

**Ndinochemera Kwazvo**

Ndinochemera kwazvo
Zvitema zvangu
Ndinoteta kunewe
Undisunungure

Ndinotya kurairwa
Kunozouya
Pasi nomumoto
Undisinungure

Ndinotya kurambidzwa
Kuona iwe
Misi isingaperi
Undisunungure

Yesu wangu wakafa
Pachipiyaniso
Pamusana pezvitema
Undisunungure

Ndakakunyangadzira
Ndakakushora
Iwe Mambo wedenga
Undisungure

Unodikanwa kwazvo
Kupinda zvose
Ndinoda kururama
Undisunungure

# D42

**Ndinoda Iwe Yesu**

Ndinoda iwe Yesu wangu
Simba rangu nokufara
Ndinoitira iwe Mambo
Rupenyu rwangu tambira
Ndinoda iwe dakara
Simba rapera mukufa

Ndinochemera Yesu wangu
Kuti ndabvira kugara
Ndisingazive iwe Mambo
Kufara kwangu kunaka
Neshungu huru yomweya
Ndinoti ndakanyangadza

Ndakafamba ndiri murima
Ndakatsvaga runyararo
Mweya wangu wakakusiya
Wakashora iwe Mambo
Asi nokundida kwako
Ndakaona ruponeso

Ndinokumbira iwe Yesu
Ndipe kusarasikazve
Undisimbise murupenyu
Ndisvike iyo kunewe
Kuti pamwe navangere
Ndikutunhidze narini

# D43

**Ndinoda Kugara Padyo**

Ndinoda kugara padyo pako
Ndichiita basa ndichirara

Ndichifamba kure ndichigara mumba

Ndinoda kugara padyo pako
Murupenyu rwangu nomukufa
Mukufa kwangu nokutambudzika
Ndinoda kugara padyo pako

Hongu iwe Mwari unozadza
Mwoyo wangu wose iwe woga
Wakwana kuneni unopinda zvose
Ndinoda kugara padyo pako

Gara padyo pangu usabvume
Ndipatsane newe Mwari wangu
Ndinoda kugara padyo pako, Mwari
Ndinoda kugara padyo pako

# D44

**Ndinokuitira Mwari**
Ndinokuitira Mwari
Masikati nousiku
Zita rako rinamatwe
Ushe hwako usvike

*Chorus:*
Mwari woga ndinokupa
Mweya, muviri rupenyu
Handisiye Yesu wangu
Ndipe Yesu girasiya

Tipe nhasi kudya kwedu
Regera mhaka dzedu
Sesu tinovaregera
Vane mhaka kwatitiri

Usatiise narini
Patinonyengetedzwa
Asi utitsikinure
Kuzvivi zvose.Amen

# D45

**Ndiri Mwana WaMariya**
Ndiri mwana waMariya
Ndini ndinoisvodiwa
Ndiye wandinoda kwazvo
Ndiri mwana waMariya

*Chorus:*
Amai ndoramba
Ndoramba ndichiimba
Kwaziwai mai vangu
Ndoramba ndichiimba
Kwaziwai mai vangu

Rega kuvhunduka paneni
Ndini amai vaMwari
Ndini ndine zvokuchengeta
Vanondida nomwoyo wose

Mwana wangu rega kutadza
Tiza vanhu vakaipa
Nokuchengeta mwoyo wako
Wofarisa mwoyo wangu

# D46

**Ndoenda Kupiko**
Ndoenda kupiko
Kana ndine nhamo
Ndoenda kunani
Kana ndichifara
Kunewe Mwari woga
Unobisa marwadzo
Unondipa rufaro
Ndiwe mudi wangu

Ndingauye seiko
Ndizere namatadzo
Ndiani pana vanhu
Anganzi mururami
Asi somwana wako
Ndizere nokupfidza
Zvino ndinozviisa

Mumaoko mako

Mwari ndiri kutenda
Zvawakandipfavira
Wakandidaidza
Kuti undiyamure
Zvino ndasimbiswa
Netsitsi dzakawanda
Zvino ndayamurwa
Nengoni dzako

## D47

**Ngatiende Navafudzi**
Ngatiende navafudzi
Kundoona Muponesi
Tindomukwazisa iye
Wakatizvarirwa

Ngatiende navangere
Timukudze uyo mwana
Waputirwa nembereko
Ndiye Mambo wedu

Ngatiende navazivi
Titeure pamwe navo
Zviro zvedu tichinazvo
Kune uyu mwana

Ngatiende naMariya
Tinyarare nokufara
Tiyeuke chishamiso
Chavakada vanhu

Tinosangana naivo
Vanomuda Yesu wavo
Tinamate pamwe navo
Kune uyo mwana

Tinokupa mwoyo yedu
Titeure kunewe
Itambire mwana Yesu
Tive vako tose

Utikomborere tose
Mwana Yesu muponesi
Tipe tikufadze nhasi
Dakara narini

## D48

**Ngatikudze Mariya**
Ngatikudze Mariya
Mai vaYesu Kristo

*Chorus:*
Tinoramba tichikudza
Mariya amai vedu

Kaziwa Mariya
Uzere girasiya

Muponesi wedu
Anogara newe

Unobenedikwa
Pana vakadzi vose

Anobenedikwa
Mwana wako Yesu

Mariya musande
Mai vaMwari kwaye

Utikumbirire
Isu vatadzi vose

Utikumbirire
Zvino nemisi yose

## D49

**Nhasi Denga Razarurwa**
Nhasi denga razarurwa
Vangere vose vanoshama
Vachimuona Mwari mukuru
Wakazviita mucheche

*Chorus:*
Gloria in excelsis Deo

Pasi pose paimbire
Mununuri wazvarwa nhasi
Muchidyiro munozomuona
Mucheche anyatsorinda

Vanhu vose vafare
Vadiki navarombe
Mwari wenyu wakazviita
Mudiki nomurombe

Tarisai Yesu mucheche
Anochingidzira maoko
Kuzomushevedza mose
Kuti musvike kwaari

# D50

**O Mariya Wakanaka**
O Mariya wakanaka
O Mariya wadikanwa
O Mariya mai vadiwa
Mai musande mai mutsvene
Mai vakudzwa mai vadiwa
Kaziwa Mariya

*Chorus:*
Kaziwa Mariya O Mariya mai vedu
Kaziwa mai vedu vakanakisa
Kaziwa Mariya kaziwa Mariya

O Mariya wakapfava
O Mariya wagarika
O Mariya mai vedu
Mai vangwaru mai vofara
Mai vomunhu mai vaMwari
Kaziwa Mariya

O Mariya wakasimba
O Mariya washamisa
O Mariya mai vedu
Mai vangwaru mai vofara
Mai vapasi mai vedenga
Kaziwa Mariya

# D51

**Omberai Kudenga**
Omberai kudenga
Vangere vaMwari
Omberai Mariya
Ndivo amai vedu
Vakanaka kwazvo
Omberai Mariya

Zvose zvakasikwa
Pasi nokudenga
Omberai Mariya
Miti namaruva
Rukova neminda
Omberai Mariya

Mwedzi unochena
Nyenyedzi nezuva
Omberai Mariya
Kuuzuru makore
Omberai pakare
Omberai Mariya

Musango tukara
Nehove mumvura
Omberai Mariya
Pamiti tushiri
Omberai narini
Omberai Mariya

Vose vatenderi
Omberai pakare
Omberai Mariya
Itai zvakanaka
Regai zvakaipa
Omberai Mariya

## D52

**O Yesu Wakauya Pasi**

O Yesu
Wakauya pasi nokuva munhu
Wakatiponesa murapi wedu
Wakakunda satani norufu rwako
Tinokutevera ndiwe nzira
O Yesu

O Yesu
Wakatifundisa shoko redenga
Zvishamiso zvizhinji zvakaiitika
Nezuva retatu wakamukazve
Tinokutendera ndiwe chokwadi
O Yesu

O Yesu
Unogara nesu musakaramende sande
Unotibatsira mazuva ose
Ndiwe Mwari wedu Mambo wadiwa
Tinoda iwe ndiwe ndiwe rupenyu
O Yesu

## D53

**Onai Ndiwo Muviri**

Onai ndiwo muviri
Wakatiteurirwa
Rupenyu rusingapere
Runobva mumaronda

*Chorus:*
Rudo rwenyu muponesi
Uyo watida kwazvo
Tinokunamatavo
Tiri munhamo pano

Onai maropa aya
Akatiparadzirwa
Anodzima mhosva dzedu
Zvino sepaGolgota

Vatenderi imi mose
Mutsai maziso enyu
Chitarisirai nesimba
Muteuro mukuru

Nyorai chishamiso ichi
Kwazvo mumweya yenyu
Ipai chido chomwoyo
Kuno mwoyo waYesu

## D54

**Pachipfuva ChaYosefe**

Pachipfuva chaYosefe
Tinoona mwana
Asi mwana ndowaMwari
Mariya vari mai

*Chorus:*
Ah murume waMariya
Tenzi wavasande
Tifundise kuda Yesu
Batsira pakufa

Mwana wakarerwa newe
Uri mwene wake
Navasande navangere
Vamukudza vose

Mambo Yesu woterera
Minamato yako
Ah Yosefe baba wedu
Chingotibatsira

Ah Yosefe wakanaka
Utirere isu
Tifundise kunamata
Nokubata basa

## D55

**Panogara Yesu Kristo**

Panogara Yesu Kristo
Musakramende sande
Nyakupa wegirasiya

Ndipo pondoda kuva

*Chorus:*
Ndopandinoda kuzorora
Ndipo pamwoyo waYesu wangu

Panoreva vatadzi
Napakare Kirike
Pochenesa vana vake
Nokuzvipa kunesu

Panofundisa Mweyavo
Kana uchikonona
Anounyaradza kwazvo
Unosimbiswa patsva

Kana muchidyo chemweya
Azvipira kunesu
Totambira mbuva yedu
Muteuro chokwadi
Zvino ndogona kuzorora
Ndipo pamwoyo waYesu wangu

# D56

**Ropa Sande Rakakosha**
Ropa sande rakakosha
Rikudzwe ritunidzwe
Rakaparadzirwa isu
Mumunda Getsemani
Tisimbiswe mukurwa
Yesu neropa rako

Kaziwa ropa raYesu
Richipirwa paaltare
Utikomborere isu
Nehama dzedu dzose
Chenesa mwoyo yedu
Tiri vako narini

Mumaoko nomutsoka
Ropa rinoyerera
Mwoyo yedu idiririrwe
Neropa rorupono
Wanzisa chido chedu
Neropa rako Yesu

# D57

**Sakaramende Sande**
Sakaramende sande
RaMwari chaiye
Rakavanzwa pasi
Mumba mako rombe
Nomwoyo wose munyoro
Tokuimbira zvitsvene
Sakramende sande

Musha worugare
Wadiwa nomweya
Munoguma suo
Munopera nhamo
Imomo munzeve mako
Totaura nhau dzedu
Sakramende sande

Zorodzo romwoyo
Igwa rorupono
Newe tinogona
Kusvikira mhiri
Tiponese toda kufa
Mugungwa ramanyengedzo
Sakramende sande

Venheko rapasi
Rufaro rwavanhu
Mbiri youMwari
Unayo muuso
Chenesavo mwoyo yedu
Ipenye souso wako
Sakramende sande

# D58

**Tarira O Mariya**
Tarira o Mariya
Kubva kumbiri yako

Uone vana vako
Vari munhamo huru
Uri kusiririswa
Nenhamo dzedu here
Mai vemuponesi
Ponesa mweya Yedu

Tiri kutya kuuya
Kune Mwana wako
Pamusana pezvitema
Nezvinyangadzo zvedu
Ukumbirire isu
Kuti tisunungurwe
Mai vemuponesi
Ponesa mweya Yedu

Unonunura isu
Nokunyaradza Yesu
Kuti uchirevera
Tinochengetwa naye
Yesu uchakanganwa
Kunyangadzira kwedu
Mai vemuponesi
Ponesa mweya Yedu

Kuti uri panesu
Hatiri kutya nhamo
Tinogara kufara
Tiri muninga yako
Ratidza simba rako
Udzinge nharo dzedu
Mai vemuponesi
Ponesa mweya Yedu

## D59

**Tinopfugamira Eukaristia**

Tinopfugamira Eukaristia
Yesu Mwari wakazviwanzira
Mwoyo yedu yakabatwa nechido
Inoshama nokukahadzika

Zviziviso zvomuviri zvishanu
Zvinotadza kumuona Yesu
Asi Mweya ndiwo unomubata
Uchimutendera izwi rake

PaBethelhem uMwari wakavanzwa
PaKalvari muviri wakafa
Paaltare umunhu wakavanzwa
Muviri unoita sokufa

Tinochema nembavha yakanaka
Yeso Mwari mundiyeukevo
Pakuzoti mava muushe hwenyu
Tindokuonai kudenga

## D60

**Tiri Venyu Hosi Mai**

Tiri venyu hosi mai
Amai Mariya
Makanaka munopfava
Amai Mariya

*Chorus:*
Chifarai Serafim
Chiimbai Kerubim
Kwazisai Mariya
Ave Ave Ave Mariya

Munogara mune ngoni
Amai Mariya
Munyaradze mwoyo yose
Amai Mariya

Murevere vana venyu
Amai Mariya
Vagoona Kristo Yesu
Amai Mariya

## D61

**Tisu VaMambo Vatatu**

Tisu vaMambo vatatu tauya
Nezvipo zvedu zvitatu zviripo
Takafamba nhambwe huru

Tichitevera nyenyedzi

*Chorus*:
Ah nyenyedzi yokupenya
Nyenyedzi youmambo
Tungamira chifarira
Chikwevera vamambo

Ini ndapira ndarama yangu
Zvakakodzera kuna Mambo uyu
Mambo kwaye munhu kwaye
Asingapere narini

Ini ndapira insense yangu
Zvakakodzera Mwari wedenga
Pfugamira, kumbirira
Mwari musande kwazvo

Ini ndapira mura yangu
Muponesi watifira
Namarwadzo akanyanya
Chido chomwoyo wake

## D62

**Tose Tinokuombera**
Tose tinokuombera
Nyatsonzwa Dominiko
Dotambira norupfave
Zvokukudzwa kwako
Utiringire varombe vomene
Tigotsvira nechido chitsvene

*Chorus:*
Domoniko tireverere, tirevererevo
Do musande tinatse tinatsevo

Mutsa zvanza kuchigaro
Chinogara Mambo
Utinyatsokumbirira
Chipo chomutambo
Chokuzvidzisa zvepasi zvedu
Tirangarire zvenhamo dzaYesu

Komborero yokudenga
Ndokuchema kwedu
Tsika kwadzo tigotiza
Nadzo nhamo huru
Rega tikure takaita sewe
Tigare denga tine mbiri yake

## D63

**Trinitas Musande**
Trinitas Musande
Mwari mumwe chete
Tinotendera kwazvo
Ichi chishamiso

Magariro aMwari
Munhu haazive
Zuva riri kudenga
Rinotidzidzisa

Mwari Baba izuva
Kuvheneka kwaro
NdiMwari mwanakomana
Yeso Kristo Mambo

Nokupisa kwezuva
Kunotipangidza
Mweya musandisi
Mweya wamaKristo

Upfige meso ako
Uzarure mwoyo
Uimbe navangere
Uri musande Mwari

## D64

**Tsano Tsikai**
Wakabva kudenga mwanayo
Ndiye Mambo musiki wedu
Vangere vamutungamira
Ratingwe rima rousiku
Mambo ndiitirei tsitsi

*Chorus:*
Tsano tsano tsikai
Vana uyai muone
Mwana wakanakisa
Arere muchidyiro chemombe

Regai kutya anoda
Kushamwaridzana nemivo
Mubako chando chinopinda
Mwana rombe unochemei
Mambo ndiitirei tsitsi

Ndisu vanaani tasaka
Acheme ndomatadzo edu
Amuuyisa pasi pano
Aripire mhaka dzavanhu
Mambo ndiitirei tsitsi

Yesu muponesi wangu
Ndibisire ushe werima
Ndigare ndichiiona zuva
Uso hwako hunonanisa
Mambo ndiitirei tsitsi

# D65

**Unoburuka Kudenga**
Unoburuka kudenga
Angere wadiwa
Unozondiperekedza
Munzira nomusango

Handikuone nameso
Asi uri padivi pangu
Namasikati nousiku
Unongondichengeta

Usandisiye narini
Ndatadza kazhinji
Ndirakidzerevo nzira
Panoendesa kudenga

# D66

**Uri Chavangere Chidyo**
Uri chavangere chidyo
Mwari idi munhu idi
Iwe wakabva kudenga
Ndiwe wakatiponesa

Sakramende riri sande
Kwazvo ndinokunamata
Mumwoyo wose ndinoti
Ukudzwe iwe narini

Uri ndiro yegirasiya
Nzvimbo apo unogara
Nokusangana nesuvo
Mwari wakanaka kwazvo

Chingwa chedi chokudenga
Iwe uri kutigutsa
Tiri varombe nenzara
Tinofa tisabatsirwa

Uri mushonga womweya
Inorwara namatadzo
Pfuma huru usarambe
Kuzvipa kunesu

Uya nokundichenesa
Mweya ugere kusvipa
Neropa rako ratsvuka
Dzima moto woruchiva

Panguva yokufa kwedu
Usanonoke kunesu
Kuuya tiende newe
Kudenga tifare tose

# D67

**Usiku usande**
Usiku usande
Vose vanorinda
Asi Maria naYosefe

Havana kurinda hope
Mwari mucheche rindai

Usiku usande
Yesu anonyanya
Kutida hama dzako
Unosuva kununura
Uchangozvarwa zvino

Usiku usande
Vafudzi vatangwa
Kuudzwa naangere
Mununuri wasvika

## D68

**Uya Emmanuel**
Uya uya Emmanuel
Utisunungure vana vako
Tichikuchema tatandwa
Diabore watichengedza

*Chorus:*
Uya uya Emmanuel
Utichenese Israel

Uya uya Mambo wedu
Utidzivirire tichirwa
Tinovhunduka todedera
Masimba adiabore

## D69

**Uya Mweya Musande**
Uya Mweya musande
Buritsa kudenga
Miseve yomwenje wako

Uya Baba wavarombe
Uya nyakupa wezvipo
Uya muvheneki womwoyo
Munyaradzi wakanakisa
Shamwari wadiwa mumweya
Mubatidzi wakanaka

Taneta wotizorodza
Tadziya wotitonhodza
Tachema wotinyaradza

Chiedza chisande kwazvo
Zadzisa mwoyo nemweya
Yavatendi vako vadiwa

Usati wavhenekera
Hamuna chinhu mumunhu
Hapana chisina kusviba

Chenesesa zvine tsvina
Nokudiridza zvakaoma
Ponesa pose pane ronda

Kotamisa zvikukutu
Udziise chine chando
Ruramisa chakatsauka

Upe vatendere vako
Vanotarisira kunewe
Zvinomwe zvokuvasandisa

Takarurama tituse
Tafa tipinze kudenga
Tipe kufarako narini

## D70

**Uya Mweya Musiki**
Uya mweya musiki
Pinda mumwoyo yavako
Zadza negirasiya redenga
Mwoyo yakasikwa newe

Unoidzwa munyaradzi
Chipo chaMwari mukuru
Tsime mhenyu, moto, chido
Nechizorwa chomweya

Iwe une zvipo zvinomwe

Munwe werudyi rwaBaba
Mupikirwa kwavo waBaba
Unofundisa rurimi

Vesa mwenje mumweya
Dira chido mumwoyo
Nyama ichirukutika
Batsira nesimba rako

Udzinge kure musemi
Tipe kugarika zvino
Watitungamira kudaro
Wotidzivira dambudzo

Newe ngatizive Baba
Newevo tizive mwana
Ngatitenderewe Mweya
Wavose Baba naMwana

Vaimbirwe Mwari Baba
NaMwana wakamuka
Mukufa samunyaradzi
Nemisi isingapere. Amen

## D71

**Uya Yesu Chido Changu**
Uya Yesu chido changu
Ndinokusuva
Usafunge matadzo angu
Uya Kwandiri

*Chorus:*
Yesu Yesu
Ndinokusuva
Uya Yesu chido changu
Uya kwandiri

Geza mumaronda ako
Matadzo ose
Zvakadaro mweya wangu
Unoponeswa

Ndinoda kukuitira
Nomwoyo mukuru
Ndinoshaya rubatsiro
Mubasa guru

Uya uya Mambo wangu
Pinda muneni
Ndinokupa zviro zvangu
Zvino narini

## D72

**Uyai Imi Mose**
Uyai imi mose
Kune sakramende
Rakambodzikwa naYesu
Kundomuyeuka

Pane nyama yake
Pane ropa rake
Muzvioneko zvechingwa
Anogara nesu

Anotishevedza
Tiri murushambwa
Anoti uya kwandiri
Ndichakukungura

Tinunure mhosva
Takatadza nadzo
Mambo tipeivo girasiya
Torega kutadza

Utibenedike
Pazuva nezuva
Kuti zuva rokufa
Tiuye kwauri

## D73

**Uyai Mose Tiimbire**
Uyai mose tiimbire
Hosi yedu yedenga
Ndivo amai vomununuri

Amai vedu vadiwa

*Chorus:*
Mwoyo yedu inopfura
Tichikudza Mariya
Wakanaka wakanakisa
Watorwa usine mhaka

Mwoyo wako woutsvene
Wasarudzwa naMwari
Wakwaziswa naangere
Wati Ave Mariya

Vanhu vose vakatapwa
Iwe wakakurira
Tsoka yako yakatsika
Musoro wadiabore

# D74

**Uyai Vatenderi**
Uyai vatenderi nhasi tinofara
Tiende tiende kuBethlehem
Tarirai mucheche Mambo waVangere

*Chorus:*
Uyai tipfugamire
Uyai tipfugamire
Uyai tipfugamire Yesu

Vafudzi vasiya dzimba, bako ravo
Vamanya vamanya kudanga
Nesu timanye kundokudza Mwari

Chiiko chiripo. Denga rinopenya
Angere waMwari mukuru
Mwari mucheche avete muchidyiro

Musiki wedenga mununuri wedu
Wazvarwa mudanga murombe
Chido chaMwari chido chakanyanya

# D75

**VaGandami Varwi Kwavo**
VaGandami varwi kwavo
Zvino mofara kudenga
Onai Mwari wakutorai
Kudenga kuzokutusai
Mutikumbirire isu

Iwe Kizito mwana wedu
Ko zvawanga uri mupwere
Wakawanepi masimba
Nokutsunga kwakadaro
Chitikumbirira isu

Mwari wakakusarudza
Kupamidza panyika ino
Nenji regirasiya rake
Chipo chaMwari kunesu
Mwenje wavana vadiki

Iwe Kizito mudikizve
Wakatorwa pakarepo
Hauzakachema here
Kwete wazadzisa basa
Napasi ponamatewe

Nomoto worufu rwako
Tofundiswa katekisimo
Sezvawakafundiswa
Haruna kuzombopinda
Rutadzo runouraya

# D76

**Wamuka Muponesi**
Wamuka muponesi
Alleluia tinoimba
Nokufara kukuru
Alleluia alleluia
Ona simba raMwari
Wakakurira kufa

Yesu mwana waMwari

Wakauya pasi pano
Akatifira isu
Alleluia alleluia
Hwayana yaMwari
Inobvisa zvitema

Haachazoona kufa
Anopona misi yose
Mumbiri yake huru
Alleluia alleluia
Ona mbiri yaKristo
Muponesi wepasi

## D77

**Yesu Handine Simba**
Yesu handine simba
Kunyatsonamatira
Pana Baba wedenga
Mununuri musande

Wanga uchiri mwana
Wakachenesa Baba
Nokunamata kwako
Mununuri musande

Utidzidzise tose
Kunamata nomwoyo
Pamwe nomuromo
Mununuri musande

Utibatsire isu
Tinatsirwe mumwoyo
Titize zvakasvipa
Mununuri musande

## D78

**Yesu Mupriste Mukuru**
Yesu mupriste mukuru
Unozvipira paatare
Kuti isu hwai dzako
Tirege kuzorasikirwa

*Chorus:*
Mwoyo waYesu tarisa
Vapristi vako nengoni
Ngavacheneswe, sandiswe
Mumwoyo wako musande
Nokuti basa ravose
Ndirose rako narini

Yesu mupriste mukuru
Wakanyanyotitamburira
Kuti tinunurwe zvino
Narini wose kurushambwa

Yesu mupriste mukuru
Wakatifira norupfave
Kundotenga mweya yedu
Neropa rako rakakosha

## D79

**Yesu Mwari Nhasi Tinochema**
Yesu Mwari nhasi tinochema
Tinopfidza matadzo edu

*Chorus:*
Tiringire Yesu tipfavire isu
Ticharega kukutadzira
Tinopfidza kwazvo

Togarira pachipiyaniso
Tichiringa maronda ako

Neropa wakatinunura
Zvino rega kuzotirasa

SaMagadalena tochema matadzo
Tokumbira kundonunurwa

## D80

**Yesu Mwari Nhasi tinokumbira**
Yesu Mwari nhasi tinokumbira
Utitarire vanhu vedu vose
Tinoziva takatadza kazhinji
Zvino rega kutisiya zvedu

Vanhu vedu vari vanyai vasatani
Vanoenda kumoto muzhinji
Chiterera tinovakumbirira
Vave vana vaMwari kudenga

Mwoyo wako ndiwo wakanakisa
Namaronda wakatibayirwa
Ropa rako richenese mweyavo
Utivanze mumwoyo musande

## D81

**Yesu Ndinokupa Iwe**

Yesu ndinokupa iwe mwoyo wangu kwawo
Kuti iwe unosuva kwazvo mwoyo wangu

Ndiwe wati uya nawo kare ndakachema
Ndiri wako misi yose zvino nakare kwose

Izwi rako rakadaro rakanaka chokwadi
Rinoenzana nouchi kana richipinda
Mwoyo wangu ugadzirire Yesu Mambo wangu
Kuti uve wakanaka uyu mwoyo wangu

Yesu mwoyo utambire uri wako kwazvo
Ndingasvike kwauri kana ndichiramba

Iwe Mambo uchenese ufanane nowako
Ucheswe misi yose mwoyo wangu chokwadi

## D82

**Yesu Wakavandika**

Yesu wakavandika
Unondida
Wozvipa nyama neropa
Ndoshamiswa

*Chorus:*
Zvipo zvako
Zvotapira zvanakira
Kana nhamo
Kana rufu rwava padyo

Iye mukuru musande
Wamasimba
Wozvidukupisa
Muhostia

Rupenyu rwose rwakabva
Kuna iyo
Nechido chako wogara
Kamba aka

Mwari wangu mwoyo wangu
Wokotama
Handichingwa ndiwe chete
Ndotendera

Uya uyazve kwandiri
Undidyise
Ndotarisa nokuda
Ndiwe woga

## D83

**Yesu Wangu**

Yesu wangu, Yesu wangu
Chido chako chakanyanya
Iwe wakandisarudza
Kutevera gwara rako
Ndiri wako narini

Iwe woga iwe woga
Ndinorasa pfuma dzose
Ibvai zviteyo zvapasi
Yesu wangu ndidzivire
Ndiri wako narini

Gamuchira gamuchira

Mweya wangu nomuviri
Ndinozvipira kunewe
Ndiponese ndipindure
Ndiri wako narini

Inzwa Yesu inzwa yesu
Zvino ndinokutsidzira
Kuitira iwe woga
Kwazvo nomwoyochena
Ndiri wako narini

## D84

**Yosefe Musande**
Yosefe Musande
Tinokuvingewe
Kundokukumbira
Zvose zvatashaya

*Chorus*
Yosefe Musande
Tinokukwazisa
Nokuimbira kwedu
Gamuchira rumbo

Yosefe Musande
Una magirasiya
Mazhinji akanyanya
Pana vamwe vose

## D85

**Zuva Ratakapapatidzwa**
Zuva ratakapapatidzwa
Takarasa satani
Namabasa ake ose
Noushe hwake hwose

*Chorus:*
Nhasi topamhidza kupika
Kwazvo tinotendera
Yesu Mwari Mambo wedu

Kana diabore wotifurira
Woteya kutadza Mwari
Toti ibva kure nesu
Iwe unemanomano

Tarasa mabasa adiabore
Navadzimu namashave
Torega kwazvo kutevera
Mano avo nehakata

Tarasa ushe hwose wadiabore
Navo vanhu vake vose
Torega kundofambidzana
Navasemi vose vaMwari

## D86

**Zuva Richibuda**
Zuva richibuda mwoyo unomuka
Akudzwe Yeso Kristo
Zuva richidoka ndiri kunamata
Akudzwe Yesu Kristo akudzwe narini

Mumba maMwari ndinoreva kuti
Akudzwe Yeso Kristo
Nokunzvimbo Dzose ndinokumbirazve
Akudzwe Yesu Kristo akudzwe narini

Zvose ndinovamba nokuita pfungwa
Akudzwe Yesu Kristo
Basa rakaitwa mwoyo unopedza
Akudzwe Yesu Kristo akudzwe narini

Mukudya nomukunwa mweya
unotenda
Akudzwe Yeso Kristo
Mukutamba kwangu ndinofunga
zvangu
Akudzwe Yesu Kristo akudzwe narini

Mukutambudzika handimbonyunyuta
Akudzwe Yesu Kristo
Mukugarikawo ndinoimba dzimbo
Akudzwe Yesu Kristo akudzwe narini

Imi vanhu vose muri pasi pose
Akudzwe Yesu Kristo
Musarege kuti kumbiri yaMwari
Akudzwe Yesu Kristo akudzwe narini

# Dzimbo Maererano Nenguva Nezviitiko Zvegore Rekirike

## Acclamation

Kristo Ndiye Mukundi 217
Makatisika Mwari 279
Mambo Tinokurumbidzai 350
Ngatiimbire Mambo 799
Ngatiombere Tose 803
Nokuti Ndimi Mambo 825
Tinokurumbidzai Mambo 958
Tinokurumbidzai Mambo 959
Tinokurumbidzai Mambo 960
Tinokurumbidzai Mwari Baba 961

## Advent

Farai Mambo Achauya 79
Farai Vehama 80
Iwe Denga 172
Iwe Denga 173
Iwe Denga Naisa Dova 174
Mutumwa WaMwari Akati 503
Nyika Ngaizaruke 831
Nyika Ngaizaruke Ibudise 832
Uya Emmanuel D68
Uyai Emanuwere 1011
Yakakomborerwa Mimba 1111
Yakakomborerwa Mimba 1112
Yakakomborerwa Mimba 1113

## Angels *(DzaVangere)*

Angere Musande Maunzwa 23
Mambo Mwari Tinoimba 313
Mimhanzi Icharidzwa Nengirozi 442
Musande Mikaeri 489
Nhume DzaMwari 820
Nhume DzaMwari 821
Nhume DzaMwari 822
Nhume DzaMwari Rumbidzai 823
Omberai Kudenga D52
Unoburuka Kudenga D65
Unoburuka Kudenga 998
Vangere Vadiwa 1082
Vangere VaMwari Omberai 1083

## Ascension *(Kukwira Kudenga KwaYesu)*

Kana Takafa Pamwe NaKristo 190
Kana Takafa Pamwe NaKristo 191
Kana Takafa Pamwe Naye 192
Kristo Akakwira Kudenga 203
Kuti Imi Muve Zvapupu Zvangu 236
Makamuka Sezvo Makamuka 271
Mambo Akwira Kudenga 282
Mambo Yesu Pakukwira 392
Sezvo Makamuka Pamwe 889
Uchirai Mose 991
Uchirai Mose Mambo Akwira 992

## Baptism

Achava Nomwenje Anotevera 3
Anomutevera Achava Nomwenje 26
Anotevera Yesu 29
Anotevera Yesu 30
Baba Ndinokumbira Utsvene 35
Imi Muri Munyu Wapasi 143
Ini Ndini Chiedza 154
Ini Ndini Chiedza 155
Mambo Masika Vanhu Vatsva 298
Masika Vanhu Patsva Mambo 426
Mukirike Katorike 462
Ndipeiwo Simba Renyu Mambo 759
Tenzi Jesu Ndinotenda Nechipo 930
Tose Takapapatidzwa 986
Vanhu Vorudzi 1088
Zuva Ratakabhabhatidzwa 1201
Zuva Ratakabhabhatidzwa 1202
Zuva Ratakapapatidzwa D85
Zuva Ratakapapatiswa 1203

## **Benediction** *(Pfugamiro)*


Ari Pano Yesu D4
Gara Nesu Mambo Wedu D5
Imba Sangano 129
Imba Sangano 130
Jesu Tenzi Ari Pano 183
Mambo Yesu Ari pano 383
Mwari Baba Ndinokupfugamirai 544
Mwari Makatisiira Sakaramende 572
Ngatikudzei Sakaramende 801
Ngatikudzei Sakaramende 802
Ngatirumbidzei Mwari 805
Ona Yesu Makanakisa 838
Panogara Mununuri Kristo 851
Panogara Yesu Kristo D55
Panogara Yesu Kristo 852
Ropa Sande Rakakosha D56
Sakaramende Sande D57
Tinokupfugamirai Yesu 957
Tinopfugamira Eukaristia D59
Uyai Imi Mose D72
Uyai Imi Mose 1012
Uyai Kurumudzai Vari Pano Yesu 1013
Uyai Kuzopfugamira 1014
Uyai Kuzopfugamira Mambo 1015
Uyai Kuzopfugamira Mambo 1016
Uyai Tipfugamire 1028
Uyai Tipfugamire 1029
Uyai Tipfugamire 1030
Uyai Tipfugamire Kristo 1031
Uyai Tipfugamire Mambo 1032
Varipano Yesu 1100
Vava Pano Mambo 1101
Yesu Mambo 1151
Yesu Vari Pano 1179


## **Blessing of the Church** *(Kukomborerwa Kweimba ya Mwari)*


Mwari Anoti Mumba Mangu 530
Mwari Anoti Mumba Mangu 531
Mwari Vanoti 634
Nzvimbo Ino Inoera 834
Nzvimbo Ino Inoera 833
Tinouya Kwamuri 971


## **Children** *(Dzavana)*


Umambo Hwedenga 995
Umambo Hwedenga 996
Umambo Hwekudenga 997
Yesu Anokomborera Vana 1132


## **Christ the King** *(Kristo Mambo)*


Anobata Ushe 25
Anotonga Kristo Ndiye Mambo 32
Kristo Anokunda Anotonga 209
Kristo Ari Iye Oga Mambo 210
Kristo Mambo 211
Kristo Mambo Wembiri 213
Kristo Mambo Wembiri 214
Kristo Ndiye Mambo 216
Kwaziwai Yesu Mambo 257
Mambo Kristo Tinokuomberai 293
Mambo Wedu Yesu 377
Mambo Wedu Yesu 378
Tinopfugamira Yesu 966
Yesu Moyo Wangu Wakasviba 1156
Zvanzi naTenzi mufudzi akanaka 1213


## **Christmas**


Alleluya Tazvarirwa Mwana 15
Huyai Mose Imi Vana VaMwari 111
Kare Kwakanga Kusina Chiedza D9
Kare Kwakanga Kusina Chiedza 197
Kare Kwakanga Kusina Chiedza 198
Mbiri Mbiri Kumusoro-soro 432
Muchechewe Rinda Hope D22
Mufaro WaMaria Pakuberekwa 457
Mutumwa WaTenzi Akauya 504
Mwari Watishanyirawo 648
Mwari Watishanyirawo 649
Mwari Watishanyirawo 650
Ndimi Mwari Makava Munhu 718
Ngatiende Navafudzi D47

Ngatiende Navafudzi 798
Ngatitende Kristo 807
Ngatitende Kristo 808
Ngatitende Kristo 809
Nhasi Denga Razarurwa D49
Nhasi Denga Razarurwa 817
O Yesu Makuya Pasi 836
Pakutanga Izwi 842
Pakutanga Izwi Akanga Atovapo 843
Tazvarirwa Mwana 915
Tazvarirwa Mwana 916
Tazvarirwa Mwana 917
Tinoona Mwana Pachipfuva 965
Tsano Tsikai D64
Usiku usande D67
Usiku Usande 1006
Uyai Vatenderi D74
Uyai Vatenderi 1034
Vana Uyai Muone Mwana 1078
Yesu Akati Aberekwa 1122

**Communion** *(Dzokugamuchira)*

Ari Pano Yesu D4
Ari Pano Yesu Chingwa 33
Chingwa Chamunopa 60
Chingwa Chamunopa Mambo 61
Garai Nesu Yesu Kristo 88
Handikodzeri Mambo 99
Handikodzeri Mambo 100
Kana Tichidya Muviri WaMambo 193
Kana Tichidya Muviri WaMambo 194
Kana Tichidya Muviri WaMambo 195
Kana Tichigamuchira Yesu 196
Kunaka KwaMambo 226
Kwaziwai Mukombe 255
Kwaziwai Yesu Wangu 258
Makavandika Yesu 280
Makavandika Yesu Munondida 281
Mambo Chingwa Chamunopa 284
Mambo Munoda Kuzvipa 299
Mambo Ndimi Muna Manzwi 323
Mambo Ndimi Mvura Yechitubu 324
Mambo Takugamuchirai 344
Mambo Takugamuchirai 345
Mambo Takugamuchirai 346
Mambo Yesu 381
Mambo Yesu Munotikokera 388
Mambo Yesu Mushanyiri Wedu 389
Mambo Yesu Ndinotendera 391
Mambo Zvotokugamuchirai 396
Meso Ose Anokumiririrai 436
Mununuri Yesu 480
Mvura Yechitubu 513
Mwari Makatisiira Sakaramende 572
Mwari Mazvipa Kuneni Pauzima 582
Mwari Mwoyo Wangu 590
Ndagamuchira Mambo 676
Ndagamuchira Mambo 677
Ndagamuchira Mambo Yesu 678
Ndimi Mambo Nyakuzvireva 714
Ndimi Mambo Nyakuzvireva 715
Ndini Chingwa Choupenyu 720
Ndini Chingwa Choupenyu 721
Ndini Chingwa Choupenyu 722
Ndini Chinkwa Chipenyu 723
Ndogamuchira Chingwa 779
Ndogamuchira Chingwa 780
Ndogamuchira Chingwa 781
Ndogamuchira Mambo 782
Nhai Imi Huyai Mutore 816
Onai Ndiwo Muviri D53
Ravirai Henyu Munzwe Kunaka 866
Ravirai Munzwe Kunaka 867
Tenzi Anoti Uyai Mutore 925
Tenzi Tinokutunhidzai 942
Uri Chavangere Chidyo D66
Uya Yesu Chido Changu D71
Uyu Muviri Wangu 1038
Uyu Muviri Wangu 1039
Vakakomborerwa Havo 1059
Vakakomborerwa Vakakokwa 1063
Yesu Mununuri Mauya Nhasi 1159
Yesu Mununuri Wangu 1160
Yesu Muponesi Wangu 1161
Yesu Muri Chidyo Chavangere 1163
Yesu Muri Kuuya Kwandiri 1164

Yesu Mwari Mambo Mukuru 1168
Yesu Uyai Chido Changu 1178
Yesu Wakavandika D82
Yesu Wangu Kwaziwai 1185
Yesu Wangu Kwaziwai 1186
Yesu Wangu Matopinda Mumoy 1187

## **Confession** *(Dzorupinduko)*

Ah Yesu She Tava Vana Venyu 5
Akakomborerwa NaMambo 6
Baba Vangu Ndinzwireiwo 41
Baba Vokudenga Ndakakutadzirai 51
Chenesai Mwoyo Wangu 55
Huyayi Vanhu Vangu 112
Iye Agotikanganwirawo 175
Kuti Muve Vamwe NaTenzi 237
Mambo Musatiitire 304
Mambo Ndimwayeiwo Mvura 328
Mambo Ropa Renyu Rakakosha 342
Muponesi Wangu Yesu Kristo 483
Mwari Baba Munoziva Zvose 538
Mwari Baba Ndibatsireiwo 540
Mwari Ndinokumbira 596
Mwari Ndiri Mutadzi 599
Mwari Wangu Ndinzwireiwo 645
Mwari Wangu, Mwari Wangu 647
Mwariwe Kurasika Inyore 653
Mweya Musande Mambo 656
Ndimwayeiwo Mvura 719
Ndinobvuma Kuti Ndakatadza 725
Ndinochemera Kwazvo D41
Ndinochemera Kwazvo 726
Ndinochemera Kwazvo 727
Ndinokumbira Mwari Wangu 737
Ndinzwireiwo Tsitsi Mwari 755
Ndinzwireiwo Tsitsi Mambo 756
Pauro Pakutendeuka Kwake 855
Pindukirai Kuna Mwari 857
Tinobvuma Kuti Takakutadzirai 951
Vanhu Vorudzi 1088
Yesu Mwari Nhasi Tinochema D79
Yesu Wangu 1181

## **Confirmation** *(DzeChisimbiso)*

Burukirai Muneni Mambo 54
Femai Mukati Medu 82
Gamuchirai Mweya Musande 85
Gamuchirai Mweya Mutsvene 86
Imi Muchagamuchira Simba 141
Imi Muchagamuchira Simba 142
Mambo Wembiri Titumireiwo 380
Muchandipupurira 451
Mwari Baba Makatiita Vana 537
Mweya Musande Huyai 654
Mweya Musande Imi 655
Mweya Musande Musande 657
Mweya Musande Mwari D33
Mweya Musande Mwari 658
Mweya Musande Uyai 659
Uya Mweya Musande D69
Uya Mweya Musande 1008
Uya Mweya Musiki D70
Uya Uya Mweya Musande 1009
Uyai Mweya Musande 1020
Uyai Mweya Musande 1021
Uyai Mweya Musande 1022
Uyai Mweya Musande 1023
Uyai Mweya Musande 1024
Uyai Mweya Musiki 1025
Uyai Mweya Uyai 1026

## **Creed** *(Tinotendera Mwari)*

Mwari Baba Tinotendera 549
Ndinotendera Mwari 745
Ndinotendera Mwari 746
Ndinotendera Mwari Baba 747
Ndinotendera Mwari Mumwe 748
Tinotendera Mwari 967
Tinotendera Mwari 968
Tinotendera Mwari 969

## **Death** *(Dzorufu)*

Baba Vedu Mwari 48
Chidzidziso ChaYesu Pachirairo 56
Chiiko Chingatiparadzanisa 58

Chiiko Chingatiparadzanisa 59
Endai Naye Kuna Mwari 78
Ivai Netsitsi Mwari 168
Kristo Tenzi 218
Mambo Mupeiwo 300
Mambo Mupeiwo Rugare 301
Mambo Muvape Rugare 306
Mambo Tambirai 347
Mambo Yeukai Hama Dzedu 394
Mambo Yeukai Hama Dzedu 395
Mugamuchireiwo 460
Mununure Mambo 470
Mununure Mambo 471
Mununure Mweya Yavakafa 472
Mupurigatoriyo 486
Mupurugatorio Shamwari Dzedu D25
Mutungamirireiwo Yesu 505
Mutungamirireiwo Yesu 506
Mutungamirireiwo Yesu 507
Muvape Rugare Mambo 508
Mwana Wenyu Ngaagarike 514
Mwana Wenyu Uyu 515
Mwari Baba Tinoteterera 550
Mwari Baba Vedu 552
Mwari Baba Vedu Tinoteterera 559
Mwari Mambo Tambirai 579
Mwari Mambo Tambirai 580
Mwari Mambo Tambirai Mwana 581
Mwari Ndimi Makasika Vanhu 591
Ndinoda imi Yesu 728
Ngaagarike Mwana Wenyu 788
Ngaagarike Mwana Wenyu 789
Shamwari Dzedu Dzinoripira 890
Shamwari Dzedu Mupurigatoriyo 891
Tambirai Mwana Wenyu 901
Tivavarire Denga 983
Tivavarire Denga 984
Upenyu Hwedu Ndimi Mambo 1000
Uzorore Murugare 1044
Vangere NavaSande 1081
Yesu Mutungamirireiwo 1165
Yesu Mwari Wangu Mununuri 1172
Yesu Ndiye Nzira Inoenda 1176
Yesu Ndiye Nzira Yedu 1177
Yeuka Munhu Uri Huruva 1194
Yeuka Munhu Uri Huruva 1195
Yeukai Mambo Hama Dzedu 1196
Zuva Rinouya Tenzi 1205
Zuva Ripenye Kuvakafa 1206
Zuva Ripenye Kuvakafa 1207
Zuva Risingagumi 1208

**Diocese** *(DzeDunhu)*

Mwari Baba Tinotenda 548
Mwari Baba Vedu Tinokutendai 557

**Easter** *(DzePasika)*

Alleluya Mambo Tauya 11
Alleluya Ngaakudziwe 13
Alleluya Wakamuka Alleluya 16
Amuka Muvafi 21
Farai Virigo Mutikumbirire 81
Ko Munotambudzika Nemhosva 199
Kristo Akamuka Muvafi 204
Kristo Akamuka Muvafi 205
Kristo Akanunura 206
Kristo Akanunura Vanhu Vake 207
Kristo Wakanunura Vanhu Vake 220
Litany Kuva Sande Vose 259
Mangwanani Omusi WeSvondo 399
Musi Wepasika D27
Musi Wepasika Wauya 493
Musi Wepasika Wauya 494
Musi Wepasika Wauya 495
Mwari Tinoimba Nokufara 625
Ndiro Zuva Rakaitwa NaMwari 763
Ndiro Zuva Rakaitwa NaMwari 764
Ngaakudziwe Iye Mubati Wapasi 790
Tarisai Mwenje WaKristo 906
Uyo Wamakatakura Wamuka 1037
Vakazoziva Yesu Pakumedura 1075
Wamuka Muponesi D76
Wamuka Muponesi Wamuka 1110

## Epiphany

Achauya Madzimambo 1
Madzimambo Namadzishe 262
Mbiri YaMwari Yapenya 433
Mbiri YaMwari Yapenya 434
Mbiri YaMwari Yapenya 435
Nezvipo Zvedu Zviripo 787
Tauya Nezvipo Zvomupiro 912
Tauya Nezvipo Zvomupiro 913
Tisu VaMambo Vatatu D61

## Gloria *(Mwari Ngaarumbidzwe)*

Kudzunika Akuve Eka Xikwembu 223
Mbiri Kuna Mambo 429
Mbiri Kuna Mwari 430
Mbiri Kuna Mwari 431
Mwari Ngaarumbidzwe 606
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 607
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 608
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 609
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 610
Mwari Ngaarumbidzwe Kudenga 611
Mwari Ngarumbidzwe Kudenga 614
Ngaarumbidzwe Kudenga-denga 793

## Good Friday

*(Chishanu Chisande)*

Hoyu Mucherechedzo 110
Ichi Ndicho Chipiyaniso 125
Icho Ndicho Chipiyaniso 126
Madzimai EJerusarema 261
Maronda Mashanu D20
Maronda Mashanu 418
Mununuri Wapasi 477
Mununuri Wedu Yesu 479
Musoro wakatsvuka D28
Musoro Wakatsvuka 496
Musoro Wakatsvuka Neropa 497
Mwari Wangu Mandisiireiko 638
Mwari Wangu Mandisiireiko 639
Mwari Wangu Mandisiyirei 640
Ndidavirei Rudzi Rwangu 705
Ngativimbei Nechipiyaniso 812
Ngativimbei Nechipiyaniso 813
Ruoko Rwomununuri 886
Ruponeso Runobva 887
Tarirai Muti Uyu 904
Vakagoverana Zvipfeko 1052
Vakagoverana Zvipfeko 1053
Vakagoverana Zvipfeko 1054
Vakagoverana Zvipfeko 1055
Vakagoverana zvipfeko 1056
Vakati Vamuroverera 1074
Vanhu Vorudzi Rwangu 1089
Vanhu Vorudzi Rwangu 1090
Vanhu Vorudzi Rwangu 1091
Wakateerera Kusvika Kurufu 1108
Yesu Mwari Nhasi Tinochema 1170
Yesu Mwari Nhasi Tinochema 1171

## Holy Holy (*Musande Musande)*

Mambo Mutsvene 305
Musande Musande 490
Musande Musande 491
Musande Musande 492
Mutsvene Tirumbidze Zita Rake 502
Mwari Musande 587
Ndiwe Mukuru 771
Ngatirumbidzei Mambo Mwari 804
Tirumbidze Zita Rake Guru 981
Tirumbidze Zita Rake Guru 982

### Holy Thursday *(China Chisande)*

Jongwe Risati Rarira 185
Usiku Hwechirairo 1004
Wakangopira Chibayiri Chimwe 1107

### In Times of Difficulties

*(Nguva YeMatambudziko)*

Chiiko Chingatiparadzanisa 58
Chiiko Chingatiparadzanisa 59
Imi Mwari Mune Ngoni 144
Imi Mwari Ndinzwirei Nyasha 146
Imi Tenzi Ndichengetei 149
Imi Tenzi Ndichengetei 150

Inzwai Kuchema Kwangu 159
Jesu Anoti Dzikamai Musatye 180
Kakavadzanai Navanokakavadzana 188
Ko Rubatsiro Rwangu 200
Kotamirai Mwari 202
Mambo Chimbidzai Kuzotibatsira 283
Mambo Yesu Uyai 393
Muchandinyaradza Riniko 450
Munzwa Mumuviri 481
Mwari Baba Ndimi Moga 543
Mwari Kotamirai 568
Mwari Kotamirai 569
Mwari Kotamirai 570
Mwari Kotamirai Kutiyamura 571
Mwari Tava Kupera 620
Mwari Uyai Kuzondibatsira 629
Mwari Uyai Mundinunure 631
Mwari Uyai Mundinunure 632
Mwari Uyai Mwari 633
Navanorwa Neni Mambo 675
Ndapinda Mudambudziko Guru 691
Ndinouya Kwamuri Mwari 749
Ndinouya Nezvichemo Zvangu 750
Ndirwirei Mambo 766
Nditakanurei Mambo 768
Nditakanureiwo Mambo 769
Ndoenda Kupiko Ini 778
Panguva Yokutambudzika 849
Rubatsiro Rwangu Ruchabvepiko 873
Tarirai Netsitsi Baba 905
Tavakupera Mambo 914
Tenzi Mwari Muponesi Wangu 933
Tenzi Wangu Huyai Kwandiri 944
Tiponesei Mambo 974
Tiponesei Mambo 975
Yavakarurama 1114
Zuva Rogaroga Mambo 1209

**Lamb of God**
*(Hwayana YaMwari)*

Hwayana YaMwari 113-123

**Lent**

Anoti Mambo 31
Jesu Anonamata Ari 179
Kristo Akati Kuna Vadzidzi 208
Kunyangwe Zvino Tenzi Anoti 228
Makapira Isu Hama Dzenyu 276
Mwari Ndinoda Kutsanya 594
Mwari Ngoni Norupfave D31
Ngatizviwisire Patsoka 814
Ngatizviwisire Patsoka 815
Tinodzidziswa NaPauro Achiti 952
Tinokupfugamirai Kristo Mambo 956
Yesu Akava Munhu 1131
Yesu Handine Simba D77
Yesu Mambo Yesu wangu 1155

**Lord Have Mercy** *(Tsitsi)*

Mambo Muve Netsitsi 307
Mambo Nhai Mambo 339
Mambo Tinovimba Nemi 352
Mambo Tinzwireiwo 353
Mambo Tinzwireiwo Tsitsi 354 - 361
Muve Netsitsi Mambo 509
Tinzwireiwo Tsitsi Mambo 972

**Martyrs** *(Vafiri VeChitendero)*

Akavagamuchira Vachinge Mupiro 10
Imi Rumbidzai Mambo 148
Vafiri Rumbidzai Mambo 1046
Vafiri Vechitendero 1047
Vagandami Varwi Kwavo 1048
Vagandami Varwi Kwavo D75
Vana VeAfrica Makafira Yesu 1080
Zvapupu Zvechitendero 1214

**Mary** *(Mai Mariya)*

Amai Muvirigo Vanotiratidza 18
Amai Vangu Vasande D2
Amai Vasande VaMwari 19
Amai Virigo Vanotirayidza D3
Handigoni Kukutendai 98
Hosi Mbiri YeKamero 107

Hosi Yedenga Chifarai 108
Hosi Yedenga Chifarai 109
Hosi Yedu Yokudenga D6
Hosi YeRosariro D7
Imi Amai Maria 135
Imi Makachena Mopenya Sezuva 136
Ini Maria Ndinoda 153
Ini Ndinokurumbidzai Mambo 157
Ini Ndinokurumbidzai Mambo 158
Iwe Wakachena Wopenya D8
Kwaziwa Nyenyedzi D13
Kwaziwai Hosi Sande 244
Kwaziwai Hosi Sande 245
Kwaziwai Hosi Sande 246
Kwaziwai Mai VaMwari 247
Kwaziwai Mai vaMwari 248
Kwaziwai Mai VaMwari 249
Kwaziwai Mai Vedu 250
Kwaziwai Maria 251
Kwaziwai Maria 252
Kwaziwai Maria 253
Kwaziwai Maria Muzere Girasiya 254
Kwaziwai Nyenyedzi Yedenga 256
Mai VaMwari Kwaziwai 264
Mai VaYesu Makakomborerwa 265
Mai Vedu Kaziwai D14
Mai Vemuponesi Ponesai Mweya 266
Makakomborerwa Kwazvo 268
Makakomborerwa Kwazvo Mai 269
Makakomborerwa Mai VaYesu 270
Mambo Ini Ndinokurumbidzai 288
Maria Amai Makanaka 400
Maria Amai VaMwari 401
Maria Hosi Yedu Yokudenga 403
Maria Makakomborerwa 404
Maria Musande 405
Maria Musande 406
Maria Musande Amai 407
Maria Musande Amai VaMambo 408
Maria Musande Hosi Yorugare 409
Maria Musande-sande 410
Maria Muvirigo Mubatsiri Wedu 411
Maria Ndimi Amai Vangu 412
Maria Ndinoda Imi 413
Maria Ndinoda Imi 414
Maria Tenzi Wangu 415
Maria Tinoimbira 416
Maria Wakakwidzwa Kudenga 417
Mariya Mai Vedu D16
Mariya Musande Amai Vakanaka D17
Mariya Ndinoda D18
Mariya Tinoimbira D19
Mhoroi Mai Maria 437
Mimba YaMaria 441
Mutireverere Maria 500
Mwoyo Yedu Inopfura 674
Ndichipfugamira Pauso D39
Ndichipfugamira Pauso Hwenyu 703
Ndiri Mwana WaMariya D45
Ngatikudze Maria 800
Ngatikudze Mariya D48
O Mariya Wakanaka D50
Tarira O Mariya D58
Tiri Venyu Hosi Mai D60
Uyai Mose Tiimbire D73
Uyai Tiimbire Hosi Yedenga 1027
Virigo Mutsvene Kwaziwai 1104
Yeukai MuVirigo Makapfava 1197

**Ordination** *(Ugadzo)*

Jesu Akadana Vadzidzi Vokutanga 177
Kristo Mufudzi Wavanhu Vose 215
Kutendeseka KwavaPriste 235
Litany Kuva Sande Vose 259
Ndakanzwa Tenzi achiti 684
Ndiri pano zvamandidaidza 761
VaPriste Vadiwa 1098
Vechizvarwa Makadaidzwa 1102

**Our Father** *(Baba Vedu)*

Baba Vedu Muri Kudenga 45 - 47

**Palm Sunday**
*(Svondo YeMurara)*

Achipinda Muguta Dzvene 4

Hosana Mwanakomana WaDavid 106
Kristo Mambo Mununuri 212
Mambo Kristo 292
Mambo Kristo Tinokurumbidzai 294
Mambo Wedu Achipinda 375
Mambo Wedu Achipinda 376
Mwanakomana WaDavid 517
Ngaarumbidzwee Samutumwa 795
Omberai Tenzi 837
Samutumwa WaMambo 888
Vakachingura Mambo Vachiti 1050
Vakachingura Mambo Vanhu 1051
Vanhu Vazhinji Vakachingura 1086
Vanhu Vazhinji Vakachingura 1087

**Peace** *(Rugare)*
Dai Mwari Wangotipinzawo 73
Ndinokusiyirai Rugare Rwangu 740
Pakati Penyu Kana Muno Rudo 841
Rugare Ndinokupai 879
Rugare Rwapinda Mumba Muno 880
Rugare Rwedu Ndiye Kristo 881
Vadikanwi Ngatidane 1045

**Pentecost**
Burukirai Muneni Mambo 54
Femai Mukati Medu 82
Mambo Wembiri Titumireiwo 380
Mambo Yesu Anovimbisa 382
Muchagamuchira Simba 449
Muchandipupurira 451
Mweya Musande Huyai 654
Mweya Musande Imi 655
Mweya Musande Musande 657
Mweya Musande Mwari D33
Mweya Musande Mwari 658
Mweya Musande Uyai 659
Uya Mweya Musande D69
Uya Mweya Musande 1008
Uya Mweya Musiki D70
Uya Uya Mweya Musande 1009
Uyai Mweya Musande 1020
Uyai Mweya Musande 1021
Uyai Mweya Musande 1022
Uyai Mweya Musande 1023
Uyai Mweya Musande 1024
Uyai Mweya Musiki 1025
Uyai Mweya Uyai 1026

**Rain** *(Kunamatira Mvura)*
Mwari Muna Masimba Ose 583

**Response**
Alleluya Munyika Dzose 12
Dama Rakanaka 74
Mambo Shoko Renyu Chiedza 343
Ndirori Shoko Renyu Tenzi 765
Nhasi Kana Monzwa Inzwi rake 818
Nhasi Kana Monzwa Inzwi Rake 819
Shoko Renyu Mambo 892
Shoko Renyu Mambo 893
Shoko Renyu Mambo Chiedza 894
Shoko Renyu Mambo Chiedza 895
Taurai Mambo 907
Taurai Mambo 908
Taurai Mambo 909
Taurai Mambo Muranda Wenyu 910
Vakanyanyokomborerwa 1068
Vakanyanyokomborerwa 1069
Vakanyanyokomborerwa Avo 1070

**Sacred Heart** *(Mwoyo Musande)*
Ah Yesu She Tava Vana Venyu 5
Kuombera Nokufara D12
Kuombera Nokufara kwaungana 229
Mangwanani Namanheru 397
Mangwanani Namanheru 398
Mangwanani nemanheru D15
Moyo WaJesu Tipeiwo Kuda Imi 444
Moyo WaJesu Une Tsitsi 445
Moyo WaYesu WaMwari 446
Moyo WaYesu waMwari 447
Moyo Womucheche Musande 448
Mwoyo Munyoro Mwoyo 667

Mwoyo MuSande WaYesu 668
Mwoyo WaYesu Ndiyeuke 669
Mwoyo WaYesu Tarisa D36
Mwoyo WaYesu Unetsitsi D37
Mwoyo WaYesu WaMwari 670
Mwoyo WaYesu Wedu D38
Ndakatsvaga Vavaraidzi 685
Ndakatsvaga Vavaraidzi 686
Ndakatsvaga Vavaraidzi 687
Ndakatsvaga Vavaraidzi 688
Ropa Nemvura 870
Ropa Nemvura Zvakabuda 871
Ukudzwe Moyo WaYesu 993
Ukudzwe Pasi Pose Mwoyo 994

**Saints** *(DzaVasande)*

Alois NaAgnes Vasande 17
Anna Musande Ambuya 24
Ignasio Musande 128
Josefa Musande Makanaka 186
Josefa Musande Muchengeti 187
Ko Vakuru Vedu Havazivi D10
Kupinduka KwaPauro 230
Kupinduka KwaPauro 231
Kupinduka KwaPauro 232
Mariya Goreti Tireverereiwo 417
Mhoroi Vasande 438
Mhoroi Vasande 439
Mhoroi Vasande 440
Mhoroyi Vasande D21
Murume WaMariya D26
Muzere Netsitsi Anna Musande 512
Mwari Hamuna Kundirega 563
Pachipfuva ChaJosefe 840
Pachipfuva ChaYosefe D54
Petrosi Musande Anotinyevera 856
Pita Musande Anoti 859
Pokupedzisira Pauro Anoti 860
Tose Tinokuombera D62
Vanopupurira Mambo 1093
Vanopupurira Mambo 1094
Vanyai Vokutanga 1095
Vapostori Vasande 1096
Yesu Chiedza Chavasande 1138
Yosefa Musande 1198
Yosefe Musande D84

**Thanksgiving** *(Dzokutenda)*

Alleluya Mambo Tauya 11
Alleluya Ngaakudziwe 13
Handigoni Kukutendai 98
Ipai Rutendo 161
Ipai Rutendo 162
Ipai Rutendo Kuna Mambo 163
Kutenda Kuburitswa Munjodzi 233
Mambo Ndimi Makandibatsira 320
Ndakanga Ndakombwa Kumativi 680
Ndinokutendai Tenzi Mwari 741
Tenzi Makanunura upenyu 931
Tenzi Ndinokurumbidzai 936
Zvino Ngatitende Mwari 1219
Zviro Kwazvo Ndinoda Mwari 1221

**Trinity** (*Utatu Usande)*

Mwari Mambo Tinoimba D29
Trinitas Musande D63
Trinitati Sande Kwazvo 987
Ushamwari Hwezvirokwazvo 1003
Vakudziwe Baba 1076

**Vocations**

Hezvoka Mambo Wedu 105
Imi Makaravira Tsistsi DzaTenzi 137
Jesu Akadana Vadzidzi Vokutanga177
Kristo Mufudzi Wavanhu Vose 215
Mambo Wedu Yesu Kristo 379
Munda WaMwari Mukurukuru 468
Ndakanzwa Tenzi achiti 684
Simon Mwana waJona 896
Tenzi Akadaidza Jeremiya Achiti 922
Tenzi Akati Kwavari 924
Vechizvarwa Makadaidzwa 1102
Yedzai Kuchengeta Humwe 1115
Yesu Akati Chiuyai 1123

## **Wedding (***DzomuChato)*


| | |
|---|---|
| Ipapo Mwari Aripowo | 164 |
| Muchaona Chikomborero | 452 |
| Muchaona Chikomborero | 453 |
| Muchaona Chikomborero | 454 |
| Muchaona Chikomborero | 455 |
| Mwari Baba Tinokumbira | 547 |
| Pane Chido Norudo | 846 |
| Pane Chido Norudo | 847 |


## **Welcoming the Bishop**

*(Kugamuchira Sekuru)*


| | |
|---|---|
| Mupriste Wedu Ngaakudzwe | 485 |
| Musoro WeKirike Mambo Yesu | 498 |
| Ndiye Mupriste Wedu Mukuru | 774 |
| Ngaakudzwe Iye | 791 |
| Ngaakudzwe Iye Anouya Muzita | 792 |
| Uyu Ndiye Mufudzi | 1041 |